This document is part of The Vaynakh Vault archive

You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

vaynakh the vault

84(2Рос=Чеч)6-44
А 954



МУСА АХМАДОВ

# МАЬРКІАЖЕХЬ ДИТТАШ



МУСА АХМАДОВ

# МАЬРКIАЖЕХЬ ДИТТАШ

Роман, повесташ, дийцарш

Отдел национально-
краеведческой литературы

Обязательный
экземпляр

ГБУ "Национальная библиотека
Чеченской Республики
им. А. Айдамирова"

С 2 (Чеч.)
А 95

*Рецензент А. А. Айдамиров*

*Художник Б. Б. Амирханов*

А 95 **Ахмадов М. М.** Деревья в сумерках: Роман, повести, рассказы — Грозный: Чечено-Ингушское книжное изд-во, 1989 г. — 384 с.

Ахмадов Мохьмадан Муса вина 1956-чу шарахь Киргизехь. 1979-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан университет чекхъяьккхина, юьртан школехь, кхечахьа а белхаш бина. Иза автор ву прозин книгийн: «Десачу цӀа чохь буьйса» (1983), «Сатоссуш, седарчий довш» (1986). «МаьркӀажехь дитташ» — яздархочун кхоалгӀа книга ю, кху юкъа дахна тайп-тайпанчу хенахь яздина дийцарш а, повесташ а, роман а.

А $\frac{4702700000-16}{М135(03)-89}$ 16—89 С2 (Чеч.)

ISBN 5—7666—0031—3

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1989 г.

# РОМАН



## МАЬРКIАЖЕХЬ ДИТТАШ

ТIАЙХ волуш, Соьлже хьаьжча, хина юккъехь йисначу гIайренна тIе хуьйшуш, тIаккха жимма Iай, малхехь шайн месаш масех басах лепа а еш, гIуьттуш, кхокхий гира цунна: уьш цкъа тIекIелдинчу цIийна тхов тIе ховшура, тIаккха оцу цIийна уллорчу майданахь лаьттачу воккхачу стагана хьалха а лахлой, цо охьатуьйсу кхахьпанан хIун буьртигаш зIакаршца лехьо хIуьттура, жимма хан яьлча юха а айалой, шаьш хиллачу гIайри тIе дIадоьлхура.

Соьлжа кхоьлина дара, тайп-тайпана хIуманаш: уьн, аьчган дакъош, консерван еса банканаш, тиша мачаш, берийн маьIан ловзоргаш... — йистошца Iачу наха чукхийсина нехаш йохьура цо, ткъа наггахь цуьнан букъ лаьхьананиг санна къегара, мехкдаьттанан хьоькхнаш тIе маьлхан зIаьнарш а кхетий. Цу чу а вахана леш волчунна, чIогIа хала хир ду-кх, и хи боьха долу дела, леш волчунна цIена хи бакъахьа дара-кх, ойла хилира Аьстамаран, хала хир ма ду цунна, мехкадаьттанах, мазутах ийначу хих Iаьбна, сих вала, я ца хила а тарло — хьанна хаьа, цхьана юкъана хала хилахь а, тIаккха дерриге а дIадер ду. Кхин цIенаниг доцу дела улло гIерта хир ду и кхокхий хIокху Соьлжана, шайна цхьанхьа цкъа гина, ойланехь деха, цIена, доккха, сирла сийна хи — Орга а хуьлу гурахь, IаьнтIехь иштта — дагаоьху хир ду царна, шаьш кху кочаллипа тIехула хьийзаш, наггахь геш а, тIемаш а хьекхадолуьйтуш цунах.

ТIайна дехьа маьIIехь, хьалха ведар а хIоттийна хIуш духкуш Iачу Iаьржачу аматехьчу, алмаз санна якъаеллачу йоккхачу стаге киснара схьа а даьккхина эппаза кховдийр цо, тIаккха, воккха а веш, вахана, оцу къежбелла корта а, гIеххьа гай а, цул генна лакхайоккхуш хьала а оьзна, тIехула доьхка а дихкина хеча а йолчу воккхачу стагана уллохьа сецна, кхокхашна хIуш тийса хIоьттира.

Воккха стаг шега дуьххьара схьахьаьжча, хIуш дIатаса айинчохь куьг а дуьтуш, латта висира Аьстамар, цуьнан ерстинчу юьхьа

тӀехь совса а севсина, тӀебеъна ши бӀаьрг шега цабезаме хьаьжча... Стенна? Цунна ца хаьара иза, цуьнан хьажар даима а иштта хила а тарлора — хила ма хуьлу цхьацца, юьхьа тӀехь гуттар воьлу я воьлху амат лелош, цу тӀе хӀара ца веза цуьнан хӀун бахьана ду, дуьххьара бен гуш а ца хилча.

Амма воккхачу стага юха а схьа а вирзина, бӀаьргаш кхин тӀе а къарзийна:

— Кхин дан хӀума ца карадо хьуна, кхуза а веана дӀа ца хӀоьттича? — аьлча, цкъа-делахь цунна вевзира и — поэт Буркъушев, шолгӀа-делахь Аьстамар кхийтира цабезам цуьнан юьхьан даимлера сурт цахиларх...

Шен хӀуш кисана а доьхкина, вола а велла дӀавоьдуш, цуьнан ойла хилира: Буркъушевн кхин хӀумма а хир дац дисина (стихаш язъяр а кӀордийна хир ду), оцу кхокхарчашна хӀуш тийсаррий бен, цундела, ван а веана, хӀара дӀахӀоьттича, ца дезаделла, шен и цхьаъ бен доцу гӀуллакх а, дика гӀуллакх, дӀадаккха воллу-кх хӀара аьлла.

Делахь а хӀокху гӀали юккъе а веана, кхокхарчашна хӀума ца тийсича, кхин дан хӀума ца карадо техьа, масала, шен цӀахь, лулахь, кхокхий массанхьа а ма хуьлу я цунна ца лаьа техьа нахана гуш доцу дика дан.

Аьстамар цӀеххьана урамновкъахь сецира, маьӀIаргонна дӀасалелачу адамийн цхьаьнаэшаралла а йохош, иза цецвелира: хьажахьа, оцу кхокхарчаша йиций-кха хӀокху кӀиранах, цхьана юкъана а хьала ца айалуш, кхуьнан са хьаьшна хилла ойла. Амма иза, и ойла, хьалхачул а язъелла юха тӀеюьйжира, делкъенга лестина боьдучу малхана дуьхьал еъна Iаьржа марха а хилла... Готтачу, халла ког хӀотталучу тӀулган новкъахула дӀавоьдура иза, дехьийсехьий ши Iин а долуш, — чухьаьжча генна бухахь баланийн, гӀайгӀанийн дохк керчаш а гуш, цу кӀоргера сингаттаман дека аьзнаш а хезаш, — иштта хоьтуьйтура оцу ойлано.

Цо оцу шина Iинчу тоьттура — муьлххачу воьжча а, бен а дац, куьг кховдийча схьалаца хӀумма а яц я тӀетовжа гӀортор а, ткъа чувожа атта ду, сихха йогӀучу машенна дуьхьал хӀоьттичахьана, цо чӀоггӀа, дӀавалахьара бохуш мохь хьеккхча а бен а ца хеташ, нехан маьхьаршка ла а ца доьгӀуш — хьо къора ву, тӀаккха — «цкъашт», асфальтах кхетта, кеглучу даьӀахкийн тата хьуна хезар а дац, я Соьлжа чу... бакъду, хи боьха-м ду. Я цӀерпошта... И цхьа йоӀ, гуттар а хаза кечъелла, коьртахь цкъа а йовлакх а ца лелош хилларг, эха сохьтехь хьежа а хьежна и схьаяре, буха икхинера, шех ши дакъа а деш.

ХӀан-хӀа, кхо цкъа а дийр дац иштта, хӀара вужур вац я аьтту агӀорчу а, я аьрру агӀорчу а цхьана а Iинчу, воьжча цу Iина йисте а хӀоьттина, кхунах кхаьрдаш, шаьш толар даздеш, къежар буцкъа хьалха, тӀаккха — хьере хелхарш деш хьаьвзар бу уьш: Биъсаберг, Евгений Ахмархаджиевич, Жанетта Батырсултановна. Цундела хӀинца хӀара дуьхьал дӀа ваьхча а тоьар ду, тӀаккха са метта а дайийтина, цхьаъ дийр ду.

— Аьстамар, ахь хӀун леладо?

— ХӀа-а, Сайдул, хьо ву и? Ца гора...

— Со муха го хьуна, хӀумма а гуш а ца хилча. Хьо гучу волуш а ма вац.

— ХӀун до цига гучуваьлла а?

— ХӀун до? ХӀинца вайн группа суьрташ дохуьйтуш ю. ТӀаккха дипломаш ду схьалур долуш. Вало.

Суьрташ цара цхьана тишачу цӀа чохь дахийтира, кехата тӀе массеран а цӀераш дӀа а язйина, шен рогӀехь цхьацца тӀе шаршу оьллинчу, кхаа кога тӀехь лаьттачу биргӀина хьалха охьа а хууш.

Массо а самукъане вара, къаьсттина мехкарий, царна юккъехь кхунна цхьана-шина кӀиранна езнарг а. ХӀаъ, шина кӀиранах йийзира и нохчийн цӀе йоцу кура йоӀ, дика ларочу нехан, кхузаманахьлерчу ден, ненан (дезчу деношкахь — Хьалхарчу Майхь я БархӀалгӀчу Мартехь — сакъоьру бохура цара цхьана стоьла тӀехь, къаьркъанах къурд а беш), денна аьлча санна хуьйцуш духарш долу йоӀ.

Джульеттина, хӀара тӀехьаьвзинчул тӀаьхьа, дуккха а кӀентий бевлира, хӀетталц цуьнан тидам беш а ца хилларш. Оцу шина кӀиранах кхунна йийзира и йоӀ, и безам хилла а ца Iара, иза цхьа хьеравалар дара, хӀара верриге а вагош, буса гун гӀенаш а, дийнахь хуьлу бакъдерш а ца къасталуш, мукъачу деношкахь юьрта цӀа воьдуш, некъайнстошца лай тӀе цуьнан, шен цӀераш а язъеш, цхьанхьара сурташдохург а еана, цуьнан аматаш — дуьхьал йирзина а, дерриге дегӀ гойтуш а, ахдегӀахь а, цунна хууш а, ца хууш а — гуттаренна а сацон гӀерташ, тӀаккха Iаьнан еха буьйсанаш чекхйовла герга яххалц. Хьоза волчу а вахана, цӀен серло лун чиркх а латийна, жимчу маьӀан бошхепаш чуьрчу химикатийн берамалахь цуьнан сурт-сибаташ гучудовларе а хьоьжуш, гучудевлча, и чохь йолуш санна, цуьнан хьажар, къажар, аз, болар, дӀахӀоттар, бӀаьргаш, — массо хӀума а юьхь-дуьхьал хӀуттий Iаш, тӀаккха набаро Iеххолц цуьнан ойланаш а еш.

Цунна лаьара и йоӀ сица лекха а, шаьшшиннап безам дуьнен тӀехь мел деха а, тӀаьхьено тӀаьхьене буьйцуш, Анзоран Зазин Жерочун кӀентан я Зайтан Шихмирзин цуьнан хӀусамненан санна, цӀена а хуьлийла... Оцу йоьӀан амалехь цхьа а сакхт дацара, цунах кхуо малик динера, амма дукха хан ялале, делкъал тӀаьхьа йолу занятеш дӀа а евлла, гӀалин гӀовгӀанечу урамехула хӀара шиъ гӀаш цӀа догӀуш, цо цхьаъ элира, тӀаккха цунах, оцу минотехь маликан амат дӀа а даьлла, эзарнаш санна, лаьттара йоӀ хилира. Цул тӀаьхьа, цуьнан Iодика а йина, юкъараIойле вогӀуш, цо тидам бира духарца ша шен гӀаларчу накъостел дуккха а тӀаьхьависина хиларан. Хьаннашна юккъехь Iуьллучу, кӀоргачу Iаннаша ерийчу, вовшашка мохь тоьхча хеззе генна-гена дина кӀайн кир

тоьхна цIенош бошмаша хьулдинчу эвлахь кхиъначу цунна коьрта шен ойла а, кхетам а хетара; Iаламехь кхиъначу цунна гора хIора диттан, хьайбанан, олхазаран, бецахелиган, цхьаннах тардала а ца гIерташ, цIена, дуьххьал дIа дахар. Адамашна юккъехь иштта ца хиллера, — кхечу кепара. Иза цунна оцу сарахь хиира.

ХIетахь ураман аьрру агIо аннех йинчу керташа дIалаьцнера, оцу кертел дехьа, электрически стогарийн серлонехь шен деха лаг уьйура крано. Керт дIахаьдча, хIинцца дина девлла уьссаза тIекIелдина цIенош дуьйлалора, тIаккха йоккхачу гIалахь нохчийн маттахь цIе йолу еккъа цхьа кафе — «Дашо сай», тIаккха — божарийн а, зударийн а парикмахерски, тIаккха — кхахьпанан хIух доккхучу даьттанан хьожа, тIаккха — оцу заводан кибирчигах йина керт, оцу юххехула дIа а йоьдий, баьццарчу кех чоьхьа йолура Джульетта, хIара цунна тIаьхьа а хьоьжуш, юьстахо сецара хIоразза а.

ХIинца диъ шо даьлча, кхахьпанан хIун даьттанан хьожа кхетча дагайогIу иза а, цуьнан елакъажар а, баьццара ков а, ша даьхна суьрташ а, оцу сарахь шен хийцаелла ойла а.

— Жимма велакъажахьа, Аьстамар.

Иза цуьнан аз ду, и ша а ю елакъежаш, кIайн цергаш гучу а яьхна. ХIетахь и иштта елакъежча, доккха хIума хетар дара, хIинца деса хета и къажар а, цо цхьа а синхаам а ца кхуллу даг чохь.

— ХIахI?

— Ас-м жимма велакъажа боху. Хьо ма кхоьлина ву.

— Суо ма-варра ву-кх, — цунна ца дезаделира шегара хьал йоIана тосадалар. Цунна ца оьшу цхьаннан а къахетар, цо ша гойтур вац корта оллийна, цуьнан бакъо ю хьанна а юьхь-дуьхьал хьажа, кхуьнца юьйцург харцо ю, и иштта дуйла мел тIаьхьа а массарна хаа а хуур ду. ХIан-хIа, хIара лелар вац, Зазаев Дага санна, къаьркъанаш муьйлуш, тIекхаьч-кхаьчначунна шен боьхна кхоллам а буьйцуш, шеца къиза хиллачу дуьненна а луьйш...

Дуьне хьуна хьалха хIуманна а декхар дац, хьо ву дуьненна хьалха велла дIаваллалц декхар, хьуо вехаш хиларна, хьайн хIора денна малх схьакхеташ гарна, догIа тхов тIе детталуш хазарна, цундела ваха, айхьа юьхьарлаьцна гIуллакх дан ма-деззара кхочуш а деш.

— Хьалаайа хьайн корта, коча тIулг оьллича санна ма ву хьо.

— Иза суьрташдохург ву. Цуьнан хIун бала бу хIара муха хилча а, шен болх бичахьана. Бу-кх хIара тайпанаш а, шаьш бегаш бо бохуш, шайна бага деънарг дIадуьйцуш, стагана халахетар ду-дац ца хьожуш. Цхьана чо баьллачунна тIеIотталахь-м, гIуллакхаш ледаро хир ду яхкаелла цергаш йолчу суьрташдохучун.

Кхунна чIогIа лиира цуьнан хIуьттаренна, ша Iина йистехь лаьтташ хилар дицдан. Нуьцкъала вела а къежаш, Джульетте хьаьжира иза, йоI кхин а серлаелира.

— ХьалагIатта, — суьрташдохучун аз хезча, гIеххьа сапаргIат-



даьлча санна хийтира цунна. Амма тIаьхьа ши кIира даьлча, суьрташ схьаэцча, цунна гур ду шен велакъажаро хIумма а къайладаьккхина цахилар, дерриге а бIаьргаш чохь гуш ду: кIорга Iин а, цу чу а воьжна, дахаран тIаьххьарчу дистехь мохь а ца олуш, собарца хIаллакьхилла дIаваллал еза гIайгIа а.

Суьрташ дахийтина бевлча, уьш цхьаьний институте бахара. Ах зал а яцара юьзна. Сценн тIехь — юккъехь барз санна Биъсаберг, цунна уллохь, ши моза санна, хьийзара Евгений Ахмархаджиевич а, Жанетта Батырсултановна а, юьстахо Юрий Александрович а Iара.

Биъсаберг шен йоцца лергинчу можах куьг а хьоькхуш, даьттана чохь дилича санна, хьеначу бIаьргашца зала чу хьоьжура. Цуьнан и хьажар шена тIехь сецча, Джульеттех, цуьнан бIаьргийн даьттанехь лелий, гIанта тIехь цхьа хьена хьоькх юьсу. Биъсаболчо, там хуьлий, бетах мотт хьокху. Цхьа а махьар-шахьар а доцуш, массарна а гуш... Тьфу... Батт схьа а лаьцна, неIаре хьаьдира Аьстамар, дог а керчина.

— Ахь хIун до, Идиев? — хезира цунна Жанетта Батырсултановнин резайоцу-оьгIазе аз.

Мох а кхетийтина, хи а мелла, чу а веъна, шен метта охьахиинчу цунна чIогIа къахийтира шех, шен Джульеттех хилла лекха ойланаш цой, Биъсаболчой яьккхинчу хьацаран цIунала а етталуш юхуш а гина. ЙоьIан кхин бехк а ца хета Аьстамарна, Биъсаберг Iемина адамех хьена хьожа йогIу кочаллаш ян. Цунна дуьхьал латта боккха ницкъ беза. Массарех а-м ца ялора цуьнга и, са сема долчунна генара хьаьжча а вевзара иза, тIаккха юьсстахо цунна го а тосий, тIехволура. Джульеттин ницкъ ца кхаьчна и дан, иза хьийзина, хьийзина, «зузз» а деш, даарна тIе боьду моза санна, археологически ахкарш дан бахча, цхьана суьйранна, цIе а латийна Iаш, цунна улло охьахиъна, тIаккха вукхо гитари тIехь эшарш лекхна, анекдоташ а дийцина, кхунна коьртах куьг а хьоькхуш, буьйса кIарг мел ели а куьг а, эшарш а, анекдоташ а лахлуш, эххар а дегIан эвхьечу меттигаш тIе даьлла, тIаккха... (Джульетта ткъаеснaлгIа яра шен аьлла бохура цо, сакъоьруш Iаш, маларо а, осалалло а хьакхин суьрте вирзинчу хенахь). И буьйса дIаяьллачул тIаьхьа кхин а буьйсанаш хилла. Ткъа цхьана буса Биъсаболчо шаьш ахкарш динчу ширчу кешнашка а йигна, тIехь мел долу хIума дIа а даьккхина (цкъа хьалха — шена, тIаккха — кхунна), беттасин бухахь шеца йилбазийн хелхар дайтичхьана, Джульеттех адамийн сибатехь йилбаз хилира, хIетахь дуьйна Биъсаболчо хIуъу а яздарх — цкъа цо хIокхуьнан деда миллион шо хьалха еллачу динозаврийн тайпанах ву аьлла а яздинера, — Джульеттас, «Адаева» олий, шен куьг а яздора цунна буха.

— ДIагIо, халкъана юккъе шайн морально-нравственни ницкъан сирла серло а эций, — декара Биъсаболчун мерза-хьена

аз. ЦIеххьана саца а сецна, стоьла тIехь льатта графин, уллора стака тергал а ца деш, хьала а айина, цу чуьра хи «къалтI, къалтI» аьлла, дерриге а дIамелира цо. ТIаккха «уф» аьлла садаьккхича, цунна чуьра схьаарахьаьддачу тевно, коре оьхкина хIуманаш а мерцира.

Аьстамаран когаш а, куьйгаш а лехнра — оццул Iадош-тамашийна яра цунна гучуяьлла къайле: Биъсаболчун кийрахь кхехкаш жоьжахати яра, цундела муьйлу цо и хи, амма цуьнан ницкъ ца кхочу, цабезамо гуттар а марсайоху, цIийделлачу соьланех юьзна жоьжахати дIаяйа, хих, кийра а кхачале, легашкахь Iаь хуьлу. Оцу Iаьнарх мажъелла хир ю цуьнан мекхан юьхьигаш а, можан чоьш а. Коьрта тIера месаш-м цуьнан шен йоццийла хууш дара (уьш нехан ца хуьлучу кепара таьIна-можачу басахь яра), Аьстамарна цуьнан маж а, мекх а тIелатийна ду бохуш а хезнера.

Можа бос уггаре а дукха безачух тера дара Биъсаболчунна: цуьнан гуттарлера пиджак а яра можа, ал мохарчий оьхуш, и бахьанехь цхьаболчара цунах п а н т е р а а олура. Цуьнан хьацарх юьзна, дукха варстарна, хебаршка яхана, хIора хебарна юккъехь Iаьржа мода а лацаелла ворта, шуьйрачу, можачу галстуко хорам бина льатташ яра, галстукана пурх тIелатийнчу цхьана жимчу даьIахкана тIехь нехаш лацаеллера. Иза Биъсаболчун экспедицис аьхкинчу цхьаьна каш чуьра ю а, — археологин символ ю аьлла, йихкина а бохуш дуьйцура. Шен можах куьг а хьаькхна (иза кхин а чIогIа къега елира — куьг хьена хиллачух тера дара), кхин дIа а шен къамел дора Биъсаболчо:

— Вайн къаьмнийн доттагIалла чIагIдарехь аш шайн хааарш кхоор цахиларх тешна ду тхо...

ДоттагIалла чIагIдарехь Биъсаболчо юкъаяьккхина керла кеп яра: тайп-тайпанчу къаьмнех волу масех стаг экспедице а вуьгий, шен мерза-хьеначу хьажарехь, кочалла еш, лала а вой, вовшех нэвора. ТIаккха уьш массо а цхьатерра хуьлура, царна дицлора шаьш схьабевлла меттиг, цIа, ца оьшу даккхий дешнаш, «сий», «оьздангалла» боху ширачух бухадиснарш.

Биъсаболчун дешархоша кхечарна а Iамош, яьржара и тайпа доттагIалла чIагIдаран кеп. Ткъа хьанна оьшу иштта чIагIделла доттагIалла, нагахь адамаш са а, амал а, оьздангалла а йолуш ца хилча? Адамийн доттагIалла церан хIораннан кхнарца, хьекъал совдаларца, оьздангалла чIагIъяларца хила ма деза. Иштта чу дарже кхаьчначу стеган хир бац къомалле хьаьжна цкъа а къастам, муьлххачу а стеган гIуллакхашка, ойланашка, леларе хьаьжжина хир бу цо хадон мах.

И ойланаш-м дуьхьара ца йора Аьстамара, уьш-м кхуо цкъа институтехь собрани йолуш, цигахь хиллачарна а йовзийтира, хIетахь дуьйна хиллачух тера дара Биъсаберг резавоцуш, цундела цо цIе а тиллийтинера кхунна, велла дIаваллалц дахарна юьстах латтийта дагахь.



Аьстамаран са бIарзделира, ша льацначу харцонан гIайгIано кхин тIе а чIапвеш санна хийтира цунна. ХIан-хIа, иштта-м хир дац, кхо гойтур вац ша царна гIелвелла. ХIара вела а къежа, хIара-м шен ойланаш еш ву. Стенах? Масала, оцу Биъсаболчух. Мичара бу цуьнан оццул боккха цабезам ша кхобучу, шена чохь Iен чоь а, догIанах, дорцах ларван тхов а беллачу льатте а, цуьнан дайшка а? Эццахь цуьнан кхетам къегира: цунна ма-дарра дуьхьал тесира Биъсаболчун кийрахь цабезам кхоллабалар.

Иза дуьнен чу ваьллера, цуьнан нанна Лаурина ца луъушехь: оцу буса, мало а йина, бер ца лацийта молу молханаш малаза йиснера я меллехь а цара гIо ца динера. Биъсаболчух пхора лоцучу буса Лаурас кхоъ тIеэцнера, царах цхьаъ махках баьхна цига бахкийтинчу нохчех даккхий Iаьржа мекхаш долу ламаро а волуш. Стенна делахь а, кхано Биъсаберг хIума хаъал хилча Лаурас и мекхаш долу ламаро ву элира цуьнан да, цIе — шена ца хуъушехь—Ахмед яра а олуш, маре юьгур ю аьлла Iеха а йина — зударий догкIеда хIуманаш ма ю, — охьа а кхоьссина, Кавказе дIаяхана и боьха хIума, цундела хIетахь дуьйна мацалла ца яла, кест-кестта хьешнй тIеэца дезаш а ю ша, хьайна ша лелориг ца тахь, яхийта хьайн дена тIаьххье. ХIетахь дуьйна шен нанас хIора буса хьешнй а кхуьйлуш, къаьркъанаш муьйлуш, «дIаверза пенехьа!» — олий, тIе а чевхаш, хIара дIа ца воьрзуш Iийча а цуьрриг эхь а ца хеташ, буса латочу зезаган (и бахьанехь цкъа а зезагаш ца дезара цунна—шена гиначунна тIе когаш хьоккхура) хьесапехь йолчу лампанехь боьршачу стагах хьерчаш а (цкъа цхьана буса набарха ваьлча, Лаура кхаанца йоллуш а гина, цуьнан тIаьххьара чам белира адамех), тIаьхьа лулахойн дехарца Лаура суьдехь ноналлин бакъонех а йохош, алкоголизмах нуьцкъала дарбанаш лелочу дIахьажош а, тIаккха бархI шо байшна леринчу интернатехь доккхуш, тIаьхьавогIуш стаг а воцуш, кест-кеста урамехь шен деца я ненаца цхьанхьа доьдуш я догIуш бер гуш а шен мел хиллачу къаьхьачу ойланийн а, ша мел Iенийнчу дуьрачу бIаьрахийн а, ура-атталла чохьлазар кхетта ша цомгаш хиларан а бехк шен нана Iеха а йина, ведда Кавказе ваханчу оцу Ахмедан лорура беро. Де дийне мел дели чIагIлора цуьнан Ахмеде болу цабезам, хIетахь кIежтийса юьйлира цуьнан кийрарчу жоьжахатийн шийтта пешах дуьххьарлераниг. Дуьненчу валаран, хIинца мел хьоьгучу баланийн бехк Ахмедан бу боху цуьнан тешам ца бохийра воккха мел хуьлу а гучудуьйлучу шен юьхьан азатхочун аматаша а — тIеевллачу беснийн голаша, готтачу бIаьргаша. ТIаккха воккха а хилла бекхаман цIарах догучу бIаьргашца Кавказе схьакхаьчча, иза кхийтира ша лоьхург шена карориг цахиларх — дукха бара ламанан махкахь АхмедгIар, хIетте а кхуо шен хирг-м дира, и схьакаро гIерташ, меттигерчу газета тIе: «19... шарахь N. гIалахь, 24 августан буса Лаурица — ал месаш а, Iаьржа бIаьргаш а долчу — хиллачу Ахмеда хIара телефон тоха, цуьнга хьоьжуш доккха совгIат ду»

боху хаам тохаран биста кхаччалц. Амма доккхачу совгӀате (кхуо цӀийна неӀарна хьалха даьккхина кӀорга ор дара. Ахмед цу чу а вожийтина, тӀе шен кийрара цӀе Ӏетто дагахь) сатеснарг ца велира. ТӀаккха хӀара кхин а оьгӀазвахара адамашна, къаьсттина ламанхошна, оьгӀазвахара кху лаьттана а, лаьмнашна а («ХӀорш а ду ирх а ихна лаьтташ! Ӏовдалш! Ас хоуьйтур ду шуна, ас хилла меттиг йойуш шардийр ду шу!..»), ткъа цхьана дийнахь шен диссертаци (кандидатан яра иза — «Динозавраш а, уьш ширчу хенахь яьхна меттигаш а») защита яр даздан вовшахкхетта Ӏаш, кхуо Ахмедана — шен хила тарлучу дена — цхьа доьхнарг аьлча, нийсса дуьхьал Ӏачу изза цӀе йолчу цхьамма тӀара тоьхна, бетах, мерах цӀий а тосуьйтуш, пхьарцерг легашка эккхийтичхьана, шен ойланаш мич-мичахьа нахала ца йохуш, чохь гулвелла, дӀатийра иза, амма кийрахь кхин цхьаъ а жоьжахатин пеш хьалалетира...

Эццахь, уллохь Ӏачу Сайдуллас муьшка а Ӏоьттина, хедира Аьстамаран ойланаш.

— ЛадогӀахьа Жанетта Батырсултановнас дуьйцучуьнга.

Биъсаберг къамел дина а ваьлла, цхьа хьена кхача биъча санна, бетах мотт а хьоькхуш Ӏара.

Жанетта Батырсултановнас къамел, кест-кеста сеца а сецаш, даккхий синош а дохуш, хӀора дош дохдан гӀерташ санна дора, оцу синошкахь, кхечуьнца цхьаьна, хаалора цуьнан саттассалц хилла мерза дахар а.

Хан-хене мел ели, оцу синошкахь марзонал совдийла дуьйлира кӀадъяларан аьзнаш, хӀетте заманна къера ца хуьлуш, юьхь басаршца хьохуш, коьртана бил[1] деш, кегийчийн духарца йохалуш, кӀел ца йиса гӀерташ, схьайогӀура иза. Цунах тоам ца беш, цо сатуьйсура кӀиранах шозза мукъане а шуьри чохь лийча, цкъачунна кхуьнан и таро яцара, ламчохь хьаьким йолчу Матильда Матаевнин ю бохуш хезнера.

Пхийттех шо хьалха, шен дегӀан, бӀаьргийн, йоцца хедийна охьахецначу месийн хазалла бахьана даьлла-даьллачохь, ураатталла студентийн концерташкахь а, ца гойтуш ца Ӏара Жанетта, ткъа цхьана шарахь «Студентийн бӀаьсте» хьажарш долуш, зала чуьра серло дӀа а яккхийтина, сцени тӀехь масех чӀурам а латабайтина, гел лахара дохучу синошца цо «хьалха бӀе бӀаьрг болчу Ӏадато» хьийзийнчу, хӀинца шен безам бууш, кочара дуьрста схьа а яьлла, хьаьдда лелачу зуда-ламанхочух лаьцна стихаш ешначул тӀаьхьа, цуьнан хазаллина суждане оьхурш кхин а алсамбевлира.

ДӀо туьйранехь кӀайчу говра тӀе а хиъна, тӀерачу дуьнен тӀе вала луург, ца хууш Ӏаьржачунна тӀе а нисвелла, лаьтта бухарчу ма-ваххара, ткъех шо хьалха «тӀам тоха зуда-ламанхо» аьлча, тӀемаш тоьхна ша хьалайоьду моьттуш чуяхана Жанетта, ша мича

---
[1] Месашна ден басар



кхаьчна ца хууш, керта чулаьллина экха санна дӀасауьдуш хьийзара.

Мухха делахь а, лахахь атта ду, ткъа лакхене боьду некъ — хала, шена луучийн, хетачийн гуо а хадийна, чуо чу а оьзна, церган тӀеттӀа а таӀийна, дӀаэха дезаш. ТӀаккха кхочур ву син маршоне, лахахь — дегӀан маршо. Цунах шен ма-хуьллу пайда оьцуш, аьхке Ӏаьржачу хӀорда йистехь бен ца йоккхуш, цӀахь довха даьхкина денош ламчохь, шовданан йистехь а, ткъа шийлачу хенахь гӀаларчу чан дӀаяьккхина къагийнчу хӀусамашкахь молуш, дууш, къоьруш, вирана санна тӀе кож а тиллина, дуьне хаьхкина йоьдучу цо, дегӀана ницкъ хилахь а, коьртана гӀело а ца еш, цхьаъ, шиъ диссертаци а йира, амма Евгений Ахмархаджиевичера кафедран куьйгалла схьадаккха гӀоьртича, вукхо вела а къежна, пиджакан чухуларчу кисанара схьа а эцна Ӏаьржа бос болу конверт шена хьалха а кхоьссина, и схьаяьстича, шен а, цхьана ондачу бугӀанан тайп-тайпанчу хӀоттаршкахь даьхна дерзина суьрташ гича (хӀетахь бете куьг а хьош, «муха?» — аьлла, мохь белира цуьнга, «Кхузаманахьлерчу техниках пайда а оьцуш», — дуьхьал къежира Евгений Ахмархаджиевич), мелла а гӀелделира гӀуллакхаллин гу буьххье йоьдучу цуьнан болар. ХӀетахь дуьйна, цадаьлла вовшашца тарлуш схьадогӀура и шиъ, кӀелдӀашхула далург а деш.

— Шеко йоцуш, институтехь уггаре а тоьллачу студентех ю Бежинова Мельхиор. ТӀехдика хаарш, массо а дисциплинашкахула — ас иза юха а билгалдо, м а с с о а д и с ц и п л и н а ш к а х у л а! — тӀехдика хаарш, юкъарчу белхан жигархо, ширчух бухадисинчаьрца луьра къийсамхо, «Атеист» клубан декъашхо... Мельхоран вастехь вайна хьалха хӀутту вайнехан зударех йолу керлачу заманан юьззина векал...

Жанеттин дахаран кеп яржорехь дика кхиамаш баха а баьхна Мельхиора. Иштта юкъараӀойлехь Аьстамаран чоьнна дуьхьал чохь гулбеллера уьш дийна делкъехь. Хьалхарчу курсера, массарна а елакъежаш а, Ӏаьржачу аматара а йолу Эльза, дена ца луъушехь, нанас кху кӀотарахь шен дашониг хӀаллакьхилийта йиш яц аьлла, бежана-уьстагӀ дохкийтина ши бӀе туьма вовшах а тохийтина, и ахча, пхийтта шарахь диссертаци кечъян а ца ларош и тайпа гӀуллакхаш деш хьийзачу, тукарца лерина лергина йоца маж а, ло санна кӀайн къежбелла корта а (дуккха а ахча мичахьара доккхур дара теша бохуш, ойланаш ярна — шайлахь хьийзавора иза накъосташа) болчу институтан белхахочуьнга Сакхсолте дӀа а делла, цо хьалха охьа а йиллина, сочинени тӀера схьа а язъяйтина (хӀетте а Сакхсолтин шен куьйга иттех сов гӀалат нисдан а дийзира), деша еъна Эльза ялийнера Мельхиора Аьстамарна дуьххьал чу. И дахь, шена пхи туьма ахча лур ду аьлла дела, тӀахъаьлла хьаьвзира Мельхиор, ша дӀакхоьхьучу дахаран исбаьхьаллаш юьйцуш: «Хьуо жима йоллушехь хьайн сакъера ахь! ХӀара гуттар а лаьттар дац хьуна. ТӀам тохий, тохий, хьовза къона

йоллушехь. Дешара тӀехь корта кегбан а ца деза, хьуна Ӏаламо делла уггаре а коьртаниг — дегӀ, хазалла. Цхьа доккха хӀума ду моьтту иза дуьххьара дӀайолалуш, тӀаккха ша-шах дӀадоьду, жигархо а хир ю хьо, массо а собранин президиумашкахь а, Ӏаьржа Ӏов а, коньяк а, аьхка хӀордан йистехь садаӀа а, дешна яьлча — цхьана аттачу балха а, жимма хан яьлча — хьаьким, дӀо цхьана районан хьаьким Матильда Матаевна хӀинца а ши предложени, гӀалат доцуш, дӀаязъян хууш а яц хьуна, хӀетте а — хьаьким, хазаллина а кхин вайшинчул тоьлаш хӀумма а дац хьуна, жимма лекха-м ю иза. Кест-кеста хуьйцу шен кадр. Районехь милла а къастон йиш йоллушехь, филармонии солист вадавайтина хьуна, шен районерчу милцошка, хьа-хьа-хьа, хьалха зударий идош хилла, хӀинца... Нийсо!—цуьнга эшарш а лоьккхуьйтуш... Иза а Ӏовдал юпережиток. Шен алапех кхо туьма аьчган соьмашца а оьцуш, уьш сагӀийна тоьлуш хуьлу боху. Къанлуш ду ешап, ткъа цуьнан диплом эцна ду. Дешнехьара хуур дара цунна, велча стагах удобрени хуьлийла. Дела ван а ма вац — хьа-хьа-хьа! Хьуо ца тешахь, йоьалгӀачу курсерчу Джульетте хатта ахь, я Биъсаболчуьнга, и ву хьуна уггаре а хьекъал долуш, лакхарчу хьаькамаша ла а дугӀуш... Нагахь ша велахь, вайшинна итт туьма ахча данйта-кх цо хӀинцца, хӀокху минотехь... ТӀаккха вайшиъ тешар ю-кх цунах. Чудоуьйтий ахь? Хьажа хьо, хьажа стигала. Гой хьуна? Ца доуьйту! Вайн Жанетта гиний хьуна»... Эццахь шен хабаран догӀанца кӀадийна, хьаьшна, сацкъар санна а йина, цул тӀаьхьа, гуттар а ша ма-дарра, Эльзех шена луъург дан дагахь чуьраяьлла хьийза Мельхиор сецира: Эльзин бӀаьргаш чу хьаьжча, иза кхийтира ша оццул чӀогӀа къахьега оьшуш а цахиларх — иза иштта а сацкъар а хилла лаьттара, цо дуьххьал дӀа: «Суна истории экзаменашна пхиъ хир дуй тӀаккха?» — элира. «Дера хир ду-кх ялх а-м», — элира Мельхиора. ТӀаккха, ела а къежна, цунна тӀаьхьа хӀоьттира Эльза...

Тов, тайп-тайпана хьожанаш, «зузз» деш хьийзачу, юьхьа тӀе детталуш тӀелетачу, урамашкахь лаьттачу нехаш чу кхуьссучу аьчган яьшканаш чуьра гӀуьттуш, диллинчу корашкахула чуоьхуш, цӀано ечу меттигашка хӀуьттий, догӀмашна даз а лой, юха тӀома дуьйлучу мозех юьзначу юкъараӀойлин сени чухула а яьлла, неӀ дӀа а йиллина, дуьхьал цӀеналлийца билгалйоцу шаршу оьллинчу хӀусама чу яхара Мельхиор а, Эльза а, тӀаккха цу чу вахара нохчийн мотт ца буьйцу, вуткъа веха, котамах века а, лоьмах Ӏаха а дика хуу Джонни а, юхаюкку хӀуманаш хуьлу (Мельхиоре хула Японера деъна доьзалхо лацийтарна дуьхьало ен лоппагаш а духкура цо), японхочух тера батт а, африканхочуьнчух тера хьийзина месаш а йолу Колорадо а, дукха кӀомал ийзарна лаьтта баса вахана, мехий Ӏиттина, шина пхьаьрсех цаца бина, кест-кеста кеп хилча, дуьне Ӏадо санна, мохь а болий, араэккха дагахь коран бӀаьргашна тӀедеттарна (эццахь кхуьнан и амал евзачу накъосташа, тӀебетталой, схьаваьккхича, иза воьлхура: «Шун хӀун гӀуллакх дара со схьалаца, витийша со», — бохуш), гуттар а дихкина куъйгаш хуьлу Кент а.



Уьш чубахана дукха хан ялале, цу чуьра схьа узарш а, Джоннин котамах векар а, Кентан хьераваьлча санна чӀогӀа велар а, и дерриге къардеш Колорадон: «Хаза-м бу, бу-те вайн Даймохк» боху дешнаш а хезира. ЦӀеххьана Мельхиоре:

— Звери! И кхетамчохь ма яц! Хи! — аьлла, мохь белира. ТӀаккха мохал а маса араиккхина, кхерамах буьзна, къаьрззина тӀебеъна ши бӀаьрг а болуш, цӀано ен меттиг йолчуьра канашкахь хи а эцна, юхахьаьдира. Хих масех тӀадам дӀакхаьчнехь а, тамаш бара — охьаӀенара. Кхин шозза а дира цо иза, цхьана пхьегӀи чохь хи дан са а ца кхуьуш. Чохь йоцца хӀоьттина тийналла йохийра Колорадос:

— Цунна-м хӀумма а хир дацара.

ТӀаккха Джонни котамах вийкира, Кент, дуьне Ӏадо санна, велавелира.

— ДӀахила юххера! Цхьаъ тӀе ма гӀорталаш кхунна! — мохь белира Мельхиоре. — Дуьххьара долун дели ца лайна кхуо.

ТӀаккха дукха хан ялале, узарш ден, цхьа а бос а боцу Эльза белшах а тесна, шаршу тӀехьара сени чу елира Мельхиор.

Масех ког мосазза бели саца а соцуш, йоьалгӀачу этажа тӀе хьалаяла юьйлира и шиъ. Цкъа ламино голатухучохь, Эльза мархал а елла, шен кара охьаяхча:

— Яхь яц хьан, нохчи яц хьо?! Охьа ма йожалахь, — элира.

Важа, цо ницкъ белча санна, ламеш тӀехула хьалайолаелира, ткъа Мельхиора, чу а кхаьчна, Эльза маьнги тӀехь паргӀатъяллалц, багара охьа ца дехкира и патриотически дешнаш.

ХӀинца Мельхиор сцени тӀе хьала а яьлла, шен цӀен диплом кара а лаьцна, ела а къежаш, зала чу а хьоьжуш, лаьттара. Цул а чӀогӀа елакъежара Жанетта Батырсултановна а, цо юха а (хӀинца кхоалгӀа) тӀеозийна балдаш тӀе оба элира Мельхиорна. Уллохь Ӏачу Биъсаболчо, хьераваьлча санна, тӀараш туьйхира: цо бечу белхан стоьмаш шечух тера болу дела, Жанетта Батырсултановна, шен гӀеранах яцахь а, къайлах лоруш вара иза. Цунна тӀаьхьа, шовкъе а оьхуш, тӀараш детта бевлира зала чохь берш, шаьш стенна детта ца хуъушехь. ТӀаккха Жанетта Батырсултановнас, куьг хьала а айина, кӀежтуьйсуш тӀехъӀена цхьаьнаэшшара гӀовгӀа а сацийна, элира:

— Кхин цхьаъ а хаза кхаъ баккха а лаьа суна. Вайн Мельхиор оха кафедрехь хьехархо юьтуш ю.

ТӀараш шозза совбаьхначу ницкъаца детта долийра.

Уьш бӀаьстенан юьххьехь латта доxделча бердех чухецало тӀулгаш санна, тӀедетталора Аьстамаран кхетамна, эххар а иза къайла а велира оцу тӀулгийн барза бухахь, цигахь, Ӏаьржачохь, садукъдечу ченалахь Ӏуьллуш, цунна юха а къахийтира шех. цунна дагахьбаллам бара кхузахь дахийна хан цо, гӀала а дӀаьт-





-8807-
ГБУ «Национальная библиотека Чеченской Республики»

тина ара а ваьлла дӀаваха ойла хилира, гӀа дукълучу хьаннашка, бердех чукхийсалуш, шурин чопа санна, кӀайн хи долчу, тӀулгаш тӀе бай баьллачу, басешца бӀаьллинган, элхьамчийн коьллаш йолчу, чено зингатийн баьрзнаш дохийнчу, маьркӀажехь гӀаш лестачу, сатосуш махо дитташ лаьтта охьатеӀочу, буьйса яйча, везаре нускало санна, малхе сатесна, дерриге а аьзнаш лахдина, шен хазаллин бес-бесаралла гучуяьккхина, дӀатийначу Ӏаламе...

— Вало, хӀун деш Ӏа хьо? Хьо ву хьуна, — муьшка Ӏуьттура кхунах Сайдуллас.

Хьала а гӀаьттина, сцени тӀеволавеллачу, цуьнан бӀаьра а хьожуш, къежира Жанетта Батырсултановна:

— ЦӀен диплом хиллаза, цхьа диъ сов а даьлла виснехь а, дика дийши Аьстамара а.

И дешнаш а, и къежар а шена тӀаьххьара ден тохар дуйла хуу Аьстамар, цуьрриг а воьхна ца гойтуш, белшаш дӀаса а тоьхна, мел хала делахь а велакъежира, тӀаккха шен диплом схьа а эцна, Жанетта Батырсултановнас схьакховдийна куьг тергал а ца деш, вуха а веъна, сценехьа бӀаьрг а бетташ охьахиъча, гӀеххьа цец а велира: кхуо динарг Биъсаболчунна чӀогӀах Ӏоттаделлачух тера дара. Цуьнан кийрара шийтте а пеш, марсаяьлла, кӀур тийса юьйлира, — масех градус хьалаелира зала чуьра температура. Биъсаберг графинна тӀе кхийтира, амма иза еса а карийна, дӀаса а хьаьжна, стоьла тӀехь лаьтта кхийран кхаба, чуьра зезагаш охьа а дехкина, бага ерзийра цо.

ТӀаккха Евгений Ахмархаджиевича, лерга уллора тӀебаьлла масех беха чо, бухара хьала куьг хьоккхуш кӀунзал тӀехь дӀа а нисбина, зала чу а хьаьжна, элира:

— ХӀинца мила ву шух вистхила лууш? Баркалла олуш.

Цхьа а вист а ца хуьлуш, тийналла хӀоьттира, иза яхъелира. Сцепи тӀехь Ӏийраш, цхьа Юрий Александрович воцург (иза бӀаьргех куьзганаш а доьхкина, цхьаъ йоьшуш Ӏара), цецбевлира. ХӀинццалц хилла дацара студентех цхьа а вист ца хуьлуш. ДӀа ма элли, масех жигархо, катоххий хьала а оьккхий: «Баркалла, тхан хьомсара хьехархой! Тхуна цкъа а дицлур дац шу а, аш делла хьекъал а», — олий къамел дора, цунах там хуьлий хьехархой дӀаса а боьлхура.

ХӀинца вистхуьлуш цхьа а вацара, Джульеттий, Мельхноррий Ӏадда Ӏара стенна делахь а, и тайпа меттиг тӀехтуьлуьйтуш йоццушехь.

— Ой, тхоьга ала хӀумма а дац шун, цхьаннан а, — зала чу хьежа велира, москалан тӀилд санна, цӀийвелла Евгений Ахмархаджиевич.

ТӀаккха массо а аьлча санна, Аьстамар волчу агӀор схьахьаьжира, церан бӀаьргаша гӀаттийра иза хьала. Трибуна тӀе хьалаволуш, Жанетта Батырсултановнас: «ХӀара воцург кхин вац», — олуш хезира цунна, тӀаккха цхьа шен деган аз доцург хӀумма а ца хезара, и аз цо дешнашца ден а дора:

— ХӀокху пхеа шарахь дуккха а хӀума девзи вайна. Вайна девзи цхьа нехан тайпа. Синтарш ма дохаде боху цара, ткъа шаьш орамашца хьала а дохуш, цӀа а кхоьхьуш, дагадо; цара боху: ларде хиш, ткъа заводийн, фабрикийн хьаштагӀаш нисса Соьлжа тӀе йо, мичча хенахь цуьнан хи тӀехь шуна гур ю хьена-лепа цӀанонаш; цара боху: нэхь-бехкан, оьздангаллин бехкамаш ларбеш даха, ткъа шаьш мукъадаьллачу дийнахь а, хӀора буса а, хьайбанашна цкъа а дагадан йиш йоцчу осалаллин леш хуьлу, кхечу кепара вехарг царна Ӏовдал а хета (эццахь Жанетта Батырсултановне мохь белира: «Опомнись!»), нагахь шайна дуьхьал вистхила хӀуттуш верг нислахь, цара иза тӀебоьдуш машенца ваха некъ а, буса лато электросерло а йоцчу, стиглахь цхьа марха яьлча а кӀиранах догӀа оьхучу тӀуьначу метте балха хьажаво, цигахь иза энашка а, хатте а, алсамболучу доьзале а дӀалацийта. Амма цхьаверг ца воьду цара даьккхинчу хоршахула, цхьаволчо ша дӀа ма кхеччи, тайо шена хӀусам: тхов а хуьйцу, чохь йоккха пеш а латайой, тӀуналла а эккхайо, тӀеюха брезентан я тӀаьрскан плащ а, резинан эткаш а оьцу, шен белхан шовкъаца масал гойтуш, оьшучунна дашца а, гӀуллакхца а гӀо а деш, цкъацкъа дуьненна а дицделлачу адамийн шайн бахамаш, жимъелла йоьду юрт цӀинъян дегнаш нра-кара а хӀиттадо, юьрта тӀебогӀуш некъ а баккхахьара, электросерло а ялаяхьара бохура тайп-тайпанчу инстанцешка аьрзнаш а яздо, цара дуьхьал дайийтина: «Минехдинчу юьрта богӀу некъ а баккхийта, электросерло а ялаяйта боху хьан кехат, лоруш волу накъост, леррина деша а дешна, талла а теллина, дагахь а Ӏамийна, цунах дан дезарг дийр ду тӀедогӀучу планово-финансови шарахь»... — боху жоьпаш цхьана папки юккъехь гул а до, — мацца а цкъа эшахь а аьлла, юьртана гобаьккхина йолчу хьуьнхахула а лела вехха, аьрцнаш тӀе а вуьйлуш, бӀаьста олхазарийн эшаршка ла а доьгӀуш, гурахь мажлуш, цӀийлуш, гаьннех хедаш, мохехь хьийзаш оьгу гӀаш а тергалдеш, дӀайоьлхучу гӀаргӀулийн аьзнаша а, жимма тӀаьхьо гуьйренан дерзо а, Ӏаннашкахула даьржачу дахкаро а, меллаша, ша хаа а ца йолуьйтуш, дегӀах юлучу шелоно а дог Ӏийжош, сарахь пеша хьалха а хиъна, догучу попан дечиге а хьоьжуш, ойланаш а йо шен хьаьдда йоьдучу уггаре хазачу заманан, хорам бо кхочушбаза буьсучу бераллин сатийсамаша, тӀегӀертачу къаналло, тӀаккха дагадогӀу массо хӀуманна вицвала, хӀете а ца воьду юьрта йисте йохкархо волчу, цуьнга схьа ца йоьллуьйту чохь юхкуш стохкалера, тӀулгаш санна, чӀагӀъелла пирянгаш а, «килькки» консерваш а, тайп-тайпана къаьркъанаш а, чагӀарш а долу туька, цу чуьра масех шиша а эцна, и дӀа а мелла, хьакха а хилла, ца керча массо а хӀума дицдечу цӀунала, «хӀан-хӀа, со гур вац цхьанна а маларча а хилла, цабезачийн, со кхуза хьажийнчийн кхардам а хилла», — олу ша-шега, тӀаккха мехкадаьтта дуттучу стогаран

милт леккха хьала а узий, шен йозанаш дечу тептара тІе яздо: «КІезиг веха стаг дуьнен чохь, оцу йоццачу хенахь, ахь иштта ойлае, иштта — къамел, иштта дІавижа, иштта хьалагІатта, цигга балха гІо, балхара ваьлча хІара книгаш а (кхиершший? — мегар дац!) еша бохуш, стагана бехкамаш барал доккха зулам хила йиш а юй теша?» ШолгІачу дийнахь кхин а чуьравер ву балхана, ишколехь вовшахтухур ю берийн театр, инсценировкаш а еш, халкъан туьйранаш хІиттор ду дешархоща, балхо а, туьйранаша а массо хІума а дицдина, вехаш, вехаш, вехаш, цхьана дийнахь кхетар ву, и юрт а, и юьртахой а шена гергара хилла дІахІиттина хиларх, хІинца ша цаьрца цкъа а къаста а лур воций, ша церан дахар мелла а къагийний, цундела гІеххьа хан яьлча, гІала веъча, кхузахь лелориг, къуьйсург кІезиг хІуманаш хетар ду, делахь а дукхачу а адамашна пайде хилархьама, гІалахь Іен везий а хиъна, вуха а вогІур ву...

Ойла ейша, хІун хуьлуш ду вайна? Аьшпаш, харцдерг, шалхо хилла вайн дахаран принципаш, ткъа царна тІехь адамийн дахар латта йиш яц, адам-йилбазнийниг бен. Стенна дуьйлуьйту вай адам-йилбазаш вайн коьрта тІе, коьшкала, цара шайн когаш, лестош, баккъаш тІе бетташехь, цІано а циггахь ешшехь, тІера чу а ца кхуьссуш? И иштта дІадахлахь вайна зарратан тІом а ца оьшу, адамийниг дІа а даьлла йилбазийн дуьне хІуттур ду лаьттахь. («Мракобеси!» — Іаьхира Биъсаберг. «ХІаа, хІаа, ю-те мракобеси», — дукха чІогІа резахилла тІетайра Евгений Ахмархаджиевич; Жанетта Батырсултановна, хьостам санна, йогІа а елла Іара). Ткъа мичахь хила еза йилбазийн меттиг? Боданехь! Осалчийн, кхахьпанийн — мичахь? Халкъо емалйинарг. ХІан-хІа, вайн иштта дац, вайн уьш хьаькимаш, Іилманчаш, депутаташ хуьлу. Сийсаза хилларг — вайна сийлахьа, нийсса дІавоьдург — емал во, Іункар а хІоьттина, куьйгаш тІехь, я коьрта тІехь воьдург — лору, лерган тІехь леларг--м муххале а. Ткъа корта — ойла ян, лерган — ладогІа, куьйгаш гІуллакх дан делла ду, лела белларш — когаш. Вайна хьоме бу могашаллино кортош хьовзийна, цІогарчий ирх а хьийзина, хазахетаран дахкаро бІаьрзе барна ши ког хьалха а ца гуш, дІадаьлларг хаъане ца хууш я хаа а ца лууш, хІокху Биъсаболчо кечдечу аьшпийн даарх тоам а беш—цо сихха цатам ца бо, мелхо а — там, цуьнан дІовш, жим-жима худалуш цІийх дІахудало, тІаккха кхетта чохьлазар сацон цхьа а лор а вац, — бевлла леларш. Хилларг, дай Іийна меттигаш, шовданаш дицдина ца Іаш, вай йицйо церан цІерш, хуьйцу вайна техкинарш. ХІокху Іачу Евгенийна цуьнан дас тиллина цІе Эдалби-Хьаьжа ю шуна, кху Жанеттин цІе — Жансари, Мельхиоран цІе — Мелисат... Вайна эхь хета вайн цІерех, маттах, оьздачу гІиллакхех. (Эццахь Биъсаберг, тховх кхозу луьстраш а дегош: «Националист!» — боху мохь а аьлла, Іаьржа-хьена кочалла а хилла, лелина зала чухула дІасаваьржира, хевшина Іачеран мачаш а бехъеш, тІаккха неІарехула дІа ара а Іаьнна,коридора чохь ша хьалхалерраниг а хилла, дІавахара, цунна тІаьхьа арахьаьдира Жанетта Батырсултановна а, Евгений Ахмархаджиевич а).

Амма шу ма гІуо цара гайтинчу хоршахула, шух ма хила къийгаш, цхьаъ, когаш тасабелла а, вожахь, зІакарш етта тІе а хьаьлхаш. Дуьне доьхча а, харцдерг дуьйцур доцчу къонахех схьадевллачу аша ма атта дуьйцу иза, шайн цхьана буса а наб ца яйийта я шайга институтан муьлхха а белхахо — ректор тІера горгам хьокхучунна тІекхаччалц — гома ца хьежийта. Гуттар а когаш кІел стенна хьуьйсу? Наггахь стигала, хьовса, седарчашка, Іаьрзашка, царал а лакха. ТІаккха хуур ду шуна цхьадолу хІуманаш кІезиг дуйла, аш и ца дахь дуьне гатлур ду котамийн бун санна.

Бакъдолу дахар цигахь, юьртахь, латта охуш, ялта кхиош, даьхни, накхармозий лелош, хьаша-да вар доккха хІума хеташ, малх кхетча — малхана а, догІа деъча — догІанна а хастам беш, дош а, деш дерг а цхьаъ долуш нах бехачохь, юьрта йистера дІайолалучу аьрцнаш тІе яьллачу попан, пхонан, ножан, къахьаштун, моан, махан, бІаьллинган, хьехан хьуьнхахь — цу юккъехь кест-кеста нислучу, тІехь цІе яьгна меттигаш а, яраший, нитташий къайладаьхна доьхначу цІенойн тІулгаш а долчу ирзошкахь кхуьучу шекаран Іежаша а, хьайбанаша а, баьллаша а, боча-бІараша а, къаналло шаьш букар сеттийнехь а, хІинца а стом ло — хІаъ, цу хьуьнхахь дІадоьдуш кхин дахар ду, диттийн, бецийн, акхаройн, сагалматийн дахар, генарчу седарчийн а, басах духдуьйлучу шовданан а санна, стиглахь евллачу мархийн а, тхевнашна, гІашна, цІадоьрзучу уьстагІашна, ежачу говрашна тІе Іеначу догІанан а санна, тІаккха маьркІажехь стигал а екхна схьакхеттачу беттассин а, аьрцнаш тІера гІуьттучу кІайчу дахкаран а санна, ша тайпа дахар. Цуьнга хьовса, цунах Іама. Нагахь сан лаам шуна хаалаахь—хьун дІайолалуччохь ханнех цІа а дина, чохь йоккха пеш а латийна, йочана йолчу хенахь кхоьаш я жижиг а кхехкош, оцу ша тайпанчу дахарх лаьцна яз а деш, йогучу цІеран, дужучу гІан тидам а беш, баттахь цкъа гІала а вогІуш, Іерал сов, сан цхьа а сатийсам а бац.

Къамел дина а ваьлла, зала чу хьаьжча, пхи-ялх стаг бен ца гира цунна: президиумера кхоъ ведча, чуьра берш а бевддера кхуо дийцинчунна тешаш ца хила.

Тийналла хІоьттира, чуьрачара доху синош а хезаш. ТІаккха цІеххьана хІинццалц меттах а ца хьовш Іачу Юрий Александровича сихха тІараш туьйхира, дог резахилла, цуьнан гІо лецира вукхара а. ГІеххьа диттира цара тІараш, кІезиг белахь а, доггах деттарна чоь юьзна йолуш санна хетара.ТІаккха тІе а веана, кхуьнан куьг лецира Юрий Александровича — лекха, букар а сеттина, ехачу юьхьа тІехь тІетаьІна мара а, жимма ирххьаьвзина чІениг а, коьрта тІехь масех мас а. Къамел цо хІора дош а къастош, корта

раз а боккхий, бlаьргаш чу а хьоьжуш дора, гуттар йоцачу предложенешца:

— Хьан къамел чlогlа дика дара. Аьтту балахь, дlаязде. Дуккха а язде. Болх ца бахь, эрна йовр ю корматалла. Суна хьоьца дуьйцург нийса доцийла а хаьа, хьо дика кlант вуйла а. Хlума дукха даз а ца деш, хьайн болх а беш lе. Замано дерриге а шен метта дlахlоттор ду.

Шега юха а куьг а делла, иза дlавахча, Аьстамаран велха дог хилира — иштта гlо лоцуш стаг хиларо дог кlаддинера цуьнан. Амма и ца деш, вела а къежаш, лаьттара иза. Цул тlаьхьа тlевеанчу Сайдуллин: «Хьуо охьатаьlна ма гайта. Суна хаьа хьуна хьо бакъ вуйла, дерриге а дlанислур ду» бохучу дешнашка ладоьгlуш а, тlаккха цунах а къаьсстина гlали юккъехула дlавоьдуш а, юха цхьана жимчу скверикехь долчу гlантахь хиъна lаш а цунна хаалора шега хьуьйсу бlаьргаш, амма царна дуьхьал хьажа дага ца догlура, хlинцца и дича цунна гира Иманин таьlна-сийна бlаьргаш. Цуьнан са кхиира: хlокху дехачу пхеа шарахь гуттар а иштта тийна, ойлане хьийсина уьш, амма хlара кхечу — шена гергахь, даккхийчу, ца дича йиш йоцчу — гlуллакхаша дlалаьцна мукъа ца хилла уьш ган, амма деган кlоргенехь синхьехам бара: «Ахь лелориг дац коьрта, к х и н д у»», хlетте а кхуо ла ца дугlура цу синхьехаме, тlаккха иза дlабовра, хьаьддий-веддий леллачохь дlайолура хан. Хlинца и дерриге а меттахlотто гlерташ санна, Аьстамар леррина хьоьжура бlаьргашка, цlоцкъамашка, балдашка, юькъачу месашка, пхьаьрсашка, хенашка, — Иманига, цунна дуьхьал тесира иза, юьртахь, кlайн кир тоьхначу цlийнан уьйтlахь, когахь калош а туьйдина лелаш, котамашна хьаьжкlаш тосуш, тlаккха арарчу нохчийн пешахь дикка цlий а долуьйтуш севсина хьокхамаш а деш, шена гонаха, ша санна могаш бераш а хьийзаш...

— Хьуьна йисттехь ханнех цlенош а дина lаш, хьуна накъост ма оьшу, цlе лато, кхоьаш кхехко а я жижиг. Хьо гlала вахча, чохь lен а.

— Веза. Хьо хир ярий?

— Хlаъ.

— Имани, хьол дика йоl цхьа а яц-кха.

— Боккъал а?

— Боккъал а. Сан мел чlогlа самукъадаьлла хаьий хьуна.

— Хlан-хlа, хьан самукъа ца даьлла.

— Муха?

— Хьан бlаьргаш чохь гlайгlа ю.

— Дитахьа сан бlаьргаш, вайша доладалийтахьа.

— Мича доьду вайша?

— «Хьан когийн бен тата доцчу, lежийн бешахь зезаг ловзо».

— Со кхоьру.

— Стенах?



— «Дарц даларна кхоьру, мох баларна кхоьру, дарцо, махо хьо вадорна кхоьру».

— Иза ма хаза элира ахь.

— Иза эшара тlера ду.

— Хьуна эшарш лакха а хаьа?

— Суна ца хууш хlун ду?

И шиъ дуккха а лийлира доладелла, цкъа гlовгlанечу а, юха тийначу, кегий цlенош а, кертахь бошмаш а йолчу а урамашкахула, наг-наггахь, лергинчу коьллаца а, зезагашца а кечйинчу скверашкахь охьа а хуьйшуш. Суьйре маьркlаже лестина хан яра и шиъ гlалин коьрта йохка-эцар лелочу кхаьчча, базаран неlаршна оьхкина даккхий догlанаш дара, цунна хьалхарчу майданахь беха доккхан нуй хьоькхуш, лелара цхьа къена стаг, цхьана маьlIехь масех зуда а lара зезагаш духкуш.

Уьш баккхийбийна а ца бовлура шайгара массаьргара а цхьацца курс эцча — нийсса шина туьманна, кхин дан а дацара, кегийра ахча ца лерича.

И зезагаш Иманига дlа а делла, и шиъ социйлехь лаьттира— иза шен йиша йолчу дlайоьдура буьйса яккха.

Трамвай гучуяьлча Иманис:

— Вайшиъ кхин гур а дац, — элира, къаьрззина бlаьра а хьожуш.

— Стенна? Со вогlур ву хьо йолчу.

— Хьо веъча-м гур дара, — иза трамвай чу хьала а яьлла, ела а къежаш («Ма товш ю иза — кlайчу кучахь, шортта зезагаш а карахь») лаьттара, тlаккха чкъургаша, аьчган асанех хьекхалуш цlийза а цlийзаш, дlаяьхьира. Цунна тlаьхьа хьоьжуш кхин цхьа трамвай гучуяллалц lийра иза, тlаккха урамехула вуханехьа вогlуш, базаран керт кхачалуччохь лаьтташ къежъелла маж йолу сагlадоьхург гира цунна, аьхка а, гурахь а, lай а, бlаьста а — гуттар цхьа духар: лоха холхазан куй, а, цкъа мацах сира хилла, хlинца бос а ца къаьсташ тишъелла плащ а — хуьлура цуьнан, бохийна буьйцуш нохчийн мотт а:

— Сагlа еза ю, сагlа луо. Хьаьжин Бауддина тlера...

Кхуо кисана таllийна куьг хьаькхна, схьа а гулдина, дlаделира шегахь дисина доьхна ахча: тховса хlума ца йиъча а мегар ву, кхана ночтера схьаэца дезаш пхийтта сом а ду газетера деъна.

Ша схьавогlу урам аьчган некъа тlе а кхаьчна, цунна йистехула хьала а вахана, цхьана даккхийчу дитташна буха нисвелча, цуьнан чlогlа сахьаьвзира, иза кхийтира: хlан-хlа, цкъа а гlур вац иза Имани йолчу я кехат а яздийр дац, цо данйтича а, жоп а лур дац, хlара девзаш доцчуьнга, шена дlадийца а хуур доцчу ирсе сатуьйсуш лелар ву, шена карадеъначун тlалам бан а ца хууш, ткъа иза хlинца санна, гуттаренна а хир дац, хир яц Имани а кхуьнга хьоьжуш, цхьа а хир яц, Органан хи санна хьаьдда йоьдучу замано дерриг а дlахьур ду, таханлера адамаш а, сатийсамаш а,

гІайгІанаш а. И иштта дуйла хуъушшехь хІумма а дийр дац, я дан гІоьртича а дан а ца ло — иза ю-кха дакъазалла, цу дерригенах а кхеташ хІара Іийр ву дахарна букъ тоьхна, девзаш доцчун хІорда йисте а хиъна, оцу хІордан а, генарчу Іаьршийн а халла хезачу гІовгІане ла а доьгІуш, цунах цхьа маьІна дан а гІерташ, — декъазниг. Цунна юха а къахийтира ша-шех, цхьана диттах букъ а тоьхна, охьа а хиъна, велха хІоьттира иза. Амма велха ца лора, халла бІаьргех ши тІадам белира, лазам легашка а хІоьттина сецира. Иштта Іаш, цІеххьана цуьнан лерсине кхечира, юх-юххе а теІаш, шайн генаш, гІаш дІаса а лестош, дитташа ден шабарш, цара дагатесира дуккха а хьалхалера (иштта хьалха хилла техьа иза?) цхьа маьркІаже, иштта аьхкенан маьркІаже, иштта дитташ а лесташ.

ХьаьжкІаш юккъехь малх чубуьзна ца буьзна хаа а ца хаьа, Іаржъяла йоллалц, тІаккха а Іийр ву, нагахь гІийлла мукъам а, яккхий ойланаш а еш хилча, кхоьаш яха деана ведар ах бен ца даьллашехь а, и бахьанехь чувахча нанас: «Хьо хІун деш вара оцу хьаьжкІаш юккъехь», — бохуш, дов дийриг хилар а диццина.

«Цкъа и цІийза барзах тарлуш, цкъа и доьлху бер санна»... — «Схьагуллол дешархой — школан хьозий, хазачу ловзарех вай хІинца ловзий» — А. Нажаевс язйина, ткъа «ЧІегІардиг, чІегІардиг, хьо хьенан хьаша ду?» — Мамакаевс, баснеш Крыловс язйина. Уьш а язъян еза цхьа итт, хІан-хІа, ткъа — кІезиг ю, цхьа ткъе итт мукъане а язъян еза. Дуьххьарлераниг «Чай, Газий» хир ю. Газанна, яжа яхча, цхьа жима хьуьнан кхор карийна хилла, цу бухара кхораш дууш и йоллуш, ча тІеккхочу. Цо эккхайо газа, кхор ласта а бой, тІехь мел болу стом хьала а боккхий, буу, тІаккха цунах там а хуьлий, хьарча а хьаьрчий, басах чу хахкало и, генаялале цхьана ор чу а южий, хьала а ца ялалуш, и стенна дуьйцу, меттах ца ялалуш юьсу. ГІийлачунна ницкъ бан мегар дац, бича изза хир ду. СаІид Гадуевс язйина тайп-тайпана хІуманаш, ишколехь деша тІаьхьадисинчу ялх шарахь цочул язъян еза, цул тІаьхьа... Массо а хьешана хьалха буьллуш кІолдан бІелиг хилла. Иза цхьамма биъна. «Нана-а! Вай кІалд йин хьуна!» В А-А... Хьа-хьа-хьа. И тайпа дийцарш а яздан деза. Ла-ла-ла-ла. В А-А... И мила вара? Хьаьнга кхойкхуш? В А-А АЬСТАМАР!

— Во-о, хІун боху? ДІавогІу!

Ойланех юкъахваьлла жима кІант цецвелира: хьажахьа, Іаржлуш хилла-кх. Ведар а такхийна, хьаьжкІийн патаргаш дІаса а туьттуш, хьалха дІадахийтина куьг а долуш, цІа долчу агІор вахара иза. ЦІеххьана, ма веха оьху ша, тила-м ца велла техьа аьлла, ойла кхоллаелира цуьнан, хаза-м хир дара хьуна хІара хьаьжкІаш юккъехь тилавелча. Эццахь уьйтІе кханах схьакъастош йиначу керта тІе а кхаьчна, доккха са а даькхина, юха шен ведара тІе охьахиира иза, цІийна тІехьара стоьмийн беш а тергалъеш. Цо хІетахь дуьххьара тидам бира булуш лаьттачу маьркІажан боданехь тІеттІа а теІаш, гІаш а, генаш а лестош, дитташа къайлах вовшашца дагара дуьйцуш хиларан. Иза цецвелира цІеххьана церан маттах а кхетта, хІан-хІа, цунна ца къаьстира дешнаш, цунна иза шен дерриге а аьзнашца, шабаршца цхьаьна, диинна кхеташ бара. Дитташа кху дахаран гуш йоцчу, кІоргачу — седарчий лепачу, Іаржъелла йоьдучу стигланех, хиш кхолладаларх, буц яларх, нахах, малхах, лаьтта буха шайн орамашна туосаделларг а, арахь гІашна гург... — дуьйцура вовшашка.

Цунна чІогІа лиира оцу маьркІажехь лаьттачу диттийн, тІаккха бецийн а, коьллийн а, хийн а дагардийцарх кхета, юха и массарна а довзийта.

Цул тІаьхьа масех бутт баьлча, иза дийцар яздан волавелира къайлах, шийлачу хьешацІа чу а воьдуш, уча стаг воллушехь тетрадь дІа а лачкъош. Цхьана баттахь сов дахделира иза. Цу хенахь Аьстамара дерриг а дора хьалхачул атта а, самукъане а: деша а доьшура, дечиг чу а оьцура, хи тІе а воьдура. «ДІакхайкхайо конкурс... тоьллачу дийцарна... кхоъ совгІат а ду»... — юх-юха а боьшура цо газета тІера хаам.

Буьйсанна дІа а вуьжура яздечу дийцара тІера могІанаш дуьхьал а туьйсуш, Іуьйранна сама а иштта волура. Дуккха а яздеш а Іай, малхе ваьлча, бІаьргаш серлонах дІа ца дулуш вехха лаьттара, эххар уьш дІа а доьлла, гонах бІаьрг тоьхча, цунна хьалхачул а хазахетара кІайчу лайла а яхана тІе хьаннаш евллачу аьрцнаш юккъехь Іуьллу шайн юрт. Амма цул а хаза дара цуьнан ойланийн дахар, кешнашна уллохула а баьлла юьртах болучу некъо голатуххучохь кхуьнга хьоьжу хиндерг.

— ХІей, хьо дуьхьал вист а ма ца хуьлу, — цІеххьана хезира цунна и аз.

Кхуьнга, цецваьлла, хьала а хьоьжуш, лаьттара Хьоза, ши лерг а цІийделла.

— ХІун боху ахь?

— Вало, хахкавала воьду вайша, — гІовгІанашца бераш чухехкалучу гунехьа хьаьжира иза.

— Ца вогІу со.

— Муха ца вогІу? Ас вайшиннан салазан буха аьчган сара а тоьхна хьуна, — салаз аркъал а тоьхна, гІона тІехула пІелг хьаьккхира цо. — ХІахІ?

— ХІан-хІа.

Цо дехха дийхира, шаьшшиъ цхьаьний тІехьий-хьалхий хиъна гу буьххьера чухахкалур ву бохуш, дукха хьалха дуьйна шаьшшиъ ши доттагІ хилар а, гуттар цхьаьна гехь дечиг дан хьуьнха эхар а дагаданийтира. Амма хІара цуьнга ладоьгІуш а вацара, хІара кхечу дахарца вехара шен дийцар тІехь долчу дахарца. Иза эххар а Хьозина шена а тосаделлачух тера дара, цундела иза шен

салаз а такхнийна, кест-кеста вуха а хьожуш, хехкалуш бераш долчу агӀор дӀавахара.

Аьстамар вехха лаьттира цунна тӀаьхьахьоьжуш: чӀогӀа лаьара цуьнца дӀаваха. Амма ништта чӀогӀа бара дагчохь бека мукъам, цо эххар а тола а тоьлла, Аьстамаре букъ а берзабайтира эвла йистера схьахезачу берийн самукъанечу аьзнашна, ша бер хилар а дицдойтуш. ТӀаьхьа, дуккха а тӀаьхьа цунна дагахьбаллам хир бу хӀетахь ша дакъалацаза дисина берийн ловзарш, оцу шарахь, кочара схьа а даьккхина тхов тӀе кхоьссина Ӏад, иттех шо даьлча, кхунна тӀаьхьа а даьлла лелар ду, хӀара воьлча а, ваьлча а ца вуьтуш, кхунна букъах тӀулгаш детташ, кхуо шеца кхийсаза дисина тӀулгаш.

Аьстамар, эвла йисте а ваьлла, дуккха а лийлира шана бухахула охьаоьхучу ахке ла а доьгӀуш, багахь мукъам а беш. Иза цкъа хезначу тайп-тайпанчу эшарийн аьзнех кхоллабелла сатийсамийн, кхетаман кӀоргенехь дехачу кхуьнан хиндолчу дахаран мукъам бара. Малх а, малхехь лепа луо а, ша кӀелахь гӀовгӀа ен хи а, юкъ-юкъахь букар а ситтина, кӀайн бамба а тӀехь лаьтта коьллаш а — дерриге а керла хеташ, ахкаца охьавоьду иза цхьа шира хьера хиллачу кхечира. Бердах дӀадаьккхина хьорса[1] ша ма-хиллара дара хӀинца а, тӀулгаш юккъехь — хьеран бера лаьттина меттиг а. Цуьнга хьоьжуш лаьтташ, дагчохь лекхало мукъам а къарбеш, хаза йолаелира беранах детталучу хин а, цуо хьийзочу шина тӀулган а, цу тӀе етталучу кӀар-кӀаран а, ахьаран цинцаш «шхарт-шхирттанехь» лари чу кхийсар а. Дуьхьал тесира кхакханан куй а тиллина, верриге а хӀуьрах а вуьзина, цунах маж-мекх къеж а делла, гуттар а нахаца тӀе-каре а, бегаше волу хьархо а. Иза хилла хир ву-кх, дӀо цхьана буса, дума боттуш Ӏийнарг, цунах охьаоьхучу даьттана кӀел куьг лоцуш хилла шайтӀано, вукхо цӀий а бина, ластийна бетах тоьхна дума. ТӀекхиънучу шайтӀанаша — «Хьан тоьхна хьуна?» — «Айс-сайна» (ништта яьккхина хьархочо шен цӀе). «Айхь-хьайна тоьхнехь, хьуна кхин тӀе а етта еза».

ХӀинца оцу шайтӀа Ӏехийнчу хьархочо дечган чаданца лари чуьра ахьар хьалаоьцуш санна хета Аьстамарна. ТӀаккха хьера еанчу вира тӀе диллинчу гали чохь хьаьжкӀаш а йолуш зуда а го. Иза дӀо эвла йистехь жоьрахь ехаш ю. Хьархо цуьнца забарш еш ву, вукхо шена уьш кӀордийна боху. ХӀетте а бӀаьргаш делакъежа, цуьнна тов уьш, иза хьера чу йоьду. Хьархочо цуьнга лоха гӀант ло. Ша лари йисте охьалахло. Цушимма дуккха а хабарш дуьйцу...

Бера хьийзочу хин, тӀулга тӀе етталучу кӀар-кӀаран гӀовгӀа лергашкахь а йолуш, детта луо а кегдеш, цӀехьа вогӀура иза. МаьркӀажехь лесташ, гӀашца «шур-шур» дечу диттех а санна, цо оцу хьерах лаьцна а яздийр ду, цигахь хьаьжкӀаш ахьарх а, бӀаьстенан

[1] Хьерана тӀе хи дуьгуш даьккхина харш.



юьхххьехь стерчийн готанашца «Хорша бала, хӀай!» — маьхьарий а детташ, готанаш а охуш, и хьаьжкӀаш дӀаерах а, тӀаккха аьхкенан дехачу деношкахь малхо деттиичу ардаш тӀехь, гаьмнаш детташ, зударша асарш дарх а, шен-шен тӀехьийза йоӀ йолчу баьхкина, лаьтта кегий нах а, садаӀа хьаьрса хьоча кӀел хевшинчу мехкарша эшарш лекхарх а, гурахь ялта чудерзорах а, хьаьжкӀаш тилош белхеш барх а, юха а эшарш а лоькхуш, тӀаккха тӀе гӀожмаш а етташ, хӀуара яьхна уьш куьркашкахь кхорзуш яьллачу хьожанах а — дерригенах а яздийр ду.

Ойланашна кӀаргвеллачу Аьстамарна ца хаалора эткийн бертигаш буьххьехула чукхийссало ло, иза цу чохь дешара, ког мосазза боккху гӀовгӀа а еш.

ЦӀа кхаьчча, сихха мачаш охьа а кхиссина, тӀедачу пазаташца учахь лараш а юьтуш, ша къайлах дийцар яздечу хьешацӀена тӀехьаьдира иза — дукха ӀаьӀнера цуьнан яздан. Амма неӀ схьа ма йилли, чоьхьа ког ца боккхуш, латта висира, халахетаро, нэхьо, оьгӀазалло лаг лецира цуьнан. Ва-а дела! Кхуьнан тептар, стоьла тӀе теснчу шаршу бухара схьа а эцна, доьшуш вара Ашми. ХӀара цуьнга хьежа хӀоьттира, бӀаьргаш чохь хиш а ӀаьӀна, ткъа иза тӀедачу пазаташка хьоьжура.

— Вало, пазаташ хийца. Цомгаш хир ву хьо, — ша воккхаха хиларе терра элира цо.

Ткъа хӀара, кхин са а ца тохаделла, тӀекхийтира шен тептарна:

— Стенна доьшу ахь?

— Ахь хӀун до? Ахь хӀун до? — цецвелира Ашми.

Аьстамар, тептар а карахь, пенехьа а вирзина, велха хӀоьттира, вега а веш.

— Ахь хӀун до? Ас цхьаьнга а эр дац хьуна. Кху шелчохь стенна яздо ахь? Со волчохь язде. Ас мелхо а гӀо дийр ду хьуна тӀера схьаяздеш. Ма велха. Конкурсе яхьийта гӀерташ вац хьо? — воьхна Аьстамар эххар а дӀатийра: кхуо лелорг билггала цхьаъ хилла-кх, Ашмина а и дика хетча.

ХӀетахь дуьйна кху шиннан а къайле хилира и дийцар. Ашмис хӀора Ӏуьйранна хоттура, яздина ваьллий хьо олий.

— Кхана вер ву со.

КӀиранах дахделира и «кхана». Оцу юкъана Ашмис, дечиг даьккхина ца Ӏаш, и чу а оьцура, хитӀа а шинна а хьалхара воьдура. Суьйранна шаьшиннан а мачаш чу а оьций, йила а юьлий, пеша буха, якъаялийта, дӀа а хӀиттайора.

Аьстамарна эхь хетара Ашмис и деш, амма вукхо хӀара юххе а ца воуьйтура, хьайн дийцар язде олий, тӀаккха кхуо ойла йора, цкъа мацца а шен книга араяьлчахьана кхуо а дийр ду-кх цунна дуккха а диканиг, хӀетталц хӀумма а дац.

ТӀаьхьа дӀавуьжура, хьала сатоссуш гӀоттура, алсамдовлура могӀанаш, эххар а кийча дара нишколан дешархойх, уьш Ӏуьйранна малх схьа а кхетале, эвла йистерчу колхозан майдана хьаьжкӀаш-

на асар дан бахарх, кхечу тобанца уьш къийсабаларх, делкъана, Iинца евллачу коьллаш буха а хевшина, сийна хохаш а, жен нехча а, хьокхамаш а, даьтта а, жижиган цастарш а — дахарехь наггахь а ца нислахь а, дийцарехь шена езарг кхоа ца йинера цо — юккъе а дехкина, цара хIума яарх а, гурахь хьаьжкIаш чуерзийча, къовсамехь тоьлла хилар билгал а даьлла, царна цIен Байракх яларх а лаьцна дийцар.

Ашми и цIенчу тетрада тIе схьаяздан хиира, амма вала масех могIа бисиичу хенахь шекъанан тIадам а боьжна, юха а схьаяздира цо, меллаша, цхьацца элп а дуьллуш.

Буьйсанна дIавуъжуш, пенах тоьхначу басми тIерачу зезагашка а хьоьжуш, ойланаш еш Iуьллучу Аьстамарах пхьарс Iоьттира Ашмис.

— ХIун боху ахь?

— Ахьа айххьа схьаяздан деза иза.

— Стенна?

— Хьан йоза сайчух къаьсташ ду.

— Хилча хIун ду?

— Хилча цара и ахьа ца яздина эр ду-кх.

— ХIумма а дац. Ас айса хьоьга схьаяздайтина эр ду. Уьш тешар бу сох.

Ашми кхин вист а ца хуьлуш дIатийра...

ТIаккха, лайн Iовраш а уьдуш, довха де деара: дийцар яздеш, муха долу а ца хууш, дIадаьллера Iа, кхин хьем бан йиш а яцара, масех де даьлча дIакъовлуш яра конкурс. Ашмий, изий вахара кIоштан коьртачу шахьаре.

Цига дIа а кхаьчна, урамехула охьаволавелча, дицделира новкъахь, автобус а хьаьхна, лайна Iазап, иза хIумма а дацара хIинца чекхвала везачу киртиге хьаьжча.

Ашми редакци чохь йолчу цIийнан керта уллохь сецира, хIара чоьхьа а валийтина. НеIара тIе а кхаьчна, вухахьаьжча, цо куьг лестадора саца а ца соцуш, чу гIуо бохуш, хIетте а хIара дикка лаьттира и ца деш. Эххар а хьацаран хIорд а хилла, дIайиллира цо неI.

Иштта воьхна хьовззал доккха хIума а ца хиллера чохь: стоьла хьалха хиъна Iаш цхьа стаг вара, хIара чу ваьлча а, кхуо де дика дича а, кхин вист а ца хуьлуш, цхьа кехаташ доьшуш, тIаьххьар а уьш дешна а ваьлла:

— ХIун бохура ахьа? — элира цо, ира сийна ши бIаьрг кхунна тIе а бугIуш.

ТIаккха вела а къежна:

— Хьо ву и, со-м чувеънарг тхайн цхьа белхало ву бохуш Iара. Схьа сехьа вала. Марша вогIийла, — дуьхьал а веана, куьг лецира цо.

ТIаккха кхуо схьакхийдадо тетрадь схьа а эца, «ахIа» аьлла, деша хIоьттира иза. Ваьлча, доккха садаккха а ца ваьхьаш лаьттачу кхуьнга: «Кхуззахь цIоьмалг хIунда хIоттийна ахь? Ткъа кхузахь — тире? Да хIун болх беш ву хьан? Ткъа ваша? ХIара къовларш стенна ехкина?» — бохуш, хаттарш дира. Кхуо дегочу озаца жоьпаш делира, шега уьш даларан бахьанех а ца кхеташ, масех де даьлча ойла кхиира цуьнан: дийцар кхуо яздиний хьожуш хиллера.

Цу чуьра ара а ваьлла, хилларг Ашмига дIадуьйцуш а, цуьнан бIаьргаш хазахетаро къагош гуш а, тIаккха и кхнам базбеш, цхьана сийна басар хьаькхначу горгачу гIишло чу а вахана, мерзачу хица коржикаш юуш а, автобусца — цхьадика иза хьаха езаш хилар а дицделла цIа вогIуш а, тIаккха дерриге а Ашмиссий, шай, кънйса а луш, цIерачаьрга дIадуьйцуш а, уьш массо а, жима Анас цхьаьна, баккхийбеш а, цул тIаьхьа ниссса цхьайтта дийнахь верриг а сатийсам а хилла лелаш а, цунна шен дагчохь лекхалуш хIинццалц бевзина боцу мукъам хаалора, цуьнца цхьаьна: «Муха хир ду техьа и де?» — боху хаттар а дехара.

Ткъа и декхна малх кхетта де хилира. Боккха тIоьрмиг коча а оьллина, ишколан керта веъна почтальон газеташ дIадекъа хIоьттира. Катоьхна районан газет схьадаржийча, кхоалгIачу агIон тIехь шен цIе а гина, ша волччохь латта висира Аьстамар. ТIаккха меллаша когаш тIе охьа а лахвелла, махе дада ца дайта, газет шина куьйга дIа а лаьцна, дийцаран хIора элп тергалдеш дуккха а Iийра иза, шена гонаха тIегулделла бераш а, юха горгали а бекна уьш уроке чудоьлхуш а ца хаалуш. Цхьа хан яьлча, хазахетарх мукъадовла дуьйладеллачу лергашка кхечира чIегIардигийн — уьш токан сереш тIе хиъна Iара — къамел, тIаккха, газетал сов кхин хIума а гуш, самаделира бIаьрса а. Оцу цхьана юкъана дуьненна къага кхин а сирла басарш карийнера: стигланна — сирла сийнаниг, лаьттана — сирла баьццарниг.

Газет кара а лаьцна, кхин уроке чу ца воьдуш схьавогIу иза юьртсоветан уьйтIе чулоцуш йинчу керта уллохь сацавелира, шен ден Гунашан аз а хезна:

— Доккха хIума ду-кх цу кIантана оццул дукха дешнаш вовшахтаса хаар.

— Ас а яздийр дара Хьозина, сайна хаахьара, — иза Хьозин ден Тазабин аз дара.

— Ахь хIун дуьйцу, Тазаби, суна мичара хаьа хIара яздан, — чIоггIа велавелира да.

Цуьнан озехь шех долу дозалла а хааделира Аьстамарна, тIаккха болар кхин а дайделла, лаьттах ког а ца хьакхалуш, некъ бан велира иза, вовшашна тIеттIа теIачу дитташа а, чIегIардигаша а, бIаьстенан йовхонах денлучу сагалматаша а — нах-м бийца а ца оьшура: царах шеко а яцара — шен дийцарх лаьцна къамелаш до а моьттуш. Иштта воьдуш цкъа мацах цIенош хиллачу майданахь шен портфель буха а йиллина, корта а оллийна Iачу ЦIойна тIекхаьчча: «Кхузахь довлучу баьIашна сагатдеш ву», — ойла хили-

ра цуьнан. Царна хIинца а хьалхе дара, стохкалерачийн яраш-м лаьттара якъа а елла, амма наггахь бен баI бацара, ЦIойс дIаяханчу гуррахьехь схьадаьхнера берашна детта, ткъа цара: «БаьIаш», «ЦIойн кIаг — хьан кIесара кIаг» («ЦIой кIаг» эвла йистерчу цхьана меттиган цIе яра) бохуш маьхьарий хьоькхура, ткъа хIокхо царах цхьа а ваьлча а, воьлча а ца вуьтуш гатте хьовзавора.

— Хьо хIун деш ву?

— Хинъа Iаш.

— ТIедеваллий хьажа веана хьо?

— Хьан хIун бала бу? — ластийна стохкалера баI туьйхира цо кхунна коьртах, тIаккха боккха мотт а боккхуш.

— И хIунда леладо ахь?

БаI кхосса шолгIа а ирхдахийтина куьг меллаша охьахийцира ЦIойс, кхуьнан бIаьргаш чохь шех баккъал а доглазар а гина, цунах там хилла, къажа а къежна, йовхонах хьоьгуш бIаьстенан шийла буьйса текхна жIаьлин кIеза Iуьйранна схьакхетачу малха кIелахь санна, ша волччохь дIасакерчира иза.

— Ткъа хIун дан деза?

— Иштта лела веза-кх, со санна.

— Мегар дуй ткъа?

— Дера мегар ду. Схьавало.

— Ткъа буьйсанна хIун дийр ду?

— Буьйсанна а лелар ву-кх беттасин, и ца хилахь, седарчийн серлонехула. Къамелаш а дуьйцуш. Йочана хилча ,чохь Iен а мегар ду, пеша юххе а хиъна, киншкаш а йоьшуш.

ЦIойца волавелла юьрта йистехула лелаш, дуьненахь мел долу сирла хIуманаш цунна дуьйцуш а, — хIара чIогIа комаьрша а ваьллера хIетахь, шега далун дика массарана а — зингатна тIера стигларчу седарчашна тIекхаччалц — дан кийча волуш, амма я зингатана а, я седарчашна а кхуьнан и дегашорто оьшучух тера-м дацара — кхуьнан берриге а синкхетам дIалаьцна бара дагчохь лекхалучу мукъамо, суьйранна ЦIойна еша тIехь дуккха а суьрташ долу книга а елла, цIа а веана пхьуьйре хиъча а, метта охьавижча а, дIа ца тийра иза, наб кхетча гIелбелира, амма буьйса юкъал тIехъяьллачул тIаьхьа цо, цIеххьана чIагIбелла, сама а ваьккхина, аравелира иза. Арахь, беттаса, дIа а дуьзна, Iаьржа буьйса яра, темийн, марзонийн хьаьсартахь етталуш. ТIаккха цунна гира и з а, боданехь Iора юьйлу, гутIехь лаьттачу хьаьрсачу хьочан кIайчу зазанийн ерзина хазалла, цунна тIера бIаьрг дIа ца баккхалуш, сатаса герга а дахана кхуззахь, эццахь, дIогахь — юьртан массо а маьIIехь нIаьнеш кхайкха йоллалц лаьттира. ТIаккха чу а вахана, къолам, кехат а эцна, и хазалла йозанехь йийца гIерташ къахьийгира, дешнаш цхьана мукъаме дахкаделча, воккха а веш, «доккха хIума ду-кх: аьзнашца а кхолла йиш хилла-кх боданехь къеста кIайн заза даьккхина хьач», — бохуш цец а вуьйлуш.



ТIаккха ишкол чекх а яьккхина, кху гIала схьаваллалц иштта, хьаьрса хьочах санна, тIулг а хадийна малхе даьллачу шовданах а, буьйдачу ижунах чам бохуш стиглахула дIадоьдучу аьрзунаха, нахана кера ца баха бердах иккхинчу сех а, басах чухахкабелла тIулг адамна тIе а божийта шен букъа тIехь сацийнчу синтарх а, шаьш лаьттах иэле, цкъа мукъане а берийн аьзнаш хазаре я пеша тIехь кхехка яй тIехбаре сатеснач десачу цIенойх а, «гунаш дохуш ма лела, цхьа лам баккха», — бохучу ден хьехарх а, ахка йистехь Iохкучу гIайракхан тIулгех а яздеш дIанхира шераш, хIораннан а, вовшех схьакъастош, ша-тайпа мукъам а болуш. Хьалха дагахь лаьттара уьш, царах муьлхха а — луъург — дагабанийтича, дийнна шо бIаьргаш хьалха хIуттура, шен кег-мерсачу билгалонашца, бIаьстенца, аьхка рагIу кIелахь йогучу цIарца, гурахь мажъеллачу хьайбанийн хьожанашца, Iай ло догIуш дахделча, цкъа а малх кхетар а буй техьа, Iаржъелла лаьттачу хьуьно баьццара бос а оьцур буй техьа, бохучу ойланашца. Мукъамаш дIаязбан хаа а ца хаьара, ткъа хIинца уьш берриш а бицбина гIалин гIовгIано...

Дуккха а хан елира Аьстамар аьчган некъана уллохь, дитташ бухахь хиъна Iаш. Иза иштта кхин а Iийр вара, цIерпоштан цIогIано ойланех юкъах ца ваьккхинехьара.

ЦIогIанца цхьаьна кхийтира юьхьа тIе нуьцкъала серло а. БIаьргаш дIа а къевлина, юха схьадиллича, оцу серлонехула тIевогIу ши милцо гича, ша цхьа зулам дича санна, вуьйхира иза.

ЦIерпоштан гIовгIа гена яьлча, шерра къаьстира юххе кхаьчна догIу когийн татанаш. И шиъ, тIе а веана, геннахь урамехь лаьттачу панаран серло къайла а йоккхуш дIахIоьттинчул тIаьхьа, хIорш вовшашка хьоьжуш гIеххьа Iийра.

— Хьо хIун деш ву? — цIеххьана вистхилира цхьаъ.

— ХIумма а.

— Ткъа стенна Iа хьо?

— Иштта, садоIуш.

— СадаIа леррина гIанташ ма ду дина, некъан йистошца а, скверашкахь а, Кирови цIарахчу паркехь а.

— Суна цигахь ца лаьа.

— Стенна?

— Кхузахь юьртахь санна ду.

— А-а, юрт дагаеана хьуна, — къамеле велира хIинццалц вист ца хуьлуш лаьттинарг. — Хьуна юьртахь санна, миччахьа охьахийша мегар ду моьтту. Мегар дац! Оцу гIуллакхана леррина ехина юкъара хьаштагIаш ю. Нагахь ахь и динехь — хулиганство! Штраф! Я пхийтта де-буьйса.

Киснара жима панар хьала а яьккхина, дитташ кIелхула серлонан аса кхарстийра цо.

— АхӀа, карий! — хьаьдда цхьана дитта буха вахара иза. — ХӀа-а, хӀара хӀинцца бина болх бац — шира бу.

Хьала а гӀаьттина, меллаша волавелла, аьчган некъ а хадош, дехьа а ваьлла, дикка генара вухахьаьжча а, дитташ кӀелхула хьийзара панаран серло — милцочо кхуьнан зуламан билггала йолу лараш лоьхура хӀинца а.

Юха а цӀерпошто тоьхначу цӀогӀано къарйира кхийолу гӀалин гӀовгӀанаш, нуьцкъалчу серлоно юха а къагийра гонахара меттиг. ЦӀерпоштан татанаш гена довллалц а лаьттина, нах кӀезга лелачу урамашкахула а вуьйлуш, «ЦӀогӀа тухуш дӀаяха цӀерпошта, хийла вагон тӀаьхьа текхаеш, чкъургийн тата лаьтта, тигац дожа. Стиглахь дека, доьлху хорам беш» бохуш, юкъараӀойла йолчу вахара.

ДӀакхаьчча, вахтер сама ца йолуш, ехха неӀ етташ лаьтташ кхунна ша хийра хийтира дерриге а дуьненна, хӀара юкъараӀойла санна кхунна неӀарш чӀаьгӀна лаьтта иза, шен аьттонаш бовзийта сих а ца луш. Иштта ша юьстара хетта хир ю-кх цу йоӀана, Маремана, тийна-таьӀна амал, гӀийла елакъажар долчу, массо а тхов кӀела хьаьдда воьдуш, юкъараӀойлера ара а яьлла чӀогӀа даьллачу догӀанехула леллачу, коьртахь йовлакх ца лелош хиллачу йоӀана.

ХӀун нисди цо кху дуьненара дӀаяхарца? Мелхо а эшам бин шена а, дерриге а дуьненна а. Иза къийдели цуьнан тийна-таьӀначу къажарна, голехь ност а ца саттош, хенашкара дӀа ког боккхуш боларна, дахарх хьаьгначу дегӀана...

И мухха делахь а, хӀара вер вац цу аьчган новкъа, хьераяьлла йогӀучу цӀерпоштана дуьхьал, кхуо къарбийр бу дуьнен чу вогӀуш кхуо шеца схьабеъна лазам, кхерам — стенах? хӀунда? — хӀара дӀавола хьожур кху дуьненах, нэшор ду ийзавалар, дӀалур ю шен дагчохь ӀаьӀна дикаллин шовкъ адамашна, хӀуъу хилахь а кхочуш дийр ду дагалаьцнарг, кхуо юха а кхуллур ву ша — и з а, кхуо кхоьллинарг, массо хӀума лан а, мел хала некъ бан а доьналла, миччахь а, мел дукха а адам гулдаларх дан къамел а долуш хир ву: лаьтта тӀехь вехаш шена гинчух а, шен цӀийца бехачу, шена дахар довза эзарнаш шераш хьалха лаьттахь хиллачийн хаамех а ш е н к е р л а д у ь н е кхуллур ду цо, адамаш мел деха цаьрца иза дахийта, оцу сирлачу, леккачу цуьнга а хьоьжуш нахе шайн дегнаш цӀандайта.

ХӀан-хӀа, хӀара вуьсур вац дуьненна къевлинчу неӀаршна хьалха, кхуо уьш схьайоьллур ю.

Шен ма-хуьллу чӀогӀа неӀ туьйхира цо, вахтер хьовха, юкъараӀойлехь мел Ӏийраш а самабевлира цунах, уьш стенна буьйцу уллорчу цӀеношкара пах а, хьала а лелхаш, стогарш а летош, кораш а доьллуш, арахьийса хӀиттира.

— Даьдиса хьо берзан! — элира царах цхьамма.

— ХӀаъ, борз ю со!

— Борз-м яра хьо, меллаша лела ца мега хьо?

— Ца мега. Со хӀинццалц лелла меллаша. Шу жимма сема хила ца мега? Ткъа арахь Ӏа хилча? Иштта Ӏахка дохку шу? Ткъа арахь догӀа хилча, буьрса догӀа, цкъа а саца а ца соцуш? Иштта, неӀарш дӀа а къевлина, шайн мокхачу цӀенош чохь Ӏен дохку шу, шайн догӀмийн темаш а ловш, арахь висначунна хи гоьллец, гӀодаюккъелц, логгелц... — хӀей, чувита и цхьамма! — верриге а хьул а войтуш?!

— Цо хӀун юьйцу?

— Буьйса юкъа яхначул тӀаьхьа хуьлу концерт.

— Хьо хьераваьлла? ХӀахӀ? — эга а еш, кхуьнан бӀаьра хьоьжура неӀ схьайиллина лаьтта йоккха стаг.

— Ца ваьлла, волучу зила тӀе дӀа-м кхаьчна. Делахь а хьо кхера ма кхера, тетя Варя, со оцу зилал тӀехвер вац хьуна, нийсса цунна тӀехула дӀагӀур ву, дӀаса а ца таьӀаш, суртан тӀай тӀехула санна.

Иза а аьлла, кхин юха ца хьожуш шен кхоалгӀачу гӀате хьалавелира Аьстамар.

ДогӀа хьовзийна неӀ схьа а йиллина, чоьхьа ваьлча, стогар ца латош, маьнги тӀе агӀор а ваьлла, корах чу етталучу серлонехь къеста пена тӀехь диллина сурт тергалдира цо. Уггар а сиха дин болчу (я уггар а нийса топ тухучу, я уггар тешаме хӀусамнана йолчу) кӀанта кад мала, нагахь и мала а мелла, оцу хьуьнарна эшахь, корта боккхур бу а, ткъа толахь ша йоӀ лур ю а боху дас аьлла, таркхойн шовхалан йоӀ тӀееъча, шул со тоьлур ву аьлла-м дацара сан, делахь а кӀенташна йолчу маршонна дӀамолу-кх ша хӀара кад аьлла, Зайтан Шихмирзас йоӀера кад схьаоьцу хан а ю пена тӀехь сецнарг.

Иштта хьоьжу-у-уш, Аьстамарна дийна волуш санна хаавелира Зайтан Шихмирза, хааелира цуьнга йоьссина яхь, цуьнан иицкъ, майралла. Гуьржехара, ЖӀаймахкара, Эрмалойчуьра, кхечахьара бу аьлла кӀентий гулбеллачу оцу ловзаргахь Зайтан Шихмирзас дийнарг кхуо а дийр дара, ца дан йиш а яцара, кхуо цигахь лардийриг шен цхьаннан сий хилла ма ца Ӏа, дерриге а халкъан сий ду, иштачохь ша кхоийна Ӏен йиш яц цхьаннан а, толахь тулур, ца толахь—оьшур, хӀумма а дац, коьртаниг далург дар ду, и ю я х ь.

Шихмирзин сурт лоьхуш Шамсас дуккха а къахьийгира, нохчийн маттахь еша а, иллеш а Ӏамош, дечиг-пондар а эцна, иза лоьхуш, трамвай чохь а тӀаьхьа (тишъелла джинсаш а, малхо ягийна коч а юьйхина, трамвайн сонехь а хиъна Ӏа хӀара гича, нах цецбуьйлура, цхьаболчара галваьлла ву бохуш, лерга улло пӀелг хьийзабора, вуьйш гӀадъоьхуш буьйлура, кхуьнгахьа кортош а туьйсуш, амма кхуо, церан тидам а ца беш, шен пондар лоьхура), тӀаккха дуккхаза а цу турпалхочун вастан бустамаш дохуш, уьш ца магош, керла суьрташ дохкуш кехата тӀе а, пена тӀе а, тӀаьхьа аьхке йоьлча, тӀекхаьч-кхаьчначу ярташкахь буьйсанаш йохуш,

лекхачу лаьмнашкахула волавелла а лелла цIа веъча, сихха чекхдаьккхира сурт.

Ткъа кад а бохьуш тIейогIучу йоьIан сурт дика ца нисделча санна хета шена Аьстамара аьлча, Шамсас и иштта дика хила йиш а яцара, элира, хIунда аьлча и Зайтан Шихмирзин сурт кхуллуш, ша халкъан оьзданаллин тIера дIакхевдира, ткъа и йоI юьллуш, хIокху юкъараIойлера шена уггаре а хазахетарг чу а ялийна (дагадогIий хьуна, хьо кхаа дийнахь мангал хьакха юьрта вахана?—хIетахь дара иза), цуьнга тIера хIуманаш дIа а яхийтина, цуьнан дегIан хIора сиз пена тIе даккха гIерташ ваьллира ша, амма гIуллакх ца хуьлура, цуьнан бахьана оцу йоIа шена тIера ерриге а хIума дIа цаяккхар хийтира шена, цундела, дуьйцура Шамсас, ша цхьана дийнахь чIогIа хьовзийра иза, нагахь ахь и басмин бехчалг дIа ца яккхахь, дерриге а дуьненчуьрчу искусствона зен хуьлу бохуш, эххар а искусство кIелхьара яккха резахилира иза, тIаккха — хьа-хьа-хьа — ламаройн цIий ца Iийра-кх...

Маьнги тIехь Iуьллучу Аьстамарна ша волчу чуоьхуш «Алу» литцхьаьнакхетараллин декъашхой туосабелира. «хIара гIенах ду со я хьераволуш ву?» — хьалагIатта гIоьртича, ца гIаттавелира, цхьа еза хIума тIейиллича санна, хьаьшна дара дегI, юха тохавелча а, когаш тIе хьаланисвала ницкъ ца кхаьчча, резинкех йолуш санна сетташ, тIера наьрсах тера буткъа-беха корта массо а агIор дIасахьийзон юткъа еха ворта йолчо, шен куьзганашна тIехьара къорза бIаьргаш кхуьна тIекъарзийра, гажа а гежаш... Вевзира иза: институтехь жигаралла лакхара хиларца гIараваьлла Макшерип, хIинца мотт оьхьура цо. ХIара кхечаьрга хьежа хIоьттира. Царах цхьаъ цIарула цIий а велла, куьйгаш лестош велира. Цо хIун дуьйцу? ЦIеххьана хаза дуьйладелира аьзнаш — иза стихаш йоьшуш вара:

ЦIен зезаг даьлла гарманан арахь,
И зезаг ду хьох тера.
Ас деъна и, хьан дахар кхала,
ДIаэца, кхера ма кхера.

«ХIан, дIалаца шайна!» — бохуш санна, охьа а хиъна массаьрга а хьожуш чекхвелира стихаш ешнарг. Цхьа а вист ца хуьлура.

— Алал шайна хетарг.

Эххар а цхьаъ дIаволавелира:

— Рифма а ю, ритмика а ларйина, делахь а цхьа атта язйина ю-кх иза. Ца тоьа-кх кхузахь кIоргалла. А-а, философски чолхалла, ала дашна, — дешнех паргIат котаман бун («Стенна? И хьанна оьшу?») йотта волавелира Iалаш.

— Ахь хIун дей, накъост? И чалхаш суна ма текхаелахь, — поэтана, дукха оьгIазвахарна, тIулган экъа санна, шера хиллачу мера кIелахь даккхий хьаьрса мекхаш девлира.



ХIокхо цец а ваьлла, халла балдаш а хьедеш:

— Хьо мила ву? — элира.

— ГIайракхсолта! Кхин юккъе ма кхоссалолахь! — тIечевхира важа.

Юха Iалашна тIе а вирзина, оьгIазе:

— Ахь Iамо ма виса-кх стаг! Ма миска хила а веза-кх иза! Суна дахар Iаьржа а гина, кIайн а гина, сийна а гина, можа а гина, цIен а гина! — бохуш мохь хьийкхира цо.

— Къоламаш, — элира Iалаша, шен синтем а ца бохош.

— ХIу-ун? — тIе цIийдина морза доьттича санна хьаланкккхира важа.

— Къоламаш ду боху ас хьуна гинарш, дахар а доцуш.

Стихаш ешнарг дукха оьгIазвахарна, кIай а велла, гIаттийнчохь бага а юьсуш, цхьана юкъана вагIа висира.

Цуьнан бага юха а болх бан йолаялале аьлла, дехьа маьIIехь, сара кхаьллича санна, гуттар а вогIа а велла Iачу Исраила:

— ХIаа, — элира.

— ХIун хIаа? — цуьнгахьа вирзира ГIайракхсолта.

— ХIаа. Дагна там беш а, шен мукъамца лерг хьостуш а, гарехь бIаьрг хьостуш а ю. Уггаре а тоьлла меттиг: «ЦIен зезаг даьлла гарманан арахь». Кхузахь гуш ю барта кхоллараллийца йолу зIе.

ГIайракхсолта, цунах ца кхеташ, шен гIаьттина бага ваьштаяхийта а дицделла Iара. Юьстахо Iачу Макшерипа, бIаьрнегIар тухучу юкъана кехатах дан а дина, «кемалг» хийцира. ГIайракхсолтас дукха тIаьхьа къевлира шен бага тIе — «кемалг» цуьнан къамкъарган боданехь къайлаиккхира.

Шена хилларг а ца хууш, корта дIасахьийзочу ГIайракхсолтех вела а воьлуш, Макшерипа дуткъачу, мера чухула даьккхинчу озаца элира:

— И цIен зезаг Германан арахь ца далийтича ца мега ахь? Вайн махкахь а ма ю шортта аренаш. Я ахьа юьйцург ГДР ю?

Цхьана юкъана чохь мел верг а дIатийра, вахьийча санна.

— Ала дашан... кхузахь... — цхьаъ ала гIертара Iалаш, амма билдакхаш етталуш, дешнаш вовшах ца тасалора. — Ала дашан...

— Хьо хIун ала гIерта? Хьан харцфилософин гIурт оьшуш дац хьуна т х о, — иштта аларца Макшерипа шена тIехьа лаьтташ дуккха а (адамаш я йилбазаш?) хилар хаийтира.

— Со-м вац... — Iалаш, хебна, зу а хилла, стоьла кIел вахара.

— Вацахь, IадIе! — Макшерипан корта бахбелла, ши бIаьрг хIоьттинера. — Хьан: «Дахар хIумма а яц» боху харцфилософин алар дицделла дац хьуна т х о!

— Ас ца аьлла, ас ца аьлла. Ас мелхо а иштта боху: «Декъала хуьлда дахар! Вайн керла зама дIахIотторхо цкъа а лийр а вац!» — стоьла кIелхьара схьа мохь беттара Iалаша.

И дIатийча, ирххьийзина хилла мекхаш чунехьа дирзинчу ГIайракхсолтас элира:

— Ас юьйцург Герман яц, Гарманан аре ю...

Юьхь-дуьхьал а хIоьттина, цхьаьнца, шинца, кхаанца а буйтIара ян кийча а, ламчохь чена, я кIомсарш ирххьийзинчу нелан тIеIоттавелча бIаьрнегIар ца тоххал майра а волу ГIайракхсолта а озавалийти-кх Макшерипан хабаро, къа ду-кх цуьнан, — ойла хилира Аьстамаран, амма хIара вистхила ца кхуьуьйтуш, Макшерипа шениг дуьйцура:

— Гарман бохург шун ламаройн маттахь, аьлча а диалектехь Германи бохург ду. ХIетахь, тIом болчу хенахь а, немцоша десантникаш...

— Дац! И хIун ю ахь юьйцург?! — цIеххьана мохь хьаькхира ши сахьт хьалха охьа ма хаъара, дегI ца саттош, вогIавелла Iачу Исраила. — Хьо хIун йийца гIерта? Ас тIом бийр бу хьуна!

Цкъа шен оьгIазе ангалин бIаьргаш Исраилна тIе а доьгIна, делахь а вукхуьнан хьажарехь кхераман Iаьциг а ца гина, мал а велла, резинкин ворта сеттон велира Макшерип.

— Гарманан аре — иза фольклорера кхетам бу. КIорге ду цуьнан маIьна...

— Дика ду. Дика ду. Кхета со... — Макшерипан къежна бат лергел а тIехъяьлла, тIехьа туьтана тIехь вовшахкхетташ йоллура.

— Шу кхераме нах ду, — макхъеллачу ГIайракхсолтин юьхьа тIера мекхаш тIапъаьлла дайнера. — Со-м аша суо телевизор чохь стихаш еша вуьгур ву аьлла веанера. Иза аьттехьа а ца хилла. Аса ког боккхур бац шуна кхин кхуза. Юха а суо цIера ваккхийта...

Стихотворени этIа а йина, лаьтта охьа а кхоьссина, аратаьIира ГIайракхсолта, чохь теснячу палса тIехь лам чуьра охьабеъначу хаттан лараш а юьтуш. Коридора чохь, чIогIа йовхарша а хьовзийна, сацавелира иза, дуккха а веттавелча Макшерипан «кемалг» хьала а Iеттийна, паргIат а ваьлла, махал хьалха а вуьйлуш, лаьмнашкахьа дIатаьIира.

Ехха тийналла хIоьттира, и мел лаьтта дара Макшерипан юьхьа тIехь къажар а, тIаккха, цхьаннан таьIна-паргIат Iенначу аьзнаша чоь юза йолийча, хуьл-хуьлуш, хье юккъехь буй санна боккха шад а хилла, сецира иза.

Цхьаъ шен произведени йоьшуш вара. Иза ган чухула дIасахьажа гIертарх гIуллакх ца хилира Аьстамаран: бIаьрнегIарш хьала ца айаделира — оцо юха а ойлаяйтира: хIара боккъал доцуш, гIенах ду техьа, я кхуьнан садукъаме хиларе хьаьжча, шайтIанийн болх хила а тарло.

Ткъа аьзнаша дуьйцура дуьххьара беран дуьне довзарх, и цунах цецдийларх, тIаккха безамо воккхавевеш леларх, бIаьстенан юьххьехь ламанан басахь Iуьллу жима юрт тIуьначу дахкаро хьулъярх, юха делкъал тIаьхье яьлча, дохк-марха дIа а яхана, къегина малх гучубалар, и дерриге а шен ойланехь дехаш лелачу стагах (цул а сов цунна дагахь ду: гIалин тийначу, йогуш цхьа панар цахиларна, Iаьржачу урамехула схьавогIуш шен сахьовзар а, иштта хуьлу хир ду-кх каш чохь аьлла, ойла а кхолладуш, тIаккха геннара схьа машенан серло кхетча, мелла а паргIато хааялар а, жимчохь лаьтто берзана когаш а багош, де доходелча, ведда хьуьнха а вахана, цхьана уьшала йисттехь баьллачу Iожа тIе а ваьлла, цIенмуьста Iежаш даар а, цу юккъехула кхоьлина стигала а, сквер а, гIантахь хиъна Iа къона зудий, стаг а...).

Эххар а дIасевцира дешнаш, массо, ца кхеташ, вовшашка хьоьжура, цхьа сонехь Iачу жимчу зудчун (Аьстамарна евзира иза: дозанал арахьара литература хьоьху Резеда — и муха кхаьчна кху чу?) бIаьргаш дара хазахетарх къегина.

— Сюжет а яц, я фабула а, юкъа-кара исбаьхьа-м ю, дог хьостуш ду цхьадолу суьрташ, — элира Исраила цхьа хан яьлча.

— Сан Iалашо ма яцара билггала болу цхьа хилам бийцар. Стеган дог-ойла гайтар яра иза. Ткъа стеган ойланаш еккъа цхьана хIуманах лоций ца хуьлу, уьш масех тIегIанехь хуьлу, хьалхара тIегIа шолгIачух нэло, шолгIаниг — кхоалгIачух, и. дI. кх. а.

— Авангардизм! Реализмана хьанал цависар, — кхиэл кхайкхош санна, чIогIа элира Iалаша, муха хета хьуна аьлла, хьастаме Макшерипе а хьожуш. Вукхуьнан юьхь-м ойлане-оьгIазе яра, делахь а балдаш кхачалуччохь гIийлла, халла хаалуш велакъажаран цIе летира, юха сихха дIа а йовш. ХIинца хьуна реза ву ша, делахь а хьалха ахь аьлларг дицделла Iаш а вац, бохург дара иза, цунделла дуккха а — велла дIаваллалц—къахьега дезар ду кхоччуш иза дицдайта, тIаккха г е ч а д а й т а. Iалаш оццул дегайовхо шена йитарх а воккхавеш, самукъадаьлла, захало хьахийна, йоIстаг санна, лаьтта бIаьра вогIавелира.

Макшерипа хечин киснара хьалаяьккхинчу цхьана жимачу книжки тIера дийшира:

— «Авангардизм — буржуазни искусствон цхьа тача». Кхеташ ду делахь-м!

Книжка ша хиллачу дIа а йиллина, цхьа можа мужалт йолчу тептар тIехь ирх-пурх йозанаш дан велира иза, кехата тIе хьоькхучу къоламан татанаш бен хезаш хIума доцуш хIоьттинчу тийналлехь.

— Аш хIун дуьйцу? Цо дешначу дийцаран мукъам ца хезира шуна, тайп-тайпана басарш, синхаамаш, аьзнаш, цуьнца цхьаьна и дерриге а шен цхьана гура далош — авторан маьIна. Иза дика дийцар ду. Авторна шена а ца хаьа и хIун ю. Иштта, тайп-тайпана ойланаш кегош, кхуллучу йозанан хотIах «Синкхетаман Iовраш» олу. И стиль хIара бIешо долалучу муьрехь дуьххьара юкъаяьккхина цхьана ирландхочо... — шовкъе яханчу Резедан юьхь а, лаг а цIийделлера. Чохьберш цо дуьйцучух шаьш ца кхетахь а, реза бара, амма катоьхнна йозанаш дечу Макшерипана хIумма а ца хьакхалора лерах. ТIаккха массеран а дегнашка шийла кхаъ кхе-

чира: дийцар дешначун цIе гуттаренна а дIаязйина м о ж а ч у т е п т а р т I е...

ЦIеххьана суьрташ а, аьзнаш а кIур хилла дIадайча, маьнги тIехь Iуьллу Аьстамар агIор верза гIоьртира, амма мел веттаварх и ца далуш, ша ма-хиллара аркъал Iилла висира — дошан йозалла хIинца а тIехь яра. Юха а дIадоладелира бIарлагIийн дахар.

Хьостам санна вогIавелла, ирахь лаьттачу Исраилан сибат къаьстира кхунна, тIаьхьо хаза доладелира цуьнан аз а.

— Байташ язъяр тIехь дукха къа а ца хьоьгу ас — меттан Iилманехь бу сан лехамаш. ХIаа. Сан талламаша (эццахь къажа а къежна Iачу Макшерипа: «Хьан талламаша!» — элира) гойту ширчу цивилизацин пачхьалкхашкахь, масала, Урартухь, дийцина меттанаш вайнехачуьнца догIуш хилар. Масала — «Менуас але». «Менуас аьлла» бохург ду иза. («Боккъал а, и ду и! Хьо Iаламат!» — юкъакхоссавелира юха а Макшерип). Менуа стеган цIе ю, дийриг — Iилманехь цунах «эргативни» олу — дожарехь лаьтташ. Ткъа и дожар вайнехан маттахь бен карош дац.

— Шен къам кхечарех схьакъестор!—мохь белира Макшерипе.

— Со-м вац къаьмнаш къестош. Уьш иштта а ду-кх къесташ, шайн меттанашца, духарца, психологица.

— Доцург ду моттийта гIертар. Вайнехан йоза а ца хилла, я мотт а, революци хиллалц!

— Мотт гуттар а хилла. Йозанах дерг а къасто дезаш ду.

— Иза цамгар ю, — гигантомани!

— Хьо дIасоцур ву я вац?! — Исраила ластийна, варзап санна, буй балийтира Макшерипан коьртах.

Иза цкъа варзап бухахь чIап а велла, юха ша ма-хиллара хьаланисвелира.

— Хьо хIун ю ян а! — варзап хаддаза етталора Макшерипан коьртах, амма иза я каглуш а, я чIаплуш а бацара.

— Хьо мичара ваьлла?! Хьо адам ду я йилбаз?! — мохь хьоьжхура Исраила бетах чопаш а йина.

— Хьайна эрна ницкъ ма бе, ахь коьртах лом тохахь а, цIийдина хи доттахь а, я цIерга кхоссахь а суна хила хIума дац хьуна. Сан да ван а вац, нана химзавод ю.—Чохь берш Iадийнчохь а буьтуш, иха санна вула а велла, хIаваъ чуданйта диллинчу коран жимчу бIаьргехула аратилира Макшерип.

Цуьнца цхьаьна чохь лаьтта хораме йозалла дIайолуш санна а хетта, меттаххьайра Аьстамар, бIаьргаш схьадиллира, самавелира. ТIаккха хьала а гIаьттина ахбоданечу сени чу а ваьлла, туьйдина мачашца татанаш а деш, юьхь-куьг дуьлучу а вахана, хи охьа а хецна, шен корта цунна кIел лецира цо, тIаккха сих-сиха къурдаш а деш яйира хьогалла а. Вуха чу веана, маьнги йисте а хиъна, тайп-тайпана серлонаш гучу ара хьежа хIоьттира иза, тIаккха коьрта кIел гIайба а лоцуш дIатевжича, я кхоччуш наб кхетта а,



я кхоччуш самаваьлла а воцчу хьолехь нисвелира хIинца шозлагIа. Юха а бIаргIалаша хьалаюьзира чоь.

Уггар хьалха цунна гинарг бух жимо а, йистош шуьйра дIасаяьржина а йолуш йоьза тас дара, тIаккха — иштта кхин цхьаъ а. Эххар а царах институтан белхахочун Викентий Бекназарович Курбанови — билггал цо бийриг хIун болх бу хууш стаг а вацара—ши лерг хилира. Цара схьалоцура институтан мел генарчу меттехь шабаршца аьлла дош а. Цхьаболчара-м стага ен ойланаш а хазийта йиш ю бохура Викентийн. Цундела иза гучуваьлла аьлла ма хезза, берриш а— бохамо дуьне Iарждинарг а, хьерана даI хиларна йиънача цатам бинарг а тIаьхьа—сирла, хиндолчух тешарца о п т и м и с т и ч е с к и ойланаш ян буьйлалора, ткъа цабевлла цунна уллохула тIехбовла дезча, дIаса а техкаш йиш локкхура:

> Уггаре тхан диканиг,
> Бекназарович!
> Уггаре тхан хазаниг,
> Бекназарович!
> Тхо куьг лаьцна ахь дуьгуш ду,
> Бекназарович!
> Цу сирлачу вайн кханене,
> Бекназарович-

Оцу эшаро хьостий, Викентийн лергийн йоьза тесаш, тIе малх кхетча санна, лепа дуьйлалора.

Юьстахо-о лаьттачу наха дуьйцура: Курбанови лергашна ца деза аз далийтинарг, хин кIуркIаманехь хьийзайо дечиг санна, хьовзавой, хIун ю цахуург йой, гуттаренна а синтем а, наб а йойий, экзаменах ахча эца ца ваьхьаш, деккъа цхьана алапи тIехь ваха дезаш хуьлу, цундела шайн хирг де, иза резаван.

МогIа бинна, Викентийн сийнна йиш а лоькхуш схьабогIучу нахана юккъехь Макшерип хаавелча, юха хьалхалера и садукъден йозалла шена тIеюжуш санна хетаделира Аьстамарна, самавала лиира, амма гIуллакх ца хилира.

Макшерип, вукхара санна йиш а ца локкхуш, шабарш дан воладелира, ткъа Викентийн шина лерго, цуьнан массо а дош а, садаIар а схьалаца хиллачу лаамо доккха хилийтарна, ерриге а чоь дIалецира. Церан йозалла ца лалуш, бIаьргаш чу цIий хIоьттинера Викентийна, амма, Макшерипа дуьйцучух там хилла, и хало а атта ловра цо.

Шегахьа корта а туьйсуш, Макшерип шабарш дан ма волавелла, хиира Аьстамарна «Алу» литцхьаьнакхетаралла Викентийн лергийн кIоргенехь гучу харцонан уьшалахь къайлаяьллийла, тIаккха цунна Шамсас сел хала диллина халкъан иллин чулацам буьйцу сурт сийна цIе яьлла догуш гира, берриге а пен а багабеш, цунах там хилла, буса цицигийн санна, бIаьргаш а къегаш лаьттара Биьсаберг а, Викентий Бекназарович а, Макшерип а, Жанетта Ба-

тырсултановна а, Евгений Ахмарханджиевич а, иштта дIа кхиболу официальни нах а.

— И стенна дагадо аш?! — мохь хьаькхира Аьстамара, дIасатохавелла ша набарх сецавен зIенаш а хедош.

Самаваьллачул тIаьхьа а, дIадаза юкъараIойлин сени чу хьийзара оцу маьхьарх тIаьхьадисина аз. Стогар хьала а тоьхна, суьрте хьаьжира иза: боккъал а дага-м ца даьгна теша — дагаза дара. ТIаккха стогар дIа а байнна, набаран тар ца тасийта гIерташ, маьнги йисте а хиъна Iаш, сахьт гергга хан а яьлла, дуьххьарлера сатасаран билгалонаш корах чу къедча, ма дика ду-кх буьйсанан цхьа чаккхе йолуш — ойла хилира цуьнан.

Цунна лиира оцу яьржачу серлонах терра, цхьа сирла-кIайн коч тIеюха, амма яцара, я цкъа а хила а ца хиллера, жима волуш а кIайчунна метта сиранниг я сирла-сийнаниг нислора. Цкъа а хила ца йоьгIна теша, кхечарах ийна а боцуш, беккъа цхьа кIайн бос болу коч? Масийттаза эца араваьлча, новкъахь кхин дан дезаш хIума гучу а долий, юкъахвуьсу.

КIайниг стенна юьйцу, тIераниг хийца цIена цхьа а коч а ца карийра Аьстамарна, шипанера чу хьаьжча. Цундела: «Цкъа кIайн коч тIеюхаза, Iоврийн тийжарх Iабаза. Со дIагIур ву бIаьстенца, Кху Iаламах къаьстина», — боху байташка дирзина дешнаш а доьшуш, юьхь-куьг дуьлучу а вахана, шен таьIна-цIечу кучан кач битта хIоьттира иза.

Коч тIе а юьйхина, чоьнан неI дIа а къевлина, ламеш тIехула чуволавелча, дагадеара цунна, юьхь-куьг дуьлучохь, яьккхинчу юкъана хIокху тIаьххьарчу деношкахь сина язъелла ойла шена йицъелла хилар, оцу йоццачу хенахь садаIа кхиъна кхуьнан кхетам серлабаьллера; дегI а дайделча санна хеташ воьссира иза лаха.

ЮкъараIойлера ара а иккхина, лаца тIаьхьадевлла жIаьлеш долуш санна, веддачуьра ца соцуш, хIинца а гIовгIано дузазчу десачу урамашка нисвелча: «Дукха йоккха а ца хилла хIара гIала, хьалха иштта хеттехь а, гIаш лелачунна а йоккха ца хилла», — шабарш дира цо. ТIаккха шена ца евза меттигаш а лоьхуш лела велира, сингаттамо гIелвалар а дицдина, амма дукха хан ялале, гIалин тийналла дIаюьйлаеллачу трамвайша а, автобсуаша а, наггахь дуьхьал кхетачу гIашлочо а йохийча, ойла хьаьвзира: юха а буьйса тIекхаччалц лан еза-кх хIара гIовгIа, тIаккха буьйса а, цхьа сатосу хан ю-кх синтеме — цхьа-ши сахьт, тIаккха дерриге а дазло.

Догучу дийно кхоьллина хьогалла яйа гIерташ, сатассалц буьйсанан тIуналла муьйлуш Iийна гIалин цхьана жимчу майданара кегий дитташ, коьллаш, зезагаш малхо серладоху хан гIанта а хиъна, дуьхьалара зорбанан киоск, дуьххьара гуш йолуш санна, леррина тергал а еш тIеийцира цо. Ткъа малх дикка лакхабаьллачул тIаьхьа, цу киоска чу хIинцца кхиъна вогIучу жимчу стеган санна мекхаш долу йоккха стаг болх бан йолаелча, масех газет эцна, уьш а доьшуш, юха а оцу гIантахь Iийра, уллохула тIехйолу цхьа йоI ела а къежна, шега хьаьжжалц.

Меллаша ког а боккхуш, шех дерриге а дуьнено тамаша стенна ца бо бохуш, дIайоьдучу цунна тIаьхьахIоьттира Аьстамар, гIантахь Iохкучохь шен газеташ а дитина.

Иза яр-кха хIинца кхуна ца тоьа синйовхо яла, массо а сингаттам а, бала а бицбан ницкъ болуш, дерриге дуьне ша а хетийтина, цхьанхьа хьуьна йистехь, уллохь шовда а долчохь, ханнийн цIа чохь, кхуьнан «когийн бен тата доцуш, стоьмийн бешахь зезаг ловзош Iен» резахилча бакъахь ерг.

Наггахь юха а хьожуш йоьду йоI, «Столичный» туькана чухьаьвзира. Цу чохь, хьалхе доллушехь, дикка адамаш гулделлера — дукха хьолахь, шайн хIусам йоцуш, Iуьйранна хIума кхаллар кху чохь кофе маларца дIадерзош берш а, цхьанхьа карзахе буьйса текхна дистина, Iарждела бIаьргийн гонаш долу зудабераш а, кегий нах а...

РогIехь лаьтташ яра йоI. Цо кофе а луо ма элли, кхин цхьа кофе а аьлла, цунна а, шена а хьалхара ахча дIа а делла, тIаккха цуьнца къамелаш дан ойланца дIахIоьттинчу Аьстамарна, рагI тIекхача ши-кхо стаг висинчу хенахь, дагатесира шен дерриге а ахча селхана Иманина зезагаш оьцуш а, тIаьхьа сагIадоьхучунна луш а дIадаьлла хилар. Хьо юьхьIаьржо!

Катоьхна цу чуьра ара а ваьлла, почтамте Iалашо лаьцна воьдуш, спортан костюмехь, дайчу вадарехь хьаьдда вогIу Евгений Ахмарханджиевич дуьхьал кхетча, цунна хиира иза хIора Iуьйранна уьдуш, гай тIера мохь лахъян гIерташ ву бохуш наха дуьйцург бакъ дуйла.

Боккъал чIогIа Олимпиадин лакхенашка кхаьчна, тIараш детташ, хьераяьлла стадион а йолуш, трибунаш хьалхахула го боккхучу вадархочух тарвелла вогIу иза, шена улло ма-нисвелли, Аьстамар: «Евгений Ахмарханджиевич!» — аьлла кхайкхира. Цкъа кхуьнга схьа а хьаьжна, тIаккха бIаьрго а ца лоцучу сихаллица дIахьаьдда иза, тIекIелдиначу цIеношна гонаш туьйсуш, ченийн кIур а эккхийтина хьаьвзира.

Цхьана боккхачу ницкъо биргIи чуьра аракхоьссича санна, цунна тIаьхьа воьду Аьстамар лекхачу цIийнах батт тохаза висира, хьалхавоьду Евгений Ахмарханджиевич пен тIехула, кхин болар лагI ца деш, нийсса ирх а вахана; тхов тIе хьалаваьлча а, кхин вуха ца хьожуш, Iадийнчохь хIара а вуьтуш дехьахула чу а воьссина, гIалин йистехьа таьIира иза, КъилбасеДера Шан хIорд Iалашо а лаьцна.

Иштта тIаьхьандарх гIуллакх хир дац — ойла а йина, цуьнан квартира йолчу цIийна хьалха а сецна, почтан яьшканашна юккъехь дIа а лечкъина, Аьстамар Iаш, дукха хан ялале, цеце дIаса а хьоьжуш, гIовгIа ца хилийта, ког охьа а ца буьллуш, хIаваэхь сацош, лаьтта тIехула айавелла вогIу Евгений Ахмарханджиевич, не-

Iарх чу а иккхина, пхоьалгIачу тIегIане вала, ламеш тIехула хьалахьаьдира. Цунна тIаьхьа воьду Аьстамар, хIетта охьайоьссина лифт а хааелла, цу чу а хиъна, хьалахецавелира, иза кхин а чехка ца яхарна оьгIаз а оьхуш.

ДIакхаьчча, Евгений Ахмархаджиевич шен неI схьайоьллуш воллура. И елланушшехь, цуьнан пхьаьрса кIелдIахула чоьхьа воллура. И елланушшехь, цуьнан пхьаьрса кIелдIахула чоьхьа дIатебира Аьстамар. Важа, букъ хьалха дегI ваьлла, цхьана сонехь дIатебира Аьстамар. Важа, букъ хьалха дегI ваьлла, цхьана сонехь дIатебира Аьстамар.

— Ца вели-кх хьо суна тIаьхьара, — элира цо, валарчу вирзина тIаьххьара весет деш санна, гIийла.

— Вер ву, ахь хьуо сох хIунда уьду дийцахь-м. ХIинццалц-м сан верас хилла ма хьийзира хьо?

— И сан дийца бакъо яц.

— Муха яц? Советски гражданийн массо а тайпа бакъонаш ю. Конституци ца ешна ахь?

— Тсс... И Iедална дуьхьал хабарш а ца дуьйцуш, аравалахьа кху чуьра, — гора вуьйжира Евгений Ахмархаджиевич.

— Вер вац, ахь хилларг схьадийццалц.

Евгений Ахмархаджиевич вехха Iийра корта а оллийна, тIаккха, гIийлла кхуьнга хьала а хьаьжна, суждане вахара, амма цул тIаьхьа а шен дехар кхуо ца лойла хиъча, оьгIазвахана, вега а веш, мохь хьекха велира:

— Хьан хIун бакъо ю, са а тасале, нехан хIусаме чулелха? Советски махкахь цхьаннан а бакъо яц кхечуьнан доьзална юкъа гIерта. ХIораннан а хIусам законо Iалашъеш ю! Декъала хуьлда Советски законаш!

— Ура! Евгений Ахмархаджиевич! Вухаверза! Хьо вайн институтан активи зала чохь къамел деш а вац. Хьо хьайн чохь ву. ДIасахьажал хьо: хIара ванна ю, дуьхьал чуваьлча — хьан кабинет, чохь библиотека а йолуш, уллохь охьабуьйшийла, хIара хIуманаш хьалаухкург, хьан пижама а ю, хьан зудчун — пошмакхаш а...

ОьгIазалла дIа а яьлла, корта а оллийна, Iийра Евгений Ахмархаджиевич цхьанаэшшарехь екачу раднос, цкъа хьалха йоьзан маIанаш а лекхна, юха хIайттъаьллачу озаца: «Слушайте пионерскую зорьку!» аллалц, тIаккха кхуьнга: «Схьавола», — аьлла, куьг а ластийна, меллаша ванни йолчу чувелира. Кхуо ша боххург дича, радио кхин а чIогIа а яьккхина, чIинт * схьа а хьовзийна, хи а охьахийцира цо.

— Ахь ца вуьту-кх, хIара ца дийцича. Со тешаш ма вац хIокху пенойх — лергаш долуш ду, цундела ерриге а дегайовхо хIокху радион, хин гIовгIанца ю, делахь а хIинца керла аппараташ кхоьллина боху, ца оьшург дIа а доккхуш, хьан аз цIенна схьахозуьйтуш, механа еза-м ю боху... Дан хIума дац-кха, хьо ца Iий-кха...

* Кран (нохч)



Халла хезара Аьстамарна хIусамдас ден шабарш.

— Соьга стенна хьоьжу хьо? Хьан хIун ду соьга ала? Сан цIе Евгений яц боху ахь? Яц. Суна сан дас тиллина цIе Эуалби-Хьаьжа ю. Хилча хIун ду? Сох Женя хилла-кх—Евгений. Суна-м шен Идрисов боху фамили Иванов аьлла хийцинарш а хаьа. Керлачу замане хьаьжжина хила еза цIераш, цундела... Бакъду, и цIе хийцинчу кIиранна чохь хIора буса, хаддаза — кхетий хьо, хаддаза! — гIенах ги суна и сайн да боху пекъар, дачий, Iаьржа хIорддий, зачет хIоттийчахьана хIуъу а дан а кийча болу жерой хIун ю а ца хууш лаьттах вахана пекъар — ха-ха. Товш-м дац-кхи ештта веллачух, къаьсттина шен дех лаьцна дуьйцуш — ас иза леррина хьуна дуьйцуш ду, суо веллачул тIаьхьа долчу дахарх ца тешийла дIахоуьйтуш. ХIун хаьа ахьа цхьанхьа мотт тухий а. Э-э, хIинца-м хьаха ца тешара со цхьаннах а. Цкъа цхьана хенахь, хIара квартира схьаэцале, со гIалин йистехь цхьана цIа чохь Iаш ду иза — хIинца-м цхьанна а гур а вац ас гIуммагIа хьахь а, ца хьахь а, тIе оьшуш а яц, хи уллохь ду — ткъа хIетахь, хьаштагIа уьйтIахь а йолуш, иза яхьа дезара, цунах суна Жанетта Батырсултановнас арз яздинера, со ширчу боданерчу Iадатийн йийсарехь ву аьлла.

ХIун дийр ду — хьалха ваьлларг тоьлла ма вай — цIанвала дийзир-кха (вайна юккъехь аьлча — бехвала): хIетахь дуьйна кхин хи ца хьош, тIема кIел газет а дуллий воьдура со, и бахьанехь харцахьа даI а даьлла, охьа а ца хаалуш, лийлира. Оццу заманчохь хьакхарчийлелор интернациональни гIуллакх ду а, Iалхан-Юьртара цхьа хьенех хьакхарчийн доттагIа а, вайн заманан турпалхо ю аьлла статья язйира, тIаккха иза депутат а хаьржира, цуьнций, нана-хьакхийций даьккхина сурт Биъсаболчунна гун долчу охьа а диллира. Эрна ца дайра ас хьегна къа: сан морально-политически юьхьсибат къаьстина даллалц схьа ца луш, сацийна лаьтта хIара квартира а схьаелира.

ХIа-а, сайн да а вицвелла, цхьана къаххаш юккъехула чу ма ваха со, урх хецаелла вир санна. ХIаъ, хIетахь гIенах ги-кх суна иза, хьан бакъо яц боху ша тиллина цIе хийца, хьо шен ма ву, шен сих, цIийх схьаваьлла. Ас боху: со хьан а вац, я суо сайн а вац — Iедалан ву, вайшинна карахь хIумма а доцийла вайшинна хаа а ханийтира, ткъе диъ сахьт далале, даьхни санна, вагонаш тIе а бетташ, цIенкъахь даьккхинчу Iуьргахула цIано яр а долуш, цIерпошт сацийча, аьчган некъа юххехула моггIара боьрша а, стен а, эхьбехк ца лоьруш, охьа а хуьйшуш, белларш, дIабохка ца кхиарна, лайла а Iуьттуш, чохь лечийн, бехкачу зударийн, доьлхучу берийн гIовгIанаш цхьаьна а уьйш, вайн эвла йистехь, гаьмнаш, белаш, говрийн ленаш деш пхьалгIа хиллачу Зайпуллин йо! Нурбика, шен эхь-бехках ца юхуш, ахкарг а иккхина яла а леш, — хIетахь ялх шо бен ца хиллехь а, суна дерриге а дага ма догIу — вай Малхбалехьа дигчахьана хаа дезара хьуна хьайн долахь я латта а, я шовда а, я хIаваъ а, я хIумма а доцийла. Хьачул хьалха со,

хьоме дада, ректоран, парткоман, профкоман, ДОСААФ-н, ОСВОД-н, военкоматан, кхин вала да воцуш висахь комсомолан комитетан я сайн зудчун Нуржанан а ву — дIаевлира уьш, хьуна мел халахетахь а, патриархально-тайпанийн хенаш. Цундела, сан ву ма баха, Ахьмархьажа. Хьан вац — юкъараллин ву, цундела, юкъараллина там берг деш, ас сайн цIе хуьйцу: со — Евгений ву. Юха сайн ден цIе а хийца дага ма деа суна. Цу буса соьгахь хIоьттинарг-м доккха хIума дара: суна цкъа а гина а воцу, наьрт санна ондачу дегIехь, ирххьийзина мекхаш а, гIода юккъе йихкина гIалакх санна шаьлта а йолуш цхьа къонах ву-кх гIенан кхоьлах суна дуьхьал туьйсуш: «Ас дуьйр ду хьо, зуд, ахь сан кIентан цIе хийцахь, хIокху шаьлтанца», — бохуш. Хьацаран кIур хуьлий, сама а эккхий, жимма волалой а лелий, дегIаца IаьIна сов тIуналла дIа а йоккхий, биргIа бага а юллий, Iаббалц хи а молий, дIавуьжу со, дукха хан ялале садаккха а ца вуьтуш, шайтIанаша хьовзаво — хьан массо а садоIу меттиг дIаюкъу ма боху цара, цхьа мераIуьрг йоцург, иза цхьаъ бен шайтIанан шеч а яц боху, цундела садукъдина стаг вен ца луш дуьсу — мистика! Мистика елахь а, ца хIоьттира со сайн ден цIе хийца, цундела виси хьуна со проректор а ца хIуттуш, цIе аьлча а, цуьнан ах бахьанехь; А х ь м а р аьлла Iен мегаш а ца хилла, х ь а ь ж а тIе ца тоьхча, Макка а вахана, хьаьжа хиллехь-м цхьа хIума а дара — Макка мича воьду хIара, оцу Iинчу йинчу хьера чу а хиъна, муст а велла, кIар-кIаре ла а доьгIуш, лари чохь ахьар а нисдеш, болана лучу хьаьжкIех напгIа а хуьлуш, миска диййнехь ваьхна. И ца хилча, кхин бахьана-м дацара, со проректор ца хIоттон, ша ас пхи шо хьалха виц а велла, цхьамма «де дика дойла» аьлча, «далла везийла» алар дацахь, я оцу жIаьлин ахча совдаьлла хила а тарло.

Кхин хIун ду хьан соьга ала? Хьо кхин сайна тIаьхьа ца лелийта, ас хьуна хуург а, цахуург а дуьйцур ду-кх хьуна. Со нохчийн мотт хьоьхуш воллушехь, сан берашна нохчех дист хила а ца хаьа бох ахь?

Ца хиъча хIун ду? ХIумма а. Бакъдерг дезахь, дIалаца — кхузткъалгIачу шерийн юьххьехь, тхан берашна ненан мотт ма хьехийта бохуш, кехаташ яздайтинчех цхьаъ со вара хьуна. Оцу хенахь экзамен яла массарел а тIаьхьа чуеъначу цхьана безамечу студентке иза хаза хилар дIаханийти ас, зезагаш даха Iаламе еъчахьана (яьлла цхьа йовха бIаьсте а ма яра, тIулг а меттах боккхур болуш), Iилма Iамо гIерташ, къахьега а ца оьшу олуш. И дерриге а хезаш, лерган тас неIара тIе а диллина лаьтташ Викентий Бекназарович ма хилла — иштта Биъсаболчунна каравахара. Цул тIаьхьа цунна луург цадарх дала ларвойла!

Суна ца лаьа сайн бераша, Киргизехь ас санна, бежана дийча жIаьлина кхоьссинарг нйзайойла, я хьуна тиллина цIе тиллийта а, суна уьш дуьзна, тIе дика хIума юьйхина а, самукъане а — хIинца санна хила лаьа. Суна, пахана санна (хьан юьртара бежанашна тIаьхьабевлла леларш ца буьйцу — вуьйш, дуьне дуурш), Iаьржа Iов а ,талонашка ца хьоьжуш налха а, босболу копаста а, щIен чIара а, цIена моз а, хаза мехкарий а, леррина йолу больница а — эшахь, вуьшта-м дала тIе ма доийтуьйла цига вахар, — шарахь цхьа бутт хIорда йистехь баккхар а, кумыс а, муьста шура тохаза тIуо а, Германера мебель а, хрусталь а, Цейлонан чай а, Японин стерео-видео а, дикка дабагIа дина кетар а, деши а, машен а, жовхIарш а, бассейн а, сауна а йолуш дача а, Бразилера кофе а, Пакистанан кучамаш а, «Адидас» шарбал а, «Саламандра» мачаш а, Майкл Джексонан эшарш а, БВЛ а...

Шовкъе ваханчу Евгений Ахмархаджиевича кхин дуккха а дагардира шен хьашташ, хIора керлачу дааран цIе мел йоккху бетах мотт а хьокхуш, ткъа вуьшта тIеюху я чохь оьшу хIума хьахийча, бIаьргаш а къегаш, тIуьска, светофоран бIаьрг санна, цIий а луш. Кхин и чекхвериг а ца хилла, чуьра аравала тохавелира Аьстамар, амма вукхо тIекхетта сацийра.

— Собар, собар. Ас хьоьга ма-хоьтту, вуй со и дерриг долчарел оьшуш? Вацахь, сан а хила еза-кх, церан ерг. Ткъа хьуна хьехар: юьрта дIагIуо, хьуо ву-вац а ца хоуьйтуш, дикка болх а беш, кесткеста интернациональни темина статья-хIума а язъеш Iен, шайн районан хьаькам йолчу Матильда Матаевнина тан а хьажа, жимма ахь спортаца гергарло а леладахь, дикка хIума а яахь, духар а эцахь, цо мах хадон тарло хьан — кегий нах дукха безаш ю, къаьсттина кхолларалница зIе ерш, вайн филармонин пондарчин Бахьмадан кхоллам хьуна бевзаш ма хир бу; мохь туххуш Чилера Пиночет а, туькаиахь итт кепек совъяьkkхина йохкархо а, ширделла Iадаташ а емалдеш къамелаш а де хIора колхозхойн гуламехь... Хаьа, хаьа, ца дийцича а: ахь дина хIумма а дац, хьо Хьаькимо бохург а вац, и хила хьан гIуллакх а дац, я лиъча а хила хьан де а дац, хьо хIинца а хих волуш виран цIога а лацаза цхьа бер ду, дерриге Биъсаболчун лекцехь: «Со реза вац, сан генара дай-м ца хилла динозавраш, уьш адамаш хилла», — алар ду (ткъа ала дезара: тхо реза ду, кIоргера ду хьан къамел), хIетахь цо хьо шен Т е л е с к о п е тидаме эцийтинера, ткъа цунна буха нисвелларг— у-у, ма дийцалахь! — декъаза ву. Хьо институтан цIарах аспирантуре вахийта гIерташ стаг а вацара, лакхарчу Хьаькимна идеологически болх буьйцучу гуламехь, «делахь а вайн юкъараллехь хIинца а нисло цхьаццадолу адамаш, вайн некъаца ца йогIу ойланаш еш»... ма элли, дало масал дезара, ткъа хьо а, шун «Алу» цхьаьнакхетаралла а оцу гIуллакхана дика догIуш дара. Биъсаболчун массо а гIоьнча а, цунна карабахнарш а, со а цхьаьна (сайна ца луъушехь — честное пионерское!) шух и масал дан арабевллера. ДагадогIий хьуна цкъа вайша Ленинан хIолламна юххехула тIех а ваьлла, дIавоьдуш Ермоловн бюстана улло кхаьчча, айхьа: «ХIара стенна латтаво кхузахь?» — аьлла? Иза оцу минотехь Викентий Бекназарович Курбанови лергийн тесаша дIалецна хьуна.

Цул тІаьхьа со: «Буря бы грянула что ли», — аьлла, хьан бІаьра хьаьжча, ахьа «Чаша с краями полна» аьллехьара, хьан гІуллакхаш кхин а вуон хир дара. Хьайн диканна, иза ахь ца элира, бакъду, «Жима латта[1]» исбаьхьаллин агІор ледаро ю аьлла къадийра ахь — иза а дІалецира лергийн тесаша. Ткъа ала дезара: дуьне доладелчхьана кхоьллинчу произведенел уггаре а тоьлларг, дІало цунна уггаре а деза совгІат! Ахь и аьлча а, ца аьлча а хийцадала-м хІумма а дацара — совгІат-м цунна иштта а делира, хьоьга а ца хоьттуш.

Тоьий хьуна? Кхин суна тІаьхьа ма вадалахь. А-а, сан «Айдаран хьаьркаш» боху докторски диссертаци цхьанна а оьшуш яц боху ахь? Ю, уггаре а актуальни тема а ю, дІа ладогІал наха гуламашкахь дечу къамелашка, уггаре дукха муьлха дешнаш ду? Айдардешнаш: «Декъала хуьлда! ХьалхатаІа! Толам баькккхина! Кхин а боккхур бу! Сий хуьлда! Могуьйтур дац! ТІехьатаІа! Кхин а таІа! Ялта хуьлда! Докъар хуьлда! ТІаккха хир ду жижиг, даьтта! Цул тІаьхьа — кхин а дика!» — иштта дІа кхин а. Ткъа хьаьркаш царна тІехьа, цхьацца хІоттийна ца Іаш, дуккха а хІиттадо, шишша а, кхоккха а, тІаьхьарчу хенахь йинъ хІоттош меттиг а йогІу — оццул чІогІа олу цхьаволчо дош.

Суна нохчийн мотт а ца хаьа боху ахь? Суний? Докторний? Хаьа хьуна. Аса хьоьца къамел деш далийначу ширачу дешнаша: пхьалгІа, биргІа, дабагІа, кІар-кІар, лара, кицано: хих волуш виран цІога а лацаза, дусторша: виран кож санна, урх хецаелла вир санна — гойту суна вайнехан мотт кІорггера хууш хилар. Иза а хьуна кІезиг хетахь, кхин цхьа билгало а ю-кха хьуна — тІуо боху дош, осал а ца волуш, легадан хууш стаг вац-кха хьуна Нохчийчохь, со бен: тІуо, тІайн, тІайно, тІайна, тІайга, тІайца, тІайх, тІайл.

БІаьрнегІар тухучу юкъана тІуо дожаршца хийца а хийцина, — бакъду, Аьстамарна цуо и дукха сиха дарна хьалхара аз бен къаста а ца къаьстира, — дІатийна лаьтта Евгений Ахмархаджиевич цІеххьана коьрте хьаьвзинчу Іаьржачу ойланаша кхолийра, юьхьа тІехула нана-пІелгтел дакккхий бІаьрхиш а хьовдуш.

— Суна ца лаьа моьтту хьуна, дагахь дерг майрра дІаала, оьзда хила, цІенна сайн дегІ а лелош, кхахьпалла а дитина, цхьана сайн зудчунна хьанал а вуьсуш, ваха, баккхийнаш лара? Делахь а стенна оьшу иза? Мила ву гаи? Ас дийнна шарахь марханаш кхобу-кх хьуна, ахьа со дела хиларх тешавахь. Даьхни санна, вагонаш тІе а дуьттуьйтуш, цо вай махках дахийтинчхьана, мацалла хІоттийна соьга, жІаьлина кхоьссина бежанан бехке меттиг ийзаяйтинчахьана, сан цунах болу тешам дІабаьлла. Мел ирс долуш вара тхан да: хІуъу тІекхачарх,шен тІаьххьара са хьаладолуш а «ал-

[1] Брежневи произведени



лахІ» багара охьа ца диллир-кха цо... Дела а ца хилча, вала ма велли кхелли а хилла дІаволуш а хилча, кхин дуьне а ца хилча, ас стенна къахьоьгу нисвала гІерташ? Ахь тешавехьа со, Ицнев, веллачул тІаьхьа хиндолчу дахарх, тешавехьа, ас доьху хьоьга, со гор вужу хьуна. ТІаккха со а хир ву хьуна, хьо санна, экзаменах бол а ца оьцуш. Ва-а-а!

Мохь тоьхнна воьлхучу Евгений Ахмархаджиевичан бІаьрхиш, биргІи чухула ванни чу оьхучу хил а дукха дара, и ший а вовшах а кхетта, чохь гоьллец йогІуш тІуналла хІоьттинера. Аьстамар, хи дІакъовлуш, чІинт* дІа а хьовзийна, чуьра яьлла: «Включившись в предъюбилейное социалистическое соревнование, труженики полей и ферм»... бохуш, лекхалун радио а, цул а чІогІа, цІеяйархойн машенан сирена санна, Іоьху Евгений Ахмархаджиевич а витина, араваьлла, лифте ца хьоьжуш , ламеш тІехула чухьаьдира.

ТІаккха, силам а лалош, Іаьткъиничу малха кІелхула лелаш, шен йоьхна ойланаш листа гІертарх гІуллакх а ца хилла, некъа йистац долчу цхьана диттан бухарчу гІанта а хиина Іаш, эххар а церан жамІ дича, иза цецвелира: кхунна къахетара Евгений Ахмархаджиевичах. Шен ойланаш кхин дІа а кІаргъян воьлча, иза кхийтира: нагахь и тайпа адамаш алсамдовлахь, вуккхара, царах къа а хеташ, бакъдерг дІа а олуш, церан хила еза меттиг ца гайтахь, халкъ, юха а вагонаш чу хийшор стенна дуьйцу, лаахь, томкех санна, кепаш ян а мегар долуш, цхьана аьргалле дерзаран кхерам бу. Ца кхеташ кхин дара: сел чІогІа, Іаьржа Іов а, муьста шура тохаза тІуо а, кхидолу сурсаташ а дууш, ге тІехь мохь стенна ІаІайо, юха иза, уьдуш, муьша тІехь кхийсалуш, дІаяккха гІерташ, къахьега дезаш хилча?

Аьстамар цу хаттаран дуьхе кхиа ца витира, цхьамма, тІехьахула тІе а веана, белшах куьг а тоьхна: «Пройдемтесь в отделение», — аьлла. Ша волччохь кхосса а луш, вухавирзинчу кхунна гира Макшерип — таьІна бос болу куьзганаш, лерган тІе кхаччалц велаваларехь дІасаяхана бага.

Цуьнан и къажар а, вортана тІера охьаоьхучу хьацаро кІайчу кучан кач бехбина хилар а, «и хьацар сел Іаьржа стенна ду-техьа?» боху шен ойла а, сийсара цо ша химзаводехь Іаьржачу пластмассех вина ву алар дагадар а, малх а, лелина силам а — юха а шена гуш суьрташ ду моьттуш цхьа хан яьккхира, амма вукхо, белшах куьг а тухуш: «Хьо ма чІогІа кхеравелира, цхьа кънинош доцуш-м вац хьуна хьо Іедална хьалха», — аьлча, хиира иза, гІан доцуш, боккъала хилар.

— ХІун кънинош?

— Масане ду уьш, анекдоташ дийцина а. Хьа-хьа. Селхана дуьйна хьо лоьхуш, дерриге урамаш а, тІайкІелош а, хІусамаш а, подвалаш а, кафеш а, бараш а — хьо цигахь хир воцийла-м хаь-

ара суна, хIетте а... — туьканаш а, кинотеатраш а, Баьццара базар а, стадионаш а теллина аса, ткъа хьо кхузахь хиллера. Цхьака меттехь соцуш велахьара-м хала дацара,цIогана кIел хи кхаьчна жIаьла санна, волавелла. Хьа-хьа. ХIан, кхаьрга хьажахьа, стихаш язйина аса.

Цо шена хьалха диллина:

Вай дуьгу хьалхахьа
Сийдолчу тхьамдас.
Массарел хьекъал дерг
Ву хьалха ваьлларг,

боху йоза доьшуш, Аьстамар кхийтира хIинца ша, хIумма а лечкъа а ца деш, шена хетарг ма-дарра Макшерипе дIаэриг хиларх. Ткъа нэга стенна во, и малх бовха бу я Iа шийла хуьлу олуш а ца нэгавой, иштта ма ду: «ХIорш стихаш яц. ГIурт бу», — алар а. ХIетте а иштта атта-м ца алало. Стенна? Кхуьнан стешхалла ю иза? Ша-шена резавоцу Аьстамар жимма сапаргIат хилира, дерг ду, доцург дац алар турпала хьуьнар хета хьал юкъараллехь кхолладаларна бехке ша цахилар дага а деана.

Аьстамаран шена луу васт кхолла тIеоьшу хьаьркаш дан веана Макшерип, шена оьшург а хезна, воккхавеш, делахь а м а т е р и а л сов мел хили а дикаха дара-кх ,бохучу ойланца:

— Сийсара канадахойн, вайн командаш яра, хоккейх ловзуш,— элира.

Аьстамарна хиира цунна кхоччуш ирсе хилархьама хIун оьшу:

— ЧIогIа халахийтира суна канадахойн команда эшийна.

Эццахь малхал а чIогIа къегина, дIаваха тохавелла Макшерип, пхьарс а лаьцна, саца а вина:

— Кхин хьуо велла дIаваллалц суна улло ма воьллахь, вагIахь ас ластийна цIерга кхуссур ву хьо— цIаро а ца вагавахь суна-м ца хаьа хьуна хIун дийр ду? Ша тIе кислота ца Iанадахь, — элира.

Важа текхаргах ворта а яхйина, куьзганаш тIехьара бIаьргаш а хIиттийна, дукха латта а лаьттина, цIеххьана, уллохула тIехбуьйлу нах цец а бохуш, чIоггIа вела а воьлуш, светофор а ца тергалъеш, некъаш хедош, гIалин кIуркIманехь къайлаиккхира. Аьстамар, ши бIаьрг тIе а биллина, гIентан гIевланах дIа а тевжина, дикка Iийра, шен ойланийн кийсигаш схьагулъеш, цхьана хорша ерзон а гIерташ, амма цунах кхин гIуллакх а ца хилла, юха а гIалин некъаш гездан велира.

Иштта лелаш, тукар тухуш лерина лергина къежделла мекх а, таIIош урс хьокхуш цIанйина юьхь а, бэлар, хене хьаьжна доцуш, тIахъаьлла а долуш, наггахь яьIна сатторца, яда кечъеллачу говро санна, корта охьа а таIош, хьаьдда вогIуш драматург Бакалаев гира цунна, хьалха заманахь зударийн тай-маха, нуьйдарчий, тIара, кIаденан цуьргаш лелош хиллачу бохчанах тера жима тIоьрмиг а карахь. Уллохула тIехйолучу къоначу зудчуьнга, я йоIе хьаьсартах дуьзна шен къега бIаьргаш хьовсадора цо, ша-шена вела а къежаш. Къона волуш мехкаршца еана юкъаметтигаш дагатуьйсуш хир дара цунна — вуьшта хилла уьйраш ца йиййцича а. йиъ зуда ялийнера цо, хIора а хазаллийца цIе яххана а йолуш. Царах шиъ еллера, кхоалгIаниг — Бекисат, меца хан йолуш, балха тIехь лун бепиг ца декъархьама, кхуо тесна а йнтина, юха паргIата девлча, дегIала а еана, кехат-пондар а локхуш, синкъерамашка а хуьйшуш, шен шорлуш лаьттачу хенаша а, таме къежачу бIаьргаша а тIаьхьахьехначу Iаббалц даа бепиг хиларо сонта баьхначу боьршачу нахана:

Вай кестта Кавказе гIура ду.
Кавказе боьду некъ шарлур бу.
БIаьста вай цIехьа дирзича,
Гурахь со хьоьга йогIур ю, —

бохуш, эшарш лекха яьлча, Бакалаевс ваха а вахана: «Хьо сан зуда а ю, хIинца цIа йола», — аьлча, вукхо дуьхьал делла жоп дуьйцуш яра ерриге а Къилбе Казахстан, нохчий цIа бахана итт шо даьлча а. ЮьхьIаьржа хIоьттина Бакалаев, ша гучуваьлла-ваьллачуьра нах бийларна, лечкъаш а, уьдуш а, дехарш деш а комендантана кара ца воьдуш, Киргизе, цигара дIа Туркмене а, юха Китайн дозане а кхаьчнера (циггахь мехкан гIаролхоша саца ца винехь кхин а дIагIур вара иза, хIорда тIекхаччалц, тIаккха саца мегара— нека ца хаьара). Дукха хан ялале нохчашна цIаберза бакъо елира, цIахь нах хIумма а дагадогIучохь а бацара, хазахетаро, бIаьрхиша, цIенош дан а, цу чохь керла кхерчаш кхолла а дезаро гина къемата де а дицдина, бегаш беш, бахьана хилча а, ца хилча а буьйлуш хьийзара, цу юккъехула, ша царна вицвеллачуьра дагавале, Бакалаевс шена керла зуда а ялийра.

Аьстамар цуьнга вистхила тIеволавелира, амма кхунах бIаьрг кхетташехь, шеха яьIна а саттийна, некъана дехьа агIор а ваьлла, генахь гучуяьллачу, Iуьйренца бахархойн модаш, нехаш схьагулъеш лелачу машенна къежа а къежаш, дIавахара иза.

Аьстамарна хиира цо и стенна дина: уггаре халачу хенахь, нохчийн беррнге а аьлла яздархой, цхьацца бахьанаш а хIиттош — мискачу нахах сел къинхетаме произведенеш язйина волу Гадуев СаIид а цхьаьна, — лоьцучу заманахь арахь а вуьсуш, тIаьхьа тIом баьлча, тIаме вахна а, юха мацаллех а вала а ца леш, цуьнца цхьаьна Iедална хьалха шен юьхь цIена а латтош схьавеанчу кхуьнгара, Бакалаевгара, хIокху хазачу, лакхахь лаьттачунна доггах муьтIахь а хилчахьана, хаддаза аьшпаш биттачахьана, шортта яа а, тIеюха а, сакъера а хIума хуьлучу заманахь доккха гIалат даьллера, буьйлалучу яздархошна шен зеделларг довзийта «Алу» литцхьаьнакхетараллин гуламе а вахана. ХIинца кестта яла езаш сийлаллин грамота а яра, цундела Аьстамарца къамел дан йиш яцара цуьнан.

Гадуевс дийр дацара иза. Гадуев лоцучу буса шаьшинъ цхьаьна ресторанехь Iнйра бохуш дийцира Бакалаевс, и дIакъевлинчул тIаьхьа, урамехь, Iаьнан шийлачу махехь лаьтташ, цо шен киснара схьадаькккхина масех кехат делира шега, ша лацахь, Сталине дIадахьийталахь аьлла, и цу буса чувоьдуш, неIара тIехьа лаьтташ хиллера «кIентий», «собарделаш, со хIинцца араволу шуна», — аьлла, чоьхьа а ваьлла, шина юргIанах цхьаъ тIома кIела а диллина, язйина а, язъян йолийна а пьесаш, дийцарш, романаш, повесташ, стихаш, поэмаш чохь йолчу тIорказе гIийла бIаьрг а тоьхна, зудчуьнга уьш Iалашъелахь а аьлла, араваьллера. Ткъа цо дIатаса аьлла делла кехаташ хIокхо дIа-м муххале а ца дахьийтинера, мелхо а лаьцнийла ма хиънехь дагийнера — хIун хаьа накъост ву аьлла вадавой а, я уьш цунна кхин хьашт а ца хиллера — чувоьллина кхозлагIчу дийнахь, сатосучу хенахь, Соьлжа йисте а ваькккхина, тоьпаш тоьхна хиллера цунна — иза хIинца гучудаьлла, — кхин пхеа стагаца цхьаьна, церан узарш, маьхьарий дуьненна ца хазийта, чIогIа гIовгIа ен аьчган чарх а латийна. ХIетахь и чарх хьала ма латтайн, наха шабарш дина: Соьлжа йистехь адамех жарж бан болийна бохуш, ткъа лецначех, дукхахберш-м гIалин йистехь — хIинца цигахь аэропорт ю, хIора дийнахь дакккхий кIайн кеманаш а гIуьттуш, церан цIогIанех а нйна вайн лергашкахь дека оцу нехан орцане кхойкху аьзнаш — лаьттара, й и й т а б е[1] ладоьгIуш, масийтта гектар майда а юьзна, уллохула тIех вол-волучуьнга: «ХIей, со ЧIебарлара хьенех ву хьуна, тхо тахана Сибреха дIадуьгуш дуйла хаийталахь, хIей, со Пешхара минех ву хьуна, тхан йийтаб кхана ю боху... Со ЦIесара ву»... — бохуш, маьхьарий а детташ, лаьттара...

Уьш дагадаьхкича Аьстамаран ойла хилира: хIан-хIа, хила йиш яц дахар кхин шен лекха къайле йоцуш, ца хилча адамна стенна делла сийлахь гIиллакхаш — оьздангалла, яхь, къинхетам, уьш оцу лекхачу к ъ а й л е н е р а, вуьйш — къизалла, тешнабехк, ген, дегIан лай хилар — Iаьржачу I и н ч у ь р а ду. ХIара лакхене боьдучу некъан векал ву, цу некъаца долчу адамийн, дийнатийн, бецийн, хьаннийн, акхаройн муьлхха а бохам, шениг санна, Iаткъа а Iаьткъаш — цунах хуьлуш пайда бац боху хьо, Бакалаев, бакъ а ву: пайда бац, амма массо хIуман тIехь пайда лехча, массо а базарча а, шалхонча а, кхахьпа а хилча, халкъ хьанах хир ду; кхуо къастийна некъ пайда болуш бац, амма цуьнан шен м а ь - I н а ду, цундела и дIакхехьар тоьлаш хета-кх уьшалийн аьхначу цIуналахь, пхьидашна а, текхаргашна а луллахь вехачул.

Иштта могаш а, дахарх воккхавеш а лаьттар хилча-м, цхьа маьIна дара Бакалаевс лелочун, боху ойла ша еш, тахана Аьстамарна хаа йиш яцара, нийсса шо далале хIара Бакалаев, гIад а дайна, коьртах а телхина, тIаьххьара ялийнчу гIеметта хIоьттинчу зудчо суьдехула квартира схьа а яькккхина, цхьана генарчу гергарчу наха кхунах къахеташ, — «хета-м ца дезара жIаьлех, хIинццалц ша хьенан мила ду а ца хууш доладелла леллачу, цIога ирах а дахийтина, вонехь а, диканехь а доцуш»,—гIовгIа йийр а цуьнан верас хила дезначу воккхачу стага — юург а, вижа а меттиг а елла, беррига а сатийсам а, дукха ницкъ а ца хуьлуш, кху дуьненчуьра дIавалар хилахьара бохуш, ша мел лелийнчу харцонна тешнабехкана дохковуьйлуш, ирсе денош дуьхьал хIуьттуш, царна буса сахиллалц велха а воьлхуш, Iожалла, мацах тIам тIе ца воьдуш военкомат санна, Iехон ницкъ боцуш, б о к к ъ а л а тIекхочуш хилар хIинцца гучу а даьлла, иза моьттучул а ирча а хилла, цуо Iадавой, Iуьйккъехь: «Суна ца лаьа вала!» — мохь хьоькхий, бийшинарш сама а бохуш ,ткъа верасо: «Хьуна ца лаарх буй пайда, массо а вала везаш хилча, делан цIе яккха, валаран хьаха еза гуттар а ойлаян, хьо охьавожжалц лийли цIога белша тIе а диллина, цундела хIинца хала ду хьуна дерриге а лан, делахь а сатоха», — аьлла, хьехар дича, мелла а сина хьаам а хуьлуш, нийсса бархI баттахь ваьхначул тIаьхьа, Iаьнан чиллин пхийтта де дIадаьлча ялхийтталгIачу буса лийр ву бохург.

И хаа йиш яцара Аьстамарна хIинца, хIинца иза гIалин коьртачу урамехула вогIура, когаш кIелахь лелиичу силаман кIадалла а хаалуш. Иштта дIаоьхуш гIеххьа хан яьлча, бIагор а хьаьвзина, бIаьргаш хьалха бода а хIуттуш, легашкахь и лелина дуькъа силам а сецна, улло нисделлачу цIийнах дIа а тевжина, лаьтташ цунна дагатесира: «Охьавожахь оцу Iаьржачу силамах а нйна, дIавер вукх, малхо лала а вина, цулла а Соьлжа чу а иккхина»... ТIаккха бIаьргаш боданах паргIатдевлча, хи мала хIиттийна автоматаш а, царна рогIе лаьтташ адамаш а гира. Пенаца, цхьацца-шишша ког боккхуш цига дIагIоьртича, массо дIасахилира, некъ буьтуш. Ткъа уггаре хьалха лаьттачу жимчу стага хи мала бете даьхна стака сихха схьа а кховдийна, кхуо гIийлла, дуьхьало еш, корта ластийча: «дIамала, дIамала», — аьлла, мохь хьаькхира. Хи мелла валлалц массо а кхуьнга хьаьжжинчохь висинера, шаьш стенна хIиттина а дицдина.

Стака дассийна ваьлча, цхьана стоммачу зудчо:

— Цхьанхьа IиндагIехь охьа а хаий садаIахьа, — элира.

— Дика ду.

Вухавирзича кхунна «Книгаш арахоьцийла» бохуш у гира, цIийнан пена тIехь, лаккхахь кхозуш. НеI схьа а йиллина, ламеш тIехула хьалаволавелла иза, масех тIегIа дIа мел долу са а доIуш, шолгIачу гIате кхечира. Сени чухула дIа а вахана, «редактор» аьлла тIеяздиичу неIара чоьхьа а ваьлла, кондиционеро шелдина хIаваъ чу ма уьйзи, цунна дицделира ша кху чу стенна веана а, ши ког лаьтта а ца кхочуш лекхачу кресло чу а хиъна, набаран тар тесначуьра. неI йиллича, самаваьллачу редакторе салам-маршалла хатта а. Иза, бакъо яларе ца хьоьжуш, кресло чохь дIа а тарвелла, хи совдаьлча тIахъаьлла хьийзачу хьеран тIулгах етталучу кIар-кIаро

[1] Этап

санна, тата дечу даге ладегIа велира — жимма садаIа деза, кху чуьра аравала сих а ца луш.

Чхьоча МаIаевич, цец а ваьлла, шега хьежа ваьлча, базарахь, пхьуьйшаш хьала а дина, хьийзачу цхьана бIотIано, хаарца диг тухуш, схьаяьккхина жижиган талх дагаеара цунна — марха кхаба дезара цо, кхаа беттан марханаш, тIаккха меттаван мегара. Амма цуьнан хьеначу бетах бIаьрг тоьхча иза кхийтира, и дан цунна вала санна хала хир дуйла, хIума — Iаьржа Iов, цIен чIара, деттина жижиг — яар а, малар мийлар а ца дуьтуш, итт шо а далале, даг тIе мохь а еана...

ХIара Чхьоча МаIаевич — хьа-хьа — газетан редактор волчу хенахь, цхьаьна Хьаькимо, кхайкхина тIе а вигина: «Интернационалист стенна вац хьо?» — аьлла, — хьа-хьа — хьаьттина, ткъа хIокхо дуьненчохь мел болу дуй биина, ву ша бохуш.

Вукхо — хьа-хьа-хьа — велахь, нохчех дуьххьарлерачу хьакхарчийлелорхочух Хакиева Машурех статья стенна ца туху ахьа газета тIе?

Петр Захаров — нохчех дуьххьарлера академик, ткъа Хакиева Машура — нохчех дуьххьарлера — хьа-хьа... «Вицвеллера, гечдехьа», — аьлла, Чхьоча МаIаевич шен суьрташ доху белхахо а эцна, дIахаххкавелла вахана махал а маса дIакхаьчна ферме. Цигахь цо: «Хьажахьа, мел хаза ю уьш, херсеш, бераш санна». Ткъа белхахочо, шен дагахь хIумма а доцуш: «Ахь хIун дуьйцу? Кхарал боьха хIуманаш ян а яц. Хьожа ца хаало хьуна, я хьо боьхачу хIуманан хьожа йогIуш а вац».

Чхьоча МаIаевич верриге кIай а велла: «Ахь хIун дуьйцу! Кхин ма аьллахь. Кхарах цхьамма ала деззачу дIаалахь, — хьа-хьа — хIун дийр ду хаьий хьуна? ТIепаза войур ву». Машуран суьрташ даха буьйлабелча — херсеш марахь а, гехь а, нана-хьакхина юххехь, — кхечу къомах болу белхалой хьера ма бевлла: «Гуттар а цуьнан, нохчо ю аьлла, беш болх боццушехь. Ткъа бала хIоьттина къахьоьгуш дохку тхо?»... Машурас нохчийн маттахь: «НеIалт шуна. Ла ма дегIалахь цаьрга. Ас шаьшчул дика хIорш лелайо дела, ла ца луш дуьйцу шуна». ТIаккха — хьа-хьа — цигара цIа а веана, кхечуьнга ца язйойтуш, ша оьрсийн маттахь «Они нашли свое призвание» бохуш — нохчийн маттахь язъян хууш а вац нохчийн газетан — хьа-хьа-хьа — редактор — статья язйина, иза цхьамма «Царна карийна шаьш лехнарг» аьлла гоч а йина, араяьлча... хьа-хьа. Берриге нохчийн мотт хуу нах буьйлуш — Хьа-хьа-хьа. Хьаькимо: «И хIун ду ахь динарг»? Чхьоча МаIаевича: «Дийнна агIо дIа-м елла хьакхарчашна, гой хьуна». «Ткъа нах стенна буьйлу»... Хьа-хьа-хьа, хьа-хьа-хьа...

— Ахь хIун до? Хьо стенна воьлу? — мохь хьаькхира Чхьоча МаIаевича.

— Хьа-хьа... Бехк ма биллалахь. Цхьа хIума дагадеанера суна.



— Хьуо мила ву а, стенна веана а дийцахьа, — багара лоппагаш хIуьттуш халла луьйра жижган талх.

— Со Ицнев Аьстамар ву.

— Со Чхьоча МаIаевич...

— Хаьа. Хьо ца вевзаш мила ву, Хакиева Машурех ахьа статья язйинчахьана... Хьа-хьа...

— Хьо стенна веана?

— СадаIа. Кху чохь дика шийла а, аьхна а ю хьан. Цу тIе хьалха заманахь хьеше кхо дей, кхо буьйсий даллалц, ахь делла хаттар луш а ца хилла. Халкъан гIиллакхаш ца довзар дика дац хьуна...

Чхьочин ши бIаьрг къаьрзина тIебеънера, сихха шена уллора нуьйда таIийра цо. Оцу минотехь неIарехь дIахIоьттира, алмаз санна, юткъа-лоха зуда. Аьстамар цецвелира шена цо неI йоьллуш ца хазарна, я догIа тухучу Iуьргахула яьлла иза кху чу?

— ХIара хIунда ванйтина ахьа кху чу? — Чхьоча вусавелла эккха кечвелира.

— Чоча МаIаевич, ас-м ца ванйтина иза, со графина чохь шийла хи дан яхча чувеъна-кх, — догIа хилла охьадилхира алмаз, амма цо аьхкепан тов ца яйира, мелхо а чохь муьста-дуьра хьожа яьржира.

— Яха а гIой, догIанаш лелочуьнга схьакхайкха, хIара садаIа веанарг кху чуьра араэца алий.

Алмаз чу ма дарра, тата доцуш, къайладаьлча, Аьстамар кхийтира догIанаш лелош верг схьакхаьчча шен юха а арахь, товнах, ченех, гIовгIанах, хьожанах, кIуьрах юьзначу жоьжахатехь валла дезарх, цундела...

— Ас-м бегаш бора, Чхьоча МаIаевич. Со-м оцу сайн «Сахиллалц дийкира чIоб» бохучу сборниках хIун дан дагахь ду шу аьлла...

— А-а, и Ицнев ву хьо? Делахь гIуллакхаш кхечу кепара ду.— Юха а нуьйда а таIийна, алмаз чудийхира цо. — Ца оьшу ала, хIара кхин хилла. А-а, ХIа-а... эхь ду хьуна, советски заманахь кхиъначу, ишкол а, институт а чекхъяккха хьайна таро еллашехь, малх а, хIаваъ а, мала хи а, шекаран чай а, кIайн бепиг а, виран голаш а хьайна еллашехь, эхь ца хета хьуна, иштта вуон цIе хьайн яккхийта?..

— ХIун цIе?

— ХIа-а хьо-м хIинца дIаволалур ма вуй, ас дина хIумма а даций — ду! — Сан бехк баций — бу! — ахь дина хIума а, я хьан бехк а ца хилча, Хьаькимо стенна тиллина хьуна и цIе? ХIахI? Вист ца хуьлу хьо? Цахилар гIоле а ю. Селхана чаданаш, Iайгаш дечу фабрико а, венерологически диспансеро а, Баьццарчу базаро а, БоргIанерчу лечебницо а, Iалхан-юьртарчу хьакхарчийлелорхоша а, тхан коллективо а, цхьабарт болуш, емал вина хьо! «Алу» тов! Кхин хIун алу еза хьуна, революцис хьайна белла малх хил-

ча? Литцхьаьнакхетаралла тов! Пушкин хилла кхунах — чӀу-у-чӀ! Ахь яздина дийцарш магийна волу редактор а оха тоххарехь цӀехьа вахийтина, кхин идеологически фронтехь болх гур бац цунна а велла дӀаваллалц. Ткъа хьо хьайн юьрта дӀа а гӀой, хьуо ву а, вац а ца хоуьйтуш, яраш юккъехь дӀа а табий Ӏе. ХӀахӀ! Дерриге а халкъ, ког нисбина, — гӀарт-гӀирт-гӀарт-гӀирт — хьалха дӀаоьхуш ду, ткъа хьо а, хьох тера масех а юьстах теӀаш ву. Иза Ӏадда диталаш!

— Дика ду. И сан сборник схьалохьа.

— ДӀаелча, ахьа хьайга ца елла аьлла, тхо суьде лур ду. Почтехула дӀайоуьйтур ю, законо ма-боххура. Со-м хьаха вац либерал. Эхь хуьлда шуна, националисташна! — жижиган талхах, цӀечу лоппагах юсаелла, беснеш дӀаса а яхана, ши бӀаьрг а къаьрзина бӀаьстенца уьшал йисте ека хиъна пхьид хиллера.

ТӀаккха цӀеххьана гӀанта буьххьера охьа а иккхина, — гӀартгӀирт, гӀарт-гӀирт — чухула дӀаса а волалуш, йир йолийра цо:

Вихри враждебные веют над нами...

Малхо шен силам доьттинчу ялгӀу тӀехь адамаш а, машенаш а кхорзучу ураме велира Аьстамар юха а, цкъа хьалха ялтийн хьаьтта тӀегуллучу олхазарех, тӀаккха еллачу бежанна я говрана гобинчу къийгех ойланаш еш.

Адамех массарех а къийгаш хилча, цхьаъ жимма гор вужжушехь зӀакарш тоха кийчча, — шена налхи тӀе йилла Ӏаьржа Ӏовелча-м муххале а — хӀун хир ду дуьненах? Тахана хьо, зӀок еттарг, кхана и зӀакарш ловш хила а ма тарло, тӀаккха ахьа халла хьала а таьӀна, лаьтта тӀехула дӀа бӀаьрг кхарстийча, хьуна карор дац хьайх доглазам болу бӀаьргаш, хӀунда аьлча жимма хьалха хьо хьуо а иштта ца хилла дела.

Баьццара басар хьаькхна аьчган ков дӀа а теттина ша кетӀа ваьлча, йиттина хӀуманаш хьалаухкуш йоллу йиша, шен кararниг охьа а йожийна шега хьежа хӀоьттича, Аьстамарна дагаеара генагеналлера062 бералла, ша когавахана, лаьтта тӀехула дӀаволавелла кхо шо а далале, куьг а лаьцна, хӀокхо, шен йоккхах йолчу йишас хьалха маьждиг хиллачохь, момсар дӀа а яьккхина, йиччу клубе вигна а, цигахь дуккхачу нехан тайп-тайпана хьожанаш халла ловш, ша хьаста гӀертачех къеххкаш, йишина тӀехьа лечкьар а, чуьра гӀанташ кхачалуччохь йолчу паднаран хьалхара кирхьанаш дӀа а оьзна, цигахь лепачу цӀечу кӀаденан гӀабалеш а юьйхина, масех кхиъна йогӀу йоӀ гучуяьлча, цара, цхьамма пондар а озош, лекхначу:

Яхийта, мама,
Яхийта, мама,
Нийсархошца цхьа кӀудал хи дан,
Яхийта, мама, —



бохучу эшаре, бага а гӀаттийна, ладегӀна а, нанас хи дан стенна ца йохуьйту иза, массо а ма воьду цига бохуш, шен хилла ойла а. ТӀаккха оцу гӀабалел цӀен басар балдашна хьаькхначу, дагар долуш дуьхьалтийсинчу шайтӀанах терачу пондарчас:

Мама ма ю,
Шена ма ю,
Дада ма ву,
Шена ма ву,
Поьлху ериг
Со цхьаъ бен яц,
Ма гӀо, кӀорни,
Со йитий дӀа, —

боху йиш лекхча, цунна, берана, ненан и хитӀе ца яхийта бахьана хилар цхьана тамашийначу синхаамашца тосаделира. Мама муха ю шена? Дада муха ву шена? И шиъ ший а кхуьнан ду-кх, ткъа иза, мама а, дада а витина, дӀаяха гӀерташ ю цхьана кӀорница, — И хӀун кӀорни ду? — маминий, дадиний ца луъушехь,, цуьнан бӀаьргаш а ду цхьа вуо хӀума — чай молу кад кагбан я шурин чу шеташ тоха — дагадеъча санна, цхьа тамашийна къегаш, — кхунна ца езаелира и йоӀ а, цуьнан йиш а. Цундела кхунна чӀогӀа ца лаьара шен йоккхахйолчу йишас, цӀахь горгам хьоккхуш, я цӀе латош, я нана цхьанхьа яхча, мижарган деш, пешан гонаха хьийзаш а, и «мама ма ю»... боху йиш локхийла, амма вукхо, кхин тайпаниг йоцуш санна, гуттар а и бен кхин лакха а ца локхура. ХӀара кхоьрура и йиш лекхна, лекхна, лекхна, цкъа цхьана дийнахь мама а, дада а, ша а витина йиша оцу «кӀорница» дӀаяхарна.

Эххар а хила а хилира хӀара кхийринарг: цхьана гуьйренан буса, наб кхетта моттуьйтуш вижна Ӏуьллучу хӀокхунна барт а белла, иза араелира. Велха а, тӀаьхьа а вахана и схьаялон а, ца ягӀахь цунна етта а лууш, амма хӀумма а ца деш, кӀур тийсинчу, мехкдаьттан хьожа яржочу стогаран гӀийлачу лепаре а хьоьжуш, Ӏиллира иза сатаса доллалц, сатосуш наб кхетта хиллера. Нанас гӀаттийра, хӀума яа аьлла. Цхьа гӀийла лаьттара цӀа а, уьйтӀе а, цхьа дог ца догӀуш цкъа-шозза кхайкхира кетӀахь боргӀал а, етт, шинарий а доьдура, кортош а оллийна дажа, — хӀора Ӏуьйранна шайна тӀе куьг хьоккхуш, хьостуш, бай-й сараг бетташ, юьрта йисте шаьш дажа дуьгуш хилла Полла а ца гуш, малх мархаша къайлабаьккхинера, — массо хӀума а дара кхоьлина.

Ехха лезира Аьстамаран кийрахь дуьне диллича хьана, доьзалера гергарнаш, цкъа хьалха вовшах къаьстий, бехаш, юха цхьацца волуш, дӀа а волуш, тӀаьхьависинчо — уггаре а декъазчо — лаьтте а берзош, схьадогӀучу дахаран хийца йиш йоцчу гӀиллакхан дуьххьарлера чов. Ткъа и «кӀорни» гӀалара хиллера — «шена атта ехар ю, дечиг дан я хи кхехьа а ца дезаш, аьтто хьаха хиллера Поллин-м».

Иза, дийнахь кхузза кӀайн бепиг а, делкъана копаста тухуш

йина чорпа а юу дела, гlеххьа кура а вара: ткъа юьртахь кlайчу хьаьжкlийн ахьар бен дацара, иза гуттар а дуу дела кlорда а динера, хlинца-м хlетахьлера кхачанаш: мижаргаш, тlуо-берам, кхеххийна кхоьаш — чlогlа мерза хета. Юккъерчу Азехь мацалло адам хlаллакдина пхийттех шо даьллехь а, са меца лаьттара — и-м хlинца шовзткъа шо даьлча а дуьзна дац, — цундела гlаларчу невцан гlеххьа схьаеъна гай, хьалха, цlера дахале санна осала-м муххале а ца хетара, мелхо а ларош хиларан билгало лорура, цуьнан шуьйра лаба йолу хурашкано а, цо юкъа-кара буьйцучу оьрсийн матто а нуц къоман керлачу, гlалахойн, тобанах хилар гойтура.

Товlелла кира тlедуттуш, дассош лийлира, тlаккха, хьаькимна амал а тайна, нехан хьашт мел долу сурсат — налха, lов, жижиг, lаьржа кlа, кампеташ, йоьхьаш — къайлаха дlадохка йиш йолчу балха хlоьттира, ша а, ша цига хlоттийнарш а бустош. Тlаккха Поллина иза кхин а вазвелира: ша балхара чувале, мела хи чохь ванна а, кlеда гатанаш а, хи кхерзиничул тlаьхьа, гоьнах тера, мохарчий оьху коч-хечий тlе ма дуьйхи, яа волавала кийчча помидорех, копастанах, кхеххийна цlен бурак нэйина салат а, жижиггала а (наггахь манташ ян бакъо а лора), тlаккха тlемала чай а, Итум-Кхаьллара мах ца къуьйсуш эцна, Башломан когашкарчу цанаш юккъехь цlен, сийна, можа, кlайн къерзачу зезагаша тlера накхарша гулдина дашо бос болу моз а стоьл тlе охьадилла жимма а хьеделча, мохь хьекха волалой, юха балха воьду хан тlекхаччалц ца соцура.

Вуза мел вуьзи а, сица вассалу шен майра гучу Поллин бlаьргийн лепар кхин тlе а кхоьлира, цуна юх-юха а дагаоьхура ша кхиъна хьаннийн аьрцнаш, къаьсттина гlа дукълучу хенахь, хlетахь хесаш охкуш, хох, саьрамсекх дlабуьйш, царна гонаха серий дуьйгlуш лелара; хьалха кlордош хилла и болх марзбелла, цкъа уьйтlахь хас дан хlоьттина хlара, массо хlума а дицделла, цlаван веза шен майра а тlехь, катоьхина йоллуш, садайра, эцца цlа кхаьчначу Товlелас, оззийна схьаяькккхина бел кхоьссина дlаяхийтира: «Хlун ца тоьа хьуна? Сан хlун хьалха даккха гlерта хьо, кхо-йиъ помидор, я пхи-ялх хох а кхиийна? Со юьхьlаьржа стенна хlиттаво ахьа?! Ас хьуна яьшканашца, — дийнна яьшканашца! — чу ма кхоьхьу помидораш а, апельсинаш а, наьрсаш а, хурма а, хохаш а, саьрамсекхаш а, петрушка а, кишмиш а, ва ден букъ а, ненан голаш а»...

Цул тlаьхьа цхьана аьхкенан сарахь шен пхьор а диъна, гай тlе ши куьг а диллина, «lахь-хь» аьлла озавелча, Поллина иза берстинчу, боккхачу мукадахках тарвелира, бlаьргаш а хьакхийна, юхахьаьжча а, иза, ша ма-хиллара, нана-боккха мукадахка бара, дукха барстарна, даьтта тlе а даьлла, лепа а лепаш... Эццахь бlагор а беана, дог вон а хилла охьайоьжна Полла масех минотехь lиллира, тlаккха хlуо кхетийта кетlа а яьлла, аьхкенан буьйсанехь лаьтташ, иза дохкоелира ша: «Мама ма ю, шена ма ю»... боху йиш лекхна а, цаьпцалгийн цкъар лаьтта, мелчу махо хьаннашкара тайп-тайпана хьожанаш кхоьхьу, наггахь lохучу бухlано, я декачу чlоьбо бен тийналла ца йохайо суьйренаш дlатесна а, цуна чlогlа лиира юха а дагна сел гергарчу меттигашкахь хила, lуьйранна етт узуш, цхьана кхечу эшаран, масала, хlокхуьнан:

Хьалахьожий ойла йо ас,
Охьахьожий ойла йо ас,
Ойла йо ас, сан нийсархой,
Суо декъала ца хиларан, —

мукъам беш lен, тlаккха... Эццахь цо ойланаш юкъах йохура, иза цкъа а юха хир доцийла а, ша хlокху гlаларчу дахаро, Товlелин лаамо, уьшало санна, кlорга, кlорга, кхин а кlорга чуийзош, тlаьхьара къайлайоккхург хилар а дага а тосий. Тlаьхьа ши берйоl, кlант — хилча, цунна мелла а йицъелира уьшал, иза хьулйира кхуьучу доьзалах йоккхаеран, юкъа-юккъехь зезагаш долчу бацо...

Лаьтта охьайожийна йиттина кlентан коч хьала а ца оьцуш, кхуьнга хьоьжуш лаьттара йиша, эххар:

— Хьуна хlун хилла? — элира.

— Хlумма а.

— Муха хlумма а?

— Иштта, — охьакхевдина лаьттара коч хьалаоьцуш а, тlаккха йишас: «Схьаял, хlара кхин цкъа а хи чу хьакхо еза» олучу юкъана а Аьстамар кхиира: «Хlан-хlа, эр дац аса, хlара кхеторхьама, дехха дийца деза, сох махкана а вевзаш стаг хирг хиларх тешначу кхуьнан дог стенна дохадо, цу тlе, хьайн гlуллакх доцург а ца лелош, lаддаlе везаш хиллера аьлла, цунна дагадеанийла хаахь, гуттар а хала хир ду», — боху ойла ян.

— Цхьа lадийча санна ма ву хьо?

— Мацвелла со. Наб а ца йина.

Чу а вахана, стоьла хьалха охьа а хиъна, хьалха йиллина тайптайпана яахlуманаш, жlаьлеша эккхийна воьдуш санна юуш а тlаьхьа кхехкачуьра схьадоьттина чай, шелдаллалц ца lаш, «кхурт» аьлла дlамолуш а, шега хьуьйсу йишин цецдевллачу бlаьргийн тидам ца хилира, уьш вуьзна ваьллачул тlаьхьа гира.

— Кlадвелла со, — бехкала вахана, вела а къежаш, элира цо.

Дивана тlе бертал вужжушехь, берд санна, тlехаьрциначу набаро кlелхьарчийна иза, эхасохьтехь сов lиллина, самаиккхира, хьацаран кlур а хилла. Сихха когаш тlе хьалахlоьттича, цунна ца хиира шен дегl дайдинарг наб ю, я шена хlиццца д а г а д е а н а р г ду.

— Собарде, жимма садаlа. Стенга сихвелла хьо? — бохуш тlаьхьа кетlа яьллачу йишига вухахьаьжча, Аьстамарна хийтира: кхин а чlогlа хала хир дар-кха, кlуьрах, кlуьрзах, цхьаннах lехаделлачу я дерригенах а догдиллиничу, ирсечу я декъазчу, дерстинчу

я озачу, малхо кортош доттучу адамех, Соьлжа юххе гIертачу кхо-кхарчех, юкъарчу кхачабуийлех, суьйренца нах шайн синкъера-машца, баланашца, даккхий синош дахарца, хьацарийн хьожанаш-ца чуоьцучу цIенойх, ченех садукъделла, дуьххьарлера баьццара бос байначу диттех, лерринчу машенашца дIасакхуьйлучу дилха алсам хиларца а, шаьш-шайх тешарца а кхечарех къестачу хьаь-камех а юьзначу хIокху гIали тIехь, мацах цкъа яьлла хьун йолуш, нохчийн ширачу ярташа гобина Iиллинчу тогIи чохь, лолла тIела-ца ца луучу ламаройн ялташ а, ярташ а, цIарца яго а, дешица кIиллой оьцуш шегахьа баха а Ярмол-сардало дуьххьара тоьла а яьккхина дIайолаеллачу хIокху гIали тIехь гергарчу син гIайре — йиша ца хилча.

ТIаккха, социйле дIавоьдуш, цунна дагавеара эхь хеташ, нйзалуш нншколе воьду жима кIант — ша, ловзуш лелачу берашна юккъехь билгала йоI, юха иза гIала дIа а яхана, цунна сагатдар, къаьсттина буьйсанна дIавуьжуш, пенех тоьхначу басмин тIерачу суьрташка — Iеха санна вовшех дозаделлачу сийний, цIенний па-тарш долчу зезагашка — хьоьжуш, юха гIенаш гуш а, ца гуш а буьйса чекх а яьлла, юьхь-куьг а дилина, тIоьрмига чу уьйтIахь охьабоьжна Iуьллу ши Iаж (цхьаъ — цунна, важа — шена) а бил-лина, йис теснач екхначу Iуьйренехула ншколе некъ беш, цигахь гур яц техьа иза боху сатийсам а, дIакхаьчча, и ништта а ца нис-делча хилла дегаIовжам а.

Социйле дIа а кхаьчна, ах есачу трамвайна чу а хиъна, дIавоь-душ дагадеара: иза йоккха а хилла юха юьрта яр а, ша а, иза а-дуьнан накъост а — Iаьржачу аматера тийна-таьIна йоI — цIийна тIехьа бешахь Iар а, боча-бIоран доккхачу диттах муш а тосуш бинчу буржум[1] тIе а хиъна, дIасатехкар а, гIах литталун аьхкенан беттаса а, цу шимма дехарца ша стихаш ешар а — сатаса дола-луш къаьстира уьш хIетахь.

Трамвайна тIера охьа а воьссина, кхин дIа а гIаш некъ беш, цунна дагадеара ша дуьххьара цуьнга яздина кехат, цхьа а хIума лечкъа а ца деш, ма-барра шен сатийсамаш а буьйцуш, иза кехат а дацара, иза яьлла цIе яра, жима волуш лата йолаелла, хIинца верриге а хIара дIалаьцначу цIеран цинц бара, конверта чу а бил-лина бахьийтина, ткъа вукхо дуьхьал почтехула овкъарш яийтира, кхуьнан цIе, тIе хи а тоьхна дIаяйича хилларш: «Хуур ду-кх, за-мано гойтур ду-кх»...

Масех дийнахь лезира кехатан шелоно йина хьу, амма эххар а цIаро мерцира и, тIаккха, куьйгаш а датош, схьаэцна юха а цу цIе-ран цинц конверта чу а биллина дIатесира. ХьалхалерранИг хилира. КхоалгIа а яхьийтира цIе, тIаккха дуьхьал еанчу конверта чохь ннара овкъарш. кхуьнан цIе яра, тIулг буьллуш, го а тобина, тIе масех дечиг а диллина, дехьа-сехьа кхийссаделла кIегий цхьана

[1] Бираьнчик (днал).



метта а гулдина, марсаьлла хилар алуне а дирзина. Иза схьа ма нйцци, яьхьна дIо юьрта йистерчу бIов чу товхана охьайиллинехь, дика кхерч хир бара, кхушинна делла дIадаллалц дехьий-сехьий а хиъна Iен, алу ца яйта тIе чIийш а тосуш, гIелъелча «хIуп» а олуш. Амма хIетахь оцу кхерче болчу сатийсамах а тоамбина Iад-даIийра: иза цкъа мацца а кхочушхир ду-кх бохучо а самукъадок-кхуш лийлира, ништта леллашехь, бIов, цкъа мохк бегийча, эккха а иккхина, юха доккха ло деача ах чуюьйжира. Цул тIаьхьа иза баттана Iен юьрта гергара нах болчу еача, Iуьйранна бежанаш дIалахка эвла йисте мел йогIу, БIаьндукъ-ломара маьлхан зIаь-нарш цкъа хьалха даьгначу дукъа, юха яьхкина жимчу ахка чу кхетталц, цуьнца къамелаш дуьйцуш лаьтташ, бIов чохь Iерах йолу ойланаш дIа а евлла, жим-жима кхоллалуш хьуьна йистехь ханнех динчу цIийне сатийсам кхоллабелира.

ХIинца хIара Зугаше оцу цIа чохь, схьакхеттачу малхана а, догIучу догIанна а хастам беш, цIенчу ойланашца шаьшшиъ муха дехар ду дийца воьдура.

Даккхий ангалин кораш долчу цхьана цIа чохь яра Зугашас болх бен аптека. ХIара чоьхьа ма-велли, касси хьалха Iачу йоIа, «здрасте» аьлла, ела а къежна, кхайкхина схьаялийра иза. Цхьал-хачу дегIа тIехь нйза ца луш даьккхина чет долу кIайн халат а юьйхина, хенашкара а, белшашкара а хьалхачул дикка горг а елла, схьайогIу Зугаша гучуяьлча Аьстамар кхийтира, аптекин гар а, чуьра хьал а, йоI-кассахо а шена гуттар санна стенна ца хетта — иза хийцаеллера. ХIокху цхьана баттахь Iеминера цунна и коча сетта болар а, и ша-шех тоам бина елакъажар а, и майрра бIаьргаш чу хьажар а, кхин дуккха а.

— ХIа-а, отметиться дан веана хьо? Баттахь цкъа гучу а во-луш...

— Лара ца веш, экзаменаш...

— ДIаевлин уьш? ЦIен диплом дуй хьан?

— ХIан-хIа.

— И муха нисдели? Со йолчу ван ка а ца йолуш, чIогIа доь-шуш ма вара хьо.

И барт хаттар а керла дара, хьалха лаьтта бIаьра а йогIалой, кхуьнан массо дош, леррина ладоьгIуш, тIеоьцура, дIадаьлла те-хьа и дерриге а аьлла, леррина цуьнан коьртера дуьйна когашка кхаччалц бIаьрг кхарстийра цо, тIаккха хьажарца юханехьа воь-ду иза, хенаш тIе ма кхеччи, сацавелира, цхьа эвхьаза ойла а — хIинцца дуьххьара, цуьнца лаьтташ — кхоллаелла. Иза кхийти-ра — дерриге а дIадаьллера, Зугаша дегIаца хийцаелла ца Iаш, сица а хийцаеллера, амма шен даге ладоьгIча, цецвелира, ништта хилча а еза-кх шена и аьлла.

— Цхьа хьехархо дуьхьал яьллера суна.

— ХIа-а, хьо чIогIа принципиальни ма ву, бакъдерг юьхьа дуьххьал дIаолуш. Цундела хьуна цIен диплом а ца делла, хьо ин-

ститутехь балхахь а ца витина... — Зугашина, дийца ца оьшуш, хууш дара дерриге а.

— Зугаша, вайшиъ хIара боьха гIала а йитина, юьртахь Iийр ду, дуьххьара школе иххинчохь, хьо бежнаш лахка еача, ахка йистехь — тIе малх а кхетта и лепа даллалц — вайшиъ лаьттинчохь, дагадогIийн хьуна, дIо хьун дIайолалуччохь, уллохула охьадогIуш шовда а, гонаха шира беш а йолуш лаьттина деса цIа. Вайшимма беш а карлайоккхур ю, цIа а тодийр ду, догIа догIучу хенахь чохь Iийр ду, пешахь йогуш йоккха цIе а хир ю, «тIах-тIихханехь», дечигаш а лелхаш, яй а кхехкаш, со дехьачохь яздеш Iийр ву, хьо сехьачохь цхьацца деш, догIа дIасецча, чубуза лахбелла малх мархаш тIехьара гучубаьлча вайша арадер ду, суьйре дIа яьлла, маьркIажан бода богIуш ган...

— ХIи-хIи-хIи... «ТIах-тIиххханехь» дечигаш лелхаш... ХIи-хIи-хIи, — аркъал а сетташ йоьлура Зугаша, халатан лахара нуьйда дIатасаза йолчухула рогI-рогIана кIайн настарш гучу а йохуш.

— Стенна йоьлу хьо?

— ДIа маца доьду вайшиъ?

— Хьо дIаягIахь — хIинцца а, ас бэккъал боху.

— ХIи-хIи-хIи. Хьо-м хIинца а стиглахула лелаш ву, я охьавосса дагахь а вац.

— Муха? Стенна?

И ши хаттар багара даьллачул тIаьхьа бен ца хиира Аьстамарна дерриге а эрна дуйла, ша неI тIе а чIаьгIна, арахь висний, хIинца мел чIогIа еттарх, цо и схьайоьллур йоций. Кхечаьрга безам боьдуш, иза буьтуш, цхьанна а тIехь ойла ца соцуш, дерриге хиндерг хIара Зугаша хеташ, лаьттах сай боьллина ча санна, лийлира, ткъа сай-м, хIара леллашехь, кхуьнан лаамера а баьлла, тоххарехь кхин амалш а Iемина, адамийн хьуьнхахула бола а белла, лелаш бу, я хьан къамелех, дийцарех Iехабелла шена кечйинчу метта юха бан дагахь а бац. Цу дерригенах кхетча а, ша дIа ца вохуьйтуш сецон бахьана хIун ду хиира цунна эххар а: Зугашин сига болу безам дIабаьллехь а, цуьнан дегIе биснера.

— Суна гIалахь Iа лаьа, квартира а, машен а...

КхиндIа цунна оьшург Аьстамарна а хаьара, Евгений Ахмарходжиевича тахана Iуьйранна ягарийнера уьш: Iаьржа Iов а, талонашка ца хьоьжуш налха а, босболу копаста а...

— Ши ност хаза ю хьан, — юккъехула элира цо.

— Кхин хIумма юй? — цIийелира иза.

— Балдаш а.

— Дика ду. Iодика йойла.

Цул тIаьхьа цкъа а кхача а лур дуй техьа аьлла, дахделла де чаккхене такхийна боьду цIийбелла, кIуьрзах буьзна малх а тергалбеш, лелаш, Аьстамара шен, Зугашин мел хилла цхьаьнакхетар дагалоьцура. ДIа ойла йича таханлера къастар цIеххьана доцийла а хиира, масех кIира хьалха церан ураме а вахана, — кегий догIа серсаш де дара иза — лулара йоI цуьнга кхайкха а яхийтина, и юхаян хье а елла лаьтташ а, юхаеъча цо и цIахь яц гергарчу нахе яхана аьлла, дIавоьдуш а, шен йоьхна дог-ойла оцу йочанах йоцуш, Зугашин, шен юкъаметтиг йохар хьоьхучу синхаамах хиллийла а.

Малх, кхин тIе а цIийбелла, гIалин лекхачу цIенош тIехула чубуьзира, маьркIажан бода а буьйлира. Аьстамар, коьртехь кхоллалун: «Цхьалха цхьаъ со кхерста адамийн хьуьнхахь, Гежа, таьIна, синкъераме яххьаш, Ма тийна ду, ма деса ду дуьне, ЙогIур юй-те кхане, бIаьсте яхьаш?» — боху могIанаш а доьшуш, волавелла кхахьпанийн хIух даьтта доккхучу заводан юххехула аьчган некъаца охьавара. Генавалале масех километр еха ворта йолуш стаг гира цунна, екхначу стиглахула хьаьдда доьдучу кеманна корехула чу хьоьжура иза. Набарх гуш бIарлагIаш-м яц техьа хIорш аьлла, бIаьргаш тIе а дехкина, схьадиллира цо — яцара. Эццахь лакхара охьахьаьжча, хIара а гина, шен ворта яцйира вукхо — иза поэт, драматург Ниттаев вара.

Цо элира:

— ДагадогIийн хьуна ас язйина статья, адамийн таронех лаьцна? «Адамийн хIуъу дан йиш ю шех, шен дегIах». Цхьаберш чIогIа дуьхьал бевлира суна. Иза ас сайн ворта яхъяла йолаелча язйира хьуна.

— И муха яхло хьан?

— Сатийсамо яхъйо-кх. Жимчохь сан сатийсам бара кема хехка. Воккха мел хили дIа-м муххале а ца болура иза, мелхо а чIагIлуш бу-кх. Цундела хIора сарахь кхуза а вогIий, кеманашка хьоьжура со, царна тIекхача а гIерташ. Иштта, жим-жима яхлуш, яхлуш, яхъелир-кха хIара, хIинца кхо-йиъ километр лакхахьахула доьдучу кеманна корахула чухьажа йиш ю-кх сан.

— Иштта хилча-м, и кема ворганца схьалаца а йиш ю хьан?

— Цкъа лецира аса, ши ког рельсах а тесна, Iаьржа кIур а тосуш, дIахахкаделира иза. Эццахь дIа ца хецнехьара, ворта хадайора сан. ХIа-хIа, хIа-хIа-хIа! — вела а воьлуш, шен кисанара хьаладаьккхина кIайн кисин йовлакх хьаькхира цо къамкъарган зIакарх.

— И кеманаш санна, Iаьржа болх а дукха безаш вара со. Наггахь сагатлой, чуьра ишкап, диван, шипанер дIасатекхайо ас. ХIинца-м кхахьпанийн хIух даьтта доккхучу заводаца барт бина ас, хIора сарахь церан искладехь галеш дIасакхоьхьур ду аьлла. ХIахI-хIа, хIа-хIа-хIа.

Цуьнан велар шолгIа а хезча, Аьстамарна дагадеара, иттех шо хьалха иза а, лохачу дегIахь, кIунзал бала болабелла кхин цхьаъ а шайна юьрта фольклор (тIаьхьо хиира иза туьйранаш, иллеш, кицанаш, хIетал-металш юйла) гулъян веъча, шайн кетIа хIоттар а, дас уьйтIахь лоха горга стол а хIоттийна, охьа а хаийна, доккхачу сахьа чохь Iежаш,хьечаш, кхораш — стоьмаш хуьлу

аьхкенан тІаьххьара бутт бара иза — хьалха а дехкина, йовха юург схьаяллалц хилларш, лелларш дуьйцуш Іаш, дас: «ХІокху чуьра кІант а ма вара, кехаташ тІе цхьацца къоламаш хьоькхуш, схьадал уьш», — аьлча, ша эхь хетта цІий а велла, мера тІе хьацар а тоьхна тептар а эцна царна тІе вахар а.

ХІетахь леррина кхуьнан бІаьра а хьаьжна: «Поэт ву хьо? ХІахІ-хІа, хІа-хІа-хІа», — аьлла, велавелира Ниттаев. ТІаккха тептар доьшуш корта лестабора цо: «Хьажжахь, чІогІа дика аьлла. Молодец! Пионерах лаьцна а яздина. О-о, Даймехкан Іалам! Ешахьа цкъа», — накъосте кховдийра цо тептар.

«О-о, Даймехкан Іалам! Поэт хир волуш-м хьаха ву», — элира цо а. «ХІара стихаш ас дІахьур ю. Альманах ларде ахь, цу тІехь хир ю хьуна кхарех цхьаерш», — элира Ниттаевс, кхурах йоккха церг а тоьхна, цунах там хилла, «У-у-у» аьлла, узар а беш, велакъажарца корта дІаса а ластош.

ТІаккха чуьрчара катоьхнна дІасахьаьвзина дина чІепалгаш, Ниттаевс, тІо а бехна, цу чу а, вукхо даьттан чу а Іуттуш, даа а диъна, тІе шура тоьхна бецан чай а мелла, дІаваха шаьшшиъ хьалагІаьттича, нана тІе а кхайкхина: «ХІара кІант дика лелавелахь, — хІахІ-хІа — хІара вайна оьшур волуш ву хьуна, — ХІа-хІа-хІа. ХІора Іуьйранна — манин худар, ца хилча ахьарниг а мегар ду, делкъанна — копастапан чорпа, стоьмаш, хасстоьмаш кхоа ма бе, жижиг а хила деза шен рогІехь, дукха дерстина а доцуш, котамийниг дика хир ду, цуьнца ю хьекъал сихха кхиарна оьшу к о м п о н е н т а ш — ХІахІ-хІа-хІа», — хьехар а дина, и шен велар ца хадош анайистехь къайлавелира, поэт, драматург Ниттаев. Къайлаваьлча а иттех минотехь дийкира цуьнан велар — оццул чІогІа хазахеттера цуна ламанан жимчу юьртахь поэт карийна.

Цул тІаьхьа пхи-ялх шарахь альманахан ара мел йолу номер листира Аьстамара, амма стихаш гучуйовлуш яцара, хІетте а хІара ца тешара, оццул хаза кеч а велла, кІайн коч а юьйхина, Іаьржа шляпа а тиллина, цхьа а ламаройн дош юкъа а ца кхуссуш, шерра охьара мотт а буьйцучу Ниттаевс ша Іехийна бохучух, гІенахьчул дагахь а дацара и Аьстамарна. Цундела альманах арадала бутт хан йолуш волалой почте хьалха а воьдий, буьйса а, де а цигахь доккхуш Іара, цу чохь болх бечу стага, кІордийна, хьех, мерах чекхваьлла-кх хьо шена аьлча а, тІаьхьа жІаьлеш хецча а, цІа ца воьдуш. Цкъа гуьйренан догІанехь а висина, цомгаш а хилира.

Амма кхуьнан стихашна доьгІна ца хиллера альманахехь арайовлар. Цул а хала дара яздархойн, художникийн, министрийн...— тІекІелдиичу лекхачу цІенош чу а оьхуш, нйза а ца луш, цу чохь белхаш а беш, уггаре а хьекъале а, нийса а дерг бен лела а ца деш бехаш бу аьлла хетачу нехан дуьненера волчу Ниттаевс боьттина аьшпаш лан.



ХІара ойланех юкъахваьлча а, Ниттаев саццаза, къамел деш вара.

— Иштта кеманаш а, Іаьржа болх а беззашехь, со литературе стенна веана бохий ахь? Схьавола, хІоккхуза рельса тІе охьахаа. ЦІерпошта йогІуш хьалагІоттур вайша. Хьажал хьо, ткъе вуьрхІийтталгІачу шарахь а, цул тІаьхьа а вайн яздархой хьовха, къонаха мел ву аьлларг а юьстах ваьккхина, цхьаболчарех оцу минотехь жарж бина, вуьйш Сибреха бахийтина, цигахь вайн цхьана яздархочун мара охьа а боьжна — хьуна гина хир ву иза, — вуьйш белла. Доцца аьлча, яздархойх веза а, чуволлаза а висна шиъ хилла и Бакалаев а, кхин цхьаъ а. И шолгІаниг вай Казахстанехь долуш, мотт беста а бистина, и бага а ца тарлуш, са а дукъделла велла, ас цунна хІумма а ца боху, наха дийцарехь оцу маттаца болх бинчух тера дара цо. Лацазий, везий, кулак вина Сибреха вахийтаза виснарг, схьа а лахьийна, лаьхкина вагонаш тІе а баьхна, дІахьовсийра, хьуна ма-хаъара, аьлча а, хьуна ма-хаззара. Хьо хІетахь-м планехь а ца хилла — хІахІ-хІа. ХІинца хьалаайалолахь, хІара цІерпошт тІехйолуьйтур ю вайша. ОхІ, и гІовгІа. ХІинца охьалахло хьо, дІаяха хьуна и кІар-кІар. ДІадуьйцуш ма вара со. Циггахь тоьлларш бала а белла, биснарш ядош, лачкъош, ша хІаллакван тІаьхьаваьллачунна урс Іуттуш, дІахьаьжча йист а ца гун казахийн аренаш денъеш, къа а хьоьгуш, хене а бевлла, тІаккха цІа бахийта аьлла, Хрущевс маршо а елла, юха цІабоьлхучарна лун а кехаташ а хьаькимаша (вайн къомах дара хьуна и жІаьлеш) къайлах духкуш а хилла, берриг а бахам дІалуш уьш а эцна, цІехьа буьйлабелира, ткъа цІахь хьо цІаваре хьоьжуш мила ву, хьан тІаьхьа мел дисина хІума хьала а кхаьллина, хьан хьешана динача оти чохь хьаштагІаш йина Іохкуш бу-кх, шайн татанаш а деш, хьо цІа вогІу аьлча, самукъа муха долу церан, цундела Соьлжа-гІалахь гІурт ма бира цара, вайн хьаькамаш чохь болу цІа схьа а лоцуш, Хрущевна вуон хІуманаш а дуьйцуш, цундела царна Никитас дан деззарг а дир-кха — цунна памятник хІоттон езаш а яркха хьуна хІокху гІали тІехь. Делахь а хІоттайойтур яц. ДІаалахь Іедалан мостагІ а вина, охьахаор ву. ХІан, кхин цхьаъ а йогІу, хІара цІогІа а детташ, деллахьа котаме ма хІоа дойтур дацара аша хІокху аьчган новкъахь. ДІаяха. ХІан, схьавола. Охьалахло. ХІокху некъа йистехь бен со дийца ваьхьар волуш хІуманаш дац хьуна, ас хьоьга дуьйцурш, кхечахьа хилча, масийтта бІе метр генара шайн милтІикІоз тІе а хьажийна, дІалоцур дара къамел... Иштта дІа метта хІоттийра республика. ТІехь цхьацца учрежденийн цІераш язйина, аннаш хьалатуьйхира: «Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт», «Нохч-ГІалгІайн Іилманан-талламан институт», «Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан театр», и. дІ. кх. Аннаш хьалатохарх буй пайда, цу чу охьаховша нах ца хилча, вайнахах берш буьйцу ас. Сайна сискал яккха меттиг лоьхуш лела со цхьана уьнна хьалха нисвели — «Яздархойн Союз», дІатетти ас неІ, къев-

лина яц, чохь Іаш Казахстанехь йий духкуш хилла Буркъушев а ву, стоьла тІе пІелгаш а детташ, шок лоькхуш. Дехьа маьІІе а ваьлла, десачу стоьла хьалха охьа а хиъна, цо санна, шок а лоькхуш, пІелгаш детта вели со. Иштта Іаш гІеххьа хан яьлча, Буркъушевс боху: «Жима къонах, хьан цІе муха яра?» «Ниттаев», — боху ас. «Къовзош ю, критик хила хьо», — боху цо. «Ма хилийтахьа сох киртиг, вайна тІе мел Іоттаелла киртиг а тоьар яра хьуна», — эли аса. «Ткъа мила хуьлу хьо — поэт, драматург я»... — «И шиъ ший а хир ву со». «Дика ду», — аьлла, иза кхин дІа а шок лекха вели. Аса тІаьхьара лекхи. ЦІеххьана саца а сецна цо боху: «Ахь шок стенна лоькху?» «Иштта дІа. Ткъа ахьа?— сайн рогІехь хотту ас. «Со-м шакарца ойлаеш вара — мичахь тоьла теша: йий духкучохь я кхузахь?» — юха а шакаре кІеж тийсийта велира иза.

Иштта оцу чуварах висна ву-кх со литературан оти чохь. Кхин хала болх а бац, гІеххьа хІума а хуьлу. Стихаш ян уггар атта ду: хьалха массо а хІума вуон дара — малх а, хи а, хІаваъ а, нах а — хІинца дерриге а таделла, сийлахь-баккхий тхьамданаш бахьанехь, ткъа вайна-м ма хаьий дерриге а хІума талхош дуй—Іалам дуьйцу ас.

Бакъду, боккъал лелачарна хьаштагІа яккха а ду хала. Цундела хьо тайпанчарна гІодар ца хилахь а, новкъарло ца йо ас. Зебра гиний хьуна?

— Телевизор чохь.

— Ас и ца юьйцу — новкъахь йинарг. Нах урамах дехьабовлучохь дехкина кІайн махарчий. Иштта ду дахар — цкъа кІайн моха, юха — Іаьржа, и. дІ. кх. ХІинца хьо, Іаьржачу моханехь нисвелла, цхьа ши шо даьлча — кІайн моха хир ю. ХІахІ-хІа, хІахІа-хІа, — иза иштта вела а воьлуш, аьчган некъан йистехула дІа анайисте кхаьчча, «хІей, собардехьа, собардехьа!» — бохуш, тІаьхьахьаьдира цунна Аьстамар, амма, цІогІа а детташ, хьера яьлча санна, рельсаш тІехула хахкаелла йогІучу цІерпошто къарбира и мохь, хІетте а иза хьаьдда воьдура, юьхьа тІе вагонан корашкара серлонаш а етталуш, кхайкхарехь гІаьттина бага а йолуш.

Дукха яхъелира и цІерпошта, дукха тІаьхьа ндира иза, иштта уьдуш ткъех минот яьлча, иза шийтта дийнахь-бусий чекх а ер яц аьлла хийтира, хаза доладелира бернйн делхарш, цомгашчийн узарш, назманаш, дуьхьала хІуьттура суьрташ: вагонийн корашкахь бІаьрхиша хьулдина а, уьш кхачийна цІийделла а бІаьргаш, бІаьргаш, бІаьргаш, бІаьргаш, гергарчу адамийн — ден, ненан, дехойн, ненахойн, юьртахойн, махкахойн, генарчийн бІаьргаш, орца дохуш, ткъа хІара — дарцо лоькхучу есаллехь йисина, царна гІодан гІерташ, угІа а угІуш, болатчу мостагІчун лар эцна йоьду гила-борз...



Эххар а, чкъургийн тата гена а даьлла, дІаяйра бІарлагІаш, севцира аьзнаш а, Ниттаевна кхо бетта мохь а хезира.

— ХІахІ-хІа, хьо стенна уьду суна тІаьхьа? — вухавирзира иза.

— ДагадогІий хьуна, итт шо хьалха, хьо иллеш, туьйранаш, кицанаш, хІетал-металш...

— ... тийжарш, сардамаш, ловзарш, захалонаш, узамаш...

— ... чехкааларш, дагардарш — уьш массо а дІаяздан аьхка тхан юьрта веана, стоьмаш ношлучу хенахь, кІунзал бала болабелла цхьа лоха стаг а валош. ХІетахь ахьа, чІепалгаш схьадале, кхорех церг а етташ, хІахІ-хІа бохуш, — и велар-м цуьрриг а хийца а ца делла хьан — вела а воьлуш, тхан нене со дика лелаве а аьлла (Іуьйранна — манни худар, делкъана — борщ, стоьмаш, хасстоьмаш — шортта), дІавоьдуш, дІадаьхьира цхьа тептар, цу тІехь сан бераллин ойланаш а, зарзарийн эшарех терра сатийсамаш а бара. И мича даьхьира ахьа?

— ХІахІ-хІа, хІа-а, хьо вара и къона поэт, юьртара гений? Хьайн доьзалан гений. Суна виц ма веллера хьо... Шун юьртара ма-велли, тхойша лакха Итум-Кхаьлла хьалавахара. Цигахь соьца институтехь дешна Малуев а карийна, цо Органа йисте а дигна, цигахь хан яллалц къаьркъа муьйлуш а Іийна, чудаьхкина дІанийгира тхо. Ткъа тептарш: хьайниг а, фольклор тІеязйина хилларш а — дерриш а, догІанехь а дисина, — чІогІа деара иза цу буса, стигал а къекъаш, сатесча а, дІа а ца туьйш — хІаллак хилир-кха, шекъа даша а дешна, делкъхан хуьллуш сама а ваьлла, ши зока шийла хи а мелла, лочузу коьртана хІун дийр ду ца хууш, коре а хиъна Іаш, цІеххьана уьш дага а даьхкина, тІе цхьа баргал а оьллина, Органа йисте, тхаьш Іийначу кхура кІел хьаьди со — тІаьхьа дара. КъинтІера ваьллахь, хьо ца валахь, вижа каш хир дац хьуна — хІахІ-хІа, хІа-хІа.

ХІумма а ца олуш, вухавирзира хІара, тІехьара тІе хезаш Ниттаевн велар а долуш, кхано и дІасецча, хІун хилла техьа аьлла, вухахьаьжча, кхуина иза, рельсех ши ког а, кеманах ворта а теснa, ерриге а стигалан йист дІа а лаьцна, озавелла, кхозуш гира.

Цкъа а тохаделира кема, шозза а, кхозлагІа тохаделча, хеца а делла, Іаьржа буькъа кІур а тосуш, стиглахула дІахьаьдира.

ХІетахь итт шо хьалха, кхуьнан сатийсам, и кема санна, вортанца схьа а лаьцна, кІелхьара ца болуьйтуш, беттабалийтина, беттабалийтина, аьчган некъа тІе охьа а тоьхна, хІаллакбинера Ниттаевс. Ткъа хІинца цо хьийзораш а, кеманаш доцуш, кхечийн, хІара саннаачийн, сатийсамаш хила а тарлора.

Буьйса чІагІъелла яьллера, Аьстамар гІел а, мац а велла, цхьана къорачу, нехан долахь долчу цІенойх лдьттачу ураме

кхаьчча, иза кхачалуччохь долу дечган лоха ков дIа а диллина уьйтIа вала гIоьртича, коьртах хIума а кхетта, хIара хIун ду техьа, Викентий Бекназарович я Макшерип-м вац техьа суна коьртах тIеда хьокха бетташ, иштта пайда боцчу бевлла техьа уьш аьлла, цецвелира. Вуха а ваьлла леррина хьаьжча, цунна гира ша охьатаIа вицвелла хилар, мел лаххара а, бIозза хIокху чоьхьа ваьллашехь.

ТIаккха иза моггIара диначу, тишачу цIеношна хьалхахула (царах цхьанна чохь малар а, консервни банканаш а тIехь лаьттачу стоьла гонаха хевшина Iара ахберзина зударий) лаха маьIIехь йолчу неIарна тIе вахара.

Лаьттах хьекхалун неI, озийна, халла схьайиллича, дуьхьал кхеттачу чагIаран, хьацаран хьожаной, буькъачу цигаьркийн кIуьрой сацийна Аьстамар, гIеххьа лаьттира, чохь дерг ца къаьсташ. Эххар а, бIаьргаш дIадоьлча, чуьраваьлла цхьаъ дуьйцуш, багара даарш дIаса а кхуьйсуш, буй ирхбахийтина, хьийзаш поэт Балаев ГIиргIа а, маьнги тIехь дIа а тевжина, гуттар санна, къинхетаме-цавашарца къажа а къежна, Iа поэт Зазаев Дага а, цигаьрках кIур а бохуш, цушинга ладоьгIу къона поэт Къахьарма а, малар дуттуш, кест-кестта аьчган зоки чохь чай доккхуш хьийза волалуш волу прозаик, институтан кхоалгIачу курсан студент Жаьммирза а гира. ТIаьхьо — сонехь дIатарвелла Iаш, цхьана когана астагIа Бадик а, — гIийлла магнитофон а латийна, сиппхенаш хедош санна, нийзочу озаца Высоцкийс локхучу «...Аятолла, и даже Хомейни» — бохучу эшаре ладоьгIуш, там хиларна дIаса а техкаш.

Кхуо делла салам схьаоьцуш а, ца оьцуш а, шен къамел ца хадош, дIадора ГIиргIас, тIебаха гIерташ санна, бIаьргаш а къерзош, чухула дIаса а уьдуш.

— Буркъуьшевс, оцу поэзин совдегаро, хIун боху хаьий шуна: «Хьо хIинца а хIоьа чуьра ара а ца ваьлла». Ткъа аса: «Хьо тохарехь ара а ваьлла, деса хIоаш деш ву». ХIетахь дуьйна, дIа мел кхаьчначохь, бухахь караво, ша ца хилахь, я шен нах, я шена муьтIахь долу шайтIанаш карадойту. Цунна тIера дIа хьаькамашна тIеоьхуш ма ду дуккха а теш. Ваьлча а, воьлча а ца вуьту , ор чу доьжна берзан кIеза санна, дIаса-м уьдур ву хьо, амма айхьа сатуьйсучу кхаьчна, догдика хир дац. Царна, нехан синош гаттехь латточарна, моьтту массо хIума а шайна муьтIахь ду! Бакъ дац! Геш-м юзор ю, кхин карахь хIумма а дац. Лакхе церан яц, я хир а яц. Малха тIе кхаччалц а, кхин дIа а йолу лакхе царна йовза йиш а яц, ткъа Балаев ГIиргIин ойланийн дин паргIат кхерста оцу йист йоцчу есаллехула, седарчашка салам-маршалла а хоьттуш. Цу лакха уьш хьалагIортахь, малхо тIемаш а мерцина, лаьттах а бетталуш, лоппагаш санна, лелха а лелхаш, бухур бу, вон хьожа а — марош дIакъовлалаш! — яржош. Ас, лаахь, уьш массо а чохьлазар а кхетийтина вожор а ву, я малх Iаткъийтина хьеш а кхехкор ду. Делахь а суна ца оьшу иза. Ас букъ берзийна адамашна. Со дайша, пхьеро тIулг санна, хьоккхуш, нисдеш, шардеш лелийнчу лаьмнашкахь веха; гиний шуна муьлххачу ломан агIонаш тIехь терхеш? — уьш хаддаза, берашна санна, тIехь доладаран лараш ю. Ас язйийр яц цахиндерг хир ду, сий хуьлда хьаькамийн бохуш стихаш. Ас яздийр ду: ломан кIожехь духдуьйлучу, наха дIа а тесна, деккъа цхьана олхазаршний, акхароший пайдаоьцучу акхачу шовданах, дассаделлачу ирзойх, аьхкенан екхначу буса, мацах юрт хиллачу а вахана, цIа вогIуш, некъ, тхи диллинчу бацалахула а баьлла, Iиннчу боьссича, цу йисте а хиъна Iаш, уллорчу хьаьмцан куллан ойланех, тIаккха, цхьалло хорам а бина, «хIе-е-ей!» аьлла мохь тохарх, цунна дуьхьал, мел ладогIарх жоп ца хазарх, я дасаделлачу чIожана тIехула хьийзаш, «къа-аькъ» бохучу, «...аь-аькъ» — дуьхьал бердаш йистбIаьрг кхийсалучу[1] аьрзунах яздийр ду.

Эццахь шен догу бIаьргаш стоьла тIехула дIа а хьовсийна, Хьаммирзас стака дуззуш чуйоьттина Iаьржа тIуналла, масех къурд беш, дIа а мелла, жижиг кхалла аьлча, «ХIан-хIа, со кийрахь а кхелли лелор йолуш вац», — аьлла, кIен буьртигал кIолдан цуьрг бага а кхоьссина, наг-наггахь мозий схьалецийта стогара тIе оьллинчу, можа берам хьаькхначу кехатан асанах корта а тухуш, вист а ца хуьлуш, керлачу къамелана кечам беш, Балаев чухула дIасахьийза ваьлча, Зазаев Дага гIаьттира, хан эрна ца яхийта:

— ХIокху сан стихотворенига ладогIийша, оьрсийн маттахь а язйо ас наггахь. «Я никак теперь не верю, Будто среди скал злой чечен ползет на берег, Точит свой кинжал, То ли бабка нашептала Все наоборот, то ль Чечню вы знали мало, И ее народ»[2]...

— Сацийтта! — мохь хьаькхира Балаевс.

Дага, кхин дIа ца йоьшуш, къажа а къежна сецира. Аьстамарна халахийтира дукха жима волуш дуьйна ша байташ дагахь Iамийнчу, цкъа мукъане ган а, къамел дан а сатийсинчу Зазаевс кхечо язйина стихотворени шен ю аьлла ешар. И стенна оьшу кхунна? И ца хилча а, дукха ма ю кхуьнан шен а халкъана езаелла байташ.

Резавоцуш цуьнан бIаьра хьаьжча, Аьстамарна гира иза цхьана бух боцчу Iина йистехь лаьтташ, ша дуьйцучун цо ойла а ца йо, дуьххьал дIа хIокху минотехь чуьрачеран тидам шена тIебахийтичахьана, ткъа тIаьхьа... ТIаьхье ян а юй? Къинхетамо хорам бина, дукъделла легаш мукъадаха хих къурд бан, чийлик тIе кхевдира иза. Амма эццахь Балаевс:

[1] ДIааьлларг цавешаш, юьхь-дуьхьал деттар.
[2] М. Шехтеран стихотворени тIера. «Со хIинца тешац оьгIазе нохчо, шаьлта иръеш берда йисте теIа аьлча я баба галъяьлла, я шуна Нохчийчоь а, цуьнан халкъ а ца девза дика (дешнийн гочдар).

— Сацийтта! И хIун ду хи моьлуш! Чудотта цунна Iаьржа талу! — элира.

Жаьммирзас сихха кхочушдира омра, иштта сиха Аьстамара къайла а эккхийтира тIуналла — цкъа хьалха кийра багийра, тIаккха дегIаца йовхо яьржира.

Балаевн къамел кхин а марсаделира:

— Вист ма хилалахь, Зазаев. Хьайн памилига хьажа: Заза — зезаг, ткъа сайниг Балаев — бала. Дуьненан берриге а бала лелош верг — со. Хала дуй? ЧIогIа ду! Хьо санна верг оцу балано, чIапвеш, хьаьшна дIавоккхур вара. Ас лов, со лаьтта, хIара латта а нисдеш. Ас доуьйтуш ду хьуна догIа а! (Къахьармас Аьстамарна лере а таьIна шабарш дира: «Дела хуьлуш лаьтта кхунах-м»). Ас хьокхуьйтуш бу хьуна мох а! Грецехь малх Iаткъийтина, нехан хьеш кхехкийтинарг со вара. ХIунда бохий ахь? — НАТО юккъера юьззина ара ца яларна. Суна оцу дуьненан беа Боккхачу хIорда бухахь дерг а го хьуна. Тийначу хIорда бухара дашо кхо овгал а бу ас доладеш.

Эццахь мохь хьоькху ГIиргIа, куьг лаьцна саца а вина, Къахьармас, гажа а гежаш, элира:

— И цхьа дашо овгал йохка а йохкий, кхо-диъ шиша къаьркъа стенна ца оьцу ахь?

Чохь мел верг а дIатийра, сонехь Iуьллучу Бадика шен магнитофон а сацийра.

Тийналлица цхьаьна чоь юзуш яра оьгIазалло а, — иза ГIиргIин бIаьргаш чуьра охьаIенара, шортта, Органан хи санна. ТIанкъаьлла юьзна яьлча, цхьанхьахула эккха езаш яра чоь, цунах озавелла Къахьарма неIарехьа велира, литературехь къа мел хьоьгург веза а, сийлахь а хета Жаьммирза вуо хьоьжура цуьнга, ткъа Дага хIара дерриге а товш, шена балане даьллачу дахаран Iодика ян бахьана дала а мега-кх бохуш, къежа а къежаш, Iара. Амма дерриге а, ГIиргIас, цхьа деса шиша лаьттах а тоьхна: «Кхин хьуо велла дIаваллалц ма аьллахь иза! Зуд, вуо зуд! Суна къаьркъа эца ахча пачхьалкхо а ло хьуна — алапа! Ткъа Тийначу хIорда чуьра кхо овгал — дерриге а халкъийн генетически хазна, церан синош Iалашдар суна, Балаев ГIиргIина, тIедиллина», — боху къамел дарца дIадирзира.

ТIаккха кхин цхьа стака Iаьржа тIуналла а йоьттира ГIиргIас богучу кийра. Массо а стоьла гонаха охьахевшича, Аьстамарна лере таьIна, Къахьармас шабарш дира: «Дукха атта галбевлла хIорш. Вай иштта хир дац хьуна. Вай йоьгIна доттагIаллин беш гуттар а хир ю зазадоккхуш — бIаьстенца, ткъа гуьйренца — стом луш. Са а ца гатдеш, юьрта дIагIо хьо, ас Iалашйийр ю иза, наггахь ван а вола, вайн бешо цIандинчу хIаваах къурд бан...»

Къахьармас кхин дIа а дира шабарш, амма Балаевс хьаькхначу маьхьаро къардира уьш:



— ХIинца аса дуьйцург пхьаьнгга ма хьахаделаш! Хьахадахь, суна хуур а ду, ас хьеш а кхехкор ду, малх Iаткъийтина, къаьсттина хьо хьожуш хилалахь, Зазаев!

Дагин бIаьргаш чу хиш хIиттира. Амма Балаев хIумма а тергалдеш вацара. Кисана куьг а дахийтина, цхьа жима кIайн тIулг хьалабаьккхира цо.

— Хьовсал, вайн халкъан къайле ю кху тIулгехь. ХIара дIабаккха суна тIаьхьабевлла шовинисташ, националисташ, сионисташ, террористаш, лейбористаш, белогвардейцаш. Амма тIаьхьа-м кхуьур вац цхьа а. Малх Хорс-ломан буьххьехь сецча, цу ломан IиндагI кхачалуччуьра латта ялх метр охьа а аьхкина, хьалабаьккхина бу хIара тIулг. ХIара цигахь буйла муха хиирий? Даго хьийхира. Дийнахь пхоьазза, массо а хIума диц а дай, ойла цIан а яй, деле а, Iаламе а, хьайн даге а ладогIа ахьа, хьуна а хезар ду хьуна цхьаццa хIуманаш. ХIокху тIулган хорма пхан юьхьиг санна ю, ткъа хIара агIо ерзийча кху тIе ши эзар шо хьалхалерчу вайнехан тхьамдин Нахарпаттахьан сурт хIутту, — коьртахь ши маIа йолу таж. Ткъа кхузахь гург — Малх. Хорс — индусийн маттахь Маьлхан дела, Хорсабад — оцу делан гIала, Хорс-лам — хIара тIулг карийна меттиг, Хорочой — хорсахой, делан бераш, Хорс — Къоьза-Iома тIера дIадоьду хи, Хьорса, харш...

Олхазаран хIоьъал бен боцчу тIулга тIехь Балаевс ду мел бохург дIаяздан дукха доккха тептар дезар дара, амма царах цхьа а чуьрачарна гуш дацара, мел чIогIа хьаьвсича а. Ткъа важа-м, мочхалш кIад а делла, кхин меттах ца довлуш саццалц, тIулган къайленаш барта йийцина ца Iаш, къолам, кехат а дехна, сизаш хьоькхуш, бустамаш дохкуш халкъийн, маьлхан, седарчийн, заманийн, кхолламийн некъаш гайта хIоьттира, и дерриге оцу тIулга тIехь ду а бохуш.

Иза цхьана юкъана дIатийча, «Со-ламаро» боху стихотворени еша хIоьттина Зазаев, гена валале, Балаевс: «Сацийтта! Иза сан «Лам» цIе йолчу поэми тIера схьаязйина ю ахьа!» — аьлла, бехке а веш, юкъахваьккхира.

Цу дешнаша чов йина Дага, цхьана юкъана чIечкъашка а воьдуш, сецира, тIаккха церган хьакхийна, хьала а иккхина, мохь бетташ, кхин дIа а еша хIоьттира, Балаев юкъа эккха гIертара, амма вукхо къарвора иза.

И вала ма-велли, бIаьргех хи даьллачу Жаьммирзас, тIе а кхетта, маравоьллира Зазаев: «Хьо боккъал а гений ву, боккъал! Хьо гуттар а вехар ву вайн литературехь», — бохуш, ткъа важа, цкъа а халахетар ца хилча санна, векха а велла, ирсе бIаьрхиш а Iенош Iара, ша векха мел ло Балаев Iаржлуш, вусалуш хиларан ойла а ца еш.

— Оцу стихотворенин дуьхьарлера биъ могIа ас муха язбирий? Жигархойн гулам бара дIабоьдуш. Баьрччехь вегIаш цIен-

шера бос болу хIетахьлера хьаьким а ву, гуламан тема: «Кегийчу къаьмнийн меттанан кхиаран перспектива». Амма дечу къамелашка ладоьгIча, цхьа тайпа перспектива ян а яц. ТIаккха Илланча хьала ма вели — ишттачу халачу киртигашкахь цхьаъ хила а ма веза, мел боккха мохь а шена тIе а лаьцна, халкъан дагахь дерг дIаала. Казахстанехь берриге а гергара нах а белла, цIа ваха бакъо ца лушшехь. («Хьо чуволла везаш ву!» — денна олуш хиллера цуьнга), лечкъина Нохчийчу а веана, цигахь меца хан йолчу хенахь шен накъосташца Китай-махкара дуьйна Оренбурге кхаччалц долчу дежийлашкарчу даьхнех кийсигаш йохуш, уьш махкахошна дIасайоькъуш лелла а, Iаббалц бепиг дууш вуьзна а дукха хан йоццушехь, шена кхечарна санна, синтем а, кIеда вуьжийла а еззашехь, Илланчас элира: «Нохчийн мотт дуьне кхоьллинчахьана хилла а бу, хир а бу, оцу маттаца вай коммунизме чоьхьа а девр ду — «Ассолом Iалийкум!» Эццахь Хьаькимо: «Сацийта! Iедална дуьхьал хабарш!» — аьлла, мохь хьаькхча, чохь тийналла хIоьттича, хIокху стихотворенин биъ могIа яз а бина дIабахьийтира ас. ТIаккха, сайн кехат Хьаькиме дIалуш а гина, хьаьдда вахана: «ХIара хьоьга дац», — аьлла, схьа а даьккхина Илланче дIаделира, оцу масех кого билгалдаьккхира сан хиндолчун харш. ХIетахь дуьйна цу хоршара ца валалуш вогIу...

Циггахь Балаевн вусавалар кхерамечу хьоле дирзира, нагахь дешнийн дарц тохарца мукъане а паргIат ца валахь, хIара дерриге цIа а эккхийта тарлуш, амма цо и дарц долийча, эккхийтина елира ахь хIара чоь а, хIара дуьне а хIинца дуьйцург дуьйцучул аьлла, хийтира Аьстамарна.

— Хьо стенах дозалла дан гIерта?! Цул тIаьхьа Илланча, вала-вола а ца вуьтуш, буса наб а ца йойтуш, мотт бетташ хьийзир-кха хьо, — мохь хьоькхура Балаевс, «Ас хьанна мотт тоьхна? Факташ?» — бохуш, гIаггIанехь воьлхуш, ша волччохь хьалакхиссало Зазаев тергал а ца веш. — Ахь ресторанехь къаьркъа малаза стаг ца висна-кха, цуьнгара цхьаъ даккха гIерташ...

— Эхь ца хета хьуна, суна тIе боьха цIе кхолла?! Факташ!

— Факташ оьшу хьуна! ДIалаца! Хьуний, суний бен ца евза Илланчин «Къиза деши» поэма юйла муха хиъна? ХIахь?

— Ахьа аьлла хир ду-кх.

— Асий? Иза-м массарна а хаьа ахьа аьллийла. Кху чуьрчарна а тIаьхьа.

— Дера хаьа и бакъ доцийла-м! ХIокхо, Аьстамара, шайн «Алу» юьйцуш, Пхьармата Селин кхерчара цIе яр хьахош, яллийнарг хьенан байт яра? Сайниг Вай массо а лийр ву, тIаьхьадуьсург — вайн йозанаш... Со хIокху къаьркъанан Iин чуьра хьалавалалахь...

— Хьуна-м хила деззарг хиллера, — хабар дижийта дагахь вацара Балаев.



— Делахь хьуна а хилла-кх хила деззарг, — буьрка санна, вусавелла, тIевеара Дага.

Цуьнан бIаьргаш кхерамах, оьгIазвахарх цIена, деккъа цхьа дерриге а кIордоран синхаам бен хIума доцуш, деса гича, Аьстамар цкъа хьалха цецвелира, юха цо лелочух кхийтира: иза шена цига дIаваха бахьана лоьхуш ву, цуьнан са тоххарехь, дегIах а къаьстипа, дахарна пен тоьхна, Iаьржачу Iаьршашкахула кхерсташ ду, кхуьнга, катоххий тIаьхьа кхиа бохуш, мохь а бетташ: чохь садоцу дела ву иза ишттa веса, буьрка санна вуса а луш, жимма а ираллех хIума Iотталушшехь, эккха кийчча, цундела воьду иза, вела а къежаш: «Ахьа-м хIумма а дийр дацара», — бохуш, и марса а вохуш, «Ас дуьйр ду хьо, зуд!» — мохь а хьоькхуш, бетан цхьана агIор охьаоьхуш шеташ а, вукху агIор «Беломор» а йолуш, бух каг а бина, ира маьIигаш (царех Iотталахь-м Зазаевх, лоппагахчул башха, хIума юьсур а яц) йолчу шишанца тIевогIучу Балаевна дуьхьал.

И шиъ ший а реза вара хIокху минотехь — тIаьхьа дохко вер велахь а — шаьшшинна тIедоьжначу гIуллакхна: Балаев — чаьлтача, Зазаев — сагIа хила.

Амма юкъагIоьртинчу Аьстамара Зазаев сацийра, Жаьммирза, велха а ийзалуш: «Хьайн делан дуьхьа Iе Iадда! Шуьша ший а вар-кха дика ши поэт, ГIиргIа, хьо — философ, ткъа хьо, Дага — лирик, шуьшиъ ший а вар-кха вайн халкъана оьшуш», — бохуш, Балаевн шиша долчу куьйгах тасавелира.

— ДIахеца со, маршъоьху! Цу тIе ахь юьйцург язычество ю, «хьайн делан дуьхьа», — бохуш. Дела хьан а вац, сан а вац, масеран а цхьаъ ву! ДIахеца!

И шиъ, берта а веана, охьахуур воцийла хиъча, Аьстамарий, Къахьармассий теттина араваьккхира Дага. Иза юха чуван гIерташ, неIара тIе ветталора:

— Витийша тхойшиъ! Шун хIун гIуллакх ду тхо сецо? Сан йиш ма яц и боьха цIе а эцна дIаваха, — бохуш.

Чуьра схьа Балаевс вовшах хьекхочу цергийн «гIарчI-гIарч» хезара, Аьстамарна зуз а оьхуьйтуш, пен санна, кIайвелла Къахьарма а вара: «Хезий хьуна? Цо вуьйр ма ву хьо», — бохуш, чIениг а егош.

Амма Дагина кхерам хIун ю хуучух тера а дацара, иза, гена а вуьйлуш, неI хьулйипа лаьттачу кхушинна тIеветталора:

— Вехь вуьйр ву-кх! Сан дIаваха йиш ма яц!

ТIаккха Къахьармас, чIоггIа ихьарс схьа а лаьцна, ша волччохь саца а вина, лерга чу мохь туьйхира цунна:

— Кху чохь ца велча, кхин вала меттиг яц хьуна?

— Суна къийсамехь вала лаьа, къийсамехь!

— Дага, хьо кху чохь велча, Жаьммирзин дешар юкъахдуьсур ду. Цуьнан ойла йой ахь? Иза деша дезаш а, яздархо хила везаш а ма ву, — элира Къахьармас.

Иза дагах кхийтира Зазаевна: «ХIаъ, хIаъ, хьо бакълоь, Жаьммирза ларван веза», — бохуш, шабарш а деш, кеберте вахара иза, хаба а хебна, човхийна кIеза санна, цIийза а цIийзаш, хIара шиъ тIаьхьа ураме ваьлча, иза трамвайн новкъахула кхин тIе а жим а велла, дIавоьдура.

Вехьа а вехьаш схьакхаьчначу Жаьммирзас:

— ХIун ди аш цунна? — хьаттира.

— ХIумма а, дIо дIавоьдуш ву хьуна.

Эццахь некъо голатухучуьра гучуиккхинчу, Iодара яьлча санна хьаьдда йогIучу трамвайн нуьцкъалчу серлоно гучуваьккхира Зазаев, иттех секундехь хьелахь, къинхетам боцучу эчиго хьошур ву иза. Амма и йоца юкъ а тоьира Жаьммирзина Дага кхерамах кIелхьараваккха. Йоккха гIовгIа еш, махал а маса, уллохула тIехъиккхира чохь цхьа а некъахо воцу трамвай.

ТIаккха и шиъ— Дагий, Жаьммирзий — аьчган некъан йисттехь, панаран бухахь лаьттира, къамелаш а деш.

— Хьо халкъана оьшуш ву хьуна, трамвайн новкъа ма ваьллахь кхин.

— Со-м хьанна оьшура? Суна а, со санначарна а юьхьа тIе шеташ а тохий, халкъан гIуллакх де аш.

— И ма дийца. Ахь лирика дика язйо, вукхо — дийцарш, кхоалгIачо — пьесаш, иштта, хуьл-хуьлуш, литература хир ю вайн.

— Хуьл-хуьлуш, дена вир хуьлу, литература ца хуьлу...

— Хьуна ца хезара?

— ХIун?

— Трамвай йогIуш?

— Ца хезара.

— Цхьа сагIа тоьлла вели-кх хьо.

— Хила мега. Iуьйранна цхьана берана Iаж беллера ас.

— ХIинца ларлолахь.

— Дика ду.

Дага некъа йистаца охьа а волавелла, воьдуш, воьдуш, боданехь къайлаваьлча, Аьстамарна дагадеара: и хIун трамвай хилла теша? Ерриге а транспорт сецна а ма ю дуккха а хан? Иза трамвай ца хилла, Iожалла хилла. Амма Дагас Iуьйранна берана Iаж баларо новкъарло йина цунна шен гIуллакх чекхдаккха.

ХIорш чубирзича, Iаьржа бос эцна йоьлху кIайн шаршош ехкинчу меттахь, ши ког стоьла тIе а биллина, воьжна Iуьллура Балаев, хаддаза лен а луьйш:

— ...ХIорш хIун ю? ХIокхо мотт бетташший, Буркъушевс дог этIошший ма бели вайн яздархой: романист Аржикантов, драматург Сахабов, поэт Жаржаев. Со иштта атта ма вац. Со Iадда вита. Шаьш иштта чIогIа нах белахь, ас санна, кхойтта метр кIорга латта а аьхкина, Хорс-ломан кIожера схьабаккха безаш хиллера-кх тIулг... Iахь-хь! ДIаелла неI, садукъделла леш лаьтта хьуна со...

Хьаьдда ваханчу Жаьммирзас дIайиллинчу неIара хьалхахула а яьлла, маларо дахийна эвхьаза бIаьргаш чу а къерзош, ах-ерзина ши зуда хьаьдира хьашташна леринчу жимчу гIишлонна тIе, ондачо, гIийланиг дIа а теттина, схьалецира иза, важа арахь охьахиира, гIовгIа а йоккхуш.

— ТIекъовла неI! — мохь белира Балаевга.

Эццахь чуьравелира Бадик:

— Шаьш доттагIий делахь, суна зуда ялае! ДоттагIаша, схьа а ялайой, чу дIахоьцу шуна. Ва-а, суна зуда ялае!

Балаев, дукха чIогIа цецваьлла, ши ког стоьла тIера охьабоккхуш, лаьттах тоьхна стака а дохош, хьала а гIаьттина, Бадикна тIекхохкавелира:

— И хIун ю ахь юьйцург? Зуд, вуо зуд!

Важа-м вухаверза туьгуш а вацара.

— Ва-а, суна зуда ялае! Ва-а, суна зуда еза! — дIасакерчара иза, зIуганаша араш етташ санна, кхийсса а луш.

Балаев, вуха а ваьлла, ша Зазаевна Iотта гIиртина шишанан бух леха велира. Цунна и карабале аьлла, тIекхеттачу Жаьммирзас, легаш тIера а лаьцна, могаш боцу ког лаьттахула а текхош, вадийна ваьхьна, лuларчу цIа чу кхоьссира Бадик: «Кху чохь бу хьуна шортта зударий», — олуш. Цу чохь: «Вай-вай-вай» — баккхийберан мохь белира.

Жаьммирза чу а веана, Балаев, шен кисанара жима тIулг хьала а баьккхина, Хорс-ломах, Хорсабадах, Хорса-хих, хорсамах дийца волалушшехь, чувелира лохачу дегIахь, хьийзина можа кIужалш а, богуш цIен бос а болу жима стаг, карахь Iаьржа портфель а йолуш.

— Сан маршалла ду чуьрачаьрга, — ши пIелг ирах бахийтира цо.

ТIаккха Балаевга куьг кховдира:

— Ярашюков Ардан — экономист. Цкъа долчунна каракхаьчна шай-кай хохкуш, дуьненах йолу марзо схьаоьцуш, масех шо даьлча тIекIелдилла а волавелла, гIали йистехь цхьа дорахо цIа а дина 120 еакIов метр, чохь бассейн а, сауна а, теннисан корт а, хаза зуда а йолуш, ваха хуур ву.

Ша вовзийтина ваьлча, сонехь лаьтта дIасабоьллу наштаран маьнга цIенкъа юккъе а хIоттийна, портфель чуьра, луо санна кIайн, шаршош — IатIаран хьожа яьржира царах, вуьйш хьожанаш а гIелъеш, — цу тIе а яржийна, нанас дена ма-варра цхьалха а ваьлла («Буса массо а меже паргIат нита еза»), тIе цхьа шаршо а тесна, и дIатевжина воллушехь, «за-акъ» аьлла неI а йиллина, чоьхьа елира хенаро стомма зуда, коьрта тIехь шовзткъа сантиметр хиллал лекха йина хIун ю цахуург а — цу юккъехь хIусамаш карийнера гезгашна, зингаташна, жIаьлийн мозашна, — пон-

дар санна, хебаршка ихинчу юьхьа тӀера батт къегинчу цӀечу басарца билгалъяьккхина а йолуш.

— Марша догӀийла, гӀам! Хьо дара хьуна тхуна тӀеоьшуш! — элира Балаевс, къаьрззина чуеанчун, шарбал а гуш, йоцачу можачу либартан юбкане а хьожуш.

— ХӀара гӀам дац, хӀокху цӀийнан нана ю, — элира Жаьммирзас.

Важа-м, хӀорш тергал а ца беш, вижна Іуьллучу экономистана тӀе хӀоьттина лаьттара, елха а ийзалуш, корта раз а баьккхина:

— Кардан, а-а Кардан! Схьадахьа сан декхар.

— Тетя Неля, цкъа делахь, сан цӀе Кардан а яц, — Ардан ю, шолгӀа делахь, сан хьуна дала декхар а дац.

— Муха дац, дера ду-кх, Кардан, а-а Кардан.

— Дац, дац, хьуна дала дац.

— Делахь эзар соьме хьаладели хьуна, — елхар тӀе елира чуеанарг.

— Накъост, хӀай, — мила вара хьо, Кардан я Ардан? — дӀа стенна ца ло ахь цуьнан ахча? — мохь белира нийсо ярх хьаьгначу Балаевга.

— Ахча доьхуш яц иза.

— Ткъа хӀун йоьхуш ю?

— Шеца дӀавижа боху-кх, — агӀо хаьрцира Ардана.

— Стенна? — хьалагӀаьттира Балаев.

— Туьйранаш дийца.

— ХӀа-а, сагатло хир ду хьуна цуьнан. Къеначу нехан са ма гатло. Хьо иштта туьйранча ву. Дийцахь ткъа... Охьахаа, тетя Неля, цхьаьна ладугӀур ду вай туьйране,—элира Балаевс, шен мачащца маьнги тӀе хьала а ваьлла, когаш чуччабохуш, охьа а хиъна.

ТӀаккха, жимма тийналла лаьттинчул тӀаьхьа, шен маьнги тӀехь дӀаса а керчаш, вела хӀоьттира Ардан, «Ну приход!» — бохуш, мохь а хьоькхуш, цунах тарбелира чохь берш а.

— ХӀун хилла шуна, стенна дуьйлу шу?! — мохь хьаькхира Балаевс.

Массо а дӀатийра. Іийна-а, Ардана:

— Цо шеца, зудчуьнца санна, дӀавижа ма боху, — элира.

— А-а, и дара и! Къанделла зуд! Вуо зуд! — Балаев юха а шен кагдинчу шишанан бух леха велира. Амма Жаьммирзас, теттина, тетя Неля ара а яьккхина, шен лехамаш кхин дӀа а ца хьош, кисанара тӀулг схьа а баьккхина, цуьнан къайленаш йийца кечвелира иза.

Эццахь дехьа чохь елха йолаеллачу тетя Неляс юкъахвитира.

— ХӀей, хьо угӀа хьайн сина, ва къанделла зуд! — аьлла, пенах тоьхна ког, дехьа чу а баьлла, кхин и схьаийзорах гӀуллакх хила а ца тигна, циггахь наб кхийтира Балаевна.



ТӀаккха Къахьармас, гӀанта тӀе а ваьлла, куьйгаш лестош, «Ремонтхой» боху стихотворени йийшира:

Тхо — некъийн ремонтхой,
Тхо — чӀебарлой, гуной, хой... —
Бертахь, доцуш «изий», «хьой».
Хьуо ца тешахь, — хьажа, гӀой!

Ешна ваьллачул тӀаьхьа догучу бӀаьргашца (Аьстамарна дага а деара, Балаевна наб кхетча, цуьнан шайтӀанаш кхуьнга-м ца девлла теша аьлла) чухула дӀасахьежа велира иза, цкъа Жаьммирза зуьйш, юха — Аьстамар, амма цу шиннех цхьа а кхуьнан кхолларамлин хазахетар декъа дагахь вацара: Жаьммирза керла чай кечдеш хьийзара, Аьстамара ойланаш йора.

ТӀаккха массарна а хьалхара ша дийцира Къахьармас:

— ТӀаьххьарчу хенахь ас шортта тидам тӀебохуьйту стихийн хормина, ша къаьстина аьлча, рифмина, билггала аьлча, цхьана дешдакъах лаьттачу рифмина, иза «ву-бу» бахарх чекхйолуш яц, цуьнан таронаш яккхий ю. Алал соьга: хьан йина хӀинцналц схьа «Хой-хьой-гӀой» боху рифманаш? Цхьамма. Дуьххьара ас...

Эццахь Аьстамарна наб кхийтира.

Шина сохьтехь Іиллинчул тӀаьхьа, цунна гӀенах хезира Дагин хорам бен велхар, тӀаккха, садукъадала а доладелла, сама а иккхина, неӀара тӀе хьаьдча, и ца карош, дӀасауьдуш, хье а велла, цхьамма хӀокху кӀуьралахь, хьожанехь, боданехь шаьш массо а хӀаллак хилийта, арара тӀе пӀендагӀаш тухуш дӀачӀаьгӀна-кх цӀийнан чуволийла бохучу ойланах а тешна (тӀе лам а хаьрцина хьехахь висинчуьнга муха даӀаделла са, цуьнан мичара хилла шен йиш лакха ницкъ, ломах чекх а яьлла, Іаьршашкахь яха йисина йиш?), дог эккхале, куьйгашна эххар а хаабелира тӀам. ЧӀуг дӀа а яьккхина, хӀаваэ ваьлча, стигларчу седарчех бӀаьрг кхетча, «ОхӀ», — аьлла кӀоргга хӀуо чууьйзира цо, юха шена набарх воьлхуш хезна Дага леха велира.

— Ахь хӀун до, Аьстамар? — Жаьммирза велира чуьра ара.

— ДӀавоьду со, Жаьммирза.

— Ма хьалхxе воьду хьо?

— ДӀавоьду со.

— Собардехьа цкъа, — иза охьа а кхевдина, Аьстамаран мачин чимчаргӀаш дӀадехка вуьйлира. — ХӀорш кога кӀел а дахана, цхьанхьа бертал кхетар ву хьо.

— Жаьммирза, Жаьммирза, хьох дика яздархо хир ву хьуна. И вай цхьаьна йоьгӀна беш Іалашъелахь. Нагахь хьайн доттагӀчун дог-ойланех кхета лаахь, догӀа догӀучу буса — гуьйренан шийла догӀа — Іина йисттехь евлла коьллаш дагалаца ахь, — церан санна ю хьуна, ткъа цу Іинчохь бода а, шайтӀанийн гуламаш а хуьлу гуттар а.

Кел ара а ваьлла, трамвайн некъаца гӀали юккъе волавелла-

чу Аьстамарна юха а хаза доладелира Дагин велхар. Дуьхьал тесира цуьнан — ден, ненан цхьаъ бен воцчу — кIентан дахар: да — нахана дукхавезаш, кехат пондар а локкхуш, Димаев Iумара санна, нана — хаза къамел долуш, хIусаман са, мерза кхача а, къорза истангаш а дан хууш. Дагас шинггара а эцнера шен поэзин амал: дегара мукъаме хилар — кхуьнан стихаш а яра, цкъа ладугIу йиш санна, гIийла, юха хелхаран боларехь шовкъе, ненера истангийн бустамаш, бакъду нанас уьш бес-бесарчу тешца дора, кхуо — дешнашца. Ишколехь Дагица цхьа а къовса ца лора — цунначул дика дешарх кхета йиш яцарх массо а тешнера. Юьртарчу кегийчу зударша иза хьоьстура, «хьий, хьо ваа везачо», — бохуш, баккхийчу наха: «Хаза деший а валий, хьаькким а хилий, вайн эвла некъ а баккхийта, хи а даладайта, кIиранах кхузза туькана бепиг а даийта, тIаккха оцу космосе боьлхучаьрца а гIой — кхин хьачул хьекъал совдаьлла оьхуш бац хьуна уьш а — вайн нохчийн цIе а яккхийта, амма мел лакха валахь а хьуо вала везаш хилар диц а ма де» — олура. Хьехархоша дерриге а некъаш — дахарехь а, Iилманехь а — схьадиллина ду бохура а, цундела царах цхьаъ (космонавт хила ца лиира) схьа а льаьцна, дIаэха дагахь гIала а веана, институтехь деша хIоьттича, и — цхьа а хьоькх йоцу цIена са, и — дас-нанас кхаби чохь кхиийна чекхсагун патарш долу зезаг, и — иллеш даха а, дуьненах воккхавен а кхоьллинарг, халкъан цIе а, сий а, цуьнан син уггаре а зевне дакъа а хилла дIахIотта хьакъверг вочу бIаьргах ларван бала болуш стаг а ца ваьлла, ша цхьаъ Биъсаболчун, цуьнан нехан хIиллана дуьхьала а ца латталуш, — иза массарах а тешара — церан лаамехь а висина, цара шаьш бох-боххург дойтуш лелийра, ткъа кхетча, — кхечуьнан-м кхин некъ боло ницкъ кхача а тарлора — цунна дукха тIаьхьа хийтира, ша цкъа а цIанлур воцуш санна.

«И иштта дац, дерриге а хьалха ду, схьавола тхуна юххе дIахIотта», — ала накъост-м муххале а ца хилира, мелхо ца динарг а тIеяздош кхин тIе а цIунала таIийра. Тамашийна хIума ду-кх хьуна: жимма а гIалат далахь, мел долу диканиг дIадойуш, хIаллакво стаг. Я иза нийса а ду техьа: воьжча, шена къинхетам хир бoцийла хууш, стаг ваьржар вац лаьттахь, иза велла дIаваллалц когаш тIехь хир ву.

И мухха делахь а, ши декъаза стаг вовшашца — Балаев Заэвца — къиза хилар кхеташ дац, мелхо а и шиъ, вовшашна гIортор а хуьлуш, тасавелча хьалавала а тарлора оцу дуьне къахьдечу уьшалара, амма цара и дийр дац цкъа а.

Дагин велхар кхин а чIогIа хазадуьйлира. Дуьненан еа а маьIIе лерг диллина ладуьйгIира Аьстамара — иза Соьлжан тIайн кIелара хезара, цига дIакхаьчча — БухIан-юьртарчу Iома йистехь, тIаккха — Суьйра-Коьртехь, юха а — тIай кIелахь.

Масех де даьлча, Дага, къаьркъа а мелла, оцу тIай кIел а



вахана велла аьлла шега гIалара веанчу, бIьргех куьзганаш долчу комсомолан хьаькимо аьлча, цIа а вахана, нах боцчу а ваьлла, кийрахь воьлхуш, дIай-схьай лелаш цуьнан ойла хир ю: хIаъ, иза цуьнан са хилла, ГIиргIин дешнашна хьовха, дерриге а дуьненна а дегабаам бина доьлхуш, шен сино тезет хIоттийнчохь, Соьлжан тIайн кIелахь, делла цуьнан дегI а.

Бода дIабаларца дIадайра Дагин велхар а, стиглара седарчий а, лекха цIенош, гучу а дуьйлуш, некъан йистошца, наьрташ санна, дIахIуьттура.

ГIалин цIенош... Хийланнийн къа, хьацар худуш, хIара хьена латта жоьжагIатнйн цIергахь доттуш йинчу кибарчигех доьттинарш, эзарнаш шерашкахь дуьйна сан дай баьхначу, беллачу, цара къийсинчу мехкан сибат хуьйцуш хIиттинарш, хийла декъаза а, декъала а кхолламаш шайн чохь, догIанах, малхах, дорцах ларбеш, дIаIалашбинарш, хийла да воцчу жIаьло, цициго, синйовхо ца тоьъна, я атта ваха а лиъна кхерчах воьхначо, ураме йовлучу неIаршкахь а соьцуш, шайн можа серло йогучу корашка хьегамца бIаьрг беттарш, адамийн баннаш-цIенош, буьйсанашденош шух ца хьакхало, я цара адамийн яххьаш тIехь санна, лараш юьту шуна тIехь а? Шу — чохь са доцу шийла хьехаш, тховкIелош, я шун шайн дахар а, синош а, кхолламаш а ду, ткъа кораш — бIаьргаш, бода тIе ма гIоьртти серлонах а лепаш? Цхьадерш ца лепа — уьш шелделла я тIе марха еана бIаьргаш. Шун са шуна чохь боьхачийн тайп-тайпанчу — шортачу я кIезгачу, лекхачу я лохачу — синойх льатта, царах муьлххачунна а хиллачу хазахетаро шу даккхийдедо, ткъа бохамо делхадо, тхевнаш тIехь IаьIа бIаьрхиш биргIанаш чухула новкъа а дуттуш.

И мухха делахь а, цIенош, Аьстамаран син серло а йисна шун пенаш тIехь, гIалин майданашна а, урамашна а тIехь санна, иза хуьйдина шун тIулгаша, шу дохдан болчу лаамца Iенийна и серло Аьстамара, цундела мичча дIавахарх, мел зама яларх шу дагна гергара хир ду, и майданаш а, и урамаш а санна, кху гIалахь мел гIайгIанаш лан дезнехь а.

ЦIеношца дагара дийцина воллуш, дог керчина Аьстамар, ведда, коьллаш юккъе вала кхуьуш а ца кхуьуш а Iетто волийра. Цо хьалатуьйсура хIокху кIиранах кийрахь мел IаьIна къахь, дIовш, сийсара Жаьммирзин хIусамехь мелла чагIар, цу чуьра хьожа, цигаьркийн гIир...

Царах дIакъаьстина, сапаргIат а даьлла, хIара хьаланисвелча, уллохь зезагашна хи тухуш йоллучу цхьана зудчо:

— ДIалаца хьайн батт, — аьлла, шен карара Iаьржа марш тIеберзийра, оцу маьIаргонехь кхуьнан юьхь а, корта а, лаг а, кучан лакхе а хих а Iабош.

— Хьайга лалуш ца хилча ма мала, — бохуш, кхуо хьалаIеттийнарг, тIе хи детташ, лаьттах дIаэйира цо.

Фонтанна гонаха, багошкара дуткъа-деха хин тачанаш кхуьй-

сучу чӀерех цхьаннан бета тӀе батт а йиллина, ша хьогалла йойуш, цунна дагадеара, Ӏам чуьра хьалаваьккхинчу стагана иштта, ша чӀерана санна, бета тӀе батт а йиллина, хӀавааца кхачош еш хир ю-кх аьлла. ХӀинца, цунна хӀаваъ санна, чӀогӀа оьшу хи дуьттура кхуьнан богучу кийра тӀулган чӀеро.

Хих Ӏаьбначул тӀаьхьа, хьалхарчу зӀаьнарша серладаьккхин чу гӀанта а хиъна, шен шелъелла юьхь, пхьаьрсаш малха кӀел леца велира иза.

Ткъа гӀала йовхоно, адамийн тайп-тайпанчу чархийн гӀовгӀано шен хьерадаьллачу дахаро юзуш яра. Алах летта цӀе санна, сихха марсадолуш, чӀагӀлуш, кхин а, кхин а майданаш, буса синтемехь Ӏаьхкина урамаш чулоьцуш, йистехьа доьдура иза, цигахь тийналлех а, цӀеначу хӀаваах а, диттийн гӀах, бацах, цаьпцалгийн «цӀар-цӀарах», хьозарчийн «чӀир-чӀирах» а кхетий духура.

Цигара дӀадолалора керла дахар — наг-наггахь диттийн, коьллийн гӀайренаш нислучу, баьццарчу байно хьулйинчу, юкъакара кӀайн кир тоьхна а, кибарчигийн а цӀенойн гулдаларш — кегий а, яккхий а ярташ йолчу нохчийн аренан дахар, цул дехьа — тӀе хьаннаш евллачу аьрцнийн а, ширъелла, букар ихна бошмаш йолчу ирзойн а, цул лакхахь — бацах дукъделлачу лаьмнийн, цул лакхахь — гуттар шаш а, лош а хуьлучу ирчу баххьийн дахар.

И дагадеъча, бицбелира сингаттам, дӀабелира багара къаьхьа чам, гӀайгӀа луш деккъа цхьа хӀума бен дацара — оцу керлачу дахаре, эрриге а гӀала а хадийна ваха везаш хилар.

Соьлжал дехьа ма-велли, некъа юккъехь пулбелла лаьтташ дуккха а нах гира, куьйгаш лестош, маьхьарий хьоькхуш, гӀара эккхийтина бохкуш, ткъа машенаш — яккхий, кегий, кура «Волганаш», сиха «Жигулеш», беркъа «Запорожцаш», автобусаш — цӀенаш, кӀайнаш, можанаш, сийнанаш — могӀаре хӀуьттуш, хӀора минотехь а совьоьйлуш, ӀаьӀаш яра, геш яьтӀча санна, Ӏеха а Ӏоьхуш, амма цара шайна мел чӀогӀа ницкъ бахь а, дуьхьало дӀа а яьлла, некъ мукъа болуш бацара. Итт, пхийтта, ткъех минот елира, машенех цхьаъ — тӀехьаьжча массарел а онда хеталун хьалхалерчу маркин «Волга» — малх а Ӏаьткъина, йий а чкъург а хецаелла, яла юьйжира. ТӀаккха Ӏен а ца велла, нахана юккъехула титталуш, хӀара хӀун ду техьа дан мукъане а аьлла, дӀа юкъа гӀоьртинчу Аьстамарна гира, куьйгаш нехкан хьалха чучча а дехкина, хьажар нахана тӀехула дӀа стигла а доьгӀна, тӀехь Ӏаьржа хеча а, китель а, чухула Ӏаьржа коч а, лаг къовлуш йихкина оццу басахь шуьйра галстук а, коьртахь стоммачу кӀадегнан шляпа а йолуш лаьтта Макшерип, Ӏаьржачу вортанах Ӏийдало мазутах тера хьацар силам тӀе а оьгуш. Массо а цуьнга луьйра, новкъара дӀавала бохуш, цо, цхьа а тергал ца веш, шен хьажар анайистехь латтадора. Цхьа хӀума дара тамашийна: оццул оьгӀазбахана чугӀертахь а, царах цхьа а цунна коча ваха ца



хӀуттура, кхин хиллехь оцу минотехь, тоьхна-тоьхна, юьстах а ваьккхина, некъ маршабоккхур бара.

— Хьайн делан а, пайхамаран а дуьхьа...

— Со атеист ву! — репродукторо чӀагӀдича санна дара Макшерипан аз.

— Делахь, хьайн атеизман дуьхьа вала кху новкъара дӀа!

— Вала йиш яц. Кхузза, схьа а деана, охьахаа дезаш ду кема. Со цуьнца Чиле воьдуш ву.

— Чили-и?! — масех велавелира.

— ХӀаъ, Чили, — Макшерипан хьажар, хьалха санна аналле дара. — Цигара Пиночет эккхо! Декъала хуьлда Чилин революци! — И мохь, гӀалин ерриге а гӀовгӀанаш а къаръеш, анайистехула къайлаиккхира, хетарехь, Чилин диктаторна хезна хила мегаш а бара, тӀаккха цо кечам а бийр бу-кха хьуна генара вогӀу хьаша тӀеэца.

Маьхьаро Ӏадийна нах юха метта бахкале, таттавелла ши милцо — буьрка санна вусавелла, цӀен богуш бос болу лоха цхьаъ а, вешшехь шен юьхьа тӀехь хилла велакъажар оьгӀазаллийца хийца гӀерташ, къахьоьгу лекхачу дегӀахь важа а — велира гонна юкъа.

— Хьо хӀунда хӀоьттина кху новкъа? — кхин тӀе а вусавелира лоханиг.

Милцочун хорма гича, Макшерипах тӀадийна котам хилира.

— Кема ду... Со Чиле воьду...

— Делахь, кема схьакхаьчна-кх хьуна, — лохачу милцочо шен аьрру куьйгах, лога юххера коч а, галстук а лоцуш, бинчу буйнна тӀе хьала а айина, юьстаха такхийра Макшерип, важа милцо хьалха а ваьлла: «ДӀасахила! ДӀасахила!» — мохь хьоькхуш, некъ мукъабоккхуш вогӀура.

Гена йоццуш лаьттачу шайн машена чу Макшерип а ластийна, неӀ арахьара тӀе а чӀаьгӀна, милцойн хилла меттиг а яйра.

— ДӀакхечи хьуна иза Чиле, — велавала гӀоьртира цхьаъ, амма цуьнан гӀо лаца цхьа а ца велира, цундела цхьалха дийкира цуьнан аз — массо а шен-шен машенна тӀехьаьдда воьдура, мотораш кхехкале, малха кӀелхьара дӀабовла, цу тӀе уьш мелла а кхера а кхоьрура бийлабала: тамашийна а, цхьа къайле йолуш а хетара Макшерипа лелийнарг. Дуккха а хан елира, машенийн могӀа дӀа а баьлла, урам шен хьалхалеррачу боларе ца болуш. Иштта пайдабоццчу хӀумано йохон тарло-кх лаьтта тӀерачу муьлххачу а дахаран цхьаьнаэшаралла, ойла хилира Аьстамаран.

ГӀалин йистехьа дӀаволавелла иза, пхьарс а лаьцна, сацийра цхьанхьара гучуваьллачу Сайдуллас. Доца пхьуьйшаш долу кӀайн коч, йовхо а, чан а, сингаттам а дуьненчохь бан а боцуш санна, векхавелла, могаш — иштта, эрна ойланаш а ца еш, ваха везар-кха.

— Гирий хьуна? — хаьттира Аьстамара.

— Чиле воьдурггий? Иза галваьлла.

— Муха?

— Коьртаца. Селхана дуьйна. Селхана Викентий Бекназарович волчу веана хилла иза, малхана арз дахьаш.

— Малхана-а?

— ХIаъ, малхана. Иза массарна а, шайн тидамехь болчарна а цхьаьна, цхьабосса лепа хьуна аьлла. Ткъа и лепа беза Биъсаболчунна а, Викентийна а, Макшерипна а, Жаннетина а, и санна болчарна а Iай — бовха, аьхка — мела, вукхарна нийсса бIостанехьа: Iай — шийла, аьхка — хьеш кхеххкош... Иштта хеташ хилла Макшерипна. Викентий Бекназаровична а ца тайна малхо лелориг. Макшерипан информаци лакхарчу инстанце дIаялале, малхо шена гонахарчу седарчашца къайлах хIун хабарш дуьйцу а хьаьжна, керлачу хаамашца тIеюза дагахь, шен лерган тас хьаладерзийна цо. Ткъа малхо — и тайпа бегаш цо шеца бойтур ма бац, — ах лерг, чим беш, дагийна дIадаьккхина. ХIинца больницехь Iуьллуш ву, кху гIали тIехь мел йолу наркотик тоьхча а вуха ца воьрзуш, мохь хьоькхуш. ЛадогIал ахь.

ЛадоьгIча, гIийлла, амма гIалин вукху гIовгIанаш юккъехь дикка къаьсташ хезара Викентийн: «Аааа»...

— Иштта ду гIуллакхаш. ХIинца вайшинга цхьа шийла кемсийн мутт малийтахьа. Я хьуна хьайбанийниг деза? Эцца дехьахь туька ю. Цу чуьрчу йоIа гуттар а шийла мутт а, минеральни хи а дуьту суна.

— Ас мелла фонтанан хи.

— ХIу-ун? — цецвелира Сайдулла.

— Мала а мелла, фонтанан хи.

— Хи хьайна ма луъу мала, лаахь фонтана чуьра а, лаахь Соьлжа чуьра а, амма, и Макшерип санна, гал ма ваьллахь. Хьо галвалахь суна халахетар ду хьуна, хьо ях йолуш кIант а вара.

— Дика ду.

Сайдуллех а къаьстина, урамехула хьалавогIучу Аьстамаран ойла хилира: хIокху довхачу дийнахь ма Iазап хIоьттина хир ду Биъсаболчуьнгахь — атта ма дац жоьжахатийн шийтта пеш кийрахь латтон.

ЦIеххьана ша волччохь тохавелира иза: ткъа нагахь царах цхьа пеш эккхахь, уьш ерриш а лелхар ма ю, тIаккха цхьа а зарратан бомба а ца оьшу, царах хIора ма ю, Хиросимина тIеккхоьссина бомба санна, нуьцкъала. Цул сов, дуьненчухула дIасаяьржачу цабезаман хьожано мел хIаллакдийр ду адам. И ца хаьа техь цхьанна а? Хаахьара-м, цхьаъ дийриг хир дара цара. Цундела дIахаийта деза.

Машар ларбаран фондан отделени лоьхуш лелаш «Кхузаманахьлера экологин проблемаш къесторан тоба» боху йоза тIетоьхначу цIенна тIеккхечира Аьстамар. «Ванах, хIара а мегар ма яра сан гIуллакхана-м», — аьлла, неI дIа а йиллина чоьхьа ваьлча, хIораннан а шен-шен стол а йолуш, виъ белхахо а — ши зудий, ши стаггий — гина, царах хьаьнга вист хилча бакъахьа дара техьа бохуш лаьттара.

Массо стоьла тIехь цхьацца мох туху бера лаьттара, ерстинчу зудчо шениг, кест-кеста схьа а оьций, хьацарх Iийдалучу тIома кIел лоцура: цкъа — цхьанна, тIаккха — вукхунна. Цо и моссаза до, бос баьхьначу, чохь са мукъане а дуй техьа кхунна алал озачу, маймалан санна, тIебаьлла бета буьхьиг болчу зудчо: «Фу, дрянь» — олура, дага тIе куьг а хьош. Важа-м, цо дуьйцург ца хезаш, я моттуьйтуш елахь а, и шен гIуллакх юх-юха а кхочушдеш йоллура, хаддаза «Мода» журнал а луьстуш. Боьршачех цхьаъ, рогI-рогIанна цу шинга а хьоьжуш, «къи-къи-къи» бохуш воьлура, Iора ца вала гIерташ, садетташ вуса а велла. ВоьалгIаниг, дечган дела санна вогIа а велла, наггахь ангали санна къегачу тIуьски тIе куьг а хьоккхуш, цкъа стомма книга йоьшуш, тIаккха цу тIера цхьацца хIума катуххий шен тептар тIе схьаяздеш воллура.

Амма цуьнан синтем а буьйхира ерстинчу зудчо и бера шен шина кога юккъе хIоттийча, ша Iаччохь, вареш дIаса а хилош, и гича, кхин ца сецалуш цунна уллохь Iен боьрша стаг, «вохь-хьохьо» бохуш, кораш а дегош, вела хIоьттира, ткъа оза зуда, «Фу»... аьлча, шолгIа долу дош дIа ца алалуш, Iетто а гIоьртина, тIаккха дог а гIелделла, ша йолччохь охьаяхара.

Важа кхо бера цунна тIеберзийра, графина чуьра хи бага а лаьцна, цинцаш а туьйхира, нашатыран спирт а уьйхьира мера кIел, пхьаьрсаш, куьйгаш дIаса а саттийра, бага хIуп а бехира, эххар а метта еача, молханаш а малийра.

И дерриге а дIадирзиначул тIаьхьа бен Аьстамаран тидам а ца хилира чуьрачийн.

ТIаккха оцу веларна тIера волчо — боккха цIен мара, коьртахь къежъяла йоласллачу месийн кхаьнча —хаьттира кхуьнга:

— Хьо мичара ваьлла кху чу?

Иза волчух тера дара арара чувеанчуьнца къамел деш, нагахь хIара чоь пачхьалкх лерича, кхечу мехкашца долчу гIуллакхийн министр, ерстина зуда — кхачанан министр, озаниг — культуран, тIуьска берг — кхарна массарна а хьалхара кехаташ язйийриг...

— Иштта схьа чу веана-кх.

— Яздеш-м вац хьо?

— Ву

— Велахь дIаязде. «Экологин проблемаш къасторан тоба» вовшахтоьхна эзар исс бIе кхузткъе пхийтталгIачу шарахь. ДIаяьллачу хена чохь оха дина 15 эзар олхазарна цIенош, гучуваьккхина цIенчу хи чохь мачаш юьлуш воллу 17,5 стаг ерриге а республикехула дIаяьхьна «Iад» цIе йолу операци, и дIахьош, берашкара схьа а дохуш, пачхьалкхан дола даьхна пхенаш а, вуьшта Iаьржа резина а тосуш дина, адамийн тIома лелачу доттагIаш-

на детта лерина шалгош йолу 5 эзар Iад, и бахьанехь Iалашдина — дIаларал ахьа: хIора Iодо кхоьссина итт-итт тIулг Iалашоне кхаьчча, шовзткъе итт эзар олхазар хIаллакьхир дара—хIаъ, хьуна ма-гарра Iалашдина шовзткъе итт эзар хьоза, хIуттут, къиг, зарзар, нIаьвла, лекъ, иштта кхин дIа а, ткъа цара хIаллакдан тарлучу юьртабахамна зенехьа долчу сагалматийн терахь миллионашкахь ду. Гуш ма-хиллара, экономикан хьесапехь тхан тобано бина пайда а буста тарло миллион соьмашкахь.

Са чу а оьзна, юха а чуьркаш, мозий дойуш тобано динчух лаьцна дийца кечвеллачохь къежвала воьлла эколог а вуьтуш, Аьстамара шен хаттарш чухаьжкира:

— Ткъа саьрмикан букъ санна къегачу Соьлжана хIун до аша? Саьрмик а хилла, баьццарчу аьрцнех леттачу цемзаводана? Кху гIалахь садаIа йиш а йоцуш, кIуьро, тевно, стигала дIовш Iетточу заводашна хIун до аша?

— АхIа! Царех ву хьо а? — телефонна тIехьаьдира ерстина эуда. — ХIинцца дIа-м хьаха вуьгуьйтур ву.

Амма тIуьска болчо, телефона тIе куьг а диллина: «Собар», — аьлла, сацийра иза.

— Ткъа шийтта жоьжахатийн пеш кийрахь йогуш волавелла лелачу Бияъсаболчунна хIун до аша? Царах цхьаъ эккхахь, зарратан бомба а ма ца оьшу!

— ХIа-а?! Сийлахьчу Iилманчина харц цIе кхолла гIертар! ХIинцца хьуо кхача веззачу дIаккхачор ву хьо а, — ерстинарг юха а телефонна тIехьаьдира.

Амма кIунзал болчо юха а сацийра иза:

— Собар. Ахь хIара дIавигийтича, цигахь меттиг а яц. Юьззина ю больница. Цу тIе хIара билггала телхина ву ала йиш а яц, кхуьнан, хетарехь, малх Iаткъар бахьанехь корта хьаьвзина. Ас новкъа воккхур ву хIара. Валол, накъост.

Цуьнан къамел шена мел ца дезаделлехь а, Аьстамарна туоса ца луш ца дисира, иза мелла а къинхетаме хилар. Амма моссаза Iехийна хIара оцу хетаро, иштта дика ойла а кхуллуш, ма вуьгу цхьаволчо тIехула бай а, зезагаш а девллачу уьшала, Биъсаболчун адамаша поэт Зазаев Дага санна, делахь а иштта массарех ца теша йиш ма яц, массарах а тешам байча, массо а ямарт хилча, дахар латта а йиш яц-кха.

Шеконаша са а дууш, кIунзал болчо пхьарс а лаьцна Iиндагле вуьгуш, Аьстамарна дагадеара, иза Iадда а витина, новкъахула хьаьдда йоьлхучу машенел маса ведда, къайлавала, дIогарчу кIайчу лаьмнел тIехьа валлалц саца а ца соцуш, нагахь садаIар а ца тоьъча, я гIалин дIаьвшечу хIавао логехь хорам а бина, цIий коьрта чу а хьаьдда, я дог иккхина бертал вожахь а, хир ду-кх къайлавалар, кху дуьненах къайлавалар, тIаккха...

Iиндагiа долчу дIа а кхаьчна, кIунзал болчо къамел долийча, эрна хийтира шен шеконаш.



— Ахь дуьйцург дерриге а нийса ду, амма ахьа и мич-миччахь дийцахь пайда-м муххале а хир бац, зен хир ду. Дуьненах чам байа ца оьшу, массо а вац ямарта. Биъсаболчун кийрахь йогу шийтта термоядерни я цабезаман пеш (ахьа-м царах «жоьжахатийн» эли—иштта аьлча, нийса хила а тарло иза хиларх туосаделла суна а, сан накъосташна а бутт хьалха, вайн гIаларчу хIаваэхь радиаци совъяларан бахьанаш лоьхуш. ТIаккха катоьхина цу хьокъехь долу кехаташ массо а адрес долчу инстанце дIадахьийтира оха, ООНе а цхьаьна. Делахь тхан гIо цхьана ФРГ-чу «баьццарчийн» партис бен ца лецира. Вукхарна тхо хьерадевлла моьтту — дукха хала ду хIинццалц девзаш ца хилларг, бакъ а деш, тIеэца. Амма, вайна ма-хаъара, муьлхха а керланиг цкъа девзаш доццург ма хилла. И иштта дара аьлла, вай бIаьргаш дIахьабдарх, ша-шех дIайовр ма яц Биъсаболчун кийрахь кIежтуьйсу термоядерни пешаш. Цундела балхара дIадахахь а, телхина аьлла больнице дигахь а, и дIа ца аьлча ца довлу-кх вай.

— Ткъа муха, хIун дан деза? — мохь белира Аьстамаре.

— ЧIогIа ма ле. Шен кийрара дIаьвше пеш дIаяйа йиш ю хIораннан а, нагахь цо шен ойланаш а, амал а хийцахь, цIанъяхь, амма иштта нах чIогIа кIезиг я хиллане хила а ца хуьлу. Биъсаболчуьнга хийцало бахар текхарге олхазар хила алар санна хIума ду. Цундела аса а, сан накъосташа а (уьш муьлш бу хьуна хаа оьшуш дац) билгалдаьхна катоьхина дан дезаш долу хIара гIуллакхаш:

1. Биъсаболчун Iен меттиг Каракуман я Кызылкуман—кхин а дика хир ду Сахарин — гIамаршкахь, я адам ца дехачу тундрехь билгалъяккхар;

2. Цунна гонаха, зарратан герзана санна, керт яр а, ха хIоттор а;

3. Иза Iачу я лаьттачу меттехь йоккха, кIоргга (билггала мел— иза Iилманчаша къасто деза) шахта яккхар, чохь хи а долуш;

4. Дуьненчухула цуьнан дIасалелар ма-хуьллу кIезиг хилийтар.

5. Нагахь ца вахча ца Iахь, цо къамел дийр долчу трибуни тIехьа йоккха шахта яккха еза, 37 вагон гIум а, 500 тонна даш а, 16 эзар кубометр хи а, кхин мел оьшург а Iалашъян а еза, иза къамел деччохь — шовкъе воьдуш Iедал ду цуьнан — эккхахь, радиаци дIасаяржар доза тоьхна хилийта. ХIун хилла бохий ахь тхан кехатех? Дукхахдерш Биъсаболчуьнга схьадахкийтина, дан дезарг де аьлла. ХIинца тхуна хIун тайпа таIзар дийр ду ца хууш, хала хьийзаш бу. Цундела хIуъу хилахь а, тхан гIуллакх дIаккхехьа дезарг хьо ву хьуна, — кIунзал болчо «Беломор» цигаьрка латийра.

КIоргга синош а дохуш, иза оза хIоьттича:

— Делахь со дIавоьду, — элира Аьстамара.

— Собардехьа, со валлалц. Са хьаьвза сан, уллохь стаг а воцуш цигаьрка узуш.

ТӀаккха и шиъ, вист а ца хуьлуш, лаьттира, хӀара дӀавахарна кхоьруш, сихвелла кӀур туьйсуш воллу кӀунзалберг эххар а цигаьркин юьхьиг яьшки чу а кхоьссина, кхуьнан бӀаьра вогӀавелира — хаттар дуй хьан?

— Со муха тешар ву...

— Со мила ву хьайн хьуна?

— Ца хаьа.

— Зайтан Шихмирза вуьйцу хезний хьуна? Цо таркхойн Шовхалан ловзаргахь, къовса а велла, кхаа къовсамехь — говраш хахкарехь, топ нийса тохарехь...

— Хезна, цуьнан сурт со Ӏийначу цӀа чохь пена тӀехь Шамсас диллина а ду.

— Сох тера варий? — нис а велла, чӀениг ирах а яхийтина, дӀахӀоьттира кӀунзал берг.

— Хьо хӀунда хуьлуш ву цунах тера?

— Со цуьнан нанас дена винчу вешин йолхалгӀа волу кӀант волу дела.

— Ву? Хьуна мичара хаьа?

— Сайн варххӀе да ца вевзаш ма вац со. Тептар ду сан цӀахь дерриге а дӀаяздина. Хьуна хаьий хьайн ворхӀ да?

— Хаьа.

— ДӀаязвелахь, виц ца валийта. Ткъа Зайтин Шихмирзин тӀаьхьенах волу стаг тешам боцуш хила йиш юй?

И хаттар жоп оьшуш дацара. Цундела, хӀумма а ца олуш, кӀунзал болчуьнга куьг а делла, новкъа велира Аьстамар. Гена валале юха а цхьалхалла тӀейоьжча, иза дохковелира шен гӀайгӀа цуьнга ца йийцина, хӀун хаьа, тӀаккха аттахо а хила тарлора. Кхорийн шийла мутт мала цхьанхьа иза чу а кхайкхина, де суьйренга ластталц къамелаш а деш Ӏен дагахь, вухавирзина Аьстамар, кисана куьг хьаьюхча, цхьа а кепек ахча а ца карийна, кхин дӀа ца воьдуш сецира. Пхийтта сом-м дера дара почтера схьаэца, амма и дан гӀалин вукху маьӀӀе ваха дезара, цул а тоьлаш «цхьалха цхьаъ со кхерста адамийн хьуьнхахь»... — бохуш, волавелла ша юьхьарлаьцначу новкъавалар хийтира.

Автобусаш ярташка дӀасаоьхучу кхаьчча а ца соцуш, Башломехьа дӀавахара, кӀадвелча охьа а хууш, уллохула тӀехйоьлучу машенаша тӀе ченаш а, кӀур а бетташ, гӀалин гӀишлош чекх а евлла, некъ аренга баьлча, Малхбузехьа ахчаккхарма хиллал юьстаха таьӀира, машенаш чохь раз а бевлла, къежа а къежаш, маларо цӀий а дохдина, сонтабевллачу кегийчу нехан а, осалаллин шовкъах метта бахказа тӀехьарчу Ӏойлашкахь разбевллачу зударийн а шаьш-шайх тоам бина, беламе хьажарш ца лан а, къаналле таьӀначул тӀаьхьа ламаз-мархий долийнчу догкӀедачу стеган, шен машен а сацийна: «Жима къонах, схьавола, тӀехаа», — боху дешнаш хезна, ша: «Со гена ца воьду», — аьлча, «Ца водахь а тӀехаа», — бохуш, гӀиллакхана кӀаргвалар цагӀан а.



Аренгахь мох хаалора, шийла бацахь а, дика дара и болуш а. Цо а, бацо а, юкъа-кара гучу зезагаша а, царна тӀехь хьийзачу накхармозаша а, кхийсалучу цаьпцалгаша а, лаьтта хуьйшуш, тӀаккха гӀуьттуш, стигала дуьйлучу олхазарша а са декъа а далийтина, дегӀехь ницкъ алсамбаьлла, кӀад ца луш — хьацаро коч яшийнехь а — дикка дӀаихира, эххар а саца дага а деана вухахьаьжча, гӀалин тӀехула айаелла кӀуьран, ченан Ӏаьржа марха бен хӀумма а дацара гуш. Цкъа хазахийтира—дикка гена ваьллера гӀалина, тӀаккха оьгӀазвахара — хӀинца а гуш яра заводийн, машенийн, Биъсаболчун дӀаьвшечу садеӀаран марха. Цундела кхин вуха ца хьожуш, дукха а дӀаихира иза.

Малх делкъанга болучу хенахь корта хьийза белира, гонаха бӀаьрг туьйхира цо — ӀиндагӀа дацара, цундела геннахь анайистехь гучу дитташ тӀекхаччалц, саца ца соцуш, дӀаэха сацам бира.

Воьду-уш, Викентий Бекназаровична тӀеӀоттавелира иза, кхуьнан новкъа а хӀоьттина лаьттара иза, вела а къежаш, лергашца некъ дӀа а буькъна. «Хьо та маца велла?» — «Со лазийна а вацара». «Муха вацара? Малхо лерг ца дагийнера хьан?» — «Сан ши лерг-м хьалха ма-дарра ду, гой хьуна», — аьтту лергаца кхуьнан бӀаьргашна дуьне дӀадуькъира цо.

«ДӀавала хьалхара!» — «Ца волу со!» «ДӀавала» — «Ца волу!» — «ДӀавала ца боху ас!» — цергаш хьакхийна чухьаьдда хӀара, батт лаьттах а кхеташ, охьавоьжна, лазийра. Меттавеача, малх а делкъал тӀаьхьенга лестинера. ХӀара цхьана хьаьмцан кулла уллохь Ӏуьллура — иза хиллера кхуо тӀом бинарг, Викентий Бекназарович а воцуш.

Корта кулла кӀел а биллина Ӏийра иза, амма ваха везара — дитташ хӀинца а генахь дара. Бага якъаеллера, хи дезара, цига дӀакхаьчча хьун дӀайолалур ю, ткъа хьуьна чохь шовданаш а хир ду, цундела кхин охьа а ца вужуш, — хьалхахьа.

ТӀехьа гӀовгӀанаш хеза? Цхьаъ-м ву кхунна тӀаьхьа кхиа гӀерташ? Мила ву иза? Цхьаъ-м вац, ши эуда ю-кх — Жанеттий, Мельхиоррий, месаш охьа а хецна, цергаш хьеккхош, суйнаш з туьйсуьйтуш, еха мӀараш а, маьрс-маьрсал цергаш а йолуш. Ва-а-а! Ма хьаддалу хьаьдда воьду хӀара, амма важа шиъ тӀаьхьа кхуьуш йоллу, цу шиннан садеӀар кӀесаркӀога чохь хаало. ХӀун дийр дара-а? Кисанара, хьаладоккхий, пхийтта соьмана почтера деана кехат кхуссу цо лаьтта: «Везан дела, воккхан дела, ког ца баккхалуш буькъа хатт хӀоттийталахь тхуна юккъехь». ДӀахӀоьтти. Дела, хьуна бу-кх хастам. Хотталахь диси ши ешап. ХӀинца меллаша а ваха мегар ду. СадеӀар метта а далош. Евгений?.. Ахмарханжиевич?.. ХӀара мичара вели. Хьо хӀинца а воьл-

хуш ву? ДӀасаца ткъа. Ца сеци. ХӀун дийр ду хьуна? Вадорг ма хир вац хьан бӀаьрхийн Ӏовраша. Чухула дехьа вер... Вай!

Аьстамар, ког а шершина, бертал кхийтира. Меттавеача, иза цхьана уьшала йистехь Ӏуьллура, малх чубуза лахбеллера, ткъа дитташ хӀинца а генахь дара. ДогӀанах дисина мела, чаьмза хи мелира цо. Иза цомгаш хиллера, дагар а хьаладаьллера. Хьаьрччина бовхачу бай тӀе дӀавижира. Наб еза яра, хала, цхьа а корта а, бух а боцуш гӀенаш а гуш. Берзан угӀарх велира иза сама. Юьстахо гу буьххехь екхначу буьйсанехь лаьттара ши борз.

ХӀара цаьрга, уьш кхуьнга хьийсира дехха. ТӀаккха и шиъ, дукха атта кхуо сатуьйсу дитташ долчу а кхаьчна, хьун чу юьйлира. Цигахь, ерриге а аре а, аьрцнаш а декош, угӀа хӀоьттира. «Стенна йоьлху шу, хӀун бала бу шуьгахь? Ма елхийша», — шабарш дира Аьстамара. Ткъа царна мичара хезира иза — уллохь йолччу хенахь ала дезаш хиллера.

Берзалой дӀасевцича, седарчийн ойла еш Ӏиллира Аьстамар. Седарчий, седарчий, шун къайленех кхиа лууш, амма и ца далуш хийла стеган оьмар хаьдда лаьттахь. ХӀун ду и шун шийла лепар? И хӀуъу а делахь а ма дика ду-кх шуьгара и хаамаш тхуна хуьлуш. Нагахь шун серлонаш а йоцуш, беккъа цхьа бода хилча, лаьттана гонаха мел тамашийна а, сингаттаме а хир дара. Шу — тхан сатийсам, шу — тхан ца девзачу дахаре долу кораш, шу — лаьттан садоӀийлаш.

Стенна кхоьллина адамаш деккъа цӀена цхьана лаьтта тӀе а дихкина, оццул йоцачу, дуьнена цкъа бӀаьрг тоххал бен йоцучу оьмарца? Седарчий, седарчий, догӀмех къаьстинчу синошна мукъане а евзий техьа шун къайле?..

Цунна юха а наб кхийтира. Ткъа сама гӀовгӀанаша ваьккхира. Ӏуьйре яра. Кхунна тӀехь кхо стаг лаьттара, уллохь цӀен «Жигули» а сацийна.

— Наб еш хилла хӀара-м.

— Кхузахь стенна вижина хьо?

Аьстамаран дацара цунна дуьхьал ала хӀумма а.

— ХӀа-а, шен сийссарехь базара ваха араваьлла хилла. Ӏуьйрре ца кхаьчча, цигахь дан хӀумма а ма дац, — охунна хьалхара жоп делира кхоалгӀачо.

— Делахь, схьавола, чухаа, тхо а ду базара доьлхуш.

— ХӀан-хӀа, со гӀаш гӀур ву.

— Ахь хӀун дуьйцу, схьавола, чухаа, — Аьстамар теттина машена чу хаийра цара...

ЧӀаьнтийн, Шаройн ши Орга вовшахкхеттачохь нах а, машенаш а, даьхни а алсамдолуш дара хӀора минотехь, цара эххар а хьалаюьзира и тогӀи, гонахара ярташ а чулецира.

Машена тӀера охьа ма воссара, базара йистехь латта висина Аьстамар дукха хан ялале цунна юккъехь вара. ДӀа бӀаьрг мел туьйхи — хӀуманаш, хӀуманаш, хӀуманаш, дуьненан массо а меттера, цхьа Антарктида йитчахьана — цигахь хӀинца а уьш еш стаг вац. Туьйлига чохь зингатий санна, доладелла лелачу адамашна юккъехь латта йиш а яцара — Аьстамар а меттах велира.

Зударийн хӀуманаш юхкуш ву цхьаъ. Гобинна — зударий. «Жимма шуьйраниг яц хьан?» — «Азло хьо, шоръялар модехь дац!» — «Юх шуьйра ца хилча бер а ца дало. Хьа-хьа-хьа». И йохкархо Буркъуьшевх тера хета, делахь а кхуьнан мекхаш а, бӀаьргех куьзганаш а ду. «И-и, бӀаьрг ма хила хьан дегӀана! Схьайола, бабиниг, цӀенчу тӀаьрсканах ю хьуна, дӀаэца палаш». «Чу жижиг диллина галнаш!» «Говран жижиг! — энашна дика ду шуна!» «Молханаш! ЧӀурам-цамгарна дуьхьал». «ДӀа стенна тоьтту ахь?» — «Ахь стенна тоьтту?» — «Хьан да валла хьаккхийца!» — «Хьуна»... Иштта пайдабоцчу хӀуманна тӀехула вовшашна мера кӀел а кхиссалуш, арсаш а Ӏуьттуш, къаьркъанаш а муьйлуш, кӀомал а уьйзуш, тӀелхигаш а юхкуш... «ЛадогӀалаш, нах, ладогӀалаш! ХӀокху зудчун, цӀахь ялх бер долчу мисканан бӀе туьма (У-у-у-хӀу-хӀу, дала хӀаллакволйла и динарг!) ахча даькхина, кхунна шай-кай»... Хьалха беркъа хилла: халла тӀеюха хӀума а хуьлуш, ткъа божабераш-м исс-итт шо кхаччалц тӀехь хечеш а йоцуш, лелла, цхьамма шена хеча эца аьлча, зуда яло воллу хьо, бохуш хьийза а веш, яахӀума а — мижарг, кӀолдан бӀелиг, дас ша жима волуш...

«ДӀахила, къонах, хӀокху сан «Монтани» тӀе ког боккху ахь!» — «Бехк ма биллалахь». — «БӀаьрзе-м вац хьо?»... волуш, беже воьдуш, кӀолдан бӀелиг белча сискалца, хелхавуьйлу бохубеж воьдуш... хӀора денна коча тора, иза наггахь бен луш а ца хилла, вуьшта хӀора денна коча торa, иза наггахь бен луш а ца хилла, вуьшта хӀора денна коча торa сучу гатанан тӀоьрмига чу юьллуш еккъа цхьа сискалан юьхк а, туьхин цинц а хилла. И иштта доллушехь, хӀетахьлера нах... «ХӀан, схьакхечи хьуна хӀара меца жӀаьлеш а!» — «Муьлш?» — «Милцой». — «Цхьана декъазчунна коча гӀур бу». — «Вукхеран-м кхаьрца барт ма буй». ХӀинца беркъа бац, амма са дац. «Тройка» костюм?» «Ангорка» свитер?» «Дерриге а ду хьо соьца дӀаверъчахьана». Са дац хьалхалера, жимделла, деккъа цхьа догӀмаш ду, дуьйладелла лелаш. «Хьо ма чӀогӀа чуьравели? И тапча хаьнтӀе олларх... Сайн кертахь кхиийнчу хьаьжкӀех даьккхина ахьар...» Са а доьхкина, тӀелхигаш эцна. «Ас элирий хьоьга — декъазчунна коча вахана хьуна тапча ерг»... Хьалха, дада жима стаг волчу хенахь, массара а лелош хилла герз, хӀетте а хӀинца санна, дукха ца хилла вер-ваккхар, шаьлта я тапча ца ваьлла бен баттара ца йоккхуш... «Йовха шашлыкаш! Ӏахаран жижигах йина!» «Туьма охьайолу хьуна со, дӀаэцахьа ма»... ларлуш хилла. Стагана хиъна вича дуьйпа велла дӀаваллалц ша хӀун лелон деза: воккхачуьнга муха вист хила веза, жимачуьнга — муха, тезетахь хӀун дан деза, ловзаргахь хӀун, новкъа воьдуш мича агӀор-

хIотта веза вожкхачунна я жимачунна, маца якхха еза шаьлта, я сагана тIера хеча, маца вен веза иза... Дерриге а, дуьненчу воллушехь, стеган цIийца, амалца хуьлуш хилла, хIинца хIумма а ца дисна, хIинца хIораммо а ша-ша бан беза къастам, хIинца ура-аттала захало дийца меттиг а, кеп а хIоранна а шена-шена карон еза, хIинца — базар...

Беана бала ва дIаойуш,
БогIу бала буха тухуш,
Элчи хестош ешна мовлад,
Къобал елахь, везан дела.
Иманехь тхан доьзал белахь,
Денин, нанний муьтIахь белахь,
Кху мовладан беркатана,
Эхартана пайдехь белахь.

Дерриге а духкуш, оьцуш, вовшийн Iехош, луьйш, олуш бохкучарна оьшуш а, я хIокху шина Органна юккъехь хIоьттинчу хьолаца йогIуш а яцара иман, сагIий, эхарт хьехон назма, эхарт дан а дацара, делахь а, иза — хиндерг, ткъа долуш дерг малх кхетта декхна де, цундела ойланаш а йитий, хьайн ерг: коч-хеча, куй-кортали, пазаташ, могашалла, котаман хIоаш, дакъийна жижиг, хазалла, джинсаш, вельвет, иохар, дари... — дохка, цунах бохкха там а хуьлуш, зикарш дийраш санна, шовкъе а оьхуш.

Базара юккъехь болчу лекхачу гу тIехь, шен «Жигулин» тхов тIехь колонкаш йолу магнитофон а хIоттийна, лаьттара, назманаш юхку жима стаг, бIаьргех доьхкина Iаьржа куьзганаш а долуш.

— ХIун доккху ахь назманах? — багахь цхьа а церг йоцу йоккха стаг сецира уллохь.

— ХIокху кассети тIехь цхьаъ яц, итт назма ю. Туьма доккху.

— Туьма... ма дукха доккху ахь?

— Ахь хIун дуьйцу йоккха стаг? Дукха муха хуьлу, дела хестош, элча вазвеш олучу назманах.

— ОстопируллахI, дела къилахь ма лаpалахь! Лур дара хьаха туьма-м, ахьа иштта аьлча, хьалххехь хуьлу кIайн Iежаш а доьхкина, эцна шийтта сом дара...

Йоккха стаг, чета а кхевдина, цхьана бехчалгах — цкъа хьалха мерах хьокху йовлакх хиллачух тера дара иза — бина шад схьабаста хIоьттира, куьйгаш а дегош.

— Сих ца луш схьабаста ахь, — йоккхачу стаге а аьлла, машена чу кхойкхуш кхуьнга пIелг ластийра назманаш юхкучо. — ХIара сеттина ялале, хIуъу а хир ду. Ахьа назманех дан хIума а дац, кхаьрга хьажахьа. — Цхьана шерачу, кIайчу кехата тIехь зорба тоьхна, бос болчу суьрташца кечдина масех журнал кхоьссира цо кхунна хьалха. — Цхьаннан мах — ши туьма.

Дуьххьара агIо схьа ма тесси, цу тIера ерзина зудий, боьрша стаггий гина, журнале хьажар дерзийтира Аьстамара.



— И дерриге а видеохула ган а, хьайна лелон а лаахь, итт туьма а дахьаш дIавола. Адрес...

Адресе ла ца дугIуш, машена чуьра ара а ваьлла дIавахара иза, тIехьара тIе:

Тхан белларниш балехь белахь,
Тхоьгара гIо оьшуш белахь,
Мовлад-сагIий бахьана долуш,
Уьш балеха хьалха баха, —

хезаш.

Цу назманан аьзнаш базаран гIовгIано къаръечу кхаьчча, дукха йоца юбка а юьйхина, шен дагахь дерг ца лачкъош ма-дарра бIаьргашца дуьйцуш, хIоьттина лаьтташ цхьа зудабер гира, цо хьажар юьхьа тIера дIадаккха а ца тигина, раз а вирзина, уллохула тIехвелира Аьстамар.

Амма кхунна тIаьхьа вогIург ца валавелира зудаберан бIаьргийн йийсарера:

— Ши туьма, — мах элира цо.

Зудабер реза ца хилира:

— Пхи туьма.

Дехьаваьлча: «ХIара етт ма жима бу хьан? — ДегIана белахь а, ханна-м бац хьуна. — Ой, шура цхьа литар мукъане а лой кхуо? — КIиранах оьзча-м ло. — Ва-а, базара стенна балийна ахь хIара? — Вуон болу дела, бохка», — боху къамел а хезна, хIинца а болуш бу-кх мацахлера самукъане нах аьлла, са декъа а делла, кхидIа а вахара.

Майда чекх а яьлла цIеноош дуьйладелча, иза кхийтира, ша базаро чулаьцначу цхьана юьрта кхаьчна хиларх, амма махбар кхузахь а, гIел ца луш, дIадоьдуш дара.

Цхьана кертахь цхьаллехь еха йоккха стаг — цIа а дара цуьнан, ша санна, къена, — цхьаъ бен воцу кIант Тюмене балха ваханчохь, и мохк а, цигара зударий а тан а тайна, виса а висина, дуьйш-дерзош жима урд а, цхьа етт а лелош, эса а, даьтта а, кIалд а, совъевлла хьаьжкIаш а, кхоьаш а, гIабакх а дIаюхкуш, сом соьма тIе а дуьллуш, хIинций-хIинций шен цхьаъ бен воцург цIа кхочур ву-кх, тIаккха цунна ахча а, керт-ков а оьшур ду-кх бохуш, Iийнера. Ткъа шен цIа базара юкъа дахча, деш долу ламаз а, хьовзон суьлхьа а дицделла, йохка-эцаран шовкъ йоьссина, чохь мел долу хIума дIадоьхкира, ненах йисна цIеста кIудал а, масийтта шарахь ламаз оьцуш лелийна шира гIуммагIа а, дегара шега кхаьчна Iаба-Хьаьжас Маккара деана вуьсурш а цхьаьна. Къахьегарна тIе ойла ца йоьдуш, дIадеза дисина урд, тIе къух а даьлла, юккъехула моьлкъарчий а уьдуш, лаьттара, етт-эоий дIадохкарна кхин чохь дан а я дохка а хIумма а доцуш, ша шена тIера эзар йома латийна коч йоцург — иза оьшуш стаг волуш а вацара, — кIантана аьлла хIинццалц гулдинчу ахчанах

тайп-тайпана хIуманаш ийъян йолаелира иза: бутт хьалха кхочкъург йолу вилспет ийцира, тIаккха — хрусталан ваза а, хьажкIийн луьйдигех бина тIоьрмиг а, юха базара дийнахь — кур беш, коьртах духку мехий а, Японин дедеронан йовлакх а. Ткъа хIинца, Iуьйрре басар-пудар а эцна, иза ца кхоош юьхьа тIе а, бIаьргашна гонаха кIормодаш а хьаькхна, кучан юх дикка лакхахула тукарца дIа а хадийна, шен керта юххе а хиъна, нускалан кеп а хIиттош: «...шина а дегIана цхьа духар дуьйхина, беа а когана ши мача юьйхина, кериста орца даларна кхоьруш, бусалба орца кхиарна кхоьруш, дедда гIор вайша, дедда гIор вайша», — бохуш, мукъам а беш Iара.

Го тесна, цунна уллохула тIех а ваьлла воьду Аьстамар, шалгун топ а карахь, шен кетIахь хиъна Iачу цхьана воккхачу стагана тIе Iоттавелира.

— Де дика дойла хьан!

— Далла везийла!

— Воккха стаг, хьо хIун ларъеш ву?

— ХIара сайн цIа. Цец стенна вуьйлу хьо? Гой хьуна массо а цIенош а, базарш а хилла, лаьтта. Кхунах а изза дан дагахь керта ма баьхки уьш. Со ма ву сайн делкъан ламаз а дихкина, — хьалха базар, делкъал тIаьхьа кхочура вайн цIенна тIе. хIинца-м итт сахьт а далале, кхузахула тIех а йолий, анайисте йоьду — ламаз деш, делкъехь дечун диъ ракаIат ду, — хьуна ца хаахь а боху ас, схьагарехь цхьана иман долчу орам тIера ву хьо, хIинца ца дахь а, цкъа мацца а ламаз дан а дезаш — Iуьйранна — шиъ, малхбузуш — диъ, маьркIажехь — кхоъ, пхьуьйрехь — диъ, диц ма делахь... ТIаккха дIадуьйцуш ма ву со. Сайн ши ракаIат а дина, охьа а хиина, «аттахь» доьшуш ву со, чу а оьхуш, неIарш а етташ, суна хьалхахула а буьйлуш, — ойла ел ахь цуьнан: делаца къамел дечу суна хьалхахула а буьйлуш! — хIокху йоккхачу стагаца — со ламазана хIоьттинчу юкъана шайх дIатарйинера цара иза а — суна баа бинчу мижаргана а, ас шена чохь ламаз оьцучу, корах чукхеттачу маьлхан серлонехь лепачу цIестан тесана а мах буьйцуш бу-кх хIорш. Дагца дийхи ас деле: «Дела, хьо къинтIера ваьллахь, хьайна дуьхьал хIоьттинчохь аса кхин ойланаш ярна, ца ваьлла дин хьуна ас иза». ТIаккха сайн «аттахь» чекх а даькхина, ах ламаз тIаьхьа доллушехь, цкъа хьалха аьтту белше, юха аьрру белше салам а делла, хьала а иккхина мохь хьаькхи ас: «Яхийтта!» Вуьйш шек дIа а бовлий? Гежа а гежаш, лаьтташ бу-кх. «Воккха стаг, мохь ма хьекха! Хьуна а, тхуна а, массарна а пайде гIуллакх ду оха дIадолийнарг». Сан йоккха стаг ю царна тIе тайна: «Хьашт доцург ма дийца, массеран чохь ю хьуна хIарра базар». «Хьашт доцург къорIанор дуьйцу хьуна аса, аша кху чуьра могIа ца бахь!» — сайн шалгун топ схьаийци аса пенах кхозучуьра. Шек дIа а бевли-н ткъа? Цхьа лекха ишлапа ерг ву, ца вешаш, суна тIе вогIуш: «Бегаш



ма бе, воккха стаг». «Ас бегаш къорIанор бо хьуна, хьан коьртарчу ишлапах Iуьрг ца далахь», — ялийти ас цхьа биргIа, важа, эшахь а аьлла, тIаьхьа а юьтуш. КIур дIабаьлча, чохь хиллачийн лар а яйнера, ша ловзарга гулделлачу шайтIанийн санна. Коьртах кхетарна ца кхоьрура боху ахь? ХIан-хIа, цунна кхерам бац хьуна, хьан воккхачу стагачул нийса топ тухуш стаг вац хьуна, ша Зайтан Шихмирза вацахь. Жимма Iийча юхаккхечи хIорш, хьалха ваьккхина ши милцо а волуш: «Тоьпана бакъо?» ДIагайти таллархочун билет. «Нах кхерон, тоьпаш кхийса хьан елла хьуна бакъо?» — «Ткъа сан хIусамах, хьаттина-аьлла хIума а доцуш, чу а баьхкина, базар ян хьан бакъо елла? Вайн пачхьалкхан Конституцис»... Хуш-ш аьлла, дIабахара. ХIун дийр дара цара. «ТIамо бен тIом буха ца туху», — олуш ду, жима къонах. ВаллахI, тIамо бен базар а-м ца туху хьуна юха... Вайна делкъахан хуьлуш а лаьтта, со ламазан гIуллакхана гIур вара, хIара топ дIа а эций, жимма ха дехьа. Набаран тар ма тасийталахь, коьртах хIума а тоьхна, чоьхьа а бевлла, хIусам дIалоцур ю хьуна.

Топ кара а лаьцна, воккха стаг хиллачохь охьахиъча, дагадеара, хIоккхул хан дуьнен чохь йоккхуш, цкъа а топ ца кхоьссина-кх аьлла. Хьалха хIора а шен герзаца хьалакхуьуш хилла. Шозза дIадаькккхинера герз халкъера: цкъа хьалха Iехийна даккхийчу дешнашца: «Нийсо, маршо, латта, машар!» ТIаккха нах вовшашна бага а боьхкина, тоьл-тоьлларг хIаллак а вина. Доцуш верг а, делахь а, дацахь а, герз схьада бохуш, хьийзош хилла, етташ, шайгара дIа а духкий, юха схьадолуьйтуш. Нагахь цхьаъ хIаллакван лиъча, — буса дIа а боьлхий, тховх топ дIа а юьлий, Iуьйранна и схьа а оьций: «Хьалха дала, жIаьла!» Нах синошца леш бан арабевллачарна новкъа дара халкъера герз.

Нохчашкара схьаяьхначу даточу шаьлтанийн, доьхкарчийн. дийнна барз бара, масех метр лекха а болуш, иза деккъа цхьа герз хилла ца Iара, цуьнца нохчийн къонахаллин, оьзданаллин дакъа а дара, тIом болабала дуккха а хьалха, юкъ а яьстина, тоьл-тоьллачу къонахчун корта а баьккхина, даьхни санна, лехка а лоьхкуш, вагонаш тIе дакка кечдинера халкъ... — дуьйцура Юрий Александровича.

Эццахь Аьстамарна хьалхахула дедда тIехъиккхира шен мах пхи туьма хIоттийна зудабер а, цунна тIаьхьа, карахь даьккхина урс а долуш, оьгIазвахаро а, аьтту бесни ах цестинчу шуьйрачу муоно а эрчаяьккхина юьхь йолу жима стаг а.

— Цуьнан ваша. Сибреха балха вахана хилла, — дуьйцура Аьстамарна улло нисъеллачу цхьана зудчо. — ТIедуха барзакъ эца дагахь, вогIушехь базара юкъа ваьлла иза йишина тIеIоттавелла. Шена ца евзачуха дIа стенна ца воьду? ХIун нисдан воллу хIара?

Цо хиллачунна бехке шех мах аьлла зудабер а ца деш, цуьнан ваша варх цецваьллера Аьстамар.

Стелахаьштигах кхунна а, кхуо лардечу цIенна а го теснра вукху шимма. ТIаккха, ша милцошна юххе нислушшехь:

— Ва-а, яккха со Iаьржачу Iадатийн саьрмакан багара! Ва-а, суна Iедало елла маршо дIаяккха гIерта и саьрмик! — аьлла, мохь белира йишига.

Сагатдеш лаьттачу кхаа милцочух цхьамма — деман галнаш санна, кегдина лергаш а, ножан гуьйригаш санна, стаммий пхьаьрсаш а долчу цхьана бIотIано — шен деза дегI, пелаг санна, дайн, боларе а далийна, буха ког а тесна, бертал вожийра Iалашоне кхаьчна воьду ваша.

Цхьа вон узар делира — лаза чIогIа винчух тера дара. Амма оцу минотехь хьалаиккхина: «Хьан дена хуьлда»... — ондачу милцочунна чутасавелира иза. Вукхо, Iемина хиларх терра, чIенига кIел хIума тоьхна, шалха вахийтира, схьахьаьддачу вукху шимма тIе мийраш туьйхира. Воьжначо деннй-нанний бохура, хьалагIатта ветта а луш. Кхо милцо, вуса а велла, бугIанаша санна шайн вортош а саттийна, чухьаьдча, Аьстамаран коьртехь ткъесал сиха хьаьвзира: вуьйр ву-кх цара и. ХьалагIатта тохалушшехь, карара топ елира, ца хууш логах пIелг тасабеллачух тера дара. Иза охьа а кхоьссина:

— Ма ве и стаг! Стенна воь аш?! Шу хIун деш лаьтта, бехкгуьнахь доцуш стаг воьйтуш, — мохь а хьоккхуш, тIехьаьдира хIара милцошна.

Амма тIекхаьчча дерриге а дIадаьллера: аркъал Iуьллучу жимчу стеган бета юххехула цIийн тача хьаьддера лаьтта кхача.

— Шун хIун бакъо ю стаг вен? Аш делла цунна са, я бIаьрса, я лерса, я ког-куьг, я ойла ян хьекъал, я дог? Шуна хаьий, адам дийнна цхьа дуьне дуйла? Шен малх а, шен стигал а, шен мархаш а, лаьмнаш а, хиш а, хьаннаш а, шовданаш а...

— Сацийтта Iедална дуьхьал къамелаш! Хьо хьаьнгахьа гIо дохуш ву?! ХIахI?! Iедало зударшна еллачу маршонна дуьхьал ваьллачу... — ондачу милцочунна дукха оьгIазвахарна, багах чопаш йинера, бIаьргаш чохь цIий хIуттуш: кхунна тIекхета кечвелира иза. Амма цхьана дийнахь шиъ вожар дукха хеттехь а, я тIегуллучу адамех озавеллехь а, юхавелира.

Ткъа нах — цхьаберш воьжначух къахеташ, вуьйш оьгIазбахана, делахь а шайн йохка езаш хIуманаш йолун дела, гучу ца боврлуш, ши воккха стаг ойланца: «Дала бекхам бойла-кх, харц луьйчун», зударех цхьаберш: «И-и, ма къа ду... Дуьхьал а ца тийсалуш...», вуьйш тийжамца: «Нанас ца йинарг яла хьан!» — тIегIертара, гуо гатбеш.

Амма эццахь, шен хье тIехь боллу можа бIаьрг а къерзош, гай яьтIча санна, мохь а хьоьккхуш, неканчо хи санна, нах дIаса а туьттуш, схьакхаьчначу милцойн машено дIабаьхьира воьжна Iуьллург а, цунна кхиэл йинарш а. Бухабисина нах, гуламехь дIахьошволчо: «Вайна юккъера хеназа дIавахана хьенех дагалоцуш, бист ца хуьлуш минотехь совцур вай», — аьлча, хIайттархой санна, лаьтта бIаьра а богIабелла Iийра, тIаккха, жимма хьалха шайн лергашна дуьхьала деана къинхетаман пардо дохош, кортошка кхаьчначу базаран гIовгIано метта бахкийра.

Хилларг, кIоргачу уьшала кхоьссина тIулг санна, цхьа масех лоппаг а хIоьттина, уьш лелха а лилхина, базархойн кхетамехь дайра, уьш йохка а, эца а буьйлабелира.

Массо а дIасаваьлча а, корта а оллийна, сохьтехь гергга лаьттира Аьстамар. Иза кхин а латта мегаш вара, цхьана жимчу стага: «Накъост, дIахилахьа цхьажимма, хIоккхуза сайн товар охьадуьллур дара ас», — ца аьллехьара.

Кхунна вевзира иза — Колорадо, цунна улло лаьттара Джонний, Кенттий. ХIара ца вевзаш, Колорадо кхуьнца мах бийца велира:

— ХIун еза хьуна? Японски лоппагаш?.. ДIаэца, оцу лоппагца хьо хилахь, и з а хьуна тIаьхьара-м ер яц, ахь бетах хIума еттахь а. (Эццахь Джонни котамах виййкира, Кент, базар Iадон воллуш санна, велавелира). ХIа-а, уьш лелош вац хьо? Ткъа т р о й к а эца. Т р о й к а езий хьуна?

Ца еза хьуна тройка. Дала ларвойла тройканах. Цу тройкано хIаллакйина кхуьнан денда. Зонахарчу Боччин СегIирата — бIе шо хир ду цуьнан — хIара хьенан мила ву хиъча, дийцира: и лаьцна Соьлжа-гIала охьавнгначу хенахь, цуьнан цIеналлех, хазаллех цецбуьйлу бохура нах, набахтин белхахой а цхьаьна, цуьнга хьийса оьхуш хилла уьш: «Ма вон вахийтина-кх хIара стаг Iедалан кара. Кхоам бу-кх кхуьнан», — бохуш. Ткъа иза ша ваханера тIе, хьаннашкахула идда вер вац ша, хIун дийр ду, иштта хилла-кх делан кхиэл аьлла, цхьаннах иддал ша дина хIума а дац, диканиг ца динехь, нагахь дика бахьанехь Iазап деш делахь, хIара делера доцуш, йилбазийн Iедал ду, дала цунна бэн беза бекхам бийр а бу.

Ойла еш а Iай, кхин дIа а дуьйцура СегIирата: и хьуьнхахь Iачу хенахь, цхьа а чуьрк а, цхьа а моза а ца хууш хилла цунна тIе, садолчу хIуманаша а иштта ларвеш хилла и стаг, Дажало дIакхаьллира, тIаьхьа — массо а...

Цхьанна тIех а ваьлла, базара юкъаяханчу шолгIачу юьрта кхаьчначу Аьстамарна гира цхьана цIийна тIехьа моггIара дIахIиттина адамаш. ХIоккхара хIун леладо? ДIа герга гIоьртича, хезира:

— Хьалха базара дийнахь-м диъ эппаз бен ма ца доккхура ахьа, ткъа хIинца — сом?

— ХIинца массо хIума а дазделла. Цу тIе шуна хIара оьрнаш дохуш дерриге а кха хIаллакдина ас.

— Ой, хьалха ахча-м муххале а ца доккхура, хIун оьшу

хьуна бохуш, гонаха а хьийзаш, леладора ламазана керта ваханарг.

— Хьалхалеранаш дӀадевлла.

— Мела хир ма бу хьуна.

— Мела кисана билла йиш яц.

Оцу хенахь адамийн могӀанна нийсса дуьхьал йолчу жимчу гӀишло чуьра «Іахь-уь» бохуш узарш а деш, цхьа верстана стаг велира ара, карахь гӀуммагӀа а йолуш.

— Вало, — элира карахь сараг болчу стоммачу зудчо.

РогӀана уггаре а хьалха латта вуткъа-веха цомгаш бос болу воккха стаг, дукха хьеххорна, мархалделла соьман кехат оцу зудчуьнга дӀа а делла, цхьана куьйга чуо а, вукхуьнца гӀуммагӀа а лаьцна, ведда, цкъа юьстахо йолчу хи охьаоьхучу биргӀана тӀе а вахана, юха ведда мукъаяьллачу хьаштагӀа чу иккхира.

Царел тӀехваьлча, Аьстамарна Жанетта Батырсултановна гира, улло ваькkхина эхь доцуш бӀаьргаш а, пӀелгах тесна ловзош машенан догӀанаш а долуш верстина стаг а волуш. И шиъ, зудаберана юххе кхаьчча, соцура. Стага, йоӀ дӀа а, схьа а йолайолуьйтуш, стомма йолчуьра ност а, белш юххера пхьарс а лоцуш, хьажа а хьожий: «ХӀара?» — олий Жанетта Батырсултановга хоттура. Вукхо корта ластабора: «ХӀан-хӀа».

И шиъ догӀу гича, цхьаболу къона зударий: «Жанна еъна! Жанна!» — бохуш, сихонца шайн тӀоьрмигаш чу а кхийдаш, басар-пудар, куьзгий хьала а дохий, кечлуш, шуьйра хета бедарш тӀеийзош, горга меженаш кхин а бӀаьрла йохуш, гӀодаяккъаш гатъян, са чу оззийнчохь латтош, гуччу а буьйлуш, дӀахӀуьттура. Амма Жанна, царна тӀехь тидам хье ца беш, бен ца хетачу хьажарца уллохула тӀех а юьйлуш, кхин дӀа а йоьдура.

И шиъ тӀаьхьа дитина, юьртан урамехула схьавогӀу Аьстамар бӀаьргаш чу кхеттачу серлоно сацийра. ХӀан-хӀа, и маьлхан серло яцара — маьлханиг санна, бӀаьрса морцуш, ира йоцуш, цхьа кӀеда, къинхетаме, аьхна серло яра, сирла ойланаш кхуллуш.

И йоӀ, шен нийсархойх къесташ, лекхачу дегӀахь, дуткъа шера лаг, цунна юххера схьакерчина готта белшаш, гӀодах жимма къаьстина хенаш, нийса настарш, дӀаэккха кечделлачу лунан санна хӀоттар долуш яра, елакъажар — дерриге а дуьненна, бӀаьргаша — массарна а: адамашна а, дитташна а, бацана а — комаьрша дӀасайоькъура и аьхна кӀайн серло. Оцу серлонехь Башлаьмнийн кортошкахь Іуьллучу, цхьа а хьагӀ-гамо ца евзачу бераллин цӀеналла яра. Цундела цунна буха шайн яххьаш луьйцуш лаьттара нах — жима а, воккха а.

Аьстамарна хийтира: иза дерриге а адамийн дозалла хиллал сица цӀена а, куьцана хаза а, леларца оьзда а ю, нагахь цуьнан хьажар цхьана маьӀаргонна а шена тӀехь сацахь, дерриге а вонаш дицлур ду. Цунна лиира, тӀе а вахана, оцу цӀенчу йоӀана цхьа дай-й, ирсах я зезагийн, полларчийн дахарх лаьцна туьйра дийца. ХӀан-хӀа, кхуо дуьйцур дацара шен са, са деза ма ду, цӀеххьана кхуо иза дӀадийцича, цо и ловр а дацара, я цхьамма а. ХӀара са дийца воьлча, иза къа а хеташ, амма кхунна гӀо дан шегахь ницкъ бац моьттуш, дӀагӀур яра, юха а хьоьжуш. Цундела кхуо цунна дуьйцур дац са, кхуо цунна зезагех, полларчех я мокхазан тӀулг а хадош, малхе даьллачу шовданах дуьйцур ду.

Кхунна тӀаьххье, деана, схьакхаьчна Жанетта Батырсултановна а, цуьнан накъост а, гонахара нах санна, цецдаьлла оцу йоӀе хьежа хӀоьттира. ТӀаккха цхьа хан яьлча, боьршачо шен къаьрзина ши бӀаьрг Жанетте хьовсийра, вукхо резахилар хоуьйтуш корта таӀийра.

— Хьакиме, суо кораха чухьажийта эр ду ас, ша кхунна тӀекхевдаш, — элира цо.

— Вайша цхьаьний хьожур ду аьлла хета суна хӀокху масмаликах адам-йилбаз хуьлуш-м, — элира боьршачо.

Цара дуьйцург хӀун ду ца хаахь а, даго воиг хьоьхура Аьстамарна.

— И йоӀ хьенан ю? Мичахь ду кхуьнан дай-наний? — хетта велира боьршаниг.

— Стенна хоьттура ахь? — тӀееара баьццара ши бӀаьрг болу ерстина зуда.

— ЧӀогӀа оьшура тхуна.

— Стенна?

— Иза цаьрга бен дӀадийца йиш яц.

— И шиъ ламчу дахана, кху шайн йоӀана мала Ша-лам бухара цӀена хи дан. Иштта лерина лелош ю хӀара.

— Хьо мила ю цуьнан?

— Сой? Со кхуьнан ненан шича ларало-кх.

Кхин дӀадолу къамел чӀогӀа лахдира цара. И хаза улло гӀоьртинчу Аьстамаран цхьацца пхьарс схьа а лаьцна, бӀаьргех хиш а тосуьйтуш, Іаьвдира Іаьржа костюмаш а, кӀайн кучамаш а, тӀехьахьаькхна хьийкъина кӀужалш а йолчу шина жимчу стага. ХӀара хьалахьаьжча, и шиъ велакъежира: «Хьайн гӀуллакх доцчу ма гӀерта».

«И шиъ ма цхьатера ву, шала вина-м вац техьа?» — ойла хилира Аьстамаран, тӀаккха ши пхьарс мукъа баьлча, кхийтира: «Ц х ь а н а ден ши жӀаьла ду, шиммо дийриг а, шиннан а Іалашо а — ц х ь а ъ, цундела ц х ь а н а сибате вирзина».

Лераса кхин а ирдича, хаза доладелира къайлах ден къамел:

— ДӀадовла, аша хӀун дуьйцу? — бохура баьццара бӀаьргаш долчу зудчо, йоьхна, дӀаса а хьийзаш.

— Ойлаел ахь: Хьаьким ма ву иза... Пхи бӀе туьма а...

— Аш хӀун дуьйцу, цуьнан маре яха ма деза.

— ГӀур ю-кх. Ахь оцу пхеаннех цхьа бӀе дайичхьана, дерриге а дӀа метта хӀоттор ду хьуна, муьлххачу лоьро а, бакъду... — эц-

цахь, «хи-хи-хи» аьлла елаелира Жанетта, — цкъа хьалха ша а хьаьжна... Цхьаберш-м, маре баха а ца гlерташ, хьаькамаш, я lилманчаш а хуьлий lа. Со lилманча ю хьуна.

— Хlан-хlа, со яьхьар яц, церан дас...

— Оха дукха хьейийр яц хьуна. Шина-юхаа сохьтана бен. Тlаккха дика лийча а йина, — шампунаш Францера ю, — мор буьззина, совгlаташ а дина, схьайоуьйтур ю.

— Хlан-хlа.

— Тlаккха, схьаалахьа, хlун дича реза хир яра хьо? Хьуна лайкъедаран буьйса хlоьттина-кх, — шен киснара блокнот, къолам хьала а баьккхина, дlахlоьттира боьршаниг.

— Тlаккхий... Тlаккха-м ца хаьа суна. Сан майра ресторанан директор вахийта, со — шашлычнин заведующи... И пхи бlе туьма а.

— Дика ду. Уьш хилла ларахьа, — блокнота тlе йозанаш дира боьршачо.

— Кlужалш, схьайола децина, — мохь туьйхира баьццара бlаьргаш долчу зудчо.

— Хlун боху? — шен елакъажар а ца хуьйцуш тlееара йоl.

— Маракхета, хlара вайн деца ю хьуна, — Жанеттина тlе пlелг хьажийра. Йоl маракхийтира. Вукхо ехха латтийра иза, дlа ца хоьцуш, бlаьргаш чохь шайтlанан серло а йогуш, цуьнан жималлин ницкъ шен дегlах худийта гlерташ, делахь а цунах кхин гlуллакх а ца хилла, эххар а мукъаялийтира.

— Яло, lаьржачу «Волги» чохь хахкаелла схьайогlу вайша. Децас хьуна кечдина совгlаташ а дахьаш.

Царна тlевада тохавелла Аьстамар, цхьатеррачу шимма юха а морзахашца ши пхьарс а lаьвдина, ша волччохь латта висира. Амма шен батт дlакъовлале:

— Ма гlолахь, — ала кхиира.

Йоl, юха а йирзина, шен гуттарлерачу къажарца кхуьнга хьежа хlоьттира.

— Хьо мила ву?

— Аьстамар... — бlаьргаш чу хиш хlоьттинера кхунна.

— Со Лайса ю. Хьан соьга дийца хlума дуй?

— Ду. Хаза хlуманаш.

— Стенах лаьцна?

— Полларчех, зезагех...

— Суна мархех лаьцна дийцахьа.

Кхин дlа къамел дан ца юьтуш, шершина схьахlоьттинчу «Волги» чу теттира иза Жанеттас.

— Юхаеачахьана дуьйцуьйтур ду ахьа.

Аьстамаре кхин хlумма а ца аладелира, ткъа йоl кхуьнга куьг ласто а, «со хlинцца схьайогlу хьуна» ала а кхиира.

Машен дlаиккхина, орцах хьала, хьуьна юккъехь лекхачу берда тlера схьакхевдда лаьттачу, ангалин дакхкий кораш долчу цlийна тlе хьаьдча, дlахийцира шина морзахо Аьстамаран пхьаьрсаш.

Тlаккха иза бlаьрнегlар тухучу юкъана базар а хадийна, нийсса бердах ирх ведира. Го тесна йогlу машен кхул жимма хьалха дlакхечира, амма и юкъ тоьира цунна схьаделладеллачу аьчган кех чоьхьа эккха. lодара баьлла пха санна вогlучу кхуо, юха тlекъовладеллачу цунах корта туьйхира, амма иза чlогlа дара: эчиг жимма чусеттинехь а, кхин зен ца хилира.

Иза юха а ваьлла, берда йистехь лаьттачу гlишлонан кlайчу корашка хьежа хlоьттира. Дукха хан ялале, чохь цхьа гlовгlа елира, тlаккха уггаре а доккхачу коран куьзга «зрр-рр» аьлла, доха а деш, ара а иккхина стиглахь дlатийра Лайса, ерриге а базар а къагийра цуьнан кlайчу лепаро. Массо а йохка-эцар а сацийна, цуьнга хьаьжжинчохь виснера, са чу а оьзна, иза лаьттах а кхетта кхийран пхьегlа санна йоьхча, къинхетамечу узарца дlахеца дагахь.

Амма церан и дан ца дийзира. Йоl хlаваэхь яйра. Иза дерриге а с а хиллера, д е г l а доцуш, и чохь латтийна лайх хилла чкъуьйриг а, яша а ешна, сих дlаийнера (Лайса — луо са). Иза дlаяхара дуьненан, сих — серлонах а ийна, хlора lуьйранна хуьлучу Сих а кхетта, юхаян, цундела хlинца дуьйна кхин а сирла, аьхна, къинхетаме хир ду лаьтта тlехь С а д а р ж а р.

Шаьш чуоьзна хlуо дlа ца хоьцуш, дикка лаьттира нах, ткъа и меллаша дlа а хецна, стигла хьежна кlадделла бlаьргаш лаьтта хьовсийча, царна шаьш цхьана доккхачу хlуманна эшча санна хийтира. Амма уьш иштта дукха ца лаьттира, жим-жимма йолуш, алсамъяла йолаелира базаран гlовгlа, цу юккъехула цхьана зудчун аз а дийкира: «lовдал». Аьстамарна евзира иза — жимма хьалха шен вашас эккхийна лелийнарг яра. Масех зуда товжа а тевжира: «Нанас ца йинарг»... Цхьана воккхачу стага: «Дала къинхетам бойла-кх вайх, хlун хила доллу техьа», — а элира, тlаккха... Тlаккха хилларг дlадайра адамийн кхетаман уьшалахь, «чхьап-чхьип» аьлла ши лоппаг а иккхина. Базар юха а шен садеlа елира.

Дукха хан ялале хьуьна юккъерчу цlийнан кертара араяьлла lаьржа машен базара юкъа а еара, шена оьшу товар а эцна, юха а ирзира. Шайн лекха лами а бахьаш, цlеяйархой а баьхкира, Лайсас бохийна коран бlаьрг дlатоха.

Ткъа муха мегар ду иза, Лайса хlаваэхь яр иштта атта дицдан? Аьстамар базара юккъехь баьллачу лекхачу кхура тlе а ваьлла, къамел дан хlоьттира:

— Нах! Хlокху малхо серла а доккхуш, догlанаша лийча а деш, мехаш хьоькхуш, буц а йолуш, лаьттачу дуьненахь дуккха а сийлалле ирхъоьхуш некъаш доллушехь, сийдацаре охьа стенна оьху шу, хlара йохка-эцар а лелош?

Кхурана гонаха адамаш алсамдовлуш дара, уьш кортош

аркъал а дехкина, хьуьйсура кхуьнга, куйнаш — доцу дела — охьаэгарна а ца кхоьруш, масех воккхачу стага кара лаьцнера уьш.

«ДӀасахила! ДӀасахила!» — бохуш, маьхьарий а хьоькхуш ши милцо а кхечира. Царах цхьамма, бете аз чӀагӀден кад а лаьцна: «Охьавоссал цу тӀера, катоххий! Оратор!» — Аьстамарна, оьгӀаз а вахана, кхин а чӀогӀа марзделира къамел дар.

— Вайна стенна делла лекха лаьмнаш, шайн кортошкахь, берийн бӀаьрхи санна, цӀена лош а Ӏоххуш, вай цаьрга цкъа а хьовсуш а ца хилча? Стенна баьхна оьзда къонахий, вай царах цхьа а дагалоцуш а ца хилча? Стенна делла вайна лаьмнийн бӀаьрхиш— шовданаш, я хӀора буьйса шайн лепарца къарзъеш долу седарчий, вай царах ойла еш ца хилча?

Оццу хенахь, сирена а Ӏехош, кхура буха схьакхечира цӀеяйархойн машен — Хьаькиман вуьжийлин коран ангали дӀатоьхна бевллачух тера дара уьш. Цара бӀаьрнегӀар тухучу юкъана кхура уллохула шайн беха лами ирхбахийтина, цу тӀехула хьала хийцира цӀестан куй тиллина цӀеяйархо.

— Мича хьаьдда вогӀу хьо? ХӀун цӀе яйа? — тӀера охьа мохь туьйхира Аьстамара.

— Со хьалакхаьччахьана хуур ду хьуна! — Цунна, дикка улло а кхачийтина, буй буззуш баьхна, хӀинца а пошбала дикка хан йолу кхораш туьйхира Аьстамара. Цхьаберш юьхь тӀе кхийтира, вуьйш цӀестан куй, зов аьлла бека а беш, коьртах. ОьгӀазвахаро сихалла совъяьккхина хьалахьаьдда вогӀучо шайн машено санна сирена елира, бухара хьалахьоьжу ахбазар, гӀагӀъаьлла, елаелира.

Аьстамар кхин а лекха хьалавелира, вукхара кхин а ирх бахийтира лами. ТӀаккха цо, кхин а лекха хьала а ваьлла, хьоза хуъучу а хиъна, кхин дӀа а дира шен къамел:

— Туьйранехь саьрмик буьйцуш хезний шуна? Махкахь цхьаъ бен доцчу шовданна гонаха бижина, шена кхалла хӀора дийнахь цхьацца хаза йоӀ йоьхуш... Иза туьйра дац шуна. Саьрмик гуттар а хила а хилла, хӀинца а бан а бу. Вайн шовданна гонаха бижна саьрмик — базар ю. Тахана цо дӀакхаьлли башлаьмнийн лайх а, сих а кхоьллинарг...

КхидӀа ца дийцалуш, легашкахь хорам а хилла висира Аьстамар.

Бухахь лаьттарш а, лами тӀехула хьалавеъна цӀеяйархо а, шаьш хӀун дийр ду ца хууш, цхьана юкъанна севцира, тӀаккха милцойх цхьаъ, шен тапча хьала а яьккхина, махо дӀасатеххочу кхуран буткъачу бохьах тасавелла воллучу кхунна хьежон велира:

— Ас омра до хьуна: цхьана меттахь саца! — бохуш, мохь а хьоькхуш.

Амма я хӀара а, я кхуран бохь а, мох-м хьехон а ца оьшура,



цуьнан омране ладогӀа дагахь бацара. Милцо а вацара вухавер волуш. Амма шен накъосто сацийра иза, цхьана базара дийнахь кхо стаг дукха хир ву аьлла.

ТӀаккха, лехна, цхьанхьара бензохерх а беана, кхор охьатоха кечбелира уьш. Амма кхор мара а боьллина, цхьа жима стаг хӀоьттира дӀа:

— Тухуьйтур бац! ХӀара охьатоьхча хӀун хуьлу а ца хаьа. Мохк бегабой а, я дуьне духий а. ХӀара деза дитт ду!

— Ахь хӀун дуьйцу?! Мракобес! Эхь ца хета хьуна?! Хьуна тӀера ерш Ӏаьмиркан «Вранглер» джинсаш ю, цундела хьо прогрессана хьалха хила везаш ву. Ткъа хьо, кхор беза бу, деса ведарш вон ду... ХӀун ю ахь юьйцурш? — шовкъе а оьхуш, барт бетта велира къежвелла цӀеяйархо.

— Цунах гӀуллакх хир дац, — аьлла, тӀееара ерриге а Ӏаьмиркан фирмнийн духар долу цхьа йоӀ. КӀентан марайолла ницкъ ца кхочуш йисина кхуран агӀо дӀалецира цо. Цу шиннан куьйгаш тӀеттӀа кхечира.

— Карий-кх суна хьо. Дукха хан ма ю ас хьо лоьху, — элира кӀанта.

— Боккъаллий? — элира йоӀа.

— Вайшиъ гуттар а цхьаьна хир ду.

— Вайшимма хадабойтур бац хӀара кхор.

— Вайшиннан оьзда хӀусам хир ю, сийлахь дерг сийлахь а долуш, доцург лела а ца деш.

— Дика ду.

Кхор марабоьллина лаьтта шиъ, гонахара нах а бицбелла, захало дуьйцуш дара, амма цу шинна а хезира цхьана милцочо аьлларг:

— ХӀун дан дезара суна хаьара. ЙоӀ ядийна яьхьна Хьаькимна дӀаяла езара. ТӀаккха со ОБХСС-н хьаьким хир вара.

— Хир вара, къамел доцуш, — тӀетайра къежвелла цӀеяйархо.

— Хезий хьуна цара дуьйцург? — элира йоӀа.

— Кхера ца оьшу хьуна. Ас хьо Хьаькимах хьовха, Саьрмиках а ларийийр ю, — тешийра и кӀанта.

— ХӀокху тхан машене хи тохийта деза кху шинна, вуьшта хӀорш кхор дӀахеца дагахь а бац, — элира къежвеллачу цӀеяйархочо.

— Ӏадда дитийша и шиъ, захалонна юкъагӀертар къилахь лорур-кха, — нахах схьакъаьстира цхьа воккха стаг. — Нагахь оцу кхура тӀераниг охьаваккха гӀертахь, ас дийр ду-кх и.

Эццахь кхура тӀера пошделла стоьмаш эпа дуьйлира. Массо а цкъа цецвелира: муха? Кхин цхьа бутт ма бу уьш хила. ТӀаккха, шайн декхарш а дицделла, кхораш баа хӀиттира.

— Уьш вайн безамо хилийтина хьуна, — элира кӀанта.

— ХӀаъ, — цӀийъелира йоӀ.

ГӀеххьа хан яьлча, кхораш биъначу нелан санна, цӀога ирах хьаьвзинчу милцочо:

— Ахь муха воккхур ву иза цу тӀера чу? — хьаьттира.

— Масех дош а аьлла, — милцочуьнгара аз чӀагӀдийриг схьаийцира воккхачу стага.

— КӀант, хьуна Ӏедал ца девза, — къамел дан волавелира иза. — Со а вара, хьо санна, жима стаг волчу хенахь къамелана тӀера. Тхайн юьртахь нахана хьалха цхьа къамел а дина, чувогӀу со, Шуьйтара веанчу уполномоченнис сацийра. «Хьуо велла дӀаваллалц кхин иштта къамел ма делахь», — элира. «Стенна? Ас бакъдерг ма дийцира, нахана тан а ма тайра». — «А-а, нахана тайра... И ма ду уггар доьхнарг. Ежовн омра ду кхаа стага гӀо лоцург хӀаллакве аьлла». — «Стенна?» — «И хууш стаг вац, дела ша воцург», — элира. Со тийшира. ХӀетахь дуьйна кхин къамелаш ца деш, къайлавелира, дукхах йолу хан тхайн паднара кӀелахь а йоккхуш, Ӏийра, шовзткъе доьалгӀачу шеран ткъе кхоалгӀа февраль кхаччалц. Цу дийнахь-м лога тӀера а лаьцна, паднара бухара схьа а таккхийна, мукадахка санна, шийлачу лайла, цӀунала аратесира. БӀаьргаш дийнан серлонах дӀа ца дуьуш, веххa Ӏиллира хӀетахь... Амма со и дийца гӀерташ вац.

— Вала, айхьа дуьйцург дийций, — цуьнан къамелана реза боцуш, шаьш хӀун дича бакъахьа ду ца хууш дӀасахьийзара милцой а, цӀеяйархой а.

— ...Со оцу паднара кӀелахь воллучу юкъана кхо стаг тӀаьхьахӀутту верг а, цкъа-шозза къамел динарг а, ши етт берг а, кхел-бекъний ерг а, дика цӀе ерг а, бос цӀена берг а, я дуьххьалдӀа шайна бӀаьргаш я марий, баттий — цхьаволчун йоккха ма хуьлу и ши меже — ца тайнарг а халкъан мостагӀий бу я Троцкийн цӀогарчий ду бохуш — чӀогӀа деха а хиллера Троцкийн цӀога, Москохара Лаха-Варанда а кхочуш, — шайн бежанийн, говрийн бен кхин гина цӀогарчий а доццушехь, шайн зударийн, дӀаен езачу хьаьжкӀийн бен кхин бала а боцу миска нах хӀаллакбира хьуна. ТӀаккха иза а кӀезиг хетта дийнна халкъаш а дира... Ӏедал-м хӀетахь дуьйна хийцаделла, дала хӀара дита а дуьтийла иштта, амма базара юккъехь баьллачу уггаре а лекхачу кхура тӀе а ваьлла, ахь дуьйцу туьйра магийттал хӀара хийцаделла аьлла ма ца хета хьуна суна-м. Хьуо хӀаллакхила а, цӀерачарна бала бан а ца гӀерташ охьавоссахьара хьо. Дика къамел хууш, безамехь стаг а ву хьо. Тезета воьдуш кегийчарна хьалхавала а дика вар-кха хьо. Ас кхаьрца, могаш-маьрша хьо цӀа вахийта аьлла, дуьйцу хьуна.

Аз чӀагӀдийрнг юха а елла, холхазан куй тиллина воккха стаг шина милцочуьнца а, къежвеллачу цӀеяйархочуьнца а, лаьтта воьссича кхуьнан хиндерг дуьйцуш, маслаӀате къамел дан велира. Лакхара чухьоьжучу Аьстамарна гора дерриге: цхьа милцо тӀе ца товра — корта лестабора цо чӀогӀа, хӀуъу дина а, юкъараллин низам талхинчуьнна таӀзар дан лаьара цунна, важа шиъ хӀара дӀавахийта реза волчух тера дара — цу шимма кортош теӀадора. Уьш а битина, кхор марабоьллина лаьттачу йоӀе, кӀанте хьаьжира иза. «Шуьшиъ вовшахтохархьама а вала мегар дара кху тӀе, кхин пайда ца хиллехь а», — велакъежира.

Гонаха дӀасахьаьжча, ЧӀаьнтийн-Орга генахо хийтира. Шаройниг—уллохь, амма иза гамха догӀура. Уггаре а кӀорга меттиг, и шиъ вовшах кхетачохь хир яра. Цундела, шина а куьйга чӀоггӀа схьалаьцна кхуран бохь дӀасаластийна, ластийна, ластийна, кхоссавелла, хӀаваэхь чӀеран кӀорнн санна вахвелла, вахна, цигга чуккхийтира Аьстамар.

Цунна ца хезира нахера даьлла узар а, юха шен кхоссавалар а дицдина, базар шен гуттарлера гӀовгӀа ян йолаялар а. Иза цкъа шена дерриге а дицдеш, хи чу къайлавелира: бухахь гӀийлла маьлхан серло а хаалора, аьхна а дара. когаш кӀелахь — тӀеда гӀум а. Хина бухахь-м Ӏен мегар дара, садаӀа йиш хилча, чӀерийн Ӏойла вон яц. Масех тӀамар а тоьхна, листе а ваьлла, цхьана боккхачу тӀулга тӀе а воьжна, цунна тӀера хӀора зил а, кӀаг а, томмагӀа а тергалдеш Ӏиллира. Мичахь, маца кхоллабелла. Органо генара керчош балийна хьо, я кхоьллинчахьана а кхузахь Ӏиллина? ХӀун ойланаш ю хьан кийрахь, хӀун гӀайгӀанаш, кхуо шен садеӀарца лур ю хьуна ахьа хийла сатийсина йовхо. Ткъа аша шаьш, тӀулгаша, доладой, дог а оьций вовшийн? ХӀахӀ?

Дукха ду тӀулгаш, амма церан ойланашка ладугӀуш цхьа а вац, я цаьрца охьахууш а, наггахь цхьамма шена гӀишло ечохь эшча, схьа а оьций, тӀе жӀов я варзап етташ, луъучу хорме а бербабой, цементах, гӀамарх диночу худара юккъе кхуссу царех цхьаццa.

ТӀулга тӀера хьала а гӀаьттина, делкъанга баьлла малх букъа тӀехьа а буьтуш, нах боц-боцчу а вуьйлуш, наггахь хьармакан, хьаьмцийн коьллаш кӀел охьа а лахлуш, вехха Малхбузехьа дӀаоьхуш цо ойла йора хӀинцца хьалха стиглахь, хӀаваах а ийна, дӀаяьллачу йоӀах. Цунна ца хаьара, Лайсин дай-наний, сарахь цӀа кхаьчча, йоӀ а ца карийна, хьере хилла хьаьвзар дуй, тӀаккха, дерриге а хиъна, дас Элболта Лайса йоьхкина шен маьхча, баьццара бӀаьргаш долу зуда, Хьаькиман садоӀу цӀа долчу берда буьххье а яьккхина чукхуссур юй, цул тӀаьхьа цунна чохь яккха итт шо хан тухур юй, ткъа нана, ламчохь гӀиллакхца а, комаьршаллица а цӀе йоккхуш хиллачу Ирисханан йоӀ Элима, кхин шен бӀаьргашна малх ца гойтуш, чохь Ӏаш, шо далале лийр юй а. И дерриге а цунна тӀаьхьа, дикка хан яьлча хуур ду.

Виллина Малхбузехьа дӀаоьху Аьстамар эххар а дехьавелира базаро чулаьцначу меттигел. ТӀера хӀуманаш дикка якъаеллера. Гуш адам а дацара. Бацах, зезагех, сагалматех воккхавера иза:

массо хIума а дац-кха Хьькиман карахь, кху бацалахь шайн дахар а, шайн Iедал а ду, иштта стиглахь седарчийн а ду шайн дахар а, шайн Iедал а. Хььким кхана-лама эккхор ву, я даг тIе мохь а еана, я къаьркъа меллачохь лийр ву.

Иштта ойланаш еш дIаэха, кIадваллалц, тIаккха цхьана коьллаш бухахь дIавожа, цаьпцалгийн эшаршка ла а доьгIуш... Амма эццахь анайистехь моггIара лаьтта цхьа адамаш гучудевлира. Герга гIоьртича, царна хьалхахула хьалий-охьий уьдуш, мохь бетташ цхьаъ дуьйцуш воллу стаг — лекхачу дегIахь, тIе ло диллича санна кIайн корта — дикка хьаьжча, вевзира: Илланча.

— Де дика дойла хьан! — Аьстамар дукха хазахетта ведда вахара цунна тIе.

— О-о, далла везийла! Марша вогIийла! — Илланчина а хазахеттера хIара гина. — Хьо ма беса ву. ХIума ца йиъна ахь?

— Йиъна.

— Маца?

— Стомара.

Эццахь кхуьнга «собарделахь» а аьлла, ведда, могIанах схьа а къаьстина, сихха Малхбалехьа дIайолаеллачу кхаа зудчунна а, шина стагана а хьалхаиккхира Илланча, мохь туххуш байт а йоьшуш:

Оьздангалла ю массарел сийлахь,
И йоцучохь дахар хир дац ирсе.
Хьешан, мехкан гIуллакх ма де шийла,
Халкъан дуьхьа яккха муьлхха ирхо.

Ша схьадаьлла шан тарх йиц а елла,
Хьаьдда додахь ломах даьлла шовда,
ТIулгаш юккъехь шен хи кхачаделла,
Эрна довр ду, дIа ца кхсташ хIордах.

Новкъадаьлла пхиъ, меллаша, тIехьа ког а боккхуш, юха а даьлла, вукхарна юккъе дIахIоьттира, амма царна метта лаха маьIIера кхин цхьа тоба елира меттах. Ведда, царна хьалха а иккхина, кхидIа а йийшира Илланчас байт:

Сих ма лохьа, накъост, куравала,
Сих ма лохьа, йохон шира гIала,
Сихлахь герга ву хьо дакъазвала,
Нехан — кхардам, хьуо волчунна — бала.

Вай ницкъ болуш ду вайн орамашца,
Вайн ворххIе да вайна тIехьа лаьтта.
Церан оьзда мел дерг хIорамма а,
Лардахь, хир ду вайх и лекха лаьмнаш.

Амма и ешна а валале, лакхара кхин масех стаг а къаьстира. Царна дуьхьалвала ведда воьддушехь кхуьнга:

— Ас дийрриг де, — элира Илланчас.



Аьстамара нахана хьалхахула охьий-хьалий а уьдуш, шена дуьхьара дагаеана «Буря мглою небо кроет» еша хIоьттира.

Хедийна месаш йолчу цхьана зудчо, цкъа хьалха ела а елла, тIаккха боьршачу стеган санна стоммачу озаца элира:

— Хьовсийша, дукха тера воцуш вуй шен хьехархочух!

ТIаккха массо а велавелира, и ерриге а Чахкаран аре а екош, лаьттах когаш а бетташ, денежинхой лаьхкина боьдуш Асланбека бIо-м бац техьа, юха а дуьненчу а баьлла, хьотуьйтуш.

Елар кIордийча, оццу боьрша аз долчу зудчо:

— Дуьло, цIа доьлху вай, — элира. — ХIинца-м цига дIадахана дан хIума а дац. Нах дIасабухуш бу.

МогIа, буха а бирзина, гIийлла юьртеха дIаболабелира. Дукха гена балале, цунах а къаьстина виъ — ши йоI, ши кIант, царах кхоъ еха месаш йолуш, цхьа йоI таIIош урс хьоккхуш, корта дIа а баьшна — рогI-рогIана Илланче бага етта бевлира.

— Хуур ду-кх важа шоьтан де тIекхаьчча! — бохура цхьамма.

— Хьо мила ву тхо сецон — да я ваша? ХIахI! — кхехкара важа.

— Хьан и къена къамелаш кIордийна тхуна. Оьздангалла! ГIиллакх! — цIогIа деттара корта баьшначу зудчо, Гринэм-Коммонера атоман база дIаяккха бохучу ингалсхочо санна. — ХIара тIуьска дас, со чохь сацийта дIабаьшна хьуна. Со чохь сецний ткъа? Соцур а яц, — йовлакх дIа а даьккхина, корта малха кIел лецира цо, цуьнан зIаьнарш чкъурах йолийтар новкъа хир даццкха могашаллина аьлла.

— Оха дIалур ву хьо, прогрессана дуьхьал ву аьлла! — мохь хьоьккхура «Битлз» ансамблах тера волчо.

Илланча, вела а къежаш, къинхетаме хьоьжура цаьрга: «Ма эхь ду шуна, ма эхь ду шуна», — бохуш. Маьхьарий хьеxкна эшарш а хаьлла, уьш дIатийча, байт йийшира:

Оьздангалла ю массарел сийлахь,
И йоцучохь дахар хир дац ирсе...

ТIаккха и диъ меллаша, кортош а охкийна, юьртехьа доладелира. ЦIеххьана царах цхьаъ — ансамблах тера верг — вуха а хьаьдда, Илланчина хьалха бортал а кхетта, дIасакерча велира, велха а воьлхуш, мохь а хьоьхкуш:

— Ахьа а, чохь дас а дуьйцург — цхьаъ, ткъа массо а кхиниг лелош ву?! Мила ву ткъа бакъ? Муьлха некъ бу нийса! Хьан йойур ю сан шеконаш? У-у-у...

Иштта вехха дIасакирчинчул тIаьхьа, цIеххьана хьала а иккхина, маймал санна, букар а сеттина, шен накъостел хьовха, вукху нехан могIанел а хьалха иккхина, воьлхучуьра ца соцуш,

юрт а хадийна, чубуза лахлучу малхал дехьа а ваьлла, къайлавелира иза.

— Схьавола, охьахаа, — элира Илланчас, шен хьаж тlера хьацар пхьуьйшаца дlа а хьоккхуш. — Шоьтан дийнахь гуттар а хlара лелон дезаш хуьлу. Кхана Мартантlехь ю базар, цу агlор хила веза. Ахь дика гlо дин суна, баркалла.

— Уьш мича баха гlерта?

— Базара. И ю-кх вайн ерриге ярташ дlакхалла гlерташ. Цунна дуьхьалваьлла со. И лаьттина нах, со ласттийна бертал а тоьхна, шайн базара дlабаханехь бовлура. Амма цара и ца дира шайн оьздангаллица бозуш хьаса болу дела хlинца а. И хьаса стамбар ю-кх сан lалашо. Амма цемзаводо а, шина а агlор хlуьгтучу базарша а хlаллакьеш лаьтта хlара юрт: цементан кlуьро пехаш хlаллакдо, базарша — кхетам. Делахь а къардала мегар дац: пехаш цlандан шура мийла аьлла аса, кхетам цlанбан — вовшашна туьйранаш дийца. Вало, чу воьду вайша.

Илланча дlаволавелча, хlара жимма тlаьхьа сецира, цуьнан тидам а беш; лекха корта а айина, бай-й ког а буьллуш воьдура и, шегахь кху мехкан сий а, дозалла а хаалуш.

Дlабовлуш лаьтта-кх иштта ког боккху, иштта бистхуьлу, вонехь боьхна боцуш, ойла сецна а, тезетахь бlаьргаш дlаса а ца къерзош лаьтта бlаьра богlавелла а хуьлу, мел кхерам белахь а, гуттар а бакъонен гlо лаца кийча а болу нах. Денна жимлуш ду церан дуьне. Иза кехата тlехь сацор а ю-кх сийлахь lалашо.

Дlа ма кхечи, юург стоьла тlе хlоттийра Илланчас: ширчу дуьмин цастарш а, моз а, бепиг а, кестта чай а хьалха хlоттийра. Тlаккха цхьа жимо тlулг чубеара, юккъера чутаьlна, тlехь кегий кlаьгнаш а долуш.

— Кхийран кад, ши эзар шо ду кхуьнан.

— И муха хиъна хьуна?

— Кхуо ша дийцир-кха. Дlа Хилдехьахь цхьана хьеха чохь карийра суна. Сайн тlоьрмиг чуьра хьала яьккхина, кагйина, сискал йиллира аса кху чу. Хазахийтира тlулгана. Тlаккха дийциркха кхуо ши эзар шо хьалха, Шемехь цхьана тlулгатхьеро, ага а огуш, шех кад бархи а, нах цигара боьхна богlуш, цхьана тlемалочун тlоьрмига чохь ша кхуза кхачарх а.

— Тlулгийн мотт муха lемина хьуна?

— Иза дийцалур дац. Хlоранан а шен-шен некъ бу цу дарже. Лераса дукха ира хила деза-кх.

— «Тlулгаша а дуьйцу» Мохьмада а яздинера-кх...

— Иза а кхетара цу маттах.

Тlаккха и шиъ дlатийра. Аьстамарна дагавеара Илланча жима волчу хенахь. Цlенчу нохарин гlовтал а юьйхина, суран куй а тиллина, lожа дина а хиъна, лекхачу лаьмнашка ваха ваьлла жима стаг, тlаккха хьнйзачу пекъан тачанца ломах ирхвоьдуш, динара воьссина, цхьана боккхачу чхара йисте а хlоьттина, цунна тlе куьг хьоькхуш иза латтар а, тlаккха цlеххьана (гуттар а лаьмнашкахь ма-хуьллура), мархаша стигал дlа а лаьцна, догlа дан доладелча, беречо ломах хьалалаьллинчу говран бергаш тlулгех еттаялар а, тlаккха дlакхаьчна, жlаьла летча, нийса тхов болчу цlийнан кетlа яьллачу йоlа и жlаьла дlаэккхор а, тlаккха и шиъ, детта ткъес а, тlеоьху догlа а ца гуш, дехха латтар а, юха хlусамда цlахь воцийн хиъча, бере вухаверза гlортар а, «Къорlанор гlур вац, чоьхьа вала! — йоlа алар а. — Да вийна мостагl а вохуьйтур вац хlокху догlанехула дlа»...

Тlаккха... Тlаккха чу а вахана, чоа дlа а делла, кхерча хьалха а хиъна, цlаре а хьоьжуш, паднара тlе шена хlума охьаюьллуш хьийзачу Эсилас дон татанаш а хезаш, lийра.

Хlума йиъна ваьлча, цкъа вист а хилира, корах ара бlаьрг а тоьхна: «Хlара-м дlатен дагахь а дац». — «Сатоссуш дlатуьйр ду».

Тlаккха: «Има-беркат дала ма эшадойла хlокху кертахь, шарехь дохучу синошка а ла а доьгlуш, вехха lиллира, наб ца кхеташ. Тlаккха, сатоссуш наб а кхетта, ша са мел туьйкург кхочушхилла гlан а гина, самазаьлча, цlенна гена дошуш духдуьйлучу шовданца юьхь-куьг а дилина, дlавахa гlоьртича, хlума ца йиъча Эсилас ца вохуьйтуш, шуьне хиира иза.

Тlаккха: — Има-беркат дала ма эшадойла хlокху кертахь, lодика йойла», — аьлла, говран юьхь а лаьцна, ломах чуволавелла, некъо гола тухучу кхаьчча, юхахьаьжча, зlара юххе а хlоьттина, тlаьхьахьоьжуш лаьтта Эсила кхин ца гуш, шовзткъа шо дlадер ду бохург дагахь а дацара Илланчина хlетахь...

— Хьуна жимма хьалха тилли и цlе, — кхуьнан ойланаш хадийра Илланчас. — Хlумма а дац. Хьайн юьрта хьала а гlой, егт-эсий, говр эций, нагахь говра тlе а хиъна, орцаца охьа кхуза хьошалгlа а вогlуш, хьайн иллеш а яздеш lе. Хlинца-м хьалха санна хала а дац. Хьалха цхьа къотlалгlа йина хlуманаш хьала а евлла, нах хьийзийра, хlара lедал доккхуш Гlойтlахь а, lалханюьртахь а, кхечухьа а цlий lенийнарш а, беларш а леха а лоьхуш, бехк-гуьнахь а доцуш хlаллак а беш. Дlо ламчохь НКВД и цхьаьна хьаькимо Малцага (мангало яраш санна нах хlаллакбина вара иза), ша вогlу вайча, петоьхна, коьллаш юккъе къайлаваьлла Биркьишан Мовла — цхьа делан лай, хьуьнха оьхуш, дечиг гулдеш, иза дохка лахенца охьа а кхоьхьуш, доьзал кхаба гlерташ волу, хи чуьрчу чlеранчул башха кхин бехк-гуьнахь а доцу — «даркх» аьлла, топ тоьхна, вен а вийна (и цхьа зулам а тоьар дара стагана дуьненахь а, эхартахь а дакъаза вала, ткъа Малцага мел дира уьш?..) шен белхало волчу цуьнан кlанте аьллера: «Хьада дlавало, хьан да боху жlаьла ду хьуна эцца новкъахь ас дийна lуьллуш, дlадаккха иза», ткъа вукхо: «Дика ду». Ойла ел ахь: да вийнача кlанта лун жоп дуй иза? Хlетахь байаза

бисинчех цхьаберш иштта пайдабоцчу бевллера. Оцу къизалло а, харцоно а шайн сиэха баьхнера нах. Цхьаверг, ша веле олий, тоьпан хьокха а оьций, хьуьнха воьдура — цунах тIаккха обарг хуьлура... Гикалон берзина баьхначу бIаьхойх виъ кхаьбна волу тхан деваша — хьуьнха а гIой, лачкъа аьлча, хIунда лечкъаш ву, ша шен цIахь Iаш ву боху, — таIIийна чувоьлли. ТIаккха тхан дай сой яахIума а, тIергIан пазаташ а эцна Соьлжа-гIала вахара, хIинца аэропорт йолу меттиг дерриге а дIалаьцнера нохчийн къорзачу истангех йинчу баннаша. Царна чохь ца карий. Бода къовлалуш набахте ваха. Кху чохь ву, гайта йиш-м яц. ТIаьхьа еъна хIумий? И-м дIаоьцур ю. Иза а доккха хIума хеташ, кIиранах, хIора денна воьдуш, тIаьхьа ихи тхойша, яахIума а, тIеюха а кхоьхьуш. ТIаккха набахтин белхахочо юьстахваьккхи тхойшиъ. Шуьшинна хаьий боху, хIора дийнахь чарх стенна латайо? Хаьа, боху охашимма. Хаахь, хьайн вешин дакъа а дезахь, пхийтта туьма схьада, боху дега. Ткъа хIетахь пхеа туьманах етт бегIура... Сарахь байинчийн декъий гIали йистехь даькккхинчу орчу дIакхуьйсуш хиллера. Хьаьдда цIа а вахана, говр-вордий дIа а доьжна, пхийтта туьма а дахьаш, охьавеара тхойша. Девешина охьавалийнчу буссехь тоьпаш тоьхна хиллера, оха кIиранах кхехьна хIуманаш набахтин белхалоша шайна йитинера. Ткъа девешин кхакханан кетар Сибрехахь аьчган некъ буьллучарна яхьийтинчу ейтта эзарнах дIакхеттера. Некъахошна кетарш дика хиллера, кхин а яйта аьлла кехат дайтинера. Ткъа кхузара берш кхин а чIогIа тIетаьIнера... Иштта пайде дирзинера маьрша нах байар. Нохчий-м шайн вийначун дакъа мехах духадерзийча а баккхийбечу хьола тIе бевллера.

Эццахь къамел дечуьра саца а сецна, ладуьйгIира Илланчас. Кора кIелахула дIасалелачу стеган татанаш хезара шерра.

— И мила ву?

— Милла велахь а, иштта дIаса лелачуьра соцур-м вац кеста... ТIаккха тIом болабелира. Везий, Сибреха вахийтазий висна дика къонаха цига вахара. КъотIалгIа бина хьаькимаш нахера говраш гулъян бевлира, тIаме яхийта еза бохуш, амма цига ца йохуьйтуш, МартантIе базара а юьгуш, дIа а юхкуш, ахча декъа а доькъуш, Москох дIа иштта хаам а беш: «Кхузара нах вайн Сийлахьчу ЦIечу Эскарна гIо дан реза бац. ХIорш Iедална дуьхьал бу»... Дашин Мока обарг муха велира хаьий хьуна? Дика дин бара цуьнан, массеран а тIехь бIаьрг сецна. Массарначул а чIогIа НКВД-н хьаькимех цхьаннан сецна хиллера. ТIаьхьара ца велира, и говр тIам тIе ца яхийтича Герман тулур ву бохуш. Доьлхучу дагца дIаелира Мокас говр. Ткъа кIира даьлча, Шуьйта вахча, шен говра тIе а хиъна, доладелла лелаш а къутIа гича, Мокин цецваларан ойла йой ахь? «ХIара хIун ду?» — «Хьуна гург, говр сайна йитина ас». Эццахь вертан чухула йихкина ворхIазза йолу тапча — хIетахь къайлах а, къулах а герз доцуш ца Iара нах, чIогIа дIа ма боьллера уьш цунах, шина эзар шарахь лелош... — хIаъ, шен ворхIазза йолу тапча, схьа а яьккхина, кхин дIа-м ца шершар хьо, аьлла, шина бIаьрга юккъе тоьхнера...

Иштта яра зама. ХIинцалераниг тоьла хьуна бIозза, иштта ницкъаш ца бо, бакъду хIинца дог этIадой, сингаттам латтабой, хенал хьалха къанво. Доккха хIума а ду-кх дог иккхина я коьрта чу цIий хьаьдда мел ле стаг.

Цул тIаьхьарлера зама бохий ахь? Иза-м ца евзаш хьо а вацара. Иза хIораннан хIусамехь а, хIораннан кхетамехь а, цIийца а ю. Ас стенан ойла йо хаьий хьуна? ХIетахь хьун, бежанаш, кхидолу киранаш дIасакхоьхьучу вагонаш тIе а баьхна, хIора юьртахь цхьаъ-шиъ масална вен а вийна: вада гIоьртинчунна хIара хир ду шуна (ас-м Нашхахь хилларг а ца дуьйцу, я МартантIерачу больницехь Iохкуш хиллачарна тIекхаьчнарг а — уьш-м дийцина вер а вацара), оцу вагонаш чохь дIабоьлхуш, цхьаберш гIайгIанах хорам хилла, вуьйш кхечу бахьанашна леш, дуьхьал шаршош а оьхкина керла адамаш дуьнечу а дохуш, цхьана вагона чуьра вукху чу захалонаш дIаса а кхоьхьуш, маре а оьхуш, ловзарш а деш, шийлачу махо лоьккхучу аренашка, аккхарой догIу шуна, кийча хилалаш бохучу хабаро дарбинчу нахана (церан марош дан а дуй-техьа аьлла хетара, ткъа царна — тIаьхьо, бийла а буьйлуш, дуьйцура — тхайнаш дукха даккхий хеташ хиллера) тIебисоича а, цигахь мацаллина дужу гIа санна, дIабохка а ца кхиош, хьарчо марчо а доцуш, — луо а, дарц а хирккха царна марчо — адам дIадолуш а, «Сталин, тхан дахар дохий ахь, ва дела вилла хьо яьшкин чу» боху йиш лекхна йоI тIепаза яйнча а (и стенна дуьйцу: Сулаймин Баудис мукъам бича, шена а, дерриге халкъана а хилла гIело дага а еана вилхина аьлла, Жимчу-АтагIара Байбетар вадийна ваьхьна ткъе пхиъ шо хан а тоьхна, таIIийна чу а воьллина, хIинца а, ткъе пхийтта шо даьлча а, ваза ву-кх, ткъа цунна мотт тоьхначун батт, шимма ши пIелг а тесна, дIасаозийна, лергаш тIекхаччалц дIасаятIорах хIун иоделира? ХIетахь дуьйна хозуьйтуш велха йиш йоцийла хиира массарна а, иштта хилча, вела-м муххале а мегар дацара, — ойла йира — хастам бу-кх далла, садаIар а, хи малар а, малха кIел вохвалар а дохка царна дага ца дайтарна, халкъ шен махках даккха а шайна бакъо еллачарна и дага цадар доккха хIума а дар-кха хьуна — а дерриге а социализман дуьхьа ма дара; хIун ойла хилла хир ю техьа шен Iилма адамийн ирсана лийринчу Марксан син, ша хIокху дуьненна го бохуш, Сталина баржийна гIурт, маьршачу цIийн Iовраш гуш?)... хIаъ, иштта хала дохкуш а, са кIезга делла, гора ца оьгуш, иштта, — Илланчас, пондар схьа а эцна, хелхаран мукъам хьовзийра, — эшарш а лоькхуш, халкъ хила диса ницкъ хьан, я стен белира техьа вайна?

Юха кхуза «ДегIастана (и дош цхьа а «лаьмнийн мохк» бохург дац иза «ден йист», «дайн мохк» бохург ду) цIа доьрзур ду-кх бохучу тешамо а, майрачу, оьздачу *дайн синоша* а белиркха. Иза суна ишта хетара, халкъ мацалла лечу хенахь, юьстах ца Iаш, вайга далург дийр ду вай, мащах дайша Теркал дехьа а оьхуш, романаш а лоьхкуш кхаьбна мискачаш, бобраш (ткъа и ца лелийча, дика мел долу латтанаш паччахьо дIадахарна, дан хIума а ца хилла, цунах лаьцна паччахьан Думехь ша дуьйцуш Таьштамара шена тIера даьккхина верта тесна цIенхъа — оццул ду цхьана ламарочунна кхочург) аьлла, Китайн дозанера схьа Оренбурге кхаччалц, Iуй жимма а дIахербелла жа, даьхни, говраш лоьхкуш, уьш, яйа а йойуш, нахана дIасайоькъуш, со а, со саннарш лелийнарг и *тешам* бара.

Ленинторскехь, кхаа дийнахь кечам а бина, шайн доьзалш, гергарнаш, гIалел ара а бохуш, нохчех хIу дуьтур дац шаьш аьлла, дагаршца, тоьпашца, кхечу герзашца кечбелла, белшаша тIе охьаетталуш кIозарш йолу *химикаш* хIумма а дагахь доцчу шайна — берашна, зударшна, бакхийчу нахана, шахти чуьра хьалз а буьйлуш, балхара цIа оьхучарна — тIелетча, боьхна, бежанаш санна, дIаса ца уьдуш, шайгахь ерг, караеънарг, я вукхаьргара схьаяьккхинарг тухуш, Iуттуш, дуьхьал хIитта а, тIаккха цхьа дей-буьйсий даьлча дуьхьало ечуьра тIелатаре берза а гIо динарг а цу *тешамо* белла ницкъ бара.

Саьттарчу ТIагин Падама дуьйцура: «ХIетахь баккхий зударий шайн гIодаяккъаш а йихкина, назманаш а бохуш, деле а кхойкхуш, божаршца цхьаьна дIа а хIиттина, тIом беш бара, ткъа шаьш, кегий зударий а, гIора дIадаьлла къенанаш а, баракан цхьана цIийна чохь гулдинера. ЦIенхьана корах чу тIулгаш тоьхча, шаьш цхьаберш лазийра, ткъа Сюжарчу Секиймаган ах корта, декхаш доллу шен бер коьртах тIулг а кхетта делча, шена а гуш, къежбелира, цул тIаьхьа кхин доьзалхо ца хуьлуш, къан а елла, дIахьажа стаг а воцуш эццахь ехаш ю хьуна, декъаза дуьне дууш. Ткъа Нохч-Келарчу Бувайсаран ши кIант — Увайс, Умалт — шайн цомгаш нана чохь а йитина, неI хьостамашца тIе а тоьхна, кораш дIа а чIаьгIина, лата ваханера, амма цхьана еха кIозарш йолчо, тховх дагарца Iуьрг а даьккхина, чоьхьа а ваьлла, йигйнера шина кIентан нана, тIаккха и дика болх а бина, схьавогIу иза, Шикъарарчу Махьиний, Загиний тIе а Iоттавелла, цу шимма дагарш детташ вовшахваьккхира — охI, и дагадеъча хIинца а чам болу хIокху дуьненах!» Ишта дийцира ТIагин Падама. ХIан-хIа, дийца а ца оьшу, хIара зама тоьлаш ю хьуна хIетахьчул.

Иллайча дIатийча, юха а кора кIелахула дIасалелачу стеган татанаш хезира.

— И мила ву?

— ЖаIпар.



— ХIун деш ву и?

— И-м шен болх беш вара. ХIума яалахь... ТIаккха тIееана хан юьйций ахь. ДIаваьллахь, ма йийцалахь. Цхьа делан къинхетам а хилла, Сталин вала а велла (кху дуьненахь цхьа нийсо йолуш ду дика — массо а леш хилар), юха гуш йолчу ДегIастанна боьлхуш, сал-пал вовшахъетташ, бохкучу хенахь, и дан де доцуш, къаналло а, цамгарша а кIелбитина, доьзалш а, гергарнаш а бала а белла, цхьалха бисина баккхий нах, юьстах теIара, шаьш белхахь а, къайлах боьлхуш, нахана тIаьхьа тийсалуш, царна новкъарло ца еш, кхуззахь Iожалла тIеоьцур ю шаьш бохуш. Аса вола а велла испискаш хIиттий церан. Соьлжа-гIалахь кхоьллинчу оргкомитете дIаяла цIа ваха а тохавели. Вохуьйтий ткъа? Хьо чуволла везаш ву боху, милици яллалц Iадда чохь Iе. ахьа Китайн дозанера Оренбурге кхаччалц лелийнарг ца хууш дац тхо. Дика ду цаьрга а аьлла, цIерпошташна тIаьхьа тийсалуш, лечкъаш шина кIиранах некъ бинчул тIаьхьа, Соьлжа-гIала ма кхечи со. Оргкомитет йолчу чоьхьа ваьлча, Iадийра: НКВД-н хьаькимаш хилла Малцаг ву-кх. ДIадийци аса. Иза цIийвели, кхоххий, вусавели, вусавели, вусавели, со стоьла буха охьа а таьIи — иза эккхахь а аьлла. «Хьо мила ву?!» — эххар цIогIа хьаькхи цо. Ас дIаэлийци. «ЦIа ван бакъо йолуш веънний хьо?»

— «ХIан-хIа». — Ас хIинцца НКВД схьа а кхайкхина, чан йийр ю хьох!» — «Мохь ма хьекха, — боху ас. — НКВД хIинцца яц, арахь кхин зама ю, ахь сох чан а йийр яц. Нагахь суна тIе харц цIе ахь кхоллахь, ас лаьтта бухара тIе а ваьлла, оцу хьетIе топ тухур ю хьуна». ТIаккха меттавеа, шена уггар чIогIа бала берш и баккхий нах бу боху. — «И ишта делахь цIа баха лун бакъонаш йохка стенна юкху аш?» Шена хууш хIума дац, боху. — «Уьш ца юххуш-м Iийр дацара шу, оцу мискачу, цхьалхачу, ДегIастанехь каш хиларе сатуьйсуш дийнахь а, буса а дегнаш (бIаьрхиш-м тоххарехь кхачийнера церан) доьлхучу баккхийчу нахана мукъане маьхза лойша уьш». — «Ахь хIун дуьйцу? Лур ю дера!» Со мича теша харцонах дин дина, шортта бехк боцу нах хIаллакбинчу Малцагах. Цу чуьра араваьлла дIавоьдуш, ойла йира ас: декъаза халкъ ду-кха кху хьаькамийн лаамехь хила дезарг.

Нах цIа эха буьйлабелира, назманаш а бохуш:

Шу, стигланаш, марша Iойла,
Латтанаш, шу марша Iойла.
Марша Iойла сийна Сибрех,
Тхо-м дIадоьлху дай баьхначу...

Пондар соне а биллина, Иллайча дIатийча, кора кIелахь таташна метта стеган велхар хезира.

— ЖаIпар, во-о ЖаIпар, — кхайкхира Иллайча.

Амма важа дуьхьал вист ца хилира.
— ЖаIпар, во-о ЖаIпар, ма велха сел чIогIа. Велла ма вала хьо делаI.
— Велха муха ца воьлху, ахь дерриге а дагадаийтича... Ву-у-у.
— Схьа чу волахьа.
— Хьоьга велхавайтий?
— ХIан-хIа. Чай мер ду вай.
Сени чохь ЖаIпаран тагтанаш хезира. Иза цхьа бIаьрг а боцуш, бера-тIорзанах тера жимчу дегIахь, веррипе а оза а велла, цхьа пхенаш а, даьIахкаш бен хIумма юй техьа аьлла вара.
— Велла ма вала, ЖаIпар, хьайн велххал бен де ца хилча кора кIелхула стенна лела хьо?
— Болх ца бича волий со?
— Белхаш тайп-тайпана ма бу. Схьавола, охьахаа, — пели чу чай доьттира Илланчас.
ЖаIпар, мерах пхьош а хьаьккхна, стоьла хьалха охьахиира, леррина шега хьоьжу Аьстамар тергал а ца веш, схьаэцначу дуьми дакъа тIе моз а хьокхуш.
— Ткъа кхана я лама массарна а шайна луъург дийца бакъо лахь хIун дийр ду ахь? — вела а къежаш, цуьнга хьоьжура Илланча.
— Иза-м цкъа а хир дацара, — чай, «хурттI» аьлла, цхьа къурд а бина чоьхьа тесира ЖаIпара.
— Хир ду. Цкъа хила дезаш ма ду иза.
— Хилахь, цхьаъ дийр ду-кх. Хьуна ма хаьа, сайна лууш ас хIара ца леладойла. Дош ду хIара? Хьалха мел чехка йоду говр а, тIаьхьа а водий, охьа а лоцуш, тIахъаьлла вара. Бацойн махка воьдий, итт-пхийтта говр лоллий сехьа а волий, базарахь уьш дIа а юхкий, масех баттахь вижна Iуьллура...
— Хьайн бIаьрг стенна баьлла дийцахьа, — Аьстамар ша а цецвелира и шен багара даьлча, амма ЖаIпара атта лайра иза.
— Ас харц дуй биъна баьлла ала гIерта хьо? Ца биъна хьуна. Ас ЧIаьнтарчу МоIсип ши говр, кхиэл-бекъий ялийна, юха иза керста деш Итум-Кхаьллахь биънарг буьйнний ахь? ХIетахь куьг къорIан тIехь хиллехь а, аса: «Делера охьадоьссничу, делан къорIанор», — олучу хенахь сан мотт цергаш юккъе йоьллинчу сирникаx Iуьттуш бара хьуна — ткъа сирник... а... а... къорIа а дац. Ткъа бIаьрг... Керт еш воллуш, уллохула тIехйолучу вайна юьрта балха еанчу цхьана нисъеллачу — месаш яра цуьнан хьаьжкIийн хьаса санна, кIайн — хьехархочуьнга хьажа а хIоьттина, жIов хьостамна тIе нийса а ца...
Эццахь, моз хьаьхкна дуьмин дакъа легашка а хIоьттина, чухула дIасахьаьвзина ЖаIпар, Илланчас букъа тIе буй балийтича а, гIоьнна хьаьддачу Аьстамара изза пхьола дича а, гIоле ца хуьлуш, цхьа бIаьрг а къарзийна, багара туйнаш а оьхуш, арайккхина, цIийнна тIехьахь дIасаида велира.
ТIаккха цIеххьана дIатийра.
— Ой, и хIун дара? Там бара иза... ЖаIпар, во-о, ЖаIпар, дийна вуй хьо? — кхайкхира Илланча.
— Ву. Чубахара дума.
— Делахь ладогIалахь ас хьайна олучу байте, — Илланчас пондар схьаийцира:

Стиглахь марха ва йоцуш,
Лаьтта догIа догIур дац.
Кийрахь гIайгIа ва йоцуш,
Ши бIаьриг боьлхур бац.

— И стенна боху ахь?
— Цхьа бахьана доцуш дуьненчохь хIумма а хир дац хьуна, я догIа а догIур дац, я бIаьрга хьостам а кхетар бац.
— Дика ду. Оцу хьайн хьешан цIе йиийцахьа.
— Аьстамар. Тхойшиъ заманах къамел деш ву хьуна — дIаяханчух, тIейогIуччух, йолуш йолчух. Доцург ма язделахь, бIаьрг цхьаъ бен ца бисина хьан.
— И стенна дуьйцу ахь? Сайна безаш бо ас хIара болх? Ца ваьлла бо-кха. Хьо санна, и Боккха кхор а бац суна реза, Ахк-м стенна дуьйцура. Иза реза доцу-м дукха а хан ю. Дага ца догIу хьуна, цкъа деста а дистина, цо сан кертахь мел йиийна хьаьжкIаш дIаяьхьна?
Кора кIел йовхарш етта хIоьттира ЖаIпар.
— Тховса и чарх ма латаехьа, хьаша а вара веана, — мохь туьйхира Илланчас коре а воьдуш.
Важа дуьхьал вист а ца хуьлуш, хьалха санна, хьалий-охьий лела велира, тIаккха цIеххьана саца а сецна:
— Бакъо яц, — мохь туьйхира.
— Мичахь Iара хьуна и ца латош, — корера схьа а ваьлла, кхунна дуьххьал охьахиира Илланча. — И цо хьала ма латти, хIетахь, Соьлжа-гIалахь латош хилларг дага ма йогIу, тIаккха хIетахь, Соьлжа-гIалахь латош хилларг дага ма йогIу, тIаккха хIумма а далой: ойланаш, ойланаш, ойланаш... ХIетахь и чарх хIумма а далой: ойланаш, ойланаш, ойланаш... ХIетахь и чарх болх бан ма йолаелли, Соьлжал дехьа ниисса НКВД-на дуьххьала цIа чуьра Хьава, — нохчех дуьххьара хьал долуш хиллачу нахах яра иза, амма дуьне уггар таделлачу хенахь цIенош а, карахь дерг а дIа а даьккхина, майра а вийна, шина бераца ша йиснера— дог а гIеллой южуш хиллера, елхаран мохь а болуш: оцу гIовгIанехь бойучу нехан маьхьарий, шен майрачуьнниг а цхьаьна, хезаш хиллера цунна. ТIаккха вай цIера даьхча, цигахь ши бер а делла, и цхьалха йисича, наха цунах къахеташ, чохь, арахь а делла, и цхьалха йисича, наха цунах къахеташ, чохь, арахь гIуллакхаш дан, рогI-рогIIана шайн мехкарий а бохуьйтуш, лелаяйтира иза, ша хIумма а дан хууш а ма яцара и миска. Хьалха, нах вовшах лата буьйлабалале, шовзткъа чоь йолчу доккхачу цIа

чохь Iаш, Iуьйранна итт-цхьайтта сахьт долуш, гIарабашо: «Хьенех, яа хIун е ас?» — аьлла, неI тоьхча, меттара хьала а гIаьттина, хуьтан халат тIе а кхоьллина: «Иза а, иза а е», — ала сени чу яларал шена ца дезаш хIумма а дацара, ткъа шен марда, Садойн Хасболат, Чермойн Орца санна, хьалдолуш воллушехь, чIогIа кхоаме вара: «Кепек ца хилча сом ца хуьлу, сом ца хилча — туьма а, туьма ца хилча — ахча а», — олура цо бохуш, дуьйцуш хиллера Хьавас мехкаршна, ткъа вукхара багош а гIаттайой ла доьгIуш хиллера, туьйранах санна, цунах Iеха а луш, къайллах хIораммо а оцу дахаре са а туьйсуш (са а муха ца туьйсу, мацалла а, шелонна а, сингаттамах а леш лаьттачу нахана юккъехь бохкуш хилча), иза шайца цкъа а хир дац-кха бохучух теша а ца лууш. Цундела мехкарша вовшашка а ца кхочуьйтуш, яахIума яр, я горгам хьаккхар стенна дуьйцу, ши ког буьлий, метта а йоккхий дIа а йижош, лелош хиллера иза. Ша бохий ахьа? Хаза стаг яра Хьава, хено а ца яйннера цуьнан хазалла...

Ас дIадаьлларш стенна дуьйций? Хьуна цхьа хIума хаийта: маца а, мухха а харцо, тола а тоьлла, нахана тIехь цхьана ханна куьйгалла дахь, цо дина зулам дIа ца доьрзуш, иттаннаш шераш довлу, хIинца хьан а, хьан накъостийн а дог дохийнарш, хIетахь нахех жарж бинчех бу хьуна. ХIетахьлера хьу ю вайн махках дIакъастаза.

ХIара ЖаIнар гой хьуна? Наггахь ламчу воьдий, говр-бекъа а ядош, дIалелаш вара хьуна, цхьана аьхкенан сарахь Соротахула, хьалхалаьллина шен хIонс а йолуш, схьавогIуш, рогIера каш а аьхкина, цуна гонаха гулъеллачу къийгашца дагара дуьйцуш Iачу Биъсаболчунна тIе а Iоттавелла, цо тIе а кхайкхина, ахьа лелориг шена хаьа, ша тIепаза войур ву хьо аьлла, тIаккха хIара, цавешаш, велавелча, «Хьажал», — аьлла, гIаттийначу бага хьажийтичахьана, дIакхоьссинчуьра цIа далийна кIеза санна, цунна муьтIахь ву-кх. Цу багахь хIун гина-м ца хаьа суна цунна.

— Суна хаьа хьуна — жоьжахати гина-кх.

— Хила мега хьуна. Цунах ду-кх Биъсаболчун бага гонахара чоьш мерцина, кийрара тов хьалаетталуш... И мухха делахь а, хIетахь дуьйна ЖаIнар суний, эцца уллохула охьадоьдучу Аханний, Боккхачу кхураний тIехIоттийна ву-кх Биъсаболчо. Сой, Боккха кхоррий-м Iадда Iа (бакъду, Кхуро наггахь шен стом туху, цуьнан цхьаъ бен боцчу бIаьрга а хьажбой, — гIуллакх ца хуьлу, коьртах я букъа тIе кхета), ткъа Ахк наггахь, оьгIаз а доьдий, догIа деъча, ерриге Iовраш шена тIе а кхойкхий, деста а дестий, дусалой, цIоьккъа-лоьмах а тарлой, цуьнан керта хьоду, амма ЖаIнар а, цуьнан цIа а, дадийна даьхна Органах дIатоххал (цуьнга Соьлжах, цуьнга Терках, тIаккха хIордах а дIатохийта) ницкъ ца тоьий, шен хорша юхадоьрзу. Делахь а ас ЖаIнаре ларло-м аьлла. Хиш, адамаш санна, ша-ша къаьстина ма дац, церан цхьа барт ма бу... ХIан-хIа, иза нийса хир дац,



царна ца девза «барт», «цабарт» бохург. Хиш дерриш цхьаъ ду — дуьненчохь мел дерг а цхьа Хи ду, — хIордаш а, ахкаш а, стиглахь мархаша лелориг а, догIанах лаьтта а дуттуш. Цундела и кхоччуш оьгIаздодахь, цуьнан бекхам массо а нахана хила тарло. Ткъа цатемаш адамаша царна бо. Хьажал хьо, хIокху Ахкан цIе Куьзган хи ю, хIара сирла долу дела тиллина. Ткъа Биъсаболчун цхьана мурдо, цунна улло хьокха тоьхна-кх, буьххьехь «речка Мутная» аьлла у а долуш. ОьгIаздахана Ахк дIаккхоссадели, схьаккхоссадели, орцахъевллачу мархаша охьа чу хийци шайн догIа. Дусаделлачу Ахко, оззийна лаьттара хьала а баькхина, бадийна баьхьна, тIулгах тоьхна дамар-дарц дина, бохийна, дIабаьккхира хьокха.

И хиллачул тIаьхьа вайнехан хийн, шовданийн, яртийн, лаьмнийн, ирзойн, боьранийн ойла йин ас. ДIа ара а ваьлла, шайн боккъал цIераш йохуш кхайкхича, цхьайолчу меттигаша дуьхьал жоп ца ло-кх. Цкъа цхьана дийнахь: «Гураш-дукъ! Во-о Гураш-дукъ!» — мохь бетта ас. Дуьхьал дист ца хуьлу-кх дукъ. Юха а кхайкхи со, кхин а чIогIа, лергана онда даьлла техьа хIара аьлла. Эххар а шена тIера хьун дIаса а ластийна, дукха реза доцуш мера чухула боху-кх: «Ахь стенна мохь хьоькху? Хьо хьаьнга кхойкхуш ву?» «Хьоьга кхойкхуш ву-кх, ва Гураш-дукъ», — боху ас. «Сан цIе Пионерски ю», — боху цо. ТIаккха: «ЛадогIа ахь бакъдолчуьнга», — сайн дагахь а аьлла, хьаьдда цIа а веана, охьахии со массо а, массо а, массо а цIераш дIаязъян, цаевзарш кхечаьрга хетта а хоьттуш. ЦIераш яйча, юьхь йов, юьхь ца хилча, цхьанна а лела йиш а яц, стеган — къонах а, нехан — халкъ а хилла. ДIатохавелча, ручкано ца язйо-кх. И охьа а йиллина ширчу гIирсаца язъян гIоьрти со, шекъана чу а Iуттуш, — цхьа зил а ца беш, оцу секундехь шекъа дакъало-кх. Къолам схьаийци ас — даш кагдели. Юха иза ирбан хIоьттича, чухула хьаьвзиначу цхьана хIуоно яздан кечдина стоьла тIехь Iохку кехаташ, хьала а айина, кагбеллачу куьзганан бIаьргехула арайийци-кх. Кхийти: со ламчухула леллашехь, Биъсаболчун хIуо деънера сан хIусаме, соьга цIераш дIа ца язъяйта, — делахь уьш йойуш леларг и хIуо ду-кх, хийти суна. Цхьанхьара лехна, беъна кIожам а латийна чухула кIур хьовзий ас. Хилла лар а йоцуш, тIепаза дайра Биъсаболчун хIуо.

Илланча чайнах къурд а беш, дIатийча, Аьстамара хьаьттира дукха хенахь дуьйна шен садуург:

— Илланча хьан бакъйолу цIе ю?

— Сан цIе Мида ю-кх. ХIетахь Китайн дозанера схьа Оренбурге кхаччалц болчу махкара даьхни лоьхкуш, сайца пондар лелабора ас. Нах бузорах ма ца тоьара. Вуьзча а, гапъолий, дIа а кхетий, вала ма лара стаг — сингаттамах. Цундела, цкъа хьалха кхехкиччу жижигца, цуьнан чорпица, Iаьнарца нахе шайн догIмаш а дохдойтий, тIаккха хIара акха дечиг схьа а оьций, кхуьн

ца синош дохдора, къонахех иллеш а олуш. ХӀетахь дӀаяхар-кха сан и цӀе. ХӀинца-м ас иллешначул дукха хан маттана йойу. Суна хетарехь, кху дуьненчуьра массо а меттанаш цхьаннах схьадевлла. Нохчийн яга, йогу боху дош: хӀиндийн — «йогаш», йогучу алошна тӀехула леларш, оьрсийн — огонь — йогуна, ткъа солнце кхаа дашах кхолладелла — са лун цӀе...

Эццахь чоьхьа иккхира ЖаӀпар, карахь цхьа кехат а долуш:

— ЛадогӀал сан отчете: «Тахана 10-чу июлехь, доьдучу шарахь Илланча волчу веара, чӀогӀа меца а волуш, цхьа жима стаг. Ас цӀе хьаьттича, Аьстамар ю элира (бакъ ду-дац ца хаьа). Цу шимма заманех лаьцна къамелаш дийцира, цхьа тамашийна цхьаннах (хьанах ца хаьа) ца вешаш, вела а къежаш. Шира дума а, ламчуьра деана моз а дира, уллохь Ӏохкуш советски заводехь йина «кильки» консерваш а, социалистически Кубера деана шекар а доллушехь.

Стенах лаьцна яздо ахь аьлла хьаьттича, Аьстамара жоп делира...

Кехат доьшучуьра саца а сецна, шен бӀаьрг Аьстамарна тӀебуьйгӀира ЖаӀпара:

— Стенах язъеш ву хьо?

— Цхьаннах а.

— Ткъа стенах язъян дагахь ву?

— Диттех, олхазарех, хих, Ӏина йистехь евллачу коьллашна тӀе шийла догӀа дарах, даккхийчу а, кегийчу а тӀулгех...

— Со Ӏехон ма гӀертахьа!

— Боккъал а со дагахь а ву диттех, олхазарех...

— Дика ду иштта дӀаяздо: «... жоп делира: со диттах, олхазарех, Ӏинчуьрчу коьллех яздан дагахь ву (бакъ ду-дац ца хаьа, талла деза). Партех лаьцна яздан дагахь вац. Боккха кхор, кхин хийцам боцуш, цабашарца къежа а къежаш, шен генаш а лестош лаьтта, Ахк къайллах «бур-бур» деш ду, ша со, вадийна, хӀорда чу кхуссур ву бохуш. Сан дехар: оцу Ахках, бетонаца го а бина, саца а дина, уьшал хилийтар. Боккхачу кхурах, бензохерхаца хеда а деш, дечиг даккхар, суна, цхьа ши говр лалла, Бацойн махка ваха пурба далар а». ТӀетоха хӀумма а дуй?

— Дац, — Илланчас оллушехь, ЖаӀпар, хила а ца хилча санна, къайлавелира.

— Хьалха суна тӀехӀоттийна хиллачу Макшерипа гуттар а коммунизмах стихаш а, «Ачалуки» хи чохь шишанаш а кхоьхьура, — къамеле велира Илланча. — «Хьайна деззачух, гергарчух язде, коммунизм Ӏадда а йитий, цу тӀе хӀара хи а ма кхехьа, оццул хӀара со мелла а вер вац», — эли аса цкъа а, шозза а, уьттазза а. ТӀаккха жимма хийцавели: стихаш революцех язъян вуьйли, хи «Серноводская» кхехьа, наггахь лимонад а дахьаш. Цкъа цхьана буса — чӀогӀа догӀа догӀуш буьйса яра, да вийна мостагӀ ара вер воцуш, — веана, неӀ а ца тухуш, чоьхьа вели-кх



хӀара, тӀадийна а вац, мор буьззина минеральни хи а ду. Сагатлуш Ӏачу суна, чӀогӀа хаза а хийти.

«Схьавала сехьа, — боху ас. — И хи стенна деана ахь, арахь охьаоьхург ца тоьа хьуна?» — «Иштта, цхьа хӀума ца яхьаш ца ван... Со хӀунда веаний? И хьайн чӀогӀа мужалташ йолу тетрадь лохьа, хӀаъ, хӀаъ, иза. Айхьа лелийнарш тӀеяздина тетрадь, хьох лаьцна статья язъян дагахь ву со. «Буьйса юкъал тӀехъяьллачу хенахь, тӀедогӀучу догӀанехула кхуза а веана, хӀара тетрадь дахьал дерг доккха гӀуллакх хила ма деза аьлла», ойла а хуьлуш, дин ас цо бохург.

ТӀаккха ша новкъаваккха со тӀаьхьа волавелча, ара ца волуьйту-кх — «Ца оьшу, арахь догӀа а ду». Цул тӀаьхьа бен со марса а ца вели. Мичара Ӏалора хьуна ара ца ваьлча. ТӀаккха уьйтӀа ваьлча, тоьар ду кхин ког схьа ма баккха боху-кх, нагахь баккхахь, хӀара догӀа ца соцуш, стиглара хӀорд лаьтта а боьссина, дуьне хи буха гӀур ду. ХӀара-м дуьххьара доьдуш дацара хи буха, додахь цӀан а делла, хьаладер ду хьуна, тӀаьхьа виса везарг, гила кеманца Башлам тӀе а ваьлла, вуьсур ву хьуна аьлла, кхин дӀа а ваха со. Ткъех ког дехьа валале дуьне Ӏадош ткъес туьйхи, цуьнан серлонехь цӀен «Жигули» а, цунна улло хӀоьттина, корта аркъал а биллина, гӀаттийнчу бага догӀа доуьйтуш воллуш Биъсаберг а гин суна. ТӀаккха, дерриге а кхеташ ду аьлла...

Цигара дӀа Илланчин къамел ца хезара Аьстамарна, балдаш леларца иза луьйш вуй хаахь а, цӀеххьана кора кӀеллахь болх бан йолаеллачу чархан, болатчу херхашца эчиган дакъош хедош санна, ирачу гӀовгӀано къардира массо хӀума а.

Кху гӀовгӀано кхоллаялийтина хир яц-кха Илланче шен кхолларалли лекха бӀов, дерриге а дахар цунна оьшу коьчалш кечъеш чекхдолуш латтахь а, ойла хилира Аьстамаран. ТӀаккха и чарх Соьлжа йистехь, адамех жарж бинарг ю аьлла хийтира, шен хьийзарехь хезаш хӀаллакбинчийн узарш а долуш. Цара массо а пха озийна, дегӀаца а, дагца а, тӀулг санна, чӀагӀлуш, дӀакхетча муьлхха а пен а харцор болуш, орцахвала кечвелла Аьстамар, Илланчас сацийра, лерга чу мохь а тоьхна:

— ПаргӀат хила, хьан орца оьшучохь бац уьш. Иза ЖаӀпар ву шен болх беш. Вало, хьуьнха гӀур ву вайша.

Аьстамар ши бӀаьрг тӀе а биллина гӀеххьа Ӏийра, тӀаккха ара а ваьлла, беттаси кӀелхула дӀавоьдучу Илланчина тӀаьхьа а кхиъна, цуьнгара тиша юргӀа схьа а эцна, аьрру агӀор а ваьлла некъ бан хӀоьттира, суьйренан аьхналла чухудучу бацала, иза ма-хуьллу ца лазон гӀерташ, бай-й ког а буьллуш.

Лаьттара мутт хьалауьйзуш, шайн баьццара карраш кхин тӀе а стамдора хьаьмцийн, хьармакийн коьллаша, уьш чекхъевлча, дӀадоладелира лекха дитташ, уьш а изза деш дара, меллаша дӀаса а техкаш, шайн когех хьерчачу маргӀалшна — шайн берашна аганан иллеш а бохуш.

Массо хIума а шен-шен тIаьхье кхиош ду-кх. Ткъа тIулгаш? Ткъа седарчий? Церан дуй-техьа бераш, делахь мичахь ду уьш?

Чорхан гIовгIа гIийлла бен схьа ца хезачу ваьлча, Илланча сецира, хьуьне ла а доьгIуш:

— Хезий хьуна? — элира цо.

Аьстамара кхин тIе а ирдира шен лераса. ТIаккха хезира хьаннийн «шушш», Ахканан шабарш, буьйсанан олхазаран аьзнаш вовшах а ийна, кхоллаелла башха йиш, ткъа цуьнан хIора байт чекх моссаза йолу, бухIано «ухIу» олура, тIаккха туркхо: «Довдалаш», — аьлча, шовкъе йогIу зикархойн чIуг санна, кхин тIе а марсайолура иза.

— Хьун хазахеташ ю, вайша кхуза веана, — элира Илланчас, кхуьнгара схьаэцна юргIа лаьтта а даржош. — Оцу хIора диттан шен-шен аз, шен-шен мукъам бу хьуна. Попан—шен, ножан—шен мохан — шен, иштта бIаьллинган а, пхонан а, хьехан а. ХIора диттан, церан массо а генан, гIан, царна тIерачу шеддийн тидам а беш, дукха а хьуьнхахула лелаш, Iема Iаламан мотт...

Илланча кхин вист ца хуьлуш дIатийра, цунна шен къамел ца оьшуш санна хеттачух тера дара, шачул говза дерриге а хьуьно дуьйцур ду-кх, аьлла.

Жимма хан яьлча хьуьнан эшаре ладогIар а дитина, Аьстамара ойла йира Илланчин цхьалхаллин, иштта веана хьаша ца лерича, я гергара, лула-кулара чохь цхьацца дезарш дан, я жимчу уьрда тIехь йийначу хьаьжкIашна асара богIу зударий ца лерича, гуттар а ша вара иза. Хьалха иттех уьстагIа лелабора, хьаша веача бен. ХIетахь цхьаъ дIавахана валале, важа схьахIуттура вогIий, тIаккха кхуо дийцинчу къамелех цхьаболчара — диссертаци, вукхара — стихаш, поэмаш а язйина, цхьацца юьстах а волуш, херабевлира, цул тIаьхьа уьстагIий дIа а доьхкина, уьрда тIерачу хьаьжкIех а, кертахь долчу шина боча-бIаран, кхаа Iожан (цхьаъ — хьалхехь хуьлу кIайниг, важа шиъ — тIаьхьа, гурахь хуьлу муьстанаш) стоьмех а, хьуьнхарчу куллабIарех а, хьаьрмакех а, кхорех а (хи чу а бухку, цу а боккху), чайна метта йолу Iаждарбуц а, кхин тайпана дарбане бецаш а йохуш, хене волуш схьавогIура.

— ХIетахь, Эсилех къаьстинчул тIаьхьа...

— ХIахI? — ша волччохь кхоссавелира Илланча, тIаккха, хьала а гIаьттина, жимма волавелла а лелла, кхунна тIехIоьттира, хаттаран хьаьрк а хилла: — Хьуна мичара хаьа иза?

Аьстамара дуьхьал жоп ца делира, цо шена дерриге жимма хьалха дуьхьалтесира аьлча кхин а дукха хаттарш кхоллалур дара.

— ХIаа, хIаа, сан мотт ца Iийна-кх. Ас ца дийцича хьуна мичара хуур дара иза? — охьа а хиъна, хьуьне ладегIа велира Илланча, шена хьалхарчу беттасин серло а, буьйсанан тIуналла а худуш, кхана бажа а, жа а, арадалале аьлла, катоьхна, йоккха хуьлучу баце а хьоьжуш, гIийлла къамеле велира иза.

Эсилех къаьстинчул тIаьхьа, и кхин ца гуш, шовзткъа шо делира. Оцу хена чохь мосуьйттаза хьаьжира со сайн кхерч кхолла, цкъа дIадолалуш дика дIадоьдура, амма жимма тIаьхьа сан дахаран харш девзича, уьш бовдура, юха а ца хьовсуш, со царна тIаьхьа а ца кхойкхура — тIаьхьа кхайкхича некъ дика ца хуьлу олу, дуьххьалдIа церан болар а тергалдеш лаьттара, царах цхьаъ-м, со шена тIаьхьа ведда вогIу моьттуш, тIеттIа чехка а йолуш, едда, едда, бердах эккхаза, хIетта хьаькхна дIайоьттинчу алан литтах а кхетта, йисира. ТIаккха ала юккъера схьа а яьлла, ченалара хьалагIаьттина котам санна, ега а елла, соьга цкъа юха а хьаьжна, и дIайоьдуш, аса ойла йира: «Дуьненчохь цхьалха даха кхоьллина сиош а хилла-кх, со царах ву». ХIетахь дуьйна хIусамна мел яйа еза хан а тIулгашна а, хишна а, хьаннашна а, олхазаршна а, акхарошна а, хьешашна а дIало аса.

Иза дIатийра, тIаккха цхьа хан яьлча, Аьстамар шен берзинчу когашка хьоьжуш а гина, юха а вистхилира:

— Ас мачаш гIала воьдуш бен тIе а ца юху. Стенна къехка лаьттах, кхунах схьа а бевлла, кхуьнан кийра баха безаш бу. ЖаIнарна-м Iовдал хета и сан къамел. Ас лелочун цхьа къайле ю моьттуш, и гучуяккха гIерташ, тIаьхьа а волий лела, бертал а вуьжий, сан когашка а хьоьжуш. Ткъа аса суо лаьмнашка воьду, уггаре а лекхачунна тIе а ваьлла уьш дагардан аьлча а, ца теша. «Ца воьду цу гIуллакхана-м, айхьа къайлаха йийначу кIомала тIе воьду я цхьана хьехахь дIадиллинчу герзана даьтта хьакха, я Бацойн махкара лаьхкина далийна жа къуйшна юкъа дIасадекъа, ийсо яхь, цара цхьа-ши уьстагI лур бу а аьлла», — боху-кх. «ХIан-хIа, — къар ца ло со. — Лаьмнаш дагардан воьду». «Ткъа стенна дагардеш ду уьш?» — чуьра вуьйлу. «ДIа-м ца дахана тестенна дагардеш ду уьш?» — паргIат ву со. «ДIа муха доьлху уьш, когаш а ца хилча?» — «Уьш когаш бохуш ца доьлху, кхузара схьа а довлий, лаьтта бухахула, бухахула дIа а доьлхий, оьгIазъоьхуш, шайн кийрара тIулгаш, лалийна латта, къахь, хьала а кхуьйсуш, кхечухьа хьаладовлу, лаьмнаш юххехь Iийраш, уьш санна сица лекха хила ма беза, цахилча уьш дIадоьлху, шайна тIаьхьа доккха ор а дуьтуш, бухбоцу ор, тIаккха хи хьоду — хIорд хуьлу»...

Ла а доьгIуш, дIатевжина Iачу Аьстамара юха а тидам бира берзиничу когийн: айраш, мачийнаш санна, стамделлера, пIелгаш буьххьера ирах а хьийзина.

— ГIала воьдуш бен мачаш ца юху ас, тIаккха чIогIа ницкъ а хуьлу. Вуьшта аьхка а, Iай а когаш Iуьйра лела, иштта бен хаалур дац хIокху лаьттан садеIар. Мачаш тIе а буьйлуш, гена стенна буьйлу кху лаьттана?

Хьуьна чуьра схьа татанаш а хезна, къамелаш а совцийна, ладегIа велира и шиъ, кхузахьа схьадогIура уьш.

— Ча хила мега, — шабарш дира Аьстамара.

— ХIан-хIа, адам ду.

Иза Илланчин багах доллушехь, хьуьна чуьра арадаьллачу гIаларто:

— ХIей, са ду хьо я цIий ду хьо? — аьлла мохь туьйхира.

— Тхойшиъ шиъ ву, ши са, ши цIий, ши дегI, цул сов тхойшингахь дечиг-пондар а, буха тесна тиша юргIа а ду, чу бамба а буьллуш дина, — жоп делира Илланчас.

Важа жимма латта а лаьттина, беттасино серлаяьккхинчу аси тIехула, къежа а къежаш, кхушинна тIе а веъна:

— Буьйса дика хуьлда хьан, Илланча, — аьлла, ши куьг тIехьа а дуьллуш, дIахIоьттира.

— Диканца... Ой, Солса вац иза! Хьо ва марша, ахь хIун леладо? — хьаланкккинчу Илланчас маравоьллира тIевеънарг. — Хьо мичара вели?

— УьстагIий лоьхуш лела-кх.

— Шуьшиъ вевзаш вуй? — Аьстамаре хьаьжира Илланча.

— Тхойша ши доттагI ву.

— Ву? О-о, и доккха хIума ду. ДоттагIаллел деза хIума дац. Цкъа мацах цхьа жима стаг хилла масех шарна деша ваханчуьра цIа вогIуш... Новкъахь цо лелийнарш-м дийцина а вер вац. ЦIа кхаьчча, гIеххьа хан яьлча, зуда ялийна цо. Там-мах дIа а берзийна, хIара нускалца чувирзича, деана схьакхаьчна Мулкалмот: хьан са эца деана ша, делан кхеле верза кечло. Важа, ламаз а эцна, сица цIан а велла, кечвелла. ТIаккха вукхо аьлла: «Шуьша дукха жима а ду, безамехь ши стаг а ду, шуьшинга цхьаьна яккхийтта деле жимма хан еха доьду ша». ДIа а дахана, дукха хан ялале духадеана Мулкалмот: «Хьуна хьайн гергарчу наха шайн оьмарах еллачу ханна хьо вахийта реза ву хастам хиларг». Вахана кIант шен дега хан еха, аьлла дас: «Цхьа ламаз эццал бен хан яцар-кха ша лаьттахь яьккхинарг, ма ехахьара ахьа шега». Нене ехна. «Кхера беттина мижарг схьаэццал бен хан яцар-кха ша кху лаьттахь яьккхинарг» ... — аьлла нанас. «Шов дана кIел лаьцна кIудал хьалаюзу юкъ бен яцар-кха шен оьмар, ма ехахьа» — аьлла йишас а.

Иштта хьаьддий, веддий лелаш, эххара жимчохь лаьцначу доттагIчунна тIеIоттавелла иза. Цо елла шен хенах нийсса ах — хIайт, горалера дуьне яI! ЛадугIуш хилалаш ши кIант! Шен тIаьхьайисинчу оьмарах нийсса ах дIаелла. Иштта хила беза шуна доттагIий!

Шовкъе ваханчу Илланчас тIекхетта, пондар схьа а эцна, пIелгаш мерзех туьйсуш — цкъа сиха, юха меллаша, — сих кхета мукъам балийра, тIаккха иллица юьзира аьрцнашца хьалаяьлла хьун:



Гу лакха ва яьлла борз угIу ва хезча,
И угIу моьттура мацалла гIаддайна.
И угIуш хиллера ардамгах ва хаьлда,
И угIуш хиллера накъостех ва яьлла.

«Шушш» — тIаьхьара мукъам балабора дIасалестачу дитташа.

Дуьне духур ду аьлча, суна ма моьттура,
И сийна стигланаш, кеглуш, тIейоьлхур ю.
Дуьне дохар хиллийца, дагна дукха везначу
ДоттагIах ва ваьлла хьуо цхьалха ва висар.

И байт аьлла а ваьлла, Илланчас мерзах лета пIелгаш кхин а марсахдаьхча, шерра хезира берзан угIар.

— Борз а ю хьуна тIаьхьара олуш, — элира Аьстамара.

— Гуттар а хуьлу. ХIинцца еана схьакхочур ю шен накъостаца, — Илланча, йиш сацийна, пондаран лергаш хьийзон хIоьттира.

— Делахь уьстагIашка догдохийла а яц, — элира Солсас.

— Цо хIумма а дийр дац, — Илланча юха а пондарца йиш лакха хIоьттира.

Дукха хан ялале, хьуьна чуьра схьа кхаьрга хьуьйсуш ши бIаьрг гучубелира, тIаккха кхин шиъ а.

Илланчас локхучу эшаро эзар-эзар шераш хьалха хилла хIуманаш дагадоуьйтура, цец а вохура: ткъе диъ шо бен хила а ца хилча, кхунна муха туьйсур ду оццул хьалхалера шераш дага; цо, адамийн дахарал а совнаха, акхаройн, диттийн, бецийн, хийн, хIордийн ойланаш, церан вовшашца хилла къийсамаш буьйцура, цундела Аьстамарна хийтира, и йиш шений, Солсинийчул оцу шина барзана лерина хиларх.

Цунах иза кхоччуш тийшира, ткъех минотехь гергга, сацар доцуш, лакха а лекхна, пондар юьстах а биллина, Илланча къамеле ваьлча, ши борз едда дIо орца а яьлла, цкъа-шозза угIа а уьгIна, боданехь яйча.

Аьстамарна дагадеара и берзан бIаьргаш шена цхьанхьа гина хилар. Мичахь? Маца? ХIа-а-а, селхана буса арахь, уьшала уллохь вожа а воьжна, наб а кхетта Iуьллуш гIенах, тIаккха самаваьлча, юьстахо болчу гу тIехь лаьттинчу акхаройн хилларш ду-кх.

— ХIинца чу а дахана дIадуьйшур ду вай, хан яьлла, кхана МартантIе базара баха бевлларш совцон беза. Тахана-м оцу цхьана стихотворенис гIо дира...

— Кхана а йоьшур ю ахь иза?

— ХIан-хIа. Кхана уьш иштта сацалур бац. Илли эр ду я синкъерам бийр бу, я Казахстанехь, Киргизехь мацалла белларш, я цIа даьхкича, шайн хилла цIенош схьа ца луш, цаьргара духа эца, я гIазот дихкина, лата дезаш хилла хьал, я Соьлжа-гIалахь, «Берзалой — Сахалине» (берзалой-вай), бохучу кхайкхам-

ца йина базарш дагайоуьйтур ю. Хуур ду-кх, — хьалагIаьттира Илланча.

ДIаса ца къаьсташ дуккха а лаьттира, лакхара чухьоьжуш беттаса а (цуьнан серлонехь Илланчин къоьжа корта, гуттар а лайлахь болу Дакох-лам малхехь санна, лепара), седарчий а, уллохь дIасалесташ хьун а, юьстахо охьадоьдуш Ахк а долуш.

— Iодика йойла. Цхьаьна дIагIур ву тхойша, — элира Солсас эххар а.

— ГIуо. Кест-кеста юха а вола. Вовшийн юкъаметтиг а ларъе, — Илланчас Iина йисте кхаччалц новкъа ваьккхира и шиъ.

Iин чу воьссича, цу чухула охьадогIучу Ахке ладогIа хIоьттинчу Аьстамарна, цхьа шабарш бен хIумма а ца къаьстира. Бертал а вижина, лерг хи тIе диллича хезира цо лоькху йиш, иза адамийн матте а йоккхуш, тIехь лаьттачу Солсе дIайийца хIоьттира иза: «Ломах даьлла, шун хьогалла яйа догIу, буц, зингатий, мозий, полларчий, олхазарш, коьллаш, шуна дохьу аса сайн хи, дийнахь маьлхан серлоно чам беш, марздо иза, буса суна чохь деша беттаса а, седарчий а»...

Аьстамара кхузза барт белира Ахкана, кхуззе а хих къурд а беш, вукхо ловзадаьлла, масех тулгIе туьйхира бердах. Кхунна хIун аьлла тухур бу мотт, сел цIеначу, дог-дикачу, эхь ду-кх и, ЖаIпар.

Iин чуьра хьала а ваьлла, юхахьаьжча, Илланча хьалха хиллачохь лаьттара.

— Ши кIант, хIай, — мохь туьйхира цо. — Шаьшшиннан ма хуьллу дика гIуллакхаш делаш, уьш дан йиш ца хилахь, дика ойланаш мукъане а йиэ — эрна йовр яц шуна.

— Дика ду.

И шиъ, Илланча, букъ а берзийна, цIехьа волаваллалц лаьттира, цуьнга хьоьжуш, тIаккха Къилбаседехьа, тхи диллинчу, цаьпцалгаша бекочу бай тIехула, наггахь бен серлонаш ца гуш, набарна тевжинчу юьртехьа волавелира, лакхахь, стиглахь, хьийзаш Чухча-Хьера а йолуш, седарчашна даа ахьар доккхуш.

Стенах йийр яра техьа дика ойла бохуш, вогIучу Аьстамарна, Илланча дагавеара. Тахана хIара веана чIогIа хазахеттера цунна, делахь а цхьа гIайгIа яра цуьнан бIаьргаш чохь а, леларехь а. Иза, мел лачкъо гIертахь а, лачкъа ца лора цуьнга. ДIа ойла йича, Аьстамарна хийтира и гIайгIа цуьнан гуттар а хилла-кх, самукъанечу ойланаша дIалаьцна леллачу кхунна хIинццалц ца гарх, цу тIе и ган атта а дац, сингъаламечу дешнийн пардонна тIехьа йолу дела. И пардо цуьнан турс ду, бакъдолчу дахарна дуьхьал хIоттийна, ткъа цунна тIехьа шийлачу мехаша лекха а лоькхуш лаьтта цхьалхачу син хIусам. ХIетахь Эсилица къаьстинчул тIаьхьа, цхьаннан а цуьнан деза са лан ницкъ а я лаам ца тоьаш, я шен некъ хийцина, са дай а дина, кхечу хорша вала цунна а ца лиъна (бакъду, цхьа дезткъа шарал а тIехъяьллачу нас а, бусалба дешар кIорггера дешначу жимах волчу вашас а дехар дича, гIоьртира оцу апарера вала, амма иза дукха кIорга хиллера — ца валавелира, тIаккха нана кхийтира шен кIант велла дIаваллалц декъаза хир вуйла, иза кхаа дийнахь-бусий елха а йилхина, дIатийра, бутт баьлча — гуттаренна а), иштта ша цхьаъ висна иза, дахарехь а, тIейогIучу чакккхенна дуьхьал хIотта а. Массеран а, тIулгийн а цхьаьна, бала кхаьчча, шен ойла ян хан а ца хуьлу. ТIаккха къаналле мел таьIи хала хуьлу, кхерч цахиларан шелонах ларвала. Къона волуш-м дIалела ламчохь ца хууш тIеIоттавеллачу, дай баьхначу хьала а веана, масех бежана а, уьстагI а кхобуш, буса Iуьйккъехь экха-хIума тIе ца гIортийта топ а кхуьйсуш, «хIей-хIей» бохуш, мохь а бетташ, шен тIаьххьара садалар а кхузахь хилийта лууш, вехаш-Iачу ламарочун къамелах а, пешахь латийнчу цIарах а, Iуьйранна дохк дIаса а даржош, схьакхетачу малхах а вохлуш.

ТIаьхьа ца тоьу и йовхо. Стаг цхьаъ ша дуьненчу а волу, цхьаъ ша дIа а воьрзу, цуьнан шен цхьа кхерч хила а беза. И кхетам дийнера де мел дели чIагIло, амма айхьа дерриге а дахарехь дIакхехьна некъ а битина, керланиг боло а атта дац я и дан лаа а ца лаьа, я цкъа а шеко а ца кхоллало, нийса ваьхний техьа аьлла, цхьаццамма бегаш бечуха Iуттуш: «Нахана тIехула волавелла лелачул, цхьанхьа охьахиъча бакъахьа ма дара», — алахь а; ткъа букъа тIехьашха иштта дийцина а ца Iа, нехан нах стенна буьйцу, гергарчара а, хьох цкъа кхеташ а, доглозуш а хилларш а хийцало — кIордаво.

ХIара, Илланча, хьалхе дуьйна а, кийчча вара цунна, шех наха, юкъара гIуллакх деш ву-кх аьлла, къинхетам бийр боцийла а хууш. Дуьненнал боккха нехан, мехкан бала а бахьаш, вагIахь а, хьайниг а, хьайн доьзалниг а ма бицбе, иза а тIебилла, бицбахь, хьуо цхьаъ вуьсур ву хьо, цхьалха, мацах Кура Закри санна. Оццул беза мохь а бахьаш вогIуш, бертал вожахь, наха Iадда вуьтур ву хьуна тIаьхьа вогIург, хьо санна, охьа ца вожийта. Иза къиза къинхетам бу, стаг халонашна хьалха атта гор ца хIоттийта. Цундела ма леха нехан баркаллаш, хьан некъ ахьайххьа хаьржина, и мухха белахь а — декъала я декъаза, дIагIуо цу тIехула, хьайн оьмар а эций, хенан кIуьралахь хьуо вале, хьуо доккха хIума а ма хета, хьайна гучуевллачу къайленех цец а ма вийла, уьш хьуначул хьалха эзарзза кхечарна евзина хила а тарло.

Аьстамарна дуьхьал тесира Илланчин чоь: цкъа а цIандиний теша аьлла, бехделла коран бIаьргаш, пенах тоьхначу тIегIанаш тIехь дIахIиттийнчу а, лаьтта охьаехкинчу а книгашна тIехь йиллина чан, ишкапан куьзгана чухула лаьцна «Луьйчуш йолчу Дианин» сурт а, корехь лаьтта моз чохь долу зока а («Бацойн махкара деана ду хIара»), лакхахьо дIаоьллина кхозу уьстагIан дума а («пхи шо ду и болу»). Оцу йоккхачу IалагIожи юккъера

чан йоцуш, тӀехь мотт Ӏуьллучу — дӀатовжа кийчча — дивана хьалха лаьтта жима гӀайре — стол, зорбатухучу гӀирсаца. Цу чохь массанхьа а оьшура хӀусамненан куьг, тӀаккха, чу са а деъна, дӀахӀуттур яра чоь...

Эццахь шечех юкъах а ваьлла, Солсин ойланаш йовза лиира Аьстамарна. Евзича велавелира: кӀайн-къорза басмин коч юьйхина, ехха хьаьрса чӀаба а, лекха настарш а йолу йоӀ яра цуьнан дагахь.

— Хо стенах воьлу?

— Хьан ойланах.

— ХӀа-а, цхьа нисъелла йоӀ ю, къонах, цунах лаьцна дийцар яздан дезаш ву, — Солса юха а оцу йоьӀан ойлаян велира.

Кхунна дагаеара Ӏаннашкара, сийса а снйсаш, дохк а гӀуьттуш, юьртахь тӀуьна шело лаьтта хан.

Чохь цӀе дӀа ма яйиннехь, неӀ юххе тӀечӀагӀлуш а йоцуш, кор цунна нийсса дуьхьал а нисделла, чу хьоькхучу махо шелйора энаша лоьцу меженаш. Дивана тӀехь, юргӀанах а хьаьрчина, кара книга а лаьцна, иза еша гӀерташ воллура, пеша дечиг тилла хьалагӀатта а дог ца догӀуш.

«Хьо кху чохь вижна Ӏилларх гӀуллакх хир дуй? Ваха муха воллу хьо? Хьаша веъча, хӀун дан воллу хьо?» — иштта кхуьнга мохь бетташ, йоккха гӀовгӀа а яьккхина, чоьхьавелира Солса, тӀаккха» ва-хьа-хьа» аьлла вела а луш.

ХӀетахь дуьйна нанас кест-кеста даладора и дешнаш, кхунна ша реза ца хилча. «Ахча ма дайа, тӀекӀелдилла». — «Ахча-м хир дара, нана». — «Мичара?» Кхунна ца хаьара мичара, амма гуттар а дог токх-м вара, цхьанхьа дӀайиллина хазна йолуш санна.

Цхьана дийнахь: «Хьо стенна кечвелла?» — Со Солса волчу воьду, нана». «Дукха лела-кх, хьо», — ненан бӀаьргаш сингаттаме хьуьйсура.

ХӀетахь со ца кхетара, нана, гуттар а, со цӀера волуш, хьо иштта гӀайгӀане стенна хуьлу. Хьан садуург сан хьаьдда йоьду къона зама а, бӀарлагӀе сатийсамаш а битина, бакъдолчу дахарца со цавахар а хиллера. Суна хӀинца кест-кеста дагайогӀу, юкъ-юкъахь Ӏуьллуш ло доллушехь, тӀе догӀа а деъна, тӀаккха екха а екхна дӀахӀоьттина и Ӏуьйре, и бӀаьстенан юьхь. Цхьа ша тайпа хьожа йолуш бу и дагалецам. Со хӀинца ца кхоьру, нана, къаналлех, сан иэс меттахь дисчахьана: сан йиш хир ю дагалеца и бӀаьстенан Ӏуьйре, кхин дуккха а вай цхьаьна яьккхинчу хенахьлера хӀуманаш а.

ХӀетахь хӀара дӀакхаьчча, цӀахь вацара Солса. ЦӀеранаш чӀогӀа хьаьвзира, чувола, Солса хӀинцца цӀа кхача везаш ву бохуш. ХӀара ца Ӏийра. Ткъа Солса, дукха хан ялале, цӀа а кхаьчна, хьаьдда эвлайистерчу социйле ваханера, хӀара цигахь ца карийча юьртана пхи чаккхарма юьстахо Соьлжа-гӀалара лам чу боьдучу новкъа ваьллера, цигара, цӀа вахана хир ву-кх хӀара



аьлла, — кхеран юьрта некъ дӀахьаьвзачу, цигахь а ца карийча— ялх чаккхарма ломах хьала веддачуьра ца соцуш, кхеран цӀа а вахана, хӀара чохь ву-вац хатта а хьаьттина, хӀума кхаллар хьеха ца дойтуш, кхин болар лагӀ ца деш, вухавеънера. Ткъа цу хенахь Аьстамар, новкъа ма-велли, машен кхетта, Солсина нийсса бӀостанехьа, Къилбаседехьа дӀа а вахана, гӀала а кхаьчна, цигарчу урамашкахула волавелла лелара, «гурт-гурт» деш, лерехь хезарг гӀалин гӀовгӀа ю а моьттуш, ткъа иза кхунна тӀаьхьахьаьдда воьдучу Солсин дог хиллера детталуш.

ХӀинца масех шо даьлча, хӀетахь шаьшшиннан галморзахбаьлла некъ дагабеъча, Аьстамара ойла йира: стеган дахар, хийла хила йиш йолу цхьаьнакхетарш ца хуьлуш, чӀагӀъяла тарло уьйраш, ца чӀагӀлуш, мелхо а хиэдаш, царах буьсучу дагахьбаллямийн а, кхочушхилазчу сатийсамийн а уьйриг бу-кх.

Эвлайисте дӀакхаьчнера и шиъ, Солсас кхунна белша тӀе куьг дуьллуш.

— ХӀуъу хилахь а, со хьайна тӀехьа лаьттий хаалахь, — элира цо.

БӀаьргаш чу хи а доьссина, легашкахь хорам а хилла, гӀоьртича а, дуьхьал вист ца хилавелира.

— Хьох уьдучех вац хьуна со, хьуна хӀуъу а цӀе тиллинехь а. ХӀокху шина дийнахь хьо лоьхуш лела со. Оха уьстагӀий дӀадоьхкина ши шо а ду. Биъсаболчунна лаарх, вай хадабойтур ма бац вайн орам я бнц а бнйр бац. Вайшиннан вийца ворххӀе да ву.

— Дера ву. Сан ден цӀе Гунаш ю.

— Сан ден цӀе Элмарза, — шен куьйган цхьа пӀелг чусаттийра Солсас.

— Цуьнан ден цӀе Керим.

— Цуьнан ден цӀе Довка.

— Цуьнан ден цӀе Ӏамарха.

— Цуьнан ден цӀе Нажа...

— ВорххӀе а ден цӀе ма ю вайшиннан яккха-м.

— Дера ю вуьрхӀитта а-м я Биъсаболчун уьш вайга йицъяйта ницкъ кхочур бу аьлла а ма ца хета.

ТӀаккха сапаргӀатдаьлла, бегаш беш, воьлуш, нехан жӀаьлеш леташ, урамийн тийналла йохош, СолсагӀеран керта кхечира и шиъ. УйтӀе йоккха яра, лахахь а, лакххахь а, юккъехь а кхо цӀа лаьттара, кеп ламчуьрчу бӀаьвнех тера а йолуш, бакъду, лекхаллица цаьрга ца кхочура уьш. Элмарзас и кхо цӀа дина ца Ӏаш, царна чохь кхаа зудчуьнца кхо доьзал а кхоьллинера. Царах хӀора а, тӀулгаца, цементаца, гӀамарца цӀенош санна, оьздангаллица, гӀиллакхца, ларамца боьттира цо, цундела цу кхааммо а, ша-ша чӀогӀа хилла ца Ӏаш, вовшашна гӀортораш хуьлуш, керла йоккха гӀишло кхуллура — Э л м а р з и н доьзал. И чолхе, хьаьнг-хьаьнга чекх ца даккхалун гӀуллакх дӀадоладале, ша дукха жима волуш, тӀехьахула тӀе топ а тоьхна вийначу девешин

чIир а эцна, — тешнабехкаца а ца оьцуш, юьхьадуьххьал тIе а вахана: «Бисмилла... дела, къилахь ма лаpалахь, сайн девешин пхьа бу-кх ас оьцург», — тIаккха, бIе ткъе итт шо хьалха дуьйна схьадогIу и дов, маслаIат деш, дIадерзаро шега мел йоккха а гIишло ялург хиларх тешшал ницкъ а белла, тIаьххьара гIора а балхана дIалуш, массо пха а буснйна, цергаш ваьшта а таIийна, тасавелла, гонахара берш цецбохуш: «Оьшурий сел доккха кхо цIа, цхьаъ тоьар ма дара», — бохучарна дуьхьал деккъа цхьа: «Оьшу!» — олуш, ткъа буьйсанна хан яьллачу хенахь, дагаран дага кара а ца лацалуш, кIад а велла, халла ламаз а эцна, и дан а дина, мижарг а кхаьллина, агIор волучу хенахь кхоллалучу шен шеконашна дуьхьал дала карийначу: «Оьшу, оьшу, тIаьхьа тIебогIурш, со санна, цхьалха ца хилийта, ваша воцу ваша, тIам боцу леча, уьш шортта хила беза», — бохучу жоьпо, сатоссуш гIоттуш, юха а гIишлонна тIе дIахIотта гIо а деш, къахьийгира. ХIинца аттачу ваьлла, доьзалш а баккхий хилла, уьш кога-метта хIиттош, дIаолу дош а, боккху ког а цхьана Iалашонна лоруш, кхиийра, адамийн дахарна (муьлх-муьлхачунна а доцуш, шена хетарехь, лекхачу, оьздачу, курачу) Iамо а хIоьттира, барзо нжунна талла шен кIезий санна.

Солсий, Аьстамаррий хIума йиъна ваьлла, паргIатволлушехь, чувеъна, хьеше маршалла а хаьттина, иза, лаахь а ца лаахь а аьлла, охьа а хаийтина (Солса, салти санна, неIарехь лаьттара), тIехьа ши куьг диллина, лаьтта охьа а хьоьжуш, кIедда бохучу когашца чухула дIаса а лелаш, дийцира цо:

— Лакха юккъехь Iийна ЧIода — вай Сибрехахь долуш нахана чIогIа гIуллакх дина стаг вара иза, исклад чу балха а вахана — хIаъ, и ЧIода кхелхинчу тезетахь дар-кха иза. Шара-Органерчу Бетига дийцира, цул тIаьхьа кхин цкъа а дийцийтира аса. Мацах, Шемилан заманахь, цхьа воккха стаг хилла Нижалахь вехаш, бIе кхузткъа шо кхаьчна хилла цуьнан. Шемила шен мурдаш бахийтина и вен: «Кхаа стеган хан ю цо дуьненчохь яьккхинарг, кхин дIа вахар далла гергахь а къилахь ду». ДIакхаьчна мурдаш Нижала. КIад а белла, мац а белла, цхьана нехан хIусаме биссина уьш. КетIахь, тIе нуьйр а тиллина, некъана кийчча цхьаъ а, вуьшта яйдакха ежаш йоллуш важа а — ши говр гина царна. Герзаца, духарца кечвелла дуьхьал ваьллачу воккхачу стага чубигна, паргIатбаьхча, хьешаша дийцина шаьш арадаьккхина гIуллакх. ХIусамдас: «Иза а карор ву, цкъа хьалха хIума кхоллур ю вай»,— аьлла, шуьне хевшина уьш. Мурдех цхьамма аьлла: «Воккха стаг, некъана кечвелла хьо а, арахь иштта лаьтташ говр а гитхуна, оха новкъарло йи-кх хьуна».

«Цхьанхьа ваха а кечвелла вац ша, — аьлла хIусамдас. — И ши говр гуттар а иштта лаьтташ ю, де-буьйса моссаза долу нуьйр дIаса а хуьйцуш, кIадъеллачуьнга са а доIуьйтуш. Со суо а ву ланма а, вуьжуш жимма гIодаюкъ малъяр бен, кхин паргIат ца



волуш, кечвелла. Стенна бохий аша? «Ва-а, орца дала!» — аьлла, мохь хезча, говр кечъеш, я суо кечлуш хан ца яйа, ма кхуьъу сиха гIо оьшучу дIакхача».

Цецбевлла мурдаш. Шаьш лоьху воккха стаг хIара вуйла хиъча буха бахана, имаман омра кхочуш а ца деш. Аьлла цара имаме, и воккха стаг кара а вина шайна, амма иза, чIогIа хьекъале а, дика а стаг а хетта, ца вуьйш духадаьхки шаьш. ТIаккха кхайкхина шена тIе вигна Шемила и воккха стаг. Хаьттина цо: «Ахь дуьненчохь яьккхинарг кхаа стеган хан ю. Оццул зама йоккхуш, муха ваьхна хьо?» «Со кхаа гIиллакхца ваьхна, — жоп делла воккхачу стага, — хьекъалций, комаьршаллиций, майраллиций». «И гIиллакхаш муха Iемира хьуна?» — хаьттина имама. «Iовдалчу наха ца дийриг дора ша, — иза хьекъал дара. БIаьрмецигалла шех дIакъастийра ша, — тIаьхьайиснарг комаьршалла яра. Цкъа а нийсо бен ца юьйцура ша, ткъа ниисонца лелачуьнгахь майралла а хуьлу», — аьллера воккхачу стага. «Кхин цхьа хаттар а лур дара ша, — аьлла имама. — ХIара дуьне кхолла маца делира хьуна?» «Пхийтта шо кхаьчча, кхолладелира шена, ткъе пхиъ кхаьчча — таделира, кхузткъа кхаьчча — дуьйхира шена», — жоп деллера воккхачу стага.

Доккха хIума ду иза, дIа ойла йича. ПаргIат хила шуьша, — аравелира Элмарза.

Цул тIаьхьа, учахь меттанаш а дехкина, шай, Солсий охьавижча, Аьстамаран ойла хилира, кхарна кхераме яц хьуна цхьа а базар, делахь а хIара тайпа оьздангаллин гIайреш денна а кIезиг юьсу лаьтта тIехь. Ткъа Солсас, кхин дIа а ойла йора цо, оцу гIайренах лаьцна яздийр ду шен дийцарш, иштта кехата тIехь эзар шо даьлча а юха меттахIиттон йиш йолуш дуьсур ду адамийн оьзда гIиллакхаш, къонахех, тховса Элмарзас дийцинарг санна долу хабарш... Гуттар цунах язде ала деза Солсе, мехкарийн хаза настарш кIезиг а юьйцуш.

И дIаала хьалаайавелла Аьстамар, Солсин «харр» хезна, и ца деш, корта лекхачу гIайби тIе охьа а биллина, стигала хьежа велира, тIаккха, цхьа агIо къайла а йоккхуш, лаьмнаш долчуьра схьатекхачу мархашка а.

Меллаша учи тIера чу а воьссина, аьчган ков доьллуш гIовгIа ца яи, лекхачу керта тIехула халла дехьа а ваьлла, Малхбузехьа дIаволавелира Аьстамар, когаш ченала кIоргга чуоьхуш, хечийн когашца, стигларчу Ча такхийначу тачанах терра, лар а юьтуш урамашкахь. Шина а агIор долчу корашка хьоьжуш, «Муьлш бу техьа царна чохь Iийраш», — бохуш, ойланаш еш, воьду иза, кибарчигех доьттинчарлахь, бежнаш юккъехь вир санна къестачу тишчу, поппар хьохуш динчу, кир тохаза а масех шо хир долчу цхьана жимчу цIенна тIе кхечира. Кху чохь ша цхьаъ Iаш йоккха

стаг ю хьуна, ойла хилира Аьстамаран, цхьамма, къа а хетта, иштанехьа дечиг такхийна, вукхо ицтта къа а хетта, бензохерхаца охьадохийна, гуьйригаш йохуш, ткъа кхуо царах дакъош дийр ду, цхьадика диг а кхузахь ду, Илланчас а ма боху ма-даллу дика гӀуллакхаш де.

Воккхавеш, ша ен гӀовгӀа тергал а ца еш, тӀетаьӀӀина дечиг доккхуш воллу Аьстамар, неӀ йоьллуш а хезна, диг а карахь хьалатаьӀира: учи хьалхарчу масех тӀегӀа долчу лами тӀе а яьлла, Ешапах тера цхьа йоккха стаг лаьттара.

— Бисмилла... Са ду хьо я цӀий ду хьо?

— Са а ду, цӀий а ду, дегӀ а ду, дечиг доккхуш а ву.

— ОстогӀпируллахӀ, остогӀпируллахӀ, узтаз, хьо орцах ваьллахь... адам-йилбаз ду-кх.

— Со адам-йилбаз делахь, хьо Ешап ду-кх.

— Ва-а, орца дала! Адам-йилбаз деъна! — дуьне Ӏадон санна мохь белира йоккхачу стаге, ерриге юрт а, аьрцнаш а декош.

Лахарчу а, лакхарчу а лулахойн корашкара, «чӀах-чӀах» аьлла стогарш хьалалетира, урам серла а боккхуш. Аьстамарна хаьара ша вада везийла, амма когаш меттах ца бовлуш, диг а карахь, хӀоьттина лаьттира иза.

— Бекисат, йоха ма йохалахь, аса хӀинцца эккхадо хьуна и адам-йилбаз. Тузик! Борзик! Сю-ю, — аьлла, гӀоргӀа аз долчу лулахочо доккха Ӏаьржа ши жӀаьла ураме хийцира.

Диг охьа а тесна, шен чехкаллех ша а цецвуьйлуш, хьун йолчу агӀор дӀатаьӀира Аьстамар, амма дукха хан ялале кхин а чехка вала везийла хиира цунна, тӀехьахь жӀаьлеша багара етта Ӏаь а хааелла. Кхин а сиха иттех минотехь некъ бича, садеӀар ца тоьаш, халонга делира, хьуьн чу дӀакхаьчнехьара-м дуьххьарчу дитта тӀе вер вара. Амма и дан ца дийзира, юьрта йисттехь коьллаш дӀа ма юьйлаелли, гучубаьлла кхунна бевза биъ бӀаьрг, уллохула тӀех а иккхина, жӀаьлешна дуьхьал хьаьдира, вукхара «ӀаьнцӀ-ӀаьнцӀ» аьлла, цӀовза а цӀевзина, цӀогарчий чу а хабийна, юьртехьа юм йира.

Аьстамаран сапаргӀат делира: кхузахь адамаш а, я церан жӀаьлеш а дацара. Хьун кхунна хьоме яра, цундела юькъа йол-йолчу а вуьйлуш, хӀора диттах куьг хьакхадолуьйтуш воьдура иза. Уьшала тӀекхаьчча, шен когара цхьа мача йоьжнийла хиира цунна. «ШайтӀанан гота охуш хилла-кх, кхин дӀа-м охур яц, — тӀаьхьа йисина мача схьа а яьккхина, уьшала чу ластийра цо. — Илланча санна, когаш Ӏуьйра лелар ву-кх гуттар а». Амма «гуттар» а бохург чекхдериг хиларх шек велира иза, дӀаволавелла а валале, кӀохцал а Ӏоттаделла. Цул тӀаьхьа ког бай-й буьллуш, Къилбаседехьа, цхьана доккхачу буьрсачу экхано — тарлора иза саьрмик хила — цергаш вовшах хьекхош санна, гӀовгӀа йолчу агӀор дӀавахара. Саьрмикаш миллион шо хьалха деллехь



а, хӀун хаьа цхьаъ бисна хуьлий а, жоьжахатийн шийтта пеш кийрахь лелош стаг волчу дуьненахь хӀуъу хир ма ю.

Иштта хьуьнан цхьана юькъачу хотехула гуш хӀумма а доцуш, куьйгаца дитташ а лоьхуш, дӀавоьдуш, беттасин серло гӀаша юккъехула догӀанах хӀоьттинчу Ӏома тӀе а кхетта, цунах серлаяьллачу йоьжна Ӏуьллучу дечиг тӀе а хиъна, карахь Ӏад хьокху пондар а болуш, хьалха заманахьлерчу цхьана беркъачу духарехь цхьа воккха стаг Ӏара, хӀара волчу агӀор букъ а берзийна хиъна, гӀийлла мукъам а беш. Ког кхин а байбеш тӀевахча Аьстамарна хезира:

Хьалха хьун а хьоькхуш, тӀехьа ирзош ва дохуш,  
Ирзош шера мел долчохь букар тоьлаш ва йохкуш,  
Вовшех дага ва буьйлуш, шуьйра шахьарш ва йохкуш,  
Беркатах бух буттуш, иманах бух буттуш,  
Нохчийчоь йиллина и хьалхара къена дай, и дика къонахий,  
Биц ма бел, доттагӀий, дашо малх мел хьоьжу.

— Ӏа-а-а, — гӀийлла цунна тӀаьхьара элира Аьстамара, воккхачу стага кхин тидаме а ца ийцира и.

Куьзганца шардина, басарна хаздина,  
Хьешана диначу цу дуьхьал оти чохь,  
Хьаша-да кхачале бухахь шун латтийна,  
Хьалха хилла къена дай, и дика къонахий.  
Биц ма белаш, доттагӀий, Ӏаьржа латта мел хьоьшу.

— Биц бийр бац хьуна... — цхьаъ ала юкъагӀоьртина Аьстамар юха а тидамза витира вукхо.

Шайца шуьне ва ховша хьеший боцчу буьйсанна,  
Мерза шун ца долош пхьуьйраза бисина.  
Шайна уллохь дажа хьешийн дой доцчу буьйсанна,  
ДӀайиллинарг ца юуш уьйтӀахь дой тирсина,

Чохь хьешан аз ца хезча, йоьттинарг ца юуш,  
УьйтӀахь жӀаьлеш уьгӀча, — оццул хьеший хетта,  
Хьалха хилла къена дай, и дика къонахий.  
Биц ма белаш доттагӀий, Ӏаьржа латта мел хьоьшу.

— Оха уьш бицбийр бац хьуна, воккха стаг, хьо мила ву дийцахьа, — юха а вистхилира Аьстамар.

— Со цкъа хилла шовзткъе итт шо хьалха, хӀинца вац. ЛадогӀал ахь. Оцу цергаш хьекхочу Саьрмико дуучу ирзу тӀехь Ӏийна Менна ву-кх со. Хьалха Саьрмико нах буура, хӀинца латта а дуу. Сан тӀаьхьенах висина стаг а вац, берриш а Сибрехахь белла. ХӀинца и ирзу а цо дӀакхаллахь, со хилла меттиг а юьсур яц. Ирзу маьӀӀехь цхьа кхор бара, кест-кеста цу тӀе а вогӀий, илли а олуш, айса дуьненахь яьккхина хан дага а лоцуш Ӏара со... Хан чекхъяьлла. Цигарчаьрга ала хӀумма а дуй хьан?

— Маршалла луо соьгара.

Воккха стаг, махо дIасахьо кIур санна, тIапъаьлла вайра, Аьстамар Саьрмикан гIовгIа йолчу агIор дIавахара.

Цхьана гух хьала а ваьлла, дехьа агIор чуволавелча, хьун нилха а яьлла, цхьа ирзу гучуделира, тIехь кхорийн, Iежийн, хьечийн, баьллийн дитташ а долуш. Саьрмикан гIовгIа кхин а чIагIъелира — иза уллохь болчух тера дара. Кхин жимма дIавахча, цхьана гул тIехьара схьакхийдаш стоммачу вортана буьххьехь, ах-ах метр хиллал яккхий цергаш а йолуш, онда муцIар яра. Цергаш, «гIарчI-гIирчI» а деш, цкъа хьалха лаьттах, юха тIулгех чуйоьлхура, тIаккха йисттех, тIех а туьйсуш, бага хьала а юзий, лаг юханехьа доьдура, хьала мел кхаьллинарг, цкъа дIаса а лестий, хьала а Iеттош.

ТIулгаш ирачу басах чу хьовдий, кIоргачу Iинчу детталора, йоккха гIовгIа а йоккхуш.

Саьрмикан дегIах бIаьрг тоха гул тIехьа ваьлча, Аьстамарна можа басар хьаькхна Японера эксковатор гира — хIаъ, цигахь Японехь а, ткъа иштта Китайхь а, Индехь а ма хилла саьрмикаш дукха, хIара аьчганиг церан тIаьхьенах бу, кхуза лаьмнаш даа беъна.

Саьрмикан цхьаъ бен боцчу беасонарчу бIаьрга чохь цхьа адам Iара, куьйгашца цхьацца уьшарш а еш, цаьрга хьожжий, вукхо лаг а дахдора, ломах цергаш а тухура, юха ша кхаьллинарг кIоргачу Iинчу хьала а Iеттайора. Аьстамар дукха а лаьттира цу чуьрчуьнга мохь бетташ, эххар а, кхин цунна хаза а ца типна, лаьттах куьйгаш а хьаькхна, эцна жимо тIулг кхоьссира, — ца кхийтира. ШолгIа кхоьссича бIаьрга кхетта, атабелла дIабахара — даьдиса саьрмикан бIаьрг, дукха ледара буй! ГIовгIа сецира, ворта тIе а озийна, кхоссабала кечбелча санна, IахIоьттира саьрмик, цу чохь верг аракъедира.

— Мила ву цигахь?

— Оссолом Iалийкум!

Жимма Iийна-а вукхо дуьхьал мохь туьйхира:

— Ва Iалайкум солом, хьо шайтIа дацахь.

— ШайтIа-м хьох хилча а хир дацара со, охьавоссахьа цкъа.

— Стенна вуосуш ву со? — хIара ган гIерташ чухьоьжучу мекхаш долчу жимчу стеган тIуьска беттасехь къегира.

— Са ца гатло хьан оцу саьрмикан бIаьрга чу а хиъна Iа? ГIуллакх ду сан хьоьца.

— ГIуллакх? ХIун гIуллакх буьйсанна-а... а... — сахьта тIе хьаьжира иза, — кхоъ дала пхийтта минот йолчу хенахь?

— Схьа охьавосса, хьо кхера, со чIир эца веана а вац, я хьан кисанахь цхьа ден вахар эцца1 ахча а дац.

— Кхоьру? Сой?! Со ца кхералуш-м хIара дуьне доха ма деза хьуна, — маймал санна, кхийса а луш, чухьаьдира бIаьрга чуьра верг.



— Схьадийцал! — элира цо, лаьтта воссарца хаьнтIе ши куьг а хIоттийна, дIа а хIуттуш.

— Цигаьрка юй хьоьгахь?

— Ю. ХIара дара хьан и гIуллакх? — хьала а яьккхина, схьакховдийра цо.

— Со уэуш вац. Ахь озахьа, — элира Аьстамара.

Вукхо, велакъажарца корта а ластийна, бага йоьллира цигаьрка. Цуьнга кIур а баккхийтина:

— ХIара саьрмик стенна балийна ахь? — хаьттира Аьстамара.

— ХIу-ун? Хьо батта тIера чувоьжна-м вац? — ши мекх дIасахьаьккхира вукхо.

— Батта тIерий? — стигла хьаьжира Аьстамар: аьгна цIеста эппаза санна, тIехь цхьа хьоькхнаш а йолуш, анайисте сихделла доьдура беттаса. — Ваха аьтто баьлча, гIур-м вара со. ХIинццалц схьа цхьа Iаьмиркахой бен ца хилла цигахь.

— Вайъ! ХIара экскаватор ма ю! — кхин а чIогIа цецвелира важа.

— Хаьа суна, кхуьнан цIе «экскаватор» юйла. Хьан цIе хIун ю? ЦIокъболат. Дика ду. Сан цIе — Аьстамар. Вайшиъ ши адам ду. Ткъа хIара саьрмик бу, цIе хIуъу елахь а. Собар. Собар. Хьалха даьхначу саьрмикаша адамаш, хьайбанаш, бецаш, коьллаш юуш хилла, хIокхо дийнна лам буу, юха хьала а Iеттабо. Ахь иштта саьрмикаш схьакхийлахь, вайн цхьа а лам буьсур а бац.

— Цунна са ма гатде ахь, буьсур бу хьуна. ХIара цхьа лам тхо чекхбаьккхина довлале, бIе шо а дер ду. Ткъа кхузарчу тIулгах йоккху цемент оьшу гIаланаш, некъаш, гидро-а, тепло-а электростанцеш, театраш, вокзалаш...

— Дукха яра уьш-м, цементах еш ерш. Хьалха кхузахь ваьхна Моина гинера суна хIинцца хьуьна чухула схьавогIуш, и воцу шовзткъе итт шо а ду, хьо марша...

И багах доллушехь, карара цигаьрка лаьтта юьйжира ЦIокъболатан, юха кхуьнан берзиичу когашка хьежа хIоьттира.

— Сан когаш адамийн санна бу хьуна, шайтIа делахьара тIехьахьаьззина хир бара. Мачаш, ца оьшу дела охьаккхийсина аса, — иза меттавалю гIоьртира Аьстамар.

— Иза-м иштта дара... ткъа шовзткъе итт шо хьалха велла... и... муха гина хьуна? — вегаш вара дуьне духуш а кхоьрур вац баьхна ЦIокъболат.

— Эцца хьуьнчохь вар-кха иза, Iадхьакху пондар лоьккхуш. ХIара ирзу-м дIаккхаллийтира аша Саьрмике, бохура цо, дIо маьIIохь лаьтта къена кхор ма хьабе бохура, цунна кIел кесткеста ойланаш ян вогIу ша.

— Хьабийр бац, дера бац! Мичара! — ЦIокъболат чузоьссинчул сиха велира саьрмикан бIаьрга.

«Буьйсано хердо-кх адамаш, дийнахь атта тIеоьцург — ко-

гаш Iуьйра хилар, масала, буса шайтIаниййн болх хета»... — ойланаш а еш, кхузара дIахьаьжча, гучу шен юьрте бIаьрг беттара Аьстамара.

Iеткъачу малха кIелхула воьдий урамашца девллачу комзаррийн дитташ тIе а вуьйлуш, уьш а юуш, сарахь берашца лечкъаргех а ловзуш, гуьйранна шийлачу дерзехула, хебаш, тIуьна дохк хьерчаш, хьаьмцаш я тIаьхьа хуьлу Iежаш бан а оьхуш хIара кхиъна юрт. ХIаъ, хьо ю и кIоргачу Iаннаша цистина — царна чухула бIаьста ло дешаш я аьхка догIанаш деъча, саьрмикан кхесарш а уьйзуш Iовраш уьду, — урам-некъийн йистошца ярзш, нитташ буьйлуш, цхьана хенахь нах баьхна, хIинца кегъелла кибарчигаш а, гIундалгIаша а, Iажаркхо а хьулдина хиллачу цIенойн тIулгаш а Iохкуш, шайтIанашна а, жинашна а дисначу ирзоша гобина Iуьллу хьо, хьайн шовданаш массо хил а чоме долу, хьайн хIаваъ массо а дарбанал таме долу хьо ю и, жима юрт, мел йоккхачу Харцоно хьовзийча а, хьаьдда цIа а веана, хьайца дагардийцича, кхета а кхетта, кхуьнан самалхадаккха ницкъ берг. Цо ницкъ луш лела хIара, Аьстамар. Кхузара дIа шина сохьтехь некъ бича, кхочур вара хьан уггаре а юьстахарчу куьпа, тIаккха иттех минотехь — цIа а. Амма хIинца ца лаьа и дан, стенна кхунна шена а ца хаьа. Цундела хIара дагIур ву хьуьнха, шен букъа тIехьа, ломах церган етташ, и буууш, юха гIовгIанца хьала а Iеттош, аьчган саьрмик а битина, ножан, хьехан, къахьаштун, кхечийн, кхечийн, коьллийн, бецийн, тIуьлгийн, зингатийн, цаьпцалгийн, кхечийн, кхечийн ойланашка ладогIа.

Хьуьна кIоргге мел вели чIагIлора бода, саьрмикан гIовгIа гIеллора. ЦIеххьана хьакха болабеллачу махо, диттийн гаьннаш вовшах а детташ, ирахь лаьтташехь якъаеллачу дечигийн бах-хьаш чукегдеш, къаьхьа къематде хIоттийча, бIаьргашна хьалхарниг а ца гуш, дуьне Iаржделча, Аьстамарна чIогIа лиира хIокху садукъдечу боданера цхьана ирзу тIе вала. Еррига а хьун а Iадош тоьхна стелахаьштиг, кхунна масех гIулч хьалхарчу кхуран бохь а цостуш, лаьттах дахара, хьакхарчий, лунаш а лелла некъан тача гучу а доккхуш. Цу тIехула дIавоьду Аьстамар эххар а цхьаьна ирзу тIе велира, — бIаьргашна мелла а са ган доладаларх хиира иза, кхин цкъа а буьйса къагош, ткъес тоьхча, аьтто хилира дерриге а ирзу ган: юккъехь шира беш — ши хьайбий, кхо кхор, пхи Iаж, — цIа хиллачохь евлла яраш, юьстахо — Iин, уллохь стен, элхьамчин, коканан коьллаш а йолуш, важа меттиг — шера, юккъехь охьаоттина генаш лаьтта кхачча дохкуш хьаьмц а болуш. Юха ткъес ма туьйххи догIа чухецаделира, гурахь санна шийла, серий санна, чIогIа догIа тIе а детталуш. И сащалц хьаьмца буха латта, хьаьдда, воьду Аьстамар, стигал кхин цхъа къевкъича, Iина йистехь евлла коьллаш догIанна ян дуьхьало йоцуш шаьш йоллучохь, горгъелла, кхин а жим а елла, хебаш а гина, шигахьа вирзира.



Коьллаш, коьллаш, догIанна, дорцанна, моханна дан амал доцуш, гуттара а шайгахь цара латтадо муьлхха а Iазап гIар ца еш ловш, нагахь тIомадаьлла доьду охар-хьоза я полла тIехиъча, доккха совгIат а хуьлуш, ткъа лекъо шайна юккъехь кIайнкъорза хIоаш дича цунах а яккхий а еш ехарш, тIаьхьа царна чохь кхоллаелла кIорнаш, хьалаайаелла, сийналлехула къайлайовлуш гича, шун сатийсамаш а дIабоьлху цаьрца. ТIаьххьарчу хенахь данма а дагахь ю шу, суна хаьа гуьйренан шийла догIанаш хаддаза тIеоьхуш, тIуьначу дахкарлахь латтар хIун ду — иштта ю сан дог-ойла а, цундела со гIур вац ведда хьамца кIел, ас сайн догIаца ларийр ю шу догIанах.

Царна тIе виълара хIоьттина Аьстамар, махо гал а ваьккхина, шершина, Iинчу воьдуш вара, эццахь тоьхначу ткъесо серлаяьхна, шена тIаьхьа чукхийдаш, аз доцу мохь хьоькхуш, коканан, хьаьрмакан, стен коьллаш ца гинехь, цара ницкъ белла, — кхарна оьшу-кх со! — оза а велла, халла кхевдда, хуттуршкахь лазар а оьккхуьйтуш, цхьаъ схьалецира цо, амма иза, бохь хада а хаьдда, карара елира, делахь а цу юкъана мох, шена керла ницкъ IаIош, хьуьнан дехьа маьIIехь дIагулбелла а хилла, чу ца воьдуш висира. ТIаккха коканан колл дIа а хецна, стенчух тасавелира, тIехь кIохцалш долчу хьаьрмаках-м куьг тухийла а дацара.

Мох кхин а къиза кхийтира цуьнан юьхьа тIе, корта аркъал а саттош, кхуо дIа ца хийцира колл, ткъа цуьнан цIулла га хедар ду бохург аьттехьа а дацара. Иштта тийсалуш, халла басара хьала а ваьлла, юха кегий коьллаш тIедетталучу догIанах хьулъян хIоьттира иза, хаддаза шабарш а деш: «Хьо деза лоруш ду стов, хьан стоьмех шиъ кийрахь а болуш велча декъаза хуьлу, хьан сара адамна тоха а магац, цунах цIулла — беза сара олу, иза атта хада а ца бо чохь хьокху нуй боьхку цуьнца; ткъа хьо, кока, иллешкахь а дуьйцуш ду, хьан стоьмашца бусту мехкарийн хаза бIаьргаш: «ЧIегIардиган багара коканан ши буьртиг ва санна, цIоцкъамийн багара и Iаьржа ши бIаьрриг», ткъа шу, хьаьрмакан коьллаш, кIохшале ю, аш мил-милла а тIе ца вуьту, амма стоьмаш бу шун дарбане, цIен, бакъа а бина, кхеххинчу хи чу теэча, басар а хуьлу иза... — суна гуттар а дагахь лаьттар ю шу, коьллаш, нагахь массо а хIума диццечу балано ца хьовзавахь».

Иза иштта воллушехь догIа къоранна тIе делира. Туьтеш санна, даккхий шаш, диттех, а вовшех а детталуш, гIах, дIаьидаргаша санна Iуьргаш а лоьлхуьйтуш, арара йовхо шелонца хуьйцуш, лаьттара, буьрканаш санна, юха а кхийсалуш, басеш, хотеш кIайъеш IаьIара, ткъа Iовраш чуэгнарш оцу минотехь дешара.

Iин чухула хьаьдда доьдучу хин гIовгIано лерган къардина, шелонна вега а веш, лаьттачу Аьстамарна, ЖаIпаран кертахь

къиза хьаьвзина хир ду-кх хьуна оьгIаздахана Ахк аьлла дагадеара. Цхьаъ кхойкхуш а хетта ладуьйгIира цо, хIаъ стен кулло схьавола бохура, шена юкъа хIотта, хьайн берзина ши ког гаьнтIе а хIоттош. Аьстамара, шега дукха ца бохуьйтуш, кхочушбира цуьнан лаам..

Къора махо мархаш а лаьхкина, тIехъелира, юкъа-кара йиййкхира. Сатаса гергадахана, бода баса болуш бара, цхьа Сахуьлу Седа лепара хьалха санна, вуьйш бIаьргаш а детташ, къайла дуьйлура.

— Маршалла ду хьоьга, Сахуьлу Седа!

— Iодика йойла — «Лап-лап», — бIаьрганегIарш тоьхна, къайлабелира иза а.

Малхбалера анаюх мажъяла юьйлира, и маж мел ло, йовхо юха а алсамйолуш, лаьттахь, луо санна, Iуьллу ша, тIера Iаь гIуьттуш, дохк санна, хи чохь шекарх терра бешаш, тIуналла хуьлий, лаьттах худалора, бухахь кхечу беркатечу хIуманех а ийна, бецашна, коьллашна, диттташна ницкъ луш, церан орамашкахула догIмашца хьала, тIаккха гаьннашца, гIашца дIасабаха.

Малх герга мел гIоьртин, хьун а, дерриге Iалам а дузура синтемо, мох гIийлла бен ца хьоккхуш, дитташ, халла хаалуш бен дIаса ца лесташ, хиш а меллаша бен ца уьдуш, тIулгаш а, бердаш а, сагалматаш а, олхазарш а — массо а Малхе ладоьгIна, цуьнан ницкъана къера хилла, цуьнан сийлаллина ламаз деш, ойланца цIанлуш дIатийнера.

Жимма хан яьлча, Аьстамарна уллорчу дитта тIера цхьа олхазар дийкира, тIаккха дIо Iинал дехьарниг, юха хьуьна чуьра шиъ, юха — кхоъ цхьаьний, цаьпцалгаш а меттаххьайра, тIаккха дерриге а Iалам дуьззира дийнан мукъамо. Иза бекар бу буьйсано хьун дIалаццалц, тIаккха бIарлагIаш а, шайтIанаш а, кхерамаш а буьйлалур бу.

ХIан-хIа, хIокху сатасарх, хIокху мукъамах ца яздеш Iен йиш яц, амма къен бу кхуьнан мотт, хIокху Iуьйренан ерриге а тайп-тайпаналла, стенна дуьйцу, цхьана олхазарийн эшарш йийца а дац дешнаш, ур-атталла хьенан хIун аз ду а ша хьа, иштта кIезиг евза — иттех бен цIе а ца хууш — бецаш а, сагалматаш а, — ткъа мел шуьйра ду церан дуьне?

Дуьххьарлерчу зIаьнарша серлаяьккхинчу баса дIаевьдуш, вухахьаьжира Аьстамар. Кхо колл — стен, коканан, хьаьрмакан — цхьаъ ала гIерташ санна хийтира. Дикка хьаьжча, кхийтира дIасалесточу гаьннашца а, гIашца а цара хIун боху: нагахь хьайна адамашлахь... ХIаъ, цара и бохура — бIаьргаш тIуьйделира. Нагахь адамашлахь хала делахь, шайна юххе дIа а хIоттий, колл а хилий виса бохура, шаьш хьуна гIо деш, шайн гIиллакхаш а Iамош, дехар ду вай.



Ма кхера, бохура, коьллийн а ду хьуна шайн хазахетарш а, ша тайпа ирс а.

— Баркалла шуна, баркалла. Цкъадолчунна IаддаIийр ву со адам а хилла, тIаьхьа хуур ду-кх, замано ша гойтур ду, — элира Аьстамара меллаша.

Гонахара дитташ санна, дIаса ца лесташ, серло а, йовхо а шех худуьйтуш, басахь хIоьттина лаьттташ, Аьстамарна дагабаьхкира Малхана суждане ихина шен ненара дай. Иштта цкъа догIанехь а бисина, шел а белла, юха, хIара санна, бакъалуш лаьттинча евзина хир ю-кх царна а кхуьнан йозалла.

ТIерачу хIуманех йолу тIуналла малх дIаоьзна баьлча, догIано лийчинчу хIинца а бакъабаланзчу бай тIехула дIавоьдуш, цунна ша ирсе хийтира. Иштта хьуьна чухула лелаш буьйса яьккхина, сатоссуш, стигал къекъаш, ткъес а детташ, доладеллачу догIанна, тIаккха къоранна а бухахь а висина, юха сахуьлуш, тIедогIучу дийнан йовхоно ша башош, цунна тIера, дохк санна, Iаь гIуьттуш, тIаккха массо а хIумано, садеIар а лаьгIдина, малхана хьалха сужда деш пиччо хастам ца бан йиш а яц дахарна. Ахь хIун дуьйцу? Муха мегар ду цхьамма цхьаъ аьллера бохуш, Соьлжан боьха хи тIаьххьара мала ойланаш кхаба?

ХIара дуьне а, Iалам а кхоьллинарг ву-кх уггаре говзаниг, ойлахьниг. ХIара а гIерта-кх дешнашца мел жима а шен дуьне кхолла. «ХIан-хIа, кхилахь ма ларалахь, ван хьуна хIара Iесалла йоьссина, мацах цIеста стигал йина ПирIун санна, хьох тарвала гIерташ. Мелхо а, хьуна дукха деза гIуллакх — кхин хьан дегнашкахь дика ойланаш кхоллар — дан араваьллачу кхунна халачу новкъахь хьайн кьинхетам а, гIо-накъосталла а делахь», — доIа деш, дIасалестара ЦIуллан колл.

Дуьненчохь цхьанхьа а гIаланаш а, базарш а ян а юй техьа аьлла, тийналла лаьттара, амма цо, кху тIаьххьарчу хенахь шега сел чIогIа сатийсинехь а, безна хьаам ца лора, мелхо а хIора сахьт массаза долу кхетам а, ларса а хьаладузура гIовгIано, халачу, езачу. ДIа ойла йича цунах къаьхкина веара хIара кхуза, бацах дукълучу ирзошка, хиллачу хIусамийн лараш — къена бошмаш, цIе яьпна меттигаш, баххаш хилла тIулгаш — йолчу. Цкъа цхьана хенахь, иштта хьаьдда кхуза веача, тайп-тайпанчу хьожанаша, баьхначех болчу дагалецамаша, чубуза лахлучу малхо бицбира сингаттам, кхуо мукъам болийра «Со ламчу вогIура, кху ширчу новкъа»... Аз хотешкахула хьийзара, хIара юха а тешара сатийсамех — шена хIокху дуьненчохь ша вуйла хиъчахьана, дIакхойкхуш, ирсан бIарлагIаш хилла, лелачу сатийсамех. Уьш бIарлагIаш юйла хиъна а даьллера масех шо, амма, цкъа гIоьртича, кIиранах а ца вахавелира, царах а къаьстина, долуш долчу дахарца, тIаккха хIара кхийтира уьш шен хьал а, шен къелла а, шен хазахетар а, шен бала а, шен ирс а, шен дакъазалла а хиларх. ХIетахь дуьйна ца къехкара сатийсамех, моьттура

иштта гуттар а хир ду, амма масех шо хьалха дуьйна, кхуьнан кхетамера сатийсамийн аре денна а жимъеш, дахаре еара и тем бойу гIовгIа. Дуьххьара, аьхка вохвеллачохь шийла хи а мелла, дагар а долуш помгаш хилча — гIовгIа сацкъар санна тIетенара, садукъдеш. ТIаккха кхаа дийнахь Iиллича, цамгарца-а къайллаелира. Амма иза уллохь хаалора, цо садоьIуш мерах чу-арзуьйзучу хIавао ворта шелйора. ХIара ведира цунах, гIовгIа тIаьхьаэлира. Некъ, Iаннаш хедош, хьуьнчухула, тIаккха берда буьххьехула, юха хийистаца, юха хи а хадош дехьа а болий, басах ирх боьдура. Иштта хьаьдда воьдуш, цхьана дийнахь хIара Iадийра тийналло. Яцара гIовгIа, иза тIаьхьайисера.

ДагадогIий хьуна, Зугаша? И гIовгIа дIаяран бехке хьо а ма яра. Ас хьуна буьйцура сайн сатийсамаш, ахь ладугIура ела а къежаш. Хьо дерригенца а реза хуьлура. Буьйса йисте а яьлла, са ма тесси, дIахIуттий вайша, малх схьаккхетталц лаьттара. ТIаккха БIаьндукъ-лома тIехьара гучуйовлура дуьхьарлера зIаьнарш, уьш вайшинна юххехула охьадоьдучу ахка тIе кхетара. Хи лэпара малхехь. И малх санна, елакъежара хьо а. Со вагавора шимма: ахьа а, малхо а. Со ца тешара и дерриге а самах хиларх: сел атта муха хир ду оццул долу ирс, цхьа а дуьхьало а йоцуш? Дуьненан массо а гIовгIанаш йицъелла лаьттачу сан кхетаме кхача дуьйлалора даьхнийн Iехарш: зударий бежанаш дIалахка богIуш бара. «Дала цхьабарт бе шун», — багахь цхьа а церг а йоцу йоккха стаг лаьттара вайшинга хьоьжуш, бIаьргаш чохь хиш а хIиттина. Амма ца хили цу йоккхачу стага бохург.

Малх Iепкъа баьлча цхьана диттан буха а хиъна буц тергалйира цо: иза тайп-тайпана яра. ХIара динберг ю, цкъа гIамаран басах хьалавала гIоьртича, гIуллакх ца хуьлуш, хахкавелла юха чувогIуш гола тIера кховр даьлча, Хьозас, яьккхина и, хьакха а йина тIейиллича, чов ца лозуш дIатийра, сихха кIомар а лацаделира. ДагадогIий хьуна и, динберг. — «ДогIу».

ХIара кхо патар долу буц а евза, буьххьехь цIен-кIайн кIуж а болуш. Цу тIера цхьацца хал схьа а доккхуш, цIубдича, багахь мерза чам кхоллалора, — цунах бецан моз олура. Ткъа наггахь кхоъ а доцуш, диъ патар долу буц карийча — доккха хIума, кхо са болу бIар карийча санна, царах цхьаъ гIовланга а дуьллий, дIавуьжура, ялун ерг ган, наггахь парти тIехь шеца Iен йоI гора, наггахь — можа месаш йолу хьехархо, наггахь цIийелла баьллаш а гора.

ХIара — мерз-буц, жимма аьртачу маьгало, тIаьхьа юьту иза, якъаелча — хеба — чуьра хара ю. Иштташу бецан хал[1] а доккхий, цIазамаш шу тIе а тосий, гаре дой, цIа хьера, жимчу Анаена дIаяла. ХIинца дIадевлла цIазамаш, дакъа а делла, наггахь хьуьнан йистошкахула нисло. Ши-кхо кIира хьалха хилла хир ду,

[1] Хелиг



ерриге а басеш цIийийна. ХIетахь экзаменаш яра. Уьш Iадда а йитина, кхуза ван везаш хиллера, и кехат делча а, ца делча а — диплом ду дуьйцург — хуург кхуьнгара дIадаккха стаг а вац. Амма и дича, цхьа а кхетар вацара, ур-аттала цIеранаш а. Дешаро, гIалахь балхахь сацаро цхьана дарже кхачаво моьтту. Цундела ярташ а юьтуш, гIала оьху, кира тIедуттуш — дассош балха боьлхий а, цIахь бежаIу хилар доккха эхь хета, гIалахь хIуъу болх а бийр бу. Ткъа ирс, дарж, сийлалла шен цIахь Iар ю-кх, иштта олхазарш, дитташ, малх схьаккхетар, чубузар а тергалдеш, я сарахь лулахошка а вахана, кху шарахь хьаьжкIаш муха хир ю я барзо нехан жашна, бежнашна дина зенаш дуьйцуш хан яккхар, «КIант, ма дика ду-кх хьо веана», — бохуш, дакъийна жижиг дIа а тесна, ахьарх галнаш еш хьийзаш нус а йолуш.

ХIара буц, Iеха санна, лаьттахула теккхаш йолу. Аьхка нанас гуттар а вохуьйтура хьаьжкIаш юккъе Iеха баккха... ХIара баппа схьа а доккхий, цкъа «хIуп» аьлла, тIера куй дIабаккха гIертара, юха коьртера дIа а хадайой, хоттах жимма карчолаг а йой, и буьххье а юьллий, «хIуп» олура. Карчолаг, охьа ца бужуш, ирах кхийсабелча массарна хазахетара. кхунна шена — къаьсттина.

ДIанехьо коьллашлахь бевлла нитташ, жIаьлийнаш а боцуш, вуьйш. Ишколе вахале, жима волуш, хIорш тишачу цIенош чохь Iаш, туькана бепиг деъча а деза де хуьлучу хенахь — кIалддаьтта а маьлхан хIун хьоналлийца деш (кхузахь кхахьпанан хIуш алар товш ца хета, кхахьпа хьалха оцу яран цIе хилла техьа я яьлла лелачу зудчун? И яр малх баьллачу агIор ма йоьрзу, цундела елла хир ю-кх цунна и цIе, и иштта делахь, поэташ хилла-кх вайн генара дай, поэзи ю-кх хIара дешнаш а: стигал — син гар бохург ду, изза ду стогар а. Сийна — син бос, делахь син бос стигалан бос бу-кх), хала зама яра, Сибрехара цIа дирзина дукха хан а ялаза, — бIаьста нитташ, тIе мабевлли кхарза а кхерзина, бууш, кхин мерза кхача дуьненчохь бац а буй теша аьлла хетара, хIинцца а хаало багахь хIетахьлерачу церан чам. Экзаменаш бехьанехь ениш нитташ бааза а, тола-м тоьллера ченех, Биъсаболун кийрарчу жоьжахатийн шийтта пешо туьйсучу кIуьрах дуьзна хIаваъ чууьйзучул цIа а веана, уьш биъна. ХIинца-м дIадаьлла иза, нитташ къанбелла, царна тIе сирла-можа зирх латийна, махо дIаса моссаза лестабо, тIера цIайн кIур гIуьтту, нитташ юккъе а хиъна цхьаъ цигаьрка узуш волуш санна,

ХIара схьабогIу дода, баца тIехула хаxкабелла, шен тIемаш доллушехь, наггахь бен хIаваэ а ца болу, и дича цуьнан иобаьхьа духар — Iаьржа тIадамаш долу сирла-цIен коч — гуш а ца хуьлу. ХIан-хIа, делан котам кхунах ца олу, цуьнан дегI мелла а дукъа-деха ду, иза хIара санна хаза а яц. ДагадогIий хьуна дода кепий долуш кхара, бераша, иштта куьйга тIе а буьллий: «Дода, дода, ас зуда ялочу агIор дIагIолахь», — бохуш, хьайна

тIе «хIуп» баьхна? ТIаккха тIома баьллачу хьуна тIаьхьахьоьжуш лаьттара, нагахь гIалехьа бахча хазахетар совдолура — дика мел дерг цигахь ду аьлла хетара. ХIетахь тешара цу хIуманех. ХIетахь-м Аьстамара, мегарг мотт а Iамаза шен ваша Анас тIаьхьа а воккхий, юьрта тIехула бера болу кема хьала моссаза долу — лаьмнашца маьIданаш лоьхуш хиллера иза (тIаьхьо хиира), чуьра ара а эккхий, массо пха тIе а боккхуш, ворта а юсайой: «Кема, кема, коч-хечий далахь», — бохуш, мохь хьоькхура, иза анайистехь къайлададаллалц... Цкъа цхьана Iуьйранна самаваьлла, гIевлангахь Iохкуш карийра сирла-сийна коч а, ал гатанан хеча а. «Кемано еана хьуна», — элира дас. «Ткъа Анасна?» — «Анасна а еана».

Аьстамара, дода кера юккъе а биллина, жимчохьлера дешнаш баха хIоьттира, важа Iийна-а, нийсса стигала хьала бахара.

— Хьа-хьа-хьа, сан нускал стиглара чудан дезаш ду. Кхечу дуьненчуьра. Я парашютистка хила а тарло.

Эццахь кхетам, гIовгIа дIа а яьлла, цIанбелла хилар тоьсаделира Аьстамарна, шен ойла йича юхаяьн а эхь дац-кха цунна аьлла, и дагара яккха гIерташ, виълар а хIоьттина, бацаларчу дахаре хьежа хIоьттира, ткъа шел кхузза йоккха хIума таккхийна догIу зингат гича-м, дерриге а диццделира. «Духа ма даьллахь, зингат. Ахьа аьлла ма боху, хьайн гIодаюкъ хадарна ца кхерахьара, дуьне а такхор дара». — «Такха а дийр дара аса-м». «Делахь и хьайн мохь-м цIа кхачо беза ахь». — «Кхунна са ма гатделахь». Зингат, хьалхахь йоккхо дуьхьало — яр я дечиг — хIоьттича, ша таккхийна йохьург, дIа а хоьций, тIехьара тIетоттуш, хьалхара теккхош, юьстах а йоккхуш, шен хала некъ эцна доьдура. Голаш тIехь теккхаш цунна тIаьхьавоьдучу Аьстамарна диъ патар долу буц а карийра, гIаккха и шиъ йохийнчу зингатийн туьйлигна тIе кхечира.

Чено йохийна. Цундела деъна хилла-кх сийсара догIа а. Хьан цIа кху чохь дара боху ахь, зингат? ХIинца мичахь ду? Керланиг деш ду шу? Латта тIуьна а долуш, атта хир ду шуна гIишло ян. Оцу чена цхьаъ дан деззара. ХIун дийр ду? Лерга чудевлла къовзийна а цхьаъ дийр ду-кх. ХIа-а, хьо ю и, зIуга, аш-м шайн бена кхевдича дан деззарг дора цунна, араш етташ. Муха Iа шу? Моз хуьлий? Чу ца вогIу, маршалла луо шайн Элане. Цкъа зингатан цIа а хIоьттина, юхавогIур со... Диканца дукха бехийла, Сагал, хьо а. Шу-м массо а кху бацала гулделла хилла. ДагабогIу дера, богIу. Ахьа Бецахелитца лелийна дов а дагадогIу. Махо хьан гIо лацар а.

Эххар а дIаккхечира зингаташа керла туьйлиг ечу. Таккхийна сана хIума дуьхьал баьллачу кхин кхаамма гIо а деш, ядийна яьхьна, цхьанхьа дIайиллира. Массо а тIуьначу лаьттах карчолагаш еш, уьш тIеккхерчош, чемхалгаш теккхош хьийзара. Цкъа уьш ширачу Мисарахь ПирIунна пирамидаш еш леллачу лайх те-



ра хийтира. ТIаккха нийса ца хийтира и дустар: мила ву кхузахь ПирIун, мила ву лай? Цхьа а вац. Массо а къахьоьгуш ву.

Аьстамар шена новкъахь девзинчу зингатаца къамеле велира: «Мила ву шун коьрта паччахь я эла? Массо а хуьлу, тов, паччахь! Муха. Цхьана сохьтехь — цхьаъ, вукху сохьтехь — важа. ХIа-а, иштта ду иза. Делахь хIокху сохьтехь волчу паччахье схьакхайкхахьа. Болх беш велахь а схьакхайкхахьа, аса дукха хьевийр вац хьуна. ХIа-а, схьавалин ахь. Хьо ву паччахь? Ву кхарах къаьсташ а вац. ХIокху шайн паччхьалкхехь — Туьйлигехь болу юкъараллин дIахIоттам бийцахьа. Нагахь суна и тахь, ООН-е дIабохьуьйтур бара аса, адамашна юкъа балабе аьлла. Кхин доккха хIума а дац боху ахьа? Массо а къахьоьгуш, шайна къахьегар адамашна куьйгаш а лестош, хабарш дийцар а, цаьпцалгашна эшарш лакхар а санна ца хилча ца долург ду боху ахь? Дика ду. Хаьа суна: накхармозийн элий а, жуккарш а, белхалой а бу. Шу — массо а — белхалой. ДIагIо ткъа, балхана сагатлуш хала лаьтта хьо. Iодика йойла.

Зингатийн туьйлиг а йитина, сехьа а ваьлла цхьана кулла бухахь дIатевжинчу Аьстамара малх орца тIе лахлучу хенахь биллира ши бIаьрг схьа. Суьйренан зIаьнаршна дуьхьал а хIоьттина лаьтта лу кхуьнга хьоьжура. Цуьнан бIаьргаш кхин цецдевлла а дацара, уьш дог кIеда а, дуьххьал дIа — хьо мичара вели? — хаттаре а хьуьйсура, цецалла, пха санна, озаделлачу дегIехь яра.

Махках къастаро шаьш кху Соротахь дуьненчу баха кхиэл хилла дай, наной хIаллак а бина, дахар довзаза бисинчу мехкарийн хазалла, ойланийн цIеналла а гира Аьстамарна лунехь. Иштта цуьнгахь бара хьуьнан массо а гIиллакхашна реза хилаpан тем а, стигланаш а, малх а, йистошкара дитташ а шена чу а хьоьжуш, охьаоьхучу шовданан сирла амал а.

Лу, кхунна го хьоьгахь Лайсин юьхь-сибат а. Иза а, хьо санна, кхиъна йогIуш яра, хьан санна, дуьненах йоккхаер бен кхин хIумма а доцуш. ХIан-хIа, цунна ца лира, шен дуьххьара, гурахь тосучу лайн цIеналла яйа а яйина, цхьаболчара санна, са а доьхкина, шор а елла, эхь доцчу темех, мерзачу кхачанах, дезачу духарех дегI а Iабош, йолаелла лела. Иза Луон са ма дара, ткъа са гуттар а цIена хила деза, тIехь цхьа а хьоькх а йоцуш.

Хьо адам делахьара, лу, ахь соьца йоькъур яра и гIайгIа, тIаккха суна мелла а атта хир дара, ткъа хьуна — мелла а хала. Хьо-м хIинца а, экха доллушехь, кхета сох, хьан бIаьргашка хьаьжча го иза. ХIунда ца кхоьллина со лу, я хьо адам? Нагахь со лу делахьара, вайшиъ цхьаьна хир дара, гуттар а, вайшиъ уггар лекхачу лам тIе дийр дара, берзалой а ца кхочучу, вайшимма юуш маргIал буц бен хIумма а хир яцара, молуш бецан тхи. Вайшиъ даккхийдийр дара хьаннех, малхах, вовшех а. Нагахь со лу делахьара, кегий маIаш а йолуш... Хьо дIадоьду лу, хьайн айина корта юха а хьежош, бIаьргаш дела а къежаш, соьга

цхьанхьа-м дӀакхойкхуш. Со суждане воьду хьан хазаллина — бӀаьргашна, семачу лергашна, буткъа-бехачу когашна, оьздачу гӀодаюкъана, кӀайчу бетан буьхьигна...

Лу, кхос-кхоссалуш, дахана, хьуьна чохь къайладаьлча, орцах а хьекхалуш, цу тӀе девллачу диттийн баххьаш, маж а деш, моьрцуш, чубузучу малхе хьежа хӀоьттира Аьстамар. Іуьйранна схьакхеташ санна, хӀинца къайлаболуш а, Іаламехь юха а хаалора цхьа тамашийналла, иза юха а Малхана ламаз дан кечлуш дара, тахана дерригенна чу са а далош, бода эшош, схьакхетарна, дуьненчуьрчу массо а хӀуманаша: махо, хиэ, бацо, хьаннаша, адамаша, сагалматаша, акхароша, хьайбанаша, кхечара, кхечара — дакъа а лоцуш, хӀоттийнчу дахаран спектаклана коьрталла дарна. Хастам хьуна, Малх!

Ира а хӀоьттина, куьйгаш хьала а лаьцна, дӀахӀоьттира хӀара, дитташа хьалхара а олуш, кхуо а, зингаташа а, гу тӀехь юха а гучудаьллачу луно а, халла гӀовгӀа хезаш юрт хилла меттиг юккъехула йоькъуш доьдучу Ахко а, зӀугарчаша а, олхазарша а, — массара а тӀаьхьара олуш, Малхана хастам беш доӀа дира.

ХӀора сарахь а и хаза Іемина йовхонан а, серлонан а Кхерч, жимма а хийца ца луш, шен сийлахь-боккха хилар гойтуш, меллаша къайлабелира анайистехь.

ТӀаккха маьркӀаже герга мел таьӀи, гонахарчу дитташа шабарш дан долийча (ХӀун дуьйцу цара? — ТӀебогӀучу боданна дуьхьал шаьш муха лаьттар ду), цунна юха а дагадеара дуьхьара ша церан — маьркӀажехь лестачу диттийн — тидам бина суьйре. ТӀаккха, дукха хан ялале, малхбалехь, хьаннаш юккъера хьалабаьллачу батте а хьоьжуш, коьрта кӀел — кхаанна метта диъ гӀа долу буц а йиллина, ши бӀаьрг хьаббира цо: «Тховса жимма дӀавижа веза, кхуззахь экханах кхерам а бац — берзалой вайн доттагӀий ю».

Амма дукха хан ялале уллохь «хушш» хезна, хьалахнира иза. ХӀа-а, зу, хьо ю и? Хьо чӀогӀа хьекъал долуш ю боху. Ахь пайхамаре аьлла боху: «Хьайн хенарчу нийсархойх къаьстича, хӀун дуьне даа воллу хьо?» Иза а аьлла, кхин саца а ца соцуш, хӀинца санна, «хушш» деш дӀаяхана хир ю хьо хӀетахь а. Ах Іамийна боху адамаш нох дан а... Хьуо иштта говза елахь, дийцахьа, зу, сох лу муха хир дара? Я цулла а стови колл хила сох, я зингат? Адам а хилий, Іадда Іе боху ахь? Я ца боху? Ахь дуьйцучух кхетар а вац. ЧӀогӀа дийцахьа.

Улло гӀоьртича, зуьнах буьрка хилира, вуха а ваьлла, баца тӀе дӀатевжира иза, зу шен «хушш» деш, дӀаяхара. Седарчашка а хьоьжуш, хӀара вижна Іуьллуш, дикка хан яьлча, хьуьнан аьзнашна юккъехула цунна хаза йолаелира шовзткъа-шовзткъе итт шо хьалха кхузахь хиллачу юьртан гӀовгӀанаш: уггар хьалха жӀаьлийн летарш — тайп-тайпана: цхьаъ аз озош дехха угӀура, важа сих-сиха а, оьгӀазе а летара, кхоалгӀаниг цкъа угӀура, цкъа летара, царна тӀаьхьа хӀоьттира доьалгӀаниг, тӀаккха — дӀо гу тӀерачу цӀийна уллорниг, тӀаккха — дехьа ирзерниг, — дукха хан ялале, жӀаьлийн гӀовгӀанаша хьалаюьзира ерриге а басе, цаьрца цхьаьна маьӀ-маьӀӀехь — эвлаюккъехь, йистошкахь, ахкал дехьахь, сехьахь, тогӀийца охьа, гонаха Іохкучу ирзошкахь — долчу цӀенойн корашкахь хьалалета юьйлаелира стогарийн гӀийла серлонаш, тӀаккха урамашкахула дӀасалела евлира мехкадаьтта дутту панараш, нехан хабарш, бегаш: «СоӀдас — обарг ваьлларг вац? — хӀун аьлла хаьий шуна Ибе? И сан шинарш ма идаяхьара аьлла, хабар дахьийтина хилла Ибас. СоӀдас жоп делла, айхьа дӀалоллуш шинарна коча саьрамсекх оллахьара ахьа аьлла, — берам бан и лоьхуш къахьоьгура ша. Хьа-хьа-хьа», — цунах буьйлучийн аьзнаш даьржа хотехула, тӀаккха мехкарийн эшарш хеза, уьш герга кхочу, кхин а, кхин а, тӀаьххьара а Аьстамарна хьалха дӀахӀуьтту, моггӀара охьаховшу, шайн багара йиш а ца хадош:

...Беа когана ши мача юьйхина,
Шина а дегӀана цхьа духар дуьйхина,
Гу лекхчу дуьйлуш, юьрте ладоьгӀуш,
Кегийчийн орца кхиарна кхоьруш,
Шерачу дуьйлуш, лаьтте ладоьгӀуш,
Баккхийчийн орца даларна кхоьруш,
Дедда гӀор вайша, дедда гӀор вайша,
Вайшиннан гӀуллакх вайн дайшца-наношца,
Къаноша мотт говза буьйцуш къастор ду.

— ХӀейтӀ, горалера йиш яӀ! — тӀе а оьхуш, мехкаршна дуьхьал охьахуьйшу месала кхакханан, холхазан куйнаш техкина, шаьлтанаш а йихкина, — цхьаболчеран тапчанаш а кхозу хаьнтӀехь, наггахьчун дехха тур а — кегий нах. Цхьаъ галпеш йолу хеча а юьйхина, лекха хурашка а тиллина лаьтта, кест-кестта мехкарийн могӀаре бӀаьрг а бетташ, йиш-маӀаш а еш. Уьш хьанна еш ю техьа аьлла, цуьнан хьажар лецира Аьстамара: галпеш ерг Іаьржачу аматехь ехха чӀаба йолчу йоӀе еш вара уьшарш, ткъа важа, хӀара тергал а ца веш, наггахь шен дуьхьал хиъна Іачу жимчу стеган бӀаьра а, тӀаккха лаьтта а хьоьжуш Іара. ЙоӀӀий, кӀанттий бӀаьргашца дагара дуьйцуш дара, гонаха Іачара санна, бӀаьцанаш а ца еш. Цхьаболчара йийраш-м жимма осала а хийти Аьстамарна: цхьамма куьйга уьшарца и хьайн хьалхе схьало боху йоӀе, вукхо оцу маттаца, яц шен, схьа а яьккхина дӀакхоьссина олий, дуьхьал жоп ло. Делахь а оцу заманахь иштта хилла хир ду-кх и, ткъа догцӀеналло оьзда хоьтуьйту цхьацца йолу маршо а.

Галпеш ерг, карзахвуьйлуш, дӀасахьийза, тӀаккха тхьамде, аьлча а, тӀехь къорза духар долчу инарле пурба а дехна, вистхуьлу, цуьнан аз гӀоргӀа, аьчган черми чохь тӀулгаш лестош санна. Иза пхьа боккхуш, хӀетал-метал олуш ву оцу шега схьа ца хьо-

жучу йоIана. Субар — иштта хилла йоьIан цIе, цхьа гергара а, чоьхьара а хета Аьстамарна, ян мила ю техьа?

— Субар, — боху галпеш йолчо, — вала дисина цхьа сахьт бен хан а ца хилча, кисанахь цхьа сом бен ахча а ца хилча, бархI лам а баькккхина, иссалгIачу лома тIехьа а ваьлла, дашо гIала ян езачу кIанта, ша, хIун дан деза?

Массо а ойлане вужу. И хIун ду-техьа, дан? — жоп карон гIерта Аьстамар. Шена ца карийча, дог духу: царал оццул тIаьхьа дуьнен чу ваьллачу, царал дуккха а хьекъале (хIетахь дуьйна, дIадаьллачу шовзткъе итт шарахь мел хилларг, Iилманчаша гучу мел яькккхина къайле евзаш а, ишколехь, институтехь — царна юьйцуш а ца хезначу — дешна а хилча муххале а) хила везачу кхунна и ца хаар эхь ма ду. Делахь цу хаттарна жоп ловзаргахь болчарна цхьанна а ца хааро мелла а хьаам бора.

— ГIала йогIийла, Берснакъа, схьаала айххьа, — боху кара дечиг-пондар а лаьцна Iачу, юьхьигаш ирххьийзина мекхаш а, ерриге а юьхь дIалоцуш аьлла мара а болчу жимчу стага.

Амма Берснакъа внстхилла валале, цкъа а хIума яа а юий техьа аьлла векъачу стага:

— Хиъча а, хьуна жоп дала стаг ваьхьар а вац, ахь хьайна ца тахь, НКВД-е вохьуьйтур ву, — эли, дуткъа декачу озаца вела а луш.

Берснакъас цергаш тIеттIа а таIнйна, мочхалш тIедехи, бIаьргаш чохь суйнаш а къагош, амма вист а ца хили. Эццахь ловзарга цхьана агIор серех юьйцина керт хIоьттн, цунна дехьа схьахIитти цхьа оьзда баккхий нах, берриш а кIайн а, юкъа-кара къежъелла а мажош а йолуш. Царах цхьамма, кIайчу кхакханан куй болчо боху:

— Гада, узам бехьа баккхийчу нахана, узам бехьа.

ТIаккха дечиг-пондар а карахь хиъна Iачу жимчу стага узам бо: цхьа олхазар хилла, боху, тIам боцуш дисина, шена тIам хилча, хьаьвзар ша бохуш. Делера омра а хилла, шена тIам хилча, дагтIе куралла еана цу олхазарна. Дуьненчохь Малхбален корехь — кIант, Малхбузен корехь — йоI (и хIун кораш ду? — ца кхетара Аьстамар) гучудаьлла, цу шиннан цхьа кхоллам хилла; иза бохор ма бара ша аьлла, жима йолуш и йоI ядийна, цхьана хIорда юккъерчу гIайри тIе а йигна, цигахь хари чохь Iееш хилла, олхазаро арадолий, ижу а яхьаш. Иштта ехаш-Iаш, хIордашца талла араваьлла лелаш, цуьнца кхоллам хилла кIант кхаьчна цига. Шеца хари чохь дIалачкъийна йоIа кIант. Цкъа олхазаро хьаттина йоIе: «Са-м ца гатло хьан?» ТIаккха хари чуьра араяьлла иза, цунна тIаьхьа — кIант а. Цецдаьлла и олхазар, кхетта шега делан кхоллам бохалург цахиларх, тIаккха ворхI эзар шарна далла хьалха суждане дахана.

БIаьргаш тIунделла, кортош а лестош, «ОстогIпируллахI», — бохуш, баккхий нах юьйцинчу керта йнстера дIа а бевлла, тIехь седарчий лепачу буьйсане дIабаха, тIаккха кегийчу наха серий дуцуш динчу даккхийчу тускаршца схьа а кхоьхьуш, луьйдигаш а тIехь хьаьжкIийн кенаш охьадохка долий, хIора йоIана хьалха барз беш, юккъехула хьала, могIа бинна, цIераш летий, тIе даккхий дечигаш а тохкуш.

ХьаьжкIаш тилош хилча, гуьйре ю, ткъа гурахь шийла хуьлу,— ойланаш йо Аьстамара — амма хIара ша шел ца валар ду-кх доккха хIума... ГIодмаш хьакха а хьакхале, «къаршшехь» кегдеш кенаш, схьа а дохуш, оьланашка охьакхиссина цара — цунах хьаьжкIаш тасар олу.

Къорза инарлий, цуьнан ши гIоьнчий, шаьш волччохь вегIара, охьаюхкучу хьаьжкIийн тидам а беш. Гада, хаддаза шен пондарх пIелг а туьйсуш, илли олуш вара:

Ламанца лаьллина бажа бу алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Доларнг ва Моша.
Аренца лаьллина рема ю алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Доларнг ва Моша.

«И хIун ю — Доларнг ва Моша? — ойла йо Аьстамара, — ХIа-а, йоIах олуш ду-кх, и беламе йоккхуш».

Дукъе диллина шелиг ду ва алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Доларнг ва Моша.
Ламанца лаьхкина жа-бажа
Бецан цамгар кхетта, делла карорий-те хьуна.

Эццахь Берснакъас: «Хьо-хьоъ, ладогIа ахь. Субар, хьуна локхуш ю хьуна!» — мохь хьаькхира, бIаьргаш шайтIаналлин серлонца къарза а беш.

Аренца лаьллина и цIоькъа рема
Цхьана беречо йиъна карорий-те хьуна?
Дукъе диллинчу шелига чохь
Тевна диллина котам карорий-те хьуна?
Баьрчче оьллинчу дуьмина метта
Цхьа неIар-мача карорий-те хьуна?

Илли аьлла воллушехь, пондаран мукъам хелхаран эшаре берзий Гадас, мехкаршна юккъехь Iачу юткъа-ехачу йоIа, батIо санна, дIасаозийра шен карара кехат-пондар, иштта дIасаяха цуьнан батт а. Массаьрга а цIеран шовкъ юссу, цхьана йоIа дешнаш а даладо:

Дукха хаза ма валахьа,
Дукха дика ма валахьа,
Вочу нехан бIаьрнг хилла,
Хьо валарна кхоьрий со-ма.

Амма кIант хаза волу, айавелла, ши куьг, рогI-рогIана хуьйцуш, дIаса а дохуьйтуш, йоIаца аз доцу къамел а деш. ЙоI цунах

кхета, стиглара чухьуьйсу седарчий а, гонаха дIасатехка хьаннаш а кхета цунах.

Пондаран мукъам кхин а чехкабели, иштта сихъели Бакарбикас (цуьнан цIе и ю аьлла хета Аьстамарна, стенна делахь а) лоькху йиш а, хIинца цо шен херсеш санна къорза ши бIаьрг, ворданан чкъургаш санна, керча а беш, хелха йолучу йоIана тIе буьйгIира:

Чухчахьера санна,
И къорза гуьлмаьнда,
Батто марха санна,
Юьхьа тIе нйзорца,
Цергашца лоьцуш...
ВаллахIи йоллу яьхьи бахийта,
Пис йиллина тача даьхьи бахийта.

ЙоьIан хелхар цхьа синтем бу, хIусаман, цIеран нана хилла, кхин кхоллам, кхин ирс ца лоьхуш, шен майрачунна муьтIахь а йолуш, боккха доьзал оьзда кхиош, шен хеннахь царна пхьор хуьлуьйтуш, бежана, котам а лелош, ехаш Iен болу лаам.

(Иттех шо далале ма къиза бохор бу цуьнан синтем, неIарш кегъеш, халкъан кхерчара цIераш дIайойуш, цIеношна чу а иккхина, тIаккха корашкахула, ара а тилла кхойтта шарна дIасакхехьа баьллачу махо, цо, божалахь Iалашдаза даьхни а, буьн чохь тIаьхьакхойкху котамаш а юьтуш, когаш Iуьйра, лой, хаттий вовшахийначу новкъа йоккхур ю иза, генарчу махка йига, тIехьара тIе бетталуш букъ а божуш; карахь шеллуш лаьтта дуьххьарлера бер, шен син гIелъелла йовхо дIаелла, дуьненахь дита гIертар ю, амма цунна иза кIезиг хир ю, я цунна лиъна хир дац Харцо тоьллачу лаьттахь кхин дIа а даха...) «Тпу, тпу» аьлла, юьстах туйнаш а тесна шина хелхарчина бIаьрг ца хилийта, Бакарбика пондарца цхьаьна шовкъе яхара:

Ва-а шуьшиъ дададе чехкачу махо,
Ва-а шуьшиъ кхосса ламанал дехьа.
Ли-ла-ла, ли-ла-ла.

ЙоьIан тийначу хелхаро къайлаяьхнера цуьнан хIинца а ясталаза цIе, синхаамийн, марзонийн шорто, — и дерриге а цо шай, шеца хелха волучой кхуллучу хIусамна лерина, цундела кхоадо, жимма а нахал а ца долуьйтуш, цIийнана кхоаме хила ма еза.

КIант мелхо а комаьрша ву, цо шен серло, са, хазахетар кхоамза дIасадоькъу хьаьжкIаш тилочу белхехь болчарна, гобинна лаьттачу хьаннашна а, седарчашна а, царал дехьахь шелоно гIорийнчу Iаьржачу, есачу Iаьршашна а. ЙоьIан бIаьргаша боху: «Хьо ишта вахахь, тоьар ма яц вайн хIусамна оьшу хьан серло». «Тоьар ю, — боху кIентан бIаьргаша, — дIаделларг тIеназа доврдац». Амма иза къонаьло корта хьовзор ду.



И шиъ охьахаарца-а, юкъахьаьддачу Берснакъас чан гIаттий. цуьнан когаш, хьаьжкIийн кенаш а, луьйдигаш а, цIеран гонахара овкъарш а, кIегий а дIасакхуьйсуш, буьзна хьерабаьллачу стеранчарах беттало лаьттах, ткъа цо ечу уьшарша шело хааюлуьйту гонаха Iачарна, еттачу тапчанах рогI-рогIана хIоранна а тIехь соцу цуьнан аьтту куьг, и дича, мелла а воха ца вухуш, цхьа а ца вуьсу, цхьа инарлий, юкъа хьийза ши жухарггий а йоцург. Берснакъин хелхар кхин а хьераделп, шеца бал баккха резайолуш цхьа а йоI ца карийча.

Хелхар, цкъа а чекхдер дуй техьа аьлла, дахделча, цIеххьана дIасеци Берснакъа, гай яьтIча санна мохь а болуш: «Ву-Iа-а»...

Нах Iадий диканиг ца хьоьхучу цуьнан хелхаро а, маьхьаро а.

Инарла ша Iачу гIанта тIе хьалавели:

— Гаран ность шийся ская чество! — элира цо мохь тоьхнна.

Нах, Iадор мелла а лахделла, цецбевлла хьаьвси цуьнга, цо дуьйцучух ца кхеташ.

Инарлина уллохь лаьттачу шина жухаргах цхьамма талмаж дин цо дуьйцург.

— Шен ненан шай, кетIахь буьна чохь зуддий бен, кхин хIумма а дацара боху кхуо.

— Чество ская шийся ность гаран! — кхин дIа а до инарлас къамел.

— ДIо Iома чуьра шач а йоккхуш, цунах черташ а еш, уьш а юхкуш, шай и зуддий кхобура боху нанас, да мила ву хууш а вацара, — талмаж до шолгIачу жухарго.

Ерриге хоти хьалаюьзи нехан бийлабаларо, церан Iадорах хIумма а ца дисна. Цхьа Берснакъа лаьтта, вела а ца къежаш, шайтIаналлин лепарца бIаьргаш а къерзош.

— Шийся ская гаран варан чество! — мохь бели инарле юха а.

— КетIахь элхьамчийн ши колл, шайн нана йолчу оьхучу наха хьекхийна, къажъяьлла яра боху, — кхетабо нах хьалхарчу жухарго.

Нах юха а, цхьа Берснакъа воцург, бийлабеллехь а, Аьстамарна товш ца хета и бегаш. Амма иза-м хIумма а доцург хиллера, юха а шен гIурт бийцича, «Чуо дика яц шен боху кхуо», — аьлла цхьана жухарго вигна белхи юккъе охьаханйча, инарла шен барч схьабаста волаваларе хьаьжча. Массо а — мехкарий шайн тилон хьаьжкIаш а, кегий нах цаьрга хьийсар а дитина — доггах бела хIитти. «ХIетахь иштта бегаш а мегаш хилла-кх, ламарошна юккъехь-м муххале а», — ойла хили Аьстамаран. Эццахь яьккхинчу тапчанца белхи юккъе иккхинчу Берснакъе мохь бели:

— Сацийтта! Аш сийсаз вийриг НКВД-н хьаьким Малцаг ву. Ас массо, — тапча йолу куьг массарна а тIехьовзадо цуо, — массо а, цхьаъ ца вуьтуш, вохьуьйтур ву шу!

Инарла, хьала а гIаьттина, меллаша барч дIа а боьхкуш, шен

метта дIаваха, белхий хьалхачул а сов Iадий, гонахара хьаннаш а дIаса ца техкаш, хIун хир ду техьа хIинца аьлла, дIатий, цIе ма яккхахьара кхара, цIе яккхахь вуо хьал хир ду-кх шайгахь бохуш, ойланаш еш.

— Ахь и дича, вайн юрт ерриге а яссалур ма ю, и ма дехьа, — эли белхина юьстахо, набаран тар а туьйсуш, говра тIехь Iачу Урусхас.

«Иза Куслахан ирзехь Iаш ву, сатоссуш белхи дIабирзича, цIехьа воьрзур ву, гена валале наб а кхетта, дуьрста карара яларх, цуьнан говр — иза тоххарехь йоьлла оцу хьолах, — да охьа ца вожийта, меллаша ког а боккхуш, цIа кхочур ю. ЦIа кхаьчча, говр кел чоьхьа йолуш, шен варе утармех хьакхаелча, самавер ву Урусха... Кхузахь доттагIа ву цуьнан, — Ахьма, цо гу лекхачу а волий, мохь туху, Соротахь синкъерам, белхи я ловзар хилча, иштта хIокхо — цуьнга а. Дикка гена-гена елахь а и меттигаш, вовшашна дIасахеза церан аьзнаш. ХIетахь нах а, мохк а сема хилла, хIинца массо хIума а къарделла», — ойланаш йо Аьстамара Урусхе а хьоьжуш.

— ХIумма а дац, аса хьалаюзур ю хIара юрт. Ас итт, хIан-хIа, ткъа, хIан-хIа,—шовзткъе итт зуда ялор ю, церан итт-итт бер а хир ду, — бIаьргаш къерзадо Берснакъас.

— И хьаха хир ду вуо зуьрет, — боху Урусхас.

— Цара вуьйцург Малцаг ма вац. Цара вуьйцург хIара Iедал тIедале хилла паччахьан инарла ма ву, — эли Субарца хелхаваьллачу жимчу стага.

— Хьо дIасацахьа, ас тIара туху хьуна, — цIогIа хьаькхи Берснакъас.

Берриге а белхий дIатий, мехкарша тилон хьалалаьцначохь саций хьаьжкIийн кенаш, юьхьа тIе хьакха хьалаайниачохь куьг долуш вогIавелла Iа инарла, юххера дитташ а дIаса ца леста — массо а оцу жимчу стаге хьаьвси, товш хелхаваьллачу, Субаран даго къастийначу: цо цхьаъ дан деза, цо и дан а дин — Берснакъина, тIаьххьара дош аьлла воллушехь, лерга юххе тIара кхийти, коьртара лаба йолу куй а божош.

Массара а паргIатбовларца са даькkхи. Кегий нах, тапча а яькkхина, чугIерта Берснакъа сацон хьаьвди, сацийна ца Iаш, цара и, теттина, теттина, юьстах а ваьккхина, буьйсане дIавели, цо и, шен бодане тила а вайтина, хьуьнан кIорге виги, сатассалц юьрта доьду тача лехийта, амма ца карош, иза вехха лелар ву.

И Iоттабаккхам бицбан, ловзар марсадаккха охьахевшинчу нахана, мехкаршна тIехь а лаьтташ, массарех а къаьсташ духар — доца пхьуьйшаш долу коч а юьйхина, хеднйна сирлачу месашца, коьртахь хIума а йоцуш йоI тергалйи. Цуьнга, тамаша беш, хьийса бевли, иза шайн тIаьхьа хиндолчу дахарера еънийла а ца хууш.

Лайса ю — бIаьрг ма кхийтти евзи Аьстамарна. Цо меллаша корта таIий, шена хIара а вевзиний хоуьйтуш. ТIаккха дерриге а ловзар (белхех юха а ловзар хилла, тилон хьаьжкIаш а, уьш тIекхоьхьу серий дуцуш дина даккхий тускарш а дац, гуьйре а дIаяьлла, аьхкенан буьйсано хуьйцуш) шега хьоьжийла хиъча, хьо мила ю бохучу хаттарца, цо гIийлла йиш локху:

Со кхуллучул кхоьлли белира
Бай боцучохь и сийна бай.
ПоIах хилла бай бу бохуш,
КIентийн тоба соьцур яра.

Цуьнан озехь адамийн лерасйне ца лан яллал хазалла хаало, амма цара лов иза, хIинцца дIайоьдучу хенахь йоцу дела: ловзарехь Iачарна иза хиндерг, сатийсам бу, ткъа кхунна, Аьстамарна, иза селхханехь гуттаренна а чекхдаьлла, кхин цкъа а юха а догIур доцуш, цундела воккхавер къахьдо дагахьбалламо.

Со кхуллучул кхоьлли белира
ТIулг боцучохь и шийла тIулг.
ПоIах хилла тIулг бу бохуш,
Вайн баккхий нах соьцур барий.

Цуьнан аз айаделла, дуьненахь мел хуьлучу хиламел — баккхийчел, кегийчел — лакха а даьлла, заманан олаллехь доцчу, цундела къаналла хIун ю а ца хуучу, дерриге а: къоналла а, безам а, марзо а, ирс а — гуттаренна а долчу, лаьтта тIера гучу Iаьршел а дехьара ду, цундела цо дIалаьцна массеран а: нехан а, бецийн а, дийнатийн а, хьаннийн а, акхаройн а — дуьненчу довла а, юха дIадерза а кхоьллинчу хIуманийн синкхетам, уьш бIаьргаш чохь, я гIаш тIехь хиш а хIиттина, хьоьгу и аз схьадеънaчу гуттарлерчу дахарх.

Со кхуллучул кхоьлли делира
Хи доцучохь и шийла хи.
Сан безамна цу хийнсте
Сан нийсархой хIуьттур барий.

ТIаккха и мукъам, дешнаш а доцуш, ша-шех бека бели, тIаьхьтIаьхьа чехка а болуш, ткъа Лайса — диттел а лекха, сирла, кIайн, дегI доцуш, лайн пардона юккъехь лацаделла са — стигала ирх а яхана, хелхаяла йолаелча, Аьстамаран ойла хили: «Цхьа а хIума а дIа ца даьлла-кха, дерриге а хьалха санна ду-кха, Лайса а кхузахь ю, со а кхузахь ву, хилла хIумма а дац, иза, соьга дIа а кхойкхуш, гонна юкъа яьлла, со а иштта юкъаволу, охашимма дIадоладо тхайн хелхар, иштта, хьажахьа, со хилла-кх, Лайса санна лекха, ма цецбевлла хьуьйсу нах: и шиъ мила ду?»

— Лайса, Лайса, — шабарш до кхуо, хелхаволлушехь, цунна лере а таьIна. — Сан маршалла дIакхечирий хьоьга?

— ХIаъ. Дела маршалла...

— Хьуна хIумма а ца хилла Лайса, ца хиллий? Базарахь суна

гинарг гIан хилла, ткъа хIара — бакъдерг. Вайша дика, дика Iийр ду, Лайса. Ас хьуна зезагах, полларчех лаьцна дуьйцур ду...

— Суна мархех лаьцна дийца ахь...

— ХIаъ, аса мархех лаьцна а дуьйцур ду. Уьш дуьне мел ду юьйлаелла лела, хи доцучохь хих а ешаш, бай боцучохь сийна бай а болуьйтуш...

Эццахь Аьстамар кхийти, ша хIумма а дийца ца оьшуш, шаьшшимма дийриг мархийн хелхар хиларх, когаша лаьттара, хIордаш тIера, хьаьвдда доьлхучу хиш тIера тIуналла, Iаь хуьлуш, стигла ялар гойту, куьйгаша — цунах, хьаьаш, мархаш хилар. ГIеххьа дахдели мархийн хелхар, тIаккха чекхдели, догIанах лаьтта тIехула хьаьвзи, наггахь Аьстамаран куьйгаша, кеглуш, ткъесах бода цосту, Лайса, дека аз а хуьлий, хотешкахула яьржа, юха дитташ тIе тIадамашца хьарсало.

ЦIеххьана гIелдели хелхар, ший а — йоI а, кIант а — цхьана юкъана, доьIу са а сацийна, дIатий, вовшашка хьаьжжинчохь — иза гуттаренна ойла а, са а сецна, лаьттачу тIулгийн хелхар ду. Атта хир ду аьлла хеттехь а, хала хилла и.

— Тпу, тпу, бIаьрг ма хила шуьшинна! Дукха ца товш дуй? Дала дукха дахаде шуьша! — хеза Аьстамарна. Цуьнан ойла хуьлу: «Т х о й ш и ъ ц х ь а ь н а дукха муха деха, Лайса селхана, коран ангали—зр-р-р! — дIа а дохуьйтуш, берда тIе схьакхевддачу цIа чуьра ара а кхоссаелла, хIаваэхь дIаяйна хилча»... Ойла хеди, тIулгийн хелхар, цIеран хелхаре дели, цуьнан куьйгаш стигланe кхийда, бIаьргаш чуьра кхийсало суйнаш генна Iаьржачу Iаьршашка хьала а дуьйлуш, седарчий а хуьлий совцу. Лайса кхин а чехка, кхин а чехка йолу. Аьстамар кхета: иза кхуьнга селхана хиллачун ойла ца яйта гIерта. Амма кхуьнан ницкъ ца кхочу, и ца еш Iа, кхуо йин иза: «Ц и г а р а схьаян йиш яц цуьнан, цхьа а ца веъна ц и г а р а схьа, амма кхуьнан йиш ю ц и г а дIаваха, тIаккха цхьаьна хир ду»...

Юха а хеди ойла, хелхар кхин а чехкадели. Коьртехь цхьа а чекхдаьлла маьIна дац кхоллалуш, наггахь цуьнан цхьаьцца кийсигаш лета хьала, делахь а жимма хан яьлча, хелхар мел сиха хиллехь а, ойла кхоллаели кхетамехь: «ХIара ду-кх хIораммо а сатуьйсу ирс, цхьа а сов хIума шеца доцуш, хIинцца мотт Iемина догIу бер санна, цIена ирс». Цунна хаьа и тайпаниг деха ца лаьттийла, — цхьана минотана бен, цундела цунна чIогIа лаьа и яхъян, дуьненчуьрчу массо а хIуманийн хелхарш деш, уьш дина девлча, седарчийн а, царел генарчу дахарера дерш а дан. Амма гонаха хевшина Iачаьрга бIаьрг тоьхча, цунна девзи Субар а, цуьнца хелхавийлла жима стаг а: Субар кхуьнан нана ю, важа — кхуьнан да Гунаш. Эхьхийти цунна чIогIа: кхарна хьалхахь хелхавуьйлуш ву-кх, бухь а бугIуш, ченаш а йохуш... Юьхьа тIе куьйгаш дехки цо, дерриге а дицдан.

Иштта иза лаьтташ, дикка хан елира, гонахара гIовгIанаш а дIатийра, куьйгаш юьхьа тIера дIа а даьхна, дIасахьаьжча, цхьа а вацара — я Лайса а, я вуьйш а. Масех метр генахь кхуьнга хьуьйсуш лаьттара евзачу шина берзан биъ бIаьрг. ХIара цец а ца велира я кхера а ца велира. И дерриге а тIаьхьа, царах цхьаъ адаман маттахь йистхилча, хилира; амма иза а сихха дIаделира: борз къамеле ялар доккха хIума а дац, дуьненчохь ца хуьлуш хIун ду? — Дерриге а хуьлу, адамашна дагадан йиш йоцург а. Наггахьволчунна бен ца го уьш — цхьа ша тайпа бIаьрса хила деза дерриге а ган.

Хьо цец а ма вийла, хьо кхера а ма ло, борз адамийн маттахь йистхилар доккха хIума а дац хьуна, нагахь и адамах хилла хилча-м муххале а. Аса дуьйцур ду хьуна сайх, хьан цхьаъ бен воцчу девешех Губех борз муха хилира, аса дуьйцур ду хьуна къемата дийнахь, стигланаш лаьттах а етталуш, дуьне дегийна, дегийна, кераюкъ санна, шардарх лаьцна, цхьанхьара, Iаьршашкара лаьтта боьссинчу буьрсачу махо, дерриге а дадийна, хIоьрахIуо даккхарх. ХIетахь цхьа борз йоцург, — иза-м махана дуьхьал а йирзина, лаьттара, тIера мел йолу цIока дIа а яьхьна, хIетте а къар ца луш, шен хорам, шен бIаьрхиш шен дагчохь ша ловш, уьш гучу а даьхна, цхьа а шех ца кхардош, — я адам а, я экха а, я дитт а, я бецахелиг а ца дисира лаьттахь, тIаккха и борз, шегахь оццул ницкъ хаабелча, дерриге а дуьненна — харцахьчу, баланечу, къизачу — дуьхьал яьлла, чухьаьдира, кIезиг хилахь а, кхиамаш хуьлуш. Амма цкъа иштта дуьненах кийсиг яккха тасаелча, церташ цхьана чIогIачу хIуманах — мокхаз тIулгах? — чу а яхана, мел доггах озийча а, схьа ца йовлуш, садукъделча, иза кхийтира, шега и дуьне эшалург цахиларх, амма цуьнан а йиш яцара хIинца кхетта яла — дан дезаш дуккха а дара. Цо бекхам эца безара хIора цIера ваьккхинчу махкахочух, и елха езара хIора байлахь дисинчу цIенна уллохь, хIора байлахь дисинчу хотнна, ламанна, шовданна, ирзуна, цундела тасаелира, кху декъазчу дуьненахь бехк боцуш хIаллакбинчийн синоша гIо а деш... Тхойшиъ дехха лаьттира — къиза, харц дуьне а, цунах тасаелла со, борз а. Эххар а, эшна бохучу ойлано бIаьргаш хьалха можа хьоькхнаш хIиттийча, церташа шайн гIуллакх дира, мокхазал чIогIа чIагIделлачу дуьненах дийнна потт а йоккхуш, схьахецаелира со, дIо Iиичу аркъал а кхеташ.

ТIаккха кхаа дийнахь-бусий садоIуш а Iиллина, ТIехьа-МартантIехь туп тоьхна Iачу, вайнаха шайн цIийца Iабош, сица дохдеш хиллачу лаьтта тIехь кхиийна и хьанала хьакъ, цхьа а эхь а ца хеташ, хьарам хIаллакдеш, оцу декъазчу дийнахь махках ца волуш, къаьхкина хьуьнха ваханарг, сийсаза а вохуш, верах Соьлжа-гIалара далийнчу кхахьпанах санна, там хуьлуш Iачу, Хьайбахахь божал чу а лаьхкина, къена а, цомгаш а нах, бераш,

зударий дагийнчу (Ву-у-у, горалера дуьне яI! Ма къила дахана-кх хьо! Суна къахета-кх шух, адамех, сох-м кхин хийцадала йиш йоцуш, экха хиллера, шун, адамийн, ду-кха къа оццул къила даханчу дуьненахь даха дезачу, хIетахь оцу шерашкахь летийнчу къинойх цIандала, массара а, хIора дийнахь а луш, эзар шарахь сагIа делча а, кIезиг хир дар-кха Лаьттана, цундела со кхоьру шух а, тIеккхуьучех, шуна кхаьчнарг харцо лелор хи маларал бен хIума ца хетачара дакъазадаьккхина дуьне ду, амма иштта дахдала йиш яц, къа, къизалла, харцо цIеналлел, дикаллел, нийсонал тулуш, хан кхин а дIаяхлахь, Малхо, дагийна, чим бийр бу кху Лаьттах я ша-шах иккхина дIагIур ду — дала аьтто бойла-кх шун, хIара дуьне цIандан, хIара хIаллак ца хуьлуьйтуш, кIелхьара даккха...), хIаъ, Хьайбахахь и зулам динчу адам-йилбазийн хIусаме корах чу а кхоссаелла, — бIаьстенан юьхь яра иза, гIа дала тохаделла, корах чу хIаваъ дайита мелла а херднна дара —чуьранаш, цистина, кийсигаш йохуш, охьабехкира, багахь мостагIчун цIий хааделча, бекхамах дог даккхий а деш. Цул тIаьхьа хьуьнан кIоргенехь, керлачу тIелатарна ницкъ IаIош Iуьллуш, ойла хилира: «Дерриге а дуьненна дуьхьал яларх тулур яц, цундела иштта цхьацца тобанна беш, бекхам бан беза, бекхам, бекхам, бIаьргех шан овгалш а хилла, лаьтта йожжалц — бекхам!» ТIаьхь-тIаьхьа халонга долуш дара тIелатарш дIадахьар. Борз дашах кхерабелла са кIажийн пхенашка даханчу цара, адамйилбазаша, кхолха даьккхира гонахара ха, хехошкахь пхи бIе метр гена даш а, алу а тоха йиш йолу чIижаргIаш а яра, ткъа соьгахь — цергаш а, биъ ког а; амма бекхаме болчу лаамо ирдинчу бIаьрасина буса а, дийнахь санна гора, массийтта чаккхарма генахь цара ха хорцуш а хезаш ирделлера лераса а, иштта генахь хIаваэ муцIар лаьцча, хаьара цара хIун йиъна а, хIун мелла а, маларо эгийча, со тIетаьIара.

Ву-у-у, сиха ма ло хьо, Аьстамар, сих ма ло. Ас дуьйцур ду хьуна, хьан цхьаъ бен воцчу девешех Губех борз муха хилира, хьуна баккхийчу наха дуьне духуш, лестош ламанаш чудетташ, дерриге а латта, кераюкъ санна шардеш, къемата де хIоьттича, массо а хIума тIепаза дойуш, тIаьххьара мох хьаькхча, оцу махана дуьхьал а йирзина лаьттар ю баьхна борз со ю хьуна, ткъа и къемата де, хIетахь, ийззош, эзарнаш шерашкахь чIагIделла орамаш схьа а дохуш, вайн адамаш, шийлачу, тIуьначу Iаламехула а даьхна, генна, махо ядийна комал колл санна, довдийна есачу ара кхийса, тIе тоьпаш а лаьцна, дIадигна де ду хьуна. Бекхаман цIаро кийра багош, хIума яа а йицъелла, хьаьддийедий лелаш, сан ойла хилира: «Стенна лепа малх оцу зуламхошна, стенна ца хуьлу царна дIовш шовданан хих, хIаваах?» Ас хаьттира хIаваэ; кхин Iа а ца велла: «Зезагийн, зазанийн, бецийн хьожанаш ийначу хьайх къурд стенна бойту ахь?» «Тхо, Iаламан ницкъаш, юкъа ца гIерта адамийн гIуллакхашна, цхьа йоккха



киртиг тIе ца хIоьттича», — жоп делира цо. «Ткъа кхин хIун киртиг тIекхачийта гIерта хьо, къемата де кхаьчча?» «Хьуна а, хьан халкъана а кхаьчна, массарна а ца кхаьчна», — элира цо. БакълоьрахIаваъ — хIоранна а шена-шена тIекхочуш хиллера къемата де. «Массарна а юкъара дерг ловзар ду», — олу, амма хIетахь вайн халкъана тIекхаьчнарг, массарна а юкъара хиллехь а, ловзар дацара...

Цхьа лаьмнаш дара сан гIайгIанах кхуьуш. Гуттар а шайга хиллачу нехан безамах, йовхонех дIадоьлла уьш, хIинца шелонехь хеба а хебаш, лаьттара. Цундела буц — хьалха тIулгаш тIехь а йолуш хилла, — хIора шарахь кIезиг бен ца хуьлуш, лахъяла юьйлира. ТIаьхьа, кхойтта шо а даьлла, адамаш юхадирзича а, дIа ца елира оцу къастарах лаьмнашна кхетта хьу: нах дIабоьлхуш хилларш бацара, гIелбеллера церан лакхенашка болу безам, цундела шуна, кегийчарна тIехь ду-кх лаьмнашка мацах хилла чIогIа безам юха меттахIоттор, и ца дахь, царах массарах а, цхьа а бецан хелиг ца долуш, мокха чхернаш хир ду.

Сих ма ло хьо, Аьстамар, дукха хан ю тхойшиъ хьуна тIаьхьа лела, тхайн бала хьоьга дIабалхабан лууш, ладогIа ахь, хьайн цхьаъ бен воцчу девешех Губех борз муха хилира. Хьалха со стаг вара, вайн юьртарчу комсомолан ячейкин секретарь а волуш, айса боккъал чIогIа цхьа гIуллакх до а моьттуш, Ирс, Нийсо, ПаргIато, Латта дешнаша корта а хьовзийна. Со цхьаъ хилла а ца Iара иштта, дерриге а халкъ а дара гуттар а шена гIенах дуьхьал тийсинарг, шаьш, цIий а Iенош, къийсинарг, кхочуш хир ду аьлча, хазахетаро бIаьрса а артдина, семалла а яйна, ткъа оцу хенахь Iедалан дарже тебна Iачу адам-йилбазаша хIаллакван волийра тоьл-тоьлларг. Шех хIун хир ду хууш цхьа а вацара, цундела бахьана дерг а, доцург а хьуьнха, лаьмнашка ида велира, царна Iехош, хьоьстуш, тешнабехкаш беш, кара а балош, тоьпаш я хенаш етта йолийра. Царах шиъ хьан ден, сан ненавешин ши кIант — Лорсий, Версий вара.

Ву-у-у, ву-у-у-у, ву-у-у! Уьш къинтIера ца бовлахь, яла йижа латта дац суна цхьанхьа а. Ву-у-у, ву-у-у. Тховса хьуна гинчу Берснакъас таIIийна чуволлийтира хьан да Гунаш. ТIаккха Малцагпа тIе а вахана, далла ца туху корта а тоьхна, схьа а хецийтина, цIа веъча, цо дийцира: ша чукхоьссинчу цIа чохь, халла бен тар а ца луш, адамаш дара, шена тIекхоьллинарг — «колхозан хьаьттара ялта лачкъийна» — дийцича, чуьрачарна чIогIа къахийтира шех, тIаккха цара го беш, охьа а хевшина, шена тIера мовлад йийшира, цхьамма элира: «Нагахь сатоссуш кху керта машен а еана, хьоьга ара кхайкхахь, тоьпаш тухур ю хьуна, ца тохахь Сибреха а хьажийна вуьтур ву, воха-м мегар дац хIуъу а хилахь а». Оцу буьйсанна набаран суй кхетта ца хиллера Гунашна, ткъа сатоссуш машен еанера неIаре, кхуьнга ара а кхайкхинера, кхуо шена деле собар а, иманца валар а дехнера. Амма иза

тоьпаш тухучу а ца вуьгуш (чарх-м хьалалетта болх беш хиллера), цIа ванйтинера.

Масех де даьлча, тIе а кхайкхина, Малцага: «Хьайн ведда лела ши шича тIевалаве, царна шишша шо хан бен... я тоххане ца тухуш хьехар а дина Iадда вита а тарло». Со, цIа а веана, лекхачу гу тIе а ваьлла кхайкхира: «Во-о, Берса! Во-о Лорса!» ТIевеара — сох чIогIа тешара и шиъ. Аса, ишта ду аьлла, дIадийцича, Берсас элира: «Нагахь Малцага, тхойшинна тоьпаш а ца тухуьйтуш — и далла тхоьгара даьлла хIума а дац — йоггIу хан а тохийтина вуьтур ву а, Соьлжа-гIала кхаччалц герз — къонахашна товш дацар-кх, зударий санна, гIодаюкъ а яьстина, тIехьа куьйгаш а дехкина, буьйлабелла лелар — дIа а оьцур дац аьлла, дош лахь, тIевогIур ву-кх, хьуна лаарна. Вахна дIадийцира ас Малцаге, делира цо ишта дош, амма и шиъ дIо БIагин-ирзехь тIе ма веъи, доха а дира. ТIебеттабеллачу НКВД-н белхахоша, куьйгаш тIехьа а дехкина, герз схьа а даьккхина, лестош, вордана тIе а кхоьссина, шаьш царна тIе охьа а хевшина, дIаваьхьира Лорсий, Берсий, ас аш хIун леладо, Малцага суна дош ма делла боххушехь. Уьш къайлабевлча, со охьа а кхетта, вилхира, тIаккха цигара дIаволавелла, Малцагана тIе Шуьйта ма ваха со: ахь ишта а, ишта а ма аьллера... Цуьнан иштта а керчина ши балда, дусаделла, тIекIелделира, ши бIаьрг кедашкара схьабала гIоьртира. «Айхьа хIун юьйцу хаьий хьуна? Соьга! Ас хIаллаквийр ву хьо. Ас хьоьца лелийнарг революционни т а к т и к а ю, ши бандит каравало. Яхийтта кху чуьра!» — танчина тIекхийтира иза.

Цигара цIа веъна, кIира а далале да а, сан лаамза, дIа тIевахара Iедална, тIаккха Гунашера тахана-кхана Субар схьаялор ю аьлла, дош а даьккхина (Кериман доьзал тIаьхье йоцуш хIаллак ца хилийтаран ойла ян езаш а ма вара со, воккха хиларх терра), хьуьнха дIавахара, Малцаг вен чIагIо а йина. Амма уггар хьалха Берснакъа вен дийзира, цо эвла-юккъехь Iийна БугIин Хьуьнарг чу а воллийтина, цуьнан йоI, бIаьрго йоххол хаза Бекисат, ша да схьахоьцуьйтур ву бохуш, лела а йина, йоьIан нана Бекехьат: «Цхьа а къонаха воцуш, къийдели техьа хIара дуьне» — бохуш, тийжаш а хезна. Малцаг, и къемата де бахьана долуш, Сибреха дIа а вигна, кIелхьаравелира.

ЛадогIа ахь, Аьстамар, ас дуьйцур ду хьуна сох, хьан цхьаъ бен воцчу девешех Губех борз муха хилира, оцу, дуьне, ластийна, кераюкъ санна, шардечу дийнахь, буьрса мох а баьлла, массо хIума а хIаллакьхуьлуш, со — адамах хилла борз, цунна дуьхьал а йирзина, тIера цIока дIа а яьхьна, яссаеллачу ярташка хьоьжуш, котамийн екар а, бежнийн Iехарш а, говрийн терсарш а хезаш (хьайбанийн къа а тоьар дара, адамийниг ца хилча а, хIара дуьне доха), латтарх лаьцна а дуьйцур ду ас, хьо сих ца велчахьана... Цул тIаьхьа со угIа хIоьттира, екхна еанчу буьйсанан стигала муцIар а йоьгIна.



И чуьйна болат ма чIогIа ду,
И сенчу цIаро дагадо.
Хьо стенах дина кийрара дог,
Ма чIогIа хиллера хьо кийрара дог.
Ву-у-хIу-хIу, ву-у-хIу, ву-у.
И шийла шовданаш гIоркйна,
Цу диттийн баххьаш тIе кIац йиллина,
ХIокху нохчийн, гIалгIайн махка
Шийла кхаъ кхаьчча,
Ца дешира, ца дегира кийрара дог,
Хьо стенах дина хилла?
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Ву-у-хIу-хIу, ву-у-хIу, ву-у.
И къена дай-наной куьйга гIиттадеш,
Шайн нанойн накхошха маликаш къестош,
Вай махках даха гIовттийнчу Iуьйранна,
Ца дегира, ца дешира кийрара дог.
Хьо стенах дина хилла? —
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Болатан цу багахь сийна цIе летош,
Гомачу новкъа дуткъа дегI сеттош,
И цIеран машенаш юьйлаелча,
Ца дегира, ца дешира кийрара дог.
Хьо стенах дина хилла? —
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Ву-у-хIу-хIу, ву-у-хIу, ву-у.

Со иштта кест-кестта угIура, яссаеллачу юьрта йисте а хуий, кхуза даьхкинчу керлачу адамашка а, цIенойн гонаха а, Iаннийн йистошца а евллачу яраш юккъехь даха хевшинчу гIемашка а, адам-йилбазашка а хьоьжуш. Юха кхойтта шо а даьлла, тIаьхьа бисина юьртахой юхабоьрзуш, бухара адамаш дIадахара, ткъа гIемаш, адам-йилбазаш, Iадда Iийра, цIабирзинчийн ишта а ирс дайна дахар кхин тIе а дакъаза даккха, церан кийра баланаш лайначу къематан шерех йолу ойланаш туьйсуш. Ткъа аша, аьлча а хьо-м дукха жима вара хIетахь, — баккхийчара хелхарш дан дезаш хиллера, цIе санна довха, самукъане эшарш а лоькхуш, тIаккха адам-йилбазаш а, гIемаш а довдур дара. ХIинца вайн цIийна улло а хьийза уьш дукха, — ларлолаш.

Сих ма ло хьо, Аьстамар, ас дуьйцур ду хьуна сайх, хьан цхьаъ бен воцчу девешех борз муха хилира: сох уьстагI бан гIоьртира, цхьа а сий а, цхьа а лаам а боцу, шаьш боххург деш, вешина а мотт а боьттуьйтуш, тIаккха и кIордийча, охьа а тоьхна, урс а хьокхуш бен. Ткъа со — барзах бевллачеран тIаьхье — уьстагI хила амал долуш ма вац, — сох борз хилира, гуттар а жимчу вешина Гунашна дог а лозуш, цуьнан дола дан, бохамехь гIолаца йиш ца хиларна кийрахь а воьлхуш, деле, халонех чекхвийла, цунна ницкъ балар а доьхуш. Иза, оцу къемата дийнал хьалхарчу буса, юьртан гуламе вола аьлла, кхайкхина, Iуьйре кхаччалц шийлачу божала чохь а валлийна кхечаьрца цхьаьна, дIавуьгуш, берхIийтта дийнахь-бусий хIума ца юуш а Iийна, тIак-

кха, ша лахь тӀаьхьа буьсучу доьзалан ду-кх къа аьлла, чуо чу а оьзна, гӀодаюкъ дӀа а йихкина, уллорчунна далун гӀо а деш, шена ца юуш а цунна дӀалуш, дика цӀе йоккхуьйтуш — эхь ма дара цунна, иштта ца хилча, дадех, наха эвлаяъ санна лоруш хиллачу, — мацаллел чӀогӀа махках хадоран бала Іеткъаш, цкъа вина-кхиъна латта гича, вала а хала дацар-кха бохуш, ойланаш а еш (со гІоьртира цкъа вайн кертара латта даа а диъна, цига гІиргІизойн махка кхача, цунна гайта, амма некъ беш дей-буьйсий далале дог керча дуьйлира, ткъа Аштаркхне дӀакхоччуш Іетта а йина, юхаерза дийзира берзан), цунах дагца иккхина цамгар хӀинца а ю цо лелош. Адамо дан хьакъ долу, шен ницкъ кхочург дерриге а дина, йиснарг цхьа киртиг ю — иманца валар, хӀокху тӀаьххьарчу пхийтта шарахь цунна кечам беш веха иза Іалашвелаш, ирс кІезиг гина ву шуна сан декъаза ваша. Дерриге ша хьакъ верг дина цо, ур-атталла суна, шен воккхахчу вешина эвлах чувуллучохь чурт а хӀоттийна — цунна мичара хаьа со, борз а хилла, лелаш вуй? Кест-кестта цу чуьрта хьалха а воьдий, цу тӀерачу Іаьрбийн ситтинчу йозанашка хьоьжуш угӀу со, айса сайна мел а луш.

Ву-хӀу-хӀу, ву-хӀу-хӀу, ву-хӀу-хӀу. Тхо, берзалой, иштта стигала муцӀар а югӀий, стенна угӀу аьлла хета хьуна? Тхо иштта деле кхойкху, хӀокху къизачу, мостагӀаллечу лаьттара цига цхьана седана тӀе я кхечахьа дӀайигахьара бохуш, шортта хьаннаш а, нжу а йолчу, харцо а, тешнабехк а боцчу. Ву-хӀу-хӀу, ву-у-хӀу...

ЛадогӀа ахь, Аьстамар, экха а хилла хьаннашкахула лелачу хьайн цхьаъ бен воцчу девешин тӀаьххьарчу хьехаре: хьох стен колл а ма хила я зингат а, я лу а, хьо, адам а хилий, Іадда Іе, ахь хьайца лелае тхох йолу ойланаш, кхузахь баьхначийн, кхелхинчийн, ца кхелхаш, берзалой я кхин тайпа акхарой а хилла леллачийн, ахьа дӀахьо тхан марзо, тхан безам йилбазаша харц новкъа туьттучу тӀаьхьенна, цунах гӀо хир ду шуна сица нисдаларехь: хьуна хала хир ду (хӀинца тӀекхаьчнарг хӀумма а дац хьуна, — ойлае ахь къематан дийнахь махана дуьхьала лаьттинчу берзан), хьо тховса ловзаргахь Іийначу ден, ненан безаман бер дац, хьо церан баланийн, гӀийлачу ойланийн, сингаттамийн стом бу, цундела ду хьуна хала, — и иштта хирг хилар, шо а кхачале, сиэ хьоьхуш ма вилхира хьо хаддаза, ца соцуш, Сибрехара цӀа кхаччалц, тӀаккха — шо даллалц а — амма мел хала хилахь а, хьо дӀагӀо, хьо ваха оьзда, лекхачу ойланашца, дикачу гӀуллакхашца, ткъа аса хьуна Іаьршашка гуттар а гӀо доьхур ду, иштта угӀа а угӀуш, — Ву-хӀу-хӀу. Ву-хӀу-хӀу-хӀу-хӀууу.

ХӀинца соьга, нана-барзе, ладогӀа ахьа. Ас хьуна дуьйцур дац, цулла а хьайн бӀаьргашна дуьхьал тасийта ахь, кхоьлина, муьста, гӀорийна Іуьйре, со — пхийтта шо кхаьчна кхиъна йогӀу йоІ а, сатоссуш кхелхина ши шо кхаьчна сан жима ваша дӀа ца вуллуьйтуш, тӀехьара тӀе тоьпийн баххаш детташ ялайо нана а. ТӀаккха, и салтий а Іадош, мохь белира соьга. Деле кхойкхуш, сардамаш дохуш, нана а йилхира. Цул тӀаьхьа эпсаро бакъо елира маьждиган кертахь — тхо хӀетахь цунна уллохула тӀехдовлуш дара — бер дӀадолла. Ахка хӀума йоцу дела, сой, наний мӀаращца тасаелира лаьттах. Ненан дог гӀелделира: сан цхьаннан дийзира гӀорийнчу лаьттах ка-мӀараш хьекха, пӀелгех цӀий а оьхуьйтуш. Жима дегӀ чу тардаллал кӀаг а баьккхина, ваша цу чу а виллина, тӀе латта а хьаькхна, тхойшиъ дӀаяхара, «Сихха», — бохуш тӀехь лаьттачу эпсарна хьалха а яьлла.

Сан берзан амалш хӀетахь, гӀорийнчу лаьттах тийсалучу хенахь, гучуйнйла йолаелира, мӀараш чӀагӀлуш, тӀаккха цӀерпоштаца дӀайоьдуш, кегийнчарна метта керланаш тӀейовлуш, уьш адамийнчарал дукха экханчарах тера хийтира. Цига дӀакхаьчна, кхо-биъ бутт балале, да а, нана а делла, доккхачу дуьненахь вала да воцуш, цхьалха а йисина, аьчган некъан уллохула уьдуш, наггахь цӀерпоштана тӀе тасалой, цхьамма чукхоссалц, дӀаоьхуш, чукхоьссича, юха а некъан уллохула уьдуш, вайн махка юха йогӀуш а кхин а керла берзан амалш бӀаьрла евлира, иштта цуьнан аматаш а: гуттар а цергаш ваьшта таӀийна латторна, тӀедевлла мохчалш, бӀаьргаш чохь — оьгӀазе цӀе...

Вайн юьрта кхаьчча, гуьйре юккъе яхана хан яра, хилла стоьмаш лаьттах а бетталуш бухура, хьалххехь охьаэгнарш дитташ бухахь бахкалора, тӀехь мозий а хьийзаш, стеган аз стенна дуьйцу, леташ жӀаьла а ца хезара. Тхайн керта а яхана, неӀарна хьалха биллинчу тӀулга тӀе а хиъна Іийра, малх чубуза лахбаллалц. ЦӀеххьана хьала а иккхина, чухьаьдира со, хӀинцца юьрта бажаца цӀа кхочу болу тхайн ЧӀама оза кхаба схьаэца, амма бухъяьккхина кхозу неІ а, Іаьржачу боданца арахьоьжу чоь а гича, кхийтира суо, ойланашна чу кІаргъелла, йицъелла а, ЧӀама а, юьртан бажа а, юрт а хӀаллакьйина а хиларх. Со, тийжа а тийжаш, юьртах чекхъелира, хӀора цӀийнан кеберте а хӀуттуш, — цхьа а вацара.

ТӀаккха йоьлхучуьра ца соцуш (тидам хилира: берзан угӀар а дара сан озехь), баа масех Іаж а эцна, дӀаоьху со, луларчу Лакха Варанда кхечира. Эвла йисттехь сан елхар сацийра, хьаьмцан кулла тӀехьара гучуваьллачу цхьана маж йолчу стага, бете пӀелг а баьхна: гӀовгӀа ма е. ТӀаккха цо шеца хьуьна чу йигира, цигахь бай тӀе мижарг а, нехча а охьаюьллуш хьийзара цхьа зуда. Стаг чӀогӀа воча ваьлла, ткъа зуда — ерстина. Супа тамашийна хийтира хӀокху бала боьссинчу, мецачу (цигахь, ГӀум-Азехь, кху ерцӀахь-м, хьуьнан стом бууш а, хене вер вара) дуьненахь сел ерстина стаг муха хир ю аьлла. «Со хӀинца ерстина яц, хьалха дасланас, гуттар а дума а баош, ярстийна ю», — элира зудчо шега бохуш хӀумма а доццушехь.

Кхин йист а ца хилира, наггахь кӀелдӀашхула схьахьажар бен

я со шаьшшиннах дӀакхетта реза а яцара: ши зуда, боьрша стаг — цхьаъ, цундела хир дара иза. Ткъа со-м, цӀа кхаьчча санна, йоккхайнйна а ца йолура, сайн некъ а бийцира. И шиъ цӀера даьлла а ца хиллера, иштта ярташкахула доладелла лелара йоьжнарг-йиснарг юуш, жӀаьлеш а, вайн нахах тӀаьхьадисина адамаш а дойуш хьийзачу салтех къехкаш, цӀера — Саьрбалара.

Ӏаржъелча тхо эвла йистехь долчу, шозза тӀекӀелдинчу цӀа чу дахара, ах лаьттах йолчу бухарчу хӀусаме. ГӀийлла пеш а латийна, хи а цӀийдина, къуьданан боданечу серлонехь и мийла хӀиттира, цуьнца тхайн шелделла синош дохдан а гӀерташ. Буьйса юкъал тӀехъяьллачул тӀаьхьа корах чу, «кхаррат» аьлла, тоьпаш тоьхча, къуьда дӀабайра, зудчуьнга цхьа узар а белира, стагера цхьа а аз а ца делира. Сатассалц Ӏийра со дӀа а хебна, меттах яла а ца хӀуттуш, сан ши накъост а Ӏара иштта. Сатасаран гӀийла серло дохийнчу корах чу еъча гира и шиъ, кхин цкъа а меттахдала йиш йоцуш, дӀатийна хилар.

Цу чуьра ара а яьлла, дитташ тӀехьа а лечкъаш — топ хьежош цхьаъ хилахь а аьлла — эвлах а яьлла Сорота йолчу агӀор дӀаяхара. Цига дӀакхаччале, цхьана ирзу тӀехь тосаделира сайга хьоьжуш бӀаьргаш. ХӀан-хӀа, дацара уьш экханан, адаманаш дара, амма суна ца тайра: хьарам цӀе яра царна чохь лепарг. ТӀаккха и бӀаьргаш долчо а, цуьнан накъосташа а, вовшашка кхайкха а кхойкхуш, гобан болийча, кхийтира, сайх борз хила хӀинца а гена дуйла, и хиллехьара, цу юкъара а яьлла, дуьхьал ваьлларг, цергашца верина, охьа а вуьллуш, гӀур яра, маршонехь йорт етта, ткъа иза соьга дан ца делира. Цара эккхийна, керта чу лаьллира, хьалха шортта докъар а диллина. Мацалло ницкъ бина со, мел юха гӀортарх а, Ӏен ца елира, чам бен бецаш а тухуш, жижигах а, ахьарх а бина кхача ца биъча, ткъа цо шен гӀуллакх дира — дегӀ дуза доладелира. Иза томе дара, делахь а дагна хорам хуьлура: цигахь мацалла леш лаьтта сан юьртахой, кхузахь царах дисна рицкъа дууш ерсташ ю со.

ХӀора дийнахь дуьххьара суна гинарг а вогӀура: «Хьо хаза бу, со дика бу, хьо соьга бан беза, ца багӀахь хьо мацалла лийр бу. Со реза ца хилча, иза дӀавоьдура, ткъа гонахара керт кхин а лакхайолура — яда ца яднйта, тӀаккха аса ойла йора: «Реза ю а моттийтина, кху керта чуьра араяккхийта еза, цул тӀаьхьа едда хьуьнха а яхана, борз а хилла лелар ю, кху мехкан чӀир эца а хьожуш».

ДогӀа а деана, юха екха а екхна, малх кхетта де дара, кертара ара а оьзна, со хӀусаме йигинарг. ЦӀенна тӀебогӀучу хатт баьллачу новкъа тийсина къорза истангаш дара, кетӀахь а, уьйтӀахь а, гонаха а — кхоа ца динера, шортта карадеъна дела. Нохчийн зударша Ӏаьнан ехачу буьйсанашкахь, тӀаргӀа батош, моьан дечган кевстигах даьккхинчу басара чохь дуьттуш, дуьттуш, бос а эцийтина, куьцаш дохуш — хӀора сиз а цхьа маьӀна — хаздина,



муьлххачуьнгахь а и кхоьллинчун юьхь-сибат, дог-ойла гун истангаш тӀехь, жижигах бузуш, тӀаккха Ӏинчу уьдуш, гулбелла Ӏара хийра нах. Я шун гонаха а, я вовшашца а, я со баьрчче а яьккхина, хьалха кхихкина уьстагӀан ност а йиллина дӀахӀотторехь а — цхьанхьа а оьздангалла ца гича, кхин а чӀогӀа чӀагӀъелира едда хьуьнха яха ойла.

Иштта юуш, яссош, кхийсалуш, — хелхарш дара техьа церан уьш? — де суьйренга лестича, борз уьгӀира — цкъа, шозза, кхузза, кхалла дагахь хьалаэцна жижиган талхаш, батошка кхоччуш, совцийна, латта бисира истангаш тӀехь Ӏийраш. Эццахь хьуьна чуьра араиккхинчу барзо, мерах «чхамм» деш, цергаш вовшах а етташ, гуо тесча, кхачана тӀе когаш а бетташ, саьрамсекхан берамаш а Ӏенош, юккъехь гулбелира, ткъа важа, го кхин а тӀе а гатбеш, кхин а шозза-кхузза дӀасахьаьдира, тӀаккха кхерабеллачийн (со мелхо а йоккхаеш яра, даго хьоьхура — иза орца ду) деттачу мочхалийн тата а къардеш, соьга йистхилира (вукхеран бӀаьргаш хье тӀе девлира): «Хьайн лаамехь йоьдуш юй хьо кхаьрга маре?» «Иза вайшинга вайн хьуьнхахь дийцийтахьа», — тӀаьхьа хӀоьттира со кхунна, барзана.

Тхойшиъ дехха лийлира хьуьнхахула а, лаьмнашкахула а доладелла, буьйсанаш, цхьаьна ца Ӏаш, шина хьеха чохь а йохуш, дӀога Дакох-ломан уллохь ю и шиъ. Кхуьнан цӀийннана, аьлча а, цӀа берзалойн хила а ма ца хуьлу, хьеханана хила ца хӀуттура со, хӀара адамашца йолу зӀе дӀа а яьлла, цӀенна экха хиларна кхоьруш. Со юха а адам хила дагахь а ма яра. Амма вайнах, юхаберза бакъо а елла, «Стигланаш, шу марша Ӏойла, латтанаш, шу марша Ӏойла, Марша Ӏойла кешнийн охӀла, Тхо-м дӀадоьлху ДегӀастана», — бохуш, декъаза дуьне дининчу меттигийн Ӏодика а йина, цӀехьа буьйлабелча, Аштаркхне кхаьчча, царна дуьхьал а яхана, цӀерпоштана уллохула а уьдуш, вагонаш чохь цара бен узам а хезаш: «Ӏуьйренаш, шу оха йити, суьйренаш, шу оха йити, Оха йити Сийна Сибрех, кхин ца лела чӀагӀо йина», — тӀаккха, жимма садоӀуш бацалахь йоьжна а Ӏиллина, тӀаьхьахьаьдча, станцехь и сецначу тӀе а кхаьчна, юха дӀайолаелча а, шалон тӀера схьахезачу: «Терзанца оьзна бен рицкъа доцчу, Эзар волчух бӀе ца вогӀучу, Ва дийца каш доцчу цу сенчу Сибарех, Дайх-нанойх къаьстина, ДегӀастане сатуьйсуш, ЖамӀате сатуьйсуш молланаш боьлхуш, Вешеха ва яьлла йиша йоьлхуш, Доьзалах ва яьлла нана йоьлхуш, Тхан рицкъа яздина хилла-кха цу сенчу Сибарех», — оцу узаме ла а доьгӀуш, тӀаккха цӀеран машен цӀогӀа а тоьхна вайн махка яьлча, «Йорабби, ша байлахь бисина доьзалаш богӀу, Йорабби, вешеха яьлла де доьхна хийла йиша йогӀу, Екхалохьа нана-ДегӀастана, Елалой, хьасталой дуьхьал ялахьа, хьайн уммат догӀуш», — боху узам белхаре баьлча, нахе маьхьарий девлча, маьждигаш а, цхьадолу лаьмнаш а (стигланаш латтораш доцурш — церан йиш яц меттахдовла) цар-

на дуьхьал ида дуьйладелча, адам а хилла махкахошна маракхета гIортарх сайн гIуллакх ца хилча, кхийтира: кхин цкъа а адам хир дац сох, цу дехачу кхойтта шарахь тIетоллуш, кIелош еш леллачу адам-жIаьлеша а, шийлачу буьйсанаша а, бIаьргаш а, кхетам а боданехь латтийнчу баланаша а сох гуттаренна а экха динера. Ву-у-хIу-хIу, ма боккха бохам хила беза-кх адамех борз еш берг.

ХIинца герга кхаьчна тхойшинна къайлаяла еза хан а, буса лела, дийнахь хьуьнан кIоргехь садоIу. Дуьххьара девзича а дора охашимма иштта: буса ижу лохура, дийнахь адам-жIаьлех ларлуш, къайлайолура. Цкъа тхойшиъ, кхин кхоъ гила борз а, Iаьнан екхна буьйса йоьлча ламчохь, гуха олучу метте кхечира. Гу буьххье дIа а хIиттина, юьрте чухьоьжучу тхуна, лелхийтина, вовшахдаьхначу цIеношна юккъехь, халла бен тIевахалур а воццу берда буьххьехь, тIе экъа а юьллуш, латта а тосуш, бина тхов а болуш, хIинца а ирахь лаьтташ цхьа хIусам гира. Тхо пхиъ лайно даша а дина, сарахьо гIорорна шеллуш, тхайн цIогарчий чу а уьйзуш, меллаша чу диссира. ЦIа чохь тхайн меца чуош чу оьзна, дIадийшина тхо, паргIат а девлла, Iохкуш, цхьамма неI хьаеш санна а хетта, массо а, пха санна юла а елла, лар толлуш лела адам-жIаьлеш тIеэца кечъелира тхо, адам-берзалой. Амма, меллаша, неI дIа а теттина, чоьхьа яьлларг бож а, ши газа а, жен-жIаьла а дара. БIаьргаш хазахетаро къагийра берзалойн: «Вайна дала баийтина кхача бу-кх». ТIаккха хьан девашас Губас, дIо юьстах а яьлла угIучу гила барзо: «Бац, аш царах церг а, мIара а тоьхна-м», — элира. Резайоцуш гIигI дира вукхара. Амма буьрса яра Губин бIаьргаш чохь летта цIе а: «ХIинццалц берзалоша а, черчаша а, кхечу акхароша а, вайн лар толлуш лелачу адам-жIаьлеша а ца лоцуш, церан кхерамех кIелхьара юьйлуш, кху юьртан дай а, са а хилла еха уьш, яа а йиъна, юза ца юзуш шу мацалла лийр ю-кх шуна». ГIийлла «гIигI» а деш, дIатийра берзалой, ткъа тхан хьеший — аьлча а, тхо дар-кха цаьрга кхайкхаза даьхкина хьеший, уьш-м хIусамдай бара — ийза а ца луш, тхуна юххехь, нанна уллохь бераш санна, охьадийшира. IУьйранна сатоссуш гIевттина, дIайоьлху тхо, эвлах йовллалц новкъаехира цара. Гена евлла тхо юхахьаьжча, жен-жIаьла тхуна тIаьхьа угIура, гезарий Iоьхура, ткъа бIаьргаш масеран а гIайгIане бара.

ХIетахь, и юрт а йитина, тхо хьуьнха дулуш, сан ерриге а шеконаш дIаевлира, тийшира Губин адамашца йолу зIе цкъа а хедарг ца хиларх, тIаккха, дела теш а волуш, со цуьнан цIар тIе елира, гуттаренна а сица а, дегIаца а цунна хьанал а хуьлуш.

Синбилгалонаш гучуюьйлуш ю, тхойша дIайоьду, хьан дала аьтто бойла, жима кIант — цIе ца йоккху ас, борз елахь а, хьан девеше еана ма ю со.

Седарчий, детта а луш, къайладуьйлучу стиглана кIелхула,



шина а йистаца хьун йолуш, сеттачу новкъахула йорт эцна йоьду ши борз къайлаяьлча, Аьстамар а волавелира, буьйса чекхъяларо а, хIавао баца тIера кхоьхьучу хьожанаша а са декъа а далийтина.

Иштта воьдуш, гонаха йина яхкаелла керт йолчу ширачу кешнашна тIе кхечира, цу юккъехь баьллачу Iожа тIера цхьа олхазар дека доладелира, цаьпцалгашна а, зингаташна а, кхечу сагалматашна а сатеснийла хоуьйтуш, цул тIаьхьа кхин дуккха а олхазарш эшарш лекха девлира, царна тIаьххье самаелира буц а.

Олхазарша доладо садолчу хIуманийн, уьш шайн хеннахь набарха а йохуш, дитташа коьллийн доладо, малхо — дерриге а лаьттан. ДIо разбаьлла чIапа тIулг коьртехь лаьттачу коша тIера буц хьаьшна ю. цу тIехь дайтина хир ду Биъсаболчо Джульеттига йилбазийн хелхар.

Аьстамарна лиира кху лаьттахь бохкучарна цхьа дика дан, ши куьг хьала а лаьцна, доIа дира цо:

— Малх, ас доьху хьоьга, хьайн Iуьйренан йовха зIаьнарш хIоккхеран синошна кхачаелахь. Мох, ас доьху хьоьга, хIорш цкъа баьхначу, кхеран аьзнаш декначу кху ирзошкахь яьллачу беца тIера таме хьожанаш кхарна кхачаелахь. ХIара дерриге а — зингатна тIера седарчашна, Iаьршашна тIекхаччалц, — царел дехьа а, сехьа а, лахахь а, лакхахь а, адаман бIаьргашна, кхетамна къайле а хилла лаьттарг а кхоьллинарг, ас хьоьга доьху, хIорш Iазапехь белахь Iазапах бахалахь, Iазапехь бацахь, даржехь, цIеналлехь, ирсехь лакхабахалахь.

Ас сайн ойланехь лелор ду шу а, бевзаш ца хиларх, суна хаало дуккха а хьалха дIадаьлла дахар, иза тоьа шун сурт-сибат дагчохь юхадендан. Сан мохь кхин а базлур бу боху аш? ХIумма а дац, ас дIахьур бу иза, когаш лаьттах чу эхахь а. Бакъду, аш цхьа хIума дойла-м лаьара суна, нагахь шаьш цхьанхьа а — хIаваэхь я хица, Iаьршашкахь я лаьттан кийрахь — делахь, цхьа хаам бейша хIаваъ тохадалийтарца я гIенах бIарлагIашца, тIаккха сан цхьа а шеко кхоллалур яцара, кху лаьтта тIера дахар цхьа маьIарго а (хIун ю кхузткъа шо хаддаза азаллера абаде оьхучу заманца юьстича?), цул тIаьхьа дIадоьдуш гуттаренна а, хенан олаллехь доцу кхин дахар а хиларх.

Кешнашна уллора дIа Башломехьа воьдуш, мосуьйттаза саца а сецна, вухавирзира Аьстамар, тIаьхьа цхьаъ хьоьжуш санна а хетта, ткъа некъ гола туххучу кхаьчча, шен цIе йоккхуш а хезна, вехха лаьттира, амма кешнашка а, царна гонаха а бIаьрг беттарх гуш цхьа а вацара — мила хир ву? БIе шо хьалха беллачеран кхуьнга кхайкха ницкъ а кхочур буй? Иза мухха делахь а, кхуо дагахь латтор ду хIара де а, и раздевлла чIапа тIулгаш а, тахана шена цхьаъ тIаьхьакхайкхар а.

Некъ дIа а хьаьвзина, кешнаш гучуьра къайла а девлла, дIаводуш, хьаннаш тIехула хIинцца схьакхеттачу малхана дуьхьал

яьхкина, йистош цIий а елла, кхозу мархаш гича шабарш дира цо: «Кхоларш евли кху сийначу стиглахь... Хетарг шена массо хIума хьоме, Вехар ву-кха массеран а хьолехь, Хьеннан бохам цо атта лан тигац, Кхоларш евли кху сийначу стиглахь»...

Хала ду массеран а бохамна неI елла, амма лалур ду иза, нагахь массара а — бацо, дитташа, сагалматаша, акхароша, олхазарша, адамаша — гIо дахь. Цара шаьш дийр ду а боху. ЛадоьгIча, баце я олхазаршка, я..., хеза цара кхунна ницкъ а, гIора а, къинхетам а боьхуш ден доIанаш.

ДогIанан Iам лаьттинчохь тIуьначу меттехь, некъ а хадош, хьуьна чу яханчу ченан керла лараш яра. Кхуо ладуьйгIира — кеглучу дакъаделлачу гаьннийн «къарш» хезара, тIаьхьа кхайкха ойла хилира, мича йоьду хьо, Iовдал, тахана дуьйна хьан верас ма ву ша, къамелаш а, хилларг-лелларг а дуьйцуш, латтийта вайша аьлла.

Массо хIума а, кхетамехь гуттаренна а латто, тергалдеш, ойланийн зIе ца хадош, воьдучу Аьстамарна малх делкъанга баллалц хан а, кIадвелла, цкъа цхьа юрт хиллачохь бацала вожжалц ша стенга воьду а дицделлера. Дикка садоIуш Iиллинчул тIаьхьа гонаха хьаьжча, цунна хиира, юьрта чухьовза везачухула чу ца хьаьвзаш, ша дуккха а некъ бина а, ткъа хIара наг-наггахь стоьмийн дитташ долу, бацана юкъелла, къилбехьарчу орца бухара схьайогIу басе Зилин-ирзе дара, ткъа кхузара дIа малхбузехьа вахча, Хьорсане кхочу, цул дехьа — Пешха а. Яраш нитташ луьстта бевлла меттиг — хиллачу юьртан шовда, цунна уллохь Iуьллуш — сийна басар хьаькхна ишколан партин неI. Аьстамарна пхи шо хьалхалера цхьа де дагаданийтира цо.

Иза дуккха а лаьттира интерната чохь хIоьттинчу есачу тийналле ла а доьгIуш, сенин лаха маьIIехь йолчу ангалин неIарх чекх а хьоьжуш, — цигахула тIехь луо Iуьллучу ломан бохь а, сийна стигал а гора.

Цул тIаьхьа хIора чоьнан неI схьа а йоьллуш, волавелла лийлира, хIора чуьра схьа дассаделлачу аьчган маьнгийн чучча дийлла пIендарш хьуьйсура. Цхьана стоьла тIехь Iуьллуш физикан формулаш яздина кехат гича чIогIа хазахийтира — иза кхечу дуьненера дара, сийсара тIаьхьхьара къастаран суьйре а йина дIадаьллачу, тахана сехьавели кхечу дахаре. Муха ду хьо, хIай?

Юха а сени чу ваьлча, шен мохь тоха хилла лаам кхочушбира цо: «А-а-а».

Еса чоьнашкахула дIасадаьржачу озе ла а доьгIуш лаьтташ, цунна хааделира ша цхьаъ цахилар. Вухавирзича, юха а дагаеара ишкол, цигахь даьхначу денойх цхьадерш, малхехь тхин тIадамаш санна, лепаш, кхетамехь дендеира.

Зарема, ела а къежаш, лаьттара, ишколехь санна ойлане-хийра а йоцуш, басаьллачу басмин кучахь. Кхунна чIогIа товра и ца девза сатийсаме дуьне — и йоI.

— Хьо хьаьнга кхойкхуш ву?

— Хьоьга.

— Со схьаеъна-кх, и хаза а хезна.

— Делахь вайша дIагIур ду.

— Мича?

— И дIо лаьмнаш долчу.

— Маца?

— ХIинцца.

— ХIинца сан йиш яц, кир тухуш нанина гIо дан дезаш ю со. Иза гIожаца ведара чуьра кир кегон хIоьттира.

— ТIаьхьа ма висалахь.

И дешнаш цхьа тамашийна а хетта, цуьнан бIаьргаш чу хьаьжначу Аьстамарна къахийтира шех: хIара жима висна, иза йоккха хилла, хIара тIаьхьависна, иза хьалхаяьлла, сийсара, цхьана буса, хIара вижна Iуьллушехь.

— Аьстамар, Аьстамар, — коьртах куьг а хьаькхна, кхуьнан месаш дIасаяржийра цо.

«Жимчу берана санна, коьртах куьг хьоькхуш ю-кх, — вуха а вирзина ламеш тIехула интернатан хьалхарчу этажа тIе велира иза. — Шен нана ю-кх ша ма-ярра. Цо а ца вуьтур-кха Iуьйранна наб ян, неIарх буй бетташ: «ХьалагIатта, хьалагIатта!» Буьйсанна итт даьллачул тIаьхьа лампа латийча ца мегара. ХIара а ю-кх, шен нана санна...»

Со хила а хиллера тIаьхьависина, Зарема. Массо а деша я балха вахара, хьо — маре. Цул тIаьхьа масех шо даьлча, дагадогIий хьуна, куьг а лаьцна, улло даьккхина жима бер а долуш, гIалин цхьана тийначу урамехула схьайогIура хьо, аьхка дара иза. Со нийсса шуьшинна дуьхьал а хIоьттина лаьттара, хIетахьлера хьо а — ведар чуьра кир кегон охьалахъелла, интернатан еса чоьнаш а, царна чохь деттаделла сан аз а: «А-а-а», ахь сайн коьртах хьаькхна куьг а, сайн оьгIазвахар а дага а деана. «Жимма нацкъар хила ца мега», — аьлла, резайоцуш хьалахьаьжначу хьуна вевзира со.

— Хьо хийцавелла.

— ХIаъ, хийцавелла.

ТIаккха кхин масех дош а аьлла, хьайн бер а эцна хьо дIаяхча, сан ойла хилира: «Стенна ца мегара иза кхечу кепара хила — цхьа а хьалха ца долуш, цхьабосса вайша доккха хилар?».. Сан садукъало, соьга сурт а ца хIоттало цу хила йиш хиллачу ирсан, дукха сирла бу цуьнан малх, бIаьргаш а кхолош, — ас дIахьаббо бIаьргаш. ТIекхачаза дисинарг—ирс? Иштта делахь-м, сол ирсе стаг ца хилла лаьттахь.

Аьстамар вехха лаьттира интернатан хьалхарчу майдана а хIоьттина, чохь дезарш дечу Заремин гIовгIанаш а хезаш. «Чоь-

наш цIанъеш ю. Тхох, цу чохь Iийначех, хIумма а дуьсур дац, ураталла хьожа а, кирой, басарой хIаллакйийр ю иза а».

Ши накъост схьа а веана, уьш буьйлабелла, Органан тIайх а бевлла, гIа дукъделлачу коьллашна юккъехула ЦIогуна-басах ирх бирзира. Зоьрталчу дегIахь волу ЦIой, уггаре а беза болу тIоьрмиг а эцна, генна хьалхаваьлла воьдура. Хьоза, цхьацца бегаш беш, гуттар а воьлучуьра соцуш а вацара.

— Тахана шозза бен гур вац-кха вайшинна иза — хIинца а, цIа кхаьчча а, — элира цо Аьстамаре. ТIаккха мохь туьйхира:

— ХIей, ЦIой! Тхойшинна ишта а хаьара хьо онда вуйла, тахана мукъане а меллаша гIохьа, вай хIинца даккхий а хиллера, сийсара аттестаташ а делла.

Важа-м вист а ца хуьлуш дIавоьдура.

— ЦIой, хIей, собардехьа! Суна хIун дагадеана хьайн хьуна? Суна хьан цIе мичара схьаяьлла хаьа хьуна.

ЦIойс болар лагIдира. «ЦIой кIаг — хьан кIесар кIаг» бохуш жима волуш а хьийзийнера иза Хьозас, хIинца а и ала воллу хир ву.

Вукхо, дикка улло а вахана, дIайолийра шен этимологи:

— Хьан цIе хIокху юьртан цIарах яьлла-кх: ЦIо-гуна, ЦIо-й, орам цхьаъ ма бу, шуьшиннан — ц I о. Ткъа ший а цIе цIоганах яьлла, билггала стенан цIоганах ... а-а... ца хаьа — гомашчух, я аьттачух, я говрачух...

ТIаьххьара дешнаш, тIаьхьаваьлла ЦIой а волуш, чуведда воьддушехь элира Хьозас. Иза, кхин саца а ца соцуш, гул тIехьа иккхира. ЦIой цигга кхаьчча сецира, цо шена аьлларг эхасоьтехь хьала бина некъ кхин шозза — охьа а, хьала а — балла деза а ца хетта.

— Орган чу кхаччалц охьаваха-кх иза, — там хилла къежира иза. ТIаккха кхин вуха ца хьожуш, басах хьалаволавелира.

Хьоза тIаьхьа кхиъалц лаьттира Аьстамар. ТIаккха ЦIогунна коьртте тIе а ваьлла, Лакха-Варандарчу ахка чу а воьссина, юьртан урамехула хьалавахара.

Эвла йисте ваьлча, ирхо дIа а яьлла, некъ мелла а нийсачухула, хьуьна юккъехула дIабоьдура. Аьстамар цIеххьана эшаре велира, верриге а дуьненах воккхаверах, сатийсамех вуьзна. Массо хIума а беламе доккху Хьоза, хIинца и дан дага а ца догIуш, цец а ваьлла, цунна тIаьхьа а хIоьттина, вогIура: Аьстамара лелориг боккъал а, цхьа маьIна долуш а дара. Эххар шен шакарца а, мерах а мукъам саца а бина, цхьана дитта юххе дIа а хIоьттина, байт йийшира цо:

Сатеси. Меллаша дилли ас бIаьргаш,
Гуш ду-кха къилбехьа дерзийна кор.
Кху коре шайн генаш кховдийна таьллаш,
Стигланийн сийналлин мутт муьйлуш го.



Стихотворени ехха яра, бIаьстенах, стигланех, юх-юха а дитташ тIера а гIуьттуш, сийналлехь къайладуьйлучу олхазарех а.

Жимма дIанхча, цхьана ирзу тIехь цIазамаш дууш воллуш карийра цу шинна ЦIой.

— ХIара, иштта колл ма-ярра меттиг сан ю шуна, — вогIуш лаьтташехь доза туьйхира Хьозас шен цIазамашна.

ЦIойс и тергал а ца вира — халахетарш сихха дицлора цунна, я...

ЦIазамаш а кIордийна, бацалахь аркъал вижира ЦIой, сийначу стиглахь йолу масех кIайн марха тидаме а эцна. Кестта Аьстамар а, цIазамех дина ши гарс а дахьаш Хьоза а веара тIе.

— ХIинца дешна-м девллера вай, тIаккха хIун до вай? ХIахI? — Хьоза, ши ког чучча а биллина, охьахиира.

— Айхьа хIун до дийцахьа цкъа хьалха, — элира Аьстамара.

— Асий? ХIинцца, — Хьозас катоьхнна тIоьрмнга чу а кхевдина, ручкий, кехаттий хьаладаьккхира. — СхьатIехилал шуьшиъ. Хьажал, хIара тхан цIа долу меттиг ю, — кехата тIе тIадам хIоттнйра цо. — Кхуззара хIара гу дIа а баькхина бульдозерца, меттиг шорйийр ю. ТIаккха цигга шозза тIекIелдина цIенош хьаладугIур ду. Иштта, чохь шийтта чоь а, бухахь гараж а, бани а йолуш. Амма цул хьалха вайн эвла бохуш, цкъа хьалха тIулг а, цул тIаьхьа Органан жагIа а бухкуьйтуш, некъ буьллуьйтур бу, хи а далор ду.

Хьозас ручкий, кехаттий юха тIоьрмнга чу диллнча, Аьстамар ЦIойга хьаьжира, амма иза, гуттар а санна, тIаьххьара бен эр долуш вацара, цундела:

— Со мила хир ву аса шуна хьалха а дийцина — яздархо, — элира Аьстамара.

ЦIой цул тIаьхьа а Iийра вист ца хуьлуш дуккха а. Эххар а стигла доьгIна хьажар а долуш, тезетахь кадам беш санна, массо дош а къастош;

— Сох Австралехь посол хир ву.

Важа шиъ цец а ваьлла, бегаш беш-м вац техьа хIара аьлла, леррина ЦIойга хьаьжира. — Вацара. ТIаккха Хьоза вита ахь!

— Цулла а Гвинея-Бисаухь я Чадехь хIунда ца хуьлу хьо? — чуо а лаьцна воьлуш дIасакерчара иза. Иштта чуьра ца вийлахь а, Аьстамарна а хазделлера ЦIойс аьлларг. Амма важа хIара шиъ тергал а ца веш, даккхий хIордаш цоьстуш Австрали дIакхаьчна воьдуш вара, кIайн костюм а юьйхина, кеманан п а л у б и тIе а ваьлла, турмала хьоьжуш, велакъежарца, гай тIерачу тIоьрмига чу шен бер а диллина едда йогIу к е н г у р у а, цунна тIаьхьахецаелла йоьду с т р а у с а, б у м е р а н г кхуссуш воллу а б о р и г е н а гуш.

Эххар а Хьозина велар а кIордийна, ЦIой Австралера цIа вирзина, кхин дIа а боьлху уьш, некъаш дIасакъаьстачу кхечира:—

цхьаъ кхеран юьрта боьдура, важа — Сорота, кхоалгIаниг — Зили-ирзе, цигара дIа Хьорсане а, Пешха а.

— Дерриге а некъаш вайна хьалха схьадиллина ду, муьлханиг къастабо вай? — элира Хьозас саца а сецна, цхьаъ дагадеанчух тера дара цунна.

— Коммунизме боьдург, — элира Аьстамара.

— Ши доттагI, — элира Хьозас, роггIана тхойшинна бIаьра а хьожуш. — ЦIа ма гIуо вай. Вай хIинца кегий а дац. Эхь ма ду и: хIинццалц арахь цхьа а буьйса ца яьккхина-кх вай.

— Ткъа мича ваха воллу хьо? — ЦIой цунах чекх, Австрале хьоьжура.

— Масала, кху новкъа. Шуьшиъ Зили-ирзехь хиллий? Ца хилла, я со а ца хилла. ЦIой, цкъа хьалха Зили-ирзе а кхачий гIохьа Австрале, — шечунна тIера ца волура Хьоза.

— Ткъа хIун яа воллу хьо? ЦIазамех Iелур вуй хьо? — тIетан кийчча вара Аьстамар.

— А-а, цунна са ма гатде аша. Кху тIоьрмига чохь ши кила жижиг ду, ас Iуьйранна эцна, бепиг а, — хьалххехь кечам бинчух тера дара цо.

Аьстамар тIаьхьахIоьттира Хьозина, ЦIой ша волччохь лаьттара. Амма Хьозас хIилла дира:

— Валохьа, цигахь шортта баьIаш а хир ду хьуна.

ЦIой шена тIаьхьа ваьлча, Хьоза Зили-ирзе боьдучу новкъа велира.

ДIакхаьчча, яссаеллачу юьртахь шайн учахь буьйса яккха цхьа цIа билгал а даьккхина, дан деза дезарш вовшашлахь декъа хIиттира уьш. Цхьамма дечиг дан дезара, вукхо — и даккха а даьккхина, яраш юккъехь Iуьллуш карийнчу яй чохь хи дан, кхоалгIачо — цIе хьала а латийна, жижиг датта а, чай кхехко а — чу таса Iаждарбуц йолуш яра. ТIаьххьарниг дан цхьанна а ца лаьара. Хьозина карийра и къасто некъ а. ТIоьрмига чуьра ловзон кехаташ хьаладехира цо:

— Вай хIинца «Iовдалх» ловзур ду. Висинчо яахIума а, чай а кечдо, уггара хьалха юкъара ваьллачо дечиг дохьу, шолгIачо важа дезарш до.

Цунна реза а хилла, ловза охьахевшина дукха хан ялале, Аьстамар, юкъара а ваьлла, дечиг дан вахара гена йоцчу хьуьнха. Амма цига дIакхаьчна а валале, Хьозин велхар а, цо хьоькху: «Ян а ю хьо Iовдал!»—мохь а хезна вуха хьаьдира. ХьуьнчуьIра араваьлча, цунна гира ЦIойс, цкъа аьрруниг, юха аьттониг тухуш, тIараш детта Хьозин хаддаза луьйчу бетах. Цхьана шарера велахь а, юккъехь башхо йоккха яра цу шиннан: Хьоза хIинца а бераллера валаза вара дегIаца а, ойланашца а, ЦIой баккхийчарах дIакхеттера цхьа шо а хьалха.

— ХIей, дIавала, хIун дан гIерта хьо! — бохуш, мохь хьоьккхуш, юха ведира Аьстамар.



Амма ЦIой, хIара тергал а ца веш, кхин а чуьра вуьйлуш, тIеттIа оьгIазалла сов йохуш, етташ воллура Хьозина, ша цо жима волуш «ЦIойн кIаг — хьан кIесара кIаг», бохуш хьийзорна а, БаьIаш аларна а, тахана ЦIогуна дашна йинчу этимологина а, шен Австралехь посол хила болчу сатийсамах веларна а, дерригенна а, дерригенна а, ша ши ког гара а, маттана а жимма тийсалуш хиларна а — цхьа а хIума диц ца динера ЦIойс, массо а хIума IаIош хиллера дагчохь.

Аьстамар тIекхачале, вожийра ЦIойс Хьоза. Амма цунах а ца Iебаш, чухьаьдда воьду иза, схьалецира Аьстамара;

— ХIун дан гIерта хьо? ХIун дан гIерта хьо? — аьлла, цунна тIе мохь а тухуш.

Хьеравалар доьссина ЦIойн бIаьргаш жимма меттадаьккхира.

— Цо суна бохург ца хеза хьуна?

— ХIун боху цо?

— Iовдал боху-кх.

— Аьлча хIун ду? Хьо кехатех висна...

— Аьлча и ду-кх, — шен тIоьрмиг схьа а эцна, тIаьхьа жIаьлеш хецча санна, цIехьа хьаьдира ЦIой.

Вуон йиттира ахь Хьозина, ЦIой. Леррина хьо къастийна беш ма бацара цо бегаш, — массаьрца а бора. Цуо ЦIогуна, ЦIой ши дош цхьана орамах ду алар, цкъа делахь, хьо иштта оьгIазваххал хIума а дацара, шолгIа делахь, иза бакъ а вара. И шиъ ший цхьа лард йолуш дан а ду, амма гомашан я бежанан цIоганца хIумма а дац церан, «цIо», «цIу» деза, сийлахь бохург ду. ЦIогуна — беза, сийлахь гу, ЦIой — везаниг, ЦIой кIаг — беза кIаг. Хьуо ца тешахь, Сулейманов Ахьмадан «Нохч-ГIалгIайчоьнан топономин» I-чу тома тIе а хьажа, 52-гIа агIо. Цу дийнахь вай дуьххьал дIа лаьттахула лела цIа, Сорота я Зили-ирзе доьлху некъаш къастийна ца Iара, вай дахаран тачанаш къастийра. Хьо Хьозина, аьлча а вайн самукъанечу бераллина, етта а йиттина, дIакъаьстина, гуттаренна а кхечу новкъа велира.

Делкъал тIаьхьа яьллера Зили-ирзера иза цIехьаволавелча. Сохьтехь гергга бича, некъ гу тIе хьала а баьлла, чубирзира, тIаккха хьун дIа а хаьдда, доккхачу ирзу тIе кхечира, геннахь анайист кхачалуччохь БIаьндукъ лам а гора, цунах хоттаелча санна Iуьллу басе хIара воьдучу юьртан йист яра. Цунна тIехь Iуьллучу кIайчу асана тIехула — некъ бара иза — хьажарца эвла юккъе охьа а веъна, доьшуш волуш географин карти тIехь мехкаш, гIаланаш, хIордаш санна, дагна хьоме урамаш, цIенош, шовданаш леха хIоьттира иза, дагахь цхьа цIа а долуш. Амма бер долуш, цIера баьхна Iаж я хьайба ца юуш, кхо урок чекх а яьлла, пхийтта минотехь садаIа даххалц Iарах терра, тIаьхьатоьттура цо цуьнца цхьаьнакхетар а.

ХьозагIераниг, ЦIойн дай-наний Iаш дерг а, йоккхачу стеган ХIайкалан тишаниг а, бархI кIант волчу РоIсин шозза тIекIелдинарг а... — цIенош, цIенош, юьртахойн цIенош.

БIаьрсица массеран а керта хIоьттира иза, хьал-де хоттуш, эххар а сийна басар хьаькхна, аннийн керт а, стоьмийн диттел жимма лакхабаьлла тIе шипар тоьхна тхов а, уьйтIарчу отин туьнкалгахула хьалаоьху кIур а гича, дог сих-сиха деттадала доладелира, мерза йовхо хьаьрчира дегIах. Ткъа хIунда яра и йовхо лазаме, хIунда хьегIара кхуьнан дог, цхьа боккха бохам гергахь болуш санна?

И дерриге а дIадер ма ду, хIинца ца далахь а, кхана я лама, мел хьелахь а, ула. Иштта-м массо хIума а дер ду дIа, ткъа хIун некъахо ву чаккхенан ойла йийриг? ХIетте а хIара ца Iело-кх ирсехь, и духург хилар дага а ца лоьцуш. Бер долуш, лулахара зуда елча, боккха доьзал а буьсуш, цо ойла йира: валар и харцо ма ю, цунна цхьа дуьхьало хила еза, цхьа дарба, цхьа т I а й хила ма деза цу Iинах вала, и дан ма ду схьалехчахьана, кхечо ца лахахь, кхуо лохур ду и-м. Амма воккха мел хуьлу а кхетара, иза тIай тилла йиш йоцуш Iин хиларх.

Хьуьнца юьрта йистте чудуссучу дукъа тIехула вогIу иза, цхьана боккхачу попа улло кхаьчча сацавелира, охьахаа а лиира, цIа кхача сиха велахь а. Иштта цунна буха а хиъна. Iаш, тосаделира цхьамма синош дохуш, иза гергарчу стеган Iаь яра. ХIара кхийтира: кхузахь хIокху попа кIелахь шовзткъе ялх шо хьалха кхуьнан деда Керим Iийна, ша хIаллакван тIаьхьабевллачех петоьхна, ткъа кхуьнан да Гунаш кхуза оьхуш хилла, яахIума а эцна оцу Iинчухула хьала. Цхьа а моза а, чуьрк а йоьдуш ца хилла дедена улло — сагалматаша а лоруш хилла иза. Нах стенна буьйцу? ХIайкала дуьйцура: Орца-кIеларчу Зекин кIанта Хьами-ирзерчу ЦIоьккин йоI ядийна йигча, милла вахарх а дIа ца дерзош, дов гена даьлча, Керим, тIаьхьа хIоттийна масех стаг а волуш, гу тIехь гучуваьлча, ЦIоькка, Iадийча санна, цуьнга хьаьжжинчохь виснера, тIаккха Керима назма йолийча, накъосташа тIаьхьара а олуш, бIаьргех хи а даьлла: «КъинтIера ваьллахь шена, хьуо кхуза валорна, хабар данийтинехь а тоьар ма дара шена-м», — бохуш хьаьвзинера, дехар а деллера, тоьхна Iахар а бийна, мовлад а ешийтина, схьа а ванийтинера веза хьаша.

Шина кIиранах Iийна кху попа бухахь деда, къорIа а, жайнаш а доьшуш, цул тIаьхьа хIума яхьаш веанчу Гунаше: «Схьа ма яржае, цIахь юур ю ас, идда вер вац, дIа тIегIор со царна». ТIаккха Гунаш вилхина, ма гIахьара хьо бохуш, ша тоьла а яьккхина, цхьа стаг а, экха а тIе ца кхочучохь лелор вар-кх хьо бохуш.

«Кхин цкъа а ма велхалахь, Гунаш, со велча а, хIуъу хилча а ма велхалахь, — аьлла цо. — Ткъа со делан кхоьлах вер вац мел идарх».



ХIун ойланаш хилла цуьнан ша Iедалан кара дIалуш, жимчохь дуьйна бусулбан дин а Iамийна, къорIано ма хьоьххура, нахана юкъахь нийсо латто а, кху агIорчу ламаройн аьрха амалш къинхетамца кIадъян а, зулам гена ца долуьйтуш дIадерзон а гIерташ, пхи ламаз а, мархин кхо бутт а ца буьтуш, син оьздангаллехь нисвелла, салти санна вулавелла вахарал сов, шегара даьлла хIумма а ца хилча? Суьдехь и бакъдерг гучу а даьлла, ша маршавоккхур ву аьлла тешна хилла теша иза? Иштта хила дезара адамашлахь, ткъа и дIалаьцнарш адам-йилбазаш ма хилла, царна цхьа а бакъдерг а ца эшна, шайна дIакхалла (цIена мел хили а чомехь хетта царна) ижу хилчахьана. И ца хууш хилла техьа Воккхадада (цуьнан цIе ойланехь яккхар а товш ца хийтира Аьстамарна)? Ву аьлла мел волу къонах а, дешна стаг а, Чахкарахь тIом бина цIеэскархой а хIаллакбиний ца хууш? Хуъушехь, шех а, ша санначех а сагIа а хилла хIара декъаза халкъ тIебогIучу бохамах кIелхьара дер дацара техьа бохучу дегайовхонца вахна и, нийсо а йиъна, буьзначу саьрмикан бага? И цхьанна а хуур дац. Зонахарчу Боччин СегIирата дуьйцура...

Iин йистехула, дас шовзткъе ялх шо хьалха бинчу некъаца вогIура Аьстамар, хIинццалц шен дедас ши кIира шена бухахь даьккхинчу попана тIе а ца вогIуш Iарна, боккха дагахьбаллам а хилла. ХIинца дуьйна кест-кеста вогIур ву и, цуьнан кхоллам хоьттуш кехаташ а яздийр ду. Доккха хIума ду-кх хи чуьрчу чIеранчул башха кхин бехк боцу стаг дIа а вигна, и мичахь ву аьлла хатта йиш а цахилар. Кхунна дагадогIу, мел халонга делира дена, шен маьхчас Къосама, — гIалахь инженер болх беш ву иза— чIогIа резавоцуш, веза а веш, Керим бахьанехь, дозанал арахьа балха а ца вохуьйту ша — ткъа цига баханчара шортта ахча дохьу, — я хьаьким а ца хIоттаво аьлча. «Делан неIалт хьо стагана, — баьхнера Гунаша. — Лам тIера ло санна, цIеначу цуьнан бехк хилла-кх хьо балха ца вахийтар! Хьо вала мацалла!»

Iин чу а воьссина, муьсто чам болу хи мелча, мацалла меттаххьайра. Ша тIаьххьара хIума маца йиъна дагалецира цо: ши буьйсий-дей доллуш лаьттара Илланча волчохь кхачанах кхетта, ткъа цIа кхача мел лаххара а шина сохьтехь некъ бан дезара.

Цу чуьра хьала а ваьлла, бежнаш леллачу тачи тIехула, терхаша когаш а лазош, меллаша вогIу иза, хьуьна юккъехь долчу цхьана жимчу ирзу тIехь, хIума кхоллуш Iачу стагана тIеIоттавелира.

— ГIоза юург хуьлда хьан!

И кхуьнан багах доллушехь, шен юург а — мнжарг, кIолдан дакъа, сийна хох, шишана чохь хи — йитина, хьуьна чу хьаьддачу цунна, шен ницкъ ма-кхоччу чехка тIаьхьаведира хIара. ГIеххьа гена а ваьлла, вухахьаьжна и Аьстамарна вевзира — Хьоза.

— Хьоза, Хьоза, ахь хIун леладо? Со ма ву иза, — Аьстамар,—

мохь туьйхира кхуо уьдучуьра саца а соцуш. Вукхо болар лагIдира.

— Хьоза! Собардехьа. Со хьан доттагI ма ву. Дага ца догIу хьуна, вайша цхьана дечиге ихина, тIаккха IШуьйтахь интернатехь дешна а, ЦIой а волуш...

Иза, саца а сецна, геннара кхуьнга хьежа велира, тIаккха меллаша тIеволавелира, юха сецира.

— Хьо цара вайтина-м вац, — элира цо.

— Мича цара?

— Со лаца тIаьхьа бевллачара, Матильда Матаевнас.

— Вац дера. Цара вайтича, вогIур ву со? Со-м гIалара вогIуш ву.

— Боккъал а Аьстамар ву хьо я адам-йилбаз, — кхуьнан берзинчу когашка хьаьжира иза.

— Аьстамар ву-кх. Ши мача — цхьаъ, жIаьлеш тIаьхьа а девлла ведда вогIуш, йина сан, важа айса дIакхоьссина. ХIан, — кисана куьг дахийтира цо, — хIара диплом а ду хьуна, догIано даша-м дина, хIетте а мегар долуш ду.

ТIе а веана, мара а кхетта, жимма сацавеллачу Хьозин коьртехь къоьжа чоьш гича, халахетта, бIаьргаш чохь хиш хIиттира цунна.

— Хьо ма хьалхе къежвелла?

— Къеж муха ца ло, эккхийна лелош хилча, — вуха а ваьлла, иза шега леррина хьаьжча, цуьнан чукхетта мочхалш а, бIаьргаш уллохь кегий хебарш а гича, кхин а чIогIа халахийтира.

— Хьан эккхийна?

— Адам-йилбазаша.

— ХIа-а... Цкъа хьо Iийначу дIагIо вайшиъ, — юург олхазарша я акхароша дIасаядорна кхеравеллера Аьстамар.

Амма иза-м хIара шиъ дIакхаьчча ша ма-ярра лаьтташ яра. Кхуо мижарг буъушехь, можа зезаг долчу шишан[1] коьллаш юккъера цIен бос болу тептар схьадаьккхира Хьозас.

— ДагадогIий хьуна, сан хилла ойла, — дийца волавелира иза. — Вайн юьрта хи а дало, леккха тIулг а бухкуьйтуш, некъ а баккха? Кхуззахь ду хьуна дерриге а хьесапаш. ХIорш а эцна, колхозан конторе ма ваха со. Сени чуваьлча, къамелаш а хезна сацавели. Цу чохь дийцинарг хIокху сайн протокола тIе дIаяздира ас, эшахь а аьлла. Хьажал хьо.

«П Р О Т О К О Л № 1.

Доьдучу шеран февраль беттан 21-гIа де. «Сахуьлу седа» цIе йолчу колхозан конторан сени. Къилбехьара чу ма-велли, куьг аьтту агIор — экономистан Бад-Махьмин а, коьртачу бухгалтеран Iабдул-Бадин а юкъара кабинет, аьрру агIор — председателан Iахарбек ЧагIарбековичан чоь. Пенах дIатоьхна — «Томкина

[1] Можа зезагаш долуш коьллийн тайпа



кепа тохар сихдарца, алсамдоккхур вай шура яккхар!» Аьрру агIор — тийналла, аьтту агIорхьара схьахезаш къамелаш.

Б а д - М а х ь м а. У-у, наб оьхуш ву-кх со гуттар а. Вайна хIун хан ю техьа арарниг? Ма дукха хан ю-кх со кху чуьра аравалаза.

I а б д у л - Б а д и. Ца хаьа, бIаьсте ю моьтту суна. Қорах ара хьажахьа.

Б а д - М а х ь м а. Кху корах арахьажарх гуш хIумма а-м дац.

I а б д у л - Б а д и. Ло дуй?

Б а д - М а х ь м а. Юкъ-юкъахь ду.

I а б д у л - Б а д и. Делахь бIаьстенан юьхь ю хьуна.

Б а д - М а х ь м а. Хьуна хIун хаьа? Цхьадолу Iа а ма хуьлу ло а дешаш довха. Цу тIе гурахь а хуьлу наг-наггахь ло догIуш.

I а б д у л - Б а д и. Лаьттара Iаь юй гIуьттуш?

Б а д - М а х ь м а. Iаь елахь а, кIур белахь а цхьа хIума-м хало суна.

I а б д у л - Б а д и. Делахь бIаьсте ю хьуна.

Б а д - М а х ь м а. ХIа-а, иза-м трактор хилла кIур туьйсуш.

I а б д у л - Б а д и. Трактор елахь, кор тохахь... Трактористе хоттур ахь, хIун хан ю.

Б а д - М а х ь м а *(кор детташ хеза)*. ХIей, хIей! ДIа ма гIохьа, схьаволахьа. ХIей! Ца хези. ДIаваха.

I а б д у л - Б а д и. ДIавахнехь хIун дийр ду цунна? Ас хIокху нарядаш тIехь, бIаьстенан-аренан белхаш язбо хьуна. Кхаа бIе туьманна.

Б а д - М а х ь м а. ДIаязбехьа. ХIинца Iахарбеке куьг таIадайта деза.

Эццахь араиккхина Бад-Махьма, сенин маьIIехь лаьтта со тергал а ца веш, Iахарбек ЧагIарбековичан кабинета чу иккхи.

I а х а р б е к. БIаьстенан-аренан белхаш... Хьуна билггала хаьий арахь бIаьсте ю-яц?

Б а д - М а х ь м а. Корах арахьаьжча, схьагучу билгалонашца бIаьсте ю...

I а х а р б е к. «Қорах арахьаьжча»... Ара а ваьлла хьажа ца мега хьо?

Б а д - М а х ь м а. Со лара-м ца во, хIара кехаташ язъеш.

Эццахь телефон екаш хеза.

I а х а р б е к. Алло. ЛадугIуш ву, РАПО-н экономист ву? Муха Iа шу? Могаш дуй? Маршалла лолахь РАПО-га. Сводкаш катоьхнна дIалур ю. БIаьстенан-аренан белхаш 200 процентана кхочушбина! ХIун белха-а-аш? ХьаьжкIаш дIайийна, картолаш а, буц а дIайийна, готанаш а аьхна.

Т е л е ф о н ч у ь р а а з. ХIун ю ахь юьйцург? ХьаьжкIаш муха йоь, бIаьсте а ца хилча?

I а х а р б е к. Ткъа хIун хан ю?

Телефон чуьра аз. ХIун ю ахь юьйцург? Хьуна ца хаьа хIун хан ю?

Iахарбек. Бехк ма биллалахь. Оха динарш гуьйренан оханаш ду. Арахь-м хьаха ю гуьйре, хазанеха санна, тIееана. Гуьйренан-аренан белхаш кхочушбина 200 процентана!

Телефон чуьра аз. И хIун ю ахь юьйцург? Гуьйре мичахь ю вайна?

Iахарбек. Бехк ма биллалахь. Арахь муьлхха а хан елахь а, оцу хене хьаьжжина 200 процентана кхочушбина хьуна оха белхаш. Шеко йоцуш. Сводка, хьем ца беш, лаккхарчу эвсараллица, жигаралла лакха а яьккхина, дIалуш ю хьуна. Iодика йойла. Сан маршалла ду РАПО-га.

Трубка охьаюьллуш хеза.

Хьуна хезирий цо бIаьсте яц бохуш?

Бад-Махьма. Хезира.

Iахарбек. Хезнехь, катоьхина хаа деза-кх арахь билггал хIун хан ю, хIара нарядаш чекхйовлийта лаахь.

Бад-Бахьма. Дика ду. Бригадир ТIухаш ву ван везаш. Цуьнга хоттур ду ас.

Iахарбек. Айхьа ахча яздина нах дийна бу-бац а хатта.

Бад-Махьма. Цхьа шо хьалха отчетан-харжамийн собрани йолуш, вай кху чуьра арадевлча-м бара уьш дийна.

Iахарбек. Цхьана шара чохь хIун хилла хьанна хаьа.

Бад-Махьма. Дика ду, Iахарбек ЧагIарбекович. Иза а хоттур ду аса».

— Дешна велин хьо? ХIинца ойлаел ахь оцу белхан, — кIолдан цуьрг кхаьллира Хьозас. — Адамаша лелор дуй иза, шарахь цкъа бен чуьра ара а ца довлуш? «ХIан-хIа, уьш я адам-йилбазаш ду, я шайтIанаш ду», — ойла хили сан. Цундела ма ю хIара юрт яссалуш, цундела хьалха хьаьжкIаш а, кIа а, мукх а кхуьуш хиллачу лаьттахь цхьа яраш а, томка а бен ца долу, урамаш а къух даьлла дукълуш лаьтта. ХIетахь дуьйна уьш Iорабаха бакъдерш гулдан вели со, хIокху папки тIе, — коьллаш юкъа дIа а кхевдда схьаийцира цо иза, — «Адам-йилбазийн гIуллакх» аьлла йоза а дина. Эххар а тIеккхечи отчетан-харжамийн собрани хила еза хан. Хьаьжча, гуш марха йоцуш, декхна де дара. ХIокху шарахь дуьххьара малхе ваьлла, бIаьргаш схьа ца беллалуш, дIа а ца вахалуш, вовшех а тасавелла лаьтта Бад-Махьмий, Iабдул-Бадий, велха а волавелла, бIаьргаш лозу шайн бохуш, гулам хуьлучу юьртан клубе ца вуьгуш, юха а колхозан контори чу ваьккхира. Iахарбек ЧагIарбекович, бригадира ТIухаша бIаьргех дохка Iаьржа куьзганаш а делла, куьг а лаьцна, валийра.

Гуламна беха кечам бинера ас, нахе колхозан конторехь гулделларш я шайтIанаш ду, я адам-йилбазаш ду бохуш, иштта ца хилча, юьртахошкара киланах итт туьма а луш, жижиг схьа а эцна, юха пачхьалкхан мехах (киланах ши сом ах сом) оццу юьртан туьканахь дIа а доьхкина, бохуш, кехаташ а язъеш, совдаьлла ахча шайн кисанашкахь, цIахь IаIош, вайн дерриге халкъ якхалла далийта гIертар ма бацара уьш.

Ткъа нах кхоьруш ма бу чIогIа, тоххара Сталина жарж бичахьана. Царна чу мелла а садаийта вайн генара майра къонахий: Адин Сурхо, Таймин Бийболт, шотойн Аьстамар а, Шелара ТIелхаг, Хорачуьра Зеламха а, Шерипов Асланбек а дагалаца дийзи, ткъа Зайтан Шихмирзех долу иллий-м, дагахь а Iамийна, гIаггIанехь уьш белха а беш хIора дийнахь олуш дара сан. ТIаккха мелла а гIуллакх хили, Iахарбекана дуьхьал куьйгаш айъал майрабевли. Амма суна ма хаьий церан и майралла, хилла меттиг а йоцуш, йовр юй, районера цхьа хьаькйм хьовха, тIехь хорма а йолуш, могIарера милцо ма веъа. Цундела дерриге а дира и тхайн барт къайлабахьа.

Iахарбек шек дIа а вацара — хIокху итт шарахь хIуъу дича а, тIехь дечиг даьккхича а, баркалла ала бен, бага хьала ца гIаттийнарш шена дуьхьал бевр бу аьлла мича дагахь дара цунна. Цул тIаьхьа... Аьлча а, хIара дешахьа. Оцу колхозан гуламан протокол хIара ду хьуна.

«ПРОТОКОЛ № 2.

Доьдучу шеран июнь беттан 25-гIа де. «Сахуьлу Седа» цIе йолчу колхозан гулам хилира. Президиумехь — юкъарчу бахаман председатель Iахарбек ЧагIарбекович а, бригадир ТIухаш а.

Бригадир. Накъостий, гIовгIанаш ма е! Цкъа цхьаьнга дийцийта. ДIаде ахь хьайн къамел, Iахарбек ЧагIарбекович.

Iахарбек. Далее. Вайн колхозехь лакхаяьлла жигаралла, эвсаралла, дикалла, хIайттаралла, йилбазалла, ткъа иштта хьем ца беш йоццачу хенахь дIало сводкаш а...

Хьоза. Сводкаш аш, «Кехато хIуъа а ма лов», — бохучу принципца язйо.

Iахарбек. ...Кхин дIа. Колхозан правлени а, аса айса а буса еш наб а йоцуш, хаддаза къахьоьгу хIара юрт хазъеш тоярна. Ян еза аьлла йийцаре йина бани, дом быта, культуран цIа а, водопровод а. Ткъа иштта буьллур болуш бу вайн юьрта богIу некъ а. И некъ дуьххьара эксплуатаци дIалуш, ленточка хадор ду республикан столицера кхайкхинчу цхьана хьешо а, вайн колхозерчу уггаре тоьллачу белхалочо а... ТIаккха маIанийн оркестро эшар а локхур ю, пионераша некъбаьккхинчарна зезагаш а лур ду...

Заман. И ленточка ахь дуьйцу итт шо дIадели-кха...

Хьоза. Хьан банига хьежжехь, лийча а ца луьйчуш, кху юьртахь уи даьржина хир дара.

Бригадир. ГIовгIанаш ма ел, гIовгIанаш. Iахарбек ЧагIарбекович, хьо аьлла велирий?..

Iахарбек. Дерзоран дош аьлчахьана. Иштта, шуна ма-гар-

ра, лаккхарчу эвсараллица жигараллин шовкъ йоссар бахьанехь вайн къинхьегамхоша баьхна билггала долчу гӀуллакхаш тӀехь билггала болу кхиамаш... Кхин дӀа а и гӀуллакхаш дӀа а хьур ду вай, йохьалла яржорца, хӀайттаралла сов а йоккхуш, хьуьнаралла алсам доккхуш *(графин чуьра хи а молий, охьахуу)*.

Къахьим. Дерзоран дош хьалхехь эли ахь... Вай Маьлхан арахь картолаш йоь бохуш яйина 60 тонн картолаш йийцахь...

Заман. ХӀаа, хӀаа, царна гонаха ха дан итт хехо а хӀоттийна итт-шийтта туьма алапаш а долуш...

Іахарбек. Дика ду, дика ду. Цхьаъ дийр ду вай.

Къахьим. ХӀун дийр ду?

Бригадир. КӀант, охьахаахьа... Хьо ма чӀогӀа чуьравели. ВаллахӀ хьо иштта лен валахь, хьан гӀуллакхаш вон-м хир ду хьуна.

Къахьим. ТӀухаш, со кхеро ма гӀертахьа. Ас кху Іахарбеке хьотту хӀун «цхьаъ» ду ахь дийр ду бохург.

Іахарбек. Ас-м ца боху хӀумма а.

Къахьим. Цундела ас хьоьга боху-кха Маьлхан арахь йийна картолаш...

Іахарбек. Маьлхан арахь йийна картолаш 60 тонн ю, вай цигара схьаэцнарш 4 тонн бен яц бохуш, цхьацца хабарш ду дуьйцуш...

Заман. Оцу 60 тоннах 40 кхаш тӀе кхачале, дӀасайоьхкина бохуш а, дуьйцу хьуна...

Іахарбек. Иштта а дуьйцу. Вуьшта, хьох лаьцна а, оцу хьалакхийссалучу Къахьимах лаьцна а дуьйцу а хезна, шун цхьа гергарло ду бохуш...

1-ра воккха стаг. Накъост, ахь хӀун дийр дуй? Суна цхьа бакъо лур ю ахь...

2-гӀа воккха стаг. Хьо тхуна юккъе зулам даккха ма гӀерта... *(гӀовгӀанаш йовлу, нах чугӀурту)*.

Бригадир. Юьртахой, юьртахой. Аш хӀун дей, гӀовгӀанаш ма е. Аш хӀумма а дийр дац. Кхузахь гӀовгӀанаш ян шу майра делахь а, валлахь-биллахӀ, вац шух цхьа а Органал дехьа ваьлча, цхьаьнга а вист хила ваьхьар волуш. Юьртахой, валлахӀ-биллахӀ, юьртахой, вай бахь болх хир бу шуна, ца бахь, хир а бац шуна. ХӀара, Іахарбек ЧагӀарбекович, вайна тӀевеъна стаг ву, вай ларахь, лара а везаш, кхана-лама ваьлла дӀа а гӀур волуш, вайн дика а, вон а нахала а доккхур долуш. Цундела хӀара Іадда вуьтур ву вай. Мичахь ю вайн традицеш, гӀиллакх гостер... прим... гостер... хьаша-да ларар.

Къахьим. ТӀухаш, ахь лоькху и зурма тхуна хӀокху итт шарахь кӀордийна. ГӀиллакх леладайта хаа деза... Іахарбек ЧагӀарбекович, оцу Маьлхан арахь йийна картолаш йиц ма елахь...

Бригадир. КӀант, охьахаахьа, хьо иштта лен валахь, валлахӀ-биллахӀ, гӀуллакхаш вон хир ма ду хьан.



Іахарбек. ТӀухаш, Іадда витахьа, ас жоп лур ду цунна... ХӀаъ, вай маьлхан арахь йийра картолаш. Шу суна критика ян гӀерташ ду, цигахь 60 тонн картолаш а йийна 4 тонн бен схьа ца эцна бохуш... Ткъа цунах баьлла моральни пайда мнча хьо вай?.. Ткъа итт воккха стаг?.. ХӀахӀ? И итт хехо, и итт воккха стаг-миска, вай тоххарехь дахарера дӀабайнна болу, пенси а бахийтина, буьйсанна цӀенчу хӀаваэхь лелар бахьанехь, «хахха» аьлла, чу са а деъна, бос а тобелла, дӀалелаш волу итт воккха стаг?! Ткъа цара тоьпаш кхуьйсуш, екийна и екхна аьхкенан буьйсанаш дагайогӀий шуна... ВаллахӀ, цӀенна фейерверк ма яра иза. Сан-м чӀогӀа самукъа долура, цара «гов-гов» бохуш, тоьпаш кхуьйсуш. ВаллахӀ, долур-кха. ХӀора буса вайн юьртахь нускал далош санна, ма хетара. «Гов-гов, пахь-пахь-пахь!» Бакъду, царах цхьаъ, шен накъостан карах когах топ кхетта, больнице-м кхечира. ХӀун дийр ду ткъа? Муьлхха а доккха гӀуллакх кхочушдечохь цхьа зен-зулам доцуш ма ца хуьлу.

Къахьим. Ахь хӀун дей, накъост. ГӀезаш ма лехкахьа...

Іахарбек. ГӀезаш... ХӀун гӀезаш?

Заман. ХӀаъ, гӀезаш... Ахь гӀезийн ферма ян воллу аьлла 30 эзар сом а делла эцнарш. Еъний, дӀаекъний, йоьхкиний, хӀаллакьхилларш...

Іахарбек. Цунах лаьцна а эр ду. Шуна ма-хаъара, вайн махкахь боккха тидам тӀебохуьйту юьртан бахархой эстетически кхетош-кхиорна. Иштачу сий-ларамехь ю халкъан барта кхоллаларалла а, фольклор а. Дукха хан йоццуш вайн республикехь фольклорах лаьцна синкъерам... ХӀан-хӀа, син... синпозиум ма-хилла. Шортта Іилманчаш а болуш. Сий хуьлда фольклористийн жигараллин! Оцу мехалчу гӀуллакхана юкъа йоккха хазна йиллина вай а. И гӀезаш яхкийча дуьйна вайн юьртахоша карладаьккхира дицделла аьлла хетта оьрсийн халкъан фольклорера ловзар:

> Гуси, гуси — га-га...
> Есть хотите — да-да...

Вайн эвлахь жима а, воккха а вара оцу ловзарх ловзуш. Конторехь тхо а левзира иштта. Бакъду, оцу эшаран текст жимма хийца а хийцина:

> Гуси, гуси, — га-га-га...
> Есть хотите — да-да-да...
> Ну берите, что хотите.

Бригадир. ВаллахӀ-биллахӀ, Іахарбек ЧагӀарбекович, «берите» ма аьлла, лаккхарчу эвсараллица дӀаса-м ядайора вай каракхаьчнарг — ахча, даьхни а, дечиг а... ХӀокхара иштта болх беш белахьара! ХӀинца тхан, хьоме Іахарбек ЧагӀарбекович, хӀокху колхозхойн цӀарах тхан хьоьга дала цхьа хаттар ду: муха ду хьан-хьайн гӀуллакхаш? ХӀун планаш ю хьан тӀейогӀучу ханна?

Іахарбек. Планаш дукха ю. Царах уггаре а гергарнаш: лаккхарчу хІайттараллнца «Цабевлла бежнашна арсаш хьекхар» бохучу темехула диссертацина защита яра, министр хилар а.

Бригадир. Ура! Министр! (*ТІараш детта, цуьнан тІарийн цхьамма а гІо ца лоцу*).

Хьоза. Накъостий, хІара хьан хаьржина пирсдатал! ДагадогІий шуна цхьанна а хІара вай хаьржина. (*Аьзнаш: «Ца догІу, суна-м ца догІу», «суна а ца догІу»*). Накъост Іахарбек, хьо мичара ву ван мукъане а?

Іахарбек (*Воьхна*). ДІогара...

Хьоза. Мича дІогара...

Іахарбек. Иштта... дІогара...

Заман. Суна дагадогІу, и кхуза муха веана. ДагадогІий шуна, цхьа шо. БІаьстенан юьххьехь догІанаш дукха а ихна, дег-гелц йогІуш буц яьлла шо? ХІетахь вай массо а, дийнахь а, буса а цапашкахь Іара, йол хьоккхуш а, дІаюттуш а. ЦІа дирзича — хІара Іахарбек вара вайн контора чохь Іаш галстук а йихкина.

Къахьим. Делахь вай и эккхо веза-кх. (*ДІахьаьжначу цунна ги Іахарбек хиъна Іийна гІант деса хилар*). И мича вахана?

Зал чуьра аз. Ой, мича вахана иза?

Нажа. Мича вахана? Араволуш-м ца гира шуна иза?

ШолгІа аз. Кху неІарх-м ца велира.

Заман. Стол буха хьовсийша.

Къахьим (*Хьожу.*) Вац кхузахь.

Заман. ГІанташ буха хьовсийша.

Къахьим. Вац кхузахь а.

Нажа. И, суна схьахетарехь, хила а ца хилла.

Къахьим. Муха ца хилла, хІокху 10 шарахь вайна ленточкех, банех къамел динарг мила вара ткъа?

Нажа. Изий... Иза бІарлагІа хилла-кх, я шайтІа хилла.

Зал чуьра аьзнаш. ХІа а...а?

Къахьим. Эхь ду-кх итт шарахь оцу бІарлагІе я шайтІане Іехадайти-кх вай, и коьрте а хІоттийна.

Нажа. ДІадаьлларг дІадаьлла, хІинца и тайпа бІарлагІа юха ца янйтаран ойла ян еза.

Зал чуьра аз. ХІун дан дезий? Вайн конторан хехо хІотто веза-кх. Кхин и тайпаниг чу ца ваийта.

Хьоза. Вай массо а хила веза хехо.

Заман. Муха, массо а конторан хехо хилча, болх хьан бийр бу?

Хьоза. Конторан хехо хила ца оьшу массо а. Вай массо вайн къинхьегаман, ялтийн, ахчанан, даьхнийн, лаьттан хехой хила деза. ТІаккха кхераме хир яц вайна цхьа а бІарлагІа а, я шайтІа а...»

Иза хІокху юьртана кочара валарх, даккхийдеш цІехьа дирзи тхо, амма дукха хьалха хиллера тхан хазахетар: шолгІачу дийнахь Іуьйранна керла председатель харжа конторе даханчу тхуна, бухахь Іаш карийр-кх къорза галстук а йихкина, Бад-Махьмигий, Іабдул-Бадигий катоьхна сводкаш кечйойтуш, хьийзаш Іахарбек ЧагІарбекович.

Нах, масех стаг воцург, дуьненчуьрчу нийсонах дог а диллина, шаьш Іахарбекана дуьхьал бовларна а дохко бевлла, «ОстогІпируллахІ, дела хьуна хастам бу-кх, Іахарбека диначунна реза ду-кх тхо», — бохуш, кхин а чІогІа букар а ситтина, хІинца дуьйна, дечиг даккхар стенна дуьйцу, тІехула говраш хехкахь а, бист хир боцуш, буса электростогарш латийна а, шайна тІе тидам ца бохуьйтуш, хІума яархьама я кхечу гІуллакхана эшча, мехкадаьтта дуттучу къуьданах пайдаоьцуш (юьртарчу туькано мехкадаьтта дохкарна йолу план шозза тІехкхочуш йора гуттар а), лоллнна сица муьтІахь хилла, мукадехкийн, чхьаьврнгийн, бирдолагийн дахар дІакхехьа бевлира. Лолла тоххара Іаьмиркехь Къилбаседе Къилбел тоьллачул тІаьхьа дІадаьлла бохуш яздахь а, долуш ду — нехан синошца, махках а даьхна йинчу гІелоно кхоьллина хила а тарло иза.

И сайн ши протокол а эцна, районан хьаькм Матильда Матаевна йолчу ваха со, кхоа ца деш «Шипр» одеколон а тоьхна, хечина ши сиз боккхуш иту а хьаькхна. НеІар тІехь дог деттадала доладели-кх, оьгІазваха чІогІа: «Хьажахьа и лолла сан кийра даьлла а хилла-кх». «ДІасаца!» — омра дин ас дагна, цІийза а цІийзаш, жІаьлин кІеза санна, цхьанаэшшара болх бан доладели.

Чоьхьаваьлча, неІарехьа букъ а берзийна, корах арахьоьжуш лаьтташ цхьа ка бу-кха, шен чкъура чу а ца тарлуш, коч а гоьлел лакххахь соцуш ю, месаш — хІоьан буьйра санна, чІагарш еш хьийзина, кхакханан куй санна коьртана тІе а йийшина. Олхазарша бен бийр бара цу тІехь, нагахь кор дІа а диллина, меттах а ца йолуш, цхьана шарахь иза лаьттича.

Маршалла делла а, цуьнан тем аса ца бохош, иза корах ара, со цунна тІехьара тІе а хьоьжуш, дехха лаьттира тхойшиъ.

Эххар юха а йирзина: «Одеколон-м ца кхоийна ахь», — элира цо, суна тІехула неІаран гуре а хьоьжуш. ТІаккха нийсса суна тІе а еана, ах метр йисначу хенахь юхайирзира, эццахь цуьнан карахь хилла электронни сахьт тІехь йолу ручка охьаюьйжира. И схьаэца охьатаьІна Матильда Матаевна сайна гІодаюккъелц кхочуш а гина, са лацаделира, катоьхнна цул хьалха ваьлла, ручка дІаяла дог хилира, амма иза а лолла а хетта Іадда Іийра.

«Хьо хІун гІуллакх долуш веанера?» — кІелдІахула схьа а хьаьжна элира Матильда Матаевнас, хьала а нислуш. ТІаккха дохковелира ручка схьаоьцуш цуьнца гІиллакх ца хІотторна: иза лолла ма дац, — зуда ларар, хьалха цо коьртара йовлакх тесча мел буьрса дов а соцуш хилла, бакъду, Матильдин йиш хир яцара и дан, цкъа а — Іа чІагІделча а — туьллуш доцу дела.

Матильда Матаевна, ког гоьлтІе а боккхуш, охьахии, шен дуь-

хьалара гӀант суна а гойтуш. Цуьнан тӀекӀелбаьхначу когашна дукха уллохь хилар а, йиллина иза бӀаьра хьежаро а юха а са легашкахь сацийра, амма корах арахьаьжча, вайн юрт а, колхоз а, конторера адам-йилбазаш а дага а даьхкина, жимма метта веара со. ТӀаккха къамел дан гӀоьртича: «Тхан колхозан конторехь»... — ала бен ца кхиира, Матильдас юкъах а ваьккхина. «Цигахь болх бечарна хьуо реза вац боху ахь? Битахьа уьш. Хьайна муьлха болх беза дийцахьа — агроном, счетовод, инженер, бригадир?.. Председатель, экономист, бухгалтер хьо ваха гӀертахь а, гӀуллакх хир дац. И кхоъ дика ву, сихха сводкаш а луш, планаш еш», — дийцира цо. «Планаш кехаташ тӀехь йо», — кхаъ баьккхира аса. «Иза харц цӀе кхолла гӀертар ду, кодексехь статья а йолуш», — гоьлтӀера ког дӀасаластийра цо. «И кхоъ адам а дац, адам-йилбаз ду», — сан аз юха а дегон долийра, Матильдин коч гоьлел дуккха а лакхаяьлла а гина. Амма иза сан оьгӀазвахар лерира цо. «Суна кхерам туьйсуш», — буьрса къегира Матильдин бӀаьргаш. «Вац. Амма ахь гӀуллакх ца дахь, ас обкоме а, ЦК а яздийр ду!» — оцу дешнаша кхоччуш дуьхьалъяьккхира суна Матильда. «А-а, иштта дуьйцуш ву хьо?» — цуьнан месех саьрмикан кхес хиллера. Телефонан номер а хьовзийна, чуьраелира иза:

«Милици? Начальник? Сихха сан кабинете наряд яйта. ХӀун хилла?! Цхьа торчок ю-кх «Сахуьлу Седа» колхозера. Суна ницкъ бан гӀерташ... ХӀун ницкъ? Боьршачу стага зудчунна хӀун ницкъ бо?! Пхийтта де-буьйса-а?! Ахь хӀун дуьйцу, пхийтта шо тоха деза!»

Матильда Матаевнин и тӀаьххьара дешнаш, арайккхина воьдуш, сени чохь хезира суна. Ойла йира ас, болар а ца лагӀдеш: «Автосоцийле хьаьдча, со билггала милцойн кара гӀур ву, цундела ЦӀоганехула сохьтехь шовзткъе итт километр чехкаллийца цӀехьа таӀа веза». Суо ца гайта, коьллаш тӀехьа а лечкъаш, ЦӀоганехула ирх воьдуш, хӀун дагадеара хаьий хьуна? — ХӀинца-м ЦӀой а тӀаьхьа кхуьур вацара суна. ХӀун деш ву бохий ахь БаьӀаш? Шена керла цӀе а тиллина — Сергей, — ахча даккха оьхуш ву, бичаш бацош. Цхьа бич, шина ведар чохь цементан, гӀамаран берам эцна воьдуш, бертал кхийтира боху. Ша тӀе хӀума тоьхча, «Тоха ахь, суна хьакъдерг ду хьуна», — эли боху. ХӀетахь ша цхьа къайле гучуяьккхи: «Бичо, хӀума мел туху, болх дикахо а бо». Эвла юккъе дӀа а хӀоьттина дуьйцуш лаьттара. Цул тӀаьхьа, дӀавахана, дукха хан ялале бичо коьртана ластийна диг пхьаьрсах а кхетта, и голехь сатта а ца луш ву боху... Витахьа ЦӀой, сайниг дийца ас.

Цигара цӀа веъча, Ӏедалах петоха велира, чу ца вуьжуш, ахка йистера хьаьжкӀаш хьакхарчех ларъян айса йиичу буьна чохь буьйсанаш а йохуш. Цкъа сатаса кхо сахьт хан йолуш ду-кх, цхьа йоккха можачу ахьарх йиначу сискалх терра беттаса БӀаьндукъа



тӀера стигала керчина буьйса яра иза — цхьа хаза гӀан гуш со воллуш, лесто йолий-кх сан бун. Вайъ, мохк бегош-м бац техьа аьлла, тӀера чухьаьжча со, бухахь лаьтташ ву-кх — муха хета хьуна? — кхо милцо. «Охьавосса, — боху, — цӀа кхаьчна хьо.» Машен юьстахо йитина хиллера цара. Со цара дӀавигарх бен а ца хетара, вайн эвлахь айкхаш хилар новкъа деанера-кх.

ГӀийлла корах ара бӀаьрг бетташ Ӏийра, машен набаро датийнчу юьртарчу урамийн синтем бохош, ченаш йохуш, хьаьдда йоьдуш, дан дезачун ойла а еш. ТӀулган йоӀа хи дуттучу кхаьчча, хьагвелла, сацаяхьара аша, эли аса. Дели сан дехар. Ткъа хи мелча, хьалха мелларг дӀаӀано а ма дезий — бердехьа вели со. Цигахь циркехь пена тӀехула хьалий-охьий хоьхкучу мотоциклийн ойлайн: уьш аркъал стенна ца еттело? — Чехкалла сиха йолу дела. Сайниг лакха а яьккхина, бердах чутили. Уллохь лаьттачу милцоша: «ХӀа-а??!» — алале, буха кхечи со. ТӀаккха Органца Зонаха кхаччалц охьа а веана, тӀайх а ваьлла, вайна юьрта богӀучу новкъа велира. Кхин чу ца воьдуш, кӀолдан дакъа а, мижарг а эцна, оцу буссехь, кхуза хьуьнха схьакхелхн. Ткъа милици, со бердах а вахана, велла хиларх тешна, хӀокху кхоалгӀачу дийнахь, Органчухула буьххьехь аьчган мӀерий тийсина деха гӀуркхаш а хьоькхуш, дакъа лоьхуш...

Эццахь бага гӀаттийначохь а юьтуш, цец а ваьлла, кхуьнга хьаьжира Хьоза: кхаа мижаргах ах бен ца биснера.

— ХӀара ах суна таханенна тоьар бу, кхана хӀума а яхьаш тӀаьхьавоьллахь, — масех бекъа къурд бира цо.

Цунах а къаьстина, бежанаш лелачу новкъа ца вала, Ӏинчухула охьаоьхучу Аьстамарна, дерриге а юхакарладолуш ду-кх, хӀетахь, ткъе итталгӀачу шерашкахь хилларг: наха Ӏедална пебеттар, уьш, уьдуш, хьуьнха эхар — хӀетахь ден Гунашан санна, кхуьнан а дезар ду-кха кху Ӏинца хьала яахӀума кхехьа, бакъду, хьалха тоьпаш а етташ, нах хӀаллакбеш хилла, хӀинца иза дац, далла бу хастам аьлла хийтира.

Кестта Ӏин юьрта йистехула доьдучу ахках а кхетта, цуьнца Къилбседехьа вогӀу иза, цкъа мацах шех лаьцна язъян ойла хилла хьера лаьттинчу кхечира. ТӀедогӀу хьорса доьхна, беранах хи детта деза хара яхкаелла, тӀе шач а тухуш бина тхов чукхетта...— хьархо велла, цуьнан кӀенташа тесна йитина. Хьера чу ваьлча, ахьар чохь ӀаьӀа лара, лаьттах, цу тӀе евллачу ярех юьзна карийча, Ӏаьвжина дог, гӀантана метта йолчу гуьйрига тӀе охьалахвелча, уллора дӀаиккхина моьлкъа лари буха бахача, кхин а чӀогӀа лазаделира, ткъа хӀиттина лаьттачу хьеран тӀулгаша кхузарчу дахаран амат гойтура, хӀара, цӀин а йина, хьийза а еш, юьртахошна ахьар а доккхуш, Ӏийча хӀун дара техьа аьлла, ойла а хилира.

Цигара тӀех а ваьлла, цанаш юккъехула— цхьаерш хьаькхна, кесарш Ӏохкура, вуьйш хьокхуш бохкура нах, цхьацанхьа дӀахӀиттийна элан литтанаш а гора — схьавогӀучу цунна дукха гена

йоццуш латтташ машен а, хаьнтIе куьйгаш а хIиттийна коьрта Iуьйра зуда а, оьгIаз а оьхуш, ветта а луш, цхьаь дуьйцуш воллуш цIен пес а тиллина, чухула юхучу кIайчу кучахь воккха стаг а гира, жима ши стаг, коьллаш уллохь цIе а латийна — буткъа сийна кIур оьхура ирх, — цхьаъ-м деш сихвелла дIасахьийзара. Дикка улло гIоьртича, номерца машен хьаькимниг а, зуда, Хьозас йийцарехь, Матильда Матаевна юйла а хиъначу Аьстамара, ойланаш яр а дитина, лераса ирдира.

... — Колхозан муха хуьлу хIара йол, ас хьакха а хьаькхча, хьала а эцча, дIа а йоьттича, гонаха керт а йича, суна делла кепек ахча а ца хилча, — бохура воккхачу стага, къамел Матильде а ца деш, геннахь гучу тIулгийн берде деш санна, мохь а бетташ, вортанан пхенаш тIе а даьхна.

— Латта ду колхозан, — Матильда Матаевна шек а ца йолура.

— ХIара латта сан вархIе а ден хилла ду-кх!

— Хилла цхьана хенахь, хIинца колхозан ду.

— Ткъа хIун ю и колхоз, ян мукъане а, дийцахьа, гайта мегаш яц иза, и хIун дажал ю, тхан латта а, даьхни а, йол а юуш ерг? — кхин а чIогIа чуьравелира воккха стаг.

— Колхозан устав еша, клубе а гIой.

— Ткъа суна йол хьакха кхин ирзу мукъане а лохьа.

— Хьуна дала кхин ирзу а дац-кха сан, ша хIара ца лахь, — Матильдин шуьйра юх йолу коч атта елира гIодаюкъал лакха.

Воккха стаг, цкъа, Iадийча санна, висира, тIаккха, бIаьргаш тIе ши куьг а диллина, чIагаре хьийза мурд санна, юкъа-кара ирх а кхоссалуш:

— Iа-а! Iа-а! Iа-а-а-а... — бохуш, мохь хьоькхуш, ведда анайистал дехьа велира. Матильда Матаевна, йоьлуш, охьа а йоьжна дIасакерчара, рогI-рогIана цхьацца ког хьала а уьйъуш, лаьттах а бетташ. И кIордийча, кIегара хиъна, вадийна валийнчу филармонин пондарчас Бахьмада (иза хиллера цIарна гонаха хьийзинчех цхьаъ, важа — шопар), схьадоьттина къаьркъанан стака дIа а мелла, даьттанан а, Iаьржачу Iаьвнан а ши пардо деш кечдинчу бепиган цастарх церг йоьллира.

Иза юха а ела я керча йолаялале аьлла, сихха тIеваханчу Аьстамара оьрсийн маттахь (нохчех дийцича, хьаькимашна Iовдал хетийла хаьара) къамел долийра:

— Извините, Матильда Матаевна, но то, что вы здесь с таким эффектом продемонстрировали, не вяжется ни с какими нормами общечеловеческой морали, более того, говоря *фигурально* (иза цхьамма олуш хазар бен, кхин хIун ду хууш а вацара), в высшей степени безнравственно... [1]

[1] Бехк ма биллалахь, Матильда Матаевна, амма ахь кхузахь иштта тIахъаьлла хIоттийна сурт адамийн юкъарчу цхьана а оьздангаллин лехамашца догIуш дац, цул сов, васт хIоттош аьлча, чIогIа оьзда доцуш хIума а ду. (оьрсийн мат.).



— Во-о! Хьо мичара вели? Хьо вар-кха ас лоьхург! Кестта пленум ю хир йолуш къона тIаьхье нравственно кхетош-кхиорах лаьцна. Суна цигахь дан къамел яздан деза-кх ахь, — элира Матильда Матаевнас, дехьа кхевдда схьаэцначу хорбазан декъах церг а тухуш.

Улло хьийза Бахьмад — вадийнчул тIаьхьа дикка хийцавеллера: лахе белшел а шоръеллера — вусавеллера, цIий а луш.

— Кхуо ца яздича а, карор бара къамел яздан-м нах, — элира цо, бIаьргашца Аьстамарна оьгIазаллин цIе а тухуш.

Матильда Матаевна цкъа цецъяьлла хьаьжира Бахьмаде: хIара ма майраваьлла, хIинццалц дуьхьала дош дар стенна дуьйцу, нийсса бIаьра хьажа а ца хIоьттина волу, тIаккха, дерригенах а кхетта, гIадъяхара:

— Ба-а-а-дик, хьо ревновать деш ву! Хьа-хьа-хьа.

Матильда Матаевна дIасакерчара, рогI-рогIана цхьацца ког хьала а уьйуш. Кхин и юхайоьрзург а ца хилла, пIелг а ластийна Бахьмад юьстах ваьккхира Аьстамара.

— Ахь хIун дей, тIекха, — гай тIе пIелг Iоьттира цо, чугIортахь, берзан кIеза санна, цунах тасавала а кийчча, массо а пха тIе а боккхуш. — Хьо вохий а ма хьовза. Суна хьан Матильда а ца оьшу, я Iаьржа Iов а ца оьшу, оцу Iаьвнал тоьлаш ю хьуна кхехкийна кхоьаш, хьуо ца тешахь лоьрашка а хатта.

Бахьмад девне вала дагахь вацара, дош а ца алалуш етталора цуьнан билдакхаш.

— Бакъду, цхьана агIор хьуна билла бехк а бац, хьан санна дика маренаш атта нислуш а дац, цундела хьайн меттиг ларъе ахь, — аьлла, Бахьмад латта а витина, буц хьаькхначухула, бай-й ког а буьллуш, юьртехьа дIавахара Аьстамар. Уллохула тIехволуш, цхьана шовдана чу хьаьжча, яьлла, сингаттамо а, гIелваларо а эрчаяьккхина юьхь а гина, шен духаре бIаьрг туьйхира цо: хьацаро а, догIано а яшош, юха малхо якъош, керла бос эцна цIен коч, лаьттахула текхорна бехбелла хечин ши ког а, бецан хьоькхнаш хилла сира хеча а, ткъа мачаш ян а яц... Юьртахойх цхьанна иштта дIагича-м эхь ду аьлла, нехан кхашкарчу хьаьжкIаш юккъехула цIехьа вахара. Воьдуш, цунна дукха жима волуш ша боккхуш хилла Iеха а гира. ХIара цунна вевзинчух тера а дара, вовшийн бIаьра хьоьжуш Iийра, ца дийцича а дерригенах а кхеташ. Къамелаш дан дог ца догIура, хан а яцара, сихха цIакхача хьаьддачу кхуьнан. Керта юххехула даьллачу сугIина а вевзира. Цуьнга кхин безам а бацара, цкъа мацах цо, ша схьаозийча, куьг хадийчахьана.

ХьаьжкIаш юккъера хIара уьйтIа ваьлча, рагIу кIелахь хьокхамаш деш йоллу нана, хьуна хIун дина аьлла, мохь а болуш, тIе а кхетта йилхира, юхаерза а ца туьгуш. ТIаккха IиндагIехь

охьа а хиъна, шеца хилларг ма-дарра дIадийцича, иза мелла а синтеме еара.

— ХIумма а дац, жинийн хIуо ца хилчахьана, — элира цо.

Дас:

— ХIинца дог а этIор ду, шайна ца луучу балха а вохуьйтур вац. Хьалха вадор вара, — элира.

— Хьо санний? Чуьрачара мовлад а йоьшуш, сатоссуш неIаре машен а йогIуш... — элира кхуо.

Да хIумма а ца олуш, ойлаеш лаьттара, хетарехь, кхунна и мичара хиъна техьа бохуш.

— ХIетахь-м цхьа делан сагIа тоьлла вала хьаха велира со. Вуьшта тоьпаш тIейохуьйтур яра.

Вист а ца хуьлуш леррина хьоьжура Аьстамар дегий-неней, шена сийсара гиначийн аматаш лоьхуш церан яххьаш тIехь, карийча воккха а веш.

Ашмин бIаьргех хи делира, кхуо шен гIуллакхаш дийцича, иза, раз а хьоьжуш, вехха Iийра, меттаван гIерташ, кIорггера синош а дохуш. Аьстамаран велха дог хилира: кхуьнан дешарх воккха-веш, хIара гергарчарна а, нахана а пайде стаг хир ву аьлла тешначу, шена ца юхуш а, кхунна оьцуш леллачу Ашмин сатийсам а бохий-кх кхуо — халахетаро дог Iаьвдира. Эццахь тIевеъна Анас, тIараш вовшах а детташ, кхунна тIе пIелг а хьежош, вела хIоьттира:

— Хьо ма хаза кечвелла, — бохуш.

Аьстамар оьгIаз ца вахара, мелхо а догIа деанчул тIаьхьа аьрцнаш тIера гIуьтту Iаь санна, сингаттам дIаайалуш, хааделира цуьнан веларх. Боккъал стенна сагатдо, иштта вела а, бацалахула волавала, малх ган, уггаре а гергарчу нахаца, кхаьрца Iен, ваха, йиш хилча? ХIун ду цхьана Хьаькимо харц цIе кхолларх, нахана хаьа хьуна бакъдерг.

Ашми чу а вахана, рагIу кIелахь шаьшшиъ висча:

— ДагадогIий хьуна, вайшиъ лечкъаргах левзина, — элира Анаса.

— ДогIу, хьо жима волуш. Диъ шо дара хьан.

— Со бIаьргаш хьаббеш хуьлура.

— Со — лечкъаш.

— Хьо дуьхьал нуй а лоций, Iаш хуьлура...

— Ахьа со хьайна го аьлча, ас ца го олура, гахь тIе а волий, схьагайта...

— Со тIевогIура, хьо, водий, сол а хьалха бIаьргаш хьаббечу кхочура...

Аьстамар воккхавеш хьоьжура Анасе: цIеххьана воккха хилла-кх, кхуьнан тидам а боцуш. ПаргIат, ойлане ду цуьнан хьажар, цIена, лекха ю ойланаш, оьзда ду гIиллакхаш, цундела тIекхаьчкхаьчначо олу-кх: «Ма дика кIант ву-кх шун Анас». Иза ву-кх хIара керт шен син серлонца къагон ницкъ болуш, цуьнгахь



Аьстамарехьчул чIогIа бу цIеналлехь нисваларе болу лаам, кхунна таме хета ша нахана вовза лаар а дац цуьнан амалехь, цо дика дуьхьхьал дIа до.

МаьркIажан хан йоьллачул тIаьхьа, тIо-берамций, етшуьрийций хьокхам бууш Iаш, шолгIачу классехь доьшуш волуш ша аьлларг дагадеара. «Нана, аса, воккха хилча п у р к у р о р а вахана, дуккха а деман галеш дохьур ду вайна». ХIетахь кхеран цхьа лулахо вара гуттар а Киргизе прокуроре кехаташ кхоьхьуьйтуш, ша шахьти чохь — «пехаш дахкош» — болх баран тоьшалла дайита, пенсе ваха оьшу шена бохуш. Цунах пуркурор уггар а лакхара Хьаьким хетара, ткъа гуттар а буург мижарг болу дела, наггахь нисло демах бина хьокхам а чIогIа мерза кхача бара, цундела шортта деман галеш деача... Кхочуш ца дан дели нанина делла дош а· кхунах мичахь хуьлу пуркурор?

ХIума йиъна а ваьлла, дIа ма тевжжи, наб кхетта, цхьа а гIан ца гуш, буьйса юккъе яххалц Iиллира иза учарчу паднара тIехь. Самаваьлча, геннара схьахезаш лоькху хелхаран йиш а, детташ тIараш а, хьоькхуш маьхьарий а дара. Жима стаг а хилча, юьртахь синкъерам а болуш чохь вижна муха Iуьллур ву аьлла, меллаша неI а цIовзийна, екхначу буьйсанехула, урамийн ченаш а хьоьшуш, эвла йисте вахара иза, томка дакъон рагIу долчу.

Серлоне ца волуш, юьстахо сецначу цунна вевзира хелха вуьйлург — Анас. Цо мел боккху ког, мел ластадо куьг, мел бугIу бохь, цхьа вега а луш, стелахаьштигех кегдеш, аьтту куьг раз тасар ца лерича, — дерриге а шена цхьанхьа гича санна хийтира Аьстамарна. ТIаккха ойланаш еш, кхетамо и Анасан хелхар сийсара ша Лайсица диначун ма-дарра сурт хилар хьехча, хала хийтира. Стенна нисделла хIара иштта? СагIина хIума яла еза.

И тIаьххьара бал хиллера. Белхера дIасабоьлхучу кегийчу нахах а къаьстина, бухIанан — и стенна чуьра яьлла? — Iехар а хезаш, цIехьа вогIуш, Аьстамара:

— Хелха дика волу хьо, — элира.

— Соь бал бола а бойту, берза а бойту, дика волу бохуш, — Анасна тайнера вешин дешнаш. — Суна гитара лакха а Iемина.

— Вайшиъ чу кхаьчча, дечиг-пондарца ладугIу йиш лакха еза ахь. Суна хазахетарг яц?

— Ас гитара а локхур бу хьуна.

ЦIа кхаьчча, уьйтIарчу оти чуьра стогар хьалалатийра Аьстамара, Анаса гитара а, дечиг-пондар а схьабеара.

Цкъа хьалха дечиг-пондарца кхунна луург а лекхна, гитарица Анаса болийнчу мукъамо ерриге а ойла дIалаьцна, Iадийча санна, висира Аьстамар. И мукъам дагахь латталур болуш бацара, цуьнан хатI а, бекар а, сихалла а хIора минотехь хийцалора, дуьненчохь цхьанна а хезна дацара и тайпа аьзнийн цхьаьнаэр, хIора аз-м дара девзаш: зарзаран екар, догIанан, маьркIажехь лестачу диттийн гIовгIанаш, тIуьначу Iаьржачу буьйсанехь жIаьлийн

къора летар, цхьалхачу зудчун тийжамаш, гӀашца, мохаца денлучу бӀаьстенан... Церан вовшашца хоттадаларо кхуллу ша-тайпаналла цигара, Ӏаьршашкара яра, Анаса тховса дина хелхар а санна.

Йиш дӀасецначул тӀаьхьа тидам хилира Аьстамаран неӀарехь лаьттачу Ашмин.

Бете пӀелг а лаьцна, гӀовгӀа а ца еш, шена тӀаьхьа схьавола элира цо. ХӀорш кхоъ, меллаша ког а боккхуш, цӀийна тӀехьа а бевлла, божал долчу бахара. Ашми цхьана агӀор а, хӀара шиъ вукху агӀор а вахана, цунна го тесира, тӀаккха цӀенна — хӀумма а ца карийра.

— Цхьа адам дар-кха хӀокху божал маьӀIе а хӀоьттина соьга куьг лестош, — элира Ашмис.

ЦӀеххьана тӀехьа хьаьжначу Аьстамаран кха тӀерачу хьаьжкӀаш юккъехь къайлаэккхачу цхьана гӀалартах бӀаьрг кхийтира.

— Иза гӀам ду, — элира цо сийсара шега гила-барзо дийцинарг дага а деана.

Важа шиъ вист а ца хилира. Ашмис шена хуу аяташ а дешна чу а бахана, дӀабийшира уьш.

Тар тесна дукха хан ялале, самавелира Аьстамар, наб кӀезиг йинехь а, корта цӀена а, дегӀ дайн а хеташ. КетӀа ваьлча, хьелий узуш хезира — шура ведарх етталора.

— Наб стенна ца йо ахь? — шурин йиш а сацийна хьаьттира нанас.

— Ца йогӀу суна.

Ши етт оьзна а баьлла, дӀахецна новкъахь лаьттара, кхоалгӀаниг бара мукъа балаза. И баьлча, хьелий а, шинарш а дажа дӀалахка вахара Аьстамар. Наггахь бен бежана ца гора эвла йистехь — нана юьртахь уггаре а хьалха гӀоттучу цӀийнанойх яра.

Бежанаш ахкал дехьа а даьхна, шай, Зугаший лаьттинчохь сецира иза, буьйсанна шелделла, детта а луш, доьдучу хиэ а хьоьжуш. Ойла-м ца йора дӀаяханчу хенан — ницкъ бацара, дуьхьал дӀа шаьшшинна юккъехь хиллачу марзонан лараш а хаалуш, лаьттара, уьш хӀокху хица, даьхнийн Ӏехаршкахь, некъан йистаца евллачу моан коьллашкахь, гӀаш тӀерачу тхин тӀадамашца, хӀинцца БӀаьндукъ тӀехьара схьа а къедда, хих Ӏаба, кху ахки чу хьевддачу маьлхан зӀаьнаршца а яра.

Вуха а вирзина цӀехьа вогӀуш, дуккха а зударий а, бераш а детталора дуьхьал, бежанаш лаьхкина догӀуш; кхуо керта улло а теӀаш, некъ буьтура царна.

Шайн цӀенна хьалха лаьтташ, тӀе гата тоьхна жима машен гича, дукха цец а ца велира. УьйтӀахь нийсса тӀехьа хьаькхна хьаьрса кӀужал а, кочахь кӀайчу куча тӀехула кхозуш Ӏаьржа галстук а йолу цхьа ца вевза жима стаг воллура хьалххехь хьуьлучу кӀайчу Ӏожа тӀе хьокха бетташ, стоьмашца цхьаьна гӀаш а, кегдеш кегий генаш а эгош. Цуьнга хӀумма а ца олуш, да а, нана а лаьттара, иза керта веана нехан стаг волу дела, цул сов, ткъе итталгӀачу шерашкахь, хӀокху тайпанчу хьаькамаша, вуон хьаьжна а шаьш оьгӀаз бахийтича, зулам деш хилла дела а, хӀинца кхин зама-м ю, делахь а хӀун хаьа?.. Нана-м, лулара бераш тӀе ца довлуьйтуш, буха охьабоьжна стом схьа а эций, дӀагӀо олуш, ша ларбеш белахь а, и Ӏаж а, цӀийна тӀехьара кхораш а, гурахь хуьлу Ӏежаш а, цӀенаш, даккхий хьечаш а, дага хӀума ца догӀуш, «хьешана» дӀалур долуш яра, цо шен кӀантана ден таӀзар малдичахьана.

Цундела, ела а къежаш:

— ТӀехьаьхь кхораш бу хьуна, дика ношбелла, — бохуш, лаьттара иза.

— ХӀорш бу дика, — хьокха охьа а буьллий, «хуш-хуш» деш, Ӏежаш ахьа хӀуттура важа, легнаш дӀа а кхуьссуш.

Кхо салам делча, схьа а хьаьжна:

— Саламаш тӀаьхьа кхуьссур ду ахьа, катоххий кечлой вала. Хьуьнха вахарх кӀелхьара вер ву моьтту хьуна? — элира цо юха а Ӏожа тӀе тоха хьокха а ойуш.

— Хьо мила ву соьгара салам дӀа ца эца? — Аьстамар ша а цецвелира шен цӀогӀанах.

БӀаьрнегӀар тухучу юкъана схьабаьккхина хьокха айина, «хьешана» тӀера, цо Ӏожа тӀера стоьмаш, гӀаш, кегий генаш саннена, Ӏовдал куралла охьайожо чухьаьдира иза. Амма эццахь ненан: «Ахь хӀун до, кӀант?» — боху мохь а хезна, ден хьажар а гина, хьокха юьстах тесира цо, корта а оллош: шен керта веанчуьнга хӀун дийца гӀерташ ву, эхь ма ду иза.

Чувахана кечлуш, Анаса шен кӀайн коч елира цуьнга, тӀаккха мачаш а цуьнан ерш юха дийзира: кхуьнан ерш новкъахь йиснера, кхин тайпа ян а яцара. Мачаш тӀеховша ца туьгуш, хьевелча, Анас велавелира, хӀара, хьокха а эцна, хьешана чухьаьдча дуьйна хӀоьттина тамашийна тийналла а йохош.

— Харцахьа юха ма гӀерта, хийца и шиъ, — элира цо.

Муьлххачу хьолехь а самукъадаккха хӀума карадо Анасна, и чӀогӀа дика ду, хийтира Аьстамарна.

Машенан неӀ схьайоьллушехь:

— Аьстамар! — ненан озо сацийра иза. — Собар цкъа.

ТӀехьаьдда йогӀучу цуьнан карара кехаташ юкъа дохку папка евзира Аьстамарна: нанас цу юккъехь Ӏалашйора кхунна елла грамоташ.

Уьш дуккха а яра: ишколехь дика дешарна а, математикан олимпиадехь толарна а, Керлачу шеран дезчу дийнахь дакъалацарна а, пионернийн лагерехь маӀа чӀогӀа лакхарна а, районан газетахь жигара дакъалацарна а, юха а дика дешарна а, юха а районан газетехь...

— Кхарах хӀун до ас? — схьа ца оьцуш дуьхьал велира Аьс-

тамар, амма ша бохург ца дича елха кечъеллачу ненан бIаьргаш гича, папка тIома кIел а йиллина, машена чу хиира.

Районан коьртачу юьрта дIакхаччалц вист а ца хилира хIара шиъ (шопар-м кхаьрца бала болуш а вацара — цигаьрка а узуш, и ца узучу хенахь шакарца мукъам а беш, вогIура), цкъа кхуо цуьнга делла: «Со мича вуьгуш ву ахь?» — аьлла хаттар а, вукхо дуьхьал делла: «Цига дIакхаьччахьана хуур ду хьуна» — боху жоп а ца лерича. Куьйгаллин дарже сатуьйсучийн амал ю-кха иза, шаьш дечух — къолам ирбар я стоьл тIера кехаташ нисдар делахь а — цхьа йоккха къайле яр.

Шозза тIекIелдиччу цIа чохь ши райком яра: хьалхарчу гIатехь — комсомолан, шолгIачу гIатехь — партин. Бухара берш, гуттар а шайн хирг деш: кехаташ язъеш, уьш шина белхахочуьнга — цхьаъ хан тоьхна жеро, важа изза хиндерг долу, стохка ишкол чекхъяьккхина йоI — зорба йоьттуьйтуш, царна тIе ирх-пурх резолюцеш язъеш, номерш хIиттош, почтехула ярташкахь бехачу кхеран кехатийн бала хила хан йоцчу дечиг дан, и даккха, докъарш Iалашдан, бежанаш дажо, уьстагIий ларга, сискъерамашкахь хелха бийла, готанаш аха, кхин, кхин дан дезарш долчу нахе кхоьхьуьйтуш (цара уьш Iай пешахь цIе хьала ца леташ дуьхьал яьлча, дечиган буха а йохкий, ягайора, тIаккха — баркалла, шу язъян а, схьаяийта дагадеанчунна! — «тIахтIихханехь» дечигаш лелхаш хезара, чоь йохъяла йолалора), тIаккха, райкоме а кхойкхий, кабинеташ чохь царна тIера цIокарчий йохуш, шаьш Iадда дитахь, ерриге а колхозана хьалхара взносаш дIа а лур яра, ерриге а аппарат шашлык яа а юьгур яра аллалц, хьийзош, — и дерриге а деш, юьхь тIера къажар дIа ца ходуьйтуш, тIерачу гIатехь Iачаьрга хьалахьуьйсуш, уьш дуьхьал къежча, баттана там хуьлуш, царах цхьанна хи дезча, уггаре а сирланиг, шийланиг Теболат-ломара дахьаш, царна лиъча хелха буьйлуш, лиъча — лерrаш тIехь лелаш, лиъча бала буьйшуш, белча а, юха ден а бина, цара шаьш ирсе бийриг хиларх тешаш, — шолгIачу гIате хьалабовла гIертара.

Ткъа лакхарнаш, кхеран леррина тидам а беш, изза кехаташ язъеш Iара, наггахь шайна чIогIа тайнарг, чу муш а хоьцний, хьала а воккхуш: ткъа хьала тIеваьлла валлалц ша мила ву-м ханйта мегар дацара, пштта цхьаъ — ТаргIа яра цуьнан цIе — ша дIакхаьчна моьттуш, хенал хьалха Iеха а хIоьттина, шен бала боцурш дуьйцуш, вукхара муш дIа а хецна, лаьттах кхетта цIоганан даьIахк а кагъелла,гуттаренна а бухарчу тIегIанан боданехула лела висира, шолгIачу тIегIанан серлоне сатуьйсийла а йоцуш. Ткъа тIегIанаш дуккха а ма ду, шолгIачунна тIе хьалаваларх чекхдолуш ма дац, — кхин, кхин, кхин... Миска ТаргIа яI (цIе-м Матильдина тайнера цуьнан), ма хьалххехь паргIатваьлла хилла-кх хьо.

ЦIийнан неI схьа а йиллина, Аьстамар хьалха валийтира хьаьрса кIужал йолчо. ХIан-хIа, гIиллакх дацара и — цунна гергахь, хIара экха дара эккхийна керташ юккъе лоллуш, иза — тIеталлархо. Сени чу ваьлча, моггIара йолчу неIарех шолгIаниг схьа а йиллина, корта чоьхьа баьккхира хьаьрсачо.

— Схьавалийн ахь?

— ХIай, валий, ха-ха, — вела а луш, юха а ваьлла, экха тIелаьллира хьаьрсачо кIело йина Iачу таллархошна, вукхара — пхеа боьршачу стага (царах цхьаъ — куьзганаш а, важа — яхкаелла церrаш а йолуш вара), хенал хьалха хебаршка ихина (цхьайолчунна ца тов Матильдин некъ — вочу а йолу, кхиниг хаза та а лой, дIайоьду) юьхь йолчу зудчо а — цхьаьний йолуьйтуш, шайн бIаьргийн шалгутоьпаш туьйхира, кхуьнца дерг оцу минотехь чекхдаккха йолчу ойланца, амма хIара ишттa атта вужур волуш вацара, кхуо когаш тIехь лайра духхьарлера тохар.

— ХIара ву и Ициев? — хаьттира куьзганаш долчо яхкаелла церrаш йолчуьнга.

— ХIаъ.

Вукхо корта дIасаластийра, ша зеделларг долуш таллархо хиларе терра, цунна ца тайра сел гIийла, чекххьаьжча са а гуш долу экха — таллал толлуш хилча, онда, дерстина хиллехь, бакъахьа дара.

Яхкаелла церrаш ерг хьалагIаьттира. Иза вевзира Аьстамарна: ши шо хьалха каникулашка юьрта садаIа веана хIара тIеIоттавелира цунна а, юьртсоветан председательна а, и шиъ волавелла нахе жижиг доьхуш лелаш. ХIара комсомолхо вуйла хиъча, телхина церrаш йолчо элира; шаьш арадаьккхинарг Iаламат мехала гIуллакх ду, кху эвларчу наха жижиг ца дохкар бахьанехь, гIалара белхалойн класс — халкъан уггаре а кхетаме авангард — дилхаца бен ца хуьлу витаминаш ца тоьаш, цамгарша гатте бердинйна хьийзаш бу, цунделла бежана йохка ца лууччуьнга, пхи туьма ахча а доьхуш, цунах базарара, тIеоьшург шаьшшингара тIе а диллина, даьхни а эцна, пачхьалкхана дIало шаьш...

Белхалойн класс витаминаш йоцуш йита йиш-м хьаха яц аьлла, араваьлла хIара сарралц лийлира, нах сирлачу хиндолчух тешош, дехарш деш, кхетамечу авангардах сиркхо кхетча, дерриге халкъ а кхерамехь хиларх дуьйцуш, колхозийн ахархой а, гIалара белхалойн а бертахь, вовшийн куьйгаш а лаьцна, «ляляйн къинхьегамхой а бертахь, вовшийн куьйгаш а лаьцна, «лялилийн» — бохуш, йир а лоькхуш, дIаэха дезаш ма бу... Мича? Муха мича? Хьуна ца хаьа? Коммунизме. Стенна воьлу хьо?

Эххар а, наха, шайх ца тешахь а, кхуо и хаза дийцарна, пхиппа туьма схьалора. Цхьа хьуьна йисттехь Iаш волу Хьуьнарг чIогIа дуьхьал ваьллера, ша ца теша бохура, вай Сибрехара цIа дахкийчахьана, цхьанхьа дIаоьхуш хиларх, цул хьалха лелийнарг-м Iадда дуьтур вай, иза-м цхьа шайтIанийн базар яра, дIадаьллачу ткъе итт шарахь хийцаделла хIумма а дац кху эвлахь, ша хIокху юьртден гай шозза совъялар бен, нагахь доьлхуш хилахь а ша

вогІур вац, белхалойн куьг а лаьцна, коммунизме, хІунда аьлча, шена «ля-ля-я» боху йир ца хаьа дела, ца хиндерг а ца дуьйцуш, шаьш гІуллакх дахь шена шипар йохкийта пачхьалкхан мехах.

Шипар а, хьуна оьшшург а юхкуьйтур ю бохуш, чІагІонаш йира яхкаелла церга ш йолчух тешначу кхуо. Хьуьнарга элира, дикчу дайх схьаваьлла ву хьо, ахь хьайн дош лардийриг хиларх-м шеко яцара сан, амма хьо а кхара Іехийна хьуна, хьо муха ца Іехаво, хьачул уьттаза дукха хьекъалш дерш а кхара Іехийна хилча, туьйранаш а дуьйцуш.

— Накъостий! — дІаволавелира яхкаелла церга ш ерг. — Уггар хьалха суна билгалдаккха лаьа: вайн балхахь дакъалоцуш ву гІалара юккъера хьаьким Пашаев Сергей! (Куьзганаш дерг жимма хьалаайавелира). Вай тахана гулделла комсомолхочун Ицневн персональни гІуллакх къасто. Цо куьйгалла динчу литцхьаьнакхетараллин — «Алу» ю цІе — воккхачу Хьаькимо хадийна мах вай массара а бешна газеташ тІехь. Цундела кхунна дан хьакъ доллу таІзар даран сийлахь гІуллакх кхочушдар вайх тешийна. Дехар ду, накъостий, шайна хетарг олуш бистхила, — иза охьахиира.

— Цкъа собар дехьа. Ас билггала хІун дина дийцахьа, суна таІзар деш а хилча.

— Суна ца хаьа, со хьо ларвеш лелаш а вац. Амма Хьаькимо хьан иштта мах хадийна хилча, ахь цхьаъ лелийнийла-м хаьа, шеко а йоцуш!

— Оцу Хьаькиме хатта а хаттий, схьаалийша ткъа, суна иза цкъа гина а вацара я гур волуш меттиг а бац.

— ХІи-хІи, ган везачунна го хьуна иза-м, — елаелира юьхь хебаршка яхана зуда.

— Ткъа Хьаькимо доцург дийцина боху ахь? — чуьра велира церга ш яхкаелларг.

— Айса билггала хІун дина схьаала боху.

— Билггал и з а дина-кх ахь.

— ХІун и з а?

— Ц х ь а ъ дина-кх, ца динехь Хьаькимо эр а дацара.

Хьозас гайтинчу шолгІачу протокола тІера Іахарбекан къамел дара церга ш яхкаеллачо дийриг а, делахь хІара а ву-кх адамйилбазех; цундела кхуьнгара жоп а хезар дац, — хийтира Аьстамарна.

— Делахь и-м ца дуьйцура ахьа, — вистхилира иза. — Айхьа тхан эвларчу наха жижиг ца дохкар бахьанехь, гІалара белхалойн класс, витаминаш ца тоьаш холчахІоьттина аьлла, со Іеха а вина, иштта соьга и нах а Іехабайтина, — дагавогІий хьуна, хьуьна йистехь Іийна Хьуьнарг, бакълуьйш хиллера хьуна иза, аш лур ю аьлла шипар дІа а ца луш, юкъарчу сборника тІехь араевллачу сайн стихех еллачу гонорарах гІаларчу искладехь, эца а эцна, цигахь машен тІехь болх бечу ТІикилишна ши туьма ахча а делла, цІа а яийтина, дІаелира хьуна ас — и дийца гІерташ вац со-м, айхьа сан гІоьнца гулдинчу ахчанах ах заготконторан хьаькиман кисана а диллина, тІаьхьадисинарг юьртсоветан пирсдаталца декъча, хьайна кхаьчначух цхьа кІеззиг дакъа дайа а дойуш, церга ш дІа стенна ца тухуьйту ахь, дашонаш? Яхкаеллачу церга ша юьхь-сибат дохадарал совнаха, багара вон хьожа а ма оьхуьйту.

— ТаІзар! Уггаре а луьра таІзар! — тІехьа цІе яьлча санна, хьаланкккхира яхкаелла церга ш ерг. Жоьпаллин балхахь волчу стагана тІе харц цІе кхолла гІертар!

— Мелхо а, мелхо а, — цунна тІаьхьа хьаланкккхина цхьаъ бен йоцу зуда, кехат-пондар санна цІийелла, хебарш пиллигех тарделла, мохь хьекха хІоьттира, — мелхо а суна ІатІаран хьожа хета Кегийшовн багара схьаетталург. Цундела, ... ой, бехк ма биллалаш, — ца хууш элира ас дела... Дела вац! Вац. Цун... Аьлча а, п о э т о м у тоьпаш тоха-м ца оьшу, вайна ткъе вуьрхІийтталгІа шо а дац, амма итт-пхийтта шарна Сибреха хьажо-м мегар ду, цигахь шийлачохь, корта метта а богІур бу, тІаккха комсомолан белхахойх вон хьожа а йогІур яц.

— Нийсса боху! Нийсса! — хьаланкккхира хьаьрса кІужал ерг. — Тахана ас шайн уьйтІарчу Іожа тІера — вайн кегийчарна дахарехь гал ца бовлуш, лела Іама оьшу инструкцеш язъеш, кху чохь Іачу суна стоьмийн витаминаш чІогІа ма оьшу — хІаъ, ши Іаж баьккхина аьлла, хьокха а эцна, чухьаьдира хІара Ицнев. Дийла ма дийла шу! Бакъду шуна! Комсомолан белхахо, нийсархошна некъ гойтуш, кхерамечу бердаш юккъехула боданехь серло луш, кара стогар а лаьцна, хьалхахьа воьду со вен гІертар! Кхин хІун зулам оьшу?! ТаІзар! Сийлахьчу Хьаькиман дешнех шеко кхолла гІортар ца гира шуна? ТаІзар! ПхийттаТ шо! Кхин лахавер вац! Деха а ца оьшу!

Эццахь куьг а айина, вела а къежаш хьалагІаьттина гІалара веанарг, куьзганаш та а дина, вистхилира:

— Накъостий! Шун семалла, принципиальность, классан мостагІашца луьрчу къийсаме хилар Іаламат дика ду. Амма вайн Іедал, дуьненчохь мел долчарал чІогІа, къинхетаме, гуманни ду... Цундела аша боху таІзар дича, нийса хир дац, цу тІе и деш хилча а, цхьацца ф о р м а л ь н о с т а ш лелон а еза — суд-муд, кхиерш. — Йовхарш а тоьхна, галстук тайира цо. — ТІаккха, накъост Ицневс бохура, ша билггала хІун дина схьадийца. Дуьйцур ду. Масех де хьалха дипломаш схьаоьцучохь советски хьехархой а, лакхарчу дешаран социалистически заведенеш а емалъеш, къамел дина, кхо-йиъ буьйса хьалха цхьана студентан хІусаме а вахана, цигахь ша саннчу Балаевх а, Зазаевх а кхетта, ца магош долу къамелаш... Зазаев, шу марша, дукха къаьркъа маларна велла карийна Соьлжан тІай бухахь стомара. Иза селхана дІавуллучу баьхкина яздархой а бара. Поэт Буркъушевс элира соьга: «Хьекъал долуш а вара, похІма а дара, яа а, тІеюха а хил-

ча, дезчу денна стихаш а язъеш, ца Іаш, шен гІуллакх доцург дуьйцуш, къаьркъанаш а муьйлуш, хІаллакьхили». Хьо, Ицнев, цуьнан новкъа вала гІерташ ву...

— Тоьар ду! — хьаланкkхира Аьстамар. — Кхин Зазаев багах ма ваккхалаш. Цо Іаьржа Іов тоьхначу доьшанах шен са ца доьхкинера...

Эццахь, кхин къамел дІа ца далуш, легашкахь велхаран хорам а хилла, охьахиира иза.

Чохь хІоьттина тийналла а йохош, диллиичу кора тІе а хиъна, цхьа олхазар дийкира. Аьстамарна дІасахьаьжча, чуьрачийн бІаьргашкахь, хІинццалц хилла йоцу, адамаллин серло гира. ХІинцца цара: «Бехк ма билла, хьо эрна хьийзош хилла-кх оха, дала аьтто бойла дикачу гІуллакхаш тІехь», — эр ду-кх аьлла хийтира. Цул тІаьхьа царна гечдан кийчча, лаьтта бІаьра а хьаьжна, вехха Іийра иза. ТІаккха уьш, бист ца хуьлуш, хье а бела, юха а цаьрга хьаьжча, кхийтира ша галваьлла хиларх, церан бІаьргаш чохь адамаллин серло йоцуш (я кхунна гинарг корах чу кхетта маьлханиг хилла техьа?), хьалхалерра аьчган керт яра.

ГІалара веанарг кора тІехь Іен олхазар дІаэккхо гІоьртира, «Мегар ду!» — аьлла язйина резолюци йоццушехь и дека хІоттарх цец а ваьлла, амма важа дІа ца доьдуш, чоьхьа а даьлла, сонехь лаьттачу сейьа тІе хира. ТІаккха цу чохь мел верг, цхьа Аьстамар воцург, цунна тІаьхьа велира, йилбазмохо ло санна, чан а айина: «Лацалаш! Доьду шуна! ДогІу шуна!» — бохуш, маьхьарий а хьоькхуш, бІаьргаш хье тІе а девлла, багара шеташ а оьхуш, цу тІехь когаш шершаш, лаьттах а бетталуш, тІаьхь-тІаьхьа оьгІаз а, хьерабовларна герга а оьхуш. Амма олхазар ша лоцуьйтур долуш дацара. Иштта чухула хьийза кІордийнчул тІаьхьа, араэккха дагахь, ма даггІара кора тІе кхетта иза, лаьтта дуьйжира. Маьхьарий а девлла тІехьаьвдира вуьйш, амма церан куьйгаш тІекхачале, тІома даьлла, чухула дІаса а хьаьвзина, юха а дахана кора тІе кхетта, зІакарх цІий а оьхуш, шершина кора хьалха охьадахара.

Массо а цунна гуо бинччохь севцира, кІоргга сиюош а дохуш, шаьш хІун дийр ду а ца хууш, цхьамма омра даре я инструкци яийтаре хьуьйсуш. Хьаьрсаниг — хебаршка яхана юьхь йолчу зудчун бІаьра вогІавеллера, важа — яхкаелла церган йолчу Кегийшовн, иза — гІалара веанчун, хьаша корах ара хьоьжура...

— ДІахилал шаьш деш дерг дина девллехь, — хьалагІаьттира Аьстамар.

Массо а, даккхий сиюош а дохуш дІасахилира, кхо са дала ийзало олхазар, схьа а эцна, коре диллира, сел хьоме хетта сийналла тІаьххьара ган цуьнан аьтто а беш.

ТІаккха чуьра берш, шайна тІера чан-хІума дІайоккхуш, бедарш тІе куьйгаш детташ, галстукаш нисъеш, садеІар метта дало



гІерташ хьаьвзира, зудчо шен пондар тІера пудар-басар карладаьккхира.

Эххар а гІалара веанарг, ша хьалха хиллачу дІа а хІоьттина, къамел дан волавелира:

— ...КІеда аьлча, Ицневгара дийлла гІалаташ дуьйцуш вара со. ТІаккха цигара ваьлча базара а вахана, уггаре а лекхачу кхура тІе а ваьлла, юха а ца магош долу къамел дина ахь. Цул тІаьхьа Илланчица, аьлча а, вайн заманал тІаьхьайнсина шен ойланаш а, хабарш а бахьнехь юкъаралло юьстах а теттина, хьуьна йистехь Іачу, кога мачаш муха юху а дицдаллал акхаваьллачу Стигаловца цхьана националистически къамелаш дина ахь, сатаса герга даххалц, тІаккха цхьана йоккхачу стеган — баккхийчарна наб Іуьйре улло гІоьртича бен ма ца кхетий — синтем а бохийна ахь, тІаккха № 1 йолчу карьераурхаллин экскаваторщик, коммунистически къинхьегаман ударник Эчигов а кхерийна, Іедалан экономически политикина дуьхьал къамелаш а дийцина, цигара ваьлла вогІуш, Матильда Матаевнина ницкъ бан а гІоьртина, ведда хьуьнха ваханчу хьайн бераллин доттагІчунна Хьозина... (эццахь чохь болчаьрга цеце мохь белира: «Иза, бердах а вахана, вала ца велла?» — «ХІан-хІа».), хІаъ, Хьозина тІе а кхаьчна, хІун зулам а дина , иза веддийла хиъча а, цуьнцара доттагІалла дІа-м муххале а ца хадийнера ахь, и емалвеш районан газете кехат а яздеш, мелхо а цунна яахІума кхехьа тІе а лаьцна, цІа веана, тккъа цІахь хьо кхуза схьавало ваийтинчу комсомолан жигархочунна хьокха тоха гІерташ а хилла хьо, цул сов, кху чохь ахь динарг а гуш ду. Тоьий хьуна?

Шен мел чІогІа сакІамделлехь а и дерриге а хьуна мичара хаьа аьлла, ца хьаьттира Аьстамара.

— Тоьар ду уьш-м итт стагана а. Делахь а и дерриге а зуламаш ас сийлахьчу Хьаькимо суна цІе тиллинчул тІаьхьа дина ма ду, — элира цо. — Цул хьалха ас хІун дина дийцахьа.

— Хьахь-хьа, — къежира гІалара хьаша. — Сийлахьчу Хьаькимна хиъна-кх ахь хІун дийр ду. Декъала хуьлда иза а, цуьнан сирла хьекъал а! Хьоьга цхьа а зулам ца дайта, хьалхехь хьуна тІе тидам бахийтина хилла-кх цо, амма хьо ца Іий-кх.

Цунна дуьхьал ала хІумма а дацара Аьстамаран, и хуучу гІалахочун аз, тІулгах долуш санна, чІагІделира.

— Цундела, ас лакхахь дийцинарг тидаме а эцна, вай цхьабарт боллуш сацам бо, «Алу» литцхьаьнакхетараллехь идейно-эстетически а, интернационально-атеистически а болх ца барна, ма даллу чІогІа луьра выговор дан!

— Ма гуманни а ю вайн юкъаралла, — бІаьргех хи делира зудчунна.

— НитІ, маржа Советан Іедал яІ! йист йоцуш бу-кх хьан къинхетам! — мохь элира, арахь кора кІелхьарчу гІанта а хиъна, буса шина райкоман цІа лардечу воккхачу стага, дийнахь а цІа ца

воьдуш кхузахь Iара иза, ха дарна дагца кечлуш, буьйса тIекхачаре са а туьйсуш.

— Дукха дайн таIзар-м дац техьа? — шекьхилира Кегишов.

— Комсомолера дIа мукъане а ваккхийтахьа, — дийхира хьаьрсачо.

— Аша оцу гIуллакхан дискусси е, тхойша цкъа юьстах вер ву. Валол, Ицнев,—гIалара веанарг, хIара а эцна, дехьа чу велира.

Кхунна цхьана гIанта охьахаа бакъо а елла, ша и ца деш, цигаьрка а латийна, цкъа кора хьалха соций, кIур дIахоьцуш, урамехула хехкалу машенаш а, буьйлабелла лела мехкарий а — дийнна шарачохь шаьш гулйина хIуманаш тIе а юьйхина, генарчу ярташкара баьхкинарш а (уьш къаьста кхечарех нйзалучу боларца а, хьажарца а, духарца), кхузарнаш а — тергал а беш, тIаккха вуха а воьрзий, кхунна хьалха дIа а хIуттий, вела а къежаш, корта а лестош, гIеххьа хан яйира гIалара веанчо. ТIаккха:

— Суна хьайх льацна массо а хIума хууш хиларх тешний хьо? Тешнехь, айхьа хьалха мел лелийнарг, хьаьнца хIун къамел дина, маца, мас сахьт даьлча, мича меттехь дина а, цундела Хьаькима бохург бакъду, со гIалатваьлла, муьлхха а таIзар хазахетарца тIе а оьцур ду, кхин сайгара и тайпа гIалат долуьйтур а дац, гечдар доьхуш гор а вужу алий, кехат язде. ТIаккха хьан гIуллакх толур ду масех шо даьлча, оцу хена чохь динна а, ширачу гIиллакхашна а лен а ле, шеташ а етта.

Баркалла. ХIара-м гуттар а реза вара Хьаькимна, къаьсттина жимчохь ишколе оьхуш, класс чохь шийла хилча а мегаш, массо а Iилманехула пхеаннаш дохуш, ткъа «Обществоведени» боху жайна-м ах дагахь а хаьара: цу тIехь ма дара уггаре а хаза хIуманаш, туьйранашкахь а доцурш. Массо некъ а схьабиллина бу! Хьанна? Массарна а! Суна а! Мича доьлху и некъаш? Серлоно къагийнчу Нийсонан, Маршонан, Ирсан махка! Мичахь бу иза!? ДIо анайистал дехьа жимма дIавахчахьана дIакхочур хьо, дукха меттиг а ца йисна хьуна, хьалхатаIа! Сан мостагI ву Хьаькимна хIума аьлларг. Вай цIера даьхна боху ахь, орамаш а хедош, дарцаша, мехаша лоькхучу есачу аренашка охьа а кхийсина, цигахь цхьаберш шелонехь гIора а бина, хIаллак а хиллера, дийна бисначеран сиош дахьийнчохь диспа, аьхка а дох ца луш бохy ахь? Иза гIалат хилла! Иза кхин хир дац. Дерриг а нехан дуьхьа, халкъан дуьхьа ма ду! Хьуо ца тешахь хIара книга еша. Харц хIуманаш ца яздо хьуна книгаш тIехь, иштта хаза зорба а тухуш, иштта дика мужалт а кечъеш. Аьшпашший? Ахь хIун дуьйцу?! ОстопируллахI! Кхин ма аьллахь. Ахчий? Ахь хIун дуьйцу! Кхо, Аьстамара стенна луш ду ахча? Итт шарахь, кечам баран класс а лерича, цхьайтта шарахь, тIехдика доьшуш, хазахета а дниъ ца доккхуш, массарчул а чIогIа, мохь туххуш стихотворенеш а йоьшуш, хьехархошна везийта хууш, царна бага хьаьжжина волуш, «Вихри враждебные», «Взвейтесь кострами», «Орленок», «Широка страна», «Смело товарищи в ногу», боху а, кхин а, кхин а эшарш дагахь а, массарачул сиха пионерийн цIе лато а хууш, олимпиадашкахь а, тиша эчиг (кхуо ша цхьамма гулдинарг шарахь дIауьйзира гIалара яхкийтинчу КАМАзаша) гулдарехь а, «Зарница» ловзарехь а хьалхара меттигаш йохуш, тIебаьхкинчу хьехархошна Iаьнан заманахь дечиг доккхуш, царах цхьамма — гуттар а ахъерзина хьулур-кха иза, цхьацца бахьанашца хIара и йолчу вахча, — аьлларг дина, бердах а эккха кийча волуш, массо хIуманца нисвелла схьавеанчу кхунна ца елла дашо мидал хьанна лур ю? Ца оьцу хьуна массара а ахча! Цхьана а хьаькиман йоIана я кIантана дIалур яц хьуна кхуьнан мидал! Ма аьллахь! Ца оьцу хьуна гIаларчу хьаькимаша ахчанаш. Ахь хIун дуьйцу? Оццул лекхачу цIеношкахь, дийнахь шозза горгам хьоькхуш цIанъечу чоьнашкахь, кIайн кучамаш а юьйхина, галстукаш а йихкина Iачу цара, оццул дика: «Вайн некъ нийса бу! Вай дIакхочур ду ц и г а!» — бохуш, къамелаш дечу цара муха оьцу кхаьънаш? Амма хила кхуьнга ма-баххара хилира: хIара тIаькхаьънаш? Амма хила кхуьнга ма-баххара хилира: хIара тIаьхьа идийтина, идийтина, «хIуьссек езарий хьуна», — аьлла, мидал ахча ца кхоийнчунна дIаелира. Доккха хIума даьлла, мидал ахча ца кхоийнчунна дIаелира. Доккха хIума дацахь а, хала-м хийтира, делахь а иза цхьа гIалат хир ду, хIинца дуьйна дIа дерриге а дика хир ду, «Обществоведенис» ма-боххура аьлла, ойла сацийра. Цундела гIала деша а вахана юкъарIойлехь Iаш а, гуттар а доьшуш, мотт а, литература а доггах езаш, юха а пхеаннаш дохуш, нийсонан гIо лаца а, цхьанна а новкъа ца хила а, ур-атталла юьхь-куьг дуьлучу вахча гIовгIа ца ян а дегIерташ, бакъду, цкъа чо лаза а яьлла, ларамаза хилира... ДегIерташ, бакъду, цкъа чо лаза а яьлла, ларамаза хилира... ХIалахь а и бахьана ма дац, Хьаькимо кхунна доцург дийцал. ХIара-м кхеттера аша лелочух. Нах стенна Iехабо аш? «ХIай, схьаара довла, вай футболах ловза доьлху», — бохуш, нах стадионе а кхойкхуш, цигахь боккъал а футболах ловза баьхкинчаьрца регбии бакъонаш лелош, Iункар, бертал бетташ, ткъа нийсо латтае аьлла шок бага а йоьллина Iаьржа турсий, коччий юьйхина, майданахула дIасауьду кхиэлахо, кхаьрца бала а боцуш, кхеран аьрзнашна — къора, бохамашна — бIаьрзе, кхеран оту когаш, тергал ца деш, вукхара кевина чу етта буьрканаш шийлла ягаръяр бен кхин деш хIума доцуш, лела шайн стаг а хIоттийна, адамаш стенна хьийзадо аш?.. Цхьаьнакхетар йисте гIоьртича, гонаха хевшина Iачу масийтта эзаро летарх, кхеран цIийх там хилла, хьоькху маьхьарий хьаха доладелча, эшаман жамI «0:17» хилча, Iехийнарш кхета шайца регби ловзуш хиларх, амма дукха тIаьхьа Iехийнарш кхета шайца регби ловзуш хиларх, амма дукха тIаьхьа хьулу. Оцу шун Хьаькиме ала цхьа хIума дара-кх кхуьнан, Аьстамаран: футбол ю бохуш, нах ца Iехош, хьайн регбин бакъонаш ловзар дIа а доладалале нахе дIаалахьа, кхин а дика хир дара уьш ахь газеташ тIе зорбатоьхча, телегарехула схьаоьхьча, радиочухула — схьайийцича.

— Сацийтта! — мохь а хьаькхна, шен цигаьрка лак хьаькхна-

чу стоьл тIе а таIийна, цу тIехь хьоькх а юьтуш, дIаяйира гIалара веанчо. — Хьо кхета а ца воллу, — корах ара ластийра юьхк, тIаьхьа, «чкъурт» аьлла, шеташ кхуссуш.

ТIаккха хIара а эцна дехьачу а ваьлла, стоьла хьалха а хIоьттина, йовхарш а тоьхна, куьзганаш а тадина, къамел дира цо:

— Накъостий! Комсомолхочунна Ициевна, «Алу» литцхьаьнакхетараллин атеисто-интернационалнстически болх ца барна, «ГIала кхаьчна пхьидаш» (эццахь: «Пхьидийн хIун бехк бу?» — мохь туьйхира Аьстамара, вукхуьнан лерех а ца хьакхабелира иза) боху стихаш язъярна, — вайн социалистически гIалахь яц пхьидаш, уьш юьртахь уьшалахь ю (ойлаел аш мичахьа уьйзу: пхьидаш уьшалахь еха, ткъа уьш вайн столицехь ю, делахь столица уьшал ю-кх... Яц, накъост Ициев, пхоьазза тIекIелдина цIенош, уьссаза тIекIелдина ши цIа а мича хьо ахьа? Уьш далур дуй уьшалахь? Дац.)... — ас хьалха дагардина зуламаш дийлийтарна, учетан карточки тIе дIа а яздеш, уггаре а луьра выговор дан.

Дерригенна а кийча, гIалара веанчуьнга хьаьвсира чуьрачийн бIаьргаш, ткъа яхкаелла цергаш йолчо жIаьлин муьтIахьаллийца аз доцу дехар дора: «Цо Хьаькиман дешнаш шеконе ма эцна, тIетохахьа хан... аьлча а, чIагIдехьа таIзар».

— Цкъа охьа а вахана, дага ца ваьлча, сайггара и дан ваьхьар вац со. Бакъо лахь, хаьхккина юхавогIур ву, — элира гIалахочо.

Шаьлтанаш санна, ирх дахара куьйгаш.

Аравала неIарехьа волавеллачу Аьстамарна шена тIаьхьа тебна вогIуш цхьаъ тосавелира. ХIара вухахьаьжна валале, гIалара веъначо:

— ХIара хIун ю хьан? — олуш, катоьхнна тIома кIелхьара папка дIаяьккхира кхуьнан. ТIаккха жоьпе ца хьоьжуш, стоьла хьалха а вахана, дукха лерина, бомба йолуш санна, меллаша, дIаяьстира.

— ОхI-хIай, — паргIатваларап доккха садаьккхира юккъехь дерг гича. — ХIорш грамоташ хилла. Хьовсийша, дукха кIезиг юй? Амма хIоккхара хьо кIелхьара воккхур вац. Мелхо а кхара гойту, ахьа хIинццалц юкъаралла Iехийна хилар, хьайн дог-ойла ма-ярра гучу а ца йоккхуш. ЭхI! Кегишов, ахь елларг а ма ю кхузахь?!

— Бехке ву. Ца вевзара, гечдехьа, — цуьнан когех шен букъ хьаькхира яхкаелла цергаш йолчо.

— ДIаэца хьайн бахам, — эххар а схьаелира гIалахочо папка.

Урамехула автобусан социйле воьдуш, Аьстамарна дагабаьхкира шен сийсарлера кхерамаш, Анасан хелхар, цуьнан тамашийна мукъамаш, божала гонаха хьийзина гIам... Вочу синхьехамо хьовзийра дог. СагIийна хIума яла еза, цо юхатотту бала. Хьанна луp яра техьа? ДIасахьажархь гуш стагга а вац, гIалахь-м ког мел баьккхинчохь бара уьш. Юьртахь ца хуьлу-кх сагIадоьхурш. ДIога схьадогIучу берашна лур ду-кх, бераш уггаре а цIена адамаш ду, царна делча дикахо а ду. Ши кIант, цхьа йоI. ХIинца а ишколе оьхуш а хир дац уьш. Нанас кисана таIийнчу пхеа соьмах кхоъ дIалур ду — цхьацца.

— Шу мича доьлху?

Бераш, цец а довлий, совцу: хIара мичара ваьлла?

— Ца дуьйцу, — елало йоI.

— Стенна?

— Хьо тхуна вевзаш а вац.

— ХIа-ан, цхьацца сом ду шуна. Шайна кампеташ эца.

Уьш дуьйлура, цирке жухурган забарех санна.

— ДIаэца.

— Ца деза. Тхан долуш ду, — дуьйлура.

— ДIаэцийша. СагIийна луш ма ду, — бIаьргаш чу хиш хIоьттира кхунна.

Дийлар сецира, йоI, тIеян дагахь, шина кIанте дIасахьаьжира.

— ХIан-хIа, — элира вукхушимма цхьаьний. ХIара хьераваьлла стаг волуш санна вуха а хьоьжуш, йоьIан цхьацца куьг а лаьцна: «Юха ма хьежа!» — бохуш, и чехаеш, дIавахара и шиъ.

Социйле дIакхаччалц, кхин жима бер а ца гира, цхьа шийттакхойтта шо долу кIант бен. Ца хуучуха кисанара ахча охьа а дожийна, кIанта хьалаэцахь, цунна и сагIа дан, дагадеара Аьстамарна. ДIа-м дага ма лаццара доладелира, амма кIанта, ахча схьа ма ийцци, тIаьхьа мохь туьйхира:

— ХIей, накъост! ХIара хьайн ахча...

ХIара, и ца хеза сурт а хIоттийна, дIаяха тохаеллачу автобусна тIекхиа гIертачуха, шен ницкъ маббу социйле хьаьдира. Ткъа важа яйчу атлетикехула кегийчарна юккъехь дуьненан чемпион волчух тера дара: иза ведда, кхунна уллохула тIех а иккхина, автобус лаьттачу дIа а кхаьчна, цигахь чехкалла жимма охьа а яьккхина, дуьхьал веара.

— ХIара хьайн ахча дIаэца.

— Сан-м дац иза.

— Муха дац? Суна ма гира и хьан кисанара охьадужуш.

— Хьайна дитахьа, сагIина...

— Ахь хIун дуьйцу? — таIIийна, кхо сом кхуьнан кисана диллира цо.

Автобуса чу а хиъна, охьавогIуш, са тедора Аьстамара: некъ дIахьаьвзачу кхаччалц ткъа кепек бен мах бац, сом дIа а делла, диъ эппаз — кIезга-м ду иза, делахь а даггара делча, дадас мааллара, шен дарже дIакхочур ду хьуна — шопарна дуьтур ду-кх.

Ах сахьт гергга хан яьлча, автобуса тIера, цхьа сом охьа а тесна, кIел иккхира Аьстамар. Амма шопаро, неI схьа а йиллина, мохь туьйхира:

— ХIай кIант, хIай! ДIаэца хьайн ахча.

— Ас хьуна дитина иза... сагIина.

— ВаллахI ца дитна суна-м. Схьавоьл, дIаэцал хьайн диъ эппаз. Ахь сагIина хIума яллал гIад дайна а вац со. Хьан а, хьан ворххIе ден а ца хилла бахам а белла дала, сайна дика вехаш ву со Гикалон поселкехь. СагIа дала-м стаг карор ву хьуна.

— Мичахь ву иза?

— Ахь хIун дей, кIант, со бег вакхха а ца гIерташ, дIаяхийта хьайн бекъа, валлахI аса, — охьакхевдда, мотор хьалалатон тIам схьа а эцна, аракхевдда шопар, гай таса а делла, висира. Эццахь цхьана воккхачу стага:

— ХIай къонах, хIай! Оцу кIанта хьоь бохуш хIумма а дацара, хIара машен дIаяхийтахьа, — аьлла, дIайолаялийтира автобус оьгIазваханчу шопаро.

«Доккха хIума ду-кх, сагIина хIума яла стаг вац бохург», — диъ эппаз буйнахь а къуьйлуш, лаьттира Аьстамар вехха. ТIаккха цхьаьцца ког а боккхуш воьдуш, Органна тиллинчу тIай тIе кхаьчча, цунна юккъе дIа а хIоьттина, хиэ хьежа хIоьттира иза. «Орга, хьуна гина хийла вон, диканаш лаьмнашкахь. Кхузахь хийла тIаме вийлла, хьох тарвелла ца луш яхь», — иттех шо хьалха яздина могIанаш дагадаьхкира.

Кхуьнан а хир ю яхь, Орга, хьо Соьлжал дуккха а цIена делахь а, хьуна тIехь хьена хьоькхнаш яцахь а, тIаьххьара хьан хих а, гIамарх а Iаьбна къайла цаваллал. Кхо дийр дац иза, Орга, хIара хьан тулгIенашка а хьоьжуш, шен баланаш хьоьга дIа а буьйцуш, ахь уьш, хьайца дIа а баьхьна, Дуьненан Боккхачу ХIорда чу дIакхачорг хиларх тешаш, — цигахь уьш, туьха а хилла, буха гIур бу—лаьттар ву, тIаккха волавелла цIагIур ву, шен декхарийн мохь-хIокху тIаьххьарчу масех дийнахь базбелла и — дIакхехьа.

ЦIеххьана хин цхьатеррачу тулгIенаш тIехь цхьа кехаташ гучудевлира, дикка хьаьжча девзира Аьстамарна уьш: кхуьнан грамоташ яра, хиэ ядийна хьош, хьалхаяьлла пионерлагерехь маIа чIогIа лакхарна елларг а йолуш, цунна тIаьхьа—вуьйш, салтий санна, могIаре а хIиттина: дика дешарна, юха а дика дешарна, вон ца леларна, газетахь жигара дакъалацарна... МогIа берзабора уьш юккъехь лелийнчу папкано, иза яржа а яьржина йогIура — чуюжуш схьаястаеллера.

Аьстамар, хиллачух ца тешаш, тIома кIел хьаьжира: яцара папка, иза боккъал а хи чу йоьжнера. Юха а Органца охьа бIаьрг тоьхча, хиэ голатухучу бердаш юккъехь къайлайовлуш гира цунна уьш, тIаккха — тулгIенаш, тулгIенаш, тулгIенаш.

Борз. Аса иштта олу хьох, хьо цхьаъ бен воцу деваша хилча, хьан цIе яккхар суна бегIийла а дац, цу тIе хIетахь хьуьнхахь ахь соьца къамел деш, адамал дуккхах хьо борз хийтира суна.

Борз, суна хеза хьан угIар, цуьнгахь — дуккха а стеган велхаран эшарш а. Нагахь хьуна хIокху эвла йистехь долчу наха дIатесначу цIа чохь цIенкъа юккъехь охьа а хиъна, ши ког, ши куьг дIаса а тесна, воьлхучу сан аз хазахь, хьуна а тосадалаза Iийр дац цу юккъехь берзан угIар. Хаддаза вилхича, хуьлуш гIоле а йоцуш, угIаре волуш хилла-кх стаг. Со делкъал тIаьхьа охьавогIий сарралц воьлху, иштта кхуза охьа а хуий, туьнкалг а йоьхна, тхов тIера чу оьхучу ладарша дакъазаяьккхинчу поппаран пеше а хьоьжуш, наггахь пена тIехь кхозу цаца — и хIунда битина техьа кху цIийнан нанас, ша дIайоьдуш я кхунна шена дIабаха лууш ца хилла техьа, карара охьаэгаш, хахкалой паднара кIел а лечкъаш? — схьа а оьций, сайн бIаьрхиш луьтту ас, цул тIаьхьа чу мотт Iоьттича, дуьра хуьлу — туьха дуьсу, хи поппаран цIенкъано дIахуду.

Ву-у-хIу-хIу. Ву-хIу-хIу. Борз, хьо бакълуьйш хиллера, суна хIетахь тIекхаьчнарг кхин доккха хIума а ца хиллера, тIекхача кечделлачуьнга хьаьжча, хьуна-м хьалххехь тосаделлачух тера дара иза — суна хезира хьан угIар. Цхьа дагахьбаллам бу-кх: цу дийнахь сайгара сагIа дIаэца стаг а ца карош, цIавар. ХIетахь и сан сагIа къобал хиллехь, тхан керта ца дан а тарлора и гIам со хьуьнхахула цIа веъначу буса оха кхаамма — Ашмис, Анасий, асий — лехнарг, божална го а туьйсуш. ГIемо къахьйира вовшашка йолчу марзонах, серлонах юьзна хилла хIусам. ТIаккха хIора а дIахьаьдира ара, дагчохь оцу хиллачу, доь а ца дуьсуш йоьхначу хIусамах Iийжаме дагалецам а болуш, цо кийра цIарца морцуш, ткъа Анасан догу дог геннахь муттанечу, хьаьжча йист а ца гучу доккхачу хи чохь гуттаренна а шелделлера. Дахаран марзо яйна, и лоьхуш, кхетаме беъна сингаттам дIа муха боккхур бу ца хууш дуьненан массо а маьIIехула хьаьдда лела иза цу хи тIе кхаьчча, цуьнца, шел ээзар-ээзрза ондачу ницкъаца, къовса а велла, цо ши ког, ши куьг а дихкина, чуозийча, «ХIей!»— дерриге а адаме орцане мохь а аьлла, амма и орца ца кхуьуш, бухарчу гIамарийн махка чуваханера. Ву-у-хIу-хIу. Ву-хIу-хIу.

Борз, хьо паргIат хила мегар ду хьуна, хьан ваша Гунаш ваха ма ваххара дIа а вирзира — имане, хаддаза делан цIе а багахь. И дIаваханчу буса, сатоссуш, набаран тар тесча, Анас гира, хилаза хьаьрса хьечаш дууш. «Муха яра Дадин тезет?» — элира цо, оццул дукха нах вайн халахетаран дакъалаца гулбаларх воккхавеш. ТIаккха охашимма цхьаьна кемсаш а йиира, сирла-сийначу хийнсте а хиъна, цу чу а хьоькхуш, цIан а еш. Ву-хIу-хIу, ву-хIу-хIу.

Борз, оцу дийнахь дуьйна, суна тIеоьху догIа, коч гуттар а тIуьна ю, сайх уьшалан хьожа йогIу. Со воьлхуш, хьо санна баттe хьоьжу, кху лаьтта тIехь а ца кхуллуш, цигахь, батта тIехь, я цхьана седанна гонаха хьийзачу лаьтта тIехь — мичхьа а, харцо кIезиг, баланаш а — иштта, ткъа син марзонаш а, ниисо а алсам йолчохь — кхоьллина хила велара бохуш. Собар хила деза боху ахь, Борз? Массо хIума а лан деза? Ас дIакхехьа дезаш

дуккха а ду? Хеза суна-м хьан доIанаш, суна деле гIо доьхуш ахьа деш. Иштта-м, дIога Iина йистехь евллачу, тIедеттачу догIанах ас ларийнчу коьллаша ден доIа а хеза, зингаташа дийриг а, Воккхадада шен бухахь Iийначу попо деш а... ГIенах дуьхьал догIучу Анасан сино а гIо до, делахь а шена хала ду боху цо, со иштта ган. Цундела, хирг деш, со муьлххачу а — тIе эчиг тоьхначу, эрз я шипар йиллинчу, я латта тесначу — тховх чекхдуьйлуш, хаддаза тIеоьхучу дуькъачу догIанал тола-м гIерта; набаран тар ма тесси, цо са а дукъдой, самавоккху. ХIан-хIа, ца вицвелла хьуна со, иза а алий, хьайх къа ма латаделахь: хьо а, хьан хьеханна а, хIаваъ а хилла стиглахь дIаяйна Лайса а, хьалха мел баьхнарш а, кху лаьмнийн махкахь къинхетам, вовшех доглазар чIагIдан гIиртина Воккхадада а, синош цIа а даьхкина, дегIан чархаш гуттаренна а хийрачу махкахь Iахка бисинарш а, и стен, элхьамчин, хьаьмцийн, коканан коьллаш а, хIинца дадий, Анассий а — берриш а биц ца беш кхетамехь латтош, сайн иэсехь церан оьмар яхъеш, лелар ву. Царах лаьцна яз а дийр ду, тIаьхьа богIучаьрга дешийта, тIаккха цара а лелор бу уьш шайн синошца, тIаккха — царна тIаьхьа богIучара а... Серлонах, вовшашка йолчу марзонах йоьттина хиллачу гIалех а, иза йохарх а лаьцна яздийр ду, кхано тIаьхьа. Дуькъачу догIанехь волчу, оцу гIалин сингаттамечу херцаршкахь вехачу суна хала ду и хIинццехь дан. Нах, и ас яздинарг а доьшуш, и гIала бIаьргаш хьалха а хIуьттуш, цIанлур бу сица, цо гIо дийр ду царна бохамехь шен серлонца. Иштта гуттаренна а кехата тIехь буьтур бу ас дукха хан йоццуш чIогIа лаьттинчу вайн цIийнах дагалецам. Ву-хIу-хIу. Ву-хIу-хIу.

ДIасацадо ас сайн велхар. ХIинца цIа ваха веза. Кху цIа чохь баьхнарш, оцу дехачу кхойтта шарахь кхуьнга са а тийсина, хIара ца гуш делан кхиэле берзарна кхоьруш, белха а билхина, цIа кхаьчча, хIара йилбазаша а, гIемаша а дIалаьцна а гина, кхин цаьрца ца къуьйсуш, дIабахана. Изза дича? ХIан-хIа... «Хьайн сина тIех ницкъ бо-кх ахьа. Хьераволучу зила тIе дIакхаьчна-кх хьо. ГIала гIой а хьайн сапаргIат даккхахьа»... Нана, нана, хьо массеран а дог эца гIерта, ткъа оха массара а хьан дог дохадо. Дуккха хан ю хьуна со цу зила тIехула схьавогIу, дехьа вер вац со. Ма кхерахьа, нана. Ткъа гIалахь хIун сапаргIат дер дара сан? Со цунах ведда веана ма вара. ГIала...

ТIекIелдинчу цIенойн кораша тIедехкина набарна дазделла бIаьрнегIарш. Дукхахдерш, вукхарна чохь хIинца а серло йогу. Стенна ца буьйшу царна чохь Iийраш? Цхьа синкъерам я...

Наггахь, тийналли тIехь гIовгIанан аса а юьтуш, урамехула, хахкалой, чекхъэккха цхьалха машен. Иза вехха хьоьжу оцу асане, иза цунна лай тIехь говран салазо йитинчух тера хета. Ло диллинчу хенахь цIена хуьлу, тIаккха цунна тIехь лараш, хьоькхнаш, томмагIаш гучудовлу.

Жималлехь хIоранна хьалха Iуьллу ло диллина аре — дахар. ТIаккха иза цу тIехь лараш йита волало. Лараш. Кхунна го шен лараш. Цаьрца ведда вуха а вахана, вухаволавала йиш хилча... ТIаккха хир бацара дагахьбаллам.

«Вахь-хьа-хьа». Иза Iадаво оцу веларо. ТIекIелдина цIенош ду кхунах доьлуш. Шинна а агIорнаш, Коран бIаьргаш а дегош.

— И дан йиш ма яц. Хьо кхузахь лаьтташехь зама дIайоьду хьуна.

— Мичахь?

ХьалхахьаьжинчУ цунна го цIеношна лакххахула, буьйсанах де а деш, лепа а лепаш, дIайоьду зама.

— Зама, зама, зама... — дехарца кхойкху иза.

Амма иза дIайоьду, кхуьнан тидам а ца беш. ДIайоьду анайисте кхаьчна.

Аьстамар, хьо тховса а лаьтта дIаяханчу заманан марзо дагалоьцуш. Хьан лерехь дека хIинцца масех сахьт хьалха ахьа чукхайкхина хиллачийн аьзнаш. Уьш кхоъ вара. Хьан жималлин доттагIий. ХIетахь шу цхьаьна лелара. ХIетахь аш къамелаш дора, шу вовшех даккхийдеш дара.

Шу дагахь дара йоккха стоьмийн беш кхио. ХIора бIаьста заза а доккхуш, гурахь стоьмаш а луш и латтийта. Стоьмех цхьа а бохка а ца хьош, нахана дIабала. Аш дIадуьйгIира синтарш. ТIаккха цунна тIехь дола ца деш, цхьацца волуш массо а юьстахвелира. Беш хьуна йисира. Ахь хIун дора бешах? Вуьйш а ца хилча.

БIаьстенан муьста юьхь. Лой-хаттий цхьананйна юьртан урамаш. Малх дIа а буьзна, шеллучу хенахь веара иза юьрта. Хатт боц-боцчу вала гIерташ, некъаца дIаса а кхийсалуш, вогIура иза басах. Хьуна чIогIа хазахийтира иза вогIуш гича.

Стенна делахь а сахьийзара хьан. Солса гучуваьлча дерриге а дицделла, сапаргIатделира.

Цо шен мачаш цIанйинчул тIаьхьа шуьшиъ чувахара. Аннаш цIийзара когаш кIелахь.

— ХIара ю шун клуб?

— ХIаъ.

ТIаккха шуьшиъ тIаьххьарчу гIента а хиъна Iийра, шелонах хаба а хебна. ГIийлачу эшаре ла а доьгIуш:

Дуьне, дуьне, маьлхан дуьне,
Зезагашлахь Iуьллу хьо...

И йиш локхучу зудаберийн куьйгаш цIийделлера, хIетте а аз шийла дацара церан.

Шуьшиъ цу чуьра ара а ваьлла булучу боданехула вогIура, хIинцца хезначу эшаран мукъам а беш шакарца.

— И сайна хезча, гIагIъаьлла воьлхур вара со, — элира Солсас.
— Муха?
— Хьо ца хилча.
ТIаккха масех бутт баьлча, иза ша а цецвуьйлура: стенна дагадеара и дешнаш. Цхьа синхаам хилла-кх.
Оцу кхаа батта чохь яьгна дIаелира хьан сийна бIаьсте, Аьстамар. Дуьне ца Iуьллура зезагашлахь, иза баланийн дахкарлахь хьийзара. Аьзнаша ца кхойкхура сенчу даккъашка. Цхьа дегIан бот йисира, чохь — овкъарш. Бераллехь хьуна хеттарш дIадайра, Аьстамар. Дахар атта а, мерза а ца хиллера. Дахар къиза а, хаза а хиллера.
Цундела хьуна лиира, Аьстамар, хьайн бIаьсте юха а денъян. Хьалхалерниг-м хир яцара. ХIетте а... ХIетахь хьан ойла хилира: «Дуьненчу адамаш девлла шайх цхьанна тIе цкъа бохам кхаьчча, цунна и ловш гIо-накъосталла дан. Лаьтта тIера баланаш алсам мел буьйлу, алсамдолу адам. Царна дуьхьал латтархьама.»
ДогIанах Iаьбна беш. ХIетте а сацац оьхучуьра. Цо ницкъах мийладо шен хи дитташна. «Ца деза», — бохуш цара кортош дIаса лестошшехь. И ницкъ а ца лалой, буьххьера чухахкало цхьа стом. Иза цхьанна тIе а кхетий, важа — вукхунна, буха кхочуш — дийнна Iежийн дарц.
Хилла Iежаш луьйчу догIанан Iаьмнаш чохь. Сихха лела уьш схьалехьош куьйгаш. Ведарх детталучу Iежийн татанаш хеза. ДогIанехь лаьтта иза, лулахойн беша а хьоьжуш. Ведар дуьзна яьлча йоI хьаланисло, айми чу а хьоькхуш Iаж а цIанбеш. «Къарш» — кхоллу цо иза. МаьIаргонна соцу цуьнан бIаьргаш кхунна тIехь. Иза сатийсамца хьоьжу. Цуьнан ницкъ кхочур бара яьгна, овкъарлахь Iуьллу бIаьсте юха денъян. Иза тIейогIу, хьожу и кхуьнан дахаре — овкъаршлахь Iуьллучу бIаьстене. ЦIоцкъамаш ирах дохуьйтий хьожу. Стигал къекъа — шовкъе а яхана йоьлу, догIа хьерча цунах, юткъа-лекхачу, хьажар куро-тийна долчу цунах.
— Iаж безий хьуна?
— ХIан-хIа, бIаьсте...
Цо когаца дIасакегайо даьгначу зезагех, бешах хилла юкъ. Амма цо хIумма а ца до, ша гучудаьхна кIегий дIа ца дайта. Охьа а ца лахло, «хIу-у-у-п» ца олу. ТIеоьхучу догIано дIайойу уьш а.
Дахар къиза а, хаза а ду.
Иза кхетаман кIоргенехь йисна, Iуьйкъехь, ткъес тохале хьалха, корах чу сегна серло а хилла.
ТIаккха цунна дагаеара шаьш йоьгIна доттагIаллин беш. Цунна чIогIа оьшура оцу бешан хIаваъ. Иза дIогарчу гул тIехьа ю. ХIара новкъа волу цига ваха.



ДIакхаьчча, беш хиллачу меттехь дуьйладелла лелаш бежанаш ду. Цара баххьаш диъна стоьмийн диттийн. Цхьадерш орамаш а цхьаьна, хьала а дохуш, дIадаьхьна, уьш хиллачохь Iаьржа оьрнаш го. Бежнаша уьшал хIоттийна беш хиллачохь.
— ХIей, цхьа а вуй кхузахь?
— Со-м ву.
Цунна го орамаш а цхьаьна синтар белша тIе а диллина вогIу цхьаъ.
— Реза воцуш стенна хьоьжу хьо? Суна кху бешах кхаьчна хIумма а дац хьуна. ХIара цхьа синтар доцург. ХIокху бешана гонахара керт, цIа а кхоьхьуш, хьан ягийна? Кхузара дитташ а кхоьхьуш, цIахь бошмаш хьан йоьгIна? Аш, аш, аш.
— Ас-м ца йоьгIна.
— Ахь ца йоьгIнехь а, вукхара йоьгIна-кх... — иза оьгIазе куьг а лестош, дIавоьду.
Маржа Къахьарма яI! И беш-х шерет[1] дан хьуна хьайн дех йисна яцарий. Иза нахана пайдена аьлла, йоьгIнера. Ахьа оьгIаза вахана кеп а ма хIиттае. Дуьххьара керт а йохийна бежнаш кху беша лаьхкинарг хьо ву аьлла хета: дукха хьох тера ду уьш леларца а, хьажарца а... Лелар дац деха-м. Хьуьйц, хьуьйц.
Цо лоьхку бежнаш. Амма уьш цхьанхьахула къайладаьхча, вукхузхьахула гучудовлу. Хьацаран хIорд хуьлу цунах. Шайн да велла диса шу. Иза, кIад а лой, бертал вужу.
— Беш, беш, беш. Ма ца моьттура хьо иштта дIаер ю. Хьо дIаюгIуш хиш уьдура бацалахула, зезагаш дебара. Дашо Iежаш кхио безаш яра хьо. Хьуна тIехь-м муьста Iежаш а ца кхии. Хьо хиллачохь Iоттабаккхамийн эра лаьтта. Беш, жималлин, сатийсамийн беш.
ТIаккха иза Солса лаха вахара. ГIалин урамашкахула хьаьддий-веддий лелаш карийра цунна иза.
— Солса, оцу бешара синтарш ахьа-м ца кхехьна?
— ХIун? Ас хIун до царех? Валолахь сиха. — Иза дIахьаьдира, хIара а таккхийна.
— ЙоI, хьуна тIулг ботта хаьий?
И хаттар масийттazза дира Солсас оцу дийнахь.
— ХIун дан воллу хьо?
— ЦIенош дан.
Сарралц идда кIад а велла, и шиъ урамехь лаьттара.
— ДIавахча дагахь цхьа хьу хир ю-кх суна.
— ХIун хьу?
— Цхьа суо сайна реза ца хуьлуш.
— Муха?
— Хьалха санна мерза ца хуьлу-кх цхьаьнакхетарш, къаьхьа...
— Цунна бехке зама ю.

[1] ТIаьхьабисна бахам бекъар.

Иза а аьлла дӀахьаьжначу Аьстамарна дуьххьара гира гӀалин лекхачу цӀеношна тӀехула бӀаьргал сиха хьаьдда йоьду зама. Иза тӀаьхьаведира цунна. Урамаш, некъаш хедош. Ерриге а гӀала хьоьжура цуьнга, цец а яьлла.

— Зама, зама, зама... — иза велха а воьлхуш, мохь а бетташ, кхойкхура цуьнга. Амма иза дӀайоьдура кхин а маса а йолуш. ХӀара цкъа а дан йиш йоцург дан а гӀертара — и схьалаца. Кхин а чехка ведира иза. ХӀинцца, хӀинцца... Амма зама кхунна юьхьа тӀе ши тӀам а тоьхна, хебарш а юьтуш, леккха стиглан Ӏаьршашкахь къайлаелира.

ХӀара аьчган некъах а тасавелла, бертал кхийтира.

Аьстамар, тӀаккха дукха хан ялале карийра Солсина тӀулт богта хуу йоӀ. Цо тӀулгех цӀа дина а ца Ӏаш, йоккха керт а йира цунна гонаха. ДӀо лекханаш ду и цӀенош, церан корашкахь хӀинца а серло йогу.

ХӀан-хӀа, хьо гӀур вац цига, Аьстамар. Ахь тухур яц чӀоггӀа неӀ, кагъян воллуш санна.

ТӀаккха и неӀ схьаелла хьевелча, оьгӀазе бегаш бийр бац:

— Ма чӀогӀа чулечкъина хьо. — Дерриге а хазахетар хьайна а дитина стенна ца Ӏа хьо? Схьада цхьа дакъа.

ТӀаккха-м цо, хорбаз санна, шен хазахетар декъа а декъна, дог хьуна дӀадала мегара.

Хьо хӀинца чугӀур ву. НеӀ цӀевзар ю, гуро лаьцна дахка санна. Хьуна хезар ду къеналло наб ца кхоьтуьйтуш, меттахь керчачу йоккхачу стеган, резайоцу «гӀам-гӀим». ТӀаккха хьуна юха а дагайогӀур ю масех шо хьалха, баьццарчу тхих а, цӀийъеллачу Ӏуьйренах а самукъадолучу хенахь хилла ойла. КӀайчу аматехь йолчу йоӀаца хьуьнха Ӏен дӀаваха, ханнех динчу цӀа чохь. Ахь хьайн болх а беш, цо цӀе а латош пешахь. Жижиг кхехкош, наггахь гӀала а вогӀуш. ЮкъараӀойлашкахь дӀаяьхьначу заманах болу дагахьбаллам бара иза.

ХӀинца хьо велакъежа оцу ойланна. Иза мерза а, къаьхьа а ю. Хьуна кест-кестта дагайогӀу и ойла а, гӀайракх хьоккхучу мангалийн зов а. ТӀаккха хьуна дагадогӀу аьхка хьуо догӀанехула лелар а, юха тӀадийна хӀуманаш схьа а яьхна, мелчу Ӏоврех хиллачу чухчарин буха хӀоьттина Ӏаба ца Ӏебаш, лийчар а, тӀаккха малхехь вакъавалар а. Хьуна дагадогӀу малх хьаннашлахь бовчу хенахь хьуьна юккъерчу ирзу тӀехь маца-мацах цхьана хьенехо боьгӀначу кхура тӀера лаьттах а детталуш доьхна хилла стоьмаш а. Дуккха а хӀуманаш дагадогӀу хьуна. Хьо цецвуьйлу: «ХӀетахь дуккха а хьалдолуш хилла-кх со ойланашца, синхаамашца. ХӀинца къийвелла».

— Пхи туьма делча а йиш яц-те сан луъучу хенахь чуваха а, аравала а, — аххозуьйтуш олу ахь.

ТӀаккха ладугӀу: хаза-м ца хезна теша цунна. Ца хезна, цхьадика.



Чохь пхьегӀаш ю стол юьззина лаьтташ. Хьо чӀогӀа кечвелира кху суьйранна. Беш хьахон воллура хьо цаьрца.

Уьш охьахевшира юург, мерг тӀехь лаьттачу стоьла гонаха.

Къахьармас бегаш бора. Амма церан беламе хилар чуьрачарна къайле хилла дуьсура. И ша-м воьлура гӀадъоьхуш.

Жаьммирза корах дӀа а хьоьжуш Ӏара, вела а къежаш.

Солса жижиг дууш вара, кест-кеста:

— Ахь лелочух кхетар а вац, — олуш.

Хьо хьалагӀаьттира къамел дан. Воьхна хьаьвзира хьо: хьенан цӀе хьалха йоккхур ю ца хууш. Цхьаннан яккхахь, вукхунна халахетар ду.

Масcеран цӀе цхьаьна яккха а воьлла, ахь гӀурт бира:

— СоКъахьЖаьм, — аьлла.

— Китайхойн мотт буьйцуш-м вац хьо? — элира Солсас.

Къахьарма велавелира гӀадваххана.

Жаьммирза:

— ХӀаъ, ахӀа, — бохуш Ӏара.

Тийналла хӀоьттича ахь кхин дӀа а дира къамел:

— Со бешах лаьцна дийца воллура. ДагадогӀий шуна, вай дӀайоьгӀначу хенахь мел хаза яра иза. Цхьа серло, хуьлура цигахь лепаш гуттар а. Чубузучу маьлхан серло.

— Охьахаий, хӀума кхаллахьа, беш-меш йитий, — юкъахваьккхира хьо Солсас.

— ХӀаъ, ахӀа, — корта таӀийра Жаьммирзас.

— Беш-м оьшуш хьаха ю. Бешо хӀаваъ цӀандо. Стоьмийн мах а дика бу. Бешлелорхойн юкъаралле дӀа стенна ца язло хьо...

— ХӀаъ, ахӀа.

— И беш ма яц ас юьйцург. ДоттагӀаллин беш...

— Кхета со. Оцу юкъараллин цӀе а ю-кх «ДоттагӀалла». Эцца гӀали йистехь, итт кепек автобусана елчахьана...

— ХӀаъ, ахӀа...

Хьо оьгӀазвахара Жаьммирзина: «Мотт ца хууш санна, «ХӀаъ, ахӀа», бохуш кхуо хӀун до».

ТӀаккха хьо кхийтира, лаьтта тӀехь оццул дукха малхо еттина еса аренаш стенна ю: Сахара, Каракумаш, кхиерш... Уьш юкъаметтигийн бошмаш яьгначохь кхоллаелла. ХӀинца царах цхьаъ кхин а еакӀов чаккхармина йоккха хилла. Цу тӀехь бошмаш денлур яц мел чӀогӀа догӀанаш делхарх.

ХӀинца хьо кхагаран хьожа йогӀучу есаллин маьӀе а хӀоьттина, лаьтта, бӀаьрхиш а Ӏенош. Царех лаьтта кхачале Ӏаь хуьлу. ХӀун дийр ду ахь?

ХӀумма а. Иштта пхьегӀаш дӀа а хилийна, охьахуур ву. Хьуна хьалха Ӏуьллу ло диллина аре — цӀена кехат. Ахь цу тӀехь яздийр ду цу маьркӀажех лаьцна.

И маьркӀаже синхьаам бахьаш йоьссинера аьрцнаш тӀе. БӀаьстенан дийнахь кхихкина Ӏалам шен мерза кӀаддалар ловш

дIатийнера. Хьо тишчу рагIун бIогIамах а тевжина, кетIа а хьоьжуш лаьттара. Иза — оцу кетIахь доьгIначу Iежашна кIелахь, малхбузехьа а хьоьжуш, карахь доккха сирдиллина ведар а долуш. Цигахь анайистехь йовш яра дийнан серло. Иза бIаьргаш а хьаббина, ца Iебаш хьоьжура цуьнга, и ца яйта гIерташ санна. Амма серло жим-жимма йовш эххар а къайлаелира. Иза хIетте а лаьттара малхбузехьа а вирзина. Иза, дезткъе кхоалгIачу шаре вирзина вуткъа лекха воккха стаг, рагIун тхов тIехь якъаелла маззакъйоьллачу дечигах тера хийтира. Хьуна дагадеара цо масех шо хьалха дийцинарш. ХIетахь хьуна хиира иза жима стаг волуш тIахъаьлла а, цхьана куьйга хьалха дIа а лаьцна лаг духа а озийна, пхоьазза йолу топ юла а ницкъ кхочуш, онда а хиллийла, шайн дена цкъа къола диначарна цо иза кхузза дIадиний ла а, ткъа: «Ас гIайгIа дукха лелийна, ткъе кхоъ стаг лаьтте верзийна ас», — цо аьлча, хьуна дагадеара, дIавоьлла хир ву-кх хьо оцу къастамех хьайн дехачу дахарехь аьлла, амма тIаьхьа Эла Хасех лаьцна илли дагардечу[1] хенахь, Хасина цуьнан вежарша тешнабехк биначу кхаьчча, цуьнан бIаьргех хиш девлча, хьо дохковелира и ойла хьайн кхоллаяларна. ХIан-хIа, цо атта ца лайнера, цхьа а къастар, уьш цуьнан сих кийсигаш йохуш дIаихнера. Ткъа хIинца шийтта вешех а, пхеа йишех а, дех-ненах а, доьзалхойх а, ши бутт хьалха шийтта шарахь ша меттахь лелийна, цIе ца йоккху цамгар текхна зуда а кхелхина, дерриге дуьненчохь ша цхьалха висинера.

Хьуна моьттура хIетахь, Аьстамар, иза замано эххар а кIелвитна. Амма хьуна гира малх кхеттачу бIаьстенан дийнахь салазна говр а йоьжна, шен лаьтта тIе кхелли дIасаяржош воллу иза, Шида цIе йолу воккха стаг. Хьуна хазахийтира, жимчохь маьлхан догIа деъча санна.

Воккхавеш хьоьжура хьо цуьнга. Мел тIаьхьа а ша оьшур вуйла хуучу, хIетте а къера хилла ца соцуш, заманца къуьйсуш схьавогIучу цуьнга.

Ткъа маьркIаже йовш лаьттара бодане йоьрзуш. Пхьидийн гIовгIанех, бIаьстенан хьожанех юьзна маьркIаже, кхин цкъа а юха ца ерза.

Зама, зама, хьо хIун ю теша? Маца, мичара дIаболабелла хьан некъ, маца, мичахь хедар бу иза? Стенга хьаьдда хьо, зама?

Ойланашна чувоьлла хьо вехха лаьттира. Меттавеача воккха стаг лаьттинчохь хьуна бода гира. Цуьнан метта хьуна хезира сирдиллинчу ведарх етталучу шуьрин гIовгIа. Воккха стаг хьелий узуш вара.

Iуьйранна, ши кIира кхочуш ца даьккхинехь а, йоккха стаг луьйш, — иштта хьо санначара ма яьккхина ша дакъаза, шен хенахь ахча схьа ца луш я шарахь Iийр ву олий, кIира а доккхий дIавоьдуш, цундела ма ю ша цхьалха а — юхаерза а ца тигина, баттана богIу мах дIа а белла, шен йолу сал-пал тIоьрмнга чу а ерзийна, и кара а лаьцна, новкъа ваьллачу Аьстамарна дуьхьал Юрий Александрович кхийтира.

[1] Илли дешнашца дийцар.

ЧIогIа хазахетта, кхуьнга хьежна а ца волура иза.

— Араяьлла хьан книга «Сатассалц дийкира чIоб» эцна ас. Хьехархочунна куьг а таIийна стенна ца еана ахь? Цу тIера цхьа дийцар гочдайтина, воккхавеш Iийра со. Ас бехкий хьоьга, зама хийцалур ю. Гой хьуна: вайн берриге а махкахула хьоькхуш бу харцхьарниг хIаллакдеш нийсонан мох! Хьо ма чIогIа кхоьлина ву, воккхаве веза, хIокху заманахь хьуо вехаш хиларна. Бакъду Чернобылехь...

— ХIун хилла цигахь?

— Хьуна ца хезна? Селхана атоман электростанцехь авари хилла. Гонаха радиаци а яьржаш... Боккха бохам бу.

— Ткъа Биъсаберг?..

— Иза а воцуш ву, хьо марша. Цу электростанцин белхалошна лекци еша ваххачохь, авари а хилла, велла, дакъа кароза ду, хетарехь вайна.

Дерригенах кхетта, са лацаделира Аьстамаран, амма хIумма а туоса ца долуьйтуш, Юрий Александровичан Iодика а йина, Зайтан Шихмирзин гергара стаг волчу вахара иза.

ХIара дIакхаьчча, чохь велхарна дерриге а бIаьргаш цIийделла стоьла хьалха Iаш иза бен стаг а вацара.

— Хезний хьуна? — элира цо гIийлла, хьала а айалуш.

— ХIаъ.

— Иккхинарг йоьалгIа реактор яц хьуна, **Биъсаберг ву, —** кхунна ишта а хуург дийцира цо.

ТIаккха корта охьа а бахийтина вехха Iийначул тIаьхьа:

— Иза цхьа бохам бен бац. Ткъа и Биъсаберг санна болу нах ларбан а беза, уьш дуьненна а кхераме бу бохучух хIинца а кхета ца тигар — и ма бу бIе бохам. Цара дуьне а хIаллакдийр ма ду.

Аьстамаран дан гIо дацара цунна, иза цIенкъа а хьоьжуш, тезетахь санна тIехьа ши куьг а диллина, лаьттара.

— Ша дала ца дахь кху Лаьттана гIо дан стаг вац-кха. Вай бахьанаш-м лелор ду, — эххар а вистхилира Шихмирзин тIаьхьенах верг, хьала а гIоттуш.

ТIаккха юха а лаьттира и шиъ вехха, вист а ца хуьлуш.

— Со дIавоьду, — элира Аьстамара.

— Мича дIа?

— Юьрта, цIа...

Наб, хIокху тIаьххьарчу масийтта баттахь санна, тем боцуш а, гIенех юьззина а яра. ГIенаш — тайп-тайпана: къиза а, ирча а. Царах, садукълой, самаволура кест-кеста.

Буьйса юкъал тIехъяьлча, кIеза лета дуьйлира. Цкъа цIенна гена долуш, юха-кора кIел догIий: «Iов-Iов-Iов».

Оцу дийнахь дуьйна кхунна массо а хIума: жIаьлин летар а, нIаьнеш кхайкхар а, шен синхIоттам а цхьа маьIна долуш а, боккхачу бохаман билгалонаш а хетара.

Иза царах кхоьрура. Шега шолгIа а и д о г I а лалур доцу дела.

И Iаьржа баланийн догIа, дийнахь а, буса а ца соцуш, хаддаза ихира масех баттахь. ХIара, водий, тхов кIел хIуттура.

Иза, тхевнах чекхдолий, кхунна тIедоьлхура, Iаьржа, сацкъар санна, дуькъа, деза догIа. Цо садукъдора. Цунах вала меттиг а бацара. И дIасацон кхуьнан бен йиш яцара. Амма кхуьнан и дан ницкъ ца тоьара, цул сов, оьший-те и сацо боху, хаттар а дара. Иштта тIаьххьара де тIекхаччалц оцу догIанехула волавелла лелча, хIун дара-теша? Иштта сиха чекхвала мегара. Цкъа а барзакъ а ца хуьйцуш, цхарйоьллачу кучах чекхдуьйлучу догIанан муьста тIуналла а хаалуш. Когаш гоьллец хаттех чу а оьхуш. ТIаккха — гIодаюккъец. ТIаккха — логгец. Эххар а верриге а дIакъайлавер ву, Iовраша тIе гIум а тоьхна.

ХIетте а...

Оцу догIанехь хIара волавелла лелаш наггахь стаг гучуволура. «Яхь хила ма еза, яхь!» ХIаъ, атта ду иза, екъачухула, малх кхеттачухула волавелла лелаш. «Тхох муьлххачо а лайна и догIа». «Дуьненчу а ваьлла, суна тIе хIума ма кхачахьара бохург — хи чу а хIоьттина, со тIада ма вахьара бохург». Уьш дIабоьлхура шайн малх кхеттачу новкъахула. Я иштта хетара техьа иза?

Иштта волавелла лелаш, цхьана дийнахь кхунна хааделира шена тIеоьху и деза догIа мелла а соцуш хилар. Иза кхуьнан собаран пардоно сацийнера. Иза кхийтира ваха везаш хиларх. Амма дуткъачу пардоно сацийна лаьттачу цу догIанан йозалла кхунна гуттар а хаалуш яра. Оцу юькъачу тIуналлехула малх кхунна гIийлла бен ца гора.

...И з а схьавогIу вела а къежаш баьццарчу ирзу тIехула шурула кIайн уьстагIий хьалха а лаьхкина. Иза, кхуьнан ваша, бехкала а вахана велакъежа. Кхунна хаьа шена гушдерг гIан дуй, иза а, баьццара ирзу а, кIайн уьстагIий а, хи чохь гIум санна, синкхетамехь довр дуй. И минот сацаян, мелла а яхъян гIерташ, хIара охьалахло когаш тIе, ши куьг некха хьалха хьала а лоций.

Амма цунах гIуллакх ца хуьлу — самаволу. «Iуь-Iа-ре-е — Iу-у». НIаьнеш кхойкху. Юккъе масех минот бен ца юлуьйтуш, кхеран буьнчуьрниг а. ХIан-хIа, цара вуьтур вац тар таса. ХIинца хIара а тIекхийти. «Iов-Iов-Iов». Кора кIел а деана бен летар а дац. Араваьлча...

Иза бIаьргаш схьа а доьллий, бодане хьоьжуш Iуьллу. КIеза юха а лета. Иза меллаша метта хьала хуу. «За-а-къ». ЦIийза маьнга. КIеза а цIийза долало, юкъа-кара угIа а угIуш. Иза, шена тIе



хIума а юхий, уча араволу. «За-а-къ, зи-и-къ». НеIарш цIийза. Стоьла тIе куьйгаш хьокху цо. «Гор-гор-горов», — лаьттах кхетий, хахкалой, дIадоьду шун. ЖIаьлин угIарх йоьлху тийналла, цIийза, шуьно яьккхинчу гIовгIано гатте хьовзийна.

Хьокхаман дакъа а оьций, араволу иза. Екхна гуьйренан шийла буьйса. Ангали санна ду хIаваъ. Беттаса. Iаьржа хьаннаш. Бешахь IиндагIаш Iоьхку, юьйцина керт санна, чучча а дийлла.

— Гоци! Гоци! — кIеза цIийзачуьра соцу. — Лета хIунда лета хьо, Гоци, лета хIунда лета хьо? ХIа-ан, баа, — цо хьоккхам тосу цунна. «КъанцI-къанццIехь», церган а етташ, дIакхоллу вукхо иза. ТIаккха юха а угIу.

— Гоци, Гоци, суна хаьа хьо хIунда угIу. Куьйгаш арарчу тIома тIелетачу Iаьнан дийнахь цо ма далийра хьо, шелонах, мацаллех гIел а делла, дала доллуш. Лелийра, «ца оьшура вайна и жIаьла» боххушехь. ТIаккха бун йира, чу йол а юьллуш. Хьо наг-наггахь летара, хIинца санна, гIийла а ца леташ, майрра, чIоггIа. «Дукха жIаьлех тера доцуш дуй?»

...Хи. Мокха хи. Инст йоцу хи. Адамаш — гIайреш. Иза царна тIе кхийда, цо куьйгаш кхийдадо. Царна ца го иза (цхьаболчара моттуьйту). Иза чуийзаво хиэ, чилланан тешца куьйгаш-когаш дихкина. «ХIе-хIе-хIей!» Орцане мохь болу цуьнга. Наха лергаш чу пIелгаш духку. Нах, хазийтийша и мохь. Иза-х шуна дика дан гIертара. Ца хеза. ТIаьххьара цуьнан бIаьргашна го чубуза цIийбелла малх. Малх боьлху цуьнан къина, шен бIаьрхиш-алу а Iенош. Алу яц иза — маьлхан цIий ду. БIаьрхиш тоххарехь кхачийна маьлхан. ЦIийх дузу и дерриге а мокха хи...

Гоци, Гоци... Вайшинна хезира и мохь, оццул генахь—дуьненан вукху маьIIехь боллушехь. Вайша дIахьаьдира. Амма дIо баьццарчу лам тIе а далале, дIаелира цунна гIо оьшу хан. Гоци, гоци, гоци...

Иза воьлху. Цуьнан когех а хьекхалуш цIийза кIеза.

Иза цIеххьана дIатоь. Иза стигал хьоьжу. Седарчий. Паналла. Цхьа а йист а, юьхь а йоцуш. Цо мелла а сина хьаам бо. Цо кхуллу дегайовхо.

Иза чувоьду. Юха а цIийза неIарш. ЦIийза маьнга. Юха а — нIаьнеш.

Дехьачохь напас синош дохуш хеза. Иза меттахь дIасакерча. Цунна а къахьбелла мотт. Цо шен лозу корта гIайби буха биллина хир бу. На-а-на, на-а-на, нана...

И веха ца Iиллира набаран тар тесна. Самаваьлча чохь Iаьржа яра — беттаса чудуьзнера. Сатаса гергадаханера.

Цо лампа латийра. Пеш. Маьнга. Ишкап. Боданехь цхьаъ дуьйцуш санна хета цара. ХIинца дIатийна. Цо стоьл тIера куьзга схьаоьцу. БIаьргийн гонаш дистина, Iарж а делла. Хебарш го бIаьргаш юххехь. Iодика йойла жималла. Иштта хьалххеххьий? Хьалхе дуй-ткъа? Стеган хан цуьнан шераш дац, — цо лайнарш.

Мерза хан. МаьркIажехь бешан дитташ мохехь а лесташ, пондаран аьзнаш хезаш. Суьйранна цIа оьху бежнаш Iоьхуш. Бераш а долуш, эвла йистехь гIовгIанаш еш... Мича яха хьо, хан? ДIаяхара со-м.

ХIетахь, бераллехь, и шиъ — хIарий, жимах волу ваший — кест-кеста ловзура бешахь. Иза бIаьргаш дIахьабдеш хуьлура, хIара — лечкъаш.

— Хьо дIогахь ву-кх, — пIелг хьажабора цо.

— Вац со-м.

— Ву.

— Велахь, тIе а волий, схьагайтал.

Иза тIевогIура. ХIара, водий, цул дуккха а хьалха дIакхочура бIаьргаш хьабдечу. Иза, вела а воьлуш, кхунна тIаьхьаведда вогIура, чубуза лахбеллачу маьлхан серлонехула хьаьдда. Хьанна хаьара хIетахь, иттех шо даьлча и чубуза лахбелла малх цуьнан къина боьлхур буй, хьанна хаьара цуьнга иштта орцане мохь бер буй, и мохь массо а къевлинчу неIарех бетталуш дуьненан массо а маьIIе кхочур буй?..

Хьанна хаьара...

Иштта сиха хилла-кх дахар. Бералла. ХIетахь и стенна дагадеара. Докъазаллина я декъалхиларна. Ойланаш кехата тIе яха гIертар. Сатаса гергакхаччалц Iара. Тайп-тайпана Iалашонаш — тайп-тайпанчу хенашкахь. ХIетахь, цхьа маьлхан догIа догIучу диййнахь, тхов тIе кхоьссина Iад хIинца а кхунна тIаьхьара дIа ца долу. «ХIа-а, дIалаца», — бохуш, Iодо кхунна кегий тIулгаш детта букъах. ЦIийн томмагIаш хIиттина дегIа тIехь. ХIумма а дац, бIаьрга ца кхетчахьана.

Iад, хьо цхьаъ хилла Iахьара реза доцуш.

«Хьо дукха стиглахула лела». ХIаъ, хьо бакъ хиллера. Со иштта лелаш хиллера, хьо — вуьшта, лаьттахула. Хьуна накъост карийра. Шуьшиъ хIинца дIанисделла хир ду: нийсса лелаш хилла хьо, цунах дIатарлуш, букар яхана хир ю, иза мелла а хьалаайавелла...

Ас ца боху суо нийса ваьхна. Делахь а. БIаьстенан буса дуккха а кехаташ яздина, уьйтIара ков а цIовзош, араваьллий хьо, догIа а дилхина, тIадийнчу лаьттан хьожа а муьйлуш, хьайн къинхьегамах воккха а веш? Иза а диллахь оцу терзан тIе, харцций, нийсий некъаш къасточу терзан тIе.

Стенна дистина бIаьргаш? Иштта, жим-жима телхаш, телха син хIусам.

Муьлхха хан а майрра тIеэца еза. Суна къоналла езара бохуш, мохь хьекхарца нах а ца кхардош.

ХIетахь мерза дара йозанаш, мерза яра Iалашонаш, уьш гергахь хетара. ХIинца уьш дIаевлла. ХIинца хIун ду? ДIакхоьхьур бу-кх и некъ. Къаьхьа белахь а, беза белахь а.

Сан жима тептар «Сатассалц диййкира чIоб», сан гуттаренна а севца ойланаш. Ма дукха сатийсинера хьоьга. Цунна ма чIогIа лаьара хьо ган.

Оцу буса, дитташна тIехь кIайчу лайн бамбеш Iохкучу буса, Iуьйккъехь, иза къолам бан вахара, кхуьнанга кхачабелча, дIогарчу, ворхI ломал дехьарчу серлонашна юккъехь Iуьллучу гIала.

Ма чIогIа лаьара цунна хьо ган, тептар. Арадаьлча... ТIаккха тIаьхьа дара. ХIетте а, деза а, хьоме а хета. Цу тIехь деха-кх дIаихначу денойн синош...

Иза охьалахвелира пеша хьалха. ЦIе дIа-м ца яйна теша? «Буьйсанаш шийла хуьлу»... Нана, нана, ахь массеран а гIайгIа бо, ткъа оха хьан дог Iийжадо.

Цо схьайоьллу пешан неI. Цо дIасакегайо овкъарш. Кегий кIегий Iохку. Ма дика ду хIорш мукъане а дисина. ТIе чIийш туьллу цо. «ХIу-у-уп, хIу-у-уп, хIу-у-уп».

Иза цIе лато гIерта. Овкъарш дIасаетта цо. Овкъарш бIаьргаш чу хьийзайо. ЦIеран гIийла меттанаш хьерча декъачу дечигех. Тоьар ду, оццул хьалалетча. Махо марсайоккхур ю.

Иза хьалагIатта гIурту. Амма ца гIаттало. Белшаш тIе язъеллачу дошан йозалло юха а охьахааво иза. И хIун дара? Дуькъачу догIанан йозалла лан хIара хьалххехь Iеминера. Цу тIе кхин керла йозалла кхетта. Кхин цхьа лазам тIекхетта.

Цхьа тIадам хилча а, сов ма хуьлу оццул йозалла ловчунна. И хIун лазам бу. ХIаъ, стомара буса кхуьнан корах деттаделла БаьIашан велар ду-кх. Цо шиъ куьзган бIаьрг а кагбира. ДIо генарчу махкахь, хьуьна юккъе а вахана, виййлира иза кхунах, ша къайлаваьлла моьттуш. Амма цуьнан и велар сел генара деъна кхуьнан корах кхийтира Iуьйккъехь, хIара набарха а воккхуш. Вахь-вахь-вахь! Кхардаме велар.

Цкъа хьалха цунах БаьIаш олура. Иза гуттар а, яраш юккъехь дIа а хIуттий, уллохула тIех мел волучунна баьIIаш детташ лаьттара, дийнахь а, буса а. Шега дIахьаьжначунна, боккхий, боккха мотт а гойтуш. Хуьл-хуьлуш, цунах шех а БаI хилира.

— И хIунда леладо ахь?

— Ткъа хIун дийр ду?

— Иштта, со санна, лелар ву-кх.

— Мегар дуй-ткъа?

— ХIунда ца мега, схьавало.

И шиъ цхьаьна волавелла лелара кест-кеста, беттаса кхеттачу буьйсанашкахь. БаьIашна башлаьмнаш лекха дуйла а, церан кортош кIайн дуйла а хиира. ГIаргIулеш гурахь дIайоьлхийла а, олхазарша эшарш лоькхийла а. ТIаккха цо шена коча галстук йихкира, тIе цIена коч а юьйхина. Нахана дицделира и баI хилар, цунах хьалха санна, шаьш Iамарна, БаьIаш алахь а. ХIара а тийшира... Галваьлла хиллера. Хетарехь, иза кхоччуш адам ца хилийтинарг и цхьа ши дош дара. Т е н д е н ц и я. Р е з ю м е. И шиъ ца Iеминехьара, цо ца дан а мегара иза. Делахь а, хьанна хаьа? Да-

гахьбаллам бу-кх цуьнца яйина хан. Иза кхечунна я цунна, жимчу вешина, дӀаеллехьара. И шиъ лелар вара беттаса кхеттачу буса волавелла. Кхо цуьнан куьг а лаьцна. И мел жима хиллехь а, кхетар вара кхунах.

ХӀумма а дац. ХӀун ду БаьӀашан велар, кхуо ловчу дуькъачу догӀане хьаьжча? Иза хӀумма а дац, кест-кеста буьйсанна кхетамехь меттаххьовчу дагахьбалламе хьаьжча. Дагахьбаллам — иза ПирӀуна яйтина тӀулгийн гӀала ю. Иштта беза бу иза.

Иза шолгӀа а тохало хьалагӀатта. ХьалагӀотту. Араваьлча, бода зарзлуш го цунна. Лулахо ву кетӀа а ваьлла цигаьрка узуш.

— Ӏуьхь-Ӏуьхь, Ӏахк-тьду, — чӀоггӀа шеташ йоху цо.

«Фу-фу», — жоп ло хьаннийн хотеша.

ТӀаккха кхуьнга вистхуьлу иза:

— ХьалагӀаьттиний хьо? Кечло. Ас машен хьалалатайо хьуна.

ХӀара кечло. И шиъ машен чу хуу. ДӀаволало. Ло санна кӀац йиллина басешкахь.

Эвлах валале, цхьана воккхачу стага куьг лоцу. Иза цу шинга вист а ца хуьлуш чу хуу. Багахь цхьацца шабар-шибарш до цо. Масех минот яьлча, куьйгаш хьала а лоций, доӀа до.

Некъ ломах чубоьрзу. Дукха гена довлале, ма-хуьллу сихха ког а боккхуш, карахь Ӏаьржа тӀоьрмиг а болуш, воьдучу жимчу стагана тӀаьхьа кхуьу хӀорш, машенан гӀовгӀа ца хазахь а, я хеззашехь водахь а, иза кхаьрга схьа а ца хьожу. Шопаро хӀетте а машен сацайо. Иза чухуу. Тийналлехула мох цоьстуш йоьду машен. ХӀинца а дӀабалазчу боданах лиета цуьнан серло.

— Суна гуьйре уггаре а хаза хан хета. Гурахь можа гӀаш а, хьаьмцаш а, кхораш а хуьлу... — цӀеххьана къамел дан волало жима стаг.

— Хьоь хьан боху и дийца, — шен шабарш сацадой, олу воккхачу стага.

Жима стаг дӀасоцу. Кхунна иза шена цхьанхьахь гича санна хета. Мичахь?

Некъ аренга болу. Стиглан Ӏомахь басадовлуш, гӀийлла довш седарчий го цунна.

ЦӀеххьана цхьана машенан серло эккха гучу. Иза сихха кхарна дуьхьал йогӀу. Амма гола тухучохь, цхьана агӀорчу чкъургаш тӀе а хӀуттий, тӀекӀел йолу. ТӀулгах хьакхаделлачу аьчган цӀовзар.

— В а дела, — узар болу воккхачу стаге.

Шопаро сихха машен а сацайой, хӀорш охьалелха.

Руль хьалха Ӏийнарг велла, важа дийна ву. Бета юххехула цӀий оьху цунна.

— Нанас хӀун дийр... хӀун дийр ду нанас?.. Со цхьаъ бен ма вац... — шабарш до цо.

— Делан цӀе яккха, — боху воккхачу стага.

— ХӀаъ... хӀаъ...

Иза бай тӀе охьавуьллу.



— Нанас хӀун дийр, нанас?.. — шабарш до цо.

Воккха стаг цунна еса деша хуу.

Кхуо, хьой, жимчу стеган тӀоьрмиг буьллу цунна коьрта кӀел.

Вукхо, тӀе а воьдий, меллаша схьабоккху.

— Со сиха ву. Хьо ма чӀогӀа хьоьжу соьга. Со ца вевза хьуна? Со хьоьца беттаса долчу буьйсанашкахь волавелла лелларг ма ву. Зили-ирзехь, Хьозина...

— БаьӀаш...

— ХӀаъ, со сиха ву.

Иза, салти санна, вогӀа а лой, сихха, нисбеш ког а боккхуш, серлайолучу малхбалехьа дӀавоьду. Воккхаверан велакъажаро хадийна цуьнан юьхь.

«ХӀе-хӀе-хӀей..» Бека орцанан мохь. Нах, лергаш чу пӀелгаш а дохкий, дӀабоьрзу.

ХӀара, настарш а лехий, охьалахло. Цунна го тӀаьххьара сахуьлу седа стиглахь дӀабовш. ТӀаккха, цул лакхара, Ӏаьршаш кӀелара, шен собаран пардох Ӏуьрг а даьккхина, чухаккаделла догӀу хаттех дуьзна дуькъа баланийн догӀа го.

ХӀан-хӀа. Саца йиш яц, цунна къера а хилла. ХӀинца йиш яц.

Иза хьала а эккхий, водий, дуьнен тӀехь уггаре а лекха долчу, стигланех бохь хьекхалучу дитта тӀе волу. ТӀера схьа а йоккхий, шен коч лоцу цо яьттӀачу стиглана дуьхьал. Иштта тӀетегча, дика хир дара.

— Схьада махий, тай! — мохь туху цо.

— ХӀинцца, хӀинцца, хӀинцца, — и мохь беттарг есачу арахула една йогӀу карахь махий, тай а долуш. Цунна тӀехь сийна басмин коч ю, хьаьрса месаш махехь ловзу... И мила ю? Иза кхуьнан кхечу лулахочун йоӀ ю-кх. И маца кхиъна иштта йоккха хила?

— ХӀинцца, хӀинцца, хӀинцца, — юха а шена орцах йогӀучун аз а хезаш, тӀаьхьхьарчу ницкъаца догӀа сацийна лаьтта иза.

*1988*



# ПОВЕСТАШ



## ЛАЬТТА ТIЕХЬ ЛАЬМНАШ А ХIИТТОШ

> Нохчийн, гIалгIайн ярташкахь Деникинан эскарех леташ хIаллакьхиллачу нехан безамна.
>
> Автор.

Буьйса чекхъяла гергаяхнера, кхе тиллина гуьйриг тоххарехь яьгна, пеш а, цуьнца цхьаьна чоь а, шелъяла йолаеллера, паднар а цIовзош, метта хьалахиъна воккха стаг, гIеххьа бIаьргаш детташ а Iийна, тIаккха лаьтта а воьссина, пенах тоьхначу дечган хьостамах кхозучу гIовталан хьалхарчу кисанара дато сахьт схьа а эцна, цунна тIехьежа хIоьттинчу хенахь. Сатаса хIинца а ши сахьт сов хан яра. Иштта хир дуйла-м кхунна шена а хаьара. ХIара шовзткъа шо дара иза буьйсанна хIоккху хенахь гIуьтту, хIетте а, хIоразза а ша Iамарна, хIинца санна, сохьта тIе а хьожура иза.

ГIийлла йовхарш тоьхна, уча йолу неI йиллича, иза кIожехь хIинццалц ца цIевзинчу кепара цIевзича, стенна делахь а, ца дезаделира цунна. Бусулба дино цу тайпанчу хIуманашна хьесап дар дехкар хууш-м дукха а хан яра, хIетте а деса ведарш дуьхьал кхетча, я вон гIан гича, ойла лаамза кхулура.

«Хьакхар хьакха деза неIарна тахана...» — элира цо ша-шега, тIаккха цIеххьана сацавелира ша волччохь. Эххар шабарш дира цо: «ДоьгIний техьа иза?»

Даго кхунна боккха сингаттам хьоьхура. Наггахь иштта шена тосаделла хIума кхо нахе хьахадора, тIаккка и хилча, цара хIара хIума хууш, дала дика дина стаг ву олура. Кхо и тайпа хIума шена хезча, я ишта а, я вуьшта а хIумма а ца олура. ХIаъ, ву со хIума хууш, ала кхунна шех гучудаьлла хIумма а дацара, делахь а, и ца олуьйтуш дехккал ша юьстара а ца хетара...«ХIун хаьа... тIаьхьарчу заманахь эвлаяаш шайна буйла а ца хууш хир бу ма бохху». ХIан-хIа, и ойла ца кхоллало хIара ткъе итт шо дIадаьллера. И ойла къона волуш, хIара, шена гергахь, Iаьрбийн дешарх кIоргга кхета воьлча кхоллаелира. ТIаккха масех шо даьлча, гIеххьа кIоргачу ор чу а хиъна, хи малар бен кхин дуьш хIума а доцуш, гIийлачу къуьданехь, къорIа а, жайнаш а доьшуш, шовзткъа дейбуьйсий даьккхича, и ойла кIезиг хийтира. Вела а къежна, гуттаренна йиццийра цо иза.

Халбата хиъча, кхин хIара ю аьлла делан къайле гучу ца яьл-

лехь а, шена дуьне гарехь дуккха а хийцамаш хаабелира цунна. Иза хьалхачул къегина а, мерза а дара. Хьалха мархаш, хиш, буц, тIулгаш гучохь хIинца церан кIоргера маьIна а, церан вовшашца йолу зIенаш а, оцу зIенийн шатайпа мукъам а хаалора. Iаламехь массо а хIума кIорга а, лекха а, цIена а дара, хIораннан а шен са а, лазам а, синкъерам а болуш, ура-аттала тIулган а. ХIара кхийтира цхьана хIуманах — дуьненийн, Iаьршийн, седарчийн къайленаш, цхьана дийнахь стагана гучуяла йиш йоцуш, царах кхетархьама, эзарнаш шераш а кIезга долуш, я цкъа а кхоччуш тIаьхьакхиа йиш йоцуш, яьстинчу къайлено кхин керланиг гучуйоккхуш цхьа а чаккхе а, юьхь а йоцуш хиларх.

«Ткъа стаг, — ойла йора цо,халбата хиъна ткъе дейтта де дIадаьлча, — шен цIеналлица денна а лакхаволуш, велла дIаваллалц ломах хьалаэха веза. Оцу новкъахь цуьнан гIортор хир ю бакъдерг а, нийсо а, массанхьа а са кхуьуш волу вайн сийлахь дела а».

НаьIармачаш а туьйдина араваьлла воккха стаг махо юьхь тIе деттачу тIедачу лайно сацавалийтира, Iай, бIаьстей къаста кхо кIира сов хан бен яцахь а, шело хIинца а гIелъяла ца туьгура. Гобаьккхина тIетаьIначу боданехь юкъ-юккъехь хеза жIаьлийн летар, хIокху буькъачу бодано лаг Iовдий, тIепаза дойура.

Дуккха а Iеламнах болчу йоккхачу Шелгахь а цIеяхна ша хиллехь а, кху гIойтIархоша шайна къеда хила аьлла дIакхайкхнча, мелла а воьхна хилира иза: гIойтIархой цхьа шайн амал йолуш нах бара, цара кхаа шарачохь кхо молла эккхийнера, шайна ца оьшу хьо тайпа Iелам стаг, хьайн цIа гIо а олуш.

Бакъду, цара дийлийтина гIалаташ шех дийларна-м ца кхоьрура иза. ХIетте а, хьанна хаьа?..

ХIара ГIойтIа кхоллаялале хьалха гонахара хьаннаш хедош даьхначу ирзошкахь бехара нах, шайн-шайна кIотарш а ехкина. ТIаккха юрт йилла дагадеъча, хIокху жимчу (хьалха-м мелла а доккха хиллачух тера ду хIара) ГIой-хин йистехь гулбелла маьIмаьIIера лаьмнашкара охьаихинчу тайпанийн: цIоьнтаройн, бенойн, варандойн, гендарганойн, дишнийн, чунгаройн, эгIашбатойн, лаьшкаройн, саьрбалойн, чIиннахойн, чермойн, вашандаройн, пхьаьмтойн, туркойн, цIесийн, маьршалойн, кхечийн векалш.

— ХIа-хIа, нах, — аьлла царах цхьамма, дишнийн Гелас. — Вай кхузахь дуккха а IаIа а IаьIна, хIинца вай кху ГIой йистехь ГIойтIа аьлла юрт юьллур ю. Шуна ма-хаъара, бухе хьаьжжина чIогIа хуьлу бIов а, цIа а, иштта юрт а. Кхунна бухе вай оьздангалла яхь, сий диллахь, кхунах юрт хир ю. Нагахь вай бухахь тешнабехк, къизалла, осалалла йиллахь а хир ю хIара-м юрт. Делахь а и шатайпана юрт хир ю, хIун до вай?

Наха хьалхара некъ хаьржинера. ХIетахь дуьйна хIокху юьртахь — шайтIапан лерг къора хуьлда — вер-ваккхар а, зен-зулам а, осалдерг а ца даьллера. Масийтта тайпанах лаьтташ йолчу оцу



юьрто кхечу ярташкахьчул а чIогIа лелавора хьаша, амма гуттаренна а Iен стаг тIе ца оьцура.

Иза денна а дебачу юьртахойн лаьттан къелла хилла а ца Iара. «Кхечу орамах волчу стага вай кху юьртана сел хала боьттина бух атта бохорна кхерам бу, — олура къаноша. — Цундела баже хIотта веанарг а, чу ца воуьйтуш, эвла йисттехь мах дIа а лой, дIавахийта...»

ГIойтIа схьавеъча хIара, ИбрахIим, ша волчул сов нисвала а ца гIерташ, я юьхьарлаьцначу син цIеналле боьдучу некъах дIаса а ца таьIаш, дIаэха вуьйлира, кхин хIума гIойтIархошна оьшуш а ца хиллера, уьш массо а доьIу са а сацийна, баккхийбеш хьуьйсура и сел хала некъ а эцна воьдучу кхуьнга, тIаккха цара, ахча вовшах а тоьхна, генарчу Макка кхаччалц дIабахбира цуьнан и некъ, ткъа хIокхо, цигахь хьаьжа хилла цIа веъча, кхин а холча баьккхира иза, хIора дийнахь марха кхабарца шен иштта а беза мохь кхин тIе а базбеш.

Иштта марха кхобуш ворхI шо даьлча, цуьнан чуо тIе жима гIайба билла дийзира, хеча чIагIъярхьама. ХIинца кхунна кхачанан марзонаш йицъелла дуккха а хан яра, амма церан метта кхечу — син марзонаша воккхавевора иза.

— Къу-берзан буьйса ю-кх, къу-берзан. ХIокху тайпанчу буьйсано Iехабо-кх хехой. Кхара хIун дина теша?.. — ша-шега шабарш деш лаьтта ИбрахIим-хьаьжа цIеххьана, хIинццалц хилла боцчу, керлачу сингаттамо хорам вира.

Иза, юха а неI а цIовзош, чувеъна, ламаз карла а даьккхина, далла гIуллакх дан хIоттира. Шина чоьнан юккъехь даьккхинчу жимчу корехь лаьттачу стогаран гIийлачу серлоно къагийнчу пена тIехь детталора суждане оьхучу цуьнан деха IиндагIа.

Ламазаш дина ваьлча, ши куьг хьала а лаьцна, доIа дан волавелира:

— Веза хилла волу дела, ворххIе латта а, ворххIе стигла а кхоьллинарг, массо хIума ган а, тидам бан а ницкъ кхочург, адамашна рицкъа даккха аренаш а, лакхалла гайта лаьмнаш а кхоьллинарг, экханна хьаннаш а, чIерана хIордаш а лоринарг, хьуна бухха хастам а, шукру а.

ДоIа цо гIийлачу шабаршца дора, бIаьргаш дIа а хьаббина, къила ваххана. Наггахь цо аз ойура, бодане тийналла а йохош.

— Хьуна дукха дезна гIиллакхаш: оьздангалла, яхь, цIеналла, нийсо — тхайлахь Iалашдан а гIерташ, цхьанна а леш ца хуьлуш, корта маьрша хила а лууш, мацах-мацах дуьйна шайл тIаьхьа дагийна латтий, дахкалучу декънйн хьожий бен хIума ца дуьтуш баьхкинчу уьнахойх, тIаьхьа ах сов хIаллак а хуьлуш, эххар ша къар а велла, зумсочунна машарна цо тур даллалц дуьненна а кур бетташ веънaчу АстагIчу Тимарх а, гIирмахойн, ногIийн, гIумкийн, таркхойн элех а леташ, тIаьхьа Шемална тIаьхьа а хIиттина, тхайл бIозза сов мостагIна хьалха гора ца оьгуш, масийтта ша-

рахь тIемаш беш, яккхийчу тоьпашна дуьхьал шаьлтанашца гIуьттуш, бер когашка даха а кхиале герз кхосса а Iамош, доккхачу дуьненахь хьо воцург кхин накъост а воцуш, цхьа лаьмнаш доцург, букъ тоха гIортор а, тIехьа лачкъа дуьхьало а йоцуш (хастам бу-кх хьуна, веза-сийлахь хилларг, тхо лаьмнашна юххехь кхолларна, есачу арахь тхо хиллехь мел хала хир дара тхуна дуьненчохь нах а хилла даха), тхо теттина-теттина дуьнена маьIIе а даьхна, чуэхарх цкъа а кхача ца лучу Iин чу кхийса гIертачарна дуьхьал а лаьтташ, тхайн иштта а кIезиг долу цIий Iенош, хIара латта а хьандеш, схьадаьхкина тхо Iалашделахь, веза хилла верг. Хьо тхуна орцах валалахь, тхуна тIехIоьттинчу хIокху кхерамечу киртигех, зуламечу оьрнех тхо кIелхьара а дохуш, хьайн комаьршачу къинхетамех тхо ма дахалахь...

ДоIа дина а ваьлла, ша хиъна Iаччохь ойланаш ян велира иза.

Нохчийчоьнан дукхахболчу молланаша а, Iеламнаха а, БухIан-Юьртахь шайн м е ж л и с е гул а белла, шен эскарщца дуьхьало йоцуш чекхвалийта Деникин, цо бохуг а деш, делан мостагIий балшекаш дIа а луш, аьлла, сацам бинера. ХIара, ИбрахIим-хьаьжа, ца вахара цу гуламе. Цара кхунна тIе нах баххийтира: халкъ хIаллакдан а ца гIерташ Iаддале, хьайга бохург а деш.

«Сан бакъо яц и дан, аш дешнна Iилма дешна аса а, шуна хуург ца хууш а вац», — элира кхо.

«Ахь кериста жайнаш дукхаха дешна, цунна ду хьан дуьхьалвалар», — дог датIо гIоьртира цхьаъ. Амма хIара дуьхьал вист а ца хуьлуш, суьлхьанаш хьийзо хIоьттира, къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш.

Оьрсийн маттахь газеташ а, книжканаш а йоьшура ИбрахIимхьаьжас, Соьлжа-гIалара кхехьа а кхоьхьуьйтуш, царна тIехь шена ца хуу дукха а хIуманаш а хаалуш. И бахьанехь мосуьйттаза эладита долийнера, хIара цавезачара, кериста дине верза гIерташ ву хьенех бохуш... Изза дара межлисин вокало кхуьнга аьлларг а.

ИбрахIим-хьаьжина хаьара царна халкъан бала кIезиг буйла, церан садуург шайн даьхни а, шайн латтанаш а, шайн бахамаш а буй. Изза ду Хьалха-МартантIехь гулделлачу доккхачу халкъана хьалха дIа а хIоьттина: «ХIей нах, хIей! Вайна, паччахь а хилла, тIеван гIерташ верг цхьа а махьар-шахьар а доцуш, чалахь вина муьжги ву. Латта дерг лаьттан да хир вац шух, даьхни дерг даьхнин да а хир вац шух я шайн доьзалан, я шайн коьртан да а хир вац. Цундела шайга бохург де, вайн мехкан а, лаьттан а дола вайга вашка дайта...» — боху къамел динчу Чермоин Тапин садуург а. ХIетахь наха цуьнга: «ХIинццалц ахьа бина дика болх а гина тхуна, хIинца тхо тхайн лаамехь дита ахь...» — аьллера.

Кхуьнан, ИбрахIим-хьаьжин, бахам а бацара хIара вага, я хилча а цунах озавелла даго хьоьхург ца деш а Iийр вацара, дуьненан белхаша галваьккхина харцхьахул чухьовзавал гIийла некъахо а вацара иза.

Кхин цхьаъ а хаьара ИбрахIим-хьаьжина — нагахь, ша царна тIетайча, наха шега ладугIур доцийла. Нахана масийтта шерашкахь шаьш сатийсинарг: маршо, латта, адамаш санна даха таро лур ю аьлла дIакхайкхийнера керлачу Iедалан векалша. Цундела уьш ларбеш, церан мостагIех леташ гIойтIархой юхабевр бацара.

БIаьрнегIарш тIе а дехкина Iачу ИбрахIим-хьаьжина дуьхьал хIоьттира кхузахь, ГIойтахь, шо хьалха хиллачу гуламехь къамел дина Шуьйтарчу Джамалдин кIант Асланбек.

«Тхан ламаройн я пабрикаш, я заводаш яц, тхан дерриге хьал дозуш ду лаьттаца... — дагатесира цунна цхьана газета тIера ша дешна Асланбекан къамелан юкъара могIанаш. — ...ХIинца тхоьга кхаьчна, шегахьа къуьйсуш, цхьамзанех накхош а детташ, тхан дай летта йолу маршо оха цхьанна а дIалур яц...» — цуьнан кхин могIанаш а дуьхьал тесира.

«ХIаъ, нийса кхетта и кIант: маршой, латтий ду нахана оьшург, — ойла йора цо. — Доккха хIума а ду-кх сел жима воллушехь иза оццул хьекъал долуш хилар. Цхьа суй бу-кх, дерриге халкъ а шена тIаьхьа а хIотталур долуш, цунах боккъал дог а лозуш. Амма и тайпа нах дукха ца беха. Дала вахавойла хьо кху декъазчу халкъана... Цуьнга а, Дикалуга а кхойкхуш стаг вахийта веза Шуьйта...»

— ХIума оьшийллина хьуна, — йистхилира стогаран серло къайлаяьккхина лаьтта зуда.

ИбрахIим-хьаьжа вист а ца хилира дуьхьал.

Зуда меллаша дехьачу елира.

ХIума ца яалора.

«ГIиллакхаш, шайна цхьа хало тIе ма хIоьтти дохош хиллехь, хир а дацара. ГIиллакхаш, оьшучохь цIий а Iенош, лардан деза», — ойла йора цо кора тIе деттачу ткъарше ла а доьгIуш.

Эццахь:

— ХIе-хIей, орца дала! Орца дала! Вай яьхна саьнгарш мостагIаша дIалаьцна! Орца дала!

«Цанин Шида... — девзира ИбрахIим-хьаьжина юхойкхучун аз. — Со кхийринарг хили-кх. Буьйса шийла ю аьлла дIасабевлла. Ткъа вуьйш схьабаьхкина хьан чохь охьахевшина, хьо вижна Iуьллушехь».

— ХIе-хIей, орца дала! — мел чIогIа наб кхеттарш а самабохуш, нехан неIарех детталора аз.

Стогаран милт хьала а оьзна, тIе хIума юха хIоьттира ИбрахIим-хьаьжа. Цунна гIо деш, гIовтал тIера тилор-тай дIадоккхуш, маьхьсеш дIалуш, куй бегош, гонах хьийзара хIусамнана.

Дукха хан ялале маьждиган лекхачу мовсар тIера дIасадаьр-

жира Ибрахlим-хьаьжин дуткъа-зевне аз. Нах чlоггlа неlарш а, йовхарш а етташ, кетар, верта, богlуш лаьтташехь тlе а нийзош, маьждиге хьаьлхира.

2.

Кlудал хьала а юьзна тlехъоьхучу шовдана чу хуьйшу лайн чимаш дешаш, хи чохь къайладуьлура.

Кlудал йисттехь, лаьтта бlаьра а йогlаелла, лаьттара кху Гlойтlахь, цунна гонахарчу яртшкахь Гlайтакъин Себила аьлла йоккхуш йоккха цlе йолу йоl.

Цуьнга а хьоьжуш, шен говран кхесах куьг хьоьккхура вуткъалеккхачу жимчу стага — Довтин Айдас.

И шиъ иштта лаьтта ахсахьт дара.

Шовдана йистехь кхин стагга а вацара, массо шайн-шайн гlуллакхе дlасаваьллера: къонахий маьждиге баханера тlамна кечбала, баккхий нах, бераш, зударий катоьхна, ворданашца юьртара арабевлла ламчу доьлхучу некъашкахула ирхъоьхура.

Ткъа цу шимма хlара доьхна де, гуттар а санна, сатасарций хlокху шовдана йисте а деъна дlадолийнера. Иллешца, эшаршца, хелхарца муьлхха а синкъерам я ловзар хаздечу, шайн оьздачу юкъаметтигех хийла да а хьоьгуш, дийнахь шозза — сарахь, lуьйранний — кху шовдана йистехь вовшаххкетта къамелаш ца дича ца lелуш хилла и шиъ — жима стаг, йоlIий — тахана кхоьлина лаьттара, хlинццалц къоначу ницкъах кхихкина, доккхучу сица а, цlийца а дехачу керла кхерч кхолла хан герга кхачаран хазахетаро дерриге а хlума товш дина лелла шиъ, таханлерачу дийно шайн и хазахетар хьозха, шаьшшиъ а кху сел мерзачу дуьненара гуттаренна а дlадаккхаран кхерамо лаьцна.

Хlетте а и шиъ кlел ца соцура цу кхерамна, кху кхоьлинчу, шийлачу дийнахь делакъежара вовшашна. Шаьшшинна оццул а вовшашца латта, къамелаш дан хан хиларх доккхадеш. Хlора а шашена реза а дацара, хlинццалц иштта доладелла лелла, шаьшшинна кхерч а латийна, охьа а хиъна, цхьа буьйса мукъане ца яьккхина.

И шиъ сакъоьруш лийлира синкъерамашкахь, шовдана йистехь, ловзаршкахь, белхешкахь, даха а кхуьур ду-кха бохуш.

Маьждигера схьахеза аьзнаш цкъа чlагlлора, тlаккха гlеллора, Айдин кхин хьем бан йиш яцара.

— Себила, хьо гlуо, ткъа. Катоххий тlаьхьаккхиа юьртахошна.

— Со юьртах ер яц.

— Хlунда?

— Со кхузахь а оьшу.

И шиъ юха а дист ца хуьлуш лаьттира. Тlаккха Себила, шен кlудал белша тlе а хlоттийна, дlайолаелира. Айда хьаьгира цунах, хьаьгира цуьнгарчу кlудалх, цо ког буьллучу некъах, цо молучу



хих. Цунна ша дуьненчохь мел ваьхначу стагал ирсе хийтира: иштачу йоlана везна хилча, кхин хlун оьшу? Цунна цуьрриг а кхоам ца хийтира lуьйкъехь сама а вуьйлуш, цунах йина ойланаш, тlаккха сатассалц ца lаш, лелориг шена а билггала хlун ду а ца хууш, тlе хlума а юхий, тlелешачу лайн чимашна бухахула вола а лой, lаьржачу буьйсанехула наггахь жlаьло цкъа-шозза гlалх а олуш, шийлачу тийналло дlалецначу урамашкахула а ваьлла, и ехачу цlийнан коре хьалха а вахана, вехха латтар, тlаккха эвла йисте а ваьлла, сатассалц волавелла лелар а, сатесча уьйтlа йолуш цо диллинчу зlаран гlовгlа а хезий, шовданна тlе сихвалар а, нахе: «Оцу йоlа цхьа дарбанаш лелийна, талхийна и кlант» — бохуш, хабарш дийцийтар а (кхо ойла йора: цуьнан хазалла ма ю дерригенна а бехке, и стенна ца хаьа техьа нахана)... Ткъа цхьаболчара даггара хьехарш а дора жимма шек хила айхьа лелочух, тlаккха метта вогlур ву хьо, хьуо лела некъ хийца; цхьамма цуьнан мачи чу а доттий хи мала элира. Ткъа кхунна-м ца лаьара меттаван, иза оьгlаз а ца воьдура хьехарш дечарна, иза, вела а къежаш, lадда lара.

Иштта лаьтташ иза цlеххьана кхийтира. Кхин цкъа а гур яц Себилин бlаьргийн массо а хlума диццен серло. Иза кхера ца велира шена хlинцца гучуяьллачу къайленах, иза кхийтира тlаьххьарчу масех баттахь шен хьалхалера дуьненан самукъадалар дlа стенна даьлла: хlара кху дуьненчохь вехаш а ца хилла, дегl хиллехь а, са ца хилла... И иштта доллушехь Себилин ницкъ кхоччуш хилла-кх кхуьнан кхетаман кlоргенехь болу сингаттам бицбан. Делахь иза, Себила, кхуьнан кхечу дуьненахь долчу сина хазахетар дан а ницкъ болуш ю-кх. Оцу ойлано цунна мелла а хьаам бира.

Тlаккха иза стигала хьежа хlоьттира: моккхачу дахкарлара, дуьйсинчу кит чуьра санна, чуккхийсало лайн чимаш бен хlумма а ца гора. Хlара тешна вара оцу мархел а, дахкарал а лакхахь, сирла-сийначу стиглахь, шен син хиййолу меттиг хиларх.

Айда корта а ластийна, оцу ойланех цlан а велла, маьждигехьа волавелира. Къонахчо тlаме хlуттуш ен ойланаш яц хlорш — оьгlазвахара иза ша-шена.

Дlа а кхачале девзира Айдина къамел дечу къеначу Данин аз:

— ...Ца оьшу хабарш ду ахь дуьйцурш, Доша, хьашт доцурш. Тахана тlаме хlотта ца луург юьртах вала маьрша ву-кх.

— Дана, со тахана юьртах а ваьлла, сайн са а лардина, вехар вошийла ца хууш вац хьо. Ас-м, вай ца тулу тlом а ца беш, ламчу духадевлча хlун дара техьа бохура. И де бохуш вайга мартанхой а, атагlой а, ву мел боху стаг а хилча. Адам жим ма делла вайн. Хlу хадарна кхоьру-кх со вайн а, берриге а нохчийн а.

— ...Доша, вай хазахета ма ца lенийна и цlий. И-х вай хиллачу маьршачу дахарна тlера даьккхина сагlа ма дара. Сагlано беч буха ма ца туху бала. И ца динехь цхьаьнга маре а дахана, нуска-

лан кеп лелон дезар-кх вайн гуттар а. Ткъа цул эхье хIун хир ду къонахашна.

«Маржа, Дана яI! Заманна кIел ца виса гIерташ схьавогIу хьо. Хьан аьтту куьйган шиъ — цIазаниг, цунна юххерниг а — пIелг а бац — и лар ю хьан дегIа тIехь Шемилан тIамо йитина. Шалха гIагI а дуьйхина ваьлла хьо тахана а ара. ХIинцалерчу тоьпашна дуьхьало хир юй-те иза...».

Данех йолу шен ойланаш кхин дIаян ца кхиира Айда, малхбузерчу эвлайистехьара схьа сих-сиха дуьйлу татанаш а хезна.

— Мичахь беш бу и тIом? — хьаьттира Данас шена уллорчу нахе.

— Хьаччакъин кIотарара схьахезаш ду герзаш дийлар-м.

— ИйтI-маржа, Новраб-хьаьжа яI! Къена борз ю иза шен кIезаьнца тасалуш, — вела а къежна, шен мекхех хьакха куьг хьала айа беи ца кхиира Дана. Юткъа шок а тухуш, беъна маьждиган тIулгийн пенах кхийтира йоккхачу тоьпан хIоъ.

ТIаккха тийналла хIоьттира. Жимма хан яьлча, тоьпан хIоанах къаьхкина, дIасакхийсабеллачуьра метта баьхкинчу нахана гира, ши куьг дIаса а теснa, бета юххехула цIийн тача а долуш, вожна Iуьллу Доша.

Цуьнан даг тIе лерг а диллина, хьалаайавеллачу Айдин бIаьрг кхийтира Дошин аьтту когахь йоллучу неIармачин боьхначу буьххьехула араяьллачу хьаьжкIийн лоьдгах а, нана-пIелган Iаржъеллачу мIерах а.

— СадоьIуш вац, — хазийра цо. Цхьа а вист а ца хуьлуш тийналла хIоьттира цхьана юкъана.

— ДIадоладели хьуна, — цхьамма ден шабарш чIеггIа дийкира майданахь.

ТIаккха ИбрахIим-хьаьжас, ши куьг хьала а лаьцна, мохь тухуш доIа дира, кегийрхоша буха верта а теснa, къилбехьа верзийна Iуьллучу Дошин коьрте а хIоьттина.

— ХIинца дIасадовла, нах! Дала гIо дойла-кх вайна, — элира цо тIаккха.

— ХIа-хIа, кIентий, схьадовла сан тобанера дерш, тIаьхьахIитта, юьртан малхбалехьа хIуьттур ду вай йовсаршна дуьхьал, — вистхилира Йошуркъин Чода.

— Шу суна тIаьхьахIитта, юьртан важа агIо вайн ю, — шен бIона хьалхавелира Девлин Хьату.

— Собардел, нах, — вистхилира Дана. — Вайна хан еза. Юьртах волург, юьртах валийта, тIамна кечдала а. Дукха мел хили а дика ду.

— Бакъду и, Дана. Ткъа вайна хан яла кечвелла стагга а ма вац... — Чодин дин цхьана меттахь ца сецалуш дIасакхийсалора.

— Хьаьа суна. Вай жимма хIилла дан деза. Машар бийца стаг вахийта веза вай. Цара бохучун ойла ян ши сахьт хан а йоьхуш.

— Лур яц. Вай царна жоп делла ши де а даьлла.



— ХIетте а, вайна мелла а хан хир яра...

— Дана бакълоь, бакълоь Дана, — маьхьарий хезира маьIмаьIIера схьа.

— Дана бакъ а лоь, цаьрца къамел дан со вахча бакъахьа а хетара суна, — майдана юккъе велира Цанин Шида.

— Хьо ца вахча ца мега шига? — вистхилира Чода.

— Суна мотт а хаьа. Цу тIе сан делха а дац, я дека а...

— Хьо ваха а мегар ду цига-м, хабар дахдан хьажа веза, — резахилла велакъежира Дана.

Оцу минотехь буьххьехь кIайн кIадин кийсиг а йихкина, еха гIаж сара. Иза кара а лаьцна, дIаволавалале нахе бIаьрг а тухуш, Шида сецча, Айдина цхьа хIинцалц шена гина йоцчу серлонца лепаш хийтира цуьнан юьхь. Хадда йоллуш гIодаюкъ а, кIайн юьхь-сибат, жимдеш дIалергина маж-мекх а долу Шида цунна шена мел гинчу нахал оьзда а, куц долуш а хийтира. Вахана цунна улло дIахIоьттира Айда.

— Со вуха ца верзахь, оцу сан хIусамнанна шеран коьртехь цхьа боьзан коч а, закатана ялта а лолаш, — элира цо шена уллохь лаьттачу кегийчу нахе.

ТIаккха голаш таIийна дин дIаэккхийтира. Айда а, кхин цхьа тIемало а хIоьттира цунна улло.

Говра тIехь, дечгах вича санна, вогIа а велла, Iара Цанин Шида. Иза генна валлалц лаьттира юьртахой, цунна тIаьхьа хьуьйсуш.

— ИбрахIим-хьаьжа, вайн хьешаша шайна герз доьху, шаьш тIаме ца хIуьттуш Iийр дац боху.

— Хьешний ларбийр бу вай, тIаме а ца хIуьттуьйтуш. Уьш ларбеш ца хилча хIара дола а стенна дора?..

— Нийса ду, нийса ду, — массо а резахиларца кортош теIон велира.

ТIаккха бIаьрзе Иэлада велира нахана юккъера майдана схьа. Лерга улло куьг а диллина илли долийра цо:

> Вай делча денлур дац,
> Къанделча къонлур дац,
> Вай динчу наноша
> Вай духа дийра дац.

Пхи бIе илли хаьа Иэладина. Цуьнгара ши бIе герга схьаэцна Айдас. Кхин схьаэца кхуьур вуй теша? Мичахь Iемича Иэладина уьш? НогIийн махка цхьана хьоладен рема лалла вахханчохь коьртах чов а хилла, цIа а веана, цу чевнах ца воьрзуш, бIарз а велла, ша висча, дуьненах дог диллина бохамна кIел а ца соцуш. Мартантiехула, Терка йистехула, Шелахула, Веданахула, Шуьйтахула, лакха лаьмнашца — Нашхахула, Галан-ЧIожахула, Маьлхистахула, шарой, шикъарой, чIебарлой, дзумсой бехачухула — хIокху йоккхачу Нохчийчохь ша вевза-везаш а, шена бевза-безаш а нах

болчухула волавелла лелаш, баккхийчу нахе а, илланчашка а, суьйранна мохо чубожийначу шен бенна доьлхучу олхазаре а, бердах чуккхийсалучу хин чахчарешка а, довхачу тӀулгаш тӀехь духучу маьлхан догӀане а, Органан гӀовгӀане а, боьрапашкахь шок етташ хьийзачу дарце а ла а доьгӀуш, Ӏамийна цо уьш. БӀаьрса дӀадаьлча, шен мехкан лераса хилира цунах. Цунна наханчул хьалха хаалора мостагӀ тӀевогӀуш. Масийтта чаккхарма генахь хиларх хезара мостагӀийн говрийн бергийн татанаш. Уьш стенна дуьйцу, царна, мостагӀашна, шайна тӀелата дагадар а хезара цунна. ТӀаккха цо иза нахе дийца а дуьйцура. Уьш кхунах, дукхахьолахь, теша а ца тешара, бакъду, кхо бохург кхочушхилча, дохкобовлура.

Шена хуучех бӀе гергга илли цо ша кхоьллинера, лерасино мел хазочух кьоьртаниг схьа а къастош, цу тӀе хьалха бӀаьрса а долуш хиллачу шен дахарера иэсехь Ӏалашделла басарш жим-жима тӀе а тухуш.

Иллино дӀалаьцначу Иэладина шен къоначу шерашкахьлера суьрташ хӀуьттура, цо лекхха айинера корта, дӀасаяржийнера белш, цунна хетара ша шерачу арахула дин хьаьхкина воьдуш санна, бӀаьрнегӀар тухучу юкъана, хехой дӀаса а човхийна, барзо санна, реманна го тесна, иза хьалха а лаьллина вогӀуш; тӀаккха юьрта йисте а хӀоьттина: «ХӀей-хӀей, юьртахой, хӀара ду шуна оха ялийнчу реманах суна кхаьчна дакъа, хӀорш дӀаекъа байшна, жоьра бисинчу зударшна, мискачу нахана», — бохуш мохь бетташ лаьтташ, тӀаккха екхначу буьйсанна юьртана тӀехула екаш, хьаьжкӀийн белхехь цӀарна цӀе яхначу мехкарша лоькху: «Схьа-кхета малх гирий шуна, чубуза малх гирий шуна, рема лоьллуш, сирчу динахь Довкин Иэлада гирий шуна...» — боху йиш а хезаш, волавелла лелара...

Илли ерриге а майдано айина, хӀора а минотехь чӀагӀлуш, лакха долуш дӀасадаьржара, цуо дог ира-кара хӀиттийна нах юьрта йисте боьлхура.

3.

Цанин Шидий, цуьнан ши накъостий ах некъ бина ваьллера, хьоькхучу мохо иллин аьзнаш тӀаьхьаккхиочу хенахь. Хазахийтира царна, хӀораннан а, дог ира-кара а хӀоьттина, бӀаьрг серлабаьлла, самалхаделира.

— Эйт, горалера илли яӀ, — шед туьйхира Цанин Шидас.

Вуккхушимма а тӀаьхьа хьайира говраш.

ДӀакхаьчча къамел дан дуьхьалваьлла эпсар куралла кхаьрга схьахьажа вешаш а вацара.

— ХӀун боху аш?

— Тхан юрт Ӏадда йитахьара аш, оха шуна дина хӀума а дацара.

— Ӏадда юьтур ю, аш большевикаш а, ИбрахӀим-хьаьжа а, Йошуркъин Чода а, Девлин Хьату а схьалахь. Пхийтта минот ю шуна.

— Пхийтта минот кӀезиг ю, полколаг, ши сахьт мукъане а лохьа.

— И хӀун ю цо юьйцург?! Ши сахьт! Аккхарой! Пхийтта минот ю шуна...

Эццахь шен пхьалгӀа дагаеара Шидина, цу чохь маьрсаш, дагарш, гаьмнаш, ворданан меженаш йора цо, хӀан-хӀа, шаьлтанаш-м ца йора, уьш ян дукха а хан езара, и хан кхуьнан яцара, уьш ДаьргӀарий, ЖугӀуртарий кхоьхьура, кхо юьртахь нахана балха тӀехь оьшу гӀирсаш бора, уьш кхуо дечунна чӀогӀа реза а хуьлура, хӀара волчохь гул а лора, хабарш дийца а, забарш ян а, кхо царех хӀораннах а, шен балха тӀехь цхьацца хӀума дойтуш, пайда а оьцура, къаьсттина уьш оьшуш хуьлура эчиг хадочу хенахь тукаран га охьаэзон, ялх стаг, таса а велла, кхузза тохавелча, хададора цо эчиг. Бегашна тӀера хӀара ша а вара, уллохула тӀехдолу бер а ца дуьтура, схьа а лоций, цӀийдина эчиг шелдечу хи чу ца Ӏуттуш, чуьра хьаладаьккхича дерриге а кӀормодех а дузий, «Ва-а-а», — бохуш, доьлхуш, урамехула хьаьдда доьдучу берана тӀаьхьа а хьоьжуш, воьлуш лаьттара; цкъа цхьа ламаро — уьш-м вон бегаш а бара, тӀаьхьа дохко а велира хӀара — хӀаъ, цхьа ламаро вогӀура шен говр-вордана а хиъна урамехула схьа, иза генна волуш, кхо цӀийдина эчиг кхоьссира новкъа, — чӀогӀа эчиган къелла йолуш ма буй ламарой, оццул долчу эчигана тӀех мича валалур вара хьуна; — дӀаса а хьаьжна, цхьапъаьлла вордана тӀера чутиллачу ламарочо, цӀийдар схьа а эцна, вагийна, ша волччохь кхосса а луш, охьаккхоьссира. Оццу хенахь пхьалгӀи неӀарехь схьагучуваьлла хӀара вела ца луш Ӏевелирий, ткъа...

— Къежаш дац и экха! Яхийтта кхузара. Шайн нанна... Пхийтта минот хан ю шуна!

— Стенна, оццул дукха? Ас хьуна цхьа а минот а ца ло, — аларций, чоин кӀелхьара хьала лаьцна топ полколаган некхан уьн тӀе а лаьцна ялийтича, цхьабосса девллачу герзаша, цестина лаьтта вожале, шена уллора Айдас говр дӀаоьккхуьйтуш а хааелла, цунна тӀаьхьа: — ПхьалгӀе хьажалахь! — аьлла, мохь тоха кхиавелира Шида.

Важа накъост, тарраша цестина, кхунна улло охьавахара. Кхетам дӀабале, Шидин дагахьбалламе ойла хилира: «Цхьаъ вожо бен ца кхин-кх со. ДӀо, дадас вуьйцуш хиллачу, Оччархьаьжас Гезлойэвлахь, иштта шен сий дайъича, шаьлтанца шиъ цестинера... хӀара тайпа ши жӀаьла...»

Кхетамчуьра волуш шена тӀекхаьчнарг чаккхе ю моьттинехь а, дукха хан ялале, Шидина юха а хаза юьйлаелира гӀовгӀанаш. Говрийн бергийн татанаш доьлхучу агӀор дӀатоккхира иза — цу агӀор хила езара ГӀойтӀа. Кест-кестта юьхь тӀе гӀорийначу лаьттан цинц тухура бергаша, амма цхьа а цунна тӀе ца кхетара. И хала мет-

таххье цIийх юьзна адаман чарх гуттаренна а дIатейта тоьар яра цхьа берг, амма иза цунах ларвеш, юрт йолчу агIор меллаша дIавуьгура цхьана боккхачу ницкъо. Стенна? Хьанна оьшура ца верза чевнаш хиллачу цуьнан оьмар яхъяр?

Иза вехха ихира. КIадвелла, хIотта а хIоьттина, сецча, цунна хезира Иэладин аз:

И муьжгий, балшекаш тхан хьеший бу хьуна,
Ткъа хьеший дIалуш тхан гIиллакх дац хьуна, —
ДIавелча виса ИбрахIим-хьаьжа вац хьуна,
Олуш, шен мажар-топ инарлин некха тIе хIоттийна
Йолуьйтуш ма хилира и Цанин ва Шида...

Айда дIакхаьчна хилла-кх юьрта. Цо дийцина хир.

ХIинца вала а мегар ду. Шихмирзех а санна илли ду кхунах... Таймин Биболтах а, Харачойн Зеламхех а санна, нахана юккъехь гуттар а даха дуьсур ду иза. БIаьрзечу Иэладас эр а ду и кест-кеста.

Илли хезча хиллачу хазахетаро тIаьххьара ша вохвича, и ойла ян а кхиира Цанин Шида. ТIаккха иза шелоно а, бодано а дIакхаьллира.

4.

— ДIадовла бераш кхузара! ДIадовла! Шаьш гIуллакх дахь, патармаш дIасакхехьа.

— Уьш дIакхоьхьуш дукха а бу.

— Аш а кхехьа.

— Ахь тхуна тоьпаш ло тIаккха.

— Тоьпаш муха ло, топ хьала а ца айалучу берашка?

— Тхоьга-м айало, кхосса а хаьа.

— Мел хан ю шун?

— Пхийтта!..

— Пхийтта шераш хилча-м, шу къонахий хир дара... шийтта а хир дац.

— Ду хьуна.

— Делахь, хIун дийр ду шуна. Схьадуьйла, дIаэца, — эгIаза воккха стаг шен ратIун сонехь лаьттачу тоьпашна тIеволавелира. — ХIа-н, цхьацца топ ю шуна, пхиппа патарма а.

Самукъадаьлла дIалилхина бераш, гена довлале севцира. Царах цхьамма, юха а ратIу улло а веана:

— Ваши, кхин пхи патарма а лохьа, — элира.

— ДIавала кхузара, пхи салти вийча тоьар ду хьуна... — шен мерах кхозу седа пхьош а хьаькхна дIабаьккхира воккхачу стага.

— Пхий а патарма дIаккхета аьлла а ма дац.

— Схьая топ, схьая! Хьо генара кхийса воллу.



— Воха ма вохалахь, Къайсар, ас хIинцца чов дIайоьхку хьан...

— Со... со-м вухур вац, Iеламха... топ хьажош кхосса ахь...

— Юьрта чу яккхий тоьпаш етта йолийна варраша

— И тоьпаш схьа а яьхна, царна дуьхьал ерзо езара...

— Уьш мича яхалур ю схьа...

— Яхалур яра, стелахаьштигаш хилча...

— Муха стелахаьштигаш?

— Адамех стелахаьштигаш хилча... Стелахаьштигаш а хилла уьш болчу тIелетча... иза тоьпо а ма ца лоцу.

— Харц луьйш ву-кх хьо... Делан цIе яккха.

— Вац хьуна со харц луьйш... Хила йиш ю хьуна стагах стелахаьштиг...

— Кхин цхьаъ а туьйхи йоккха топ. Беччаркъин цIа а демадарц дина дIадаьккхи.

— Беччаркъин цIа дохорх-м хIумма а дацара, муьста берам чохь болу черма дохийнийла дIахаьийтахь, тIама юккъе а иккхина лийр ву-кх иза... Ва-хьа-хьа...

— Ма вела, чевнна ницкъ бо ахь.

— Ва-хьа-хьа... Ва-хьа-хьа...

— Ма вела, цIий дIаоьху хьан.

— Ва-хьа-хьа. Вахь-хьа-хьа...

— Къайсар! Къайсар! Меттах хьовш а вац. Воьлуш дерриг цIий дIадахийти-кх ахь, Къайсар! Дала атто йойла-кх хьан сина...

— ИйтI, йовсарш. Хьежош кхуьйсу шуна. ОхьатаIа, йоI, хенал хьалха яла а ца гIерташ.

— Ану, хан ца кхаьчча вала йиш юй стеган?

— Хан стеган бархI ю олу ИбрахIим-хьаьжас.

— Муха бархI?

— ВорхI, стага бахьана лелийча, тIехъяла йиш йолуш ю. БархIалгIаниг — хьо лоцу ерг ю.

— Делахь цхьаъ суна хIинцца тIехтили хьуна.

— Схьайола, суна юхе хIокху вордана чу охьайнжа... Иштта... Аннийн херонашкахула ара а хьоьжуш.

— Ану, цхьаъ ву хьуна дIогахь Iуьллуш.

— Тпру, саца. ДIалаца хIара архаш. Мила ву хIара? ХIаъ. Цанин Шида. Ван а ву. Къонах а ма вара. Дела, хьуна бу-кх хастам, сел генара теккхна кху юьрта йисте кхаччал ницкъ белла хилла-кх кхунна, сел дукха чевнаш хиллачу. ДIалаца хIара... Иэга а ма ахь кхунна, сел дукха чевнаш хиллачу. ДIалаца хIара... Иэга а ма е, елха а ма гIерта. ДIайола. Иштта ду хьуна хIара дуьне. Оьзда кIант вара хьуна хIара. Ларвеш виллалахь. Иштта. ХIинца дIайолаялийта. Охьалачкъа. ХIумма а хир дац хьуна, кхунах дIахьакхаяларх...

— Ану, кхин цхьаъ а ву хьуна дIогахь Iуьллуш.

— Велахь, сацал. Иштта. Меттаххьеш ву. Воха-м ца воьхна хьо, кIант?

— Ану... хьо... муха кхаьчна?

— Иштта. Схьайола, йоI, хIара хIокху вертан тIе а виллина, хьалаойур ву вайшимма. Иштта коьртехьа яла. Шек дIа а вуй, ткъа. Къежа а къежаш, Iуьллуш ву. Ой, и хIун ду, йоI, ахь лелориг? Верта охьа ма хийци ахь? Ши куьг-м ца лехна хьан?

— Иза лазийна а вац.

— Муха вац, ца го хьуна цуьнан чевнаш?..

— И суна тIекхийдаш ву-кх.

— Бакъ кхийда-кх, къонах ма ву иза. Схьалаца и верта, ялар-на-м ца кхоьру хьо, и хьайх хьаккхавелча. Меллаша виллалахь, иштта. ХIинца дIайолаялийта. Иштта.

— Ану... Ану...

— ХIун боху ахь, Къайсар.

— ХIокху йоьIан цIе хIун ю?

— Хьуна ца хаьа, Къайсар? Шун куьпахь Iийначу Эдилсолтин ю-кх хIара, хIинца соьца Iаш. Совдат ю-кх кхуьнан цIе.

— Совдат... Со цIахь наггахь бен хуьлуш а ма вацара... Совдат!

— ХIун боху ахь?

— Вайн гурахь хьаьжкIийн белхи хIоьттича, со дага а лаций цхьа йиш лаккхалахь... «Гу лекхачу лома юьйлуш...» боху йиш.

— Ахь хIун дуьйцу, Къайсар? Хьо толур ма ву...

— ...Суна къинтIера а яьллахь, ас бегаш... хIаъ... къинтIера... йиш а лаккхалахь... Совдат... Суна йиш лакха сан йиша а яц хьуна...

— Ану, Ану... ХIара леш ву хьуна.

— Ма елха, йоI... Цул а бисмилла деша.

Нах бехачу дуккхачу меттигашкахула чекхбевллера хIорш, мацалла а, шелонна а кIел а бисна, лайла, цIунала охьа ца оьгуш. Амма тIе а эцна, буза а бина, Iа чекхдаллац хIорш шайца бита лууш стаг ца велира цхьа а, хIокху ГIойтIа кхаччалц. Оцу бехачу новкъахь кхарах дуккха а накъостий а къистира, ткъа цхьана юьртахула тIехдовлуш кхаьргара мегар йолу коч-хеча а, йолчуьнгара эткаш а дIаехира... ТIаккха мачашна метта тIелхигаш а хьерчийна, шелоно когаш а морцуш, хIокху хийрачу мехкашкахула дохдалаш лоьхуш кхин дIа а некъ бира.

Кхунна, Сергейна, дуьххьара хIокху керлачу Iедалан бIонна тIаьхьаьхIуттуш моьттура, цхьана шина-кхаа дийнахь тоьхна-тоьхна шираниг хIаллак а дина, дIаде шортта латта а, бераш дуьзна а, тIедуьйхина а долуш, шен Акулиниций ваха охьахуур ву аьлла. Амма и де дахдели. ХIинца хIун деш ю-те Акулина? ХIара велла моьттуш хир ю... Доххоьаьлча а, вухавала меттиг а бац хIинца. ХIинца валлалц я дуьхьал хIоьттинарг къарвалалц лета веза.

Коре хIоьттина лаьттачу Сергейн бIаьргех хи делира. Шаьш деникинхошна дIаделлехь а, дагчохь хIокху гIойтархошна бехк ца буьллура кхо. Церан хIун гIуллакх дара хIорш, мезех, модех юьзна хIара тIелхигаш бахьанехь, шаьш а, шайн юрт а хIаллакьян. Амма дагахь а доцург хилира. Ца белира. И ца деш, тахана бала хIитти юьртахой, хIорш тIаме а ца хIуьттуьйтуш. Шен оьмарехь кхунна дукха гинера адамаш, тIаьххьарчу хенахь царах вуониг бен кхин ойла а ца ялора цуьнга, массо а вовшийн вен, вовшашкара тIаьххьара баьпган юькк схьаяккха араваьлча санна хетара. Дукха гинера цунна адамашкахь бух боцу Iин. Ткъа кхузахь, ГIойтахь, цунна гира адамийн лакхе.

Оцу лаккхахь, лахарчарех схьакъаьсташ, кхин гIиллакхаш дара, Сергейна кхета хала а долуш. И иштта делахь а, коре а хIоьттина дуьйлучу герзашка ла а доьгIуш, лаьттачу кхунна цхьа хIума хиира, оццул дукха юьртахой а леш, баьккхина толам, дийна а волуш, шена ган йиш ца хилар. ХIара тIаме чухьодур ву, герз ца хилча а дац хIумма а, хирг дIа хир кхунах.

НеIарх вала кхуьнан йиш яцара, хIусамдас ша тIаме воьдуш тIехула зайл боьллинера. Корера рама схьаяьккхира кхо. ТIаккха ара а ваьлла, ша ма хиллара рама дIа а хIоттийна, юьрта йисте хьаьдира.

— Хьаьжа, вайн хьеший ца Iий тIаме ца хIуьттуш. Делккъалц ас хала сеццийра уьш.

— ХIун дийр ду ткъа. Дала аьтто бойла-кх церан.

— Хьаьжа, юьрта чубоьлла мостагIий.

— Хаьа суна. Iумхин керта тIекхаччалц бен чубахка йиш яц хьуна церан. ДIагIой, дIаала нахе, уьш кхин сехьа бовла йиш яц алий.

— Хьаьжа, наха доIа де боху хьоьга...

— Хаддаза деш ма ву со и доIа, ва Сардал...

— Мохь тоххий, шайна а хозуьйтуш. Деле вай толийта алий.

— Веза хилла волу дела...

5.

ИбрахIим-хьаьжа доIа дина а ваьлла, тийналла хIоьттича, шен илли дIа ца долош лаьттачу бIаьрзечу Иэладина хаалора шега ца кхеташ хьуьйсучу, ша санна, юьртах а ца бовлуш севцинчу баккхийчу нехан бIаьргаш. Уьш массо а кийча вара цо дIадолийча илли, лаьтта ца дуссоуьйтуш, айдина стиглахула дIадахийта. ХIетте а, сица гуллуш, куьг лерга улло а диллина, аз ца хозуьйтуш лаьттара иза. Цунна хаьара ша илли муха ала деза — кхоазлагIа Чхьайнин Чиирика ворхI вешин йишина пондар ма-лаккхара.

Баттахь гергга бина Чиирика пондар, зарзаран эшаре ла а доьгIуш тадина мерзаш, тIаккха, охьа а хиъна, цхьана дийнахь сарралц лекхна цо. Цуьнан эшаре ладоьгIуш дIатийна хьуьнхара

олхазарш, акхарой, цуьнан эшаре ладоьгIуш дIатийна дуьненчохь мел долу адамаш. Амма ворхI вешин йиша схьа а ца хьаьжна. ТIулгех тоьхна, шен пондар а бохийна цIа вахана Чийрик. ТIаккха...

— ИбрахIим-хьаьжа, Iумхин цIенна тIе кхаьчна тIом, — шена уллохь Сардалан вистхиларо ойланех юкъахваьккхира Иэлада.

— Кхин сехьа бовла йиш яц церан, — элира ИбрахIим-хьаьжас хаддош. — ДIа а гIой дIаала и нахе.

Илли доло дезаш хиларан билгалю яра иза. ЦIеххьана а, зевне а дийкира Иэладин аз:

Вай езаш ва йина, вайн гIийла хIусамаш,
Корах алу ва туьйсуш йогучу цу дийнахь...
Юрт юьллуш дехкина вайн шуьйра урамаш,
ХIотта меттиг ва йоцуш, сийсачу цу дийнахь!

— Iа-а-а, — тIаьхьара элира баккхийчу наха. Царна тIаьххье тIамехь бохкучара айина ерриге а Нохчийн арахула лаьмнийн когашка кхаччалц дIадахара Дадин-юрт яккхарах долчу иллин доладалар.

Чхьайнийн Чийрика дуьхьхьара лекхначу эшаран ниццкъаца нисъеш элира Иэладас хьалхара байт. ТIаккха цо оцу Чхьайнин Чийрика, керла пондар а бина, ваха а вахна, доьду хиш, шовданаш совцош, лекха лаьмнаш чухерцош лекхначу эшаре (оццул чIогIа лекхча дIа а хьаьжний, ткъа, ворхI вешин йиша! — Дог чIогIа стаг хилла) дIаккхочуш, хила езара шолгIа байт:

Вай керлах балийна, вайн хьомсар несарий,
Марзойн цIераш ва йохуш, кхойккучу цу дийнахь!
Вай дина дай-наной, совца меттиг ва йоцуш,
Орцана ва кхойкхуш хьийзачу цу дийнахь
Сема ла догIалаш дехачу цу юьрта.
Наношна ва доьлхуш, бераш хезар ду шуна!
Вайна безна мехкарий, шайний-шайний ва бохуш,
Вайна цIераш ва стташ, вайга хьуьйсуш бу шуна!

ТIаьхьара олучийн аьзнашка ла а доьгIуш, цхьана юкъана сих-сиха шийла хIаваъ чу а уьйзуш, сацавелира Иэлада. ХIинца иллин уггаре а лаккхарчу дарже дала дезара...

КхозлагIа а пондар бина Чхьайнин Чийрика. КхозлагIа а вахана иза ворхI вешин йиша ехачу бIаьвнна кIел. КхозлагIа а лекхна цо иш. Оцу эшаран чIагIалло дерриге а дуьне а цецдаьккхина, оцу эшаро, чу сихош а кхоьллина, белла нах кешнашкара гIовттийна...

Нэгор бу вай, кIентий, эхь дайна мостагIий,
Бохор бу вай, кIентий, сий доцу мостагIий.
Болатах ва дина терсмаймал ва тарраш,
Лаккха хьала ва уьйуш, вай царна деттар ду!
Нохчийн пхьераша ва йина хьенапан шаьлтанаш,
Вовшашка ва кхийдош, вай царна Iуьттур ю...



ХIан-хIа, ницкъ бацара Иэладин иллин белларш гIовтто, амма ца берза чевнаш хиллачеран оьмар ях-м йора цо. ТIаьххьара садоьIучарна а тоьпан лаг озо ницкъ лора. МостагIашка ца лан белира ши ницкъ — адмийниг а, иллийниг а. Уьш юхаберза буьйлира...

ТIехьа лаьттачу эпсарша маьхьарий детташ сецабора уьш. Амма иллин декар кхин а чIагIлуш дара, цо и маьхьарий дойура, цо къарйора герзнийн гIовгIа а, цо поттанаш хIиттайора мостагIийн лергашкахь, царех масех оцу иллин ницкъ лан а ца белла, коьртах а телхина, хьайбанаш санна, Iеха а Iоьхуш, герзаш охьа а кхуьйсуш, юханехьа велира...

6.

Данин цхьа дагахьбаллам бара, легашкахь хорам беш. Уьш ша цкъа а ца хьастар. Мел кегий болуш а. Кхуьнан цаьрга болу безам къайлах а, чIогIа а бара. Амма уьш хьестар осалалла хетара, и мел лаахь а. Цундела кегий долуш бераш шайна чохь кхуьура, кхунна уьш дуьхьхьара кога а дахана дIадолаталелча гора.

Цкъа уггаре а жиманиг, воьалгIаниг, хIаъ, хIара ву-кх, узарш а деш Iуьллург...

— Узарш стенна до ахь, велла ма валарг, кху кхаанах эхь ца хета хьуна. ЧIикъ а ца олуш дIавирзинчу кху кхаанах.

ДIатий... ХIаъ, хIетахь. Бераш долчохь горгам хьокхуш, ага сехьа чу хIоттийнера хIусамнанас хIара Iаш волчу.

ОьгIазвахана корах аралстийра цо ага. ХIаъ, хIара хIинца леш волу жиманиг вара цу чохь. Эвхьазло дика ма яц берашний, дений юккъехь.

Тоьпаш шортта йитти аш, берзан кIезий, цхьаъ йохъелча, важа хьала а оьцуш, иштта дIаеттар ю-кх. Велла ма валарг, узарш а ма совший ахь.

Дана, ша кхуьйсу топ а сацийна, леш воллучун коьрте охьа а хиъна, шабаршца тахана доьазлагIа еса деша хIоьттира. Есанна юккъе воллучу хенахь, са дIаделира кIентан. БIаьргаш дIакъовла оьхатаьIначу Данина шен кIентан юьхь ца гира. Бода беъна теша, ма Iаржъелла вайна? БIаьргех куьйгаш хьаьккхира цо. ТIаккха иза кхийтира, шен тIаьххьара малх а дIабуьзна хиларх, ша гуттаренна а Iаьржачу боданехь а вуьтуш. Хорам хилира цунна, велха дог а деара. Амма цо сатуьйхира, халла къурд бина. «Къанвелла-кх со...» — ойла хилира цуьнан.

ТIаккха куьйгашца схьа а лоьхуш, шен кIентийн коьртех куьг хьекха хIоьттира иза:

— Сан Ида, сан Ича, сан Ахьмад, сан Мада, — йиъ цIе яьккхира. Цо эххар а, веллачул тIаьхьа, хьаьстира шен виъ кIант.

Виъ кIант а вийна, орам а хаьдда, бIарз а велла, гIорийначу

лаьтта а хиъна, корта тоьпа тIе а биллина Iачу вокккхачу стагана шен дерриге а дахар дуьхьал тесира.

Пхийтта шо ма-кхеччи, хIоьттира тIаме, хIинца ша тIе а хиъна Iаш волу хIара латта а, маршо а бахьанехь, хIинц-хIинца тIом чекх а баьлла, нах санна, бIаьста латта а охуш, гурахь ялта чу а дерзош, аьхка маша а, Iай лахьа а деш, хIусамнана а ялийна, Iийр ву-кх бохуш хийла шераш дIаихира. ТIаккха тIом сецча а, даима пха санна, вула а велла, миччa хенахь а мостагIчунна дуьхьал-хIотта кийчча лела дезара: зуда а ялийна охьа а хиъна, хIара доьзал болийча, дог хIетталц бевзаш ца хиллачу синхаамо — кхерамо дIалецира. Амма кхо цхьаьнгге а ца буьйцура и синхаам, шашех а лечкъабора иза. Амма иза бара. Эрна хилла а ца хилла, хIетахь, масийтта шо хьалха дуьйна, таханлерачу хIокху дийнан сингаттам хилла-кх даго лелош берг, хIара кхета хIинца цунах. Оцу масийтта шарахь даго хьоьхура цунна хIара сингаттам, ворхI вешех а, дех-ненах а, шен чкъурарчу нахах а къаьстинчул тIаьхьа мукъане а, синтеме зама йогIур яц теша аьлла а хетара. Наггахь дагадогIура цхьа агIо схьа а лаьцна — малхбале я малхбузе, къилбе я къилбаседе — бен а яц — масийтта шарахь дIаэха цхьа а тIом бан а, цкъа а кхера а ца дезачу махка кхаччалц. Амма кхо иза ца дора шина бахьанийна: цкъа-делахь, хIара тешна вара тIехь да воцу латта хIокху дуьненчохь цхьанхьа а дац аьлла, ша цкъа а даста ца лучу шаша хьулдинарг доцург, ткъа цу махкахь кхуьнан кийрарчу шен лаьттах къастаран а, цигахь йолчу а шина а шелоно гIора а вина, гуттаренна а цхьана меттахь латта вуьсур ву; шолгIа-делахь, кхуьнга бутт а баккхалур бацара хIокху махках, нана-Нохчийчоьнах а ваьлла, цундела ворхIе дегара шега кхаьчначу лаьтта тIера дIа ца волуш хIаллакьхилар гIоле ю, хьо дIаволла тIаьхьа стаг хилча-м мухха ле а...

Данина эхь хетара хIара бохам лан а ца белла ша бIарзвалар, эхь хетара ша-шена хьалха а, хенал хьалха хIара дуьне дитина делан кхеле дIабирзиначу шен нийсархошна хьалха а. Кхунна дуьххьара доьхна ма ца Iа хIара дуьне, хийлаьна а доьхна. Бу аьллачу къонахашна а, иллешкахь буьйцучарна а. Массо нахъост а вийна, чевнаш а хилла вала воьжча, туьрца шен накха а батIийна кийра куьг а дахийтина, дог схьа а даьккхина: «Давелла диса хьо, доттагIий а байича, дика кIентий а байича, цIе йолуш мел волу стаг а дIаваьлча, ца иккхина хьо болатан ду ма моьттура суна, хьо-м ца хилла, иштта, хьо дилхан хилла», — бохуш, дечиг санна шен дог туьраца хьскха а хьоьккхуш, велла Зайтин Шихмирза. Хьалха нах турпала хилла, хилла-те...

— Дана, дала гечдойла-кх кхарна. Дала иманца собар лойла-кх хьуна а.

— Ану, хьо ю иза... Дела реза хуьлда хьуна а. Хьо хьуо ю?

— Яц. Совдат а ю соьца, Эдилсолтин йоI.



— ИбрахIим-хьаьже дIаберзабе алалахь уьш. Хьайн доIанна юккъе гуттар лаца бохура а ала ас.

— Дика ду, Дана. Дала собар...

Собар... И ду-кх велла дIаваллалц хила дезарг. Собар деш, нахала а ца волуш, лан беза мел беза бала а, мел хуьлу хало а. Собарца совцо деза бIаьрхиш а, оьгIазло а. Гуттар а — собар. Делахь а и бала а, и бIаьрхиш а, и оьгIазло а IаIа ма IаьIа кийрахь, уьш тIепаза дIа ма ца йов, IаьIа йоккха бог а хуьлуш. Кхуьнан кийрахь ца латталуш юсаелла иза, лоппаг санна.

— ХIа-а-а, — цIеххьана иккхира иза. — ХIа-а-а.

— ХIа-а-а, — гIовгIанца хаьара цунна мостагIий мичахь бу. Аьтту куьйган шина пIелган юккъехь шаьтта а лаьцна чухьаьдира иза, аьрру а, аьтту а агIор иза етта а етташ. Вуьйш тоьпаш юла а ца кхиабора, кхуьнан шаьлта ткъесах етталора церан кортош тIе. Доккха кес дуьллуш, царна юккъехула генна чувахара иза, эххар а евлира церан тоьпаш, цхьабосса.

Амма царах цхьамма а ца дохийра кхуьнан шалха гIагI.

— ХIе-хIей! — мохь туьйхира цо юха а. Юха а цистира цо аьрру а, аьтту а агIорнаш.

Вуьйш цецбевлла, Iадийра.

— Иза тоьпо а ца лоцу.

— Иза адам-йилбаз ду.

— Иза оцу акхаройн дела ву.

— Цхьамзанаш тIехь ирхъайа, — мохь белира эпсаре. Ирх айира Дана цхьамзанаш тIехь. Амма и хьалаайинарш лаг озон ца кхиира — шаьлтанца уьш массо а ата а аьтта юха а лаьтта воьссира Дана. Кхин шозза а дира цо изза.

ТIаккха:

— Схьататта йоккха топ! Йоккха топ! — мохь белира эпсаре.

Данина хааделира шена тIеерзийнчу биргIин шийла садеIар, бух боцчу Iинчуьра, Iожаллин Iинчуьра схьадогIура иза.

— Iа-а-а, — чухьаьдира иза биргIина. Амма эшцахь, кхуьнан мохь а къарбеш, дуьхьал Iаьхира йоккха топ, шен кийрара сийна цIе а Iеттош.

ТIаккха, цхьа хан яьлча, дерриге а тийна дара. Дана юха а шаьлта лестон велира. Делахь а кхуьнан шаьлтанах цхьа а охьа-м ца вужура, цу тIе дукха яй а яра иза. ХIетте а кхо лестайора...

Эццахь цунна шен жимах волчу кIентан аз хезира:

— Дада, дада, хьайна эрна ницкъ ма бехьа...

ТIаккха кхийтира Дана ша велла хиларх.

7.

Шина а агIор тур лестош, кхаамма бинчу гона юккъера вала гIерташ воллучу Айдина, Данин мохь хезча, хиира дуьненахь уггаре беза бохам цунна тIекхаьчнийла а, кху дуьненчохь цхьанхьа,

делахь, миччахьара а цунна орца кхача дезийла а. Цо алсамбаьккхира цуьнан ницкъ а, каделла а— шиъ цестира туьрца, цхьамма, юьстах а таьIна, некъ битира. Цуьнан дин пха санна озабелла, лаьтта тIехула айабелча санна, боьдура Данас мостагIех даьккхинчу кесара юккъехула, ши лерг тIехьа а диллина. Йоккха топ яьллачул тIаьхьа, тата дIадале тIеккхнира Айда цу тоьпан юххехь лаьттачу шина салтичунна. КIур дIабаьлча, Дана хиллачу меттехь хIумма а ца гина, воккхавер гучудаккха тохавеллачохь висира и шиъ, Айдин туьро цестина. Амма кхин дIа тIом бан ца кхиавелира иза — цхьабосса евллачу тоьпаша лецира. Делахь а чу ца вужуш, кхесах тасавала кхиира иза, ткъа говр ма-хьаддалу сиха юхаьхьаьдира.

ГIойтIархойн могIаршна тIеккхоччуш, кхес карара а яьлла, чувоьжна Айда, цхьа ког луьйтан чохь а бисина гIеххьа теккхош ваьхьира говро. ТIаккха цIеххьана иза сецира, тарса а терсаш. Саьнгар чуьра хьала а иккхина, дуьхьалхьаьддачу Iеламхас кара а лаьцна юьстах ваьккхина охьавиллира халла садоьIуш волу Айда.

ЦIеххьана Данас юхалаьхкина мостагIий болчохь маьхьарий девлира:

— Вай церан дела вий!

— Аккхаройн дела вий... Ура!

Чухьаьлхина уьш, гIойтIархой юхатоьттуш, юьртан дуьххьарлерчу цIеношна тIекхаччалц чубахара.

Эццахь тIеман арахула даьржира хелхаран йиш а, еттачу вотанан татанаш а. Юхахьовсабеллачу тIемалошна гира гу лекхачохь, ах го бина лаьтта мехкарийн тоба. Царах цхьаъ стигла кхача гIерташ санна, оза а елла, мохехь ловзу гIа-патар санна, яйн хелха хьийзара.

— И хIун ду, Iеламха? — шабарш дира Айдас.

— Мехкарий бу-кх хелхаран йиш локхуш, Себила хелхайолуш а ю...

— ЙоI муха йолу?

— ЙоI дика йолу.

— Цхьана къонахчунна кхаьчча, бакъахьа стаг ю хьуна иза, Iеламха.

— Хаьа суна.

— ГIо хуьлий хелхарх?

— Хуьлу. Юхалаьхкина йовсарш.

— Тхан дас хIун олура хаьий хьуна, Iеламха. Лечу дийнахь... хIаъ... лечу дийнахь гучуволу олура стаг. И де тIекхаччалц берг бегаш бу.

— Дера бу бегаш-м.

— Со ледар-м ца ле, Iеламха?

— ХIан-хIа... Ахь хIун дуьйцу, Айда, хьо толур ву. Вай хьоьга иллеш а олуьйтуш, хийла буьйсанаш йойур ю.



Цхьаъ ала тохаьзелла Айда, и ца далуш, ши бIаьрг стигла а боьгIна дIатийра. Цуьнан еха кIайн юьхь кхин а яхъелча санна хийтира Iеламхина. Кегийчу, хIинцца боьрша стеган чоьн бос эца доьллачу мекхаш тIе йис йиллинера. Маржа, ойла хилира Iеламхин, Iаьнан цхьана єхачу буса паднара тIехь Iохкучу кхекхеш тIехь го бинна охьа а хевшина, сирла сахиллалц хьоь, ахь олучу иллига ладогIа йиш хир яц-кха кхин цкъа а, юкъа-кара иллино шовкъ йоссийча: «ЭйтI, горалера дуьне яI» — бохуш, мохь а бетташ, иллин турпалхой балано гатбича бIаьргаш чохь хиш а хIуьттуш, юха, бала а эшийна, уьш толаме кхаьчча, бела а къежаш, цегнаш дох а луш... ХIан-хIа, дIадели иза. Доккха хIума ду-кх, тоьллатоьлларг дIавели. Мила хир ву, хIокху Айдин, метта, илли ала? Мила хир ву, Цанин Шидин метта, пхьаьгIа лелон?.. Мила хир ву Къайсаран метта? ХIуманна а пайден воцу хIара хIинца а лелаш ву, ткъа уггаре а чIогIа оьшурш дIабевли...

Ойланех юкъах а волуш, Айдига хьаьжча, иза велакъежаш гира цунна.

Цуьнан лере а таьIна:

— Айда, Айда, хьо вела стенна къежа? — хаьттира цо.

— Хьо а воьлур вара, Iеламха... Суна гург хьайна гича, — халла къаьстира Iеламхина Айдас ден шабарш.

— ХIун го хьуна, Айда? ХIун го хьуна?

Амма Айда цунна дуьхьал жоп а ца луш, стигла а вогIазелла вела а къежаш Iаьллура.

— Iеламха, Iеламха, — кхайкхира цхьа хан яьлча Айда.

— Стаг мел боккхачу ницкъал толз йиш ю хьуна... Цунна чIогIа лаахь... Маьлхан дуьне дита а и кийча хилахь... кхийтирий хьо?.. Со кхаьчна хьуна айса сатуьйсучу, сан дуьне дIадаьллехь а... цунах велакъежа со.

Айдин аз гIеллуш дIадайра. Цуьнан коьрте а хиъна Iачу Iеламхина хийтира, хIора стаг а, дуьххьал дIа са чохь хIума хилла ца Iаш, гуш йоцчу зIенашца цхьана боккхачу ницкъаца дозаделла, шен, девзина ца валлал, доккха маьIна а, къайле йолуш хилар. Цхьаннан валар тергалдар а тоьаш хиллера-кх хIора стеган а йозалла йовза, цунах кхета хьо стеган дуьненчуьра тIаьххьара хан тергалъечу хенахь.

КIажъоьхура, Iаьршашка кхийдара хелхаран йиш. Эвлайистехь детта герзаш, дуьйлу маьхьарий, ден узарш, терса говраш, Iено цIий — тIом боху къематде, ткъа кхузахь гу тIехь — хелхар, дуьненан хазахетар, дахаре безам.

Гонах лаьттачу мехкаршна къайле хилла юьсура гIорийнчу терхаш тIехула, шерачу ша тIехь санна, Себилас когаш муха шершабо.

ЦIийх, цIарах дуьзначу сеттачу Себилин дегIан мел жима сиз

а охачу, шуьйрачу куча кIелахь а хаалора хелхаран хьийзарехь, цуьнан, массо а хIума кхуллу латта санна, оьзда а, хьекъале а ноналла бIаьрла а доккхуш, юьхь лепара дуьненчуьра массо а ирс долчу нехан делакъажаран серло шегахь йолуш санна, бIаьргаша — Iаьржачу, даккхийчу — хIинццалц нахала баха ийзалуш, лелийна эвхье синхаамаш буьйцура. Дуьненчу йолуш шенерриге а оьмарна схьахецна дахаран серло — хIинцца кхузахь, хIокху цхьана шен хелхарна дIалора цо, кхоа а ца еш.

Оцу серлоно къапийнера гонаха мел лаьттарг. И серло а, и хелхар а гуттаренна кхетамехь дуьсур ду и гинчех дийна бисинчарна, ца дицдеш леш шайца коша хьур ду цара уьш. Хьалха дуьйна а хилла иза — мехкарий а, зударий а, тIаме хIиттинчу шайн вежаршна, безаршна, цIийнадайшна тIехьа лаьтташ, иштта баккхий нах хуьлуш а хилла.

Хьуьйсуш уьш буйла хуучу тIемалойн майралла а, каделла а алсам йолуш хилла. Иштта летта уьш мацах-мацах баьхкинчу уьнахойх, цул тIаьхьа мIаьмгалойх, тIаьхьа АстагIчу Тимарх а...

АстагIчу Тимарца тIом бечу заманахь, шен сил дахар дукха а дезна, тIамах вухаведда вогIуш хилла шхьаъ. Цуьнан къона хIусамнана цунна дуьхьал хьаьдда, карахь жима кIант а волуш.

— Вухаверза! ХIокху кIентан мукъане а ойла е, нахана юкъахь дIалела везачу!

Амма ца вирзина и вуха, кхерам хилла цуьнан бIаьргаш чохь, ткъа кхерамо кхуллу кIиллолла. ТIаккха нанас шен карара кIант (цуьнан хIун бехк хилла — хета Себилина) ласттийна тIулгаш тIе лаьттах тоьхна:

— Хьайн дех хилларг бен хир ярий хьох, — олуш. ТIаккха герз а карахь, шен месаш а охьа а хецна, тIамна чу а хьаьдда, хIаллакьхилла иза...

Ткъа хIетахь кхечу зудчо, Седас, боьршачу нехан хIуманаш а юьйхина, къонахашца нийсса, тIом бина.

Цул дуккха а тIаьхьа, Дадин-юрт йоккхуш, мостагIашка шайна тIе куг ца доуьйтуш, Терка чу а кхийсалуш, гуттаренна а цIена а, маьрша а йисина шовзткъа йоI.

Иза дан а хуур дара эшахь кхунна, Себилина а, кхуьнан накъосташна а.

Ткъа хIинца и хелха юьйлура юьртахой боьхна ца хьовзийта, пондаран эшарца, хелхаран шовкъаца дуьненан хазалла карлайоккхуш, царна керла гIора а луш. Цуьнан куьйгаш — цIеран алунан меттанаш — лайн чимаш оьгучу хIаваэхула, уьш а дашош, хьийзара, и ша а яра яьлла цIе. Юьртахой а, тIелеттарш а массо а Iадийна хьуьйсура цуьнга, шаьш кху шийлачу, цIевзинчу дийнахь тарраш, тоьпаш а эцна вовшашна дуьхь-дуьхьал стенна хIиттина а дицделла. Ткъа оьшурий и дан, дуьненчохь оццул хазалла хилча?



Юьртахой цецбевлира: царна хIинццалц ца хиънера шайн эвла оццул хьалдолуш юьйла. Уьш кхийтира: хIуъа дина а ларъян еза ра и хазалла, ларъяхь уьш цкъа а оьшур бац, гуттар а кIежтуьйсуш, гIорийначу лаьтта бухара а гучудуьйлуш хир ду церан дахар.

Хелхар шен чIагIдаларе кхаьчнера. Хетара иза кхин дIадахлахь кхоьлина стигал а екха а екхна, гIорийна латта даша а дешна, Iаламера ерриге а шело а, оьгIазалла а дIаер ю аьлла.

ТIом Iадийнера хелхаро. Амма и деха ца дахделира. ТIелеттарш хьалха баьхкира Iадорах метта.

— И хIун театр ю?

— Хьежош, тоьпаш тоха цунна! — буьйр дира Данина кхиэл кхайкхийначу эпсаро.

— Зуда ма ю иза, хьан ойлалла!

— Зуда яц, гIам ду, гIам!

— Хаза гIам-м ду иза.

— ТIеяхийта тоьпаш!

Юьртахой ца кхиира Себилина хьалха пен хилла дIахIитта. И ша а ша кхиира тIаьхь-тIаьхьа чехка долуш доьду шен хелхар, тоьпо ца лаццал, сиха дан. Цхьана маьIаргонна севцира цуьнан стигал кховдийна куьйгаш. ТIаккха иза лаьтта юьйжира, аркъала, некхан уьн тIехула, дIаьндарго гечо а даьккхина, шовданах дуьхдуьйлу цIий гIорийначу лаьтта тIехь детара. ТIедуьллучу лайно къайлаdоккхур ду иза, тIаккха бIаьстенан Iоврех а кхетта дIауьйр ду, къастам ца беш, велларг а, вийнарг а, ун кхеттарг а, цIенаниг а, оьзданиг а, осалниг а, къинхетаменииг а, къизаниг а, дечиг а, коьллаш а, гIаш а, гIенаш а, бIаьрхиш а... чуоьцучу, тIаккха а массо хIума а, шех нэдеш, карладолуш, керлачу бацаца, зезагца синтаршца хIоразза а цIинлучу лаьттах.

Юха а тийналла хIоьттира. ЦIеххьана оьгIазалло марсабаьхначу дуьхьало счаьргара цхьабосса:

— Iа-а, — аьлла, мохь-узар делира.

ТIаккха шайна тIедетта даш а ца тергалдеш, саьнгарш чуьра хьала а лелхаш, чухьаьлхира уьш. Царна тIаьххье Себилина гобина зударий: къонанаш, мехкарий — шайн кара йогI-йогIург — шада, шаьлта, бел эцна, мацах ширчу заманахь санна шайн кIозарш охьа а хецна, тIама юкъа тилира.

Ворданара охьа а иккхина, яьккхинчу шаьлтанца царна тIаъхьа хьаьдира Совдат а.

— ЙоI, юхаерза, хьо кхузахь а оьшу...

Амма ца хезара цунна Анус бетта мохь...

Шена дуьхьалIиттало мостагIий тергал а ца беш, нагахь царах цхьаъ шен некъ бехка ца хIоьттича (тIаккха-м туьре болх ца байтича ца волура), цхьа Iалашо билгал а йина, цунна, гIекхача, пха санна булабелла шен дин а лаьллина, тIеман аре цоьстуш воьду-

ра Іеламха. Эххар а дог лаьттачу дІахкечира иза. Кхеравелла легаш Іаьвдича санна дара эпсаран аз, цо вуха а хьодуш мохь тоьхча.

— Схьататта йоккха...

Амма кхин дІа шен буьйр дан ца кхиира Данина а, Сéбилина а кхиэл йина эпсар.

Іеламхин туьро йира цунна кхиэл, нийсса ши ах а веш.

8.

Отуш, тухуш, Іуттуш, лен чов хилларг а охьа ца вужуш, цкъа шена дуьхьал лаьттарг ца вожош, Дана а, вуьйш юьртахой а байарой, бІешераш хьалха дуьйна тахханалц шайна мел Іиткъинчу харцонаший дарбина, кхин юхабовла меттиг йоцуш, тІехьаьхь лаьташ баккхий нах а, зударий а, хІусамаш а, хІораннан а чохь сатоссуш латийнчохь тІе дечиг тилла стаг воцуш тІаьхьара кІегий дІадовш лаьтташ кхерчаш а долуш, тІаме хІиттина юьртахой мел чІогІа латарх эшалуш бацара мостагІий; уьш, дІа мел хадийнчунна метта керла тІедуьйлу саьрмикан кортош санна, цхьаъ вожийча шиъ дІахІуттуш, шиъ вожийча — виъ дІахІуттуш дебара.

Дукхалло, меллаша юхатоьттура тІаьхь-тІаьхьа пилхадовлу юьртахойн могІанаш.

И дерриге а тергалдеш, кест-кеста тІама юккъера вешачу геланчас дуьйцучу хьоле волавелла леллашехь ла а доьгІуш, батахь хаддаза дечуьра доІа а ца хадош, маьждиган хьалхарчу майданахь дІасаьхийзара ИбрахІим-хьаьжа.

Иэлада шен чохь са доцу бІаьрташ аренга а доьгІна, дерриге а лераса а хилла, орца далош йогІучу говрийн бергийн татанаш ма тосаделли, нахе кхаъ баккха кеч а велла Іара. Амма тийна дара ГІойтІа догІу некъаш...

— ИбрахІим-хьаьжа, юха а Іумхин цІийна тІе кхаьчна тІом, — элира къеначу Сардала.

— Кхин сехьабовла йиш яц церан, — церга вовшаххьаккхош, мочхалш тІе а дохуш, элира вукхо.

ХІинца дуьххьара ИбрахІим-хьаьжин дешнех шекьхилла Сардал, меллаша цуьнга хьалахьаьжча вуьйхира, шен ойланех иза кхеттийла а хиъна.

Шек ма вийла, Сардал. Иштта атта шайтІане хьуо Іеха а ма вайта, — элира ИбрахІим-хьаьжас дог-кІеда.

— Шек вац со-м, ИбрахІим-хьаьжа, — эхь хетта Сардал лаьтта бІаьра вогІавелира, верриге а дохковаларо дІа а лаьцна.

Ткъа тІом, юьртахоша уьш кхин сехьа а ца бовлуьйтуш, я вукхеран кхеран дуьхьало кагъян нийцкъ а ца кхочуш цхьана юкъана Іумхин керта йистехь сацабелира. ТІелеттарш хьердевлла, цІий гина дарделла, маІаш, кІомсарш ирйина чуьуьду хьайбанаш делахь



а, царна дуьхьал лаьттарг онда керт яра. Цкъа тІекхийтира хьайбанийн тулгІе оцу дийначу кертана, шолгІа а, кхоалгІа а.

ТІаккха цхьаьнга мохь белира:

— Маржа Нохчийчоь-яІ! Тахна, де доьхначу дийнахь, орцахвала къонах а воцуш, къийели техьа хьо!

И мохь хезча, тахана дуьххьра шеконо хьовзийра ИбрахІим-хьаьжа, амма иза уллорчарна хаа ца йолуьйтуш шен кийрахь Іаьвшира цо. «ХІан-хІа, эша йиш яц юьртахойн. Орца кхача деза, — ша-шен тешо гІертара иза. — Кхузахь беш болу тІом ца хезаш Іа тохьа гонахарчу ярташкара нах. Массо а къарвелла теша», — дегабаам бира цо лулахошна.

— Орца! — цІеххьана мохь белира Иэладига. — Орца догІу шуна, чІагІлолаш! Орца!

— Мичахьара.

— МартІантІа агІорхьа...

Амма цу агІор дІахьаьвсинчарна, еса анайист бен хІумма а ца гира.

— Мичахь ду?

— Ду шуна, хІинцца гучудер ду...

Иэладина шерра хезара, кхечарна ца хезарг, цуьнан коьрта чохь вота еттара МартантІера схьахьаьвдда йогІучу говрийн бергаша.

ТІаккха царна кхин а, кхин а татанаш тІекхийтира, дерриге дуьне а тата а хилла доладелла теша аллал дукха, тайп-тайпанчу агІонгхьара. «Орца алсам долуш ду», — ойла хилира Иэладин. Бакъ вара Иэлада.

Охьанехьа хьоькхучу мохо тІеман гІовгІа ца хозуьйтуш, Іуьйранна шайн-шайн гІуллакхашка дІасабекъабеллачохь хьебеллехь а, лерг сема долчарна эххар а ГІойтІахь хІоьттинарг тоса ма делли, дукха сиха гулбелла схьахахкабела богІу мартанхой а, Олхазаран, СоІдин — шина кІотарарнаш а, сихха схьаккхача Іуьйрре новкъабевлла, амма некъ а хадийна лаьттачу Деникинан полколаг волчу Хьажа-Мурдан бІаьхошца, тІом болийча, шаьш боьлхучу дІа ца кхачарна кхоьруш, дийцарш деш, юкъа-кара чучча а хьодуш, уьш къарбан гІерташ, хан а яйина, тІаьххьара а къар а бина, хьаьвдда богІу шелахой а, цоцин-эвлахой а, чечанхой а, кхечу ярташкара царна тІаьхьахІиттинарш а хьалхий-тІаьхьий ГІойтІа чутилча, Сардал кхийтира шена моьттинарг эрна хиларх. Амма дохковаларал сов дара цуьнан хазахетар. ИбрахІим-хьаьже а хьаьжна, шена къинтІера валар дийхира цо бІаьргашца, амма важа хІара кхин тергалвеш а вацара. Иза тІом болчу агІор хьоьжура.

Кхиъна орца доккхачу, бердах чухьаьдддачу хин юьхь яра, дийначу адамийн хин юьхь. Иза ма йоггІура тІекхийтира тоьпийн цхьамзанех, тІедеттачу дошах, йоккхачу тоьпийн хІоьънех йолчу дуьхьалонна, цхьана юкъана сецира, амма шолгІа тохаелча, цо

чуяьхьира иза, цунах катоьхнна духахьаьдда доьлхучу баккъийн керт хилира, говрашца тIе а кхуьуш тарраш детташ, я тоьпаш эгош, оцу кертах хийла ков дaьккхира орцахоша.

Ло дилтинчу арахула хахкаелла йоьдура ерриге а анайнст дIалаьцна Iаьржачу томмагIийн, маьхьарийн, узарийн, говрийн терсарийн, цара дезза дохучу синойн тулгIе. ЦIеххьана эпла йистехь болчу гу буьххьера схьа, «та-та-та», — аьлла, екайолаеллачу шина пилмото хьалхара могIа а цестина, совцийра орцахой. ТIаккха юха а чухьаьвдира уьш. Юха а оцу татано бух боцчу Iинчу — Iожалле эгийра царах дукха а. Кхин цкъа а.

— Собарде, собарде, — мохь белира Девлин Хьатуга, — иштта чугIертахь, вайх дийна стагга а вуьсур вац.

— ХIун де вай?

— И ши пилмот схьаяккха еза.

Цуьнан и багах доллушехь, пилмоташ лаьттачу гу болчу агIор шайн дой лаьхкира иттех берчо. Амма царах цхьа а дIа ца кхечира.

ТIаккха Iеламхина дагадеара Къайсара аьлларг, цунна шерра гира шех цо боххург хирг хилар.

— Суна хаьа хIун дан деза, — элира цо.

— ХIун дан деза?

— Стелахаьштигаш хила деза.

— ХIун?

— Стелахаьштигаш хила деза.

— Хьо нэгIийна?

— ХIан-хIа. Хила йиш ю шуна стелахаьштигаш...

— Елахь, хьох хилахь, эрна хабар а ца дуьйцуш.

Иза и аьлла а валале, ткъес туьйхира — иштта чIогIа бара Iеламхас тоьхна мохь.

ТIаккха, Iаьржачу гIаларташий, герга гIертачу маьркIаженой бодане йина аре а хадош, стелахаьштиг а хилла, гу тIе дIаккхечира иза, цуьнан Iеминчу аьтточу куьйго шен болх бира. Цунна тIаьххьe тIеккхиннчу тIемалоша, говраш тIера охьа а лилхина, Соьлжа-гIалехьа кхерамо хьеребина юхахьаьвдда боьлхучарна тIедерзийра шина пилмотан дарц.

— ХIа-хIа-а! — цIогIа делира царна тIаьхьа кхиъна богIучу гIойтархошна а, орцахошна а хьалхаваьлла вогIучу цхьаьнга.

— ХIа-хIа-а! — цхьабосса делира бIеннийн кийрара. Оцу бекхаман озо кхин а кхерийна, Iадийна, шаьш хIун лeладо а ца хууш, кхин тIе а чехка бовлуш, дIахьаьвдда мостагIий, тIаьхьабевлларш БухIан-юьрта а кхаьчча севшиннчул тIаьхьа а и мохь тIаьхьара ца болуш масех чаккхарма бевдда бахара, шаьш Соьлжа-гIали йистехь яьхна саьнгарш а юьтуш.

— Вай тIаьхьа дахийтийша царна! — мохь туьйхийра Iеламхас.

— Мича кхаччалц ваха воллу хьо?



— Дуьненан маьIIе кхаччалц, тIаккха кхуза юхабахка де хир даца церан.

Цецваьлла кхуьнга хьаьжира Йошуркъин Чода.

— ХIан-хIа, ца оьшу. Белларш а бу вайн дIаберзо безаш.

9.

Сагатдеш ма хьийза шу, хIай юьртахойн мерза синош, хIокху арахь Iохкучу шайн догIмийн чархашна тIоьхула. Царна тIехIуьттуш лeларг церан голаш яжа еъна меца борз яц шуна, царна го туьйсург церан шелделла бIаьргаш мийла еъна бос Iаьржа хьаргIа яц шуна. ХIара со, со къена жоьрахь еха Ану ю, сайн говргIа яц шуна. ХIара со, со къена жоьрахь еха Ану ю, сайн говрвардашца, хIара къуьда а латийна, шух хIоранна тIехIуьттуш лелаш. Юьрта маьIIера дIайолаелла со. Шух цхьаццa сайн вардана тIе а вуьллуш чеккхъер ю. Иштта-м со цхьаъ хитла ца Iа, тIом сецначул тIаьхьа дуккха а серлонаш къега хIокху арахь. Шуна-м хаьа хир ду мостагIчо букъ берзиний, иза, цунна эхь деш, аьтта дIавахийтинийла. Цунах мелла а сина маршо хилла хир ю шуна.

ХIаъ, хIара Себила ю. Иштта Бабина, иштта дIаннсйо ас хьан коч, иштта оьзда ю. Баба къайллах хьоьгуш орг хьо цхьаъ яра хьуна, Себила. Юьхь-сибатца а, леларца а, йистхиларца а кхачъella[1] яьлла стаг яра хьо, кхин хьайна тIеоьшуш хIума доцуш оьздангаллехь чIагIъелла яьлла... Ткъа массо хIума а кхачделла даьлча, стаг кхораме ву. И тайпа стаг ца вуьсу кху дуьненахь ваха. Маьах санна вайн махкахь мехкан йоI хоржуш хилча, хьоьга кхочуш хир яцара хьуна цхьа а хIокху малх кхетачу дуьненахь. Iеламнаха дуьйцург бакъ делахь — ткъа цара дуьйцург бакъ ца хила йиш а яц — эхартахь а хир ю-кх хьо хIуьрлаIийн мехкарийн тобанехь.

И ца хила йиш ма яц. Кху дуьненахь марзо ца гича, цигахь кхин марзо, эхартан марзо хила ма еза.

Кхин дуккха ирс суна а ца гина хьуна, Себила. Нийсса кIиранах Iийра со сайн кIентан деца. Юьртара кура кIентий хIонцана боьлхуш, ша цIахь Iийр вац, хIонцана вахча иштта къелла хир яц вайгахь аьлла, дIа а вахана, шен накъосташца цхьаьна дIо цхьанхьа докъах мах боьхучу есачу арешкахь шен накъосташца цхьаьна хIаьтлакьхилла, тIепаза вайра.

ТIаккха цунах хилла кIант а лелош, вайн юьртарчу къонахашна дола а деш, эвла йисте а хиъна схира, дерриг а дуьне а и кIант а волуш, цунах самукъа а долуш, иза цхьаьна гуьйренан дийнахь Соьлжа-гIала дечиг дохка ваханчохь паччахьан пурстовно догдашера даьлча, топ а тоьхна, вен а вийна, цIа вайтталц.

ТIаккха ас хIун дира? Цуьрриг суо охьатаьIна а ца гойтуш, нахана дикаииг бен ала хIума а ца дуьтуш дIаверзийра-кх иза.

[1] Кхачвелла стаг — массо а хIума нисделла оьзда стаг.

Хилла даьллачунна дан хIума ма дац. Хьо мел вуха идарх ойланца, и дIа ма дахна. Дийнахь сатухура, буса йоьлхура. ТIаккха сан бIаьрхиш а кхачийра. Сох ерриге а гIайгIа хилира, тIулг санна чIагIъелла гIайгIа. БIаьрхиш а оцу тIулга юккъехь, дата а детта, лацаделира.

Сох Жоьра-баба хилира. Юьртарчу берашна туьйранаш а дуьйцуш, царна тоьпан межарглш а, тIергIан пазаташ а еш (гIаргIа схьабеъча, вуьшта-м мичара хир бара сан оццул тIаргIа), воьдушвогIучу некъахочунна оскал, хий луш, бода а боьлла новкъахь вионичунна, буьйса яккха чоь, мотт-гIайба а латтош, генахь валар хиллачу кху юьртарчу муьлххачу жимчу стагана а нана хилла йоьлхуш, байлахь дисничу берашна сайга далун гIо а деш... Иштта ма ялийра ас со йолчу Совдат, цуьнан гергара нах халла тIе а табина. Цунах йоккхаеш сахара, цо, маре а яхана, керлачу адамийн хIу доладаре сатуьйсуш. ХIинца хIун хилла те хьох, чов хилла мукъане ца йисна техьа хьо?

— ЭхI, хIара... хIара... ХIара ю-кх Совдат. Совдат! Совдат!

Хьо ца йина нана лойла хьан! Бабас хIун дан деза хIокху дуьненахь, хьох къаьстина йисича. Веза хилла волу дела, оццул къона, оццул хаза, оццул дика хIара адамаш, дуьненах доккхаден а, дуьне кхолла а айхьа кхоьллина долу адамаш хIаллакдеш хьийзачарна, тIаьхьенга ца туьттуш, хьайн бекхам стенна ца бо ахь?! ОстогIпируллахI, со реза ю хьуна, веза хилла волу дела. Йист йоцуш ду хьан собар. Хьо дерриге гуш а, дерригенан а хьесап деш а ву.

Маржа, сан Совдат! ХIинца Бабас хьаьнца дийр ду сарахь чуйирзича шен къамелаш? Хьанна IаIор ду даьтта а, кIалд а, совдаьлла ялта а дуккуш оьцу ахча? Мила кечйийр ю маре яха, маххаьхь а цIарна а цIеяхана хаза маххарий а буьйцуш? Маха баккха а, оскал ятта а, хьешашка маршалла хатта а, Зайтин Шихмирзин хIусамнана санна, оьзда хила а Iамош?

ХIан-хIа, Къайсар, хьуна йиш локхур яц Совдата, юьртахь гуьйренан белхи хIоьттича. Локхур яц:

Гу лекхачу лома юьйлуш,
Бай шерачу ара юьйлуш,
Адам доцчу къайла юьйлуш
Елха езара, везнарг, хьуна, —

бохур дац Совдата, хьо дага а лоьцуш. Иза а ю хIинца ша дагалаца стаг оьшуш. Со цхьаъ бен дагалаца стаг а воцуш...

Кху суьйренийн ойла йо ас,
Кху Iуьйренийн ойла йо ас,
Ойла йо ас, сан нийсархой,
Со бозамца йоцу дела...



Я иштта а локхур яц, я вуьшта а локхур яц. Я цкъа а йист а хир яц. Я сатоссуш гIаьттина, стт а оьзна, и дIалалла эвла йисте а ер яц. И суна гIенан кхоьлах дуьхьал йогIур ю. ХIора буса. ТIаккха дуьйцур ду ас сайн дагахь мел дерг. Эшарш а локхур ю цунна мел езаш хилларш. Цо лакхаза мел йисинарш.

Къайсар, ахь лакха аьлла цунна тIейиллинарг а локхур ю. Ас хьо а лелор ву цуьнцанна сайн дагчохь, Себила а, Айда а...

Схьайола Бабина, иштта. Себилина юххе дIатарийир ю хьо Бабас. Иштта.

ДIайолало, къена алаша. КIадъелла хьо? КIадъялар хьехоч буьйса яц хьуна хIара. Иштта меллаша яхча а мегар ду хьуна. Хьо-х ногIийн махкара ялийнчу цIоькъа айгIарх хилла бекъа ю. ХIинца къанъеллехь а. Дагалаца ахь хьайн жималла. Чахкара арахь уьтталгIа, тIаьххьара го бисча, хьоло вукъвинчу, куралло саттийначу шелахойн Шемилан дин айхьа тIаьхьабитина. Дагадог1ий хьуна? Хьан да Эдилсолта а вацара хьуна ледара къонаха. Со мила яра цунна? ХIумма а яцара, дуллахо хилар бен. Амма шаьш дина цхьа а пхьор, соьца дакъа ца деш, ца дуура цара. Хьо а елира Эдилсолтас суна. Жимчохь дика дин ма хиллара, къанъелча суна дика алаша а хилира хьох...

Уи кхетта делир-кха ший а, Эдилсолта а, цуьнан цIенана Мархa а. Делира-те. ХIинца хIара Совдат а кхелхи. ХIу хеди-кх Эдилсолтин а...

Вай-й, шаьш ца динарг яла шун!

Оьшурий техьа, оццул адам хIаллак а деш, хIара керла Iедал лардан? Лур дуй техьа цо латта а, маршо а? Ткъа нагахь ца лахь? Хабар а хилла дIадалахь дерриге? ТIаккха хIун дан деза? ХIинцачул а къемата де тIаккха хир ма ду.

Собар, алаша, собар. Мила ву хIара шиъ? Мовлий, Коврнакъий ву-кх. Нуц, стунваший. Ковриакъина коьртах чов хилла хилла-кх. Кхузза, лаьттах, дIабиттина-кх цо шен корта. Ткъа Мовлина чов чоьжехь хилла. ИйтI, маржа дуьне яI! Дукха гIиллакхах воьхна хиллий Мовла, леш а? Шен стунвешина коьрта буха шен куй биллa куьг дIакховддийначохь садаьлла. Дукха гIиллакхах воьхна хиллий? Ледара кIентий-м ца бахана хьуна тховса оцу бакъ дуьненчу дIа. Ткъа массо цига дIавирзича, тIаьхьа мила вуьсур ву? Хьан лелор ду оьзда гIиллакхаш, хьан хоьцур ду кху лаьтта тIехь оьзда хIу, хьан дагалоьцур бу шайн дай, хьан доладийр ду байшна, жоьра биснчу зударшна тIехь?.. Вай, шаьш ца дина нана яла шун, шаьш ца дина нана яла шун! У-хIу-хIу! Шаьш ца дина нана яла шун! У-хIу-хIу! Сагатдеш ма хьийза шу хIай, юьртахойн мерза сиош! Кху шийлачу арахь угIург ардангах хаьдда цхьалха борз яц шуна. ХIара со ю, шун юьрта йистехь жоьрахь ехаш йолу къена Ану, шуна тийжаш, шуна йоьлхуш, шен месаш а ийзош, юьхь тIе мIараш а туьйсуш, шуна сагатдеш. У-у-хIу! У-хIу-хIу! У-хIу-хIу!..

10.

Байинарш, лазийнарш хаддаза схьаузучу ворданийн семанийн цIийзар, зударийн тийжар, берийн делхарш, жIаьлийн угIар ца со-цуш Iуьйрене лестира буьйса.

Маьждига хьалха, цхьана моггIара, охьадохкура декъий. Нах дIабохкарна кечамаш бечарна цхьацца дан дезарш хьоьхуш, вола-велла лела ИбрахIим-хьаьжа марха дастаза а, юха и лацаза а висира. Дуьххьарлера сатасаран билгалонаш гучуевлча, кхин а язъелира гIайгIа. Кхетамо къайллах дог даьхнера хIара дерриге а, буьйса дIаяьлча, боданца цхьаьна, гIан а хилла, дIадер ду, аьл-ла. Амма и ца хилира. Ирча хилларг кхин а серладелира. Адаме лан ца даллал доккха дара иза.

ИбрахIим-хьаьжа кхетара, и доккха вуон, чухьаьжча корта хьаьвза Iаьржа Iин а хилла, гуттар а дехар ду кхуьнан дагчохь. Яц цунах кIелхьараволийла, хьо хьуо цу Iинчу вожжалц.

Кхин а доьхна де хилла маца-мацах цIергахойн тхьамдина ЦIурина тIекхаьчнарг. Кху махка уьнахойн бIо беъча, цара бохург тIе ца лоцуш, шен тайпа летийна цо. ХIоразза шаьш тIаме хIитта-ле цхьана леккхачу гу тIе а волий, къамел деш хилла ЦIурас:

— ЛадогIалаш, нах! ЛадогIалаш, дикка! — олий, мохь а тухуш.

ЦIурин къамеле ладоьгIча, дегнаш кхехка дуьйлий, тIамна чухьовдуш хилла вуьйш. Жима а, воккха а, зуда а, бер а. Юха а, юха а, юха а дина цо къамелаш.

Ткъа цхьана дийнахь, гуттар а санна, ши бIаьрг лаьмнашка а боьгIна, къамел дича, ца хезна цунна гуттар а санна нехан шовкъе маьхьарий, герзийн декар.

Тийналло Iадийна, шен бIаьргаш лаьтта хьовсийча, цунна еса майда гина. Кхетта иза: ца висна цIергахойх цхьа а, хIара воцург, кхачийна уьш тIамо, хаьдда церан орам.

ТIаккха мохь тоьхна цо деле:

— Бакъо ярий техьа сан, веза хилла волу дела, иштта хIара адмаш тIаме лехка? Я уьнахоша бохург а дина, маршо а, сий а, оьздангалла а йоьхкина, царах цхьаболчарна дахар эца дезаш хилла техьа? Муьлха некъ бу царах нийсаниг?

Амма ца хезна ЦIурина цу хаттарна дуьхьал стиглара охьа жоп. Ца карийна цунна шена а иза, мел лехарх. Иза хьекъалх тилла. ХIинца нохчийн тайпанашна юккъехь цIергахой бохург карон йиш яц. Иза ларйоцуш дайна.

Шен яхьийнчу юьхьа тIехула куьг а хьаькхна:

— Везан дела, собар а, иман а лолахь тхуна хIара бала лан... — шабарш дан вуьйлира ИбрахIим-хьаьжа. Эццахь тидам хилира цуьнан шега леррина хьоьжуш лаьттачу Сардалан.

— Ахь хIумма а-м ца элира, Сардал?

— Оцу хьешашна хIун до вай, ИбрахIим-хьаьжа.



— ХIун до, дIабухку-кх юьртахошца цхьаьна...

— Делахь а, уьш кхечу динехь ма бу, шаьш боьхкича хIун дара техьа.

— ХIан-хIа, Сардал, тахана церан массеран а цхьа дин дара. Далла хьалха а цхьаъ бу уьш. Цхьаьна дIабохкха а беза. Кхийти-рий хьо, Сардал?

— Кхетта, ИбрахIим-Хьаьжа.

— Дика ду кхеттехь.

Сардал тIаьхьа а хIоттийна, маьждига чу вахара ИбрахIим-хьаьжа.

12.

Ма йолахьа, хаза суьйре, малх дIабуьзча, бода бахьаш,
Бода боьлла цIа дирзича, тхайн дай-наной ца го тхуна.
Ма йолахьа, хаза Iуьйре, малх схьакхеташ серло яхьаш,
Серлаяьлла арадевлча, мерза уьйраш ца го тхуна.
Ма кхетахьа, хIай дашо малх, серлабалий кху дуьненчу,
Серлабаьлла хьо схьакхетча, эзар ойла ахь ма йойту.
Ма ялахьа, хаза бIаьсте, толой-хазлой кху дуьненчу,
Хьо хазъелла еъна кхаьчча, тхан дегнашка хьо ца лало.
Ма хазлойша, хIай аренаш, сийна духар шайна дохий,
Шу хазъелла дIахIоьттича, бIаьргех догIу хи ца соцу.
Ма угIахьа, хIай йора борз, иштта гIелчу цу эшаре.
Ардангах хаьдда угIуш елахь, цхьалхачу вешех дага ялахь.
Iаьржачу коша цхьалха висар хала дуьйцу Iеламнаха,
Цул хала ду шен хIусамехь, уьйрех ваьлла, цхьалха висар.
Ма елхийша, хIай отйокхаш, гIелчу озахь цу ирзошкахь,
Екаш оза лере деъча, тхайн доттагIий карлабуьйлу.
Ма лекхийша, хIай алкханчаш, коре хьийзаш, и эшараш,
Шу эшарийн оза хезча, мерза уьйраш карлайовлу.
Ма ловзахьа, можа полла, сенчу бай тIехь зезагашца,
Ловзуш хьоьга гIийла хьуьйсуш, къена наной гIийла боьлху.
Ма декийша, накхармозий, сенчу бай тIехь зезагашца,
Тера доьлху накхармозий нана йоцчу жимчу берех.
Ма тебахьа, хIай цIоькъалом, хьо къанделча, цу ижонна,
Иштта аьтто буху хьуна тIаьхье йоцчу къонахчуьнан.
Ма гIертахьа, сурхар леча, хьо къанделча, моха йилла,
Иштта хьуьнар духу хьуна доьзал боцчу дикчу кIентан.
Ма гIергIахьа, хIай сира сай, хьо къанбелча, цу гIелашна,
Иштта аьтто буху хьуна шен воI воцчу къеначу дадин.
Ма гIертахьа, сийна кхокха, хьайн тIам бойча, стигал бала,
Иштта хьуьнар духу хьуна ваша воцчу цхьалхачу йишин.

И гIийла узам бекара бIаьстенан хIаваэхь. Буц йолуш, сен-луш яра ГIойтIанна гонахара ареш, басеш. ТIеттIа бохлуш кхета-чу малха кIелахь денлора тIуналлах Iаьбна латта. Массо хIуман-на а синхьааме болчу баьццарчу басо доккхуш дара дуьне. Оцу басо дIахьулйира тIом кхихкинчу арахь лаьттана мел хилла чов а. ХIуъу хилча а шен амал ца хуьйцуш, адамийн вуон а, дика а бен ца хеташ тIеоьцуш долу Iалам, шен гуттарлерчу новкъа догIура, сибатца хийцалуш, карладолуш.

Адамна хета-м хета шена тIе бохам беъча, малх стенна кхета теша, бутт бузу теша, догIа а стенна догIу теша, мох стенна хьоькху теша, олий. Амма Iаламан шен Iедал ду, шен хьекъале, адамшех ма-дарра кхиа йиш йоцу маьIна долу, массаьрца цхьабосса хиларан Iедал. Цуьнан кхечу агIор хила йиш а яц.

И ойла Иэладин хилла масийтта шо хьалха, бодано шен бIаьрса хьулдинчу шарахь. Жима волуш, иштта ца хетара. Къиза хетара Iалам.

Узам бина а ваьлла, чубуза лахбеллачу малхана букъ а тоьхна Iачу Иэладина цIаоьхучу бежнийн, девлла лелачу берийн, чохь пешашкахь леточу цIерийн, пхьор кечдеш боганех детталучу цацанийн, бай тIехь чу са деъна хьийзачу дийнатийн, кхуьуш йоьдучу бецан, латто худучу а, таьIначухула хахкаделла догIучу а хийн а — бIаьстенан ерриге а гIовгIанаш хаалора.

Цара а, тайп-тайпанчу хьожанаша а кхетамехь дендинчу суьрташа Iеха а вина, долуш долчух вицвелла Iара иза.

— Ваши, Ваши, — элира бага а гIаттийна цуьнга хьалахьоьжуш Iачу жимчу кIанта, — кхин а алахьа. — Иэладас коьртах куьг хьаькхира цунна.

— Схьахила Вашина юххе... хазахетий хьуна Вашас олуш.

— ХIаъ.

— ЭхI, когаш Iуьйра вац хьо. Мегар ма вац, — шен кара хаийра Иэладас кIант. ТIаккха иза юха а узам бан велира.

Иштта воккхачо жимачуьнна иллеш а бохуш, бIаьстенна сту я говр дужий ялта а дуьйш, ша хIаллакдан гIерташ хаддаза тIелетачарна ца къарлуш, я сина, дегIана паргIато лехна, шен амал ца хуьйцуш, шен цIийца богу майраллин, оьзданаллин суй дIа ца бойтуш (ткъа и суй хIаллакбан тIаьхьабовлла ма бара цуьнан дегIах кийсигаш йохуш хьийзарш), бIаьрго а ца лоцуш сиха хьаьдда йоьдучу заманахь дуьненан а меха късанахий кхолла а, бIаьвнаш йотта а, дина зулам бекхам боцуш ца дита а, иллеш даха а, керла чкъор хьалахIотто а — ша дан хьакъдерг дерриге дан а кхиош, оцу сиха йоьдучу замано Iаьржачу, шийлачу, къизачу паналлехула дадийна дуьгучу Лаьтта тIехь шен меттиг, цхьаьнгга а дIа ца йоккхуьйтуш, лар а еш, оцу паналлин шелоне Лаьттан дог гIора ца дайта цIарал а сиха хелхарш а деш, кхолламо дуьхьалхIиттючу халчу зерех чекхдуьйлуш, ойланца цIанлуш, са серладолуш, дикчу гIуллакхийн лаьмнаш хIиттош, азаллера дуьйна схьа догIура халкъ. Иза тIепаза дан йиш ячара цкъа а.

*1986*

## ЗИНГАТИЙН БАРЗ А МА БОХАБЕЛАХЬ

I.

СУНА тамашийна хета, гуттар а малх а болуш екъа меттиг ю аьлча. Ян-м ю, суна сайна а гина иза. Кхузахь хIара догIанаш дуьйладелча, теша а ца теша, иштта мохк хир бу бохучух. Дош дацара цу малхехь вижина ца Iиллича, кху дегIехь йолу тIуналла дIаяллалца! Хьалха-м хаа ца лора иза. ХIинца цIарна уллохь бен де а ца даккхало. Хьалха и цIе дегIаца яра, цундела хаалуш ца хилла.

Хьо иштта дIа а тевжий Iен хьо, Асхьаб. ЛадогIа ахь дадас хьайна дуьйцу долчуьнга. Хилларг хиъча дика ма ду. ХIинца шун хенахь-м хир дац иштташиг. ХIетте а хаарх новкъа дац-кха. ХIинца и зуда чуйогIур яц маьркIажа бода къовлабаллалца, бежнаш а Iалашдина, котамийн буьн неI дIа а къевлина, дечиг а дахьаш. Ахь наб кхетийтахь цо хьо меттах а воккхур ву, ас вижна вац боххушехь «Мегар ма дац маьркIажехь вижийта»...

Ахь соьга хьаттира, Асхьаб, лулахой ма бац вайн, аьлла. Сан вара хьуна дика лулахо. ДIавелир-кха.

Дог цIена стаг вара иза, нахана дика болх хилахьара аьлла хеташ. Цо хIаллак а ма вира хьуна иза. Нах тайп-тайпана бу-кх, ба-те.

Иштта хIара санна маьркIаже яра иза а. ХIинца санна тIуьна яцара иза, екхна гуьйренан маьркIаже яра. Со мукх оруш хьавара. Хьалха иза, хIинца санна, ма ца орура. Хьалха мукх хьакха а хьокхий, цIевнаш а дой цIа бахьара. ТIаккха царна тIе стерчий а, говраш а хьийзош орура. Вайн стерчий дара, Асхьаб. КетIахь боьгIна бIогIам бара, уьш цунах дIа а доьхкий, лэхкура. Иштта гонаш а дохуш цара хьуьйра цIовнаш. Цунах олур-кха мукх афар.

Цу сарахь ЗухIайра вайн керта йисте а хIоьттина лаьттара, наггахь соьца къамеле а волуш. Бажа цIа богIу тергал а беш.

— Ассаламу Iалайкум, суьйре дика йойла хьан, ЗухIайра, — и аз ма-хеззи, лоллу ши сту а битина, керта улло вахара со. Иза кху эвларчу стеган дацара. Суна озаца кху юьртара хIора стаг а вевзара. ДIо еттина кибарчигаш еш шиъ пеш хилла волу Iумха луьйш, хара екаш санна хетара, цуьнан лулахочо Коврас чIогIа лерина дуьйцура хабар, дешнаш дIаса а нйэош... БIагас иттех лерина дуьйцура хабар... дош аьлча, хьалхара шиъ бен кхетар а дацара, вуьйш мера чохь хуьлудуьсура цуьнан. Исс зуда ялийр-кха цо. Гуттар а кхо зуда хуьлудуьсура цуьнан лелош. БIага, берзан цIога ду-кх хьан, ца хилча иштта зударий муха кхуьйлур...

Цо: «Зударшна оьшург дерриге а...» — мера чохь гIам-гIим динера. Церга тIера балда а деддера дукха, цуьнан шен боху

ас. Ткъа гонаха берш, кхеттачул тӀаьхьа, бехха биллинера. ШолгӀачу дийнахь кху юьртахь мел верг вара цунах воьлуш... ХӀинца вац-кха, цхьа а вац. Я БӀага а, я Ӏумха а, я Коьра а... Со цхьаъ висна-кх, уьш Ӏийна меттигаш а гуш, цара лелийнарг дага а лоьцуш, кхузахула волавелла лела...

Бетарсолтас элир-кха... ХӀаъ, иза вуьйцу ас. Шина шарахь Шуьйтахь пинотделехь болх бинарг вац? Юха дукха къаьркъа молла куьйгаш иэгон а долийна, ручка кара а ца лацалуш, дӀаваьккхинарг вац? И цӀа вояна-м иттех шо а ду. Колхозехь учетчик ву. Ас а бина и болх-м, хӀетахь вайн эвлахь ТОЗ йиллича, цу ТОЗехь. Я хӀара санна кура а вацара. ХӀокхо хӀинца а галстук охьа а ца юьллу, тӀома кӀел кохаташ а лоций... ХӀаъ, цо элиркха, — ас шена бӀаьрга тӀе бӀаьрг а хӀоттийна кадам бича, метта-меттара дош олуш, цуьнан дог эца дагахь, — дера элира, диалект ю-кх, аьлла. Цкъа а, шозза а цо и аьлча: и хӀун ю ян мукъане а? Вокххаверг дӀавелу, жимаверг тӀекхуьу... Ишттан-м дара иза, вокххаверг дӀа а ца волуш хила мегар яцара техьа и диалект... Ма хир дара тӀаккха... Бетарсолтас ечух тера а дац ишт-та ойланаш. Диалект ю аьлчхьана сапаргӀат долу. Шена тӀекхаьчча, хуур ду-кх и хӀун диалект ю...

Юха дӀадуьйцуш ма вара со, Асхьаб, ладогӀа ахь. ХӀинца хӀара алу та а яллийтина, ас вайшинна хьаьжкӀа йоттур ю. Ас хьуна бохь лур бу, хьо хаза хилийта... ХӀан-хӀа, лур бац. Хазалла стенна оьшу къонахчунна... Ас бух лур бу хьуна, майра хилийта.

Оцу маьркӀажехь ЗухӀайре салам а делла тӀехӀоьттинарг кху эвлара вацара. Со сайн болх а битина дӀа керта юххе гӀоьртира. Суна, тӀе ма-хьаьжжи, ца везавелира и стаг а, я цунна тӀехьа лаьтта цуьнан ши кӀант а. Цуьнан бӀаьргаш а ца дезаделира, цхьа кра, ца Ӏеба бӀаьргаш дара цуьнан. И тайпа бӀаьргаш долу стаг има доцуш ма хуьлу; ша хӀуъу лелийча а, цуьнан ойла а ца еш, хьерадаьлла жӀаьла санна дуьненчухула хьаьдда лела.

ХӀун дийр ду цу тайпанчу жӀаьлина? Дан хӀума а дац, шийла йолуьйтуш, шалго топ ца тохахь. Ткъа и топ тоха а ма ца лаьа нахана, жӀаьла а дийна стаг вийнарг ца хила. Цундела хьаьдда лела иза шех терралчунна, я цхьана декъазчунна тӀеӀоттавал-лалц...

— Ва Ӏалайкум солом, — охьайиэцира ЗухӀайрас салам. — Марша-могаш хуьлда. Шу лаа леллий?

— Лаа ма лела тхо-м. Де доьхначу дийнахь арадевлла лела-кх. ЧӀир хьаьрчина сох, ца хууш сан карах стаг а велла... ХӀокху шинна нана а кхелхи и цхьа оьха цамгар а кхетта... Иштта тхаьш тӀеоьшур долу юрт лоьхуш арадевлла-кх...

— Бохам бу-кх, боккха бохам. Дала гечдойла кхелхинчарна а... Мича эвлара ду шу?

— ХӀуьчӀаьнчӀуьлгара.

Суна юьйцу а ца хезнера и тайпа юрт.



— Тайпано?

— Оццу хӀуьчӀаьнчӀуьлгахойн тайпана.

Хетарехь, и тайпа, вайн нохчийн тайпанаш тӀехь долчу с тӀе дӀаяздар стенна дуьйцу, цунна уллю дахана хиллехь а, тамаш бара...

ХӀинца а ойла йо ас кест-кеста оцу хӀуманан, иштта юрт а, я тайпа а хила а хиллий техьа, бохуш. Суна дуьйцу-м ца хезна, я тайпа а хила а хиллий техьа, бохуш. Суна дуьйцу-м ца хезна, адамашна юкъахь. Ша шайтӀанашна юкъахь ца хиллехь. Хетарехь, и стаг а шайтӀанех хилла хир вара, я адам-пилбазех.

— ЦӀе хӀун ю хьан?

— Жахарбек.

ЛадогӀал ахь цу цӀаре. Адаман хир юй и цӀе? И цӀе ма-хеззи, хаа дезара ЗухӀайрина и хӀун стаг ву. ТӀе ма-хьаьжжи, стеган дагахь дерг а хууш ма вара иза, цомгашчун хӀун лозу а, йочана маца хир ю а...

Юьртана а дукха везаш стаг ма вара, Асхьаб, ЗухӀайра. Дера вара цомгушчунна лор, лечукна — молла а, оьшучунна — накъост а, дан хьехар а долуш. Цо аьллачу даша тӀера вер волуш цхьа а ма вацара хьуна кху юьртахь.

Жимъелла йогӀучу (кест-кеста ун а даьржара цу шерашкахь кхузахь, сингаттамо а, къелло а бӀарзбой вовшах а, нахах а лелхуш хӀаллак а хуьлура адамаш) хӀокху юьртан да хилла лаьтташ хӀаллак а хуьлура адамаш) хӀокху юьртан да хилла лаьттара иза. Наха цуьнан урд а, бежанаш а леладора. Ша санна, оьзда зуда а яра цуьнан, цкъа а къа доьхуш я вон олуш нахана а, хьайбанна а хезна яцара иза. ХӀинцца дагалоцу хьуна ас цуьнан цӀе. ХӀаъ, Бaху яр-кха. Цу шиннан цхьа доьзалхо а вара, кхиъна вогӀуш кӀант — Керим...

Собарде, собарде... Цкъа хӀара овкъарш дӀаяхийта. ХӀан, хӀара бу хьуна бух. Яа ахь, яьгна хилча а хӀумма а дац хьуна, майра хир ву хьо.

Дера, Асхьаб, бакъ ма ду хьуна, хила доьгӀначунна бӀаьрг артло бохург. Оццул хӀума хууш волчу ЗухӀайрина ца вевзинера и Жахарбек, суначул башха.

Суьйранна вахара со ЗухӀайра волчу. Иза паднара тӀехь, гӀайбех дӀатевжина, суьлхьанаш а хьийзош Ӏара. Баху пеша хьалхахь хьийзара.

— Далла воьзийла, охьавало, Бауди, охьахаа, — дегӀ нисдеш хьалагӀаьттира ЗухӀайра. Суна стенна дуьйцу ахь, берана а гӀоттур иза гуттар а иштта хьала. Ткъа со мича хуур вара хьуна цунна улло, паднар тӀехь. ХӀуъу аьлча а ца хиира, — цуьнца со цунна улло, паднар тӀехь. ХӀуъу аьлча а ца хиира, — цуьнца со пасвалар хир ма дара иза. Паднара хьалха, лоха гӀант а хӀоттийна, охьахиира.

Бахус дукха хан ялале сискаллий, даьттагӀий хӀоттийра тхойшинна хьалха. Асхьаб, и мел догдика стаг яра хьуна аьлча, ша санна ерг кхин хир йоцуш яра. Лахенцара яра иза, Шелара. ЦӀерачаьрца кхин гергарло лелош яцара, уьш реза а боццушехь

еанера иза кху тӀулгашна юккъе, кху къаххашна юккъе хьала, ЗухӀайрина тӀаьхьа а хӀоьттина, цо йола ма-элли.

ДогӀа деанчу аьхкенан Ӏуьйранна кхечира и шиъ юьрта. Малх а кхетта, екхнера стигал. Бажа дӀалалла эвла йисте бевлла зударий оцу малхал хаза нускал а гина, Ӏадийна биснера. Тхиша кучан юх а ца тӀадийнера цуьнан, иза ду-кх тамашийна, говрал а лекха йовлучу яраш юккъехула схьадеънехь а... — иштта хабарш дуьйцура юьртарчу зударша хӀинц-хӀинца а.

Кхин а еза боху ахь? ХьаьжкӀаш дукха йиъча дика хир ма дац. Собарде, хӀинцца хӀума кхоллур ю вайшимма. ХӀоккхузахь, кхакхи тӀе дӀа а товжий, Ӏел хьо. Иштта, дадин борз ю иза.

ТӀаккха... ЗухӀайрас далийна и нускал — Баху юьртана а дукха езаш нус а хилла дӀахӀоьттира. «Бахус санна дика бепиг дийр дац цхьамма а, цуьнан чӀепалгаш чекххьаьжча са а гуш хуьлу, цуьнан даьттагӀа...» — иштта къамелаш дора къонахаша, шаьш вовшахкхетча пхьоьханахь. ТӀаккха, гул а лой, ЗухӀайра волчу чай мала боьлхура.

Ткъа эвларчу кхечу зударшна дезало моьттарий хьуна иза? Мичара? Делахь а, шайлахь «бур-бур» а дой, Ӏаддаӏара, цӀийнадайх гучубовла ца баьхьаш.

Бахус яахӀума дика яр стенна дуьйцу ахь, Асхьаб? И кху эвла яллалц бевзаш а ца хилла кхачанаш юкъабехира цо. Пулу дуй, стомара вайшимма дийна долу? Иза дуьххьара кху эвлахь Бахус ма дира. Вайшимма диънарг пулу доцийла хуур дара хьуна, и айхьа диъннехь.

ТӀаккха, со мича кхаьчнера?.. ХӀа-а, Бахус тхойшинна хьалха даьттагӀий, скаллий хӀоттийра. ХӀетахь биъна и даьттагӀа дагабеънера суна сийсара. Цунах ма хьийзайо ас хӀара, зуда аьлча а, эла Къахьарма. ХӀаъ, со къан а валийтина эла хила Ӏийна хилла хӀара. Хуур дар-кха хьалха, дӀа ма-элли, бийр бара. ХӀинца «хӀинц-хӀинц» бохуш лела...

Тхойшиъ даьттагӀа а биъна, тӀе гӀалмакхан чай а мелла, паргӀат ваьлла Ӏаш, ас элира ЗухӀайре:

— Со реза вац оцу хьешашна...

— Стенна?

— Цуьнан бӀаьргашна, дукха ира ду уьш...

— Бохам тӀебеъна стаг ву иза, бохамо хийца ма хуьйцу бӀаьргаш а, сибат а..

— ХӀетте а...

— Сайгара хӀумма а дийр дац аса, нахах дага а ваьлла...

Ойла йоьхна велира со и волчуьра ара. Суна хаьара баккхий нах ЗухӀайрас аьллачунна реза хир буй.

Вехха лаьттира со, кех араваьллачул тӀаьхьа, серий дуцуш йиначу керта улло а хӀоьттина, церан жима кӀеза а летош, хьешин отон кора кӀеллахь.

Цу чохь хӀума а йиъна, дикка буза а буьэна, дӀабийшинера Жахарбекагӏар. Суна дуьхьал тесира уьш. Шайн хӀуманашца хьала а бевлла, Бахус, ӀатӀаран хьожа йогӀу, ло санна кӀайн шаршош а йохкуш, кечбинчу тӀоргӀэн меттанаш тӀехь Ӏоьхкуш, «хуртӀур» а деш.

Оцу буса тӀаьхьо бен ца кхийтира суна наб. Корах цхьамма беттачу пӀелго ваьккхира со сама.

Берзинчу когашна калош а туьйдина, дӀаараваьлча ЗухӀайра ву-кх.

— ХӀун хилла? — хоьтту ас.

— Хьеший бахна-кх сан, са а тасале.

— Цхьа хӀума лачкъийна хьуна.

— Ца лачкъийна, со хьаьжна...

— Делахь, кхин а дика ду-кх, дӀабахийтахь, сецон оьшуш хьеший бац хьуна.

— ХӀан-хӀа, эхь ма ду иза. Хьаша вадар...

— Делахь, ахь боххург дийр ду-кх.

— Уьш юхабало беза тӀаьхьа а вахана...

Орган чу кхаьчна боьлхуш бара Жахарбекагӏар. Арахь стогар латнийча, аьнгалхаш санна, могӀа а бина: хьалхахь — йоккха аьнгалха, тӀаьхьа — жима ши кӀорни...

Говр хьалха а эккхийтина, сацийра ас Жахарбек.

— Вухаверза!

Иза дикка соьга хьоьжуш а лаьттина, кхин хӀума а ца олуш вухавирзира. Цуо дуьхьало йинехь цунна, ша нелана санна, шед еттар йолуш хьан дада а вар-кха хьуна, Асхьаб.

ХӀетахь хьан дада хӀинца санна ма вацара. Озийна нелан цӀога дух а доккхур долуш, онда вара.

Тхо юхаххаьчча, эвла юккъехь гулбелла лаьттара баккхий нах. Шайна юккъехь ЗухӀайра а волуш.

Жахарбека элира:

— ЗухӀайра, хьуна дела реза хийла. Ахь дика хьошалла а дин, суна эхь хоьтуьйтуш. Цундела, со сайн доьзалца тӀеэцахьара аьлла шуьга дехар а дина... Стаг юьртана тӀеэцар а, цунна латта далар а доккха хӀума ду... И дехар а дина, шу холчу хӀоттолчул я аша суна дехар ца делча (и тайпа меттигаш сох хӀинцале а Ӏитта а елла), сайна халахоьтуьйтучул аьлла, дӀавахнера со. Хьо суна къинтӀера а вала, ЗухӀайра...

Цхьа а вист ца хуьлуш тийналла хӀоьттича, хьалха Ӏаса дӀа а гӀортийна, шен хиш оьху, хьела бахана ши бӀаьрг, корта а оллийна лаьттачу Жахарбекана тӀе а боьгӀна вистхилира юьртахь уггаре а къена волу Колла:

— Къонах, тхо делчу хьо дуьххьара ца веъна, тӀеэцахьара, аьлла. Тхо, варшахой-м, игӀа[1] борзахошца а, мигӀа[2] мартанхош-

[1] ИгӀа — лакхахь.
[2] МигӀа — лахахь (диалект).

ца а дозанаш а долуш, боккха, дIайийнарг хIуъу тIе а йолуш беркате мохк а болуш, мацвелларг вуза а веш, гIо оьшуш, де доьхна веанарг тIе а оьцуш, даьхна хIиницалц а. Оха дина гIуллакх ахьа а, хьан тIаьхьено а диц дийр дац аьлла, хьан тхуна бала тешам белахь...

2.

Асхьаб, хьуна наб кхетта? ХIара даьттагIа схьа-м баьлла хьуна. ХьалагIаттахьа дадина. Мел мерза бу хаьий хьуна. От, дIавала, велха мегар дац. Борз ю иза дадин. Дадас тIаьхьа буьтур бу цунна даьттагIа, Iуьйранна баа. Мерзий? Мерза-м бу. Бахуш даьттагIий? Мичара! Иштта даьттагIа ас цул тIаьхьа баа ца биъна. Бахуга кхача-м дукха къахьега дезар дара эла Къахьармин. Кхарна, хIокху баккхийчу зударшна, сича а ма ца еза иза. Шайл тоьлаш хилла дела.

А-а, мичахь сецнера со?.. ХIаъа, юьртан меттигах дакъа а дина, эвла йисте ваха ханйра Жахарбек, — хьажал хьо цу цIаре! Муха ю? Делан неIалт цу цIарна!

Сотин миска вара цунна лулахь. Иза а вара иштта юьрто тIеэцна стаг.

Иза кху эвла кхачар цуьнан зудчун Самартан бехк бу олура. Иза хаза дилхалахь а йолуш, куц хьарам стаг яра. Кхахьпа зуда яра, цо цIога ластийча, цунна тIаьхьа ца волуш саца онда чицкъ безара боьршачу стагана. Кху эвла еъчахьана-м мелла а синтеме санера иза.

— Цунна дан дезарг дан-м хьо стаг а вацара, иза шен ден цIа мукъане а яхийтахьа, йита а йитий, хьо мерчашла хьерчаварг, — аьлла бохура цуьнан тайпанан наха.

— Йитийша иза, буьйсанна и чуеъча а тоьар-кха суна, цо хIуъу леладахь а.

Дера бохура иштта аьлла-м. Тамашийна бу-кх хьуна нах. Соьма алалур дацара и хIума. Цу хенахь-м муххале а. Бакъду, цхьаболу зударий гIемаш хуьлу боху, боьршачу нахах шайна луъург деш, кешнаш а достуш. Оцу Коллас дуьйцур-кха, ша лулга юьртарчу кешнех тIехволуш гIемаш лецар. Цхьа серло а гина кешнийн керта гIоьртина хIара. Муха хета хьуна, боххуш хилла, шайна чу стогар а хIоттийна. ХIара герга ма гIоьртти, шайн месаш охьа а оьхкина, царна буьххье оьхкина мIерий, Iайгаш вовшахдетта хIиттина хIорш. Ткъа Колла ма вац кхералур волчех. Месаш тIера а лоьцуш, цхьаццa коша чуьра хьала а йоккхуш, церан дерзинчу догIмаш тIе шед а етташ, лаьхкина цIа бигча цо и гIам-зударий.

Бакъду-дац, ца хаьа, Коллас и дийцар-м бакъду, со Потин кIант Бауди хилар санна.

— Делахь, ахь хIун де аьлча, хIокху юьртара дIавала и хьайн кхахьпа зуда а эций, тхо юьхьIаьржа а ца хIиттош. Кхо де хан ю хьуна... Ца валахь, оха гуттаренна а долуьйтур ду шуьшиь кху юьртах а, дуьненах а, — иштта аьллера Соте цуьнан тайпанчу наха.

Иштта кхаьчнера иза кху юьрта...

Зуда, хIара чай шийла ма ду хьан. Кхехкачуьра схьадоьттинехь а, шийла-м ду. Со ву боху ахь шийланиг? Бакъдерг бакъ ду-кх. ТIехилабе ахь пешана яй...

Схьавеъначу юьххьехь, цхьана-шина шарахь хаза дика Iийра Жахарбек. Кху вайн юьртахошца гIиллакх а лелош, къаьсттина ЗухIайрица. ТIаккха хийцавала волавелира иза — вартта. Нелан хьесапе воьрзуш. Мекхаш ирах а хьаьвзина, цIоцкъамаш бIаьрхьаш тIе охьа а даьхкина. Дош ондда а олуш. Нахана тIе мохь бетта а велира. Хьажал хьо цуьнга, ша латта а делла, стаг а вина схьагханйча олучу баркалле.

Зударша шайн бераш а кхерош, «Жахарбекана дIалур ву хьо» бохуш, буьрса стаг хилира цунах.

Юьртахь хабарш даьржира, Самарта юха а шен гIуллакхаш дIадолийна бохуш оцу Жахарбекаца. Иза-м кхин лачкъийна а дацара церан, бIаьргаш баьлла воцчунна гур долуш дара...

Иза уггаре а чIогIа халонга даьлларг ЗухIайра вара. Иштта а эгIаза волу иза худавелла, дIаволуш лаьттара. Цхьана Iуьйранна шайн уьйтIа а ваьлла, малхбале а хьоьжуш, шабарш деш къаьлаьтташ гира суна иза. Керта улло а таьIна, ладоьгIча суна къастира: иза деле доьхуш вара и стаг хIокху эвлара, зен-зулам доцуш, дIаэцахьара бохуш. Маьлхан зIаьнаршца а дехначу нана дала жоп ло, олуш Iедал дара цуьнан.

Дукха хан ялале кху юьртарчу цхьаболчу зударийн бIаьргаш чохь оцу Самартанчийн гIомаллин цIе хааяла юьйлира. Боьршачу нахана юккъехь а бара, Жахарбек санна, нелах тарбала кечбелларш.

Схьайола зуда, дIаяха хIара пхьегIаш. ЭлхьамдулиллахI. Вуьзн хьуна со-м... Схьакховдабе и гIайба, жимма дIатовжа со. Чудаийта и цициг а, стенна цIуьйзуьйту ахь иза. Шура йотта ахьа цунна. Иштта.

ТIаккха-а... ХIаъ.

БIаьстенан юьхь яра. Доккха кхетта беттаса а долуш сихха буьйса юккъе лестинера, оцу дIо лома буьххьера мохь беъча:

— ХIей нах, хIей! ЛадогIалаш! ЛадогIалаш! Эвлайистехь Iаш волу Жахарбек Сотин зудчунна тIехьийзаш ву шуна... Шаьш ца тешарг, де долкъал тIаьхьа лестича, Коллин элан литта лаьттачу гIо.

Шен аз хуьйцуш, мара дIакъевлинера мохь беттачо. ТIаккха цIеххьана и велавелира, мара дIа а хецна. Суна девзира и велар.

Иза Жахарбекан дара. Со цецвелира: ша-шена и хIума муха дуьйцур ду? ТIаккха кхийтира со цунах. Хьалха-МартантIе воьду аьлла, цIера ваьллера иза оцу дийнахь. «Хьера кхайкхор» дихкинера иттех шо хьалха ЗухIайрас. Бакъ а, харц а дуьйцуш нахана юккъе зуламаш туьйсу аьлла. Юьртахь мел волчуьнга дIахьедира, и гIуллакх динарг шаьш дIавуллур вац аьлла.

ХIетахь дуьйна, кхин цхьа а юкъа а ца ваьллера и бехкам бохуш.

ШолгIачу дийнахь, Жахарбек цIа веъча, Сотас аьллера:

— Хьуна хезний иза?..

— Хезна, иза бакъ а ду, хIун дан воллура хьо? — шен тоьпан чаппагIа дIасатоьхнера цо.

Сотас оцу буьйсанна сатассалц дехарш динера Самарте хIокху эвлара шеца дIаягIахьара хьо, бохуш. Иза кхин тIе ца тайча, «дала беххам бийр бу-кх» хьуна а аьлла, шен сал-пал, шад а бина ги а тоьхна, сатоссуш, чIоб дIасецча дIаваханера, дIо цанаш йолчухула хьала а ваьлла, ши ког а теххош, тхилахь лар а юьтуш.

Доккха хIума дар-кха и стаг ламаро хиллехь... Бакъду, нaггахь кис-м ло иштташ. ТIулгаш юккъехь зезаг а долу.

Юха масийтта шо а даьлла, Соьлжа-гIали тIе балха хIотта со вахча, цигахь гира суна иза Мехкдаьттан тIехь. Кхин зуда а ца ялош, ша Iаш вара миска.

Сота юьртара дIаваханчу дийнахь, юьртахошка хаьттиний, аьллий хIума доцуш, цуьнан керт шена схьа чулецира Жахарбека. ТIаккха совца ца туьгуш догIанаш дуьйладелира. Дийнахь а, буса а хаддаза оьхура уьш. ХIокху эвлах уьшал хуьлуш лаьттара. Яраш ма деббера моьттахь, стагал а лакха а евлла. ЦIенойл лакха йовлуш лаьттара. ЗухIайрас ша волчу пулбеллачу нахе, хIара юрт хин буха яхарна кхеразелла ша элира, доIанаш а де, сагIина хIума а ло. ТIаккха цо иштта догIанаш эхаран бахьана эвлайистехь Iен и ши адам-тайпа хила мега элира. ЧIагIдан йиш яц, делан къайле йоккха ю.

ТIаккха цо оцу суьйранна шеца ши накъост а эцна, вахана мах бира Самартаний, Жахарбеканий, цу шимма биэ а ца боххушехь. Юрт хин буха ца яхийта. Тьфу, неIалт цу шинна, эхь а ца хеташ Iаш ду ма бохура хьуна хиъна, баккъал чIогIа кIантстаг, нуокал а хилла.

ДогIа цул тIаьхьа а дIа ца сецира. ШолгIачу дийнахь, маьркIажехь эвла йистехь орца дохуш хезира. Массо а дIахьаьлхира цига. Амма сиха баха ца лора, яраш а, хатт а хиларна. Цига дIакхачале масех сахьт делира, (хьалха-м итт минотехь а дIакхочура). ДIаккхаьчча гуш хIума а дац. ЖахарбекагIар, ков дIа а къевлина, чу левчкъина. Эццахь дIаса генаха бIаьрг тоьхча, Губи-миска ги-кх тхуна догIанан Iовраш чохь Iуьллуш, тIе гIум а, чалх а тоьхна...



ШолгIачу дийнахь дIавоьллира Губа. Иза цхьалха стаг вара, сагIа деха кхуза веъанчохь юьрто латта а делла висина. Иза Жахарбекан шина кIанта Махьарбекий, Шахьарбекий (цIерашка хьажал хьо, цIерашка. НеIалт цу цIерашна!) хьоккхий диттина, вийна хиллера, шайн дош дашера даьлча.

ШолгIачу дийнахь Жахарбекккий, цуьнан ши кIанттий воцург массо а кешнашка вахара Губа дIаволла.

Цигахь тIеоьхучу догIанехь и дIавоьллина бевлча, кошан коьрте а хиъна, еса доьшуш Iен ЗухIайра хIинца а дуьхьал лаьтта суна. ХIетахь дукха къилла ваххана дийшира цо иза, дагах чекхдуьйлура цуьнан аьзнаш, дегIа тIера массо чо ира а хIоттош... Цул тIаьхьа кхин дийна ца гира суна иза.

ЭхI, эхI, Асхьаб, къонах воьлхуш товш ца хуьлура... ХIетте а и дагадеъча со ца вилхича Iен-м ца ло. ХIа-а, схьавола дадина. Вайшинна мотт охьабиллина. Иштта, аьтту агIо буха а биллий, вижа, иштта. Дадин борз ю иза...

ТIаккха, Асхьаб, ЗухIайра Жахарбек волчу ваханера. Ша цхьаъ, нахе ша чувоьду а аьлла. Цунна ша юьртана хьалха бехке хетара и зуламан да тIелацийтина дела.

ХIара дIакхаьчча, Жахарбек Губин-мискин керт чулоцуш хиллера, лаьттах хьоккхий а детташ. Латта тIеда а долуш, хьокха кIоргга боьдуш хиллера, цунна тIе хатташ а бетташ, иза виснарг а нелах тарвеш.

— Ас делан цIарца дехар до хьоьга, дIавала кху юьртара, — аьллера ЗухIайрас.

— Стенна? Ахь тIаьхьа стаг а вайитина юха веана ма ву со.

— Маьрша стаг вийна аша.

— ХIа-хI? Стаг вара иза? СагIадоьху... Сан хорсешна хьа хьуна хьанна кIомсарш тоха еза.

— Хьо бахьанех догIанаш а оьхучуьра ца севцца, яраша хьулдеш лаьтта цIенош...

— Яраш хилча дикахо а ду-кха нелана... хур... хур... — цIунала керча яьллера нал.

— Ас делан цIарца доьху хьоьга...

— Латта хьена ду шун, хьокха кIорга боьду, хьажал хьо... Иштта орам кIорга тесна ас кхузахь...

— ДIагIахьара хьо...

— Мича гIо боху ахь, мича?

— Хьуо схьавеанчу ХIуьчIаьнчIуьлга дIагIохьа.

— Цига, хьаха, ву ас хьо вохуьйтур, — чу а хьаьдда, дега тIе кIомсар а тоьхна, вожийнера цо ЗухIайра...

Со-м юха а воьлхуш ву хьуна, Асхьаб. И дагадеъча зуда санна ца вилхича Iен а ца ло. Я тховса наб а кхетар яц, яц дера. И дагадеъча наб муха кхета. Аравер вара, догIа дацахьара. Воладелча жимма сапаргIат хуьлура. ХIинца догIа ду. Ду-те. ДогIа.

ШолгӀачу дийнахь дӀасецира догӀа. И ца саца йиш а яцара — доккха сагӀа дара юьрто диларг. Къегина малх а кхийтира. И дӀавоьллинчул тӀаьхьа доцца маьлхан догӀа а туьйхира — стаг докъалхиларан билгало ю иза. Мел дукха адам листаделира кху эвла. Ши де а далале, бакъийра цара вайн эвла богӀу некъ. Вуьшта-м кӀиранах а бакъалур бацара иза.

И нал а, цуьнан херсеш а тӀаккха а ца евлира юьртах. Доккха гӀуда хиллера кху юьртах хьаьрчинарг. Шайн кертан го чӀагӀбеш хьийзара уьш.

Кертан еа а маьӀӀехь цара дӀахӀиттийнчу шалпо-тоьпийн бархӀ бӀаьрг хьоьжура юьрте.

ХӀетахь даккхий хӀуманаш хуьлуш дара лаханца, Асхьаб. Паччахь вохийна-м иттех шо а дара... Стенна велакъежа хьо, наб кхетта воллушехь. ХӀахӀ? Дадин борз ю иза, дера ю...

ХӀинца и хийцамаш кху юьрта а кхаьчнера. Со хӀетахь пина-агент вара. Нахера налогаш схьайохуш лелаш. ДоттагӀ а вара сан. Цхьа тайна жима стаг. Шуьйтара вайтина, вайн эвлахь комсомолан ячейка кхолла. Асхьаб яра цуьнан цӀе а. ХӀаъ, хӀаъ, велакъежа хьо. Цундела ма тиллина ас хьуна и цӀе. И санна хилахь-м ледара кӀант хир вац хьо, дадин борз. Мел куц долуш вара. ХӀетахь юкъадевллачу цӀенача исхарин галпеш йолу хеча а, кийтал а лелош. Цуьнгахь хилла и мачаш — хӀинца батанкаш олу-кх царах — йолуш дукха бацара хӀокху вайн варшахойн кӀоштахь.

Ткъа майра бохий ахь, цул майра волуш стаг маьлха кӀелхула дӀавола велла хир вацара... ХӀинца а дуьхьал лаьтта суна иза, вела а къежаш, талл санна ирах а вахана, тоьпан биргӀи тӀезоьдуш, тапчи тӀе ка а диллина...

Мел тамашийна стаг вара хаьий хьуна иза. ЧӀогӀа тамашийна хӀуманаш дуьйцура. Вайн ардаш охуш аьчган говраш хир ю бохура, тӀаккха массо хьал долуш а хир ву, шен долахь цхьацца конка а йолуш. Кху юьртана тӀе богӀуш боккха тӀулгийн некъ а буьллур бу. Цо-м седарчех лаьцна а дуьйцура, уьш вайна гуш болу малх санна ду, бохуш. Дуьне ду бохура хьийзаш, малх а бошуш. И хезначу Коллас цуьнга аьллера:

— ХӀара дуьне хьийзар ца хьийзар-м ца хаьа суна, хӀара хьийза бохучу хьан корта-м хьаьвзина хьуна.

ХӀаъ, аьллера-те Коллас. Воккха хиллехь а, хӀума дика олуш вара Колла а.

Нах ца тешара цунах я со а ца тешара. (Цо дийцинчех цхьадерш-м хӀинца кхочушхилла. И аьчган говраш тарахторш хилла, хӀинца хӀокху бераша аравала а ца вуьтуш урамехула хоьхкуш йолу). Ткъа хӀетахь, цо дуьйцучух со цхьаннах а ца тешара. Теша-м лаьара суна, цо дуьйцург хаза а хетара. Бакъду, хӀетахь



цхьана хӀуманан тидам бира ас. Нах Асхьаба и къамелаш дийцинчул тӀаьхьа кест-кеста седарчашка хьийса буьйлабелира, багахь «цӀок-цӀок-цӀок» деш, кортош а лестош...

ДогӀа дӀасоцуш ду аьлла хета суна арара. Кхана мукъане а малх кхетар бац-теша...

ЗухӀайра дӀавоьллинчу шолгӀачу дийнахь со Бахой, Кериммий долчу вахара. Ялхийтта шо дуьзна жима стаг вара Керим. Цхьаверг оцу хенахь а хуьлу зоьртала. ХӀара, бер санна, эгӀаза вара.

Со цецвелира Бахух. Шен леларца, йистхиларца ша цуьрриг воьхна ца гайтира цо, шен дог доьхна дамар-дарц хилла дӀадаьллашехь. Хьалха санна, пеша хьалхахь хиъна Ӏара, цӀаре а хьоьжуш, ша-шена гӀийла къежа а къежаш. ОстопируллахӀ, доккха собар долуш стаг яра иза, ЗухӀайрин хила хьакъ а йолуш.

— Керим, бакъо лохьа суна оцу стагера чӀир эца, — элира ас. — Хьуна санна-м хила йиш яц, хӀетте а чӀогӀа гергара стаг вар-кха суна хьан да.

Керим вехха Ӏийра куза тӀе букар а вахана.

ТӀаккха цо, суйнаш чохь къегачу бӀаьргашца соьга а хьаьжна, элира:

— Хьо ялхолгӀа стаг ву-кх и гӀуллакх а дахьаш суна тӀевеанарг... Со хӀинца а дийна ма ву сайн ден чӀир эца... Нагахь со цара вехь (оцу хенахь Баху ша йолччохь тохалуш хаьелира суна)...

ХӀаъ, элира те, нагахь ша вехь, цхьаъ дийр ду ахь, аьлла.

Кхин ши бутт баьлча, цхьана дийнахь (базаран де дара иза) сой, Асхьаббий Ӏамин-ирзе вахара — со сайн налог схьаеха, иза цигахь ликбез йилларан гӀуллакх хьалха-тӀаьхьа даккха.

Керим шайн ши сту а лаьллина Шуьйта базара ваха ваьлла хиллера. Кхелина шаьлта йоцург ЗухӀайрин кертахь герзах хӀума а яцара.

Я цунна и оьшур ду аьлла а ца хетара цхьанна а. Ши сту дӀа а боьхкина, топ эца дагахь новкъаваьлла хиллера Керим.

Вайн юьрганий, Лакха-Варшаний юккъехь долчу Ӏинах дехьаваьлча, некъ басах чубоьрзу-кх. ХӀаъ, хӀаъ, дадас цкъа цига йол хьоьхучу хенахь хьо а вигир-кха. Басе дӀайолалуччохь кӀайчу мехнийн хьун а йолуш. Буц дика йолу цигахь.

Оцу басах ши сту а лаьллина вогӀучу Керимна говраш тӀаьхьакхиъна хиллера Жахарбекан ши кӀант — Махьарбекий, Шахьарбекий (церан цӀерашка хьажал хьо, цӀерашка — неӀалт цу цӀерашна!).

— Стерчийн мах хӀун бу хьан? — аьллера цхьамма.

— ЦӀога а цхьаьна бухку ахь сту я цӀога ша дукху ахь? — аьллера вукхо.

ТӀаккха ший а, аркъал а септаш, вийлинера.

Керима хӀумма а ца аьллера, шен ши сту а лаьллина, лаьтган бӀаьра а хьоьжуш, дӀаоьхуш хиллера.

Вукхушимма, хьуьнан юккъе а вуьйлуш, барт беш хиллера:
— Басах чу ма воьсси дIакарчаве вайшимма иза...
— Юха базарара цIа вогIуш виэ вайшимма иза, жимма цуьнан дог а этIадай...
ТIаккха а хьийзийнера цу шимма иза, къийгаша санна гонах а ваьлла, зIакарш етташ. Ткъа Керим лаьтта бIаьра хьаьжначуьра кхин хьала а ца хьожуш дIаихнера. Шуьйта базара дIаккхаьчча, мах ца къийсинера цо я ши сту дIабухкуш а, я цунах хиллачу ахчанах пхоьазза йолу топ ша оьцуш а. ТIаккха и топ йоьхкинчуьнга дехнера цо, и муха кхуссуш ю гайтахьара, аьлла. ТIаккха цо иза Хазбизне хьала тIе а ваьккхина (эцца ГIуш-Коьрта хьала воьддучохь ю-кх и меттиг), Iамийнера иза топ кхосса.
Шен топ ги а тесна цIехьа волавелла иза. Юха а вайний, Лакха-Варшаний юккъехь йолчу басах ирхвоьдучу цунна тIаьхьа кхиънера и ши херси.
— И тоьпан хьокха бежнаш лахка эцна хир бу ахь, — аьллера цхьаммо.
— Цунна ца эцна цо, цуьнан биргIи чухула хьатI кхийса, — аьллера вукхо.
ТIаккха велавеллера шиъ а. Кхо топ хьала а айина, шаьшшинна тIелаьцча а ца соцуш. Юха цуьнан дошо шен жимахволчу вешин бат дIаюькъча, хиънера Мохьарбекана уьш бегаш боццийла. Амма тапча схьаэцца кисана дахийтина куьг хьаладаккха ца кхиавелира иза. Цунна кхеттарг аьрру агIор, дагана буххехула чекхъяьллера.
Шен топ хьуьн чу а ластийна (кхин а шо даьлча, цига йол хьакха вахча, суна карийра иза беррите а хен бахка а белла, мекха йиъна Iуьллуш) цIа веъна, шен нана а эцна юьртах ваьлла иза, хIинца а, кхузткъа шо даьлча а, цIа ванза ву. Цхьаболчара дуьйцура, иза шен ненахой болчохь Шелахь Iаш ву, бохуш. Миччахь велахь а, вайна ву-кх иза кху юьртана, цуьнан да дукхавезначу кху юьртарчу нахана а.

4.

МаьркIажа бода къовлалуш кхечира декъий дохьуш богIу нах юьрта. Уьш эвлаюккъехь совца а бина, Колла вахара шеца масех воккха стаг а эцна Жахарбекана тIе.
— Жахарбек, дала кхоьллина а, делан эхарте дIадерза дезаш а ду вай...
— Делахь, соьга хIун де боху аш? Шух цхьа а-м вац цига дIаваха дагадеана. Велахь...
Эццахь Жахарбек тасавеллачохь виэнра, нехан лаьтта доьгIна бIаьргаш а гина.
— ХIун хилла? ХIун...



— Жахарбек, сатоха деза, нахана тIе а деана... Цхьана керта диъ, пхиъ дакъа хьош меттигаш а хилла...
— ХIун хилла?.. — аьттю ког беттабала буьйлира Жахарбекан.
— И ши кIант... Делан кхиэл ю-кх. Валар хилла цу шиннан... ЗухIайрин кIентан карах.
— Шиъ? Сан Махьарбекний, Шахьарбекний? Хьан? Оцу кIиллочун кIантий? Мичахь ву и шиъ, мичахь ву? — Нах дIаса а туьттуш, эвлаюккъе хьаьдира Жахарбек.
Маьждиган хьалхарчу майданахь тIе вертанаш а тесна Iуьллура Жахарбекан шина кIентан декъий.
— ХIаъ, вийна... Стаг йоцу ши хIума, ас ЗухIайрин кIиллочуьнга вейта кхиийнера шуьша, хIа-хI? Стаг йоцу хIуманаш! — чу а уьдуш, вийна Iуьллучу шен кIенташна мийра бетта велира да.
Наха схьалаьцча а, карара вала гIерташ, ветталора иза.
Жахарбекан гергарчу нахе хилларг хаийтича, бакъахь ма дара аьлла хьаьвзира нах. Амма ХIуьчIаьнчIуьлга боху юрт мичахь ю хууш стагга а вацара.
ТIаккха наха Жахарбеке хаьттира, мичахь ю шун юрт аьлла. Цо:
— Iинчохь ю, — элира.
— Муьлхачу Iинчохь ю? — аьлча, и вист а ца хилира.
ТIаккха тоьллачу говраш тIе а хевшина, кхо стаг вахара кху нохчийн махкахь и юрт евзаш стагга а вуйла хьажа. Ца карийра.
Ши кIант дIаверзийначул тIаьхьа, Жахарбек шен кел араваьлла ца гора цхьанна а.
Наггахь кетIа ара а экхний, топ а карахь, мохь хьекха волалора:
— Ас бийр бу шун болх, ас бийр бу шун болх!
И хьенан болх бан гIерташ ву хууш стагга а вацара юьртахь.
Цхьана буса, дикка тIаьхьа ду иза-м, Бетин-ирзе налог схьаеха а вахана, хье а велла, тIаккха синкъерамехь а Iийна, цIа вогIу со Жахарбекан керта уллохь сацавелира, цу чуьра схьа гIовгIанаш а хезна.
— ...Хезий хьуна, ахь суна кIант ван веза хьуна. Кху шарахь. Хезий хьуна. Ца вахь ас дуьйр ду хьо гIам...
— Ас муха во кIант, хьо хIуманна а пайде а ца хилча, ва къанделла къукккъуз...
— Ас топ еттар ю хьуна, гIам...
— Эшш, хьо санна болчара топ йиттинехь со, нсаза боху ахь, цкъа маре яхана а хир яцара... ХIан, дIалаца..
Бетах чопанаш а йина, хьаланккхина Жахарбек тоьпа тIекха-

чале, гӀам кел араэккха кхиира. Цунна тӀаьххье арахьаьддачу Жахарбека бодашка топ ялийтича гӀам дӀога гуш буьххьехь деладелира, ерриге хӀара хотеш а екош.

Цу буса дуьйна кхин кху юьртахь гучу ца елира Самарт.

Масех кӀира делира Жахарбек ша ву-вац а ца хоуьйтуш Ӏаш. Амма тӀаьхьо, де-делкъе доллучу хенахь уьйтӀа а волий, мохь хьекха, велха, цергаш хьекхаян хӀуттура.

Цкъа иштта и воллучу хенахь, Колла хӀоьттинера цуьнан керта юххе.

— Жахарбек, ва-а Жахарбек! Сатоха, деле собар деха. Делан кхиэл ма ю иза, делан кхиэл. Сатоха.

— ХӀа-хӀ, делан кхиэл ю боху ахь? — аьлла, хьаьдда чу а вахана топ а эцна араиккхинера важа.

— Мичахь ву хьо, дела, мичахь ву? Схьа гучувала, хьуо майра велахь. Мичахь ву хьо? — стигла топ етташ, бетах чопанаш а йина, кертахула дӀаэзида ваьллера иза.

Ведда маьждиган хьалха кхаьчча а, метта ца вогӀуш, нэгавора Колла.

— Ма доккха, ма доккха хӀума ду-кх хӀара... Чим бина дӀа стенна ца йоккху дала хӀара юрт? Хи буха стенна ца йохуьйту?.. — бохуш дӀасауьдура иза.

Цул тӀаьхьа нах кхин а чӀогӀа далла Ӏамал ян буьйлабелира, и адам-йилбаз кху юьртара дӀаэщахьара ахьа, бохуш, доӀанаш а деш.

ТӀкъа важа-м, хӀора денна стигла топ кхийса велира. Шен цӀена уллохула тӀехволу юьртара стаг хаавелча, цунна а тӀаьхьа топ кхуссура цо.

Цхьана дийнахь гӀарара цӀа йогӀучу Боччин зудчунна когах чов йира цо.

Оцу дийнахь, малх орца тӀе лахбеллачу хенахь веара со волчу Асхьаб. Со ши ког а Ӏуьйра кетӀарчу Ӏожа буха а хиъна Ӏара.

— Цунна хӀун дича бакъахь дара теша? — элира цо.

— Цунна, хьаха, еза, нелана санна, топ тоха. Ас и тухур а ю-кх, хӀинцца топ схьа а эцна.

— Иза хьалха дан мегар дара, хӀинца мегар дац.

— ХӀинца хӀун хилла?

— ХӀинца кхин Ӏедал ду.

— ХӀа-а...

— Цундела иза схьа а лаьцна, Шуьйта хьала а вигна, халкъан суьде дӀавала веза.

— Иза атта каравогӀур вац.

— Ас къамел дийр ду цуьнца. И тайпа нах кӀиллой ма бу, хьо дикка бӀаьра хьаьжча а тоьаш...

— Асхьаб, дитахьа иза.

— Кхераме хӀумма а дац. Суна дукха гина и кӀиллой.

ХӀаъ, иштта хилира иза. Оф-фай, хьанна моьттура и хир ду,



айса цул тӀаьхьа хӀоккхул хан дуьненчохь йоккхур ю а. ТӀаьххьара нӀаьнеш ю кхойкхуш. Ас ма дукха дийхир-кх хьоьга, Асхьаб, хьо ца Ӏийра-кх.

Малх, цӀий а белла, орцаца хьалаоьллачу баьццарчу хьаннех а тиисалуш чубузуш бара. Тапчана тӀе ка а диллина, талл санна ирах а вахана, и малх букъа тӀехьа а буьтуш, шена тӀе хьажийначу биргӀина тӀеволавелира иза, мохь а бетташ:

— Жахарбек! Охьайилла топ. Вайна Ӏедал хийцаделла. Паччахь вохийна. Советан Ӏедал ду вайна тӀедеънарг. Халкъан Ӏедал. Со цу Ӏедалан векал ву. Оха хьуна хӀумма а дийр дац. Шуьйта хьала а вигна, халкъан суьде дӀалур ву. Схьааравала...

ТӀаккха бух хадийна талл санна аркъал кхийтира иза, нийсса цӀийбеллачу маьлха тӀе. Яьллачу тоьпан чӀогӀа бара бохура наха ас хӀетахь тоьхна мохь. БӀаьрнегӀар тухучу юкъана тӀеккхечира со оцу кертана. ТӀаккха цунах хьала а тасавелла, шолгӀа и топ ялийта ца кхиавойтуш тоьпан биргӀа схьатоьхна, кертаца чуваштира аса иза. Юха и хьалагӀаттале, кӀесаркӀаг чу а гӀоргийна, топ ялийтира. Цул тӀаьхьа сайна пинарг ас дийщича, цунах тешаш стаг ца ваьлла суна хӀетахь дуьйна. Амма и бакъ-м ду. Хьо а, хьайна ца лаахь, теша а ма теша, Асхьаб.

Ас цунна тӀегӀортийначу тоьпан биргӀанах, цуьнан дегӀах схьа а къаьстина, ши лаьхьа хьаьрчира. Топ охьа а кхоьссина, юьстахвелира со.

Оцу буса догӀа деара, стигал а къеккъаш. ШолгӀачу дийнахь цхьамма цӀе а тесна, дагийра Жахарбекан цӀа.

Наха хьуьнан йистехь лаьттах воьллира иза, цхьа а тайпа барз а ца беш.

ТӀкъа цуьнан цӀа хиллачохь уллохула тӀехвол-волучо неӀалт а олуш, тӀулг я дечиг кхуссуш кӀарлагӀа йира. Со дийнахь шозза волура цигахула охьий-хьалий, цу тӀе шозза хӀума кхоссархьама. ХӀинца-м дицдина наха иза. Оцу борза тӀе гӀуйдалгӀаш евлла.

ЭхӀ, наб тӀегӀерта. Сатаса гергадахна-кх. ХӀинца цхьана сохьтана набаран тар тосур ю. ТӀаккха самавер ву, и ю-кх сан наб...

5.

ХӀаъ, дӀаели буьйса а, наб а дӀаели. Сатесна. Цхьа дика догӀа а оецна. Тахана декхна довха де хир ду. ЭйтӀ, дуьне яӀ... Моган волчунна мерза дуьне ду-кх хьо.

Хастам бу-кх, дуьне, хьуна. Иштта догӀа деъча схьакхета малх а болуш, йоькхана Ӏаьткъича дан догӀа а долуш, буц а йолуш, адамаш дуьненчу а довлуш, уьш юха дӀа а доьрзуш, Ӏуьйккъехь беъначу сингаттамо хьовза а веш, юха Ӏуьйранна сатоссуш хезначу олхазаран декаро и дӀа а боккхуш, хьалахьажа лууччунна, тхов боцуш, лекха, шена чохь седарчий а лепаш стигал а, охьахьажа лууччунна бух боцу Ӏаннаш а долчу хьуна, дуьне, хастам бу-кх.

Аьхка де доxделлачу хенахь бердах чукхуьйсучу шовданах хиллачу чухчари бухахь лийча а луьйчуш, малхо деттинчу лаьтто когаш а багабеш, цигара хьаьдда цӀа а вогӀуш, ӀаьнтӀехь куьйгаш гӀорон доллалц салазаш а хоьхкуш, гӀоро а доьлла чувеъча, йовхонах уьш лазадовларна велха а воьлхуш, тӀаккха аз гӀаргӀлуш, юьхь тӀе чо болуш, массо хӀума а кхечу кепара гуш, шовдана йистехь малх санна йогучу йоӀаца беган а беш, тӀаккха иза а ялийна цӀенош дуттуш хьийзаш, тӀаккха кхуьучу доьзалх вокхавеш, безачех къастаро велхавеш, тӀаккха дийнера де мел дели коьртара къоьжа чо алсам болуш, лаьтта тӀе букар оьхуш, самукъадалар цӀарах а, хьайн чкъурах болчу нахах а долуш, дӀадахна дахар, хастам бу-кх хьуна.

Юьрта тӀе дижинчу дахкарх чекххьоьжу малх а балош, баца тӀе диссина догӀанан тӀадамаш а лепош, дӀо лома буьххьехь гуллъелла мархаш а, коьртера Ӏаьржа ойланаш а дӀасаяржош йогӀу Ӏуьйре, хьуна а хастам...

Асхьаб ваш иза, учи йисте а хӀоьттина лаьттарг. ХьалагӀаьттинийца...

— ДӀавала суна хьалхара. Вало, хьайн хеча тӀеюхийта Бабига. Къонах жима хилча а, къонах ма ву. Кхин ма гайталахь суна тӀехь хеча йоцуш.

ХӀан, хӀинца схьавола. Къонах тӀехь хеча йоцуш хила йиш ма яц.

Дадин доттагӀ санна хилахь-м, кӀант хир ву хьох. Хьайн да санна, оцу кӀуьрах юьзначу гӀалинтӀахь, кӀунзал а баьлла, кехаташ юккъе воьлла а ца Ӏаш, кхузахь Ӏе хьо, хьала а волий.

Дадин доттагӀчо хир ду баьхначех дерриш кхочуш ца хилла хьуна хӀинца а. Ахь чекхдаха уьш. ТӀулгийн некъ а баккхийта вайн юьрта богӀуш, тӀаккха нах дӀа а оьхур бац.

ХӀуьчӀаьнчӀуьлгара веана стаг тӀе а ма эцалахь. Цунах дика болх ца хуьлу хьуна.

Лаьтта тӀехь цкъа а вуон хӀума а ма делахь, зингатийн барз бохабай а. ХӀаъ, зингатийн барз а ма бохабелахь. Мангал хьокхуш, ца хууш а ахь зингатийн барз бохабахь, догӀа догӀур ду хьуна. ТӀаккха йол, догӀанехь а йисина, яхкалур ю. Кхийтирий хьо, дадин борз?

*1985*

## МОХК БЕГИЙЧА

Ло догӀу даккхийчу чимашца, массо хӀума а хьулдеш. Цкъадолчунна. Малх ма-кхиитти, пуча-м дер ду дерриге а. Дуьненчохь ахь мел лелийнарг, замано дицдаларан пардо тасахь а, мел тӀаьхьа а цхьанхьахула гучудолу. Вон а, дика а. Жаьмбикна-м гуттар а и иштта дуйла хаьара. ХӀинца санна ца хиънехь а, геннахь, кхетаман кӀоргенехь ехара и ойла. Цо сецавора цхьадолчу некъашна тӀе ца волуьйтуш. Хало-о-м дара иза, хӀетте а и хало лан а лайна, тӀехъяьлча, декхна хетара денош а, буьйсанаш а...

Юкъ-юккъера екхна ю стигал. Мархашна юккъехула Ӏеначу бетттасин серлонехь лепа чимаш. Куй дӀа а баьккхина лаьттачу цуьнан коьрта тӀехь соьцу уьш, юха деша.

Цо дӀатуьллу куй. ТӀаккха хьаннашлахь Ӏуьллучу жимчу юьрте бӀаьрг бетта. ДӀатийна юрт. Юкъ-юккъехь бен стогарш а гац. Ӏаьржа гӀаларташ а хилла лаьтта цӀенош а, царна гонахара бошмаш а. Тийна ю кхуьнан хӀусам а. Цхьанаэшшарехь синош дохуш Ӏохку бераш а, зуда а. ХӀара хьоьгу царех: кхунна хаьа кхин цкъа а, мел дукха вахарх, иштта синхьааме наб шена кхетарг цахилар. Масех бутт хьалха дӀабаьлла и синтем.

— Маржа дуьне яӀ! — доккха са а доккхий, кетӀахула бай-й ког а боккхуш, волало иза.

ТӀаккха цӀийн тӀехьа, беша волу. Ӏежийн, кхорийн, хьайбанийн дитташ лай кӀелахь лаьтта.

— Шелло-кх шу лайлахь. Я ца шелло? Ма дукха хан яра вай иштта къамелаш даза... ХӀетахь, шу дӀадоьгӀна масех шо даьлча, дӀаделира вайн къамелаш дар. Сан бехкенна. Сан йиш ца хуьлура бӀаьстенан юьххьехь шун гонаш ахка, совнаха га дӀахадош, асар дан. ТӀаккха шун цӀен-кӀайн заза ган, аьхка муттанех дузучу стоьмех вокха а веш, шун ӀиндагӀехь Ӏен а... Гурахь, шуьца чекхъяьлла аьхке а юьйцуш, охьаэгна гӀаш тӀегулдеш лела а... Ткъа Ӏаьнан ехачу буьйсанашкахь боданах, шелонах хорам хилча, ара а ваьлла, иштта хиллларш, леллларш дуьйцуш, шун сапаргӀатдаккха. Со сих вара. ХӀинца со вухавирзина. Со аш тӀеэцахь.

Сан кхор, суна дагадогӀу — хьо цхьа жима, эгӀаза синтар дара. ДӀо колхозана беш югӀуш, стоьмаш а луш дитт хир дац аьлла, юьстах а кхоьссина битинера хьо... Хьан детӀ, худа а делла, дӀадолуш лаьттара бӀаьстенан малхехь. Ас хьо, цӀа а беъна, дӀабуьйгӀира. Хала летира хьо лаьттах дӀа. Денна а хи дуттуш, го самсабохуш лийлира... Ахь дукха а къахьегийтира. Цундела дарий а хаац, хьо уггар а дукха дезаш дитт дара... ХӀинца хьох боккха кхор хилла.

Сан Ӏаж, ахь дӀабоьгӀначу шаррехь зазадаьккхира. Шоргта стоьмаш а латийра. Дерриге а генаш охьа а охкош. Ас буха гӀор-

тораш хIинттийра царна. ХIетте а цхьа га кагделира... Ас сайна махуъу лоьралла дира хьуна.

Сан хьайба, хьо кертан йистехь нисъяларна, атто шозза а йинира. ШозлагIа хьо йинъча, суна моьттура, хьан ницкъ кхочур бац юха а мартIал хеца. Амма ахь, бIаьсте ма-елли, гIа даьккхира. ТIаккха аса хьуна гонаха керт йира еакIов, кегий дечигаш а югIуш...

Стаг вехха лела бешахула волалой, хIора диттана юххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. ТIаккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц. Органа чу буссучохь, кIайчу лай тIехь Iаьржа къеста ах хаьрцина бIов.

БIов тIулгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а тIулгех. Уьш шаша даьхча тIулгаш ду, цхьаьна — бIов.

Стеган сий а ду-кха бIов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а гIуллакхех. Цо денна а дечу дикачу гIуллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь.

БIаьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха.

Ткъа бIаьвнаш — лаьмнех таръеш.

Керта тIера оьций, ло кхоллу цо.

Лайн хин чам... Маржа... Хьо цкъа а бицлур бац... ХIетахь, ешначу арахула текхаш, хIотта а хIоьттина, бертала воьжча, ма мерза хетара лайн хи.

ХIаъ, шу дийнахь хилира цуьнан кхетамехь уггаре а къинза тIом.

«Хьан хIун гIуллакх ду, сел дукха тIулгаш, даккхий тIулгаш лома буьххье а дохуш, царех бIов йотта? ХIун хаьа, ког шершина бердах воьдий а? Цулла а нийсачухула лела. Тоьла а тоьар ю хьуна чохь Iен. Дахар цкъа а юха хир долуш ма дац... Мича ваха гIерта хьо?... ТIеттачу яккхийчу тоьпашна бухахула? Иза велла хир ма ву. Ца веллехь... Хьуна бехк кхачац. Цунна тIеккхача гIоьртича, хьо хьуо а вуьйр ву-кх... Вухаверза!..»

— Иштта тIаьхьа мохь биттинехь а, хьайна даго хьоьхург дира ахь, хIетахьлера Жаьмбик! Хьуна хаьара хIетахь хьайн даге ладогIа, цуьнан аз хаза. ТIаккха цо боххург дора. ХIокху тIаьххьарчу итт шарахь суна дицделла сайн даге ладогIа. Со къарвелла... Къорачу соьга мохь биттина, йиш хаьлла, аз а дайна деган...

...Лайн хин чам... И гIовгIа, хIаваъ цоьстуш йоьду... ХIара хIун ду?.. «Маржа ЖанарIела, вайшинъ-м лаьттах дIаэвора хьуна цо... ХIаъ, йоккхачу тоьпан хIоьо. Кхин цхьаъ а... ХIей, Iожалла! Ахь хьошур вац тхойшиъ, тхойшиъ вехар ву, хьуна мел ца лаахь а. Тхойша тоьлур ву хьол. Хьо йоккхачу тоьпан хIоъ хилла ягIахь а, со кхин соьцур вац хьуна. Ас «хIуп» аьлча, иза лоппаг санна хIаваэхула дIагIур бу... «ХIинцца, хIинцца, ЖанарIела, цкъа кху хих къурд а бина...» Лайн хин чам...

Стаг некъа юккъе а хIоьттина лаьтта, буйнахь ло а Iуьйдуш. Дешачу лайн хи пхьуьйша оьху, лаьтта Iена тIадамаш...

Чевнех вирзира ЖанарIела.



ХIетахь коьрта чуьра цIенна дIаелира атто еза ойла, цкъа а кхин юхайогIур йоцуш санна. Цкъа а ца хилча санна. ХIетахь кхунна къегина гира шен сийн гIала. Иза лаьттара малхехь лепа а лепаш, бамба санна кIайн, марха санна яйн. Иза кхуьнан толам бара уггаре а халчу, атто лоьхучу ойланца хиллачу тIамехь. Цундела кхуьнан цкъа а дезар дац маьлхан серлонах къехкаш буьйсанехь лела.

И кIайн гIала, тIеман кIуркIманехула лелаш, кхин а керлачу гIуллакхашца хIокхо йоккха хуьлуьйтура. ТIаккха тIом чекхбаьлча, лепа нур хилла кхуьнца юьрта а еана, цIийна юххе дIахIоьттира иза.

«Жаьмбик ца хилла мел халачу меттехь а кIилло... Иза тIехьа ца личкъина накъосташна... Мелхо а и хьалхавийлла... Цунна тоьшалла ду и нур... И гIалин хьесапехь цунна тIаьхьа лела нур. Дика къонах ян а ма ю гIала...»

Иштта яра ерриге а юьртан ойла. ТIаьхьа ша юьртда а хаьржина дIаволавелча, некъ тобойтуш, ахкана тIай туьллуьйтуш, воккхачун докъар, дечиг цIа доуьйтуш, кхин тайпа гIуллакхаш деш, цо кхин а лакхайоккхура и шен сий-ларaман гIала. ХIара мел веха а, лакхаяккха йиш яра и, стигланах бохь гIорттаlц. Ткъа стигал мел лекха ю?

Амма, жим-жимма йиццуш, кхунна эххар а ерриге а йиццъелира иза. Бакъдерг дийцича, наггахь, молуш а, дууш а лелла, цIа веъча, дага-м йогIура. Делахь а, цуьнга бIаьргтохар а, цуьнан хьал довзар а кханенга а тоттий, юха а дIавоьдура хабарш дийца...

«Махьарлахь жим санна Iаш ву Жаьмбик». И маца хезира кхунна дуьххьара? Хаац. ХIара хила а хилла махьарла бахана жим. Ткъа махьарлахь йовха ю, таме а хета. Мерза наб а кхета.

Бакъду, ощу буса...

И буьйса, аьхкенан дийнан тов шовданаший, хьаннаший шайна чу а хуьйдина, шийло-тIуьна еанера аьрцнашкахь. Сарахь нах шайн-шайн чу бирзира. Хьелий узуш шуьреш ведарех етталуш хилла дов, юкъа-кара, бажал тIаьхьа а диснна, цIа оьхучу хьайбанийн цхьалха Iехарш, маьI-маьIIехь ловзучу берийн гIовгIанаш дIатийра маьркIаже буьйсане йоьрзуш.

ТIаккха доьзалш пхьуьйре хевшира, Iуьйкъе хуьлуш серлонаш кхуьйлира цIеношкара. Цхьанаэшшарехь доьIучу синюша дехира уьш. Дерриге Iалам синтемах дуьзира.

Масех сохьтехь лаьттира тийна. ТIаккха — дуьненнал боккха яй кхихкина тIехбахча санна, цхьана къорачу гIовгIанан, ницкъан тулгIе денъелира лаьттаца дIаса. Кхерамо, Iадоро хиийцира синтем. Цхьа сихха, къилла даххана, уьгIира жIаьлеш, йийкира котамаш, кхайкхира нIаьнеш, дIасатеххира хьаннаш. ТIаккха лесто долийра латта. ЦIенойх, цацанах санна, чекхбуьйлура дохоран ницкъ. Шен

гӀорасизаллех эхь хеташ, делахь а дан хӀума доцуш, дӀасатеххкара бӀешарахьлера поп...

Поп, поп, поп... Дала орца доцу бохам хала бу хьуна. Поп, поп, поп... хьо лесточу ницкъана дуьхьал вай хӀун доккхур ду? Хийла дарц, мох, хьуна дан хӀума доцуш, юьстахо, пе а тухий, тӀехболура. Хьуна тӀехьа лечкъийча, шело а кхераме яцара. ХӀинца... ХӀинца вай хӀун дийр ду, поп?..

ЦӀенкъа етталуш юхучу пхьегӀийн, берийн делхаран гӀовгӀанаш хезара цӀеноош чуьра схьа. Адамаш уьдуш попана хьалхарчу майданахь гуллуш дара, йиллинчохь неӀарш а, кевнаш а дуьтуш... Уьш, вовшашка дистхилар доцуш, когаш Ӏуьйра а, мачаш туьйдина а, массо а агӀор анайисте бӀаьргаш а доьгӀна, шаьш долччохь оза а делла лаьттара.

Адамаш, адамаш... Шун гӀайгӀа яйян, шуна товрриг дан, шун даге хьажа, шу бохамах кӀелхьара даха... Иза дара-кх стагана хаа дезарг, хиъча, замано а цадойу дерг...

Угтаре а тамашениг, угтаре а дезаниг ду-кх, адамаш, вайн вовшашна орцах кхачар.

Цул тӀаьхьа бутт баьлча йицъелира и ойла а. Кхин цкъа а мохк бегор боцуш санна. «Махьарлахь жим санна». Цигахь йовха а ю, тамехь а ду... Кхин мичахь дара иштта?

ЭгӀаза, аьрха бер. ПӀелгаш бен дац пхьаьрсаш а, пастарш а. «ЧӀа-а-й, чӀи-и-й». «Ма велхал, ма велхал нанина, ма велхал... ХӀинцца, хӀинцца гӀоли ер ю». ЦӀий. Бежанан неӀ. Чуьйраш. Лоппаг санна юсаелла лаьтта гай а ятӀайой, цу чу хаадо эгӀаза бер. ТӀаккха жим-жима гӀеллуш, гӀеллю цуьнан делхар. Эххар а наб кхета кхеллин йовхонехь...

Стаг шен севсинчу дегӀе охьахьоьжу. Доккха хӀума ду-кх оцу эгӀазчу берах хӀара хилла бохург!

«Махьарлахь жим санна». Мохь шера ма ю. Цу тӀехула хаька а велла, бердах ваха а тарло...

Иза кхуьна оцу дийнахь хиира, сингемо ша вуьтучу дийнахь.

Оцу дийнахь Ӏуьйранна, оатоссучу хенахь гӀаргӀулеш яхара дӀа. ХӀетта самаваьлла, цаьрга ладоьгӀуш меттахь дӀаса а керчаш, вехха Ӏиллира иза. Цхьа сингаттам кхоьллира цуьнан даг чохь оцу гӀаргӀулеша. Цара карлабаьккхира иттех шо хьалха иэсан чалхехь теона битина цхьа дагалацам.

ХӀорш тӀаме боьлхучу дийнахь а яра-кх иштта дӀайоьлхуш и гӀаргӀулеш...

Диван а цӀовзош, цӀенкъа а воьссина, шен туду мачаш леха велира иза. Уьш кара а йина, аравелира. Юьхь-куьг а дилина, кечвелла ваьлча бен, дага ца деара цунна хӀора денна деш долчу хӀуманех цхьаъ шена дицделла хилар. «Тахана ца яьшча а мегарг хир ю-кх хӀара», — элира цо, куьзгана чохь шен юьхь тергал а еш.



Цхьа а стаг ца кхийтира цунна дуьхьал оцу дийнахь: дукха хьалхе дара.

Юьртсоветан цӀийнан догӀа дӀа а даьккхина, чуваьлча, чохь цӀена а, тӀуьна а хиларан тидам бира цо. Дехьачу волу неӀ схьа а йиллина, вехха лаьттира иза, тӀаккха — коре а вахана, арахьоьжуш а.

ЦӀен-можа бос эцна хьаннаш. Хьуьнан бӀараш охьаэгна хир ду.

Эххар а, шен гӀанта охьа а хиъна, дӀатийра. Кестта хьалха чу схьабаьхкира вуьйш а.

Шиъ сакъералуш вара. Важа-м йистхуьлуш а яцара.

— Мохк бегор а хьаха ду, Махьма, цхьана агӀор дика хӀума...

Иза Маккхалан аз дара. И стенна веана кхуза? ХӀа-а-и, мохк бегорехула йолчу комиссин председатель ма ву иза.

— ХӀаъ, — Махьма чот егта хӀоьттира.

— Дера хилла мохк бегор а дика...

— Ой, и хӀун ду ахь дуьйцург, мохк бегор муха хуьлу дика?.. — хезира зудчун аз.

— Зезаг, хьо яц иза, хьо кхетар яц ас дуьйцучух, хьо заманал тӀаьхьа йисна.

— Со хьол хьалха йолаелла хӀара латта хьеша.

— Эзар шарахь ваьхчи а ма ца кхета цхьаверг.

Зезаг а, гӀаргӀулеш а... Тахана дерригено а дагатуьйсу и де. Стенна ду теша хӀара?..

— Цо иштта ма ца боху, йоккха стаг. Хьалла эвлан йистера Беччаркъий, ахкал дехьара Берсий, гуттар а дов хуьлуш волу, мохк бегийча кхера а велла, тан а тайна дӀа ма вахара. И дац ткъа дика? — юкъа гӀоьртира Махьма.

— Иза-м ду.

— И ду-кх цо дуьйцург а. Вайн баккхийчу нахана цхьацца хӀуманаш хаа ма ца хаьа. Масала, мохк стенна бегабо. Хьо а яра оцу буса, дуьне стеран маӀаш тӀехь лаьтташ ду, цо корта дӀасаластийча мохк бегабо, бохуш... — чот дӀасатуьйхира Махьмас.

— Дера йисна хьо а, йоккха стаг, заманал тӀаьхьа... — Маккхал кисана ши куьг а диллина чухула дӀасаволавелла лелара.

— Ткъа стенна бегабо иза?

— Иза дера бегабо лаьттан кийрахь магма меттахъялар бахьанехь...

— ХӀаъ, иштта ду хьуна иза, Зезаг... Кхузза куьг таӀадел ахь... ХӀара хьайн ахча дӀа а оьцуш... Ши туьмий ворхӀ соммий итт кепеккий...

— И хӀун ахча ду?

— Мохк бегорна пачхьалкхо хьуна луш...
— Деллахь, йоккха стаг, оцу буса и дуьйцуш хьо хьуо а тешарий цунах? — Махьмин аз цхьа кIеда докара.
— Ца хьа суна-м. Иза суна тхан ненанашас дуьйцуш хезна. ХIун бен ду иза мухха хилча а. Дерриге а хууш долчу аша ма дегадайтийша иза, шайн и «махьма» саца а хи...
— Ткъа оцу хьан старана бута еъча хIун хир дара вайн кху латтах? Вахь-хьа-хьа!
— ОьгIаз ма гIолахь, йоккха стаг, хIара иштта шен бегаш болуш ву хьуна...

Iаж, оцу дийнахь дерриге а бIаьрганегIар тухучу юкъана хилира. ЧIогIа сиха. Амма и дерриге а масийтта шарахь гулделла хиллера. Жим-жимма гуллуш. Ткъа цу дийнахь IаьIна а даьлла, тIехдахара.
ХIума гул ма ло сихха. Къаьсттина вон хIума. ЦIоз санна деба иза.
Гой хьуна, Iаж, хIара лайн чимаш. Мохо ловзадо, чекх хьаьжча са а гуш дайн ду. Делахь а, цхьаъ цхьаннал а тийсалуш, хьуна тIехь IаьIа уьш. Хьо берриге а букар сеттина. Хьан генаш а кегдийр ду цо. ДIа ща даккхахь. Шен хенахь.
Стага лестабо Iаж. Юх-юха а. Мукъадевлла генаш, дIаса а техкаш, хьаланисло. Иза верриге а лайх вуьзна. Iожа бухара сехьа а волий, цо бегабо куй а, кетар а.
— Сан кхор, сан хьайба... Ас шуьшиъ а хIинцца паргIатдоккхур ду. Иштта. ХIинццалц муха лаьттина шу? ХIокху масийтта шарахь? Иштта дIа лаьттина-кх... Генаш а кеглуш. Ас хIинцца... Сайна тIехь IаьIна чалх, кху тIаьхьарчу итт шарахь IаьIна чалх охьаего ницкъ-м ца кхечи... БукъадаьIахк кагъяллалц. Хьаланислур вуй теша юха цкъа а? Оцу дийнахь хиллачо а, хIокху дазделлачу дегIо а хьалха чуийзаво, лаьтта тIе. ХIара иштта дIадодахь, лан-м лур дац. Ши ког дIа а иккхина, бертал кхетар ву... Сан кхор, ас хIинцца...
РогI-рогIана тIе а воьдуш, бешара дитташ лестадо стага. Юха а лайх вузу. Амма вегавала сих ца луш, шелонах хаба а хебий, вехха лаьтта иза, малхбузехьа бIаьрг а бетташ.

— Мохк бегор а хилла цхьана агIор дика... Адамаш, кегамерса хIуманаш а, хьаьгIнаш а юьтий, яккхий ойланаш ян дуьйлало... — чот дIасаептара Махьмас хьашт хилча а, ца хилча а.
— Дера дуьйлало. Ас хIун ойла йира хьаний хьуна оцу буса. Суна хIара вайн миска латта дагадеара. ХIун дийр ду кху мискано термоядерни тIом эккхахь?.. — Маккхал ши бIаьрг стигла а боьгIна дIатийра.



Йоккхачу тоьпан хIоьо хIаваъ цоьсту. Дуьне а къардеш тата. Лайн хин чам. «ЖанарIела! ЖанарIела...»
Жаьмбик, корта схьа а лаьцна, шен гIента чохь дIахебира.

ДогIучу лайлахь лаьттачу стага а къуьйлу шен корта. Вехха дIасатехка иза. ХIаъ, хIумма а ца дира кхо тIаккха а.

— ...Хьо йист ма ца хуьлу, ва тхан керла секретарь?
— Цуьнан йистхила йиш а ма яц, Махьма. И сан нус ма ю.
— Муха?
— Сан шичин кIанта ялийна, ши кIира хьалха.
— Мотт бастийта беза-кх ткъа, Маккхал Даудович.
— ХIара дIа ма-дирззи...
— Хьо хIун деш Iа кху чохь?
— Газеташ доьшуш дIа Iара со-м.
И аз хьенан ду? Кхуьнга хезна-м дац иза.
— Хьо кху чу маца веана? Мила ву хьо ван? — Махьма мелла а воьхна хьаьвзира.
— Оцу йоккхачу стагана тIаьхьхье... ХьошалгIа веана ву со...
— ХIа-а, дика ду-кх. ХьошалгIа-м ван веза. Хазанеха санна, кест-кеста вогIуш. Гергарло леладаре терра бен ма ца хуьлу...
Эццахь, неI йиллина, юха а чоьхьаелира Зезаг, ехьа а ехьаш:
— ХIей, заманал хьалхаваьлларг. ХIара ахча суна ма кIезиг делла ахь.
— Кхин ахь дIадиллина-м дацара кхузахь... — ирах кхоссавелира Махьма.
— Ткъа сан лулахочунна Сулайманна стенна делла аша ялх туьма?
— ТIаьхьадисинарг хьуна оцу старо доуьйтур ду хьуна... Вахь-хьа-хьа!..
— Муха ялх туьма? Оцу ведомость тIехь шийтта туьма ма ду цуьнна, — оцу дийнахь дуьххьара йистхилира Заза.
— Ой, йист ца хили иза суна хьалхахь?
— Ахча чохь диси хьуна, Маккхал Даудович.
— ЙоI, шийтта туьма хир а ду хьуна иза... Цо хIун бохурий, ялх шона схьа а делла, ялх шайна дитина бохура.
— Туьйранаш... Оцу буса а яра хьо цхьацца туьйранаш дуьйцуш... И сту а, маIаш а юьйцуш...
— Собардехьа цкъа...
— Ой, соьга луьйш яц иза... Хьовсийша, нус ю бохуш ма ю иза...
— Дика ду. Адамов Iадлан — пхийтта туьмаъ, Масаева Бикату — диъ. Муха? Iадланан цIеношна хилла хIумма а дац, вукхуьнан генаш раз а девлла лаьтта...

— Йохий ма хьовза хьо, йоI. Оха хьан нанна а кхачийтина хьуна... — чот еттар снхдира Махьмас.

— ХIара-м йогIуш ма ю вай хьехошшехь... Кебийрат, оцу хьан йоIа соьга мотт кхаба деккар дуй?..

— Ватта, мотт а ца кхобу цо хьоьга? Деллахь, Маккхал, оьгIаз ма гIолахь, жима ма ю иза. Ишколехь дешна а ю.

— Мотт кхабар стенна дуьйцу ахь. И лаьтташ волу шен марваша хIаллакван гIерташ-м ю.

— Ватта, иштта ницкъ болуш ю, ткъа, сан йоI... И хIун ду, йоI хьер-м ца яьлла хьо?..

— ХIинцца кхетта йогIу.

— ДIасаца, дIасаца!.. Ас хьоь хIун аьлла?

— ХIай-хIай, иштта човхае ахь... ХIинца схьайола хIара хьайн ахча дIаэца...

— Нана, ахь оьшур яц хьуна цхьа а кепек. Ас цкъа районе а яхна хIара къастолц.

— Хьажахь цо дуьйцург? ХIара ду-кх аса ша балха яхийтича кхо суна олуш долу баркалла...

— Со халкъо хаьржина кхуза...

— Хьахь-хьа, «халкъо»... ХIокху районехула хьаькамашна корта бетташ лелларг-м со ву...

— Ас лела-м ца аьллера цхьаьнгга а.

— Ахь ца аьллехь а, ша аьллачунна хаьа хьуна иза-м.

— Ватта, и-м ахь маьхза ца динера, Маккхал. Цу тIе, хьоь мичмичхьа и дийца а ма ца баьхнера аса-м.

Хьалаэккха тоха а велла, юха а шен гIента охьахиира Жаьмбик. ХIаъ, къадийнера цо иза. Иштта бакъахьара йоI а яра, Кебийрат хала а йоллура, аьлла. Къастийна даьллачул тIаьхьа. Юьртсоветехь цхьаъ зуда хилча дика хир ду кхуьнга а аьллера. Ткъа Заза... Иза яр-кха кху балхана хьакъ. Ткъа хIокхо...

Жаьмбикна хIетахь лергашкахь потт хIьоттира. Цу йоккхачу тоьпан хIоъ иккхира юха а кхунна уллохь, тIом чекхбаьлла шовзткъа шо даьллачул тIаьхьа.

ТIаккха цунна йилбазмох дагабеара. Шерачу арахь шена гина. Цо бIаьрганегIар тухучу юкъана тIепаза дайира цхьа хаза дIадоьттина лаьтта сийначу элан литта. ХIаваэхь хьийза масех чемхалг бен, хIумма а ца йиснера и хиллачохь.

— И стенна дагадеара теша суна, — шабарш до буьйсанехь лайла хIоьттина лаьттачу гIаларто. Юха меллаша некъаца хьалийохьий лела долало.

— Бакъ хилла-кх хьуна и, Маккхал Даудович, декъазчунна ден цIера а йогIу бохург.



— И хьанна еана боху аша ден цIера?.. — воккха стаг велира чоьхьа.

— Марша вогIийла хьо, Докка... Ма дика ду-кх хьо веана. Шайн тайпанан хьалхе йолуш стаг ма ву хьо.

— Ву бохуш-м ву со...

— Велахь, и хьайн тайпана йиша дIасацаехьа.

— Ой, Кебийратан йоI яц иза. Дукха лачкъа а лечкъий, шайтIа...

Лайлахь лаьтта дитташ. Шело кхийда орамашка. ГIорийна дIа ца довлуш дика а дуьсу... Мел шийла хилахь а, ницкъ кхочу шайн дахаран йовхо Iалашъян — бIаьста гIашца, зазанца денло.

Иштта Iаьнтlехь хилир-кха иза а. ХIан-хIа, кхин а шийла яра. Хьуьнхара схьа шелонах лелхачу диттийн татанаш хезара. Куйнна тIе кIац а йиллина схьавогIучу цунна — куй чIогIа дика куй бара, сирчу колхозан, лекха — коьллаш юккъехула схьа а янйтина, дега тIе топ хIоттийнера. ТIаккха — пханарш юккъе тIехьара тIе а.

— Я куй, я корта, — аьллера цара. (ХIетахь баржа а баьржинера и нах — тоьпан хьокха кара а оьций: «Со обарг ву».)

— Суна куй а, корта а цхьаъ бу. Царах цхьа а шуна хир дац моьттуш а ву-кх со. — Иза Доккас ша кхоссавелла кIоргачу Iинах чувоьдуш аьллера. Масийтта даьндарго шок тоьхнера цуьнан коьрта тIехула. Кхо Iин чуьра хьала тIом а бина, шинна чов йинера. Иштта цIа веънера Докка хIетахь, Iин чуьра хьала а ваьлла, гоьллец кхочуш диллинчу лайлахула.

Ткъа хIинца, Докка, хIинца хьох хIун хилла?..

Мичахь ву хьо, хIетахьлера Докка? Докка, Докка...

ДIаяхана хан къоналла эцна яхана а ца Iийн теша?.. Ца Iийн теша?.. ХIахI?..

— ...Иза-м ас дIасацор ю хьуна. Со цхьа шайнаш...

— ...шайнаш а ю... Схьавола, куьг таIаде...

— Ой, суна пхи туьма бен ца яздина аш? Оцу сан лулахочунна-м ма яздина аш пхийтта. Суна меллаший, цунна чIогIий бегийна хилла-кх и мохк. Шайна дита и ахча а... Эхь а ца хетий?!. ЙоI, хьайга далург делахь кхарна, эхь дац хьуна...

— Деллахь, Докка, хьо-х воккха стаг ву. И пайдабоцурш дийца воллу хьо. Вайша-х вовшийн тезетахь латта везаш ву, — кIелда элира Махьмас.

— Ахь хIун дей? И зурма суна ма лекхалахь кхин. Со Iехалур вац хьоьга. Хьуна хIинца а дика ца вевза Iадун кIант Докка. Шуна дало Iедал а карор ду суна... Эхь а ца хетий...

— ХIорш-м массо а гал ма ваьлла, Махьма... — цецвелира Маккхал.

— Оцу мохк бегочу буса кхеран кортош а дегийна моьтту суна...

— Сан Iаж, Маккхала и аьлча, суна юха а мохкбегош санна хийтира. Амма, цхьадика, и суна тарделла хиллера. ТIаккха суна шу дагадаьхкира. БIаьста цIен-кIайн заза а даьккхина лаьтташ, тIехь полларчий а, накхармозий а хьийзаш. ХIара лайн чимаш санна, цIена долу шун заза дагатесча, сан жимма сапаргIаг делира. Аьхкенан довхачу дийнахь шийла хи мелча санна.

Сан Iаж, сан кхор, сан хьайба, ас ло гулдийр ду шуна гонах. Шун орамаш гIора ца дайта. Иштта...

Стага когашца ло тIе а хьоькхуш, боккха барз бо Iожана гонаха. ТIаккха кхурана... Ишта волавелла лела иза.

— ...Сан тайпа дац моьтту хьуна? Сан тукхам дац моьтту хьуна?! Ахь суна хIоккхул хIума дийр дац хьуна. Я дахь дуьтур а дац. Цу тIе, ахь кIезиг хан а йоккхур ю-кха хьуна оцу кертахь, и кIант цIа веанчул тIаьхьа...

— Ватта, и ду хаза!.. И шайга еъча-м, къорIанор, тоьур дара шуна... Шун хIун дара Арснакъин кIентан Лом-Iелин йоIана ала...

— ХIумма а дац, Кебийрат... Ша и оцу кIантана тIаьхьа а хIоьттина хьаннаш юккъехула йолаелла лелла ца алахь, маре а яле... И шедаг лоькху Хьаван кIант вуьйцу ас.

— Ахь хIун дийр дай, хIай Маккхал аьлча а, ва гIиргIа? Кхин сан йоIах лаций бага хьала ма гIаттаелахь. Цунна, миччхьа леллехь а, хиъна хьуна, ша хIун лело деза... Цулла а ведда леллачу Дамина айхьа ахчанах йоьхкина хьайн шичин йоI йийца.

— Ма хьахаелаш, ма хьахаелаш, — хьалаиккхира Зезаг. — Шайн гIуллакх шаьш къастаделаш, сан йишин йоI а питий... Иза-м и эхь ца лалуш иккхирий бердах. Цуьнан ваша велахьара, хьо иштта лелаш а ма хир вацара хьуна... Ва-а, сан Румиса, сан Румиса...

— Иза-м цундела ца иккхинера бердах, шена яха кIорда а дина иккхинера.

— Муха?.. Малх муха кхета хьуна тIехула? Буц муха йолу ахь когл левзинчу?.. Нах, суна хаьа шуна, мохк стенна бегабо. ХIара тайпа адамаш кху лаьтта тIехь долу дела... Ткъа ахь стенна хьехайо, Кебийрат, сан йишин йоI кхузахь? Цулла хьуо йийцахь, хьуо. ЦIийнда тIаме вахана шо а далале, маре яхана йолу хьуо...

— Ватта, и ду хаза!.. Дохко-м ца яьлла яхана. Цундела сайн доьзал а болуш Iаш ю-кх, ешап санна цхьалха а йоцуш. Хьо Iс, хьо. ТIом дIабаьлла шовзткъа шо даьлча а...



— ХIаъ, со ешап ду, со Iовдал ю, со заманал тIаьхьайисина... Амма яц хьуна со хьо санна, я хьо санна а. Маккхал... Хьан эр ду, Iабдуллин йоIа Зезага шен сий дайина, и тешаме ца хилла, цо шен дош ца лардина, аьшпаш боьттина?.. Цхьамма а. ХIаъ, со Iовдал ю, цхьалха ю, со ешап ду...

Хьо елха а йоьлхуш дIаяхара хIетахь, Зезаг. Уьш къиза хилира хьоьца. Хьан цкъа а ца йоьрзу чов — дог Iовжийра цара. Муха лайра ахьа иза? Хьо еххa йилхина хир яра хьайн цхьаллех юьззинчу шийлачу хIусамехь.

Юххе неIарш тIе а оьзна, шогачу паднара йисте а хиъна, дIаса а техкаш. Мел хала хила деза, догъэца стаг а воцуш, гуттар а шашена велхар. Хьан яхар а ду, Зезаг, къонахалла.

Тховса кху Iаьнан шийлачу буса хIун деш ю-техьа хьо? Наб ца кхеташ, гIайгIанечу ойланаша са дууш Iа техьа хьо? Я гIенан кхоьлах хьайна Iаламат кIезиг даьхкина малх кхетта денош дуьхьалтуьйсу хьуна?..

ХIокху масийтта шарахь цхьана а буса уьйтIара чиркх дIа ца бойу ахьа, Зезаг. Цу серлонца хьайн хIусамна хорам бина бода мелла а эккхо гIерта хьо?

Я хьуо хьоьжург буьйсанна керта кхаьчча (хIаъ, хьан тешам ца байна хIинца а), цунна, сан цIа хIинца а шелдалаза ду-кх аьлла, хазахетийта буьту ахь и чиркх?..

— Заза, оцу ахчанах дакъа хьуна а дийр ду аьлла, дийцина ду хьуна тхан.

— Суна-м ца оьшу.

— Муха ца оьшу? Бельгийски пальто, японски магнитофон, фирменни халат, кхин хьайна мел оьшург... Хьайн алапех уьш эца йолахь, къан а елла юьсур ю хьо.

И шиъ, ара а даьлла, кхуьнан кора кIел лаьттара.

— ...Ахь хIун дуьйцу? Цул тIаьхьа, жимма ахча вовшах а тоьхна, Iаьржа хIорд болчу гIур ду вай. СадаIа. Мел хаза хуьлу хаьий хьуна цигахь, цхьа эсала тулгIеш а йолуш... Реза яц хьо?.. Ткъа хьайна и дIааьлча мидал уллур ю моьтту хьуна? Мичара. Мелхо а «моттбеттарг» бохуш, кхаьрдар бу-кх. Дикка ойла ел ахь. Хьо хIинца а жима ма ю, селхана-стомара ишкол чекхъяьккхина. Ахь Iамийначу тептарш тIехь санна хаза ма дац дахар. Мелла а ирча ду. Ткъа и хаздан хIун оьшу? Ахча оьшу-кх, ахча. Цундела хIора а гIерта-кх и шена хаздан. Со а ву царех. Ткъа хьо санна волчо шен гIуллакх доцург а дуьйций, дерриге а дохадо. Со-м цхьана йоккхачу хозяйствехь коьрта бухгалтер а хилла Iаш хир вара. И цхьа практикант боху маршъоьху хIума дуьхьал а яьлла, хьун хьаькха ца вахийтинехьара...

Кхин барт ца хуьлуш, и шнъ чудеара. Юха а лен велира Маккхал:

— ...Ткъа сан тайпа дац моьтту хьуна, сан тукхам дац моьтту хьуна?..

— ДІаяхийтахьа, Маккхал Даудович, хьенан гІуллакх эцна йоьду иза, хьенан гІуллакх дадийна? Цхьа бер дина а, и хьалакхиийна а вайн юкъараллина цхьа а тайпа пайда база йолчу, хІара дуьне стеран маІаш тІехь лаьтташ ду бохуш хабарш дуьйцучу цхьана *мракобесан* гІуллакх дадийна йоьду-кх. Цу тІе, ша *современни* хеташ а ю.

— Ма ца вевза хьуна, Заза, со. Ма ца девза хьуна вайн дайшна юккъехь хилла гергарло. Хьан деда Арснакъий, сан да Даудций воккха ши доттагІ ма хилла. Ший цІен партизан а волуш. Чахкарахь, «ура!» бохуш, деникинцех лета а летта... Хьан дай, сой вара воккха ши доттагІ, вовшийн багара сискалш а йохуш... Ой, дІайоьду хьо? Хьайн дех лаьцна дуьйцучуьнга ла а ца дугІуш-ший?

— ДІаяхийтахьа, Маккхал Даудович. ЮьхьІаьржа а хІоьттина, цІа йогІур ю хьуна, — вай цигарчарна догІург а дІа ма делла.

— Цига дІаяха а ца оьшу, со схьавеъна, — ша хьошалгІа веана баьхнарг иштта вистхилча, хІара цецвелира. Важа шиъ-м Іадийна а хир вара.

Къаьсттина чІогІа Маккхал воьхнера.

— Муха схьавеъна?

— Газете а яздинера шуна арз.

— Газетера ву хьо?.. Сан бехк-м бац хьуна, накъост. Со хІаллак ма велахь. Сан цІахь зуда а, бераш а ду хьуна. Кегий бераш... ХІокхо ца вуьтуш...

Махьма оьгІазвахана вегавора:

— ХІей, Маккхал вара хьо, я Къиг... Хи тІе а кхачале, мачаш ма яха... Накъост, схьагайтал хьайн документ.

— Дера гойтур ду-кх.

— Ван а ма ву, — иза а аьлла, Маккхал, дог а кІадделла, охьавахара.

— *Довели человека!* — мохь белира Махьме. — Схьада хи... ХІара лахь, хьан бехк бу хьуна, йоІ.

— Дада вуй кху чохь? — Жаьмбикна девзира и беран аз.

Амма иза цхьаммо а тергал ца вора. Массо а Маккхална гона-ха лаьттара.

— Метта вогІуш ву.

— Ву, ца веъча ца мегаш санна, — бегаш бан гІертара Махьма. Дукха воьхна, гІаитах тасавелла, охьавожжаза а велира иза.

— Махьма, и хІун гІовгІанаш ю, мохк бегош-м бац вайна?..

— Мохк бегор стенна дуьйцу ахь, Маккхал, дуьне духуш ду вайшинна-м..



— Дада вуй кхузахь?

— И кІант хьенан ву, Кебийрат?

— Шун хьаьким волчу Жаьмбикан йоьІан кІант вац иза?

— КІант, хьан дадина а дуьне доьхна моьтту суна.

— Ах...

— Вахь-хьа-хьа!.. Жима велахь а, бегаш бан ца хууш вай дукха. Хьан дадина ах доьхна Іен а мега, цуьнан мидалш а, бевзаш нах а бу...

ТІаккха дехьа чу велира иза. Цкъа хьалха цхьаннан а тидам ца хилира кхуьнан. Массо а жимчу кІанта пІелг хьежочу корах дІа ара хьоьжуш лаьттара.

ХІара а вахара коре. Малхбузерчу орцахь, ирачу берда буьххьехь лаьтта бІов ах чухаьрцина гира цунна...

ТІаккха кху шимма дира къамел.

— ...Маккхална санна, хьуна-м ца деара хІара вайн миска латта оцу буса дага. Иштта кІелхьара даккхалур дуй-теша иза хила тарлучу термоядерни бохамах? — хьаьттира газетера веанчо.

— Ткъа хІун дича кІелхьара дер ду иза? — элира Жаьмбика.

— Нах шайн ницкъ кхочург дІалуш, машарехьа къуьйсуш бу, ткъа шу мелхо а...

— Ас а лур ду-кх.

— ХІун?

— Сайн дахар а...

Важа гІадвахана велавелира. ХІара оьгІазвахара: хих волуш виран цІога а лацаза волчу цуьнан хІун бакъо ю кхунах, Жаьмбиках, вела? Цунна хІун хаьа, дуьне хІун ю а?

Амма хІара хІумма а ала ца кхиийтира елха а йоьлхуш чуиккхинчу Зезага:

— ВаллахІ, Жаьмбик, суна ца лаьара хьуна и бохам бан. Елла елара со и ахча хьахочул... КІант, Іадда дитахьа и гІуллакх. Суо бахьанехь стаггана а бохам бан ца лаьара суна. Тхан МаІин некъех цхьа а ца хилла моттбетташ. Сайн веллачу дена дуьхьал муха хІуттур ю со?..

Зезаг те а йина, дІахьажо кхиале, чоьхьа а ваьлла, Доккас мохь туьйхира:

— ХІинца хуур ду-кха, цІен погонаш йолчуьнца аш муха дуьйцу. Іадун кІант Докка-м, хьаха, вац шеца бегаш бойтур болуш. Мича ваха хьо, хІей?

— ХІинцца, мачаш цІанъеш ву, — мохь беара арара чу.

— Ахьа а изза динехь бакъахьа а ма дара, — элира редакцера веанчо.

— Сан мачаш боьха елахь а, куьйгаш а, гІуллакхаш а цІена ду, шуьнчех тера а доцуш.

Доккас шеца валийнарг тІехь милицин хорма а йолуш, бакъахьара жима стаг вара. Лекхачу дегІахь а, хьаьрса а волуш.

— ХIара, хьаха, ву тхан йишин кIант. Я цхьаьнгга а шеца бегаш бойтур болуш а ма вац. Іедало сий а деш, тІеюха хорма а, хьан тІе олла тапча а елла... Вашин Бож ю-кх. Жима волуш дуьйна а хаьара суна, кхунах цхьа Бож хир юй...

— Балхахь мичахь ву хьо?

— ГІалийтІахь, участкови. Амма миччахь велахь а, сайн нцкъ а кхочуш, харцо чекхйолуьйтур йолуш-м вац. Суна бен а дац — гІалахь а, юьртахь а — миччахь а.

— Ткъа хІинца хІун харцо нисъян веана хьо?

— Шуна ца хаьа? — чукхоссавелира Докка. — Сан гІишлош йохорна дала деза ахча ца делла-кх.

— Комиссис хьан цІеношна кхин дина хІумма а дац ма элира...

— Муха ца дина? Пенаш хера девлий, бух иккхиний, шипар кагъеллий?.. Божал охьахаьрциний?

Редакцера веанарг (Сайдулла ю элира цо шен цІе). Доккин фамили дІаязъян воллура, Зезаг ІадІийнехь...

— Собардел цкъа, — элира цо. — Докка, и божал мохк бегийча доьхна ду боху ахь? Мохк бегийна кхо де даьлча ма ду суна хьо шайн божал дохош вайча. Керланиг дан воллу хьуна иза, бохуш...

— Деллахь ма хьашт доцург дуьйцу ахь. Деллахь ма хьайна тІехь доцург дуьйцу ахь. Эхь ца хетий, адам-йилбаз!..

— Бакъдерг дуьйцу дела хир ду со адам-йилбаз, ткъа харцдерг дуьйцуш волу хьо?..

— Моттбетта... Кхин хІун хир яра хьох. ШайтІанан сардам а бахана, тІаьхье ца кхуьучу МаІин тайпанах яцара хьо?..

Уьш дІабахча, вехха Іийра и шиъ вист ца хуьлуш. ХІара, ши куьг тІехьа а диллина, чухула волавелла лелара. Важа хиъна Іара, корах ара бІаьрг а бетташ. Эххар а Сайдулла вистхилира:

— Ахь элира, Жаьмбик, дахар а дІалур ду. Кхузахь и дан а ца дезара, я аттала чов хилийта а. ХІетте а... Ткъа нагахь боккъал цхьа киртиг тІехІоьттича, сий я дахар къасто дезаш...

ХІара юха а оьгІазвахара цунна. Амма кхо лачкъийра иза.

— Оцу киртигех чекхвийлла-кх со хьан хенахь. Наха дийцарехь, вон и ца вуьйлуш... ХІан, хІара дешахьа.

Жаьмбик шина даггахь хилира и кехат цуьнга дІаделлачул тІаьхьа. Иза дуьхьал а лаьцна, кху гІуллакхах кІелхьаравала гІертарг хир ву-кх. Я вац?

Важа кехат доьшуш вара:

— «...Сан кІант, со вехаш ву! ХІун хир ду тІам тІехь волчу стагана цул доккха. Со дийна висаран «бехк» Жаьмбикан бу. Нагахь со тІамера цІа ца верзахь, хаалахь, айхьа иза, хьайн да санна, лара везийла».

...Лайн хин чам. ХІаваъ цоьстуш, йогІу гІовгІа. «ЖанарІела! ЖанарІела...»



— ЦІа верза доьгІна ца хиллера ЖанарІелин мисканна. ТІом чекхбала кхо де дисча, вийра иза...

Шен бІаьргех йовлакх а хьоккхуш, дІахьаьжначу цунна Сайдулла а гира велха а кхохкийна лаьтташ.

— Сан да а вайна тІамехь, — элира цо.

Эццахь веана чуиккхинчу Махьмас гІовгІанах юьзира чоь.

— Шуьша хІун деш ву? Жаьмбик, хьо воьлхуш-м вац? Велха хьо, Жаьмбик. Велха а мегар ду хьуна, тийжа а, гор хІотта а, дехарш дан а мегар ду хьуна, цу шелчу махка садаІа ца воьдуш. Накъост хьаьким, къа ца хета хьуна цунах, воккхачу стагах? Фронтовик а волчу. ХІара велхий ахьа. Вукхуьнан дог а гІелдалийти... Ой, хьо а ма ву бІаьргаш чу хиш а хІиттина! Даьдиса, Жаьмбик, хьан молханан. Ахьа-м милла а велхориг хилла. Я хьо сел догкІеда хилла-те, накъост журналист? И дика амал ю хьуна. Дог кІеда нах кІезиг ма бу вайн заманахь, къаьсттина шу санна болчу хьаькамашна юккъехь. Адамаллин дефицит ю-кха. Амма гуманист-м хила веза хьуна. Гуманист — иза курра дека.

— Тхойша цхьан витахьа, Махьма, хьуо дийцина ваьллехь.

— Дера вуьтур ву-кх хІинцца-м. Ткъа хьо, накъост журналист, айхьа статья я фельетон язъеш, виц ма лолахь: со бухгалтер бен вац хьуна, хІокху сайн хьаькамо бохург дичахьана волуш.

— Сан кхор, цо иза аьлча а со цец ца велира. Суна къахийтира цуьнан дех. Иштта тІаьхье хьакъ яцара цунна. ДІо лахенца цхьана синкъераме ваханчохь, накъостий бевдда кІелхьара а бевлла, вада ка ца йолуш висна хиллера иза. Дов кхуьнан бехкенна даьлла а ца хиллера. Кхеран цхьана накъосто хьашт доцург а дийцина...

Чучча хахкабелла, шаьлтанаш йиттина хиллера цара вовшашна. Бухарчарах цхьанна лен чов йича, хІорш бевддера. Ткъа цу Махьмин да, Атаби, вукхарна каравахнера.

— Кху тхан веллачунна шаьлта тоьхнарг хьо-м вац? — хаьттинера цара, хІара верина охьавилла кеч а белла.

— Суна ца хаьа. Сан шаьлта хила а тарло... Тхо дукха сиха хьийзаш дара...

Бакъдерг аьллера, аьшпаш ца ботта.

Ткъа вукхара иза хІинца воьй, тІаккха воьй бохуш кІиранах лела а вина, эххар а лоруш болчу наха чІир эцахь а, иштта эца еза аьлла, цІа ванйтинера. ХІетахь цара «хІинций-хІинций» бохуш са ийдина, коьртаца мелла а телхина а бохура иза...

Иштта хала киртиг тІехІоьттича а, ца дийцинера Атабис харцдерг...

Ткъа цуьнан кІанта Махьмас, бІаьрга тІе бІаьрг а хІоттийна...

Бехк-м сан а бара, кхор. Оцу комиссин председатель Маккхал хІоттавахьара аьлла Махьма оайна тІевеъча, ас дира цо бохург. Суо шек воллушехь царах. ТІаккха теша а тешна ІаддаІийра. Иза

а ма бу бехк. Сан бакъо ма яцара, сайн даге ла ца догIа. Царах теша а тешна IаддаIе. Цундела, сан кхор, со вист а ца хилира цуьнга. Тадала хIумма а дацара, хилларг хилла даьллера.

Ши куьг пхьуьйшашна чучча а дохкий, кхурах букъ а тухий дIахIутту Жаьмбик.

Махьма араваьлча а Iийра и шиъ вист а ца хуьлуш вехха. Кхуьнан дийца хIумма а дацара. ХIан-хIа, ца гIертара бехказавийла Iадда хиъна Iара. ХIинца важа вара волавелла лелаш.

— Жаьмбик, хIинца хьоьгара даьлларг стенах тера дуй? — чIоггIа декара Сайдуллин дешнаш. Цец а ваьлла, хьоьжура хIара цуьнга. Тамашийна хIума ду-кх стаг, масех минот а ялале, иштта хийцавалар.

— ...Уггаре а лекхачу лаьмнийн баххьаш тIе а вуьйлуш лелачу альпинистан цхьана жимачу, масийтта метр болчу гу тIехь корта хьовзарх тера ду-кх. Ткъа нийса хир дарий вай, оцу альпиниста яьхна лакхенаш тидаме а ца оьцуш, цуьнан корта хьовзар нахала даьккхича? Дацара. Иштта хьал ду кхузахь а. Хьо реза велахь, вай и гIуллакх Iадда дуьтур ду. Амма иза, хьуна ма-хаъара, сох цхьаннах доьзна Iаш дац. Цундела... Хьуна хаьа-кх иштта йолчу меттигашкахь наха хIун леладо.

— Жима къонах, хьо а Iемина хIинцале а...

— Ас хьоь хIумма а ца боху. Дера ца боху... Со бегаш беш ма вара. Ахь хIун до хьожуш... Ас сайн фельетон язйийр ю, аьлча а, ас цунах йоккха статья йийр ю *морально-нравственни темина* лерина. «Сийн мах» аьлла цIе а туьллуш... Ахь айхьа хьайн сийнна хIоттийна мах... Iодика йойла.

— Iодика йойла, Iодика йойла...

ТIаккха иза ара а ваьлла, цIийна тIехьа йолчу бешахула лийлира сохьтехь гергга. Малх чубуза лахбеллера. Наггахь мохо, схьадоккхий, коьрта тIе мажделла гIа а кхуссура.

Ванах, Зазех а хир ду теша оцу кIантах хилларг, масех шо даьлча?.. Цуьнан хIинцалерчу кIайллех цхьа дагалацам бен хIумма а дуьсур дац теша? Цо а бохур ду техьа: «Iовдал хиллера со хIетахь, наха дийрриг а деш, Iад ца Iийна?..» Массара а изза дича кIайлла юьсур а ма яц дуьненчохь...

Къа дара оцу сийначу элан литтан, йилбазмохо тIепаза дайинчу...

Шен кIайлла хуьйцур ю теша цо атта. Атта махьарлахь ду. Цигахь йовха а ю, тамехь а ду. Кхин мичахь дара иштта? Аьттан ге чохь...

БIов... хьо стенна хаьрци теша чу? Иштта чIогIа къанъеллера хьо? Хьо-х ехха латта дезаш яра.

Чувоьдуш, Заза гира цунна шен стоьла хьалха а хиъна Iаш, елхарна ши бIаьрг а цIийбелла.



ХIара бешахула волавелла лелаш, цуьнан майра веара кху чу. Цо аьлча, юхаели техьа хIара шена хетачунна тIера?

Иза, Зазе вист а ца хуьлуш, шен кабинет чу ьахара.

Кестта Кебийратан аз хезира цунна дехьачуьра схьа:

— ЙоI, и хIун ду суна хезнарг? Шуьша ийгIина ма боху. Ой, хIун ду ахьа дуьйцург? Цара юьтур ма ю хьо! ТIаккха лелар ю хьо. Хьайн бат дIа а сацаяй, IаддаIе. Хьуна дикачохь белхан метиг, аттачохь марелла а нисдан гIерташ, хьаьддий-еддий, са бага а кхаьчна, со лела. Ткъа хьо? Со IаддаIийнехь, хьаха, яра хьо оцу. Хьаван лаппагIи чохь йоллуш, деш-дуьтуш хIума а доцуш, шедаг а лоькхуш волавелла лелачу цуьнан кIанте а яхана. Ойлаехьа: хIара юьртан шовданаш тодойтуш лела, шен раздаьлла ков а ца гуш.

ЧIогIа хадийра ахь айхьа! Хьайга хададайтича, хадийра-кх. И гIуллакх аьлча а, дакъазъялар. Цо хьох лаьцна дийцина бохург асий, Бесланан нанассий тхайггара кхоьллина ма дара. Стенна тов! Хьо дакъаза ца ялийта. Хьой, Бесланний вовшахтоха. Хьо оьгIазъяхана? Кхин со сайн гIуллакх дадийна лелаш ю-м ца моьтту хьуна? Кхин ца оьшу боху ахь? Дика ду, IаддаIийр ю со-м. Хьо дохко-м ер ю. Дера ю. Дукха оиха а йолуш.

ТIаккха цхьа еса тийналла хIоьттира чохь. Заза меттаххьовш а яцара. Жаьмбикан гIеххьа сапаргIат делира: цхьадика, ца къаръели цаьрга и йоI.

Кхунна хаьара, цхьаъ дан дезийла. Дог оьцуш дош аьлла а, Зазин гIо лаца дезийла. Озийна пха санна йолу хIара тийналла цхьанхьахула эккхале. Хьем бахь, тIаьхьа хир ду.

Эххар а дехьа чу а ваьлла:

— Заза, ас Зезагах лаций дийций хьуна? — элира цо.

Цо дийцира цунна Зезагах лаьцна:

— Зезаг чIогIа хаза йоI яра. Вайн варшахойн ярташкахь цIе яххана. Дуккха а кIентий бара цуьнга безам болуш. Иза Наже яхара. Шен гергара нах дикка реза а боццушехь. Нажа чIогIа бегаш болуш, дика дин хьовзо а хууш, тайна кIант вара.

Зезаг ялийна масех бутт балале, Нажига а, цуьнан хенарчаьрга а (царех со а вара) тIаме кхайкхира. Иштта юкъа-кара мархаш а йолуш, гуьйренан хаза де дара иза . ГIаргIулеш яра дIайоьлхуш. Нажас аьлла хиллера оцу дийнахь Зезаге: «Иштта кхоьлинчу гуьйренан дийнахь, дIайоьлхуш гIаргIулеш а йолуш, со цIа вогIур ву хьуна»...

ХIетахь дуьйна ткъе ткъаяссана гуьйре ларйина Зезага, гуттар а вайн юьрта чу богIу некъ а тергалбеш.

Юха а тийналла хIоьттира. Амма иза озийна пха бацара. И тийналла синхьаааме яра. Ехха яхъелира иза.

— Дуккхачу нахах суна хетарш хирци-кх тахана...

— Ах бIов а чухаьрци... БIов... И цхьа ша-тайпа бIов ма яра, Заза. Иза мацах-мацах цхьана Турпала генахь, хийрачу махкахь

хIаллакьхиллачу шен доттагIчун безамна йоьттина хилла. «Хьо лаьттийла иштта, нахана юккъера безам, оьздангалла дIаяллалц. Ткъа уьш хIара дуьне доххалц дIадевр а дац»...

— ХIинца ах бIов чухаьрцина...

— Мохк бегийча, иккхина хир яра иза...

— Цхьанна а дага а ца деа цига ваха.

— Цхьаннан а бала ца кхечи...

— ХIун хилла хьий шуна?... Хьаван кIант велла, оцу чухаьрцинчу бIов бухахь а висина... — неI бух а йоккхуш, чулилхинчу оцу дешнаша, чиркх санна, «хIуп», — аьлла дIабайира малх.

Сийна бошмаш, къона бошмаш... Латта датIа а даьттIа, къайлаевли уьш. Стиглара кIайн мархаш, лаьттах а етталуш, юху. Уьш хаттех дIаоь.

Малх, малх... Бац иза, уьшалахь къайлабаьлла.

Баланийн Iаьржа кIур баьржа дуьненчухула.

— Орцах довлийша, хIай, орцах довлийша, хIай, орцах довла...

«Дуьне дохар хиллийца-а»...

ГIийлачу узамах дузий, тIехъоьху дуьне. Узамо тIулгаш а делхадо. Ткъа адамех тIулгаш до цо.

Поп, поп, поп... Тахана юха а уьду хьуна хьалхарчу майдана адамаш. БIешарал а сов дахарехь болчу ахьа муха лайна и тайпа бохамаш? Поп, поп... Дала орца доцу бохам бу хьуна хала. Вай хIун дийр ду, поп? Вай хIун дийр ду?..

— ...Ма кIант вара иза.

— ...ЧIогIа гIиллакх долуш вара.

— ...Суна йол цIа еара.

— ...Цо ишколехь дика доьшура.

— ...Иза вонехь а, диканехь а карош вара.

— ...Иза ненан цхьаъ бен вацара...

— ...Иза ерриге а юьртан кIант вара...

— ...Нанас хIун дийр ду теша?

— ...Цо бIаьста суна зезагаш лора.

— ...Цо суна дечиг доккхура кест-кеста.

— ...Цунна нийсо езара.

— ...БIаьсте а, эшарш а...

— ...Нанас хIун дийр...

— ...Хелха ма волура.

— ...И дуьненан а меха вара...

— ...«Дуьне духур ду аьлча...»

— ...ХIаъ, и илли дара цунна уггаре а дукха дезарг.



— ...Цунна лаьара массо а бIов лаьттийла.

— ...И хIун деш хилла бIов юххехь?

— ...Цунна даьлла дотIуна бетонаца дIадукъа гIерташ.

— ...Иза дуьненан а меха вара.

— ...Иза дукха цIена вара кху дуьненна.

— Нана йогIу.

— ...Сан кIа-а-нт... Нах, ас хIун дийр ду?.. Ас хIун дийр ду, нах?..

ДогIанан кIур а хилла, аьрцнаш тIехула хьийза ненан тийжам. Марха а хуьлий, лаьтта боьлху иза. Баьццара хьаннаш леста цуьнан мукъамехь. Iаннашкахь Iовраш йоьлху.

ГIаргIулийн аьзнаш а хуьлий, дуьне мел ду баьржа ненан тийжам. Нана, нана...

— Цхьаъ бен вацара со сайн ненан — Хьаван. Ткъа да суна дага а ца вогIура. Нанас суна жима волуш туьйранаш дуьйцура Жоьра-бабин жимачу кIантах лаьцна. Суна нана Жоьра-баба хетара, суо — цуьнан жима кIант. Суна лаьара, цо санна, дика хIуманаш дан.

Суна бIаьстенан маьркIажеш дукха езара. Со бер долчу хенахь эвлан йистехь ловзуш Iара, маьркIаже буьйсане ерззалц. ТIаккха суна хазахетара, сайга кхойкхучу ненан мохь хезча. Иза кхузза кхайккхалц Iаддаlара — хIун хаьа, шайтIа хуьлий а. И дан а нанас Iамийнера со. Эххар дуьхьал вистхуьлура. Юха со цIа вогIура. УьйтIарчу кхалу бухахь цIе а латайой, Iаш хуьлура нана. Цунна юххе охьахуура со, кхерчарчу цIаре а хьоьжуш. Нанас хIетахь тоьпаш олу мижаргаш а доттура, Жоьра-бабин жимчу кIантах туьйранаш а дуьйцура. Охашимма мижаргаш дуура, тIе етташура а муьйлуш.

ТIаккха воккха а хилла, хийисте хIитта волавелча а езара суна бIаьстенан маьркIажеш. Цуьнца, Iаьржа бIаьргаш долчу йоIаца, къамелаш дуьйцуш а лаьттий шовданехь, со эвлан йисте волура. Дийнан серло йойуш богIучу боданца цхьаьна дIасадаьржара сан пондаран аьзнаш. Уьш маьI-маьIIехь хезара.

ТIаккха, цIа а вогIий, тхайн цIийза тиша дечиган ков дIа а доьллий, цуьнан гурах дIа а тевжий, лаьттара со, пеша хьалха мижаргаш доттуш йоллу нана тергал а еш, уллохь, дохнакертахь, Iохкучу бежнаша нахарш дохуш а хезаш.

Сан ойла хуьлура, и дерриге а тергалдеш: «Ванах, кхин цхьа а хIума ца оьшура-кх дуьненахь хIара бIаьстенан маьркIажеш, и пешан серло, оцу къежлучу зудчун сибат, бежнаша доху нахарш а, тIуьначу лаьттан хьожа а хилчахьана. И дерриге а иштта лаьттича лахь а, ирс лан а ца делла лийр вара...»

Нана, нана... Хьо хIинца а Iа маьркIажехь кхалу бухарчу пеша хьалха а хуий. Ахь еночу бIаьрхиша масийттаза дIайойу хьан цIе. Кхин мижарг бах гIуллакх а ца хуьлий, хьо хIума а яаза дIаюьжу. ХIан-хIа, меца-м ца юьжу. — Юьзна. ГIайгIа юу ахь хьуо юззалц, тIе бIаьрхиш а молуш.

Нана, нана... Хьо суна реза яц. ХIан-хIа, сан йиш яцара цига ца ваха. Жоьра-бабин кIанта а дийр дара изза. Ларъян ма еза вайн лаьттан Лакхенаш. И ца дахь, дуьне цхьа а Лакхе а йоцуш, еккъачу цхьана шералле доьрзур ду. Я бIаьвнаш а, я лаьмнаш а доцуш.

Нана, нана... Дуьне Лакхенех ма лаьтта. Суна а лаьара, нана, Лакхе а хилла, дIахIотта. Со тешара сайх Лакхе хирг хиларх, адамех хIора а ма ву и дан ницкъ болуш.

Нана, нана... Массара а диццдича иза — шаьш лакхенаш хилар, шаьш лаьмнаш хилар, — хIун хир ду дуьненах? Массо а бIаьвнаш херцар ю, массо а лаьмнаш текхар ду. Царна гIорторaш ма оьшу.

Тахана адамаша ечу ойланех ах гергга дуьне дохаран кхерамах ю. И стенна ду, нана, стенна ду?..

Нана, со дагахь вара дуккха а дика дан. Амма ца кхии. Маржа, маржа... Юха а цу маьркIажехь латта... БIаьста буц йолуш ган... Суьйранна цаьпцалгийн екар саццалц, ойланаш а еш, Iен... Маржа, маржа...

Адамаш, адамаш, адамаш... Вай серлонан бераш ма ду. Вовшашна бода ца луш, серло яла хьакъ долуш.

Оцу дийнахь байна синтем кхин буха а ца бирзи. Буьйсанна наб а ца кхета. Кхетча а самаволу, гIенах и кIант я ЖанарIела а гой.

Юккъехула ятIа а яьттIа чуйогIучу бIаьвнна буха белшаш а гIортийна воллуш хуьлу и кIант, шен гIори-гIоддах тасалой. Когаш тIулгех чу а ихна.

ЖанарIела гуттар а кхойкху, ша тIеман арахь ма витахьара бохуш.

Наггахь набарха воккху лергаш а къардеш иккхинчу йоккхачу тоьпан хIоьан татано. ТIаккха и тата маьхьаре доьрзу. Дикка ладугIу цо цуьнга. Иза Турпалан аз ду бIешерийн кIоргенашкара схьадогIуш: «Хьо гуттар а лаьттийла»...

ТIаккха хIара араволу, шена тIе хIума а юхий. Бешахула волавелла лелаш, дитташца къамелаш а деш, мелла а синхьаам хуьлу.

Сатаса гергадахана. Ло дIа а сецна, мархаш дIаса а яхана, екхна... ЦIевзина шело хIоьттина арахь.

Жаьмбика шен кетаран кач хьалакарчабо. Когаш кIелахь лайне «къаз-къаз» а дойтуш, волалой, божал хьалха воьду иза. Цуьнан неIарца хьалалаьтташ йолу гIаж схьа а оьций, кех ара волу. Малхбузехьа дIаволало иза. Цкъа хьалха некъан тача охьанехьа доьду, тIаккха, Iин чу а дуссий, дехьарчу орцах ирхдоьрзу.

Жаьмбик сих-сиха соцу, кIоргга синош а дохуш. Некъ хьала мел бели хала ду ваха. ТIулгаш тIе ша бина. Жимма ког галбалахь, хахкавелла бердах гIур ву.

Иза бердах охьа ца хьожу. ХIалха хьоьжу. Ах некъ бина ваьллачул тIаьхьа, бIаьллинган куллах дIа а тевжий, садаIа хIутту иза. Дикка, серлаяьлла малхбале. Шен цIийне хьоьжу иза вехха. И зуда хьалагIаьттина — туьнкалгах ара буькъа сийна кIур буьйлу.

Лаьтта-а-ш цуьнан ойла кхуьу, оцу дийнахь шена йилбазмохо тIепаза дайина сийначу алан литта дага стенна деара. И литта санна, лар йоцуш хIаллакьхилла-кх кхуьнца тIамера цIа еана и нуьре гIала. ХIан-хIа, мел чIогIа хьежарх а гац иза, я хилла меттиг а бац...

Жаьмбик юха а хьалаволало. Нисбеш, леррина буьллу цо хIора а ког — галвала йиш яц. ХIинца дукха гена яц иза — ах хаьрцина бIов. Тахана хьожур ву хIара цунна билггал хIун хилла. ТIаккха бIаьста, лайн хиш дIа а девлла, якъаелча вухавогIур ву, шеца кхин накъостий а балош. Цхьаболчара тIулг тIебахьар бу, вукхара бетон йийр ю, кхоалгIачара — и схьакховдор, ткъа кхо, Жаьмбика, бIов юттур ю.

Кхунна хаьа цунах хьалхалерниг цкъа а хир йоций. ХIетте а... Стагана анайист ма оьшу.

Цундела воьду иза, и юьхь-бIаьргаш а йистина, къена хеталу стаг, масех ког мосазза боккху садаккха сеца а соьцуш, шераший, гIайгIанаший даздина шен дегI а такхийна, тIехь ша бинчу тIулгаш юккъехула ирх берда буьххье, ах хаьрцина бIов йолчу.

*1985.*

# ДИЙЦАРШ





## IАЬНАН ШИЙЛА IУЬЙРЕ

КХУННА хаалора ша бIаьргаш дIа ма хьабби, иза шена тIехь лаьтташ, олла а елла, гIийла. БIаьргаш дIа ма билли иза, къелла, чухула дIасаяьржара, кора юххехула чухьоькху мох а, яссаелла лаьтта чохь ахьар леладен чара а, эттIа тиша кетар а хуьлий.

Иза яра хIокху масийтта шарахь кхуьнца хилларг, вонехь а, диканехь а — шу шинна дика девзара вовшийн.

— Къелла, хьо а ю-кх сох къеххаш. Ишттa кхераме, ирча хилла-кх хIара тIаьххьара де... Со кхоьру, къелла, со кхоьру кху дийнах. Со воьлху. ХIинццалц сан накъост хьо яра, хIинца хьо а йоцуш виса воллу.

Къелла, суна хьо дукха жима волуш евзира. Да а, нана а делла суо цхьалха виснaчу шолгIачу дийнахь. Иза бIаьста дара. Баьццарчу гу тIехь лаьттара хьой, хьаллий. Хьо ела а къежаш, дахарх йоккхаеш хьоьжура сан бIаьргаш чу. Важа тIедуьйхина деза духарш долуш лаьттара.

Арахь йовха хиларна, хьацарш оьхура цуьнан юьхь тIехула охьа, цо хьаькхначу басар тIехула хершнаш а деш. Иза куро лаьттара, массарна тIехула а хьуьйсуш. ХIан-хIа, суна дага а ца деара иза къасто. Цунна тIебоьду некъ дукха хьаьвзина бара — уьшалшкахула, Iаннашкахула, хийла цхьаболчарна къажа, хьеставала, вукхарна аьшпаш ботта дезара цунна тIекхачархьама. Массо а хIума диcдан дезара: малх кхетар, и чубузар, Iуьйренан тхи, бегаш... Ткъа хьо куьг кхочехь яра. БIаьца ма йиниехь, суна юххе а хIоьттина дIаян кийчча. Аса иза дира. ХIетахь дуьйна вайшиъ цхьаьна дара. Хьан кхарда дог дац-кха, со хьуна тешаме виира гуттар а. Вайшимо цхьаьний тергалдора буц ялар, дитташа гIа даккхар, стоьмаш кхиар... Амма суна гора оцу кхнарехь хIаллакьхилар. Гурахь гIа дужуш со церан къина воьлхура. Нахах а лечкъаш. Сан цхьа а бIаьрхи ца гина цхьана а стагана. Ткъа со вийлинчул дукха вилхина. Къаьсттина буьйсанашкахь. Дийнахь со араволура, вела а къежаш. Со гучуваьлча а тоьара нахана бийлабала. Ас цхьацца бегаш лелийча-м муххале а. Со воккхавера церан ишттa

самукъадолуш: ас гІо дора царна дуьненчохь баха. Ткъа вахар ништта атта хІума а ма яц. Амма царна цкъа а хуур дац, бегаш, велар — уьш сан дагна, гуттар а цІий доьлхучу дагна, оьллина кирхьа дуй. Иза царна хуур дац, къелла...

Иза дІатовь, ши бІаьрг а хьаббой.

Вега, вехха истангах хьерчаш, шогачу паднара тІехь Іуьллу. ДІаса моссаза керча, цІийза паднаран аннаш, чохь шийла ю. Кхуо меллаша бІаьрг кхарстабо — пеша бухе еса ю. Кхачаделла, селхана Іуьйранна гонаха йина ах керт а йохийна, даьккхина дечиг.

Цо корта истанга буха буллу. Амма веха ца Іуьллу иза ништта.

— Сийсара и етшура ца меллехьара... — ша-шена лоь иза.

ТІаккха неІ дІа а йоьллий, керт яза йолчу уча волу. Цхьаъ бен йоцу неІар-мачаш а эцна цхьанхьа-м яхана хІара, чуьрниг.

— ХІей, — мохь бетта цо учи йисте а хІуттий. Когаш хІинцале а цІарула цІийбелла шелонна.

— ХІей, дакъаза ма яларг, мичахь ю хьо?

— Кхузахь ю, етт Іалашбеш.

— Схьая мачаш.

— Суна а оьшу.

— Цхьажимма йол мукъане а я ткъа.

— Йол аттана оьшу.

— Ткъа соьга учахь охьалахло боху ахь... Схьая йол, юха хьала лахьор ахь, дакъаза ма яларг.

Йол а карахь гучуйолу лекхчу дегІахь йолу тоьлла зуда.

Вега, дІа боккха-боккхучу кога кІел йол а туьйсуш, хьаштагІна тІебоьдучу новкъа волу, мера чохь цхьана иллийн мукъам а беш: и илли цхьана курчу йоІах ду. Масех де хьалха кхо Іамийна. ЙоІа ца ешаш къамел дича, цхьана къонахчо, кхунах терра хилчух тера ду иза а, цуьнга аьлларг чІогІа хазахета Вегина. Цунах а ойла а еш, паргІатваьлла Іачу цунна, аннийн херонехула дІахьаьжча, алах ша бина некъ бууш, хьаштагІан неІар тІеккхаьчна догІуш лулахойн шипара гира.

— ХІей, дакъаза ма яларг, со юха а когаш берзина виси хьуна, схьайола керла йол а яхьаш.

Божал чуьра араэккхий, шинара лоллу зудчо:

— Хьо даа жІаьлеша, хьуьйц, хьуьйц!

— Йол ялахьа суна, дакъаза ма яларг.

— Ас и яллалц, цу чохь Іаш велахьара хьо.

Вега вехха Іа, шен керлачу иллийн мукъам а беш: мосуьйттаза мохь а туху цо: «ХІей-й, дакъаза ма яларг!» Амма дуьхьал жоп хазац. Эххар а дог а дуьллий, аьтту куьйга гІуммагІ а лоций, лайлахула водий цІенна чуэккха иза.

Суьйранна — пешахь йогуш цІе ю йоккха. Луьйш зуда а:

— Суна ца хаьа хьо муха ваха воллу. Деш-дуьтуш дац. Селхана ах керт ягий, тахана — тІаьхьайиснарг. ТІаьххьара нІаьна а ейти ахьа. Йол а яц, хІун дийр ду аттана?

Вегас охьаоьцу пондар:

— Сирчу динна юткъа шад етташ
Луна теба борз санна вогІуш, со вайрий хьуна?
— Экханах къаьхкина сира сай санна,
Хи тІе хьаьдда йогІуш муха хийтира хьуна со?
КетІа дуьхьал догІуш дуьшана кха хьан делахь,
Лам тІехь жа хьан делахь, жа тІехь жамотт хьан белахь, Со йогІур хьоьга, дацахь соьца ахь ма дийца,
Дакъаза ма валарг...
— Эвла юккъера кхор санна, хьо юкъара езар.
Кхор тІера заза санна, хьан коьртара хинжий.
Кхор тІера кхораш санна, хьан коьртара мезий...
Ва-а лай-ла я-ла-лай, лайлахІ ялалай...
КетІа дуьхьал догІуш дуьшана кха хилча,
ЛамтІехь жа хилча, жа тІехь жамотт ва хилча,
Хьан да стенна лелара гехь чІана ва оьхуш,
Хьан дас тІе етт лахь ас юьгур хьо,
Ва-а, дакъаза ма яларг.

Бехха тІаьхьа пондар а балабой:

— Хьахь-хьахь-хьа, — воьлу Вега. — Иштта захалу а дийцина ялийр-кха ас хьо.

— Ялийра... Цул а айхьа ягийнчу кертан ойлае.

— Керт-м бІаьста юха а ян мегар дара.

— Ткъа йол? Аттана хІун дийр ду ас?

— Деле дехахьа вайна йол ло алий.

— Ас-м доьхур ду. Доьхур дац аьлла хета хьуна?

Оцу хенахь цхьамма кор детта.

— Чувола!

— Со сиха ву, аравалахь, Вега, — хеза арахьара.

Вега, ара а волий, жимма хан яьлча чувогІу.

— Ици ву. Шен ваша Умха, Іаьржа бІаьрг а яьлла цомгуш ву, цунна пондар лакха вола боху.

— Ткъа Іаьржа бІаьрг мел яьллачунна, пондар лекхна вер вуй хьо?

— Ву.

— ХІума а яий, гІо.

— ХІан-хІа.

Вега араволу.

ДІакхаьчча, паднара тІехь вижна Іуьллуш жима стаг ву, халла узарш деш. Вега леррина хьоьжу цомгашчу Настаре — голел лазара ерриге а йистина, цІийъелла, соьла дІакъаста гІерта дегІах.

Вегас пондар каралоцу. Цуьнан йиш цкъа бацахула доьдучу хих тера хуьлу, тІаккха — тІулгаш тІехь духучу аьхкенан догІанах, тІаккха — Органан боларх, юха —аьрзонан хьийзарх...

Ехха локху цо йиш, сина хьаам беш. Цомгашчунна эххар а набкхета. Цуьнан настара тӀехула таьӀна-цӀен соьланан тача хецало.

Вега меллаша дарц долчу ураме волу. ЦӀа ца воьду иза. Кхин цхьа Ӏаьржа бӀаьрг а ю юьртахь. Иза воккхачу стеган Эгашна яьлла, цхьаъ бен воцу кӀант а велла. Иза дегӀа тӀехь яц, сина яьлла. Ницкъ кхочур буй техьа цуьнан шен пондарца Эгашан сингаттам байбан? Ца хаьа. Кхуьнан декхар шега далург дар ю-кх.

Буьйса юкъал тӀехъяьлча, волу иза Эгаш волчуьра.

Ӏаьржа томмагӀа а хилла, ирах воьду иза ломан басахула. Цуьнан лараш йойу сихха догӀучу лайно. Вега воьлу гӀадъоьхуш, Ӏаннаш а декош. Тийналло сихха дӀакхоллу цуьнан велар.

Ӏуьйранна, Ӏабадата самавоккху Вега:

— ХӀей стаг, хӀей. Вайн божли тхов тӀехь йол ма ю. Цхьа литта...

— Ю-ю, и мичара яьлла?

— Хаац.

— Делахь дала хьан доӀийна жоп делла хьуна.

Цец а йолий, цӀенкъа а хьоьжуш, ехха хӀуттий льатта Ӏабадат. Эххар а:

— ХӀаъ, хӀаъ, иштта хир а ду. Дела, хьуна бу хастам, — олий, арайолу.

Вега, батт гӀайби тӀе а юьллий, вехха воьлу. ХӀан-хӀа, кхо цкъа а эр дац Ӏабадате и элан литта лакха басахь Ӏаш волчу Аудан кертара, бӀаьстенга а даьккхина, нахера кхоъ мах а боккхуш духкуьйтучул, ас яор хӀара аьлла, ши гӀуркх бухахула чекх а баьккхина такхийна ша охьадар.

Вегас юха а схьадоьллу бӀаьргаш, дӀадовлу хиллачийн суьрташ. Махо лоькхуш чоь ю, къеллех юьззина.

— Къелла, нийсса кхаа шарахь Ӏийра Ӏабадат соьца. ТӀаккха къастам хӀоттийра: я хьо — я ша. Къелла, суна иза чӀогӀа хьашт яра. Со кхоьруга цхьаллех, и бахьанехь гӀертара со нахана тӀе а, сайн цхьалла а, нехан цхьалла а бегашца, забаршца, иллешца эккхо гӀерташ. Ӏабадат мел чӀогӀа эшнехь а, хьох, къелла, сан къаста ницкъ бацара, хьо сан цӀийх йоьллера, вайшиннах цхьаъ хиллера хӀетахь. Ӏабадате ца лалора хьо, иза дӀаяхара... ХӀинца-м дац вайшиъ цхьаьна, къелла. ХӀара де тӀекхаьчча массо а водуш хилла, хьо а цхьаьна. Стаг ша вуьсуш хилла, кхунна, дуьненнал болчу кхерамиа дуьхьал...

— Вега, айххьа лахахь иза, суна ма ца хаьа хьуна иза мичахь ю, — худаелла йоккха стаг мекара елакъежа. — Кху чохь буьйса йоккхуш а яц-кха иза.



— Ой, ткъа мичахь йоккху цо?

— Ца хаьа. Хьуна хаа деза-кх.

Шен, Ӏабадатан ненан хилла и къамел дага а оьхуш, кху гу буьххьехь евллачу коьллашна бухахь хиъна Ӏа Вега. Къамел Ӏуьйранна хиллера, хӀинца маьркӀажа бода а булуш льаттара. Шийла бӀаьстенан юьхь. ГӀорош льаттара, лулахочуьнгара эцначу йоьхначу неӀар-мачашна чохь бохку когаш шелло. Кест-кеста, мерах пхьош хӀокху Вегас, «Ӏийтт, дакъаза ма яларг», — а олуш.

Эххар а цунна го, карахь дечган мор а болуш, малхбалехьа цхьа хьех йолчу агӀор дӀайоьдуш Ӏабадат. ГутӀара водий, кӀела а эккхий, цунна дуьхьалволу Вега.

Кхуьнга хьаьвссинчохь дуьсу Ӏабадатан бӀаьргаш. Вегина царна чохь лам санна йоккха гӀайгӀа го. Цунна къахета цунах: «Стенна хьийзайо ас хӀара», — ойла хуьлу цуьнан. ХӀетте а воьлу:

— Ӏабадат, дӀаян еза хьо...

— ХӀан-хӀа, Вега, суна кӀордийна хьан къелла.

— Вай дика ма Ӏара. Яй а болуш цӀийзаш. Ас илли а олуш: «Кхор тӀера кхораш санна...»

— Хьа-хьа-хьа... — шен карара дечиган мор охьа а хоьций йоьлу Ӏабадат.

— Иштта Ӏийр ма ду вай...

— Гуттар а забарш, бегаш лелош, ваьхна а ма ца волу.

— Стенна?

— Цхьа чаккхе хила ма еза.

— Чаккхе йоцуш-м хӀумма а дац. Бегаш ца бича а хуьлу чаккхе. Ахь вийцал шен хьал а, бахам а эцна оцу чаккхенах чекхваьлларг вац.

— Нахана дош хетарг лелон деза. Ткъа хьо дуьнено а вуьйцуш ву...

— Вонна вуьйцу со?

— И хьан Ӏовдал бегаш бахьанехь.

— Ӏовдал стенна бу уьш. Массо а буьйлуш хилча. Нехан самукъадалар дика дац?

— Дика хилча массара а лелор дара иза.

— Массаьрга а ца лелало иза. Тхо масех бен вац хӀокху Нохчийчохь.

— Дика ду... — Вегина юха а го Ӏабадатан бӀаьргаш чохь хьалхалера гӀайгӀа.

ТӀаккха цо: «Со нехан зуда ю хьуна, со Ӏадда йиталахь» боххушехь, — «Цхьа оба а ца олуш-м юьтур яц», — олий, тӀекхетий юьхь тӀе барт ло Ӏабадатна.

Цуьнан бесни тӀехула цӀийн тача долало.

— Ахь хӀун до, яа-м ца воллу хьо? — Зуда дӀа а хоьций, гӀад оьхуш, воьлу Вега:

— Хьахь-хьахь-хьахь, Вегех ца ешаш яьлла зуда тӀехь цхьа билгало а йолуш хила ма еза.

Цул тӀаьхьа Вега дӀавоьду. Шен учарчу пеша хьалха лаьттачу паднар тӀе охьавуьжу. Наггахь, шен гӀуллакх хилча бен, кхин хьала ца гӀоттуш, цу тӀехь Ӏуьллу иза, масийтта дийнахь, ша Ӏуьллучуьра хьала а кхийдаш, схьайохуш цӀенна тхов тӀе тоьхна ковст кхе а туьллуш, цӀе а ягош. Арахь, йохьелча, Вегин цӀийнан тхов берриге берзина баьлла хуьлу, цхьа хӀара тӀехь вижина Ӏуьллучу паднара тӀераниг боцург.

Цул тӀаьхьа хӀара де тӀекхаччалц ас сайца лелийра хьо, къелла. Цхьаллех уьдуш, со нехан синкъерамашкахула лелара. ХӀанхӀа, ца хилла хьох, цӀийнах, суна хьоме хӀусам. Хьан кху чохь яцара я йовхо, я марзо. Наха хьо сан лорура, амма хьо сан дацара. Со хьуна хьаша вара. Хьан дола дора цхьалло а, бодано а. Ӏабадат еъча, цхьаъ хила доллу моьттуш воккхавера. ТӀаьхьа... ЦӀа, хьан цхьа а бехк бац. Бехк сан хир бу, хьох хӀусам йина охьа ца хиънначу. ХӀетте а атта-м дацара хьуна хӀусам ца хиларан шело хӀокху дехачу масийтта шарахь кху кийрахь лело.

ЭхӀ, са а ца даккхало. Леш ву-кх со. ХӀей-й, цхьа а вац суна тӀехӀотта? Нах, мича дахана шу. Шу-х сан бегашах даккхийдеш хуьлура. Шун самукъадаккха гӀерташ дайн ас сайн дерриге дахар. Цхьаъ мукъане чуволийша. Атта ма дац хӀара шенна лап. Уллохь стаг а воцуш, дог оьцуш...

Къелла, къелла, хьо ю бехке. Хьох къаьхкина уьш.

Э-э, шело. Шело иккхина сан кийрахь. Дерриге а дегӀахула яьржаш ю. Нах, нах, нах...

Вега дӀатоь, верриге а оза а лой, кхин а чехка даьллачу дарцо чукагдо кор. Лайн хӀуьро кӀаййо чоь.

Ши бӀе шо хьалха ваьхна хьо, Вега. ХӀун дисна хьох тӀаьхьа? Вега ваьхначу олуш меттиг а йисна. Хьан забарш а йисна. Царах хӀинца а буьйлу нах. Иза а доккха хӀума ду, Вега. ХӀокху дерриге диццдечу дуьненахь оццул лар йитар.

Со хьо Ӏийначу меттигашкахула волавелла лела. Хьан цӀийнан чхо хилла тӀулгаш ду кхузахь ярашлахь Ӏохкуш.

Со кхузахула хӀара аьхкенан де буьйсане дерззалц лелар ву. МаьркӀаже хуьлуш суна хаалур бу гуттар а ахь хьайца лелийна лазам. ХӀаллакьхила кхоьллинчу хӀокху Ӏаламах, адамех болу лазам. И лазам кхузахь беха. Дийнахь болалой а лелий, маьркӀаже юлуш хьан цӀа хиллачу бухабогӀу. Иза сох дӀаоь, цо дӀалоцу сан кхетам. Сан бӀаьргаш чу хиш хӀуьтту.

ХӀан-хӀа, тӀаьхьо йоцуш ца вайна хьо а, Вега. ТӀаьхье йоцуш бац Фора а, Жази а, Молнесарт а, царах терра кхиберш а. Церан дог-ойла, церан синкъерам, бала, гӀайгӀа шайна кхаьчна адамаш а лела кху дуьненчухула дуьйладелла.

*1984*



## ДЕНИСОЛТА

Варш-Юьртахь хуьлуш цхьа тамашийна хӀуманаш дара. Юьртахойн маттана юкъадогӀура дуккха а керла дешнаш. Масех шо хьалха кху юьртара дӀа а вахана, хьуьнхахь Ӏийнарг кхетар а вацара шайн юьртахоша дуьйцучух.

Иза цхьана юкъана Ӏадор вара, тӀаккха цуьнан «Со ваьлла теша хьера, я хӀорш бевлла теша? Оццул дукха нах хьер а муха бовлу?.. Сой?» — боху ойла хир яра. ТӀаккха «Ӏа-а-а» аьлла, мохь а хьаькхна, ма-кхуьъу сиха ша схьавеъначу хьуьнхьа юха хьодур вара...

— Со, эцца *куржоке рептици* яханчуьра йогӀура...

— Со а ю-кх *избачтальни* йоьдуш. *Избач* чохь варий теша?

— Хаац. И хьан чуьрниг *ТОЗе* дӀаязвеллий?

— ХӀаъа. Селхана *сельисполкомера депутат* веана цо аьлча, дӀаязвелир-кх.

— Тхо долчохь а вара сисйсара буьйса йоккхуш *пинагент*.

— Вара? И *галпеш* йолу хеча ерг варий иза. Стомара *налоговой агент* веънера тхоьга, *апраци* чеккхъяккха еза бохура цо. *Калош* яра цуьнан кога юьйхина...

— Хьажахь, хьуна хезний БаӀдуллин кӀантах БахӀех *селькор* хилла бохуш? Сийсара цо ирзерчу Шамшакъех лаьцна газет тӀехь язйина «Ӏоравакккха ямартхо!» боху *пилитон* йийшира кху чуьрчо. Цуьнан ваша а ву боху *комсомол*...

— Хилча хӀун дара иза, нехан берш *НКВДехь* а бу.

Оцу тайпана къамелаш дара юьртан массо а маьӀӀехь хезаш. Юьртара нах кхаа декъе бекъабелира: кулакаш, середнякаш, беднякаш.

«Кулак» бохучух чӀогӀа кхоьрура нах. Дош-м кхин вон а дацара, хазачу аьзнех лаьтташ дара. Амма и цӀе йолчеран кхолламаш стаг хьоьгур волчух тера бацара. Кестта и дош юьртара цхьаболчу нахана тӀеккхета кечъеллачу барзах тарделира. «Бедняк» боху дош шена дуьххьара хезча, Денисолтина цхьа боьха хийтира. Амма иза уггаре а тоьлуш дош хиллера: беднякийн гӀо дора керлачу Ӏедало. Ткъа кхуьнан доттагӀчо, кхузткъа шо хир долчу Хьамас кест-кеста олура: «ХӀара дуьне биднякийн кара доьдуш ду».

Денисолта а вара «бидняк», цу тӀе «единоличник» а волуш. Кхуьнан долахь йиъ газа яра.

Ткъе итт шо кхочу кхуьнан кхин бархӀ бутт баьлча зуда ялон хан шозза тӀехъяьлла. Зуда ца йогӀу цуьнга, шен доттагӀ Хьама хан шозза тӀехъяьлла... Зуда ца йогӀу цуьнга, шен доттагӀ Хьама саннa, зуда а ца ялош къанлур ву бохуш, хабарш а ду наха дуьйцуш. Зуда-м кхо шена лаахь тховса а ялор яра. Делахь а, милмилла а яло реза вац хӀара: кхунна Келисат еза. ХӀинца цунна хитӀа вогӀуш ву хӀара. ДӀо эвла йисттехь коьллаш юккъехь ду

шовда. Аьтто баьлла кхуьнан: цу шовдан тӀе кӀезиг оьху нах, Келисат-м йоьду цига, иза шайн цӀенна уллохь долу дела.

Коьллаш юккъера схьа багахь беш хелхаран эшаран мукъам хеза Денисолтина. ТӀаккха коьллаш дӀа а хилийна, шовдана йист гучуяьккхича, кхунна го хелха сетташ йолу Келисат.

— Ой, ахь хӀун до, хьокхана гонаха хелха вийлла РоӀса санна?

— Ли-ла-ли-ли-ла-лила-ла-ла... — кхуьнга йист а ца хуьлуш, шен хелхар чекхдоккху Келисата. — Со рептици еш ю.

— Оцу Завалу бохучу заббарис массо а хьер ваьккхина кху эвлахь...

Цхьа кӀира хьалха Завалуна хӀума аьлча, ловр дацара Келисата, иза а ма вара кхунна тӀехьийзаш, кхо шех ойланаш еш а. ХӀинца бен а ца хета. КӀира хьалха кхунна хиира Завалун гӀали тӀехь зуда хилар. Цул сов...

Кху юьртарчу нахе Завалус гуттар а олу: «Со шу боданера серлонга даха веана». Пхи-ялх де хьалха репетици еш, шайн Къариоатан пхьарс лаьцна аьлла, цуьнан вежарша, тӀера хеча а яьккхина, «серлонга» ваккхаза витинера Завалу ша а, дуй а баийтина, баккхийчу наха маслаӀат а дина. Цундела хӀинца Келисатана бен а ца хетара Завалуна хӀуъа аьлча а. И воцург кхунна тӀехьийзаш, хӀара Денисолта а тӀехь, кхин а кхаа юьртара ялх кӀантстаг ву, зударш балийнарш ца лерича а.

— Хьо хӀунда веана кхуза?..

— Сой? Хьоьга цхьа хӀума ала веана-кх.

— Схьаалахьа, ткъа.

— Келисат, хьо дегаеъча, Гуьржеха вахана, рема лалла дага а догӀий, ламанца хьалаволало со. Юха сайн йиъ газа дага а йогӀий, там бара со царах а вала олий, вухавоьрзу, — ша дийцинарг чӀогӀа хазахетий, велало Денисолта. Ткъа Келисат ша оьгӀазъяханчуха:

— Делахь, дӀаӀехьа хьайн йиъ газа а лелош, — олий, дӀаяха тохало. Амма эццахь дуьхьал эккхий, сацайо иза Денисолтас:

— Со лолда хьан, гӀон елахь.

— ХӀун боху ахьа ткъа соьга? — ела а къежий, шен кӀудал охьахӀоттайо Келисата.

— Кху сан даге ладогӀахь.

— Кхин эшарш лоькхуш-м дац хьан дог?

— Ду, безаман эшарш ю цо лоькхурш, — олий шен даг тӀе куьг дуьллий, ши бӀаьрг хьаббой, дӀатоь Денисолта.

— Уьш-м кӀордийнера суна...

— Ма аьллахь... Келисат, хи лохьа хьагвеллачунна, ӀиндагӀ лохьа малхо воттучунна, дарба лохьа цомгушчунна...

— Хи эцца охьаоьхуш ду хьуна, ӀиндагӀ — коьллаш юккъе ма веллинехь; хьуна дарба дан со лор а яц, хьайх цамгар кхеттехь



жинашца тайначу Перина тӀе гӀо, цо, кӀур а тоьхна, тавийр ву хьо.

— ХӀан-хӀа, хьан дарба бен дац суна хиндерг. Йолахьа соьга, Келисат.

— Со — хьоьгий? Ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар а локхуш йолу со, куьг яздан дезачохь пӀелг теӀош лелачу хьоьга, коьрта тӀехь цхьа мас а йоцчу, къелла «къикъ» бохучу хьоьга, со кхаа вешин йиша, шайн долахь берхӀитта бежана а, шиъ говр а йолчу кхаа вешин йиша, со — цӀарна цӀе а яхана йолу, кхаа эвлара ялх кӀант тӀехьийзаш йолу со?!.. Ма ца хуьлу дара иза!

— Ма аьллахь, Келисат... Сан да ваханчу кашор, Келисат, хьо соьга еача ахь бийр болv болх беша кӀелара гӀа дӀахьаккхар ма бу.

— Кхин дӀа суна а хаьа ...«айса оьгӀазвахча хьуна туху дер чӀепалган доьалгӀа дакъа ма ду, хьуна тӀахьа кхуссуберг — шекаран бӀелиг»...

Моз санна мерза йолуш,
Адамашна езаш йоцуш,
И цхьа хӀума йита аьлча,
И йиталур ярий шуьга?
Стим санна къаьхьа йолуш,
Адамашна езаш йолуш,
И цхьа хӀума яа аьлча,
И яалур ярий шуьга?..

Йиш а сацайой, Келисата хотту:

— И яалур ярий хьоьга?

Келисата юьйцу «стим санна къаьхьаниг» шен гӀуллакх дуйла хуучу Денисолтас хаддош олу:

— Дера, яалур яра.

— Яра? Елахь, и баахьа, — хатта тӀе пӀелг хьажабо Келисата.

Вукхо, жимма хатт схьа а оьций, дӀакхоллу:

— ЭхӀ, ма мерза а бу.

— Ватта, хьо хьера-м ца ваьлла. Хьо-м бегаш беш а ца хилла, ахьа-м цхьаъ дан тарло.

— Келисат...

Цхьаъ дийца гӀерта Денисолта, юкъах воккху йоӀа:

— Ткъа суна томана яла хьан хӀумма а ма яц.

— Цунна гӀайгӀа соьга байтахьа.

— Делахь, дешица кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий...

— Боккъалий? Аса тховса схьадахьахь?..

— Хьайна лаахь, хӀинца а...

— Моз даа хьан бето, соьга-м хатт банйти ахь.

Келисат дӀаяйра, Денисолта хазахетаро Ӏадийнчохь а витина. ТӀаккха, мелла а хан яьлча, иза эгӀийча санна, шовкъе а оьхуш,

хелха хьаьвза, багахь: «Хьо хилла аьтто, хьо хилла аьтто»... — бохуш, мукъам а беш. ЦIеххьана саца а соций, цо ша-шега олу:

— Хьай, даьдиса хьан Денисолта, ма мотт-гIайбий Iуьллу хьан багахь! Аьтто-м хиллера, хIинца и шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий мичара дер дара? Йиъ газа? Царах-м хIун хир яра. Цкъа Хьама волчу ваха веза. Цунна догIур-кха, шайтIанна санна, цхьацца хIума дага.

Учахь керт йоцчу тишачу, лохачу цIеношна хьалхахь, малх басе а хиъна Iа, тIехь цхарйоьлла гIовтал а йолуш, когаш Iуьйра цхьа воккха стаг. Иза Хьама ву. Цхьаболчара дийцарехь, иза хIинца а зудчух кхетаза ву, вукхара дийцарехь... Доцца аьлча, билггала бакъдерг хууш стаг а вац, цундела оцу декъехула болу талламаш хаддаза дIахьош бу Хьамин юьртахой.

Хьамина хьалха Iохку дохийначу сийначу шишанийн дакъош. Царах цхьаъ схьа а оьций, вехха цхьаннах чекх хьоьжуш Iа иза. ТIаккха корта а ластабой, гIеххьа чIогIа олу:

— Эйт, маржа-яI. ХIокху аьнгалех чекххьаьжча санна делхьара хьо дуьне... Сийна-сийна а долуш... Цкъа цхьана хенахь-м дара хьуна хьо иштта. ДIаевли-кх и хенаш... Ма сиха а евли. Юха а аьнгалин декъах чекххьежа хIутту иза, хаддаза багахь мукъам а беш:

> Малх бу сирла кхетта,
> УьстагIий дажа даьхкина,
> Хи мала гIур ду уьш...

И йиш пийсса ткъе пхийтта шо хьалха, Хьамас ша яьккхина яра. Оцу дийнахь хьуьнхара цIавогIучу кхунна хи тIе еана Садакъин йоI Пезилат гира, кхо цуьнца хаза къамел а дира, иза кхунна, малх санна, ела а къежира. И дIаяханчул тIаьхьа шашех йиш лакха велира хIара:

> Малх бу сирла кхетта,
> УьстагIий дажа даьхкина,
> Хи мала гIур ду уьш...

ХIетахь дуьйна и йиш Хьамас ца локхуш цкъа де а дIа ца долура, оцу эшаро хIокхуьнан гIайгIанаш яййора, хIара мерзачу дагалецамашка воккхура.

— Де дика дойла хьан, Хьама, — цIеххьана шена тIехьа хеза Хьамина. Цунна дуьхьал жоп а луш схьавирзина, шена гург ткъе пхиъ шо хьалхалерчу Пезилатах тарло Хьамина...

— Хьо араваьлла Iа...

— Ахь хIун до, Пезил... аьлча а, Ке... Келисат.

Важа елало:

— Куржоке йоьду-кх.

Катоьхна аьнгалин дакъа схьа а оцуй, хенаш техкош, дIайоьдучу Келисатана тIаьхьа хьежа хIутту Хьама, хаддаза шен йиш а лоькхуш.

— Хьама-а, ма къа ду хьан, зуда а ца ялош кханвелла-кх хьо, — иза Iаха ву, Келисатан вежарех жимах верг. Мехкарийн эшарш чIогIа локхуш ву. Цхьана а синкъерамехь мехкарша шайн эшарш дIа ца йолайо, тIаьхьара эян Iаха ца хилча. Iаха а ву жигархо, репетицешка а оьхуш. Хьамина кIордийна цуьнан Iовдал бегаш. Иза сара санна, вуткъа лекха, цхьана когана таьIаш а ву.

— Ас зуда ца ялийна аьлла, хир ву хьо стаг ца хила гIерташ.

— ХIи-хIи-хIи! — воьлу Iаха. ТIаккха йиш лакха волало:

> Баттал хаза ю вайн колхоз,
> Малхал хаза ю вайн колхоз,
> Заздоккхуш кхуьуш ю вайн колхоз
> Массо дIаязло колхозе...

— Хьо стаг елахьара, эшарш а лоькхур яцара ахьа.

— Уьш-м ширчух бухадисина Iаьржа Iадаташ дара.

И дIавахана дукха хан ялале, Хьамина го, шен цIеношна юххехула тIехболучу новкъа схьавогIу, йоккха гай а, даккхий мекхаш а долу «дурс» аьлла къонах. Иза ву кху юьртахь Хьамина уггаре а ца безачу нахах цхьаъ. Келисатан воккхах волу ваша БIовтIа ву иза. Цуьнан зуда ЧIебарлара ю, шен цIе ШайлагIаз а йолуш. «Боьха хIу даьржа боху, хIу бехдан воллу со» — аьлла, ялийна иза БIовтIас, ЧIебарла а вахана. ШайлагIаз-м шен майра бен кхин дуьне оьшуш йолчух тера а дац. Цо гуттар а къамел: «ХIокхуо сийсара бахура...» — олий, дIадоладо. БIовтIина уггаре а дукха беза кхача бу етташурина чу кагйина сискал.

Хьама иза тIекхачале къайлаваьлча бакъахьа вара, амма хIинца тIаьхьвнси. Цунна ги хIара.

— Во-хьо-хьо-хьо! Хьами-миска! Хьами-миска! Хьо хIун деш Iа кху ара хиъна?

— Со-м иштта дIа Iара. ХIорш хIун ю хьан?

— ХIорш хьаха ю дешница кхелина шаьлтанаш-доьхкарчий. Дохка дахьаш. Ахьа-м ца оьцу хIорш, Хьами-миска. Во-хьо-хьо! Ма зуда а ялор яра-кх ахьа, Хьами-миска. Хьа-хьа-хьа! ЦIе-м шайн йогIург тиллинера шуна. ХIа-а, дIавала, Хьамин-миска, дIавоьду со. Оцу шишана чухула хаддаза хьежалахь, хIун хаьа хьуна цхьа къайленаш гой а. Дуьненан къайленаш. Хьо-хьо-хьо! Хьами-миска... ТIахъаьллачо дуьне дуу, важа бIаьра хьоьжу, хьо санна. Вохь-хьо-хьо, Хьамин-миска, Хьамин-миска! Кхин цхьа а къайле ян а яц хьуна.

Урамехь къайлаваьлча а хезаш ду БIовтIин «Вохь-хьо-хьо». И дIадайча, новкъа а хьоьжуш лаьтта Хьама, цIеххьана куьйгаш а лестош, къамел дан волало:

— Хьо ма чIогIа гIадвахна. «Хьами-миска, Хьами-миска». Хьох ма чIогIа эла хилла, иттех бежана а IаьIна. Вала везарг массо а ву хьуна миска. Цхьадика, валаза висна а, я вуьсур волуш а стаг а вац. Цу тIе, хIара дуьне бидиякийн кара доьдуш ма льтта. Ткъа со бидняк а ву-кх, едноличник велахь а, сайна тIера хеча бен кхин долахь хIума а доцуш...

Иштта яппарш а еш, шен са метта а далийна, Хьама юха а шен аьнгалех чекххьежа хIутту, багахь бай-й мукъам а беш.

ЦIеххьана шена тIехьа, ша тергал веш, цхьаъ тосало цунна. Вухаверза а ца кхиавойтуш:

— Оссо-олом Iалайку-у-м! — олий, тIекхетий мара а вуллий, хьовзаво Денисолтас иза.

— Ахь хIун до, лазаво ахь, охьавилла! — шега делла салам схьаэца а вицвелла, мохь хьоькху Хьамас.

— Хьо ма кура стаг ву, Хьама, салам дIаэца а ца вешаш... — кхин а лекха хьалаойу иза Денисолтас.

— Охьавилла ахь, тIаккха цхьаъ дийр ду вайшимма... Иштта... Ва Iалийкум солом... Хьо ма гIадвахна?..

— Цхьа хIума алахьа цулла а, Хьама. Оцу аьнгали чухула стенна хьоьжу хьо, хIара дуьне иштта а хаза ма ду.

— Хьуна-м хазделлачух тера ду хIара. Дийцахь хIун хилла?

Цунна жоп ца луш, Денисолта бохь богIа хIутту:

— Хьо хилла аьтто, хьо хилла аьтто.

ЦIеххьана соцу иза. ТIаккха:

— Зуда ялош ву, хьан доттагI, — олий, юха а кхин а чекха хелха хьаьвза: «Хьо хилла аьтто, хьо хилла аьтто»...

Кхано иза сецча Хьамас олу:

— Велахь катоьхна схьаяло еза, катоьхна. Со, гой хьуна, кханий, кханий боххушехь виси хьуна. Со санна, велла дIаваллалц, едноличник а хилла лела ца лаахь...

Маржа Пезилат-яI! Ас мила юьйцу хаьий хьуна? ДIо лакхахь БIагина цхьайтта бер дина, Iаш ерг. IийтI, ма хаза яр-кх иза оцу дийнахь. Шуьрах, бедах йича санна, мерза дара хIетахь дуьне, ма чоме, ма аьхна. Оцу дийнахь ша-шех эшарш лекха делира сан дог. Соьга ян реза яц моьттура хьуна иза? Дера яра. Со лелла ца велир-кха. «Зуда муха ялайо, цIентIехь етт а ца хилча?» — Со етт эца шай-кай вовшахтоха волавелира. Шо тIехделира, кхин и вовшах ца кхеташ. Эххар а, догIуш догIа а долчу цхьана дийнахь Шуьйта-гIала базара а вахана, етт а балош цIавеанчу суна тхан лулахочо баьккхина кхаъ ма хаза цхьанна а стагана, сан мостагIчунна а: «Пезилат сийсара маре яхана ца боху лакха юккъерчу БIагига?..»

Со Iадийча санна, вехха лаьттира догIанехь. Меттавеъча, соьга и кхаъ баьккхина йоккха стаг а, я сан етт а бацара гуш. Етт кертахь лаьттара гIодмаш дууш. Со дуккха а лаьттина хиллера догIанехь — гIодмех йоккха мерцхаг яьккхинера атто.



Цул тIаьхьа Хуланда а вахана, цхьана ламарочуьнца захало дийцира аса. Амма сан докъазаллина вайн юьртахь дохнан ун даьржира. Сан етт белира. ТIаккха, юха а... Иштта дIадевлир-кха и шераш. Iовдал хиллера со, зуда схьа а ялийна эца мегарг а ма хиллера и етт.

— ДIадаьлларг дIадаьлла, Хьама. ХIинца хьайн доттагI а иштта висийта ца лаахь, дешица кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий мичара дер ду дийцахьа.

— Уффай, — куьйгашца корта лоцу Хьамас. — Мила ю и кхаа ден вахар доккхуш йолу Маьлх-Аьзни?

— Келисат.

— БIовтIин йиший? Ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар а локхуш йолу Келисаттий?

— ХIаа. Хьо ма цецвели, со ледара кIант хета хьуна?

— Цунах дукха дац, кхин уьттаза сов делча а, Пезилат санна хаза ю иза а.

— Пезилат санна, тов! Итт Пезилатах лур яцара аса...

— Ма аьллахь.

— Дика ду, хилийтахь и шиъ цхьабосса хаза. Томана хIун до вайша?

Хьама шен аьнгалин декъех чекх а хьоьжуш, ойла ян вулу, синтем байна цунна гонахула хьийза Денисолта...

— Духалург деха а вац вайшинна-м стаг!

— Деха-м вара, дехча дала вац-кх.

Юха а дIатий ший а. Эххар Хьамас эли:

— Суна дагадеа, хьо дан вахьахь. Схьавоьл хьо суна юххе. ЧIогIа дийца йиш йолуш хIума дац иза.

Хьамас Денисолтин лерга чохь шабарш до. Цецволий, Денисолтин ши бIаьрг къаьрза:

— ДIавала, ахь хIун дуьйцу, иза мегар ма дац.

— Дича ца мегаш хIумма а дац хьуна, хIокху маьлхан дуьнен чохь.

— Ткъа дIа муха дерзор ду иза?

— НаIа-м ас сайна тIелоцура, цунна сол воккха Iелам-стаг хета а ца хета.

— НаIига кхочуьйтур хьаха дац иза.

— Молланаш бахийтича?..

— ДIаваьллахь, цаьрга мича ладугIур дара БIовтIас, цомгаш хилчий бен ламаз а ма ца до цо.

«ХI-м-м» — ойла йо Хьамас.

— Комсомол вац-кх хьо, цара дора хIуъа а. А-а, вайн юьртда Азман ма яра буьрса стаг, наха «бисмилла» олучохь «революци» а олуш.

— Дера суна иза Азманах кхоьру бохуш ма хезна. Делахь а...

— Цо и гIуллакх дIадерзор ду-кх хьуна, хьо ТОЗе язлахь.

— ТОЗе боху ахь, ЦIозе а-м язлур вара... ХIа, гIуо со, сайн

хIун хуьлу хьажа. Кхунах гIуллакх хилахь, ас цхьа ворда дечиг а, цхьа ворда йол а яхьар ю хьуна.

— Дика ду, Солта, Iаьзина а шена диллинарг деза хьуна...

— Хьа-хьа-хьа!..

— Кхахь-кхахь-кхахь!

ГIадъоьхуш воьлу и шиъ, юкъа-кара Денисолтас «Iаьзина а тов» а олуш.

Майра а велла йисина Iачу Тоънис дечиг даккхийтина хилла дикка тоьаш воцчу Iаьзига, ша шен йоI Зелимат йоуьйтур ю хьоьга аьлла. Дечиг даьккхина ваьлча Iаьзас аьлла:

— Схьаяийта хьайн йоI.

Тоънис, ела а елла, шеха аьлла:

— Ваддадай, Iаьза, ахьа хIун дуьйцу, ас бегаш ма бора.

— Цунах, хьаха, хир дацара гIуллакх, Iаьзина а шена диллинарг деза, — аьлла, вахана хи тIера чуйогIучу Зелиматана тIеккхетта Iаьза. Охьаккхеттачу кIудал чуьра хи Iаьнна дIадаханера...

«Дика доттагI ву сан. Шен хазахетар а, гIайгIа а цкъа а ца хьулйо сох. Ша мел лачкъийна котам а, со волчу а вогIий соьца юу. ХIун дийр дара аса иза ца хилча?», — ойланаш йо Хьамас. Денисолта къайлаваьлча.

Паднара тIе чучча когаш а бехкина, етташуьри чу кагйина сискал юуш Iа БIовтIа, наггахь чIогIа там хуьлий «Iахь-хь» а олуш, шуьрех юьзна шен мекхан юьхьигаш, пхьош хьокхий цIан а еш. Соне а хиъна, ши бIаьрг хьаббина, багахь цхьацца шабаршибар деш корта дIаса а лестош, Iа НаIа. Цуьнан коьртахь гуттар а хуьлуш болу, лергаш долу тиша куй бу. Цхьа лерг — хьарччина чудиллина, важа — къийган тIам санна лестош.

ЦIеххьана тийналла йохайо арахь чуьра девлла летачу жIаьлеша.

— ХIей, хезий хьуна! — мохь болу БIовтIига.

— ХIун баху ахь?

— Хьажа арахь мила ву.

— ХIанза хьажу.

Араяьллачу ШайлагIазана го жIаьлеша юкъаверзийна воллу Денисолта.

— ДIадалу, хIай, дIадалу! — жIаьлеш дIадоху ШайлагIаза.— Ватта, хьо вац ази, ва кIанат. Йокхо снйсара бахура, шена цхьа гIогIанаш гайна...

— Со вогIу аьлла гур дац хьуна вон гIенаш, ша диканаш ца гахь.

— Аз-м иштти ца баху...

ТIаьхьа ШайлагIаз а йолуш, БIовтIий, НаIий волчу чуволу Денисолта.

— Во-хьо-хьо! — гIадвоьдий велало БIовтIа. ТIаккха шен



веларна юккъехула олу: — Хьо муха кхаьчна, ва кIунзал, ва бидняк — цIе-м шайна йоггIург тиллинера шуна, — хьо-хьо-хьо! — хьо муха кхаьчна хIокху сан акхарочо ког а баккхаза, олхазаро мас а тасаза болчу махка, ва Денисолти-миска!

— Со хIунда веанерий! ХIокху варшахойн махкахь, аьлча а, хIокху ерриге ДегIастанахь а комаьрша, оьзда, гIиллакхе, кхин цкъа а комаьрша стаг мила ву аьлла охьахиънера сой, Лакха Варшера сан шича Хьаьмбий. Хьаьмби зуда ца ялийча ца волу. Дешнца кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий да аьлла хинйолчу несо. И духалург дала...

— Ас лур ду аьлла-м ца хета хьуна?

— Ахь ца делча, хьан лур ду иза, кху вайн берриге варшахойн махкахь, ерриге Нохчийчохь, ламчохь а, аренгахь а цIе йоккхуш хьо хилча, комаьрша а, оьзда а, гIиллакхе а, хьекъале а, кхин цкъа а комаьрша а ву бохуш?

— Во-хьо-хьо! — цо дуьйцучух там хуьлий, Iайг а буътий, кад хьала а ойбий, шура молу БIовтIас. — Iахь-хь, лур ду ас хьоьга ахь доьхург, дуй...

— Ас дукха хьедолуьйтур дац хьуна, кестта аса юхадерзор ду хьуна иза.

— Цо юха муха дерзор ду иза, ша бидняк хилча, цIе-м диканиг-ю, Iи-Iи-Iий! — велар эккха НаIе.

— БIовтIин декхар схьалур ду хьуна. Кхуьнан ца хилахь, кхуьнан тайпанера схьадоккхур ду ас. ХIей, хезий хьуна, схьадал цу чуьра шаьлтий-доьхкий. И схьадаккхал со къонах ца хилча, сан цIе БIовтIа а хир яцара.

Шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий кера кхаьчна Денисолта, малх кхеттачу дийнахь куй дIабаьккхича, шен кIунзал баьлла корта санна, къега.

— Ас кестта схьатухур ду хьуна хIара декхар, кхнахь тховса а, я кхана...

— Во-хьо-хьо, цхьаъ дийр ду ахьа, Денисолтин-миска, цхьаъ дийр ду ахь. Етташура молий ахь?..

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна исс долу хан ю. БIовтIина хьалха лаьтташ боккха кад бу, чохь етташури чу кагйина сискалш а йолуш: цунна хиъна Iаччохь наб кхетта. Цо дечу «хур-тIуро» юьзна ерриге чоь. СадоьIуш ницкъ хиларна, цуьнан бага гIаьттина. Корах чухьаьжначу маьлхан зIаьнарш ловзу БIовтIин багахь.

ЦIеххьана чIогIа мохь болу дехьачуьрчу ШайлагIазе:

— Ва-а, вайги хIун кхачи, ва-а, вайги хIун кхачи...

— Во-о-о! — мохь болуш хьалаоьккху БIовтIа. — ХIун хилла? ХIун хилла? Етташура Iаний ахь?

— Ца Iанайна, ца Iанайна, со ялли, со ялли...

— Ва хIун хилла, хIун хилла?

— Хази йоI яхан сийсара, марай оцу кIапате...
— Хьаьнга-а?
— Селхана кху чу веначуьнга...
— ХIа-хI? Денисолтигий, оцу пас-пасей, вайн Келисаттий, ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар а локхуш йолу вайн Келисаттий?!
— ХIаъ. Йоршу яли тамуна.
— ХIа-хI, хIорш! ХIара ас духа лург делла шаьлтий-доьхкий дац? ХIара туьма а сайниг ду. НаIа-а! Кхузахь юххера йист а яьлла. Во-хIо-хIо!
ВогIий схьаэккха НаIа:
— ХIун боху, хIун боху?
— Вайн Келисат Денисолте яхана, хьуна...
— Цуьнгий? Вайн ликбез чекхяьккхина...
— ХIаъ, вайн кехат-пондар локхуш йолу Келисат. ХIорш вайна юха а елла...
Шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий девзинчу НаIин ши бIаьрг къаьрза, тIаккха цуьнан аьрро бIаьрнегIар деттадала долало, цуьнца цхьаьна лестадала долало НаIин чудиллаза дисина куйнан лерг а.
— Во-о! — тийналла йохайо БIовтIас. — Схьая сан тапча, схьая шаьлта, топ... БIовгIа хьаха вац шех чекх са гойтур долуш.
Воьдуш лаьтташехь герз дIа а доьхкуш, аратуьлу БIовтIа.

— ...Хьама-а, дийцахь хIокху дуьненчохь харц некъ дIакхехьначарна муха Iазап дийр ду: жоьжахати чохь иштта дIа цIерга а кхийсина багор бу уьш, я ялгIу чохь кхорзур бу?..
— Уьш хьаха бу, НаIа, боккхачу яй чохь, цIийдинчу даьттан чу а кхуьйсуш, кхехкор.
— ХIийтI, маржа дуьне-яI! — шен тIунбелла мара гIовталан пхьош хьокхий цIанбо НаIас.
— ЛадогIал ахь, НаIа, — гIийлла къамел доладо бIаьргаш а хьаббина Iачу Хьамас. — Делан лаамца бен цхьа а хIума хила йиш яц дуьнен чохь, цундела боху ас...
— Со-м реза ву, Хьама. БIовтIас, хIун дийр ду ца хаьа-кх, — юха а шен мерах пхьош хьокху НаIас. Оцу хенахь арахь гIовгIанаш йовлу. Хезаш ду БIовтIин аз:
— Чохь дац бIиж, дедда. Амма сан карара-м дер дац! Дела вазлор дац...
Йоккхачу гIовгIанца чукхаьчначу БIовтIина го Хьама.
— ХIахI, хьо хIунда веана кху чу? Яхийталахь, яхийталахь, дукха сихонца. Яхийта! — цIеххьана мохь болу БIовтIига.
— ХIинцца, и сан куй...
— ХIара бу хьуна хьан куй, — мийра тухий, куй цунна тIаьхьабохуьйту БIовтIас.



ОьгIазвахана БIовтIа НаIина чукхоссавала кечвеллачохь вуьтуш, чоьхьа волу воккха ши стаг. Царах цхьаъ лоха ву, хIинцца къежъяла йолаелла, тукарца лергина маж а йолуш, важа — вуткъа лекха ву, цуьнан маж ерриге а къежъелла ю. И шиъ гIеххьа дешна а, коьрта болх нехан дикане-воне эхар а болуш ву. Салам деллачул тIаьхьа кхин хIумма а ца олуш, цу шимма лерга юххе куьйгаш а дохкий назма олу:

> Топ-тапчий йиттича, шура ма ца йогIу,
> Зуламал тоьлаш ду гергарло, делан лай.
> Хилла дерг тIеэца, ца хиндерг дуьйцуш,
> Нахала ма вала, хIай делан миска лай...

— Iа-а-а, — олий, назма чекхйоккху чуеанчу шиммо.
— ТIаккха кхин хIумма а дуй? — БIовтIас шен оьгIазвахар хьулдо.
— Тхо цхьа гIуллакх дахьаш...
— А-а, гIуллакх... Могаш Iай шу, ларадой. Етташура молий аша?
— ХIан-хIа.
— Мерза-м хуьлу шуна, чу сискал кагийча. Сискал яша а еший...
— ГIоза юийла, тхо и гIуллакх дIадерзаде, аьлла...
— ХIа-а, и диталаш, шуна лаахь, ас латта охкур ду шуна.
— Ахьа латта ахка тхан дIаволлаза висина стаг а вац.
— Иза дика ду, шу массо а могуш волуш. Етташура яийша, сискалца мерза-м ю хьуна, ас гуттар юу.
— Тхо-м дIадоьлху, ахь тхайн иштта юьхь...
— ДIадоьлху шу. Шайн Iан йиш яцахь, дIагIо. Кхехкийна дакъийна жижиг дезий шуна? Мерза-м хуьлу шуна иза, тIе чорпа а молуш, ахьаран галнашца. Ца Iийча хIун дер шуна. Iодика йойла.
Хьешний новкъа а бохий, чувогIу БIовтIа.
— НаIа, хIара вайна тIекхаьчнарг шолгIа юьхьIаьржо ю. Иттех шо хьалха вайн девашас Пхьарас шен зудчунна дугIу аьлла чурт цхьана нехан стеган коша хьалха а доьгIна, юха иза лачкъийна бохуш, гIовгIа а йина, нахала девлира вай. ХIинца хIара... Цундела вай кхааммо: асий, ахьий, Iахассий — вайна тIера хIара юьхьIаьржо дIаяккха еза.
— ХIара ду-кх иза сингаттам шен беа пена юккъехь буьсу бохург.
— ХIаъ. Ткъа Iаха мича вахана! Iаха-а!
— ХIо-вай! — учара неI а йоьллий, чоьхьа волу Iаха.
— Хьо мичахь лелаш ву?
— Со куржоке вахнера.
— Ва вайна хилларг хаьий хьуна, эшарш лоькхучохь дуй вайн гIуллакх?

— Цхьаьнга маре яха дезаш яцара иза а? Ткъа мах-там Завалус лелон ца оьшуш, ширчух бухадисина ду бохура.

— Хьий, хьо вахка оцу Завалуна! — Iайг кхуссу БIовтIас Iахина тIаьхьа. — И хеча а ю хьуна ширчух бухайисина, иза охьа стенна ца юьллу ахьа? Хьо...

Эццахь бага гIаттийначохь вуьсу БIовтIа, чуяьлла шайн юьртда Бачин Азман а гой. Бачин цхьаъ бен воцу доьзалхо — Азман хьахийча наха гуттар а кица даладо: «Дика йоI тоьлу вочу итт кIантал». Азмана божарийн хорма а лелайо, хаьн тIе оьллина тапча а, цу тIе, хьаьжкIийн лоьдгех йина чIогIачу томкин цигаьрка а узу хаддаза. Иза зоьрталчу дегIахь, ерстина, Iаьржачу аматехь, «дурс» аьлла, гIе-метта хIоьттина къона зуда ю.

Iадийча санна Iен НаIий, БIовтIий тергал а ца веш, цIенкъа юккъехь дIа а хIуттий, цигаьркех боккха кIур а боккхий, чIоггIа шена уггаре а дукха деза дош олу Азмана:

— Р-Ре-во-лю-ци!..

— У-у, — узар болу БIовтIига.

Кхин цкъа а цигаьрканах кIур а боккхий, Азман къамел дан йолало:

— БIовтIа, хьуо мила ву хаьий хьуна?

— Сиридняк. Кулак-м вац...

— Нийсса ши бежана хьан цIен тIехь хиллехь, хьох кулак хир вара, хIинца хьо — сиридняк ву. Ткъа сиридняк мох хьаькх-хьаькхначу агIор теIаш, дIасалесташ йолу элемент ю.

— Со-м вац, Iаха ву хьуна иза, шен астагI а волуш, дIасалесташ.

— Хьо а ву. Цундела... Ткъа Денисолта бидняк ву, селхана дуьйна ТОЗехь юкъарчу балхана Iуналла деш а ву, иза оха хьийза а войтур вац.

— ХIан-хIа, Азман, цунах гIуллакх...

— Р-Ре-во--лю-ци! Хьожуш хилалахь, БIовтIа...

— ОьгIаз ма гIохьа, оьгIаз, нах буьйлур ма бу тхох, — даьтта хьаькхна мача хуьлу БIовтIех.

— Стенна буьйлуш бу нах, йоI маре яхча?

— Цо тхуна делла...

— ХIа-а, нахе ма дийца ахь и декхар хьайгара духалург даьхьна дара бохуш...

— Иза-м хIинцале а дийцина аса.

— Ас ахь иза хьайггара долийна хиллера, эр ду хьуна. Хьайга хаттахь, ахьа а изза ала.

Тийналла хIутту. «Зузз» — до етташурина гонаха хьийзачу мозано.

Iахас йохайо и тийналла:

— Там-мах балар ширчух бухадисина Iаьржа Iадат...

Эццахь БIовтIин хьажаро батт дIакъовлу Iахин.



— Нийса ду. БIовтIа, оцу хьайн вешичул хьан хьекъал делхьара...

— Азман, цкъа мацах, — къамел дан волало хIинццалц вист ца хуьлуш Iийна НаIа, — цкъа маца ТIуха бохуш цхьа стаг хилла-кх жIаьлеш доIуш. Сарралц и болх бина ша даьккхичу эппазах саба а оьций, цуьнца куьйгаш дуьлуш хилла боху-кх цо. Iи-Iи-Iи! Оцу ТIухин хилла мах бу-кх тхан хилларг а. Iи-Iи-Iи!

— ХIи-хIи-хIи! — воьлу Iаха а.

— Ах-ха-ха! — гIад йоьду Азман ша а. ТIаккха:

— НаIа, ахьа далийна кица кхуза догIуш дац, кхечухьа далор ахь. Келисаттий, Денисолтий вовшахкхетар истори тIехь дIаяздина хир ду. Р-Ре-во-лю-ци!

— Истори хIун ю?

— Историй? Цхьа хIума ю-кх, вайн нохчийн хьалха заманахь тайпанан цIерш дIаязъеш цхьа яй хилла боху-кх. Цунах терра кху дуьненчохь хуьлу даккхий хIуманаш тIе дIаяздеш цхьа боккха яй бу-кх.

— Цхьаберш цу яй тIе дIаязбахь а, вуьйш цу чохь кхехка а бийр бу хьуна. Iи-Iи-Iи! — боху НаIас, тахана Хьамас шена дийцинарг дага а деана.

— Ткъа тхан Келисат маре яхар а хир ду цу тIе дIаяздина? — хоьтту Iахас.

— Дера ду. Иза а ма ду доккха хIума: тахана дуьйна дIадолало нохчашна юккъехь, там-мах ца луш, шайн лаамехь маре бахар — зударий балор. Тховса избачитальнехь ерриге а юьрто хIоттор ду цIен ловзар. Р-Ре-во-лю-ци!

Екхна аьхкенан буьйса юккъе яьлла. Хеза сикъераме эшарш, етта жиргIа, кхуьйсу герзаш, «хIорстоъ, хьовзае» — боху маьхьарий.

Юьртан цхьана маьIIехь:

— И хIун къапкъарс ду?

— Денисолтас зуда а ялийна, деш цIен ловзар ду боху избачтални ехь.

— ЦIен ловзар? ЦIен коч йоцург чувоуьйтий цига?

— Хьаьжча, хуур ду-кх.

Юьртан вукху маьIIехь:

— Денисолтас зуда ялийна, тов!

— Дера дина дан дезарг!

— Хьа-хьа-хьа!..

— У-у-хIу-хIу-хIу!..

— Кхикхи-кхи!..

— Вахь-вахь-вахь!..

Буьйлу нах. «Шшшшш» деш, дIаса а техкаш, юьйлу юьртана гобаьккхина Iохкучу аьрцнашна тIеевлла баьццара хьаннаш.

«Чхар-рр, чхар-р» — тӀулгаш тӀе а детталуш, кхийсалуш, доьлуш, охьаӀена шовданаш. «Булкъ-булкъ-булкъ» — ништта доьлу юьрта юккъехула охьадоьду ахк. ЖӀаьлеш а, боргӀалш а, цаьпцалгаш а, пхьидаш а. Ткъа беттаса, цкъа а ца даьллачу кепара, самукъа даьлла, дерриге а лелина, дӀадахана екхначу стиглахь.

*1982*

## БОЧА-БӀАРИЙН ДИТТАША ГӀОВГӀА ЙО

ВОРХӀ шо кхаьчна Лайса ехха Ӏуьллу бӀаьргаш схьа ца боьллуш, шена хезнарг боккъалина, я гӀенах ду а ца хууш. Эххар а кхета иза гӀан цахиларх: гӀан делхьара цунна и хезна ца Ӏаш, гуш а хир ма дара. ТӀаккха шен юьхьа тӀехь маьлхан зӀаьнарш а хаалой, бӀаьргаш схьадоьллу цо. Иза елакъежа маьлхан зӀаьнаршна. Амма сихха дов цуьнан и хазахетар. ХӀара цхьа кӀира ду-кх Лайсин дагчохь и сингаттам беха. Ши бутт ах бутт хьалха, дуьххьара Баба йолчу Ӏен схьаеанчу дийнахь а яра ништта дог ца догӀуш. ХӀетахь иза ехха хьийжира юьртана малхбузехьа болчу орцаха, етталуш, халла ирах йоьдучу сирла-можа басар хьаькхначу тракторе, иза, орца тӀе хьала а яьлла, къайлаяллалц. Цу чохь дӀаяхара кхуьнан нана, хӀара кхузахь шен нана йолчохь а йитина аьхке дӀаяллалц. Лайса бӀаьргаш чу хиш а хӀоьттина лаьттара, цунна дагаоьхура шен Дада а, жимах волу ваша Куьйра а. Нана дӀакхочучу хенахь Дада хир ву. Куьйра кара а лаьцна, кетӀа а ваьлла лаьтташ.

— Схьайоьл, Лайса, схьайоьл Бабина. Бабас хӀун дийр дара хьо дӀаяхча, хьан нана цхьанхьа а гӀур яц. Кхузахь хазах ма ду, шун юьртахьчул а, нах а дуккха бу. Кхузара гӀали тӀе а вахало... Шу долчу трактор бен хӀумма а яха а ца йоьду... Схьайоьл Бабина, — марайоьллира хӀара ненананас. ТӀаккха яхна уче йисте охьахира. — Тю-тю, ма хаза бу ког, ма жима а бу...

Ког, ког, коган ког,
Хоттала бахана бехбина ког,
Бай тӀе хьаькхна цӀанбина ког,
Даьтта делла хьанбина ког,
ХӀоа делла хьаьстина ког,
Ӏахарашна тебина ког,
Мехкарашна шершина ког.
Ког, ког, коган ког...

Шен ког, кара а лаьцна, лестабеш, Бабас и йиш лекхча, Лайса ша-шех елаелира. Цуьнан сингаттам а байбелла, дӀабелира, ца хилча санна. Де суьйренга далале, кхунна вевзира шайн лулахойн ша санна хьалхарчу классе ваха везаш волу кӀант. Цуьнан цӀе Асхьад хиллера.

ХӀинца-м кӀира а ду кхуьнан сингаттам дӀа ца болу. Лайса шен меттахь хьирчина йоца хадийна месаш цхьана куьйга дӀа а хьокхий, уча йолу. Ӏуьйренан моҳ шийло бу. Мохо лестадо дакхний кху уьйтӀенна гобаьккхина доьгӀначу боча-бӀарийн кортош. «ГӀо-в-в...» — гӀовгӀа йо цара. РагӀу долчу дӀахьаьжча, Лайсина го шена меттахь Ӏуьллуш хезнарг: Баба ю котамашка луьйш йоллуш.

— Хьада дӀайовла, рагӀу кӀелахь Ӏен, шайна цхьогале яйта ца лаахь, куьш-куьш, куьш! Хьий, дала хайра де шух... ДӀаяло, чу а гӀой, хьайна тӀе коч юха.

ХӀара чу ца йоьду тӀе коч юха, когаш тӀе охьа а лахлой, шелонах хаба а хебий, ладоьгӀуш Ӏа. «ГӀо-ов-вв», — до боча-бӀарийн дитташа. Кхузахь дуьххьара буьйса яьккхича, сатоссуш самаелира и гӀовгӀа а хезна. Кхунна моьттура иза сихачу мохо лаьллина богӀуш догӀанан кӀур бу. Иза схьакхаьчча... Мегара цо хӀара тиша цӀа тӀекӀелкхосса.

— Хьо самаяьлла, Лайса?..

— Баба, догӀа ду-кх вайна догӀуш.

— Муха догӀа? Дера дац-кха, — коре а яхана, арахьаьжира Баба. — ДогӀа муха догӀу, стиглахь марха а ца хилча.

— ГӀовгӀа-м ма ю.

— ХӀа-а, уьш бӀараш ду мохехь лесташ...

«ГӀов-в-в», — гӀовгӀа йо бӀарийн дитташа.

— Хьада дӀаяло, юьхь-куьг дилий, хьайна хӀума кхалла, — кхуьнгахьа йоьрзу Баба, карахь котамашна йохуш вовшах хьокхош ши хьаьжкӀа а йолуш. Лайса чуйоьду. Цо, шозза саба хьокхуш, юьхь юьлу, гата а хьокху, тӀаккха шен месех ехк хьокху. «ГӀов-в», — кху чу а схьахеза бӀарийн дитташа ен гӀовгӀа. Уьш Бабин дас доьгӀна ду. СагӀина аьлла. Шортта бӀараш латадо царна тӀехь. БабагӀеран ден цхьа а кӀант ца хилла, хӀорш ялх йоӀ хилла цуьнан. Изаговза стаг хилла боху Бабас. Аьчган пешаш а еш, черманашна уй а дохуш. Шортта жижиг хуьлура бохура Бабас шайн. ХӀорш кегий болуш хьаьмцаш баха оьхуш хилла, стерчий дӀа а дужий, салаза тӀе серах бина дуо а хӀоттабой. Цхьа а хӀума оьшуьйтуш ца хилла кхарна кхеран дас. Бабин йижарех цхьаъ ю дӀогахь, ломал тӀехьа а ваьлла дӀавахча, Шела бохучу юьртахь Ӏаш. Цуьнан, Бабин санна, багара цергаш дӀа ца евлла. (Бабин кхо церг бен ца йисна), куьйгаш, Бабинаш санна, Ӏаржделла, пхенаш тӀедевлла а дац, цо мотт Бабас санна ца буьйцу, радиочухула къамел дечу зудчо санна буьйцу. Бабин йишица цхьа стаг а веара, мекхаш а долуш. Иза цуьнан кӀант хиллера. Цара шина сетки чохь тайп-тайпана хӀуманаш а еара: жижиг, чкъургаш, кампеташ. И шиъ ҫарралц Ӏен а Ӏийна, сарахь дӀадахара. Церан шайн машен ю. Сийна жима машен. Цуьнга деанера и шиъ. Цу шимма бӀараш а даьхьира цхьа ведар, кертара баьхна сийна хохаш а. Бабас, ца оьшу боххушехь, цу шина банки чу даьтта а, ши кӀалдмижарг а йиллира. Церан машен,

некъ басах чу а бирзина къайлаяьлча, Бабина бIаьргех хи делира. Цо шен бIаьргех йовлакхан тIам хьаькхира.

Елха-м Баба кест-кеста йоьлхура. Цкъа цхьана дийнахь, хIара ЖовжангIаьрга а яхана, церан кIантаца ловза а левзина, цIа йогIуш, кхунна хезира Бабин елхар. Баба учахь ши ког дIа а хецна, хиъна Iара, шен куьйгаш голаш тIе а детташ, корта а лестош, чIоггIа йоьлхуш, наггахь «У-у-хIу-хIу», — олий, узар а беш. Лайса цкъа а ца кхераеллачу кепара кхераелира, ша хIун дийр ду а ца хууш. Эххар а цо, ега а еш, бIаьргаш чу хиш а хIоьттина:

— Ма елхахьа, Баба, ма елхахьа, — элира, шен куьг цуьнан юьхьа тIе а хьоккхуш.

Баба шен кIантана йоьлхуш хиллера. Бабин кхуьнан нанний, и кIанттий — ши бер хилла. Иза мотоциклаца бердах а вахана веллла, берхIийтта шо кхаьчначу дийнахь. И веллачу дийнахь Iуьйранна догIуш дерз хилла, делкъа хан хуьллуш доxделла дуьне. Хьеш кхехкон санна, тIеIаьткъина хилла малх. Бабин хье-м кхехкийна цо. ХIинца а бу Бабин хье лелина эчиг санна. Цундела Бабин корта кест-кеста лозу, цунна буса наб а ца кхета, цундела цо набарх узарш до, сих-сиха кIентан цIе а йоккхуш: «Рамзан... Рамзан... Маржа Рамзан!..», наггахь иза елхаран къурдашца самайолу, тIаккха йоьлху хIара а, йоьлху Бабех къахеташ, гIийлла, гIайба а тIадош.

«Уф-фай», — ма чIогIа йохъелла хилла хIара куршка. Стакан чу схьайотта еза шура, цул тIаьхьа иштта:

— «ХIу-у-п», — олуш, шел а еш, хьаламер ю. Цулла а чу бепиг кагдича диках хир ду, тIаккха жимчу Iайгаца юур ю. Бабас а до иза.

— Хьийт, маржа, Лайса яI! Хьан санна церган елхьара!..

Шен церган елахь а, Лайсина-м мерзах хета иштта бепиг дууш. Цул сов Бабас ахьарах еш йолу тоьпаш а хета Лайсина чIогIа мерза. Уьш кху шимма тIо-берама чу а Iуьттуш юу. Бабас-м наггахь туьхала а Iуттуш юу, тIе хох а кхоллуш. Иштта мерза хета шена боху. Туьхий, хоххий муха хуьлу мерза тIоберамал? Тамашийна стаг ю Баба...

Лайса, шуьрица бепиган цхьа цастар диъна, шена тIе сийнакъорза басмин коч а юьйхина, араелира.

— ХIума йиирий ахь?

— ХIаъ. Со Iеха баккха йоллу.

— Собарде тхи дIадаллалц.

— ХIумма а дац тхи хилча а.

Иза хьаьжкIаш йолчу агIор дIайоьду. «ГIов-в», — гIовгIа йо боча-бIарийн дитташа. Лайсин месаш ,коч ловзайо мохо. Цо кхуьнан юьхь хьоьсту. «Бабин кIант ву-кх, мох а хилла, со хьоьстуш» — гIийлла елакъежа иза. ТIаккха, шен тхиша тIадаен кучан юх тергал а ца еш, Iеха баккха йолало. Кхо и Iеха Мимшина боккхуш бу. Мимшел сов Бабин цхьа етт а бу — Деба, кхаарг а ду



ЧIама. ЧIама Бабас Iуьйранна дIалоллу юьртан бажаца. Дебий, Мимший цIахь дуьсу. Деба Бабас кхобу, кхо Мимшина Iеха боккху дийнахь шозза а, кхузза а. Дебина Бабас буц а ло, маьрсаца яккха а йоккхий, сийна хьаьжкIаш а, бешара лахьа а бой, Iежаш а. ХIокхо Iеха кхоьхьуш долу Мимша цуьнан йоI ю. Шена буц ца луш хьелахь, мохь хьоьжу. Бабас: «Гай яьттIа хьуна цуьнан, сихха Iеха баккха гIолахь», — олу. Гай яьтIча, Iеха стенна оьшу цунна?

Дебин ненан цIе а хилла Деба. Иза кIайн етт хилла. Шортта шура а луш. Иза, бажа а бахана, цIа богIуш, дистинчу Эрко баьхьна. Оцу дийнахь, стиглара хIорд льтта бала гIерташ санна, догIа деъна. «ГIов-в», — бохучу Iоврийн гIовгIано дуьзна хилла дерриге хIаваъ. Куршка хи а ца хуьлу Iаннаш саьрмикех тарделла хилла. Ткъа Эрк массо а Iин шех дIа а кхетта, массарел а боккха Саьрмик хилла. Цо дIакхаьллина Деба. ШолгIачу дийнахь Iуьйранна, малх схьаккхеттачу хенахь, дIо лакхахь цхьана стеган хьера хиллачохь карийна иза. ГIамарлахь гуш, ирх бахна цхьа ког бен, хIумма а ца хилла.

«Бабин кIантана хазахетар ду шена тIера сагIа даьккхича»,— боху Бабас. Цундела кхобуш бу Деба. Цунна-м ца хаьа ша стенна кхобу... ХIара схьаеъча кхуза Бабица Iаш Турпал а дара. Доккха кIайн жIаьла. Лайса чIогIа кхоьрура цунах, цкъа хьалха, тIаккха хIара шиъ доккха ши доттагI хилира. Шена доьша эцна яхча, цо шен тIеда муцIар Iуьттура кхуьнан настарх. Цхьана Iуьйранна кхуьнний, Бабиний дIогахь, малх басахь Iуьллуш гира иза. Наггахь къила доьдий угIа а угIуш. ХIара шиъ тIеяхара. Гай ятIийна, чуо-куо араяьлла, Iуьллура иза. Ехха льттира Баба цуьнга хьоьжуш. Эххар а:

— Нело кIомсар тесна... Ас дIа ца хецнехьара буса... ХIаъ, иштта яздина хилла. Ма дика жIаьла дар-кха хьо, — Бабас шен чуьйраш хьалалаьцча, Турпала кхуьнан куьйгах катуьйхира. ГIийлла, халла хаа а луш. Бабас чуьйраш чу а ехкина, цIера кхуьнга шен тишачу кучан юх а яийтина, чуо-кIело дIайнхкира. Оцу буса делира Турпал. ХIинца хIара а дIайодахь, мила Iийр ву Бабица? Бежан-дийнахь охьайогIур ю аьлла нанас хIара хьалайнга. Школе йоьду хан а тIекхочуш льтта. Стохка хIара кечамбарап классе ихира. Кхеран классехь хIара а цхьаьна ворхI бер бен дацара. Кхунна массарначул дика Iемира абат еша, яздан а бен дацара. Кхунна массарначул дика Iемира абат еша, яздан а бен дацара. Уггар дика-м ца хаьара. Уггар дика Асланкхунна дика хаьара. Уггар дика-м ца хаьара. Бабас на хаьара. ХIара кхуза охьаеъчахьана, шозза Дада веъна. Бабас цкъа Куьйрина тIеюха хIуманаш а яхьийтира, шоззе а банкеш чу даьтта а, кIалд а, йийна котам а яхьийтира царна.

Цкъа Бабас, шен лулахочуьнга Самарте дуьйцуш хезира Лайсина:

— Даха хуур долуш дац шийн а. Майра ву бохург къаьркъа муьйлуш ву...

— Деллахь, хьо-м ер ма яц и шиъ лелийна.

— Ас-м хIун дора царна лелийна...

Лайсина ца тайра и къамел. Кхеран дадас иштта къаьркъа а ма ца молу, малахь а, наггахь бен.

ХIара Iеха тоьар бу цкъачунна. Ховха буц Мимшина хьалха а юьллий, арайолу Лайса. Поппар беш йоллучу Бабина тIейоьду иза. Бун хьаха йоллучух тера ду иза. Бабас цхьаццанхьара дечиг, уьнан юьхьиг яхьаш вовшахтуьйхира гIирс. Бун хьалаеш, дIогахь тхов тIе эчиг тоьхначу цIа чохь Iаш волчу воккхачу стага а гIо дира.

Кучан юх хьала а лаьцна, поппар хьуьйш йоллу Баба, цIехьана саца а соций, кхуьнга хьожу.

— Iеха баьккхина ели хьо?

— ХIаъ. Соьга а байтахьа поппар.

— Ца оьшу. Хьо жима ю. Цулла а, яха а гIой, бIараш схьалахьаде. Куьйранна «кху-вай» а олуш.

Иза сийна маьIан ведар а оьций, бIараш лахьо йоьду.

Кхуьнан вешех Куьйра стенна аьлла? Иза цунах жимма а тера а ма вац. Иза мокха ду, вон а ду, кIорнеш а лечкъош. Ткъа кхеран Куьйра, жима цхьацуьрг ши куьг, ши ког долуш гаки ду... Бежандийнахь нанас хIара дIаюьгур ю цига, жимчу юьрта. ТIаккха школе гIур ю. Кхеран хьехархо Тоита Хамидовна хир ю:

— ХIара пен бу, иза пеш, хIара ручка...

ХIи-хIи-хIи. Иза хьанна ца хаьа, ца дийцича а? Иштта-м кхунна деша а хаьа. Цкъа Нанас Бабига яздина кехат дийшира кхо. Цхьа жима кехат. Иза цигара цхьана трактористе дайтинера нанас. Иза-м дагахь Iемира кхунна:

«Мерзачу маршаллица кехат яздо ас. Ба-ба, му-ха Iаш ю шуьшиъ? Лай-сас са-м ца гатдо. Ба-ба суна яй-та курпа — 2 кила, цIормаIа — 2, колготка — 3, де-лахь жимма даьтта а, туьканара э-ций, чай молу саканаш а. Му-ха ю хьан могушалла? Тхо дика Iаш ду. Махьмуда къаьркъа ца молуш ши кIира даьлла. Куьйрас маршалла доуьйту шуьшинга. ХIара цуьнан куьг ду».

Кехат чекхдаьлча бухахь Куьйрин куьйгана гонах ручка а хьокхуш, диллина сурт дара. Лайсас шен уьг дуьстира цуьнца. Кхуьнниг доккхах дара. ЦIа ма-яхха, Куьйра мара а хаавина, цуьнан ког а ластош, кхо йиш локхур ю:

Ког, ког, коган ког,
Хоттала бахана бехбина ког...

ХIара цIа яхача, мила Iийр ву Бабица? Хьан эр ду цуьнга: «Ма елхахьа?» И дукха йилхича цуьнан хье кхехка болалур бу ТIаккха...

Дадий, наний, Куьйрий кхуза схьадеъча хIорш цхьаьна Iийр бара. Нанина-м лаьара иза, Дада реза ца хилир-кха:



— ХIахI, Махьмуд маре вахана бахийтий? — элира цо.

ХIи-хIи-хIи, стаг муха воьду маре? Бежан-де тIекхача мас де дисна техьа? Бабига хаьттича хуур ду-кх. Бабас кхунна гIаличу яхана тIеюха хIуманаш эцна: ал шолан коч, кIайн фартук, папка, кинишкаш, цIен кIархаш а.

— Бабин йоI массарал а хазах хир ю...

Иштта дIадовлу кхузахь денош. Сарралц цхьацца деш хуьлу хIарий, Бабий. ХIинца кхоьш а ю схьаяха езаш.

— Болх ца беш Iийча, со мегар а яцара, — элира Бабас.

Болх ца бича хIара-м мегар яра, ловзийтичхьана. Делахь а, кхуза ловза бер а дац, цхьа Асхьад воцург. Кхуьнан хенара воллушехь, цунна деша а ца хаьа. Цу тIе иза Iовдал кIант а хета кхунна, цо Iовдал хIуманаш дуьйцу дела. Цуьнан ден цIийбелла боккха мара а, тIеюхуш Iаьржа боксин куртка а ю. Цо хIара хьалха а йолуш, шайга веанчу цхьана стагана Iовдал хIуманаш дийцийтира Асхьаде:

— ДIааьл цунна, Асхьад, — бохуш.

ХIинца кхин ши кана тIейоьхкича хьаладузур ду ведар. ТIаккха кхин а лахьо деза. Дийнахь диъ ведар бIараш лахьо деза.

...Малх таьIна-сийначу орца тIе лахбелча, мелла а шелло хIаваъ. Юьртара цIаоьхучу бежнийн Iехарш хеза. Пхьидийн ловзар дIадолало. Лайса пхьидех тера Iеха гIерта «къвэкъ», «къвикъ», «кьвакъ».

— Хьада, дIаяла гIовгIа а ца еш. ЧIама цIабогIийла хьажа.

ХIара бежнаш схьаоьхучу новкъа йолу.

— ЧIама, ЧIама, — кхойкху иза.

— Тьфу, тьфу, бIаьрг ма кила хьуна! Дукха йоI хир йоцуш юй. — Мараюллу хIара тIехьахула тIееанчу Самарта. — Шун ЧIама а дIо схьадогIуш ду хьуна...

ЧIама а эккхадой, дIайоьду Лайса. Догучу деман хьожа кхета цунна: «ЧIепалгаш деш ю-кх Баба».

— Схьайола, иза керта чу лаллий. СагIина хIара чIепалгаш эций гIо.

Тховса пIераскан буьйса хилла-кх. Бабас пIераскан буса гуттар а чIепалгаш до. Бабин кIантана дукха дезаш хилла уьш. ХIара Асхьадеран керта йоьду, бошхепа чохь чIепалгаш а оьций.

— Мелимат! — кхойкху.

Гучуйолу ерстина, лохачу дегIахь зуда. Цуьнан мера тIехь, гуттар а санна, хьацар ду тоьхна.

ХIара, чIепалгаш дIа а лой, сихха юхайоьрзу. «Цара дуьхьал хIума яларе а ца хьоьжуш, сихха схьайоьллахь», — аьлла Бабас.

— Собардел цкъа, — хIара-м дIайоьду. — Лайса, собарде ца боху ас.

ХIара соцу. Мелимат чу а йоьдий, буйнахь цхьа хIума а йолуш арайолу.

— Схьайола кхуза.

Эццахь велха а ийзалуш, араэккха Асхьад. Цуьнан цхьана агIор охьаеана марш ю.

— Мама, суна а лохьа! Мама, суна а лохьа.

— Ва, дIавала, хIай. ДIавала, хIан, хIара ю хьуна.

— Кхин цхьаъ лохьа, кхин цхьаъ лохьа! — ненан кучан юх ийзайо Асхьада.

— ХIий, хьуна ма гуо хIума бIаьрга! Кампет яаза ву хьо? ХIа-а, дIадала, жIаьла!

Йинъ кампет ю. Асхьада шиъ дIа ца яьккхинехь ялх хир яра. Ма Iовдал а ву иза. СагIина луш йолу хIума шена йоьхуш ма ца хуьлу. Иза церан дас гIали тIе а вигна, муха дара цигахь аьлча, дуккха а нах а бара боху-кх. Иза хьанна ца хаьа. Бабас хIараъ юьгур ю аьллера гIали тIе. Делахь а... Нана ю бежан-дийнахь охьайогIуш...

ХIара чукхаьчча, Баба чIепалгаш дуьлуш йоллу. Кхо царна тIе даьтта хьокху.

— Баба, —цIеххьана хотту кхо, — бежан-де маца ду?

— ХIу-у?

— Бежанан-де.

— Хьи-хьи-хьи, — жимма елало Баба. — Бежанан-де ма дац иза, иза шинари де ду. Шинари де. Дукха хан ца йисина хьан нана охьаян. Са ма гатде.

И шиъ чIепалгаш даа охьахуу. ХIара, Лайса, дIаяхча, мила Iийр ву Бабица?.. ЧIама чудало ваха стаг хир вац... Буьйсанна Бабига ма елха ала... Ша хир ю. Боча-бIарийн диттийн гIовгIане ла а доьгIуш ша Iийр ю. Ша...

Лайсас хьалакхаьллина чIепалг, къурд ца балуш, цуьнан багахь дуьсу. Цуьнан бIаьргех хиш довлу. Бабина тосало Лайсас чIепалгаш дууш цахилар.

ЙоIе дIахьаьжча, цуьнан бIаьрхиш а гой, цецъяьллачохь юьсу йоккха стаг. Амма иза хаттар дала а ца кхиайо.

Лайсас елхарна юккъехула олу:

— Хьо хьаьнца Iийр ю, со дIаяхча, Баба?

ТIаккха и шиъ ший а йоьлху, шаьшшинна кIорддолц, вовшах а хьаьрчий. «ГIов-вв», — деш, царна тIаьхьара тийжа боча-бIарийн дитташ. Эххар а йоккхачу стага олу:

— Бабас хьо цкъа а дIайохуьйтур яц. Вайшиъ цхьаьна Iийр ю. Кест-кеста шун юьрта а йоьдуш. Цул тIаьхьа уьш массо а кхуза Iен охьабогIур бу...

ТIаккха йоккхачу стага, Лайсин ког кара а лоцуш, йиш локху:

> — Ког, ког, коган ког,
> Хоттала бахана бехбина ког...

— ХIи-хIи-хIи, — зов хилла Лайсех.

— Хьа-хьа-хьа, — йоьлу Баба а.



— ХIи-хIи-хIи...

— Хьа-хьа-хьа...

И шиъ ехха йоьлу, кху масийтта шарахь иштта синкъерам газа долу хIара тиша цIа а дегош. Боча-бIарийн дитташ а доьлу цу шинна тIаьхьа.

*1982*

## ДОХКОВАЬЛЧА

Цуьнан юьхь цIийъелла, совса а севсина яра. Сийна бIаьрг аш — тамашийна даккхий, кхерамах дуьзна. Коьрта тIе девлла чоьш, зуьнан кIохцалш санна, ира хIиттина дара, малхо гиччош юккхера маж а дина. Цуьнан гIеххьа яьллачу нилхачу можа юккъехь наг-наггахь къежбелла чо а хаалора. Цунна тIехь беркъа барзакъ дара, я и сов боьха долу дела иштта хеташ хила а тарлора. Волалуш, букар чу а сеттий, ши куьг хьалха охьа а хоьций (царах цхьаъ, чолакх долуш, вукхул дуткъа дара), уьш леста а ца деш, лелара иза. Цуьнан хьаж тIе девлла гучу пхенаша а, бIаьргийн хьажаро а, чIинчкъашка яханчу юьхьо а хоуьйтура тидаме волчуьнна цуьнан кхетамо цхьа боккха бала лайна хилар.

Иза хIора Iуьйранна аьлча санна, гIалин базаран кертахула волалора:

— Нана, суна къинтIера яла, нана, суна къинтIера яла, у-уйтI, нана, суна къинтIера яла! — бохуш, мохь а бетташ.

Цуьнан мохь хезначунна хуур дара иза массо а санна волчу стеган мохь боцийла. И мохь сов чIогIа а, хьере а бара. И мохь хезча, базарахь даима а шайн йохка-эцар лелочара: «ХIахI, схьакхечи хьуна хIара а», — олура, ткъа и дуьххьара хезаш берш, цецбуьйлуш, хIун хилла теша кхунна бохуш, маьхьаран дега хьуьйсура. Церан цецбовлар а хаалой, и вевзачара олура: «Хьераваьлла стаг ву иза», вукхарах цхьаболчара: «Деллахьа ма къа ду цуьнан» — олура, цхьаберш цунах самукъадолуш (я иштта шаьш моттийтахь а), цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш лаьттара, наг-наггахь: «ХIийт, горалера кIант-яI», — а олуш.

— Сан нана цхьаъ бен ма яц, сан нана дIа хIунда йоьллина?— олура тиларчу ваханчо, шена мохь бетта кIордийча, цхьанна улло а таьIаш.

Ткъа вукхо:

— ДIаваьл, ма воьллахь и хьайн боьха хIуманаш а яхьаш схьа, — олий, ша юхкуш я оьцуш йолу хIума дIалачкъайора, цо бехъярна кхоьруш. ТIаккха:

— Нехан шишша ю-м ца моьтту хьуна нана, вахь-хьа-хьа! —

олий, велалора, гонах дIасахьожий, ша аьлларг хазахеташ цхьа а вац-теша аьлча санна, нагахь ишттаниг карийча, цуьнга бIаьрг а таIош.

Иштта шен мохь бетташ, наха шена сагIийна елла хIума а юуш, нагахь йоьжна-йисна я цхьамма елла цигаьрка хилахь, оза гIерташ, цуьнан ах юуш, сарралц лелара тиларчу ваханарг. Ткъа сарахь и, тIапъолий, вовра. Цо буьйса мичахь йоккху хууш стаг а вацара кху базарахь. Iуьйранна цо шен «болх» юха а дIаболабора.

* * *

Жимчохь дог-кIеда а, аьлларг сихха дагах кхеташ а бер дара Чуоча. Цул сов, хIара йоьалгIачу классехь волуш, ког-салазаш хаьхкина басах чувогIуш, охьакхетта, лазийна пхьарс, кхин та ца луш, чолакх бисаро а кхин тIе а дог эшийра цуьнан.

Пхьарс чолакх бисаран бехк, коьртачу декъана, Чуочин шен бара. ХIетахь, шен пхьарс чIогIа лоззушехь, шега мел тохалу садетташ Iийра иза. Чуоча кхоьрура шена хилларг дега дIаханийта. Цуьнан да, даккхий мекхаш а долуш, тIе мохь туххий бен вист а ца хуьлуш, буьрса стаг вара. Наггахь, цо нанна тIе мохь тоьхча, цо цунна цхьаъ дарна кхералой, «Ва-а, нана», — олий, ценах хьаьрчара Чуоча.

Дас дихкира цунна салазаш хехкар а, берашца ловзар а... Цхьа болх боцург, дерриге а дихкинера цунна дас. Цундела, цо еттарна кхоьруш, цуьнга хьовха, шен пене дийца а ца хIоьттира Чуоча шех Iоттаделларг. Ткъа кхо, кхин са а ца тохаделла, и дIадийцича, кхуьнан нанас иза юьртахь, «хIуманаш хууш ву» аьлла, цIе яханчу Ухина тIевигира. Цо, цкъа хIотталц пхьаьрсе а хьоьжуш, «Дукха тIаьхьа веана, дукха тIаьхьа...», — бохуш, корта а лестийна, юха сохьтехь гергга ийза а бина, тIе котаман хIоьан буьйрах бина белхьам а биллина, зоьпар тухуш, и дIа а бихкина, цIа вайийтира Чуоча. Оцу дарбанах кIентан пхьарс то а ца белира...

Шена дас кест-кеста етташехь, Чуоча дIа ца вулура цу Iазапах, цо иза хIоразза а боккхачу кхерамца, вега а веш, тIеоьцура. Дас сонехь лаьтта гIаж схьа а оьций: «Ког схьаберзабел», — аьлча, Чуочас, «Ва, дела!» — олий, мохь а болий, сихха ког дIаберзабора. Цунна хаьара, ша иза кхочуш ца деш жимма хан ялахь а, дас шена корта а, ког а ца лоьруш гIаж еттар юйла. Чуочас мохь хьеккхар, велхар дена дагах ца кхетара, цунна уггаре а нийса хетара шен бер иштта кхетош-кхиоран некъ.

— Серах ца бича, хIоз хьокханах хир бац, — олура цо кIантана ма еттахьара аьлла лулахоша, шех бехк баьккхича. — Со хIоз беш ву серах.

Ткъа наггахь:



— Хьан хIун бала бу сан доьзалан, со бер-х даций ахь Iамо, кхин хьо велла дIаваллалц ма аьллахь соьга и, — мохь тухий, шега вистхилларг аьллачух а дохковоккхура. Цунна хаьара (шена гергахь) хьаьнга хIун ала деза.

Дахарехь цхьа стаг вукхунах кхоьруш, оцу вукхо цхьанна тIехь куьйгалла деш хила деза а, иштта ду а моьттура Чуочин дена. Иза, шеца цхьа а дов ца оьшучу стагана мохь туххуш къамел а дина, и стаг кхералахь кхерош а, и кхера ца велча ша кхералуш а, цул тIаьхьа цунна хьалха, цхьогало санна, цIога хьийзон эхь ца хеташ а стаг вара.

Етташ Чуочина даима а орцах йолуш ерг нана яра. Иза, кIантана ма тохахьа аьлла, дуьхьал яьлча, дас цунна а еттара, тIаккха — кIантана а. Цул тIаьхьа нана, шен кIант мара а къовлий, екха йоьлхура, соне а хуий, шена мел гина халонаш, халахетарш дагадогIий, логехь хорам а хуьлий. Цуьнан да-нана а, я цхьа а ваша а, йиша а дацара. Йиший, ваший цуьнан цкъа а ца хиллера, ткъа да-нана тIом болчу хенахь деллера... Кхуьнан ден вежарех а ца висира цхьа а. ХIара цхьана юкъана шен дешича йолчохь Iаш яра, тIаккха Чуочин дега маре еара, цо йола ма эллп...

СийнабIаьргана (иза яра цуьнан цIе) шена етта моссаза етта дагадогIура, шен тIеяха цхьа а воцу дела, шен цIахь цIа доцу дела, атта хеташ, хьийзайо-кх ша олий. Оцу ойлано иза кхин а тaIайора, цуьнан бала кхин а базбора. Делахь а, шена мел чIогIа ницкъ хилахь а, арадоккхий, нахалахь ца дуьйцура цо шегахь латториг. Ламаз тIехь-м даима а доьхура цо ша балеха яккхар, шайн доьзалан барт чIагIбар. Чуочина а Iамийра цо ламаз дан, Чуочас а доьхура шен ламазан доIанехь дуккха а хIуманаш: шен пхьарс табалийтар , шен цIена вилспет хилийтар, шена даима а, цхьаннах а кхера а ца кхоьруш, ловза йиш хилийтар...

Кхин цхьа бер а дара оцу доьзалехь, Чуочел кхо шо воккхах волу кIант — Iади. Iади шен амалшца а, леларшца а ватIийнаваьккхина шен да вара. Цунна бен дIа а ца хетара шен нанний, Чуочиний еттарх, иза, шен дена тIаьхьа а хIуттий, иза велавелча велалуш, иза кхоьлича кхулуш, цо аьллачунна «хIаъ, хIаъ», — бохуш лелара. Наггахь цо, шен дена хазахетийла а хууш, дуьйцура: «Дада, ахь селхана айина дечиг ма йоккха а яра», «Ас селхана, сайна дена хьажийча, шайн кIентан лерг меллаша хьовзийча, сох лата гIоьртира Аказ». (ТIаккха дас: «ХIахI, боккъаллий, хIумма а дирий хьуна цо?» — олура, мохь туххуш). «Ас, цул тIаьхьа, даде дIаэр ду хьуна, аьлча, дIавахар-кх, хIумма а ца олуш».

Цо и тайпа къамелаш деш чIогIа там хуьлий, дас цкъа хьалха вела а къежий, тIаккха шен юьхь кхола а йой, буьрса олура:

— Иштта ала ахь, со ца кхоьру хьуна цара хIума дарна.

Ши шо хьалха Iади школехь доьшуш вара. Доьшуш вара аьлча а, цхьана классехь шина-кхаа шарахь а Iаш, шел эшначух

леташ, тоьллачунна къежаш, каяьлларг лачкъош, кхоалгӀачу классе хьалавелир-кх, еша хьовха, ура-аттала дерриг элпаш а ца девзаш. ҚӀантана хьехар дахьара аьлла, шен керта школера стаг веача, иза, Ӏаьржаниг кӀайн ду бохуш, къарван гӀерташ, лата кеп хӀиттош, нахе ша сеца а войтуш, гӀовгӀа йора Къурбас (Ӏадин дас). ТӀаккха Ӏади, иза кхин лартӀе ван а ца тигина, школера дӀаваьккхира.

Чуочиний, шен нанний етташ гӀо-м муххале а ца доккхура Ӏадис цаьргахьа, мелхо а, цкъа цхьана дийнахь йиттина, гӀелъелла Ӏачу СийнабӀаьрга ша-шега: «Дала кхиэл йойла хьуна», — бохуш, Къурбина къа доьхуш ден шабарш а хезна, «Дада, хьуна дагахь цхьа хӀуманаш дуьйцуш ю хьуна иза», — а аьлла, цуьнга шолгӀа а еттийтира цо шен нанна.

Чуоча пхоьалгӀачу классе ваьлча, цуьнан кхин дӀадеша йиш ца хилира школехь. Кхуьнан да ламчу, кӀотара, жа-даьхни лело дӀавахара, шеца шен доьзал а эцна. «Цигахь пхи-ялх шо а даьккхина, цул тӀаьхьа машен а эцна, ас гойтур ду кху юьртарчу нахана!» — иза дара цуьнан бахьана. Іедалехьара шега хӀума ца алийта, мелла а колхозан жа а Ӏалашдора цо.

СийнабӀаьрга Чуоча эвлахь шен дешар чекхдоккхуш витахьара аьлча, Къурбас мохь туьйхира:

— Ца вуьту, парпессар-м хир вац цунах? Цу тӀе и киншканаш ца ешча а хуур ду хьуна бежнаш дажон.

ҚӀотарахь а кхин хӀумма а хийца ца делира. Амма болх дукха бара кхузахь юьртахьчул а, цхьанна а охьахаа йиш ца хуьлура. Балха тӀехь кӀадлой, гӀирвулий, кхин а дера хуьлура кхузахь Къурба.

ДӀаделира пхи шо. Чуочин ялхийтта шо кхаьчнера.

Адамна массо а хӀума цхьа тамашийначу, хазчу суьртехь гуш, цуьнан ша-шех тешар, «Со» бохург гучудолуш, цуьнан даг тӀехь уггаре а цӀена, сирла, синхаамаш кхоллалу зама ю иза. Чуочина а иза иштта хан яра, делахь а бераллехь дуьйна цуьнан дохийначу даго самукъадала ца вуьтура иза.Цхьа минот хьалха цунна хазахеташ долу Ӏалам, шолгӀачу минотехь кхулура, минот хьалха иза ша-шех тешаш а, шега дуьненахь хӀуъу а далур ду аьлла хеташ а хиллехь, минот дӀаяьлча, цунна шел гӀийла а, де доцуш а стаг вац моьттура лаьттахь. «Ирча а со ву, чолакх а со ву, дешаза а — со, соьга хӀун далур ду хӀокху дуьненахь?» — ойла йора цо, шен кхачамбацарш долучул а сов, кхин тӀе а шен кхетамехь Ӏарждеш.

Иштачу миноташкахь Чуочина ша мел чаьмза хетахь а, цунна уггаре а сийлахьа, хьоме хеташ цхьа ойла яра. Цунна даима а хазахетара и ойла еш.

Иза иштта яра. Беттаса кхеттачу сирлачу буса хьуьнан юккъехь долчу ирзу тӀехула схьавогӀу хӀара. Оцу хенахь, беттан серлонехь шен кӀайн дарин духар а лепош, гучуйолу букъ буззуш охьахецна Ӏаьржа месаш йолу йоӀ. Цунна тӀехь гӀабали ю, кога туьйдина — пошмакхаш, коьртахь хӀумма а яц — иштта дӀа месаш ю-кх охьахецна. Батте а хьоьжуш, цунна ела а къежаш, хӀаваъ санна, яйн, тхи диллинчу бацалахула йогӀу и, хӀара ган а ца гуш. ЦӀеххьана хӀокхунах бӀаьрг кхетча, цецйолий, юьстах эккха. ТӀаккха хӀокхо цхьаъ олу (хӀун олу цунна шена а ца хаьара). Юха иза, кхуьнга стешхачу бӀаьргашца схьа а хьожий, елакъежа.. ТӀаккха жимма хан яьлча (оцу хенахь шаьшимма хӀун дийр ду а ца хаьара цунна), цу шиннан вовшашца барт хуьлу, и шиъ вовшех кхета, цундела и шиъ вовшийн куьйгаш а лаьцна, цига дӀадаха новкъа долу. Цигахь адамаша даима ловш цхьа хазахетар, безам бен хӀумма а хир дац...

И ойла еш, дуьненчуьра массо а хӀума диц а лой, ша бокъал а иштточу хьелашкахь нисвелча санна Ӏара Чуоча. Ткъа нагахь:

— Чуоча! Чуоча! Хьо хӀун деш ву? Схьавоьл, — аьлла, ден аз хезча, иза, ша верзина-цӀена, луьйчуш гучуваьлча санна, вухура. И шен ойла, цхьанна йовзарна кхоьруш санна, оцу минотехь дагчуьра дӀайоккхура цо. ҚӀант кхоьрура и шен сел хьоме, цӀена хӀума цхьамма, юкъа а гӀоьртина бехдарна.

Оцу шарахь Чуочин вуьрхӀийтталгӀачу шарахь, бӀаьстенан юьххьехь, ломара охьахьаьдда йогӀучу лайн токхамна бухахь а висна, докъаза вайра хӀара дерриг дуьне а жа-даьхни лелор тӀехь чекхдолу моьттуш хилларг.

Да кхелхина цхьа шо даьлча, Ӏадис, карахь долу жа-даьхни дӀа а доьхкина, СийнабӀаьрга юьртахь Ӏайтахьа боххушехь, гӀала охьабигира уьш.

Шен нанний, Чуочиний гӀалин йистехь цхьа хӀусам тайпа лехна, ша цхьа жеро а ялийна, аьлча а, цунна тӀе а вахана, хьалхара лаба чукагйина шляпа а эцна, мекхаш а дитина, гӀеххьа ге дӀа а яхийтина, столовехь грузчик балха а вахана, цхьаболчарна къиэжаш, вукхарна тӀечехаш, ваха хиира Ӏади, ша къамел деш хӀора даша тӀехь аьлча санна «дуй хьуна» а олуш. Бакъдерг дийцича, Ӏади, жимчохь санна, вон вацара шен ненаца. Иза кесткеста вогӀура и йолчу, цхьацца кега-мерса хӀума а яхьаш. Цул сов, жа-даьхни доьхкина долу ахча а, шена цхьа пайда боцу хӀума а эцна, нене дӀаделлера цо.

ГӀала охьавеъча ша-шех дог лазар кхин а кӀаргделира Чуочин. Цунна гора пхьаьрсаца заьӀап хилла ца Ӏаш, ша шен кхетамца а заьӀап хилар. Цо неӀалтаца дагалоьцура школехь деша а ца доьшуш ша лам тӀехь даьхна шераш. Доллучул а хала дара цунна, мехкаршна юххе а бевлла, кегий нах гӀалин паркехула лелаш гар. Цунна моьттура, цхьа а йоӀ а, оцу кӀенташна санна, шена улло ер яц. Нагахь цхьа йоӀ ела а къежна, шега хьаьжча, Чуочина цкъа хазахетий кийрахь цӀе йолура, тӀаккха шен чолакх пхьарс а, ша дешна ца хилар а дагадогӀий, иза юха а кхулура.

Цунна моьттура и йоI шех къахетта, къинхетам беш хьаьжна шега. Ткъа цунна тIаьххьарчу хенахь уггаре а ца дезарг дара наха шех къинхетам бар. Иза вала а реза хир вара, нахана ша гIийла хетта, церан къинхетаме дешнаш хезачул.

Сарралц гIали юккъехула а лелий, сарахь халахетарша (уьш-м, иза ша шех цец а вуьйлуш, даима, хилла хIумма а доццушехь, кара а дора цунна) хорам бой, гIийлла воьлхура и, ненах а лечкъаш. Нанна-м хаьара цо хьоьгу бала. Наггахь СийнабIаьрга:

— Чуоча, хьуна зуда ялае вай, суна накъост а хир яра, — олура.

Ткъа шега цхьа а зуда йогIур яц аьлла, дог тешийначу Чуочас, ша цунна тIетан кийча воллушехь:

— Суна-м ца оьшу цхьа а зуда, — олура.

Иштта хан дIаоьхуш, Чуочина эххар а карийра накъостий, уьш мала хIума чIогIа дукха езаш а, цундела кисанахь ахча дерг (цунна лаахь а, ца лаахь а) шайн доттагI лоруш а кIентий бара, еха месаш а, шуьйра хечеш а лелош. Чуочехь, СийнабIаьрга, иза дукха кхоьлана волу дела, мичча вахана а шен самукъадоккхур дацара теша аьлла, делла ахча хуьлу дела, иза сихха церан «деган доттагI» хилира, цара кхунна иштта сиха малар а марздира.

Ткъа нанна кхин а базбелира цуьнан бала. Цунна гора шен кIант маларо виснарг а галвоккхуш хилар. Цкъа цхьана дийнахь, Iади ша йолчу веъча, нанас цунна балхийра Чуочин бала. Цо, шен дас деш хилларг дира: йиттира Чуочина. Оцу еттарх малар-м муххале а ца дитира цо, цул сов буса чу а ца воьрзура Цундела нанас, цо хIуъу лелийча а, Iадига дIа ца хьевора иза цо юха а еттарна кхоьруш.

Масийтта де дIаделира Чуоча иштта лелаш. Цхьана дийнахь мелла а воцуш, нана цецйоккхуш векха а велла, хьасене а волуш хеннахь веара иза цIа. Шен дагахь дерг дIа ца алалуш, гIеххьа лийлира иза. Оьшучохь а, ца оьшучохь а эхь хетар цуьнан амалехь долчу дуккхачу а сакхтех цхьаъ дара. Эххар а элира цо нене:

— Нана, со зуда яло воллу.

— Ой, дика ду-кх, со къанъелла кху цIахь лела ца лун хIун хан ю! — хазахетта, хьаьвзира нана.

— Делахь... делахь... — юха а вистхила гIертара кIант.

— Хьан делахь, ца делахь ца хаьа суна, сан нус кханнехь схьаяло еза-кх!

ЭхI, ма хазахеттера нанна и кхаъ. Масийтта шо дара иза догтах елакъажаза, хIинца-м къежира: цуьнан уггаре а дуьхха везаш волчу кIанта зуда ялайо, цо кхин цкъа а къаьркъа а мер дац, цо кхин цкъа а и Iаьржа ойланаш а йийр яц, ткъа кхуьнан дика нус хир ю, тIаккха — берийн береш а...



— Делахь а, иза нохчи яц, нана. Эльза ю цуьнан цIе, — элира Чуочас гIийлла.

Оцу дешнаша ненан хазахетаран хилла меттиг а яйира. Цуьнан бIаьргех хиш девлира, «Муха мегар ду кераста зуда ялон», — бохура цуьнан ойлано. Амма и ойла йойуш кхин цхьа ойла гIаьттира цуьнан коьртехь: «ХIун башха ю и кераста я бусалба хилча, сан кIентан оццул сапаргIатдаккха цуьнан ницкъ кхаьчча?».

Цундела СийнабIаьрга Чуочина дов ца дира, «Ахь иза сан керта ялор яц хьуна» а ца бехира, цо цуьнга иштта дIа:

— Нохчи ца карайо хьуна, нана яларг? — хаьттира.

ТIаккха Чуочас, и шена дуьхьал яларна кхера а велла:

— Нана, и мел дика ю хаьий хьуна, цо ахь де аьл-аьлларг дийр ду хьуна, — элира.

Ткъа нанас оцу дешнашна, цуьнан дог оьцуш:

— Дика ду, реза ю со-м, и дика хилчхьана, хIун бен ду муьлхачу къомах хилча а, — жоп делира...

Эльза Чуочина хIокхуьнан накъосташа йовзийтира цхьана аьхкенан суьйранна.

Иза хIокхуьнан цхьана ойланехь ехарг санна, букъ буззуш охьахецна Iаьржа месаш йолуш а яцара, я цунна тIехь еха кIайн хагIабали а яцара, я цо хIара цига а ца вуьгура, синкъераман, хазахетаран махка. Мелхо а цо чIогIа йоца юбка а, пхьуьйшаш доцу кофта а, хадийна месаш а лелайора. ХIетте а цунна и йоI езаелира. Оцу йоIа кIантана йовзийтира хIинццалц цунна евзаш ца хилла дахаран керла, тайп-тайпана агIонаш. Чуочина моьттура хIокху доккхачу дуьненахь шех ешаш а, я ешар йолуш а и цхьа йоI бен яц. Цундела, хIуъу дина а, и шена яло дагахь вара кIант.

Ненера бакъо яьккхинчу дийнахь сихха вахара Чуоча Эльза йолчу. Дукха эхь хетарна цIарула цIий а велла:

— Эльза, соьга йолахьа, — элира цо.

Ткъа вукхо, цкъа кхуо аьллачух цецъяьлла, къаьрззина, схьа а хьаьжна, юха, хIара бегаш беш воцийла хиъча:

— Кхин хIумма а лаа а лаьий хьуна, Чуче... Со-м хьаха яц хьуна бераш дан дагахь... Со-м кхана Соче дIайоьдуш ю, — элира.

ТIаккха Чуочас цуьнга кхин хIумма а ца элира, иза, ара а ваьлла, дIавахара. Цунна дагабеара шен чолакх пхьарс, ша дешна цахилар, ша хаза цахилар... Ша иштта гIийла, сакхташ долуш хиларна йина моьттура цунна йоIа шена дуьхьало. Амма йоIана-м дага а ца даьхкинера и хIокхуьнан кхачамбацарш. Цо иза дуьххьала дIа ша маре яха дагахь йоцу дела элира. Цу тIе Чуочас, иштта сихха дог а ца дуьллуш, шен гIуллакх кхин дIа а дийцинехьара, тIетан а герга яра иза. Амма цо и ца дира. Цунна моьттура, шел декъаза стаг хIокху дуьненахь а вац, шегахьчул боккха бала цхьаьнггехь хила а ца хилла, я хила йиш а яц аьлла. ЙоIа шега ян дуьхьало яро кхин тIе а чIагIийра цуьнан

и Iаьржа ойла. Цунна ца хаьара адамийн шайн когаш дIабаьхча а, бIаьрса, меттахахьар дайна бисча а, — шайна тIе мел хала бохам кхаьчча а и лан а, шена а, нахана а пайдехь хила а ницкъ кхочийла. Цунна ура-атталла шен нанас хьалха хьегна а, хIинца шен дуьхьа хьоьгу а бала ца гора. Цунна гург цхьа ша вара. Цундела цо шен бала байбан хIора дийнахь а, буса а, васта а ца луш, къаьркъа муьйлура. Шегахь ахча ца хилча, воьлхий, дехарш дой, ша базара а вахана сагIа доьхур ду бохуш, кхерамаш туьйсий, ненера доккхура.

Иштта дIабелира масех бутт. Цкъа цхьана дийнахь, иза, дукха къаьркъа муьйлуш, бале валарна, кхин цунна ахча ца дала сацам бира нанас.

Воьлхуш, дуйнаш бууш, церга хьекхош:

— Хьайн делан дуьхьа, хьайн устазан дуьхьа эца суна къаьркъа! — бохуш, адамчух тера доцчу озаца мохь беттара кIанта. Амма нана юха ца йолура шечунна тIера. ТIаккха цо стоьл тIехь Iуьллу урс схьа а эцна, шена бухара ши ког дIахадийча санна, аркъал а кхетта, шен лога тIе урс а хIоттийна, мохь туьйхира:

— Нана, со делах волийла, ас сайна урс ца хьаккхахь, хьо туькана ца йодахь!

Нанна гира кIентан цхьа тамашийна, хIокхунна ца бевза, хIара шех кхоьру синхаам а чохь сецна бIаьргаш. Цунах и чIогIа кхера а елира. Цунна цхьана секундана бIаьрга хьалха хIоьттира, лаг хадийна, верриге а цIех а вуьзна Iуьллу кIант.

— Ой, дIаваьллахь, со хIинцца йоьду хьуна туькана, — цуьнга урс охьа а диллийтина, сихха араиккхира нана.

БIаьргех оьхучу дуьрчу хиша бIаьрса артдина, шена гонах хIумма а ца гуш, хьаьдда йоьдура иза. Цунна ца гира ма хаккхкало хаьхкина йогIу трамвай, цунна ца хезира ша трамвайн некъана улло гIоьртича, и лелош волчо беххa бекийна горгали а. Иза трамвайна хьалха иккхира. ТIаккха... ТIаккха чекхбевлира цуьнан баланаш, сатийсамаш, сахьийзамаш — массо хIума а...

Йийна Iуьллу хIокхуьнан нана евзинчу кхеран лулахочо вахийтира Чуоча сацийна трамвай а, гулбелла дукха а нах болчу. Цигахь цунна гира трамвайно ерриге а йоха а йина, цIеша а юьзна Iуьллу шен нана. Иза Iадийра. Цхьана юкъана цуьнан кхетам, дог цхьа а ойла я синхаам боцуш, деса дара, тIулг санна даз а делла. ТIаккха и шиъ хьаладуьзира хецаделла доьду сацийна лаьттина хи санна, коьрта чу хьаьвддачу ойланаша, маьхьарша, аьзнаша, суьрташа, синхIийжамаша, дагахьбалламаша, доховийларша...

«Нана... Муха?.. Ас хIун дийр ду?.. Со иштта ма вацара... Ва-а дела! Бакъ ма хилийтахьа хIара! Бакъду-кх хIара... Бакъду-кх... Ас хIун де? Ва-а нана, ва-а нана!.. Лоьраш... ТIаьхьабисна!.. Муха?.. Со иштта ма вацара, со... ахь... иштта... ас... хьо... ломах хьаьтта йогIу... нана... Со... Ма еттахь цунна... Суна еттахь... Нано-ов, во-о нана, ас хIун де?.. ас хьийзи хьо... ас... цкъа а дика ца ди... нана... со ца кхии... ас хIун де?.. со... ас... хьо ас... ахь?..»

И дерриге а хилира секундан уьтталгIачу декъехь. Цул тIаьхьа цуьнан иштта а цомгашчу кхетамехь цхьаъ, кхин цкъа а юха нислур доцург хилира. Юха цуьнга, хIара дуьне Iадо санна, массо нехан тидам тIе а бохуьйтуш, мохь белира:

— Во-о, хIо-хIо-хIо!

ХIетахь дуьйна дIаяхара цуьнан «хьераваьлларг» аьлла йолу цIе, хIетахь дуьйна вар-кх иза базарахула волавелла лелаш а...

* * *

Аьхкенан Iуьйре. Малхаца гIевттина шайн-шайн гIуллакхашка девддий-хьаьвддий лелара адамаш. Самайолуш яра гIала, цуьнца цхьаьна базар а. Базаран майданахь гIопасташ дIалоцуш шаьш йохка еанарш охьа а ехкина, «Помндораш, мел дика ю хаьий шуна», «Iежаш «Джонатан», чам бакхал аша», «КупIите апIелсины», — гIовгIанаш йора йохка-эцар лелочара.

Базарахь йолу бакхал юкку кегий туьканаш а, пхьалгIанаш[1] а садеIа юьйлира.

Мачаш ечу а, уьш тоечу а пхьалгIахь болх бечу цхьана пхьеро шен накъосте элира:

— И вайн доттагI ма хьевелла тахана.

— Мила доттагI?

— И хьераваьлла стаг вуьйцура аса-м.

— ХIа, иза-м схьакхочур ву хьуна.

Цуьнан дешнаш бакъдан санна, базаран кех чоьхьа велира юккъерчу дегIахь, букар а сеттина волу цхьа стаг, цуьнан некха тIера коч охьанхинчу туйнаша тIадийна яра.

— Нана, суна къинтIера яла! — мохь туьйхира цо.

*1977*

## БОЧIА

ВОККХА стаг БочIа шен дехачу дахарехь, кхузткъе иттех сов шо дара цуьнан, дуьххьара цомгаш хиллера метта охьа а вуьжуш. Цундела вовза-везачуьнга хьажа вар ца лерича, больницехь дуьххьара нисвеллера иза.

Ахкаргашкахь сингаттам болчу БочIига лоьро операци ян еза аьллера селхана. Воккха стаг цкъа хьалха, сан хIокху дуьненахь яккха йисинарг дукха хан а яц, кхаьрга сайх куьйгаш а ца доьттуьйтуш, Iожаллина къера хилла дIа кIел соцур ву-кх аьлла,

[1] ПхьалгIанаш — кхузахь мастерскойш.

чIагIвелира. Амма делкъехь хилла, шена гергахь, тIаьххьара цуьнан и сацам, де суьйренга лестича, даг чу лелхачу цхьацца шеконаша («Мегара со тавала...») мелла а гIелбира.

Буьйсанна воккхачу стагана тайп-тайпана гIенаш гира: цунна гергахь вон а, дика а. Вонаш: даьржина хиш, белла нах, цIий. Диканаш: сийна екхна стигал, баьццарчу басахь ежа кIайн говраш. Цундела БочIас и гIенаш, хьалха санна, тида а ца туьдуш, Iадда дитира. Цунна хетарехь, иштта бIостанехьа маьIна дан мега гIенаш гар хIокхуьнан валар иманца ца хилийтархьама, гонах девллачу шайтIанийн болх бара. Бакъду, хIокху тIаьххьарчу итт шарахь цкъа а гIенах гина а воцчу ден сурт набарх шена дуьхьал тасаро иза, шен цамгар йицъяйтина, ойланашка ваьккхира. Макх а велла, цхьа хIума, цуьнан юьхьах хаалора иза хаза хIума доцийла, дагалоьцуш Iийра иза сатаса серла яьлчхьана дуьхьарлера маьлхан зIаьнарш шен корах чу кхетталц. ТIаккха цо: «Дада, хьуна дуьхьал ван йиш йолуш-м вац хьуна со. ХIун дийр ду ас, сан ницкъ ца кхечи-кх и схьакаро», — элира, метта кIегар а хууш.

Ткъа операци яйтарна тIехь ойла сецира цуьнан. БочIина хаьара шен дахарехь яккха йиснарг кIезиг хан юйла. ХIетте а цу «бакъ дуьнен чу», — цигахь шен да а, шиъ ваша а, кхин дуккха а бевза-безарш боллушехь дIаваха-м ца лаьара цунна.

Екхна бIаьстенан стигла гича, цунна дагайогIура шен кертара зазадоккху Iежийн, кхорийн беш. Царна тIехь Iуналла дан ма оьшура и. ЧIогIа дIавоьллера БочIа оцу бешах. Цунна наггахь хеталора дитташ а, адамаш санна, чохь садолуш ду аьлла. Цу тIе, наггахь цунна-м оцу дитташна ша шен юьртахошначул а дуккхах оьшуш санна а хетара.

Цул сов, дуьххьара ло тесначу дийнахь, белшах топ а оьллина, хьуьнахахула кIадваллалц экханна талла ваха араваьлча мел хаза хуьлу...

Ткъа догIа догIучу, я дарц долчу буса, кхехкаш кхоьш, я жижиг долуш, шен оза меженаш цIартIехь йох а еш, къамелаш дечу Секимате (БочIин зуда яра иза) ладоьгIуш Iаш?..

И тайпа хазахета, хIара юх-юха а лан кийча волу, кхо шайга сатуьйсу хIуманаш дуккха а дара БочIин дахарехь. Цундела Iуьйранна кIайн халат а юьйхина, даима ма-хиллара, цхьана хIуманан ойла еш волу лор — ткъе итт сов шо долу Хьаид шен палати чу веъча, цо дIаханийтира ша операци яйта реза хилар.

ТIаккха дукха хан ялале, цхьана кхоьлинчу дийнахь, БочIина операци йира, стоьл тIе вахвеш охьа а виллина.

ХIара, меттавеача, маьнги тIехь Iуьллура, ткъа стигал кхо синкхетамехь воцуш яьккхинчу юкъана, цкъа а марха ца гича санна, цIанъяла кхиъэнера.

Лоьро а, медйнжарша а тIехь хаза-дика Iуналла а деш, сихха товала вуьйлира БочIа. «ХIокху лоьро дахди-кх сан дахар. Дала мукъалахь, цунна цхьа дика дийр ду-кх ас, вала ца леш висахь», — бохуш, ойла йора БочIас кест-кеста. И шен ойла дахарехь кхочушъярхьама, воккха стаг юх-юха а къамеле вуьйлура шен лоьраца. Цул сов, БочIас цкъа Секимате цIера дакъийна уьстагIан жижиг а даййтира цунна. Иза, БочIина хетарехь, уггаре а дика совгIат лоьро, цкъа хьалха чIогIа дуьхьал а ваьлла, юха дархочунна халахетийта а ца лиъна, халла дIаийцира. ДIаэцнехь а, лоьро йиинчу дуьхьалонах БочIина хиира жижиг цунна кхин башха оьшуш цахилар.

ХIетте а, хьайна дика динчунна дуьхьал дика дан а, вонна дуьхьал вон дан а ницкъ болуш ца хилча, дош ма дац бохучу кхетамо денна а са дуура БочIин.

Эххар а воккхачу стагана хаа-м хиира Хьаидна оьшург хIун ю. Иза чен цIока хиллера.

Цхьана дийнахь меллаша, Iасанна тIе а теIаш, больницан паркехула хIара волавелла лелаш, кхунна хезира лоьро шен накъостаца деш долу къамел.

Цо бохура:

— Ткъе итт туьма лур дар-кха аса чен цIоканах.

— Ой, хIун дан воллу хьо цунах, — оццул боккха мах а белла эца а эцна?

— Цхьа цIа кечдеш ву со ширчу куьцехь, цу чу таса езара суна.

Нийсса ши шо хьалха БочIина Хьаид вевзинехь, цо цунна лур яра шен чен цIока. Оцу цIоканан да цо шина дийнахь вийра. Хьалхарчу дийнахь, топ а тоьхна, иза коьллаш юккъехь къайлаяьлча, кхин цунна тIаьхьа ваха ца хIуттуш цIа вахара. ШолгIачу дийнахь шеца накъост а валош, вуха а веана оцу меттехула толлуш лелаш, БочIа юха а тIеIоттавелира ша тIом бинчу чена. Иза, чов хилла, багах цIий а оьхуш, и цIий юха кога тIера маттаца хьала а дууш, йоьжна Iуьллура. БочIас шозза топ туьйхира цунна, тоьхна ваьллачул тIаьхьа чIогIа дохко а волуш. Чено ша леш хьаькхна гIийла, дог лозуьйту мохь БочIина хIинца а биц ца беллера.

Цунна тIера яьккхина цIока яра БочIин чохь кхозуш. Иза цо гIалара шайн юьрта веанчу баьшна корта а, гатанан хеча а йолчу жимчу стагана елира.

Иза ткъе шиъ шо хир долуш жима къонах вара, даима шеца лелош сурташ дохку гIирсаш а болуш. Цо схьадийцарехь, кхеран юьрта сурташ дахка а, «дохновени» боху цхьа хIума яхьа а веънера иза. И хIума кхузарчу баккхийчу нахана цкъа а гина а яцара, цундела кхузткъе пхийтта шо хир долчу Къарибата ала а элира гIаларчу хьеше:

— КIант, со хIума хаъал хилчхьана, хIокху юьртахь Iийна а ю, хIетте а суна и ахь юьйцу, «дохновени» боху хIума гина а, я

юьйцу хезна а яц хьуна. Эрна кхузахь къа а ца хьоьгуш, кхечу юьртахь хIунда ца хьожу хьо?

ГIалара веанчу хьешо, вела а къежаш:

— Суна карор ю хьуна и-м, — аьлла, тесна дитира шена дина хьехар.

БочIас, и кIант ша волчу Iен чукхайкхира, цо арахь баннаш чохь буьйсанаш йоху аьлла а хезна. Цундела цуьнан хIора суьйранна къамел дан стаг хуьлура.

— И кIозарш охьа а хецна, вайн гIиллакхаш а дицдина, лела хIинцалера кегий нах. Баккхий нах ца лору. Ткъа аса даима, кхин тIе а ца болуьйтуш, хьоккхий дIабошуьйту сайн корта...

БочIина чIогIа хазахийтира гIалара веъначу хьешо шен корта дайн гIиллакхаш лоруш дIабашийтар. Бакъдерг дийцича, Алмохьмада (иштта ю аьллера цо БочIига, шен цIе) цхьа а гIиллакх дага а деъна, ца динера и хIума. Корта цо шен месаш охьаэга йоьлча, кIунзал баларна кхера а велла, дIабашийтинера.

Юьхьанца чIогIа дика кIант хеттехь а, тIаьхь-тIаьхьа БочIина ца деза хIуманаш а гучудуьйлура хьешан амалехь. Уьш цо шех лаьцна дукха дийцар а («Со суьрташ дехкина ца Iаш, назманаш язъеш а ву», «ас выставкехь хьалхара меттиг яьккхира» и дI. кх.), цул сов и «чIогIа хьекъал долуш» хилар а дара.

Къамел дечу хенахь Алмохьмада дош а ца кхочуьйтура БочIига. Ша мел ала дезарг а, ца аьлча мегарг а — дерриге а Алмохьмада олура. Цул сов, халла шена дош ала аьтто а баьккхина, дукхахьолахь баккхийчу наха деш ма-хиллара, хьехаран кепехь БочIас къамел долийча, кхуьнга «хIаа» бохуш ца Iаш, жима стаг, къамел шен кара а оьций, БочIина дагахь мел хилларг а, цуьнан дагахь ца хилларг а дийца волалора. Наггахь БочIа цец а волура, деллахь, тIехьаьжча къона велахь а, сел дукха хуу хIара сол къена-м вац теша олий.

Шен хьешана, иштта галъевлла амалш цуьнца елахь а, БочIас мел хала хиллехь а, цо еха ма-йиххи, цIока дIаелира. Хьешо ехнарг ца яла йиш ма яц. Иза БочIина, нанна хьанал хилар санна, деза, кхочушдан дезаш хIума дара.

Алмохьмадана чIогIа хазахийтира шена и цIока елла, цо иза сихха ги тосучу тIоьрмиг чу а йиллира. ТIаккха цо воккхачу стаге дIахаийтира ша и волчу кест-кестта вогIург хилар, дуьххьара вогIуш кхунна масех пачка тоьпан молха а, чаччамаш а, брезентан плащ а, масех метр гена серло туху панар а, кхин дуккха а БочIина юьйцу а ца хезна тамашийна цIераш йолу хIуманаш а яхьаш. БочIа, боккъал а чIогIа уьш схьакхаьчна евлча санна, эхь хетта, шен воккха хиларе ца хьожуш, жима бер санна, цIий а велла, «хIан-хIа, ца оьшу», — бохуш, шабарш деш лаьттара. Цунна даима а стага шен дош кхочуш ца дан йиш яц моьттура. Муха мегар ду и кхочуш ца дан? Дош кхочуш цадар БочIина, верзана эвла юккъе валар санна, акха дара. Цундела цунна дага а ца



деара, Алмохьмад шайн юьртахь кхин цкъа а гучу а вер вац бохург. Амма и иштта хилира.

И цIока лур яра БочIас ша товинчу лоьрана, хIинца и елахьара. Елларг елла яьлла. Йоцчунна хIун дийр ду? Ойла йина-а, БочIас сацам бира товелча тIаьххьара цхьа экха ден а, цуьнан цIока лоьрана яла а. ХIетахь чено и гIийла мохь хьаькхчахьана, БочIас чIагIо йинера кхин цхьана а экханна топ ца тоха. Хьуьнха водахь а, иза иштта дIа белшах топ а тосий, волалой лелара. ХIинца и чIагIо, ша товелча, цкъа йохон сацам бира цо. Амма и хила-м ца хилира.

Цкъа цхьана сарахь БочIина, шен палати чуьрчу накъостаца къамеле ваьлла Iаш, хезира:

— Вайн Хьандан да а ву кхузахь Iуьллуш.

— Веца, муьлхачу палати чохь ву иза?

— Терапевтически отделенехь пхийтталгIачу палати чохь ву.

И къамел хиллачул тIаьхьа БочIа терапевтически отделене вахара, Хьандан да схьа а лехна, цуьнца къамеле вала, цуьнга Хьанд Iаламат чIогIа дика стаг хиларх дийца, цуьнга «дала маршалла дойла хьуна», — ала...

ПхийтталгIачу палати чохь аддам а дацара, хIара дIакхаьчча. Сени чохь лаьттачу цхьана жимчу стага:

— Хьуна мила оьшура? — аьлла, хаьттира цуьнга.

— Суна Хьандан да везара.

— Хирурган да вуьйций ахь, иза хIинцца схьавогIур ву, шен гIуллакхе вахана и.

Оцо и аьлла дукха хан а ялале, халла ши ког а текхош, юьхь, пен санна кIай а елла, цхьа адам делира гучу. Жимчу стага БочIига, и ву хьуна Хьандан да, элира. Лекхочу дегIахь, доккха ши лерг а, яьлла маж а йолуш волу и БочIина цкъа цхьанхьа шена гинчух тера хийтира. Бакъду, БочIина и атта вевзар-м вацара, нагахь санна цу шиннан бIаьргийн хьажар вовшех ца кхеттехьара. ОхIо-о, и вара БочIас хIокху дехачу шовзткъе итт шарахь лоьхург. Цундела бос баьхьна, хIара дукха цIеххьана хиларна ша хIун дийр ду а ца хууш, воьхна хьаьвзира иза. Цуьнан лахара балда а, куьйгаш а дегон дуьйлира. Ткъа важа, хIара вевзина кхунах къаьхкинехь а, я вовзаза, цу чохь цхьа гIуллакх хиллехь а, шен чу схьа а ца вогIуш, луларчу ейтталгIачу палати чу хьаьвзира.

БочIа, коьрта чохь ойланех кегари хилла, дан дезарг сихха къасто шен палата йолчу агIор дIавахара, шеца лаьттина жима стаг цецваьллачохь а вуьтуш.

ХIаъ, и стаг БочIас хIокху шовзткъе итт шарахь лехнарг вара. Цо шен куьйга хIаллак ма винера БочIин да а, цуьнан воккхах волу ши ваша а. Иза иштта хиллера.

БочIина тахана гина стаг (Барзанакъа яра цуьнан цIе) Варш-Юьртахь тIебаьхкинчу нахах вара. Ша жима стаг волчу

хенахь цо БочIин шичин Заманан куьг лаьцнера, цо асар дечу кхатIе а вахана. И бахьанехь БочIин воккхах волчу шина вашас — Баудиссий, Iаднаний, Барзанакъа схьа а лаьцна, цунна тIера хеча яьккхинера. И дов-дацар юккъе бевллачу баккхийчу наха, тамтекъам бина, дIадерзийра.

Амма Барзакъина дицделла ца хиллера и хIума. Цо сацам бина хиллера Овтархин доьзална «бекхам» бан. И цо кхочуш а дира.

Шуьйта-гIаларчу цхьана хьаькамна етт а, пхийтта гирда ялта а луш, барт а бина («Iедална дуьхьал болу обаргаш кхобуш бу»), харц цIе кхуллуш, Овтарха а, цуьнан ши кIант Бауди а, Iаднан а лацийтира Барзанакъас.

Шаьш кхоьллинарг дерриге а бакъ хилар (тIулг хи хилар) Варзанакъас а, цуьнан накъосташа а суьдехь, бIаьрг тIе бIаьрг а хIоттийна, чIагIдира. Иштта оцу лацарх кхин цIа ца воьрзуш, тIепаза вайра БочIин дай, ши ваший.

БочIин хIетахь пхийтталгIа шо дара. Цо хIетахь чIагIо йира шен ден лаам, хIуъу хилахь а, кхочушбан — Барзанакъера чIир эца. Амма Барзанакъа ша и бохам бинчул тIаьхьа ах шо а даладе Варш-юьртара дIавахара. ХIетахь дуьйна БочIина мел лехарх кара а ца вира иза. Иттех шо даьлча, цхьаболчара дуьйцура, иза, цо лелийна харцонаш бахьанехь, лаьцна бохуш. Амма и билггала чувоьллина мичахь ву хууш стагга а бацара. Ткъа хIинца...

ХIаъ, хIинца къена-къанвеллачу, цамгарша дегI лаьцначу, меженаш малъеллачу дийнахь карийра БочIина шен мостагI. Маржа, нийсса итт шо хьалха хилла делара хIара. БочIига-м хIинца экханна а топ ма ца тохало.

«ХIа-хIан, къонах хила веза, хьайна дика динчунна дика дан а деза, вон динчунна — вон... Иза вала воллуш ву... Хилча хIунду? Могаш воцуш ма вара Дада а цо лоцуьйтуш. Цо-м кхо стаг вийний. Царна дуьхьал муха гIур ву, церан чIир ца оьцуш? Ткъа хIара лор цуьнан кIант хили. Цо ма ваьккхина со лечуьра кIелхьара. Везан дела, хIара иштта хIунда нисдели-техьа. Цхьа гIуда хир ду-кх хIара. Суо Iожаллех кIелхьара ваьккхинчун да вен деза-кх сан. И мегар дуй? Мегар ду. Цуьнан кIанта ца дича а, изза кхечу лоьро а дийр дара. Дала ца товича, стаг товала йиш яц. Сан рицкъа тIаьхьа хиларна цамгарх кIелхьара ваьккхи-кх со дала. Ткъа хIокху лоьраша лелораш «бахьанаш» ду. ЧIир эца еза-кх цунах, чIир эца». — Иштта яра БочIин тайп-тайпанчу ойланех коьртанаш.

Амма воккхачу стеган тIаьххьара хиллачу сацамна дуьхьал цуьнан кхетаман кIоргенехь Iуьллуш долу цхьа аз дара. Оцу озо и стаг вен ца веза бохура. Ша бохург бакъ хилар чIагIдан оцу озан масийтта бахьана а дара. БочIа кхоьрура оцу озах, ша ца кхоьру моттийтахь а. Цундела цо иза нуьцкъаша шен кхета-



ман кIоргенехь латтадора, и малхе а даьккхина, цо бохучуьнга ла ца дугIуш. Амма и аз ондда ницкъ болуш-м дара.

Суьйранна массаьрца а цхьаьна хIума кхалла вахара БочIа, кхин хIумма а ца хиллачуха. Бакъду, БочIа столови хIума кхалларал дукхах шена урс дан вахара. БочIин шегахь а, я шеца чохь болчу накъосташкахь а ца карийра жимма а пайден долу урс. Ткъа хIокху столови чохь, юьстахо лаьттачу стоьл тIехь гуттар а бепиг хадош Iуьллу урс ира а, гIеххьачул доккха а дара. БочIас, стенна делахь а, хьалххехь тидам бинера цуьнан.

Столови хIара дIакхаьчча, масех стаг бен ца висинера хIума юуш. Вуьйш дархой, йиъна а бевлла, дIабаханера, схьа ца бахкалуш, юург тIекххехьа дезарш ца лернча. Шен кхачанах мотт дIа а ца тухуш, хаддаза лакха маьIIехь, стоьл тIехь Iуьллучу уьрсан тидам бора БочIас. ХIара иштта Iаш тергалвира столовехь юург лелочу цхьана зудчо. «ЦIера мерза хIума еана хир ю воккхачу стагана, цундела кхача ца боу», — ойла йира цо. Ткъа БочIас, иза шега хьоьжийла а хиъна, шена ца еззашехь, жимма кисель мелира.

Эххара а, массо дIа а вахана, ша висира БочIа. Столовин белхахо дIайоьрзу тергал а йина, тIе а вахана, меллаша урс схьаийцира цо. Амма урс шен пхьуьйша чу хьалалачкъийна валале, гучувелира. ГIеххьа воьхна а висина, сихха стоьл тIе, шен метта охьадиллира БочIас урс. Амма и юург схьалушъерг дика эсала зуда хиллера. Цо:

— Воккха стаг, и урс хьайна эшахь хьуо, кхана схьадахьар ахь, — элира.

Цул тIаьхьа иштта ойла йира цо: «ЦIера шена деъна жижиг, я кхин цхьа хIума хадон воллу хир ву». Ткъа БочIа кхин вист а ца хуьлуш, сихха урс схьа а эцна, чувахара.

Чуверча, шен «герз» гIайбин буха дIа а диллина, метта а ваьлла, дIатийра БочIа.

Тайп-тайпанчу ойланаша корта сийсабора воккхачу стеган. Шен дехачу дахарехь иштта хала киртиг БочIина, цунна дага а догIуш, масехазза бен тIекхаьчна а яцара.

«Вонна дуьхьал вуон дан деза. Ас и дан деза», — иштта яра БочIин коьртехь йолчу ойланех уггаре а нуьцкъалниг.

Цунна бIостанехьа а, цунна мелла дуьхьал а, кхин тайпа ойланаш а яра воккхачу стеган. Амма уьш оцу нуьцкъалчу ойлано, дистинчу хиэ такхийна хьо бежана, адам, экха, — чалх санна, ца ра ен дуьхьало, оцу хиэ хIаллакьхуьлучу чохь са долчу хIуманаша йийриг санна, атта иэшош, шен новкъа дIахьора.

БочIа иштта ойланаш еш Iаш, итт сахьт а делира, цомгаш нах дIа а тийра. Эххар а воккхачу стагана цуьнан лаамаза набаран тар тесира. Цунна иштта гIан гира.

IаьнтIехь ду иза. Арахь диллина доккха ло а, хьоькхуш шийла мох а бу. Амма кхеран чохь йовха ю. Паднара тIехь, баьрччехь

хиъна Iа кхеран да Овтарха. Воккхах волу ши ваша а ву цхьана хIуманах лаьцна къамел деш. БочIин нана хьолтIамаш еш йоллу.

Ткъа оцу хенахь цIийнан неI кагло (цуьнца цхьаьна чухьокху шийла дарц кхерчара цIе а гIелъеш). ТIаккха БочIий, жимах йолу йиша Непий, кхеран наний цхьана лаьмнаш юккъехь Iуьллучу есачу арахь хуьлу. КогашIуьйра бу хIорш массо а. БочIа когаш шеллуш, велха ца велха, халла садетташ льтта. Карахь чоьлпа а долуш ю БочIин нана.

Геннахь и аре чекхйоллучохь бодашкара гучудолу кхеран цIа. Кхехкийна жижиг чохь долу бога а, галнаш чохь кхехка яй а ара а боккхий, лай тIе охьахIоттабо Барзанакъас. ТIаккха цо, тIехьара тIе дечиг гIортош, дIакъовлу хIокхеран цIийнан неI. ЦIехьана цхьа аз а хезий, ирх хьожу БочIа. Кхоьлана стигал, лаьмнаш ду, мархийн, дахкаран йозалла ца лалуш, букар а сеттина, лаьтташ. Юха а аз хеза БочIина. Иза хьенан ду? Кхуьнан ден аз дац иза? Ду, кхуьнга кхойкхуш. Геннахь гун кхеран цIа даго гIожан буьххьехь хьарчийначу бехчалгах латийна цIе а оьций, дIаволало Барзанакъа. Оцу цIаро серладаьккхинчу корехь гучуйовлу Овтархин, Баудин, Iаднанан яххьаш. Уьш корах арабовла гIерта, амма бовла ца ло — кор дукха готта ду. Ткъа Барзанакъа, тIекхочу цIийнна, карахь цIе а йолуш.

Эццахь БочIа ша ма-ваддалу дIавада гIурту шайн цIа долчу агIор. Амма ши ког дIалаьцча санна, ша волччохь, мохь а болуш, вуьсу и...

Эццахь, мелчу хьацарх верриг ваша а вешна, гинарг гIенах хиларна чIогIа воккха а веш, самавелира БочIа.

Амма цуьнан воккхавер сихха дайра, гIайбин кIелахь Iуьллу урс а, иза даран бахьана а шена дага ма деъанехь. «Хирг дIа хир ду-кх. Дала къилахь ма лорийла хьо. Сайн ден чIир ца эцча волий со?..» — маьнги тIера льтта воьссира БочIа.

Оццу хенахь корах чукхеттачу беттасин серлоно къагийра чоь. ГIийла, гIовгIа еш, лестара палатин коран хьалхара лекхачу таьллийн гIаш.

Шен гIайбин бухара урс пхьуьйша чу хьала а лаьцна, меллаша неI а цIовзош, сени чу велира БочIа. Массо стаг а дIатийнера. Буьйсанна кхо сахьт даьлла хан яра.

Хорша еъча санна, сихха хирургически отделенехула чекх а ваьлла, лаха маьIIехь йолу цхьа неI схьайиллира цо. Кхузахь а аддам а дацара. Цхьанаэшшарехь цомгашчу наха доху синош а, юкъа-кара цара туху йовхарш а ца лерича, цхьаммо а йоха ца йора тийналла. Зевне тийналла.

Кху сени чохь яга езачу, дийнан серло лучу еа лампанах йогург цхьаъ бен яцара. Цундела гIеххьачул сов кхоьлана яра сени чохь. «Дукха сирла ца хилча дикаха ду», — и ойла хилира БочIин.

Къу санна, тебна, гIовгIа ца ян гIерташ, воьду БочIа эххар а дIакхечира пхийтталгIачу палатин неIаре. Ах тIех оьккхуьйтуш



басар хьакхначу ангалин неIарх, хьала а айвелла, когийн баххьаш тIе а хIоьттина, чухьаьжира иза. Барзанакъа кора хьалха лаьттачу маьнги тIехь Iуьллура, кест-кеста кIажъоьхуш, йовхарш а еш. Цуьнан можа, худаелла юьхь серлаяьккхинера корах чукхеттачу беттасино.

«ХIинца, неI схьа а йиллина, чуэккха веза», — ойла йира БочIас.

Амма цо и кхочуш-м ца дира. Цунна бехке БочIас нуьцкъала шен кхетаман кIоргенехь латтош долу цхьа аз дара. ХIетте а воккхачу стагана хаа-м ца хаьара иза.

«Иза цхьана агIор дIавирзичхьана, чоьхьа вер ву со», — ша хьем бар ойланехь кIелхьара даьккхира цо.

Амма и бахьана дIаделира сихха: БочIа шолгIа корах чухьаьжча, Барзанакъа агIор а вирзина Iуьллура. Схьадала гIерташ санна, детталора дог.

«Лелий вала!» — бохура цуьнга кхетаман лакхарчу тIегIанахь йолчу ойлано.

Амма кхетаман уггаре а кIоргенехь долчу озо къаьсташ хIумма а ца бохура, хIетте а и нуьцкъала дара чIире кхойкхучу ойланал. Цундела иза хIинца а сацавелира. Цу тIе оцу сохьтехь ейтталгIачу палати чуьра цхьа дархо, меллаша неI а йиллина, сени чу велира. БочIа, ша ца гайта, неIарал сов баьллачу пенна тIехьа лечкъира. И дархо, кхин хIара волчу агIор схьа а ца хьожуш, дIа а вирзина, шен гIуллакхе вахара.

«ХIара къайлаваьлча, дийр ду ас иза». Амма и къайлаваьлча а, хIумма а ца хилира. Юха а кIелхьара вала бахьана карийра БочIина: «Иза юха чу а вахийтина...»

Дархо юха а вирзира, шен чу а вахана, маьнга а цIовзош, охьа а вижира. БочIа-м Iадда льттара. ХIинца цхьа а бахьана дацара цунна карош, ша и сихха кхочуш ца деш хьем бар кIелхьара даккха. Меттаххьовш адам а дацара. Барзанакъа букъ берзийна Iуьллура, БочIин карахь урс а дара... ХIун оьшура кхин шен ден, шина вешин чIир эца дезачунна?

БочIас халла цхьа ког а баьккхина, пхийтталгIачу палатин неI жимма дIайиллира. Амма цул тIаьхьа, кхехкаш лаьттачу яй тIера негIар схьаэцча, цу чуьра гIуьттучу Iаьнаро дагийча санна, неIаран тIам лаьцна куьг сихха схьадаьккхира цо. Оцу юкъана иза корах чукхеттачу беттасан серло ган а кхиира. (Ткъа сени ахбодашкахь яра).

— Муха хета хьуна, воккха стаг, са-м ца гатдо ахь? Кестта ира а хIуттур ву. Вала-м кхуьур ву хьо, валар ма хьехаделахь. Цкъа собардел, синпхене хьажа вайша, — кхунна юххе охьалахло кIайн духар дуьйхина стаг.

Корах чукхеттачу малхо серлаяьккхина палата. Дог-ойла а серлаяьккхина лоьран дешнаша.

— Баркалла хьуна, Хьаид.

...Шен кога тӀера цӀий хьала а дууш хиъна Ӏа ча. Цуьнан бӀаьргех хин тӀадамаш оьху. ГӀийлла «гӀам-гӀим» до цо. «Горров» — евли тоьпаш...

Цхьана секундехь и ши сурт чекхъиккхира БочӀин кхетаме хула.

Ша неӀара тӀера, муха волу а ца хууш, цхьа ког юха кӀегар ваьлча, БочӀа кхийтира шега иза цкъеллиг цкъа а далург цахиларх.

ТӀаккха цо, йоккха гӀовгӀа а йоккхуш, охьакхоьссира шен карара урс. Цуьнан бӀаьргех даккхий хин тӀадамаш девлира, хӀара больница а, дерриге а наб кхетта Ӏалам а, дуьне а самадоккхуш мохь тоха дог хилира цуьнан. Халахетар, оьгӀазалла, дог лазар, кхин дуккха а адамо цӀераш тахказа болу синхаамаш чохь болуш хир бара и мохь. Амма кхетаман кӀоргенехь долчу оцу цхьана озо сацийра иза дуьнене ца болуьйтуш.

Ткъа БочӀа, ша лелориг къасталуш а воцуш, хьалхарчу этажа тӀе охьа а воьссина, хиъна Ӏашшехь набарна тар озийначу, тӀехь кӀайн халат йолчу зудчунна уллохула, неӀарна тоьхна догӀа юха а хьовзош, больницан кетӀа велира.

Стигла кхевдда, бӀаьстенан мелчу мохо къона гӀаш лестош, лаьтта таьллаш. Церан деха ӀиндагӀаш Ӏохку кетӀахь. Беттасин серло литтало цӀенчу хӀаваэхь, таьллин генашлахь, гӀашлахь. Органан гӀовгӀа хеза.

Ткъа БочӀа-м, больницан кех а ваьлла, Варш-Юрт йолчу агӀор дӀавоьдура, хецца, бер санна, гӀаггӀанехь велха а воьлхуш. Цо наг-наггахь велхарна юккъехула, БочӀа ша а воцуш, кхин стаг волуш санна, чӀоггӀа олура:

— Хьайх чекх са гайти ахьа а, БочӀа. Дера ца хилла хьо а къонах. Хьайна динчу вонна дуьхьал вон а ца дан дели хьоьга...

Амма БочӀин кхетаман кӀоргенехь долчу озо-м и ца бохура, цо кхин бохура.

*1978*

## ТЕЛЕФОН

ЮЬРТА юккъехь долчу цхьана кӀайн кир тоьхначу цӀа чохь ю зӀенан отделени. Цу цӀийнан корехь йиттина эчиган гӀожмаш ю: стаг чу ца валийта. КетӀахь баьлла бай бу. Аьхкенан довха де делкъе даьллачу хенахь, кхузахь аддам а ца хуьлу. Оццу хенахь хӀинца ялх шо долу кӀант — Зеламха вогӀу кхуза хӀора денна аьлча санна. Цуьнан хьаьрса месаш а, сийна ши бӀаьрг а бу. Иза юьстахо бай тӀе охьа а хоий, корехь лаьттачу телефоне бӀаьрг бетташ вехха Ӏа. Тайп-тайпана ойланаш кхоллало кӀентан оцу телефоне хьоьжуш. ЧӀогӀа цуьнан тидам бо цо, и чохь са долуш йолуш санна хета кӀантана.



Цунна телефон цхьа шо хьалха евзира, шен диъ шо долуш. Иштта хӀетахь цунна БаӀа а евзира. БаӀа-м цунна шена нанас дуьйцучу туьйранашкахь а гинера. Амма иштта бакъдолчу дахарехь цкъа а ца гинера цунна БаӀа. БаӀа бохучу аьзнийн цхьаьнакхетаро кӀентан коьрта чохь кхуллура цхьана ирчачу, вочу, кхерамечу, цхьа а хорма а, я кеп а йоцучу хӀуманах ойланаш.

БаӀа тоххара, дагар а долуш хӀара цомгаш хилча а еара кхунна, хӀоккхуьнга шеца хьуьнхьа дӀавола бохуш. ХӀетахь дуьйна БаӀа кхин гучу а ца яьллера, иза лечкъинера нахах. Мичахь? Дуккха а хан елира, Зеламхина и ца хууш. Ткъа цхьана дийнахь цунна хиира и БаӀа, ша гучу ца ялийта адамийн сибате а йирзина, нахана вонаш а деш, шайн эвлахь ехаш юйла.

Оцу дийнахь Зеламха шайн учахь Ӏара. И аьхкенан довха де дара. Малх дӀабуза баьццарчу орца тӀе лахбеллера. Масех сахьт хьалха деанчу догӀанан тӀадамаш къегара бай тӀехь, кетӀарчу диттийн патарш тӀехь.

ГӀийла хьаькхначу мохехь техкара Ӏежийн, кхорийн дитташ. ЦӀеххьана царах цхьанна тӀера охьа а боьжна, маьлхан зӀаьнаршлахь масех бос хуьйцуш лепарца, керччина дӀабахара цхьа агӀо цӀарула цӀий а елла боккха Ӏаж. И хийла тергал бина Зеламхас, цо хийла сатийсинера и охьабожаре. Цундела, хазахетарца ведда тӀе а вахана, схьаийцира цо Ӏаж. ХӀа-хӀан, цо и берриге а буур бац. Цо, жимма баа а биина, важа нанина дӀабуьллур бу. Иза больницехь ю. Ши кӀира ду Зеламха Дадица дӀавуьжу. Хьалха и Наница вуьжура, цо кхунна хаза туьйранаш а дуьйцура. Дадас а дуьйцу кхунна туьйранаш-м, амма нанас дуьйцурш иштта дацара.

Селхана веана кхуьнан да Денисолта больнице шен зудчунна тӀаьхьа ваханчуьра цӀа, цунна дика гӀоле яьлча санна а хетта. Цу тӀе цо ша: «ГӀоле яьлла суна-м, кестта араер ю со, хетарехь», — боху дешнаш аьлча, гӀеххьа сапаргӀат а делира Денисолтин.

— Вайн нана кестта цӀа йогӀур ю, хьажал цо хьуна янйтина кампеташ, — элира Денисолтас Зеламхе сийсара ша больницера цӀа веъча, иза шен кара а лоцуш.

Зеламхина чӀогӀа лаьара шен нана тховса цӀа йогӀийла. Ков а диллина и чоьхьа ер ю. ХӀара, ведда тӀе а вахана, цунна мара кхетар ву. ТӀаккха хӀара нанас, генна хьала а кхоьссина, схьалоцур ву. ХӀара воьлуш хир ву, нана йоьлуш хир ю, малх а... ТӀаккха кхуо эр ду:

— Нана, ас хьуна Ӏаж а битина.

— Битина? ХӀий, хьо ваха дукха. Ткъа ас хьуна хӀун еъна хьайна хьуна! — эр ду нанас. ТӀаккха цо гучуйохур ю ша еанарш: кампеташ, пирянгаш, коч, батинкаш.

Иштта и сурт дуьхьал а хӀуьттуш Ӏара Зеламха. Эццахь, ков а диллина, доккхачу белхарца кетӀа иккхира лулара Ӏабадат:

— Ва-а, вайга хIун деа, нанас ца йинарг яла хьан!..

Цуьнан белхам а хезна, арахьаьдда вогIу Денисолта, дерригенах а кхетта, настарш чуьра са дIадаьлча санна, вега а луш, неIар тIехь сацавелира. Цуьнан юьхь тIехь сецнера кхеравалар. (ХIа-хIан, оцу цхьана дашо ца гойтура ма-дарра цуьнан юьхь тIера хьал. Кхераваларал сов, цхьана доккхачу воне шен сирла сатийсам, шен уггаре а дезаниг, сийлахьниг хIаллак ца дайта шен ницкъ ца хиларан а, оцу воно ша, цхьана а хьесапе ца лоруш, пайда боцчу ваккхаран а кхетам, цецвалар, дог лазар, къинхетаме болу сатийсам, цуьнца цхьаьна оцу къинхетамах цатешар — и берриге а синхаамаш цхьаьнайийнера цуьнан юьхь тIехь).

Цул тIаьхьа кхеран керт адамех хьала юза юьйлира. Зеламхина ца хаьара билггала хилларг хIун ду, амма нехан яххьех, зударийн белхамех, къаьсттина Дадин шега хьежарх цунна тоса-м делира цхьа доккха вон хилла хилар. Иза хIокхуьнан нана гуттаренна а дIаяхар дара.

И бохам баьллачу шолгIачу дийнахь Iабадата:

— Схьавола, вай со яларг, хьайн ненах тIаьххьара бIаьрг тоха, — аьлла пхьарс а лаьцна, чувигира иза.

«ТIаьххьара... ХIунда тIаьххьара?.. ХIунда!..» — цуьнга шийла мохь белира, шен ненан сецна юьхь гича. И, цунна тIе а кхетта, велха вуьйлира.

Шина зудчо халла араваькккхира Зеламха цу чуьра. ТIаккха иза, кетIарчу ото чу а вахана, цу чуьрчу тIелхигашна тIе бертал а воьжна, гIийлла велха вуьйлира. Иза дуккха а вилхира. И воьлхуш кертара гIовгIанаш мелла а дIа а тийра, ото чохь Iарж а елира. Ткъа иза, вухаверза а ца туьгуш, воьлхура.

Эххар а меллаша неI а йиллина, цхьаъ велира чоьхьа. Иза Денисолта вара. Иза тIе а веана, кхуьнан коьртах масехазза куьг хьаькхна, кхунна юххе охьахиира. Ша хьаьстича, кхин а къила вахана велха вуьйлира кIант. Денисолта вехха Iийра, цунна велха новкъарло а ца еш. ТIаккха цо, куьг лаьцна хьалагIаттийра Зеламха. — Вало, чувоьду вайша.

Цо, Зеламха чу а вигна, паднар тIе охьахаийра. ТIаккха Денисолтас цунна бепиган цастар а, куршки чохь шура а еара.

— Яа.

Зеламха, шурех масех къурд а бина, сецира.

— Яа, ахь тахана хIума а ма ца йиъна.

— Ца еза суна, — дIахилира кIант.

Дукха хан ялале Денисолтас шаьшшинна мотт охьакарчийра. ТIаккха и шиъ, лампа дIа а яйина, метта а ваьлла, дIатийра. Хийла хан елира цу шинна наб ца кхеташ.

Эххар а Зеламха гIийлла кхайкхира:

— Дада!

— ХIун боху ахь?

— Нана кхин цкъа а схьайогIур яц?



ГIеххьа хан елира Денисолтас цунна дуьхьал жоп ца луш. ТIаккха цо, доккха са а даьккхина, элира:

— Яц.

ХIан-хIа, цо ца элира «йогIур ю, са ма гатде». Цо цуьнга бакъдерг элира. Иштта аттахо ду, хIора денна иза Iехош, цуьнга сагатдойтучул.

— ХIунда?

— Елла нана.

— ТIаккха иза ден хIунда ца йина, и тамашийна хи а хьаькхна.

— И тайпа хи дан ма дац, туьйранашкахь бен.

Зеламха дIатийра. Корах чу стелахаьштиган серло кхийтира. ТIаккха ткъес туьйхира. Аьнгалин пхьегIа санна, йоьхна дIаелира тийналла. Доладелира аьхкенан мела догIа.

— Дада, — тийналла метта хIоьттича, юха а гIийлла кхайкхира Зеламха.

— ХIа-хI?

— Ша кхин цкъа а юха йогIург ца хилча, соьга хIумма а ца олуш хIунда яхана и.

— Вайша цIахь ма вара и леш. Телефон-м еттийтина хиллера цо.

— И хIун ю?

— Иза мел генахь хилча а, стагаца къамел дан йиш йолуш хIума ю.

— Цкъа цу тилифоно чIоггIа мохь хIунда ца тоьхна кхуза схьахеззарг?

— Телефон чохь садолуш хIума ма яц. И хIун юй? Вайн приемник санна, жима а йолуш, хIума ю. Цхьамма кхечу меттехь а санначу хIуманца хIокхуьнан номер хьовзайо, ткъа кхузахь и ека. ТIаккха цуьнан трубка, цхьамма схьа а эцна, лере яхьа еза. Цу чухула схьахеза деш долу къамел... Ткъа вайн кхузара телефон цу дийнахь ехха екна бохура, цхьамма а хьала а ца оьцуш.

— Дада, ткъа мичахь ю вайн телифон?

— Эцца, эвла юккъехь, почтехь.

— Ткъа хьала хIунда ца эцна и.

— Цу чохь болх беш йолу Зайнаъ селхана, екаш телефон йолчу хенахь, араяьлла, цхьанхьа яхана хиллера.

ХIетахь дуьйна Зеламхас ойла йора: «Оццул еза, оццул нахана оьшуш йолу хIума оцу БаIех хIунда тешийна, кхин дика стаг ца карийна теша кху эвлахь. И бахьанехь ма ца хилла соьга нана йист».

Масийтта бутт дIабелира хIетахь дуьйна. Амма Зеламхина лаг чуьра дIа ца йолура шен ненах, телефонах, БаIех йолу ойланаш. ТIаккха, бIаьсте а яьлла, арахь якъаелча, иза хIора дийнахь зIенан отделени йолчу воьдура... Цу чохь БаIа хилча, иза юьстах а волий, геннара телефоне бIаьрг а бетташ Iара. Ткъа иза дел-

къана хIума яа я кхечу гIуллакхана араяьлча, кIант керта а вогIий бай тIе охьахуура, виллина телефоне хьежарца шен ойланаш а еш.

Наггахь Зайнаъ, хIара кIант а гой, кхуьнга йистхуьлура, хIара хьаста а дагахь. Амма кIант, цунах къаьхкий, юьстахволура. ТIаккха Зайнаъ, дIа а йирзина, дIайолаелча, цо шен дагахь мосуьйттазза: «БаIа, — хьуо ма-ярра БаIа», — олура.

Тахана стенна делахь а гучу ца яьлла БаIа. Цундела хIара Iуьйранна дуьйна Iа телефоне хьоьжуш. ЦIеххьана ека йолало иза. Сеци. Юха а ека. Юха а ека. Цхьа тамашийна деттадала долало кIентан дог. ХIинца цхьа доккха хIума хила дезаш санна ю цуьнан ойла. Иза хьаланкккхи лаьттара. ХIунда ека? И хьалаэца ма еза. Иштта екка хир ю-кх и хIетахь а, кхуьнан нана цомгаш йолуш. Ткъа хIинца? ХIаа, Шарпудин нана а ю больницехь. Шарпудин кхарна гена воцуш Iаш ву. ХIара шиъ хIора дийнахь го. ХIинца цIахь ву и. Масех де ду Шарпудин кхуьнца ловза ца вогIу: цIахь дан дезаш дуккха а хIуманаш ду.

Нагахь и Шарпудин нана хилахь? Иза, кхуьнан нана санна, йист хила лууш хилахь? Нагахь и тахана, хIокхуьнан нана санна, гуттаренна а дIайодахь?.. Телефон хьалаайа-м ма еза. Ткъа муха? Кор ма ду. Ткъа иза хIинца леш хилахь?.. Хьала айа ма еза телефон. ТIаккха Шарпудин нана йист хир ю. Ткъа кор... Эцца доьхначу аьнгалин гIовгIа елира. Зеламхас, сихонца корах чу кхевдда, схьаийци телефон.

Оцу минотехь гIовгIа а хезна, луларчу цIа чуьра схьахьаьдира Зайнаъ (цу чохь Iаш яра иза), цуьнца цхьаьна кхин масех зуда а. Зайпаан, хIара кIант а гина, зIенан отделенин корехь телехон карахь лаьтташ, цецъяьлла, ши бIаьрг къаьрзира. Амма кIант цхьа а хIума тергал деш а воцуш, телефон чу мохь бетташ вара:

— Хьо Шарпудинан нана ю? Ас хIинцца схьавалаво хьуна... — Ткъа телефон чуьра схьахезнарг-м оьгIазе боьршачу стеган аз дара:

— Мила ву хьо? Ахь хIун юьйцу? Кто у телефона?

КIант кхийтира ша галваьлла хиларх.

ТIекхоччушехь Зайнаа кIант, ши пхьарс а лаьцна, кхоьссина дIавахийтира.

— Хулиган, вон хулиган! Эхь дацара хьан хотIана иштта ца хилча?

БIаьргаш чу хи а хIоьттина лаьттачу кIанта чIоггIа ши буй а бина, цунна дуьхьал а вирзина, массеран а гIовгIанаш а къаръеш, мохь туьйхира:

— Ткъа хьо БаIа ю! Ахь тилифон хьала а ца оьцуш, соь йистхила йиш йоцуш, гуттаренна а дIаяхана сан нана... ХIинца Шарпудинан нана а ю больницехь...

Дехха дийцира Зеламхас, велха а воьлхуш, хIокху дехачу шарахь шен дагчохь мел IаьIнарг, юх-юха Зайнаана тIе пIелг хьажорца: «Хьо БаIа ю!» — а олуш.

Ткъа зударий, цецбевлла, Iадийча санна, лаьттара цунна гонаха.

*1980*

## ТИША ЭЧИГ ГУЛДАР

— АЛИНА Ивановна! — баьццарчу гу тIехула ведда вогIу жима кIант. — Ас зезагаш даьхна.

— Хьо дика кIант ву, — зудчо маравуллу иза. Садукъдо цуьнан тайп-тайпанчу хьожанаша. Цо бIаьргаш хьабдо. Мерза дуьне.

Ша марара дIатеттича, метта вогIу. Иза лоррий хьожу зудчуьнга. Когашка, дегIе, корта аркъал а буьллий, юьхьа тIе.

Цунна шайн юьртарчу массо а зударел хазахета иза. Иза санна кечлуш цхьа а яц эвлахь. Хадийна хьаьрса месаш, йоца коч. Цуьнга хьоьжуш Iа иза хьалхарчу парти тIе а хуий. Меттах а ца хьовш, ши куьг нисдой, охьа а дуьллий. Массарел хьалха математикан хьесапаш дина волу. Массарчул цIена яздо.

Массанхьа а хьалха хила лаьара. «ДIахIитта, могIа бай массо. Вай экскурсе доьлху». «Ца хIутту хьо?» «Дера хIуттур ву».

Иза цициг санна кхоссалой, коча воьдура шел зоьртала долчу берашна. Майра, тIахъаьлла, кайолуш хуьлу цуьнан латар.

— Хамиев! — цунна тоьара и аз. Иза эхь хета кеп хIоттайой, корта а оллабой, дIахIуттура. ТIаккха цо дов дарна метта, кхуьнан коьртах куьг хьоккхура, кхуьнан месаш дIаса а яржаеш.

Хаза бу вайн даймохк,
Хаза бу хьо.
Хаза ду вайн дуьне
Хаза ду хьо...
Ла-ла-ла
Ла-ла-ла
Ла-а-ла-ла...

БIаьсгенан хIаваэхула дIадоьлху, тIома а девлла. ГIургIезаш. Хьалхахь — Нана-ГIургIаз — Алина Ивановна. ГIургIезаш, цкъа-шозза хIаваэхь го а боккхий, охьаюьссу баьццарчу гу тIе.

Хамиев, суна дагавеа хьо. Тахана, къаналле кхаьчначу дийнахь, юхахьаьжча, стомма ангалеш долу куьзганаш а доьхкина, леррина хьаьжча гин суна хьо сайн иэсан чолхехь. Хьо дика бер дара. Хьо вон а ца лелара. Хьо суна хьалха хьуо дикачу агIор

гайта гӀертара. Суна ган ма гора иза. Со йоккхаеш, къайлах йоьлура. Хьан йозанан белхашна аса лакхара терахь дуьллура гуттар а, даьлла гӀалат сийначу шекъанца юха нис а дой.

ХӀун хилла хьох? Мичахь ву хьо? Со-м хӀинца а берашна хьоьхуш лела. ХӀан-хӀа, дац уьш шух тера. Шух теранаш сан цкъа а ца хилла.

Вайн ах льаттах йоллуш хилла бодане классан чоь. И санна сирла чоь суна гина а яц. Вайн хилла тиша горгали. И мичахь бу-те? Болуш буй-те иза? Цуьнан аз хазаре сатуьйсуш, ас ладийгӀи дуьненчохь мел болчу горгалешка, со ихи массо а оркестран концерташка. Амма цуьначух тера аз ца хеза.

Суна дагадогӀу, вай гӀургӀезаш а хилла, баьццарчу гу тӀе диссина де. ХӀетахь дуьйна цкъа а гӀургӀаз а ца хилла сох. Цкъа хила гӀоьртича, котам хиллаза елира со.

Оцу дийнахь вай «ГӀезаш, гӀезаш, га-га-га» левзира. Хьан дагара хууш ас хьох сира борз хилийтира. Хьо дера уьдура гӀезашна тӀаьхьа, царах цхьа а ца ялийта гӀерташ.

Хьо цӀийвеллера, хьуна хьацар даьллера. ХӀетте а хьуна ца лаьара гӀаз хила, хьуна Сира Борз хилла виса лаьара.

Цул тӀаьхьа... Хамиев, хьо суна къинтӀера ца валахь... ХӀинца а дагахьбаллам бу суна. И вон дира ас хӀетахь. Суна гира и кегий нах тӀе а баьхкина къамеле ма-бевлли, кхоьлира хьан юьхь. Ца лаьара хьуна со дӀайоьдийла. Хьан бӀаьргаш чохь хиш хӀоьттинера. ХӀетте а ас:

— Бераш, шу шаьш ловза. КӀордийча цӀа гӀолаш, диканаш.

Со дӀаяхара. Юха а ца хьожуш. Со дохкоелира тӀаьхьа. Амма хӀинца а айса иза дийр дацара аьлла ца хета суна. И де дисна сан нэсехь гуттар а лепаш. Кхин долу денош цуьнан лепарехь къайладевлла. ХӀаъ, сан йиш яцара ца яха цига. Кхехкачу синхаамийн дуьнен тӀе бӀагоре эшарш хезара схьа.

Цу дийнахь яйна хиллера сан гӀургӀаз хила йиш йолу говзалла. И суна хиира шолгӀачу дийнахь хьан бӀаьргаш чу ма хьаьжжи. ХӀетте а де-дийне мел долу ахь дицдора иза. Эххар а со хьалха санна хетаелира хьуна. Цхьана дийнахь шу тиша эчиг гулдан дахара. ХӀетахь дуьйна ца гина суна хьо цкъа а...»

БӀаьсте ю яьлла. Малх. Зезагаш. Сирла ойланаш. Массо а хӀума дика ду дуьненахь, массо а хӀума, «А» класс «Б» классал тиша эчиг гулдеш хьалха яьлчахьана. Цул тӀаьхьа дерриге а ша хила ма-деззара дӀахӀутту. Цундела хӀара воьду эвла йистерчу Ӏинчу. Цу чохь Ӏуьллуш ю тракторан йоккха чкъург. Накъост а ца оьшу, ша схьаяхьар ю. ХӀоккхеран класс хьалха ер ю. Алина Ивановна хир ю елакъежаш.

Мох, мох, мела мох. Хьекха хьо, иштта месаш ловзош. Буц, сийна буц, хьо кӀеда ю. Малх, малх, малх... Хьан серлонан чух-



чари. Цунна бухахь лийчар цкъа а кӀордор дацара. Малх. Малх. Малх. Малх.

ДӀакхечи. Иза кӀоргачу Ӏинчу воьсси. Ӏинан кӀоргехь Ӏуьллучу аьчган чкъурга тӀехӀоьттина льатта хӀара. ТӀаккха тасало. Вортан тӀера пхенаш тӀедевлла цуьнан. Хоттех чу оьху когашмачаш, хечий бехъеш. ХӀумма а дац. Шийтта киртиг йолу йоккха чкъург басах хьалакарчайо цо. Иза чугӀерта, хӀара дуьхьал гӀурту. ДӀакарчайо чкъург. Кхин а, кхин а. Эццахь раз оьккхий, хецалой чуйоьду чкъург. ХӀара тӀаьхьа хьоьжуш льатта. КӀоргачу Ӏинахь цуьнан тата хаззалц. ХӀара малхе хьоьжу. Малх делкъе болуш льатта.

Юха а Ӏин чу а вуссий, чкъург ницкъах басах керчош хьалаволало. Хьацаран хӀорд хилла цунах. Чкъург юха а чугӀерта, цхьамма муш а тесна чуийзош санна. Амма кхо, шен дегӀ дуьхьал а туьйсуш, сецайо иза. Ах басах хьалайоккху цо чкъург. Иза айгӀарх дӀакхоссало, схьакхоссало. Ницкъ мел бу ша сацон гӀерта, иза бертал а тухуш, чухьоду. ХӀара охьа а хуий, цунна тӀаьхьа а хьоьжуш, воьлху. Воьлху вехха. Иза Ӏадда а йитина, цӀа ваха дагадогӀу. Амма цо сихха хуьйцу шен ойла. Иза чухьоду юха а Ӏинах. Юха а тасало иза чкъургах. Юха а керчайо цо иза басах. Ах хьалаваьлча, хӀара малхе хьожу. Хьалха санна делкъенга кхоччуш льатта. ХӀинца а дуккха хан ю, цхьадика, садан. Кхуьнан тидам лах а балийтина, юха а чухьоду чкъург. ХӀара юха а чувуссу Ӏаьржачу Ӏин чу. Юха а, юха а, юха а... ХӀоразза малх ша хиллачохь льатташ го цунна. Кхунна тӀера оьгучу хьацаро хатт баьккхина басахь. Эххар а, ткъе шолгӀа Ӏин чу воьссича, тӀе яккхало цуьнга чкъург. ХӀинца-м хала дацара. Нийсса бай бу хьалха Ӏуьллуш. Шен гӀори-гӀоддах дӀахохку цо чкъург.

— ХӀе-хӀей, «Б» классахой, тӀаьхьадиси шу!

ЧӀоггӀа мохь а бетташ, ведда вогӀу хӀара. ЦӀеххьана соцу. ХӀара хӀун ду? Кхеран ишкол хиллачохь еха керла гӀишло льатта. Цунна хьалха ловзуш лела цхьа бераш. Уьш мичара девлла? ХӀара ши ког гӀорийча санна льатта.

— Хьовсийша, оцу къанвеллачу стаге. — Бераш дуьйлу, шаьш долччохь ирах а кхийсалуш.

Мила ву воккха стаг? ХӀара охьахьожу шега. Кхунна тӀера хеча яцъелла гоьллец бен охьа ца кхочу. ХӀара хӀун ду? Когийн пӀелгаш кегий мачаш йохош ара а девлла. ТӀаккха иза ша волччохь сацало. Цунна го шен керараяьлла шийтта киртиг йолу чкъург, бераш къахкош, ишколан кетӀахула а йолий, юьртан вукху маьӀӀехь долчу кӀоргачу Ӏинчу йоьдуш.

Иза цӀа воьду. Иза ведда воьду, мохь а хьоькхуш.

— Цо стенна мохь хьоькху, гай яьтӀча санна? — Новкъахь хӀоьттинчу Ӏома чохь маж а яьлла, гӀаттийна бага а йолуш цхьаъ го цунна. И мила вара? Иза керта кхочу. Цадевза цунна шайн цӀа Сел тишделла, дакъазадаьлла логгец ярашла а дахана льатта.

— Нана, мича яхана хьо?
Жоп дац.
— Мича яхана шу, Іуьйренаш?
Жоп дац.
— Мича вахана хьо, маьлхан зІаьршна виилинарг?
Жоп дац.
— Суьйренаш? Пешарчу цІаре хьоьжуш дІаяхнарш? Вай-х бертахь Іара. Аш еттинчу хьаьжкІийн хьожа а муьйлуш.
— Мархийн етшуьрин стигал, мича яхана хьо?
Жоп дац.
— Мича даха: «Воккхахилча, ас шуна цІен гІаланаш йийр ю»?
— Мича вахана шу массо а, со а витина?
— ХІей, бІаьстенан буьйса, мича яха хьо, дага ца догІу хьуна, со хьайга Іуьйккъехь корах дІахьийжина. ХІаъ, хІетахь кора хьалхарчу паднара тІехь тІе цІен юргІа а тесна со Іуьллуш. Суна хьо хазахийтира, седарчий а долуш къегаш...
— Малх, мича бахана хьо? ХІетахьлераниг? Хьо бац иза, иза иштта бацара... Иза соьца ловзура, догІанан Іаьмнаш чохь а лечкъаш...
Жоп дац, жоп дац, жоп дац.
— Соъ вогІу шуьца?
Иза дІавада тохало. Амма ког цхьана дечгах а тасалой, бертал кхета.
«Къа-а-къ», — хеза цунна тата. Юха а. ХІун ду? Кеглуш дукъош ду-кх.
— ЦІа, собардехьа ахьа мукъане. Суна дуьненчохь дуьххьара гинарг хьан тхов бара. Уггар хьалха ког ас хьан цІенкъа лезвинера. Боданах кхеравелча ахь тевора; догІанах, дорцах ахьа ларвора... ХІун хилла хьуна... Цхьаллин шелонах цомгаш хилла хьо. Ас хІинцца цІе латор ю.
«Къа-а-къ», — кагло кхин цхьа дукъа. ЦІийнан ах чудоьду. Иза водий цІийнан вукху агІонах тасало, и чу ца дожийта. ЦІийнан ах чуюжу, иза дІа а хьулвеш.
Ченан, матар йоьллачу дечгийн чам. Иза дара цунна дуьххьара кхетамчу вогІуш хааделларг. ТІаккха цунна хезира иза. Дуткъа, къинхетаме кхойкху цицган Іехар.
— Пису, пису, пису... Со хІинцца, со хІинцца... Ма дика ду хьо дисна...
Иза цІийнан коьчалш юккъехула хьалагІерта. Моьлкъа, тІулгаш юккъехула дегІ сеттадеш ирх богІу. Иза схьаволу оцу чалха юккъера. Малхо корта багголц Іуьллу иза бертал. ТІаккха аркъал воьрзу. Цунна тІе а догІий Іоьху цициг.
— Пису, пису, хьо цхьаъ дисна. Пису, пису. Ас хІинца юттур яц цІен гІаланаш. Хьанна оьшу уьш. Ахь царах дан хІума а дац. Хьуна шура еза. Шура а мичара хир ю, етт а ца хилча. Ас дехкий а лоьцуш, гІо дийр ду хьуна. Со тІеталла гІур ву, хьо бухахь социур ду. Дика дуй?
Иза хьала а эккхий, цІийнан чолха юккъехь дехкийн баннаш леха волало. Карабо. ДІаоьккху дахка. ГІаж туху. Ца кхета. Цициго схьалоцу иза тІе а кхетий. Юха а лелхадо цо дехкий.

Алина Ивановна... Тахана стенна делахь а дагаеа хьо суна. Таллар ледаро дара тахана. КІадвелла, хІоьттина. Кху ченашла хиьна Іа со. Сих-сиха уьш чу а уьйзуш. Кху юккъехула дІа а ваьлла, цІенчу хІаваах къурд бан а карах ца долуш.
Сох хІун хилла бохий ахь? Дехкийн таллархо. Со гуттар а тІетоллуш ву. Писуу кІелонехь хуьлу. Цкъа хьалха дика дІадоьдура тхойшиннан гІуллакх, — дехкий шортта дара. ТІаьхь-тІаьхьа кІезга хуьлу уьш — телхаш лаьтта зама.
Алина Ивановна, хІетахь, хьо тхан хьехархо йолуш санна ирсе хан ца хилла сан. И цхьа де, тхо тиша эчиг гулдан дахана де — иза дагахь дисна суна. Оцу дийнахь массо а хІума дІанисделлера. Массо а ирсе вара. Массанхьа а яра бІаьсте. Цхьа тиша эчиг дара тІеоьшуш — массо а кхоччуш ирсе хилийтарна.
Ткъа хІинца генна тІехьа дисна и де. Оцу дийнахь дерриге а дІанисдан ваьллера со — тиша эчиг дан. Мосуьйттазза воьссира Іин чу — со хІоразза чу мел вуссу цхьацца шо дІадолуш хиллера...
Сан нийсархой тоххарехь баккхий хилла. Церан бераш хиллера сох дийлинарш, со эххар чкъург карчийна ишкола хьалха кхаьчча.
Со бераллера къаналле кхечи, къоналла юкъахь а юьтуш. Цхьана дийнахь. Дика чехкалла-м ю сан. Юй?
Сан нийсархой хьаькамаш хилла лела. Яккхий гайш дІа а яхийтина. Кест-кеста бийла а буьйлуш. Со цецвуьйлу — дахар хІун ю хиьна стаг иштта дукха муха воьлур ву.
Со дехкашна толлуш лела. Иза а ма бу цхьамма кхочушбан безаш болх.
ІаьнтІехь хІун дийр ду?.. Со хьеха чохь Іийр ву. Сайн и ирсе де а, кху кертахь екна гергарчийн гІовгІанаш а, хьо а дага а лоьцуш.
БІаьсте яьлча... БІаьсте яьлча, догІанаш оьхур ду. Буц ер ю. Олхазарша эшарш лоькхур ю. Со вуха вогІур ву хІокху керта. Бешана дола дан. Сан гІуллакх гур ду оцу Іожана а, оцу кхурана а, оцу хьочана а. ХІокху лаьттана а гур ду. Ас охкур ду иза а. Юьйр ю цунна тІе хьаьжкІаш... ХІаъ, со дага ма вогІу хьуна. Суо цхьана дикачу агІор гайта гІерташ ма хуьлура со даим. ХІетахь хьуна гайта... ХІинца хІокхарна... бешана, лаьттана.
ХІаъ, бІаьсте яьлча... ХІинца гуьйре ю. БІаьсте яьлча, хийцалур ду дерриге а!

*1985*

## БІАЬСТЕ ЯРА ЯЬЛЛА

БІАЬСТЕ яра шен баьццарчу цІарца марсаюьйлуш. Біаьстенан басахь йолчу машенара воьссина жима стаг, Іин хадош дехьа а ваьлла, ширчу бешо хьулдина лаьттачу тишчу цІийнан кетІа ваьлча, цу кетІахь лаьттачу дукха хьалха, ша жима бер долуш гинчу (я гІенах дуьхьал теснагу) дахаран хІавао ша волчохь сацавалийтира.

Керт йоцу учи йолу цІа а, кетІахь кхалу бухахь йина хьаьжкІаш кхорзу куьрк а, букъ а берзийна гам тусуш лохчу гІантахь хиъна Іен эгІаза воккха стаг а, цІенкъах а хьекхалуш йолу неІ а йоьллуш араяьлла йоккха стаг а... — дерриге а дукха хьалха дІадаьллачу, амма дагадеъча мерза лазаме ойланаш кхоллайолуьйтучу ширчу дахарера дара. Кхуьнан дедайн а, ненанайн а дахарера.

Ахьарх йинчу сискалан а, кхорзучу йоьхьнйн а, хьаккхийнчу ниттийн а хьожа еттало оцу дахарера схьа. Воккханиг хьалхахь а волуш охьа ца хууш лаьттачу жимхин, шовдана йистехь меттаметтара дош олуш, къамел дечу кхечу жимхин а, цунна дуьхьал жоп дала сих ца луш шен оьздангаллица дуьненан а меха йолчу йоьІан а, суьйранца маьІ-маьІІера схьахезачу мехкарийн эшарийн зов лаьттачу екхначу стигланан а суьрташ а дохьу оцу шираллера схьайогІучу хьожано.

ХІинца и дерриге а дІадаьлла. ХІинца сиокалан метта кІайчу деман бепиг ду, тІехуучу говран метта — машен, синкъерамна метта — хьайн карахдерриг...

Гуттаренна а дІадаьлла аьлла хетачу оцу дахаран жима гІайре ю хІара керт. Дерриге а хуьйцучу керлачу дахаран хІордо хІинца а хи буха яхьаза. ДІо, къилбаседехь, шаш юккъехь карийна мамонтан чарх санна.

ХІокху кертахь хІинца а куьркахь хьаьжкІаш кхорзура, цух бина даьттагІа а буура, уллохула тІехволу некъахо «чувагІахьара хьо» олий, хьаша вой, тІе а оьцура, учахь йолчу нохчийн пешахь цІе а йогура, цу чохь кечдинчу пхьуьйре берриг доьзал — доккха ши стаг а, цхьа кІант а, йоІ а — охьа а хуура, туьйсинчу гаьмнашца хьаьжкІашна асарш а дора, тІаккха дІо дехьарчу уьрда тІехь мангалш а хьокхура.

Вовшашка оьгІаза дош олуш цхьа а вист а ца хуьлура, воккханиг — воккха, жиманиг — жима а вара, сагІийна хІума ца луш цхьа а пІерасканан буьйса тІех а ца йолуьйтура, белларш а ца бицбора, массо а малх кхетале хьала а гІоттура.

Кхин цхьа хІума а дара хІокху тІе ставн коьллаш евллачу басахь лаьттачу цІийнан кертахь — иза синтем бара. Синтеме а, тийна а, аьхна-шийла а хуьлура аьхкенан довхачу деношкахь цІийнан чоьнашкахь, иштта хуьлура Іай, пеша тІехь кІеж туьйсуш яй хилча, дІа а тевжина, вижна Іилла дог доуьйтуш.

ХІора Іуьйранна Органца тиллинчу тІайх а яьлла, йоккачу буьйцучу маттаца а, тІедухучу духарца а, юучу хІуманца а гІалахойх цуьрриг а къаьсташ боцу нах бехачу юьрта балха йоьдучу хІокху доккхачу шина стеган йоьІан амал а оцу синтемах яра. Цхьаннан а — воккхачуьн стенна дуьйцу, я ура-атталла жимачун а некъ ца хадош гІиллакхе хилар а, балхах оза ца луш, дерриге ша дан гІертар а, шен нийсархой санна хьаьдда доьдучу дахарна тІаьхьа ца идар а дара оцу синтемах, оцу ширделлачу цуьнан денненан дахарх.

ЙоІана хаалора оцу синтемо, шен амалца ша дахарна мелла а юьстах тоьттуш, цунна гора оьздангаллех болу кхетам шен а, шен нийсархойн Іаламат тайп-тайпана хилар. Кхунна ша нийса хетара, хІетте а тола уьш тулура. Царах дукхахберш маре а бахана, шайн доьзалш а болуш Іара. Ткъа кхуьнан ткъе итт шо а кхаьчнера. ХІара тоххарехь тешнера, мацах шайн нана йолчу санна, ша йолчу хин коьрте ву аьлла къонах хІуттур цахиларх. Иза цуьнан мерза сатийсам бара, цкъа а кхочуш хила ца боьгІна. ХІинца, охьатаьІна лелча, хІумма ца хуьлура. ХІинца массо хІума а гайта дезара: біаьргаш а, пхьаьрсаш а, ела а къежна кІайн церганш а, йоца коч а юьйхина.

Кхо емал а ца бора иштанаш. Мелхо а хІара хьоьгура царех. Амма иштта, мел лаарх а, хила-м лур яцара. ХІара кхечу заманера яра. Цундела сарралц — болх, тІаккха суьйранна бежнаш Іалашъяра. Надой, етт а узий, кхалла хІума а йой, шен чу а йоьдий дІатоьра. Нанас олура: «Маха баккха хаьа, ала хІума долуш яц, балхана тІера а ю, са а ма гатде ахь... «ХІара цунна дуьхьал хІумма а ца олуш, гІийла елакъежара.

Иштта деций-ненаций Іаш вара цуьнан шовзткъа шаре лестина ваша а. Да реза вацара цунна. Цуьнан хенахь кхуо дикачу агІор цІе яккхийтина, тІееъна юьхьІаьржо дІанисъеш хьалхаваьлла а лелла, изаъ, изаъ, изаъ дина. (Дерриге а дагардина вер вац).

«Дада, дада, хІинца кхин зама ма ю». — «Хилча хІун ду?» — «Иза ду-кх».

КІант, юха а чувоьдий, шен книгаш тІе а вогІалой Іара, юха балха воьдура, юха цІа вогІура. Да а вицлора. Иза а, нана а тІебайнера, шаьшимма и дойла а ца хууш, шайн бераш даккхий а ца хуьлуш гуттаренна а кегий дисарна. Иштта атта а, таме а дара цу шинна. Амма иштта латта йиш ма яцара. ХІора дІадаьллачу дийно герга уьйзура церан хІораннан а догдохар, иштта хІора дийно а генадохура церан хила тарло ирс. ХІора дийно а. ХІетте а уьш массо, хІумма а ца даран Синтемо йийсаре бина, цо набаран тар тасийтина, хиндолчун ойла ца ян а гІерташ, бехара.

Цу дерригенах а кхийтира баьццарчу машенара воьссина кху керта ваьлла жима стаг.

Цуьнан мохь тоха дог хилира: «ХІей дада, нана, ма Іе иштта, дахар дІадолуш лаьтта шуна. Шуьшиннан ши бер а тоххарехь

шайнна пеш латон хан тIехъялла ма ду. ХIокху кертахь шуьшиннан берийн бераша эккхийтина говгIа хила еза хан а тIех ма яьлла. Мел цIена хи а, хIоьттина лаьттича, телха шуна. Иштта дахар а. Хьаланисъе хIара разъяьлла лаьтта керт, гонах еттина кибирчиг а юттуш, таде шира цIа а, лалла кху кертара синтем. Иза гезган маша бу шуна, массо а паргIатонех воккхуш, шух хьаьрчина. Арахь муттанех юьзна дахарх кхехка бIаьсте. Ма гIелъялийта шайн дахаран бIаьсте. Кхана-лама, цIеххьана, «тхуна ца хаьара» аш бахахь а, цIе хилла, кIур боцуш дIадер ду шуна хIара таханлераниг. ТIаккха кхин бIозза хала хир ду шуна шуьшиннан берашна цхьа а гIортор а, цхьа а тхов а боцчу дуьненан арахь диса, шаьш шуьца даьккхина дахар даьгначохь мохо дIасакхуьйсу овкъарш а гуш, доладелла лела...

Амма оцу жимчу стага хIумма а ца элира. Я цуьнан хIумма а ала бакъо а яцара. Цунна хааделларг дешнашца алалур доцуш, чолхе а, лазаме а, церан шайн а дара. Иза шена тIедиллина пайдабоццу хабар хIокху хIусамдега дIа а тоьхна, цара мел чIогIа дехарх чувахна церан ялтех а ца кхеташ (и бахьанехь воккха стаг кхунна чIогIа реза воцчух тера а дара), шен баьццарчу машена а хиъна, керлачу дахарца ястаяла юьзна кхехкачу бIаьстенехула а ваьлла, шен гIала дIавахара, дагчохь, цкъа а ца бицбан, шена тахана гинчо кхоьллина синхаамаш а хьош.

*1987*

## ДЕСАЧУ ЦIА ЧОХЬ БУЬЙСА

ДУКХА хан йоццуш юьртахь кхин цхьа цIа а дассаделлера. Цуьнан бахьана дара цу чуьра бахархой: воккха стаггий, цуьнан зудий — кхалхар. Воккха стаг, цуьнан цIе Мада яра, шен дезткъа кхоалгIа шо долалуш кхелхира, ехха цамгар лелийнчул тIаьхьа. Ткъа ЖуьхIирт шен майрачух къаьстина нийсса баттахь а ца ехира. Иза атта елира.

— Хазу, ва-а Хазу, схьайолахьа сихха, — аьлла шайн лулахочуьнга а кхайкхина, чуяхана, метта охьа а йижина, гуттаренна а дIатийнера иза. Хьаьдда яхана Хазу а, са далале, тIе ца кхаьчнера цунна. ХIетахь дуьйна цхьа шой ах шой даьллера.

ХIинца бIаьстенан шолгIа бутт бара боьдуш. Мадин, ЖуьхIиртан кертахь гIеххьа бай баьллера. ХIетахь дуьйна церан кетIа, лоха зIар охьа а диллина, цхьа а стаг ца ваьллера. Цу шиннан хиллачу пхеа доьзалхочух дийна йисина йоI Жарадат лахенцарчу цхьана юьртахь, шен доьзал а болуш, Iаш яра. Цо цхьана дийнахь шен майрачуьнца хьала а еана, тIе жIара йоллуьйтуш гIожмаш а тухуш, неIарш а, кораш а дIачIагIдира. ХIетахь дуьйна Жарадат цкъа а ца еанера кху керта, ша наг-наггахь юьрта ягIахь а, иза эвла йистерчу кешнашка а йоьдий, юхайоьрзура.

Буьйсанна хан яьллачу хенахь лоха зIар а диллина, дассаделлачу цIийнан кетIа цхьаъ велира. Иза юккъерчу дегIахь вара, тIеюьйхина гоьлел лаха йолуш плащ а йолуш. Шен карара портфель охьа а хIоттийна, кетIахь динчу гIанта охьахиира иза. ХIетахь пхийтта шо хьалха кхунна кест-кеста гора Мада хIокху гIанта а хуий, чубузу малх а, суьйранна цIабоьду юьртара бажа а тергалбеш Iаш. Ишта-м, хIоккхунна хIара гIант Мадас дина а дагадогIура. ХIара хIетахь жима вара. Итт шо бен хир дацара кхуьнан. ХIара Мадина уллохь лаьттара, цунна оьшу гIирс: хьостам, жIов, я диг дIа а кховдош. И дина ваьлча, хIара шиъ цхьаьний гIанта охьа а хиъна Iийра, шиммо а дIабузу малх а, цIа богIу юьртан бажа а тергалбеш. Мадас кхунна оцу дийнахь боккха цIен Iаж а белира.

Амма Мадас цкъа а, шен йоI Жарадат санна, кара а хаавой хьаста ца хьостура хIара. Цундела кхуьнан, мел лаахь а, Мадин кIайчу можах куьг хьаккхарх дерг а ца хуьлура. Жарадата, еларца гIад а оьхуш, и деш, хIара юьстах а волий, боккхачу хьегамца цу шинга хьоьжуш Iара.

ХIарий, Жарадаттий цхьана хенара ду ала мегар дара: хIара ялх бутт бен воккха вацара цул. Цундела ишколе эха а цхьаьний доладелира и шиъ. ХIоккхуьнан да вацара. Цундела Жарадатан да Мада, шениг ца хетийла хIеттехь тосаделира кIантана. Мада, Жарадат хIоккхаьрга еанчохь, я хитIа яханчохь хьеелча, кхойкхура:

— Жарадат, во Жарадат! Схьайоьллахь сихха дадина! — олий.

Амма хIоккхуьнга ца кхойкхура иза цкъа а: — Эдал, во-о, Эдал, — олий.

Мадас кхуьнан цIе ца йоккхура цкъа а, иштта дIа «Схьавоьл кхуза», я «КIант, схьавоьл» олура, шена хIара эшча. Кхуьнан цIе ЖуьхIирта а ца йоккхура.

ХIетахь иза ца кхетара ЖуьхIирт а, Мада а шеца иштта тамашийна стенна ду бохучух. Цунах и тIаьхьа кхийтира, ишкол чекхъяьккхина кхнаран аттестаташ схьаделлачу шолгIачу дийнахь, Бакъду, хIетахь а ма-дарра ган-м ца гора цунна и бахьана, хIинца санна.

И бахьана кхуьнан воккхах волу деваша хиллера. Нанас кхунна цкъа а ца вуьйцура и кхуьнан хилла волу деваша, я и кхунна хилла ца хилла а ца хаьара. Кхунна нанас да вуьйцура. Иза ламчу колхозан дохнна докъар эцна воьдуш машен бердах а яхана, веллера. ХIетахь Эдалан цхьа шо кхаьчна хиллера.

Тховса шен дIаяханчу бераллех лаьцна ойланаш еш, кхунна дагаоьхура хIетахь ша тидаме оьцуш а ца хилла цхьацца кегий (хIетахь, шена гергахь, пайдабоцу) хIуманаш. Масала, цхьанна а воккхачу стага кхуьнга, хIара хьенан ву хиъча, цкъа а ца олура, кхечу дай боцчу берашка санна, «Деллахь, ма дика стаг вар-кха хьан да. Ма хеназа хили-кх цуьнан валар а...» Ца олура. «ХIун деш ю Совдат? Ларайой хIара?», — олий, нана хоттура. Иза а

деваша бахьанехь хиллера. Мила хилла иза? Дуьххьара цунах лаьцна мелла а хIума ша аттестат схьаэцначу шолгIачу дийнахь хиира кхунна. И де дагалаца гIоьртича, бIаьргашна хьалха хIутту кхин цул хьалхалера цхьа де.

Иза май баттахь дара. Сенъеллера басеш, тогIеш, цхьадолчу дитташа гIа даьккхинера. ХIоккхеран цIеношна уллора дIайолалуш яра хьун. Оцу хьуьнха дажа дIалохкура бежнаш а, уьстагIий а. Кхунна хIинца а дика дагадогIу, шайн цхьа етт, эсий хилла, ЖарадатгIеран оццул бежнаш а, ялх уьстагI, ши Iахар а бара. Гуттар а уьстагIий дажо Мада воьдура, догIа догIуш хилча, шена тIе брезентан плащ а кхуллий. Наггахь, Мада цхьанхьа вахча, я могаш воцуш хилча, Жарадат йоьдура уьстагIий дажо.

Оцу дийнахь а Мада цхьана бахьанина цIахь а Iийна, Жарадат яхара уьстагIий дажо. Цунна тIехь цIен болоньян куртка яра. ГIеххьа геннара и тергалъеш, лаьттара Эдал. Цунна чIогIа хазахетара, иза куртки кисана ши куьг а дуьллий, корта аркъал а буьллий, гIийла лешачу догIане шен юьхь яшайойтуш лелаш. ТIаккха цо юьхь тIера хиш куьг хьоккхий дIа а дохий, юха а иза догIана кIел лоцура. И лелон кIордийча: «Сан цIинцIолиг, цIинцIолиг» олий, шина Iахарх цхьаъ хьостура. ТIаккха йоьлура цIена, доггах. Цуьнан елар, догIанан Iаннашкахула уьдучу Iоврийн гIовгIанах оьй, бIаьстенан самукъанечу, сирлачу эшаре доьрзура. ХIара меллаша тIевахара цунна.

— Бов-в!

Шаьшшиъ жима долуш ма-аллара элира цо. ХIетахь чIогIа нийса догIуш а дара и «бов-в». Жарадат ша йолччохь кхера а лой, тохалора. Ткъа хIара цуьнан кхераялларх кIажъоьхуш велалора... Эххар а, кхин са а ца тохалой, Жарадат а елалора.

ХIинца и «бов-в» цхьа ца догIуш дийкира. Я Жарадат цунах кхера а ца елира, я хIара вела а ца велира. ЙоI, Iахар дIа а хецна, схьайирзира. ХIара вист а ца хуьлура. Эдална шена а ца хаьара шена хIун хилла. Кхуьнан дегIехула яьржира цхьа таме, аьхна йовхо. (ХIинца а, пхийтта шо дIадаьлча а бIаьргашна хьалха лаьтта Жарадатан хIетахьлера амат. Цуьнан юккъера дегI дара. бераллин иралла йовш горгдала доладелла. Дуткъачу цIоцкъамашна бухара Iаьржа бIаьргаш — гуттар чохь тайп-тайпана синхаамаш беха чоьнаш, — оцу дийнахь цхьа тамашийна севцинера. Деса дацара уьш. Амма даима синхаамашца кхехкаш хилла уьш, стенна делахь а, дIатийнера. ХIетахь дуьйна, иштта сецна, хьагаме бIаьргаш мосуьйттаза гинера цунна зударийн. Уьш мосазза го дуьхьал хIуттура хIетахьлера бIаьстенан де. Цул тIаьхьа цунна оцу я кхечу зудчуьнгахь ша сатийсина синхьаам, шен сина там ца карабора, Дагалецамаша сабIарздора, мерза хеттарг къахьлора).

— Хьо ву иза? — халла хезачу озаца элира Жарадата.

— ХIаъ, со ву, хьо хIун деш ю?

— УьстагIий дажош ю-кх, — стенна делахь а, елакъежира иза.



— Тахана хаза де-м ду.

— Маьлхан догIа а ду.

— ХIаъ, ду, маьлхан догIа а...

Иза а велакъежира.

ДогIа дIасецира. Мархашна юккъехула гучубелира малх. БIаьндукъ-лома тIехьара хьалагIаьттинера стелаIад.

— Хьо стенна веъна?

— Иштта дIа. Аьлча а, хьоь цхьа хIума ала...

— Алахьа, ткъа.

— Жарадат, суна вайшиъ даима а цхьаьна хила дезаш санна хета.

Иза гIадъяхана елаелира. ХIара кхин а чIогIа вуьйхира. Йоьлучуьра саца а сецна, цо хьаьттира:

— ТIаккха?

— ТIаккхий? ТIаккха хьо... со эскарера цIаваллац, Iийр ярий хьо?..

Иза жоп а ца луш лаьттара.

Эххар а цо хазийра:

— Со-м Iийр яра... Ткъа хьо? — маьлхан зIаьнарш севцинера цуьнан бIаьргаш чохь..

— Муха, со? — (ХIара хIетахь ца кхийтира йоьIан оцу хаттарх. ХIинца хIара кхета цунах: безамехь шиннах гIийланиг йоI ю. ХIунда аьлча, шен даго лоьхург кхочушдан цуьнан таро яц, кIентан санна, я хIетахь ша, шен деган неIарш схьайиллича, вукхо шечуьнан ерш тIекъовлахь, кхунна мера хьалхха, зов-в аьлла тата а доккхуш? Оцу кхерамо кхоьллира Жарадатан и хаттар).

— Иштта, хьо хийца-м лур вац?

— Муха? Дера вац. Цкъа а-м. Хьо ца теша сох? Хьуна лаахь, ас дуй а буур бу.

— Стенах?

— ДIогарчу дашочу малхах а, сийначу стигланах а...

(Ма дагахь дацара кхунна оцу сохьтехь ша и чIагIо ниийсса бутт балале йохор ю бохург. ХIетахь-м хIара малхах, лаьттах, дуьненна тIехь мел долчу дезачух, сийлахьчух дуй баа кийча вара...).

— ХIан-хIа, ца оьшу. Со теша хьох. Ткъа хьо сох теший?

— Теша со-м.

Цул тIаьхьа цу шимма оцу хьокъехь кхин хIумма а ца дийцира. И шиъ цкъа дIасоцучу, юха долалучу маьлхан догIанехула лийлира, шаьшшиъ цхьаьна хиларан марзо а, хьаннаша литтина хIалваъ а муьйлуш, «Жарадат, ва-а Жарадат», — боху Мадин аз хазза лиц. Мада гIеххьа генахь, гу тIе а ваьлла, лаьттара.

— ХIун боху? — цунна гуччу а яьлла, дуьхьал мохь туьйхира Жарадата.

Эдал а цунна тIаьхьа дIа гучувелира. Мада кхин дуьхьал вист а ца хуьлуш, и шиъ долчу агIор схьаволавелира. Эдал, стенна делахь а, вуьйхира. ХIинццалца ца хиллера кхуьнца иза. ХIара

кхин дуьххьара хуьлуш а вацара Жарадатца. ХIетте а, тахана цунна цхьа новкъа деара ша Мадина кхузахь гар. Иза Мадина дуьхьал волавелира. Нийсса дIа ца вахалора, цхьа тамашийна галвуьйлура, когбаккхаран мукъам а боьхна.

— Суьйре дика хуьлда хьан, Мада.

(Малх чубуза лам тIе лахбеллера).

— Диканца вехийла, — хезаш а ца хезаш а элира Мадас. ТIаккха кхуьнга схьа а ца хьожуш, уллохула тIех а ваьлла, шен йоIана тIе дIавахара. Цул тIаьхьа масех кIира даьлча ЖухIирата шен йоIe элира:

— Оцу вайн лулахочуьнца долу гергарло Iадда дита деза ахьа, Жара.

— Иза, хьаха, дац дита йиш йолуш, — елакъежира Жарадат.

— Дита йиш йоцуш хIумма а дац, сан Жара. Ткъа иза ца дитча, ца долу.

— Стенна, нана?

И хаттар а, цул тIаьхьа цу шиннан хилла къамел а Эдална шера хезира. Иза церан серий дуцуш йинчу керта юххехь лаьттара, ткъа важа шиъ оцу кертал чоьхьа кхунна букъ а тоьхна хиъна Iара.

— Иштта. Хьан мах кхочуш вац и кIант.

— И хIун ду, нана? Иштта вон ву иза, я со оццул тоьлаш ю?

— Аса-м иза иштта дIа элира, йоI. Я оцу кIантана а, я цуьнан нанна а ала хIума а ма дац сан-м, ша диканиг ца алахь. ХIетте а...

— Стенна «хIетте» а?.. — цуьнан къамелехь елхаран эшарш хаалора.

— Хьан да реза вац, йоI, оцу гIуллакхана.

— Стенна вац, цо хIун дина, нана?

— Цо-м хIумма а ца динера, йоI. Цуьнан девашас...

— Хьенан девашас...

— Оцу кIентан девашас, хьуна дагавогIур вац иза. Оцу кIентан дел воккха вара иза иттех шо. Кху юьртарчу наха неIалт аьлла стаг вара иза.

— Цо хIун динера?..

— Цой? Цо харцметтанаш детташ, харцтоьшаллаш а деш, масех стаг хIаллакквира. Ву, аьлла мел хета къонах. Шен цабезам мел берг цо а, цуьнан накъосташа а цхьацца цIераш кхуллуш, чубахийтира, царех цхьаберш тIепаза байра. Царна юккъехь вара хьан деда а. Вайн ламанхойн махкахь лоруш къонах вара иза. ДIа ца доьрзуш мел эрча даьлла мостагIалла а, цо говза дош аьлча, гергарлоне доьрзура. Иза а оцу кIентан девашас а, цуьнан накъосташа а лацийтира. Кхунна цкъа а бIаьрга ганза йолу пхоьазза йолу топ кхуьнан тховх дIа а йиллина, цу тIе Iедал а далийна...

Суна хIинца а бIаьра хьалха лаьтта и сатосу хан. Дохк а долуш, тIуьна бIаьстенан юьхьан Iуьйре. «Дала бекхам бийр бу-кх хIара тешнабехк суна бинчунна, дала бекхам»... — бохуш ши куьг тIехьа а дихкина, цхьана хурашкаш йолчу нахана хьалха а ваьлла, дIавахана хьан деда. Когаш кIелахь хатто «цкъашт, цкъишт» а деш. Бакъду, цул тIаьхьа дукха хан ялале, оцу кIентан и деваша а, цуьнан накъостий а Iедало ша лийцира. ХIетахь лацарх кхин цIа ваза вайна иза а...

Эдал кхин дIа цара деш долу къамел хезаш вацара. Цунна дерриге дахар цхьана хIинццалц евзаш ца хиллачу агIор гира. Оцу дахарехь малх а иштта сирла ца лепара, хьаннаш а иштта баьццара яцара, я олхазарийн эшарш иштта тамехь ца екара. Оцу дахаречу массо а дIийнан корашкара стогарш, милташ чу а оьзна, гIийла догура. Иза Iадийра шена хIинцца гинчу дахаро, цуьнан бес-бесера доцуш, Iаьржий-кIайн хиларо. «Ванах, суна хIинццалц гинарг гIан хилла-кх. Иштта дуй-те хIара?» — хи чу воьдучу стагах аз доцу мохь элира цуьнан даго. Иза хьаьдда, ша ма ваххалу чехка чу вахара.

— Нана, мила хилла сан деваша? — элира цо, хIинцца асарара чу а еана, садоIуш Iачу нене.

— Мила? ХIун? Хьуна хIун дина? — кхераелла хьаьвзира иза.

— Суна хIумма а ца хилла. Сан деваша мила хилла дийцахьа суна. ХIокху юьрто неIалт аьлларг хиллий иза, нахана тешнабехкаш, зуламаш динарг, харцонаш лелийнарг? Мила хилла иза?

ХIетахь ма йоьхнера миска нана. Цуьнан дегаден, пхенаш тIедевлла даккхий куьйгаш хIинца а бIаьра хьалха лаьтта. ЧIогIа йохийнера Совдат хIетахь цу хаттаро, хIокхуьнан девашас лелийнарг бехке ша йолуш санна. «Суна-м ца хаьа, кIант, и бакъ ду я харц ду, наха дийца-м дуьйцу иштта. Хьан да цунна тIера сагIа даккха тохавелча, баккхийчу наха цунна и дан бакъо-м ца елира», — и дешнаш элира цо хIетахь халла. Кхин хIумма а элирий? ХIа-ан, элира: «Хьуна стенна дагавеана иза? Хьан хIун бала бу цо лелийначуьнца? Ахь стенна сагатдо?»

Нанас аьллачу оцу дешнашна дуьхьал хIетахь хIумма а ца элира. Амма хIеттехь хаа-м хаьара, нана нийса йоцийла. Шира кхуо. Амма хIеттехь хаа-м хаьара, нана нийса йоцийла. Шиштта бахахь а, нанна шена а хаьара иза иштта доцийла. И иштта хиллехь, хIара вогIур варий хIинца хIокху юьрта?.. ХIан-хIа, жоп ло кIанта шен дас, шен дедас, вашас, девашас, ворхIе дас а лелийначунна. Суьдана хьалхахь ца лахь а, шен сийнна, шен дагна хьалха. И дерриге а беза мохь хилла дазло цуьнан белшаш тIехь и мохь охьатаса йиш яц, я вада йиш яц цунах. И мохь дIаккхехьа беза, мел хала хилча а. Йиш яц цхьаннан а дIадахнарг куьг ладестийна Iаддадита, я ца хилча санна Iен. Хила йиш юй цхьа а дечиг, дитт шен орам боцуш? Иштта ву стаг а. Иза карарчунна хьалха декхарийлахь хилла ца Ia, иза дIадаханчунна, хиндолчунна хьалхахь а декхарийлахь ву. И тидаме ца оьцуш, ша шена ваха гIоьртича, шена атто лоьхуш, стаг галволу, цунах зулам долу, кхуьнан девешех санна.

Эдал кхин нене вист а ца хуьлуш, ара а ваьлла, дIавахара. Вехха лийлира иза хьуьнхахула волавелла, ша хIун лeладо а ца хууш. Цуьнан коьртехь яцара цхьа а дийна, чеккхъяьлла ойла, цуьнан корта ойланийн, маьIнийн, синхаамийн кийсигаша сийсабен барз бара. ЦIеххьана цунна чIогIа къахийтира шех. Ша цхьа ницкъ боцуш, миска хийтира. Иза цхьана попана юххе бертал а воьжна, вехха вилхира. Ша-шех цец а вуьйлуш, чIоггIа, цхьанна хазарна а ца кхоьруш.

Цул тIаьхьа Жарадат кхунна масийттаза гира, генара хьаьжча. Амма тIе а вахана, цуьнга вист ца хилира хIара цкъа а. Даго тIе-м ийзавора цунна, амма кхуо дог а сацийра шен лааман дуьрстанца. ТIаккха Советски Эскарехь гIуллакх дан вахара. Цхьа шо дIадаьллачу хенахь АтагIарчу кхуьнан ненахошкара, Совдат кIелйисна ю, сиха тIеккхача, аьлла телеграмма еара. ХIара шен нана дIайоьллинчу шолгIачу дийнахь кхечира. Совдат могаш йоцуш хилча, и лелон кхин стаг а ца хилла, цуьнан вежарша шайга охьаялийна хиллера...

Эдална, нана дIаяьллачул тIаьхьа, ша цхьана есачу арахь висча санна хийтира. Оцу арахь догIа деача, я дарц хьовзийча, кхунна чулачкъа цхьа а хIусам а яцара, чохь, кхерчахь йогуш цIе а йолуш, я хIокхуьнца цу аренан шело, цхьалла, хорам, бала нийсса боькъуш цхьа а стаг а вацара.

Оцу есачу арахула къилбехьа я къилбаседехьа, малхбалехьа я малхбузехьа — мичча агIор буьйса-де ца лоруш дIаэхарх, Iаьнан еха буьйса чеккхъяллалц хIара варе хьоьжуш, цхьана а корехь йогуш сирла-можа серло а яцара; цхьа а вацара оцу шийлачу арахь гIорорна кхуьнан кийрахь бина гIайгIанийн ша, ца бийцича а ган а гина, башо ницкъ кхочур болуш. Цундела бен а дацара оцу есачу арахула мичча вахча а, я ца воьдуш мохехь, дорцехь Iадда лаьттича а. И иштта долу дела, эскарера ваьлча цIа а ца вогIуш, Россехарчу цхьана гIала, юьртабахаман институте деша вахара хIара, цигара — Сибреха, керла юьллучу совхозе балха.

ГIеххьа шераш дIаихира Эдал иштта волавелла лелаш. Цхьа а де дIа ца долура цунна юрт дага ца йогIуш. Мосуьйттазза тоха а велира цIа ваха дагахь. Амма даго ца витира и кхочушдан. «Хьанна оьшу со? Мила ву соьга хьоьжуш? Ткъа нагахь иза хилахь? Хир яц. Я хилча а, цуьнан дас, нанас юьтур а яцара иза шен лаам кхочушбан. ХIун гергарло хир дара цунах? Ткъа цкъа а юьрта а ца воьдуш Iен деза те? ХIан-хIа, хIара юьрта гIур ву, уггаре а тоьллачу машен тIе а хиъна, тIе тоьлла хIума а юьйхина. Ахчанца ларош а, нахана вевзаш а хилча хуур ду юьртахошна кхунах стаг хиллийлла. ТIаккха лаахь а, ца лаахь а цара лорур а ву. Ахчанна тIе Iилманча ву боху цIе тоьхча а новкъа дацара».

Иштта ойланаш хьийзара коьртехь. Ша дага ма лаццара дукха хан ялале хила а хилира цунах юьртбахаман институтан аспирант.



— Ма хазахета-кх суна хьо гина, Хьамзат. Кхин хIун ду юьртахь? Болххий, болх-м, хьаха, хир бара хьуна беззарг. Кху совхозехь болчех уггаре а тоьлашха берг. И дан сан ницкъ бу хьуна. Тхан лулахой хIун деш бу? Iаш дуй доккха ши стаг? Церан йоI марехь ю? Маца дуьйна? Пхи-ялх шо а хир ду? Дика ду, кхин хIун ду цигахь керла?..

И къамел хилира цуьнан кхуза ахча даккха веанчу шайн юьртахочуьнца, цIера араваьлла нийсса исс шо даьлча.

Хьамзата дийцарехь, Жарадат хIара эскарера цIа веана шо даьлча бен маре ца яханера. ХIинца кест-кеста кхунна хьалха хIуьтту и хеттарш. Бакъо ярий теша кхуьнан хIетахь Жарадатана гучу а ца волуш Iен? Нийса дарий-те кхуо динарг? Ткъа нагахь иза схьаялийнехь? Кху шиннан безамо, кхеран гергарлоно йойур яцара ткъа баккхийчу нехан дегнашкара цабезаман хьу? Цхьана юьххьехь уьш чIогIа оьгIаз гIур бара йоIана, иза тIе ца йита тарлора, амма тIаьхь-тIаьхьа басталуш, басталур бара. ТIаккха... Я кхечу кепара нисдала а тарлора. Хьанна хаьа? Ткъа хIинца кхунна и хеттарш цкъа а ца доьрзу, гуттар а хьегIа дагна хилла даьIнаш дара.

Цул тIаьхьа масех шо даьлча, цIеххьана кхуьнан ойла хилира: «Ванах, боккъал а иштта боьха стаг хилла теша сан деваша? ХIун хаьа иза бехк боцуш бехкала ваханий? ХIетахь и тайпа хIуманаш хуьлуш ма хилла. Бакъдерг а, харцдерг а, Iаьржа а, кIайн а кегахуьлуш. Мел сов хилла? И бехке вацахь, цунна реабилитаци яхьара аьлла, делла хилла? И бехке вацахь, цунна реабилитаци яхьара аьлла, кехат яздича хIун дара техьа?»

Аьхкенан довха де дара хIара юьрта веанарг. Урамаш деса дара. Вехха лийлира урамe ваьлла стаг гаре сатуьйсуш. Эххар некъара. Вехха лийлира урамe ваьлла стаг гаре сатуьйсуш. Эххар некъа юьйстерчу толлан IиндагIехь жима гIант а хIоттийна, цу тIехь хиъна Iачу стагана тIехIоьттира хIара, де дика а деш. Вукхо кхунна дуьхьал корта таIийра, тIаккха суьлхьанийн буьртигаш сихха «моллина» тIе а кхачийна, уьш хьарчош кисана а дехкина, хьала а гIаьттина:

— Диканца вехийла хьо, марша а вогIийла! — аьлла вистхилира. — Вало, чоьхьа вер ву вайша, со-м сагатделла, кху чохь вижна Iилла кIорда а дина, цхьа а стаг гур вацара теша аьлла, араваьллера. ХIара зуда диканиг а нисъелла, хIокхо кху ткъа шарахь дика кхобу со. Наггахь-м дов до, нехан санна зуда яло дезаш кIант а ву хьан, дIанисъян езаш йоI а ю, кху цIенна пайда тIебогIу агIо е боцуш. Аса ма хьийзавехьа со, зуда, сан дукха а «ахча» дара олу. Соьгахь туьманал сов ахча доцийла хуу и цец ма йолу: «Мичахь ду хьан ахча? ХIун ю ахь юьйцург?» Банкехь дукх йолу: «Мичахь ду хьан ахча? ХIун ю ахь юьйцург?» Банкехь дукх шортта, Iедало ледара а ца дуьтуш, лардеш Iуьллуш. Аса болх бина схьаэцчхьана. Вахь-хьа-хьа! — воккхачу стага шен беgаш а беш, кертал чоьхьа а ваьккхина, рагIу кIел вигира иза.

— Ахь суна бехк ма биллалахь, жима къонах, и сайн Iовдал

бегаш ца бича ца Iало со... ТIаккха, суна ма ца вевза хьо, — элира цо, шаьшшиъ чоьхьа ваьлла охьахиъча.

ХIокхо ша вовзийтира.

— Хьажахьа, воккха стаг хила хилла-кх хьох, ма йоккха йиййна а ер яцара Совдат-миска охьаелхьара...

ХIокхо ша деънарг дийцира воккхачу стагана.

— Хьан деваший? Махьмий? Вевзара, хьаха, дукха дика-м, — элира стага, — цунна Iабдулла а ма вевзара хьуна, — шена тIе пIелг хьажийра цо. ТIаккха гIад ваххана велавелира. — Бехк ма биллалахь, цхьа хIума дагадеанера суна. Мукха делахь а, хаза-м дара-кх иза: со цо чуволлийтина кхо бутт а балале, со волчу ма кхоьсси и шун деваша Махьма. «Марша вогIийла хьо, — элира аса цуьнга, — хьо а охьаккхечи. Хьоьга-м айхьа лоьхург кхаьчнера, со вон воьлли-кх ахьа кху чу...» Хаза самукъане бегаш болуш стаг ма вара хьуна иза. ШайтIано хьекъалх талхийнера-кх оцу цхьана юкъана. Сан хIун бехк бара, бохий ахьа? Тхойшиннан а безам болчу йоIа со къастор бара-кх. ЧIогIа дохко а ма ваьллера, хьуна, иза ша лелийначунна. Хаддаза деле воьлхуш, шена гечдар доьхуш хуьлура. Хьалха ламаз деш, я и дечех вешаш а хилла воцу иза, набахтехь чIогIа суьпаваьллера. Со-м къинтIера ваьлла цунна. ХIеттехь ваьлла. Оцу чохь велира и миска. Соьга шена къинтIера валар а дехна. Суна дагахь еса а ца хьаьара, сайна хуу аяташ а доьшуш, цунна коьртехь Iийра со и леш. Ахьа бохучу кехата тIе куьг а таIор ду. Аса тоххарехь дIаяьккхина сайн цуьнца йолу хьагI-гамо. Дера яьккхина. Махьма бакъ-дуьненчу дIавахна, цигахь веза-сийлахьчунна хьалха жоп дала деза хIоранна а ша хIокху дуьнен тIехь лелийначунна...

Оцу дийнахь кхин цхьана керта а хIоьттира Эдал. Оцу кертарчу воккхачу стага чIогIа велавелла, векхавелла тIеийцира хIара.

— Бехкий? Цхьа а тайпа, хьаха, бацара. Цхьа а тайпа. Дера вара хьан деваша дика стаг. Кхузарчу нахана стенна ца везарий? Шайл тоьлаш верг цхьа а ма ца веза нахана. Цундела харц цIе кхоьллир-кха Махьмина... ХIинца хьажал хьо, хIинца хIокху сайн доьзалца сьрамсеккхаш лелош ву со. Уьш Аштаркхне бохка а кхоьхьуш, цхьа да воккха ца воь хIума а йоккху ас. И шун керт а ю хьуна ас лелош. Вай мелла а гергара а ма ду. Ца лало-кх нахе, сожимма а ларош. Иштта ма бу нах. Я уьш вайшинга кхета а лур ма бац хьуна. Аса, хьуна лаахь, миччахь а чIагI а дийр ма ду Махьма дика стаг хилар. ДIаваха воллу хьо? Iохьа цхьажимма. ХIинцца чай лур ду вайшинна. Шайн керта-м ца вахана хьо? Ас стенна бохурий? Оцу цIийнна тIера кибарчиг, хьо реза велахь, аса дIаIалашйийр яра, Бераша а, наха а тхов тIе хIуманаш еттэш кегйо уьш. ДIавала, суна муха лур ю ахьа уьш? Ца оьшу. Делахь, дала сагIа йойла хьан уьш. ДIавало ткъа. Iийнехь дика дара. Iодика дала йойла.

Цул тIаьхьа ши шо гергга зама елира хIокхо ша яздина кехат



дахьийта деззачу дIа ца дохьуьйтуш. Масийттазза тохавелира иза и кехат конверта чу а диллина, почтан яьшки чу кхосса. Амма хIоразза а кханенга тоттура. Муьлхха елахь а, кхуьнан кхетаман кIоргенехь цхьа ойла яра и гIуллакх чекхдаккхарна новкъарло еш. Эххар а, цунна хиира и хIун ойла ю: «Iедало сан деваша реабилитировать вича а, сан юьртахошна цул тIаьхьа а ша хьалхалерниг ма ву иза...»

Эдал чамданаш вовшахтоха волавелира...

ХIара иштта хIокху кетIарчу гIанта а хиъна Iаш, тIаьххьара нIаьнеш кхайкха юьйлира. Сатаса гергадаханера. Мела бIаьстенан мох бара дIо аьрцнашкарчу дитташка гIийла узам бойтуш. ГIад стамделла догIучу ахкан гIовгIа а, пхьидийн хаддаза екар а, юкъакара чIоьбан Iехар цхьа хьоме, дагна гергара, бIаьргех хиш даллал мерза а, къаьхьа а хетара. Кхунна хорам хилира, велхаран шад хIоьттира логехь.

Иза хьала а гIаьттина, волавелла шайн цIенош хиллачу вахара. Сьрмсеккхаш лелош волчу кхуьнан гергарчу стага кибарчиг хьовха, кху цIийнан ерриге гIишлон дечиг а дIаIалашйинчух тера дара. ЦIенош хиллачохь цхьа чхо йоьттина тIулг бен хIумма а ца йиснера. ХIара хьаьвззина юха а шайн лулахойн керта веара. НеI чIогIа дIачагIйинера, масех хьостам а тухуш. Кораш тIе жIаран хьесапехь шишша пIендагIа а тоьхна дитинера.

«За-а-къ», — гIовгIа йира хьастамо, кхуо гIаж схьаозийча. «За-акъ» — шоллагIа а. Генахь доцуш жIаьла летира. Ши гIаж схьа яьккхина, ша мукъа даьккхина кор меллаша схьадиллира цо. Чуьра схьа Iаждарбецан хьожа кхийтира.

...«Цкъашт-цкъишт», «Цкъашт-цкъийшт».

— ХIей, мангалхо, маьлхе хуьлда хьан!

— Далла езийла.

— Хьо ма Iуьйрре гIаьттина?

— Иштта ма ву со. Хьо стенна гIаьттина сел Iуьйранна?

— Со бежнаш лахка а яхана, йогIуш ю-кх.

— Нах хIинца лахка боьлхуш бу, хьо дIа а лаьхкина юха-йогIуш ю.

— Иштта ма ю со.

— Иштта-м яра хьо...

— Iаждарбецан чай дац кхузахь?

— Ду, дIогахь-м. Чай мала соь чукхайкхалахь.

Мор буьззина Iаждарбецан цIов а эцна, дIайоьду иза. Ткъа зезагаш? ХIокхо, са ма-тесси схьа а веана, ша мангал хьаькха волалале даьхна. ХIинца а тIера тхи дакъа а далаза, кхунна юххехь Iохку уьш. ХIинцца хIокхо мохь туху цуьнга, хIинцца... ХIара дог ма чIогIа деттало. ХIокхо жимма юхаозахьара... Жарадат, гул тIема чIогIа деттало. ХIара хьа къайла а яьлла, дIаяхара. Зезагаш Iахка диснра. Уьш малхехь дакъаделира, дакъаделира зезагаш, дIадалаза диснарш...

Эдал корах чоьхьа велира. Сонехь лаьтта аьчган маьнгин гIов-

ланаш тӀехь йина паднар къаьстира цуьнан бӀаьргашна. Оцу тӀехь Ӏуьллура Ӏаждарбуц. И схьаэцна, ехха цунах хьожа йохуш лаьттира иза.

ТӀаккха когара мачаш дӀа а яьхна, паднар тӀе хьала а ваьлла, дӀатевжира...

ХӀорш диъ ду сискаллий, тӀо-бераммий, етшурий дууш. Берам хӀокхарна юккъе лаьттачу кеда чохь бу. Уггар хьалха берам чу шен сискал Мадас Ӏутту, тӀаккха — ЖуьхӀирта, тӀаккха... гӀеххьа хан йолу Жарадатий, кхой вовшашка рагӀ кхийдош. Эххар а, кхо шен сискалан юьхк Ӏутту берамала. Иштта рогӀ-рогӀана шура а молу кхара цхьаьна кедара.

ЦӀеххьана кхунна тосало шена гонаха цхьа а ца хилар. ХӀара ша ву-кх сискал а, берам а, шура а юуш. Вуьш мичахь бу. Хьала хьожу хаӀра. Юьстахо лаьтташ цхьа нах бу. Уьш цхьа тамашийна белакъежа кхуьнга а хьуьйсуш. Царна юккъехь ву Мада. Иза, кхунна тӀе пӀелг а хьежош, цхьаъ-м дуьйцуш ву. Цавашаран велакъажар сецна цуьнан юьхьа тӀехь.

ХӀоккхуьнан логел чоьхьа ца йолуш юьсу юург. ОьгӀазалло, шен гӀелалло, миокалло бӀаьргех хиш доху кӀантана. ХӀара хьалаэккха, кхуьнан ког кхетий, берам а Ӏена. ХӀоккхуьнга мохь болу.

— Сан хӀун бехк бу, сан хӀун бехк бу?! Дог ца Ӏеба хьан сох, Мада?

Эццахь велхаран къурдаш а деш, самаиккхира Эдал. Хьала а гӀаьттина, чухула дӀаса а лелаш, къилла ваххана велха хӀоьттира иза. Цунна дагаеара дахарехь шена мел хилла гӀело, шен цхьалла, шен кхелхина нана, шена цкъа а ганза, дуьненах ваьлла да, шен кхочушъяза йисина бераллин мерза ойланаш, сатийсамаш...

Эххар са духа а хьаькхна, цигаьрка а латийна, пеша хьалхахь когаш тӀе охьалахвелира иза.

Пешан неӀ схьайиллира цо. Кхерчан чоь цӀе хьала латон бен ца езаш, буха кегий чӀийшаш дохкуш, тӀе дуткъа декъа дечиг дуьллуш кечйинера. Оцу дийнахь, ша лечу дийнахь, чохь мелла а шийла а хетта, цӀе латон тохаелла хир ю ЖуьхӀирт. Амма ца кхиъна иза. Ца кхиъна цӀе хьала лато а, цуьнан йовхо хааяла а. Ца кхиъна.

Иштта дӀадолу-кх дахар. Стаг ца кхуьу цӀе латон, латта аха, етт оза... Иза юкъахвуьсу.

Эдална цхьа чӀогӀа халахийтира, цуьнан бӀаьргех хин тӀадамаш девлира. Цо шен кисанара яьккхина оирник латийна пешарчу чӀийшашна тӀеяьхьира. Кхерчахь хьалалеттачу цӀеран серло цӀенкъа кхийтира.

Йогу цӀе. «ТӀах-тӀиххханехь» лелха декъа дечиг. Йогу масийтта шарахь санна. Йогу, цхьа шой ах шой хьалха латоза йисина, кхуо хӀинцца латийна цӀе. Кхуьнан юьхьа тӀе еттало цӀеран йовхо...

Эдала, вахана кора хьалххa ша охьахӀоттийна лаьтта портфель хьала а эцна, дӀайиллира. Цу чуьра цхьа кехат схьайийцира цо.



Иза девешин гӀуллакх дуьйцуш яздина дара. Пеша хьалха а лахвелла, вехха цу тӀе хьоьжуш а Ӏийна, иза хьарччийна кхе кхоьссира цо. ЦӀе кхин а серлаелира.

Эдал корах ара а ваьлла, новккъа басах чуволавелира. Вухахьаьжира иза. Сатоссуш серлайолучу стиглахь къаьстара Мадин, ЖуьхӀиртан цӀийнан туьнкалгах арабуьйлу кӀайн-сийна кӀур. ХӀара Мадин шовдан тӀе (иштта йоккхура наха оцу шовдан цӀе, Мадас иза Ӏалашдо дела) воьдура.

Шовдана тӀера Ӏаь гӀуьтту, дохк санна. ТӀуьна а, шийла а ю кхузахь. Шовда, шина биргӀанна чухула а долий, тӀулгаш тӀе деталуш духуш, юха массо а цинц цхьаьна а кхетий, жима ахк хуьлий, дӀадоьдий, бердаш юккъехь дов.

Эдала, когаш тӀе охьа а лахвелла, канашца, эцна, шовданан хи мелира. Кхин а, кхин а, кхин а. Ца Ӏебаш муьйлура цо шовда.

*1981*

## КХАА ВЕШЕХ ТУЬЙРА

— ЧӀАМА. ЧӀама... — дохк долчу маьркӀажехь къорра дека юьйцинчу керта йисте а хӀоьттина кхойкхучу зудчун аз.

Кхин а, кхин а кхойкху. ТӀаккха хеза цунна цӀенна генахь доцчу Ӏинчуьра: «МӀо-о-о». Дукха хан ялале гучуболу етт а ша.

— Хьо бист стенна ца хуьлу, ЧӀама, хьайна хеззашехь... Хьуьйц, хьуьйц, бало чу. Собар, ас неӀ схьаеллалц. ХӀинца бало. Хьуьйц, хьуьйц, бало чу. Ма лестабе и корта. ХӀинцца... Ас гӀабакх аьтта хьуна. Яа, ех корта бетташ, Ӏена а ца еш. Мичахь хоттала бахана хьо? Чуо кӀела кхаччали? Собар, хӀинцца. Ас иштта алах горгам а йина, дӀацӀанбо хьо. Схьа а ца хьоьжуш хьайн гӀабакх яа. И цӀога а ма лестаде... ХӀаъ, ели со, ели. Яа хьайн гӀабакх. Ас меттиг тайина, буха йол а тосуш... — божал чуьра ара а йолий, цӀенна тӀейоьду зуда.

Дикка Ӏаржъелла. Хиллачу хьайбанийн хьожа еттало бешара схьа. ТӀуьна а, шийла а ю суьйренаш...

Юха а тӀекхечи гуьйре. Везандела, кхин цхьа гуьйре ган а доьгӀна хилла-кх. ХӀара муьста хан. Дохк а долуш. Массо а даьӀаххана а хаало тӀуналла. Ара а яьлла, дӀо кертах, чӀийш даха деза. Ма Ӏаьржа а ю, цкъа а са а тосур дуй теша? Хийла хили-кх и ойла, хӀокху дехачу масийтта шарахь. Са а теои, малх а кхийти. Юха а Ӏарж а ели... Кхунна хӀумма а ца хили. Хьер а ца ели, яа а ца ели. Муха ца хили. Дерриг дахар дӀа-м даха. ХӀун дисна цунах тӀаьхьа?

Ехха керт йоцчу учи йисте а хӀуттий, лаьтта иза, тишчу кортанах а хьерчаш.

— И дуо мичара баьлла. Кху кертахь дуо боцу хӀун хан ю? —

шабарш до цо. БIаьргаш а хьаккхадой, юха а хьожу иза уьйтIенан маьIIе, хIумма а яц, сурт хIоьттина хилла-кх.

Лаьтта-а-ш кхунна юха а го дуо. ТIаккха аьзнаш хеза. Боьршачу стеган велхар. Кхунна девза воккхахчу вешин Даччин велхар.

— Маржа Дачча яI, хIокху ткъе берхIийтта шарахь иштта лаьтта-кх хьо саццаза воьлхуш. Хьан бIаьргех дийнна аьхк хилла, — шабарш до зудчо.

ТIаккха иза дIатоь, когаш тIе охьа лахлой. Елхаран къурдаш а деш. Юха а хеза аьзнаш. Дайх куьг а гIортийна воьлхуш лаьтта Дачча.

— ХIун хилла вайна, — иза ден аз ду.

— Вайн... вайн... Салахь вийна бах.

Дада, дада... Муха лайра ахь иза. Иккхина дIа стенна ца дахара хIара латта? Хьо-м Iадда лаьттара, тIулгах волуш санна.

— Собар хила деза-кх, нах кхаьрдар бу вайх...

— Иза суна хьалхара вахна ма хилла. Ша со ву а аьлла...

— Мухха делахь а...

ДIадов аьзнаш... ТIе хьаьрдаш тоьхна дуо а дIабов. Массо а дIавов... Цхьа бода буьсу.

— Маржа, Дачча, маржа... Шу массо а дIавоьду. Со юьсу кху боданца, — шабарш до зудчо юха а.

Учи тIера охьа а юссий, уьйтIе а хадош, юьйцина керт йолчу агIор йоьду иза. ГIаж а луьйзуш. Хатто дIаяьккхина кало лоьху цо куьйгаца, цхьана кога тIе а хIуттий. Эххар а карайо. ТIаккха юха а йоьрзий, цIийне бIаьрг бетташ лаьтта.

Тишделла цIа, кир тохаза шо а тIехдаьлла, ладарш оьху тховкчу. Жимма лаьттах чудахча санна а хета. Кораш раздевлла, хIинццалц цIена латтадора цIа, хIора бIаьста кир а тухуш. Даханчу шеран бIаьсте тIеккхаччалц хIара тешара, цхьаъ милла а веъна а цIа вогIур ву бохучух. Амма шераш дIаоьхура, цхьана а хьешо кхуьнан неI ца тухуш. Кхуьнан тешам жим-жима шелбала буьйлира. ХIетте а цIенна шех и дIа ца ходуьйтуш, охха лиййлира иза а. Цунна хаьара а тешам цIенна дIабаьлча, шен дерриге а дахар бода хилла дIахIуттур дуйла. Iаьржа бода хилла. ХIинццали а дара иза-м бода. Делахь а иза сира бода бара, дохк санна, оцу даккхархула, маьлхан серло санна, гIийлла хаалора кхетаман кIоргенехь болчу кхуьнан тешаман къегар. Кхо сатуьйсура оцу къегаро эххар а цхьана дийнахь шен дахарх хьерча дохк дерриге а эшийна дIадаккхаре. Оцу дийнахь и кхуьй а керта вер ву. Вела а къежаш.

— Тхан йиша, оха са дин хьан, къинтIера яла, Iаламат хала дара тхуна...

ХIаъ. Салахь а хир ву. ХIун ду и вийна аьлла, кехат деъча? Хийла цIа баьхкина уьш цул тIаьхьа а. Хьуьлла эвла йистера Iуспа, тезет хIоттийна ци шо даьлча, цIа веара...



Стохккалц иштта хетара, стохка бIаьста хIаллакьхилира кхуьнан тешам. Карара яьлла чкъург санна, хахкабелла дIо Iин чу а кхетта, боьхна дIабелира. Иза дуккха а йилхира цуьнан коша уллo а хиъна. Цунна тIе лекха буц яллалц.

ТIаккха чуеара, бIаьргара хиш а кхачийна. ХIинца хIара а йоьлхура. Елхаяла а хиллера-кх цхьа ирс. ХIинца хIара меллаша, хахкаелла цу й и с т е йоьдура, д а х а р а н й и с т е, шена а хууш ша йоьдийла...

— Со ара стенна яьллера?.. — бодашкахь чIогIа декаш санна хета зудчунна ша шабаршца аьлларг. ТIаккха лаьттий:

— ХIаъ, чIийш даха... — тIетуху шо кхин а меллаша.

Кало хатте дIа ца лацийта, ког, охьа моссазза боккху дIаса а хьовзош, эххар а дIакхочу иза керта йисте. Цхардоьллачу серийн кегдаралан татанаш сих-сиха лелха тийналлехь, тIаккха сих-сиха дов.

— Маржа дуьне яI! Маржа... Тховса тIаьххьара дIаели хьан куралла а Сану. Хьайн гонахара керт ягон юьйли хьо а. Хьалха хьо ца ешара и дечех, хьуо цхьаъ бен йоццушехь, хьан гуттар а хуьлура хьалххехь Iалаш дина лаьтташ дечиг. Кху шарралц... хIинца... — ша шега а луьйш, пешахь цIе хьалалато гIерта йоккха стаг.

Эххар а цIенкъахь ловза юьйлало цIеран серлонаш. «Дувв» до пешо, йовхо яьржаш чухула. Зуда, паднар йисте а хуий, цIенкъа бIаьрг а бетташ Iа. Дуккха а Iа иза.

Хийла хан яьлча, цунна хеза беран, бархI-исс шо кхаьчначу йоьлан олар. ТIаккха аз:

— Ваша... Ваша... боккха хиллий и саьрмик?

— Хилла боккха-боккха. Бузуш а ца хилла мел хIума йиъча а, — и Даччин аз ду. Иза кхуззахь паднара баьрччехь хиъна Iа. Цуьнан когашкахь Iийриг мила ю? Жима йоI, Iаьржа, даккхий бIаьргаш а, хьийзина кIужалш а йолуш. ХIара ю-кх, шовзткъе пхиъ шо хьалхалера, Сану.

Зудчо тIе куьг кховдало цунна. Амма иза ца хилча санна, дIайолу. Еса ю чоь, цхьана пешан гIовгIа бен хIумма а ца хеза.

Со IадIа шуна, дIа ма гIойша.

Зуда ша йолччохь дIахеба. Цунна юха а хаза долало аьзнаш. ЧувогIу Шидий, Салаххьий. Охьаховшу вежарий.

— Дечиг даьккхиний аша? — хоьтту Даччас.

— Даькхна.

— Делахь,со говр хитIа эцна воьду.

— Говр хитIа а йигна, дIа а Iалашйина, бежнашна хIума а тесна...

— Массо хIума а дина ашшима-м, со Iашшехь...

Салахь, Салахь... Боккъал а хьо воцуш деха техьа хIара маьI-хан дуьне?

Кху Iаннашкахула декка хьан пондаран аз кхин хезар дац-те

цхьанна а? Цхьанна а гур дац-те хьан хелхар — стиглахь детта ткъес?..

Аьзнаш дIадов, зудчунна шен чоь серлаяьлча санна хета. Самукъадолу цуьнан. ХIара хIун ду техьа? Иза ехха Iа хиллачух ца кхеташ. ТIаккха ойла кхуьу: и марзо ю-кх кхуьнан вежаршна юккъохь мацах хилла, тховса кхуза еъна. БIаьстенан зезагийн хьожа цу марзонан, цуьнан серлоно латтош дара кхеран цIа гуттар а къегина. Иза даима а дуьхьал лаьттара арара чугIертачу бохамийн боданна.

Цхьацца шо юккъе а дулуш, дуьненчу бевллера кхуьнан вежарий, хIара массарел а жимах яра, цунна тIе вина масех доьзалхо кхелхинера, жима волуш. Иза кхуьура вежарийн безамехь.

Зудчо доккха садоккху, тIаккха когаш Iуьйра лаьтта юссу. Аннаш цIийза. Ша йолччохь хIуттий лаьтта иза, ладоьгIуш. Тхов тIера чуоьхучу догIанан тIадамийн тата хеза.

— ГIодмаш дIадотта а ца кхии йочана хилале, — шабарш до цо.

ТIаккха дIайовш лаьтта цIе марсайоккху, тIе чIийш тохкий.

Корта морзах карахь болчу куьйгашна тIе а буьллий, дIаса а техкаш, Iа иза, цIаре а хьоьжуш. Аьзнаш хеза цунна юха а.

— ТIом баьлла Герман тIелетта боху, — олу хIетта Шуьйта-гIалара цIа кхаьчначу дас.

МоггIара хIиттина лаьтта, ойлане а бевлла, вежарий, цхьа а вист а ца хуьлуш.

— Дада, Герман и Саьрмик буй? — хоьтту жимчу йоIа. Амма да вист а ца хуьлу. ТIаккха вежаршка хоьтту. Цара тергал а ца йо хIара. Кхо юха а хоьтту. Эххар а Даччас каралоцу жима йоI.

— ХIаъ, саьрмик бу, бийна дIабаккха безаш, — олу цо кхуьнан коьртах куьг а хьокхуш.

Зудчунна хорам хуьлу. Садукъло цуьнан. Шен ницкъ маббу къурд бан гIерта иза легашкахь лаьттачу дагахьбалламийн шодах. Эххар а мукъа довлу легаш, шад пхенашкахула баьржий, ира йевхо а хуьлий, дIабов.

— Ваша, ваша... Хьо лата гIур вуй цу саьрмиках?

— ХIаъ.

— ТIаккха Шида гIур вуй?

— ХIаъ.

— ТIаккха Салахь тIаьхьавогIур ву, дадин шаьлта а яхьаш. Вуй? Юха Саьрмико дIакхаьллича Iуьрг а даьккхина, цуьнан букъа тIе вер ву. Вуй? Юха буьйр бу Саьрмик хье юккъе шаьлта а тоьхна. Буьйр буй? Буй...

Шовданан ми санна, зов хилла дека йоьIан аз. ТIаккха дов.

ХIетахь боккъал а иштта хир ду а моьттура. Делахь а уггаре жимахниг, уггаре а хьалха саьрмиках лата вахар нийса ца догIура хетачуьнца. И иштта хила дезаш а ца хиллера. Дачче тIаме кхойкху кехат шега дайитина аьлла, юьртсоветан белхахочуьнца барт



а бина, дIаваханера Салахь. Даччас хIетахь Салахье ала а элира, сел жима волчу хьоьга стенна кхойкху, ша а витина. Цо иштта хила дезаш ду, элира, хьоьга тIаьхьа кхайкха а мета. ТIаккха и вийна аьлла кехат деъча, юьртсоветан секретаро дийцинера Даччина ма-дарра.

— Маржа, Дачча яI. Хьо дуо юххе а хIоьттина воьлхуш гича а, со ца кхетара хиллачух. Суна моьттура дерриге а ахь сайна дийцинчу туьйранехь санна хир ду. Хьо велха а ца воьлхуш, сихха шаьлта а эцна саьрмиках лата стенна ца воьду бохуш ойла яра сан. Салахьана тезет хIоттийна кIира даьлча, хьо вахара... ХIетахь дуьйна ваза ву...

Цхьа татанаш а хезий, йоккхачу стага сацадо шен шабарш. ЛадугIу цо. «Къарш-къарш» — хеза тхов тIера схьа.

— Дехкий а тIетаьIна цIенна... Дехкий, неций, мох а, шело а... Чаккхе ю-кх кху цIийнан а, сайниг санна. ХIан-хIа, со ца кхоьру шуна, дада, нана, со ца кхоьру шуна, Дачча, Шида, Салахь, оцу чаккхенах, кхерахь а, ас ловр ю шуна, иза, нахала а ца йолуш. Суна ма хаьа аша а иза иштта лайний. Аш лайна лазам лар боккха синхьаам бу. Вон хьаха дара и дан ца дезахьара... Делахь а шух цхьаъ цIа варе сатийсинера ас, Дачча. Сан нахаца ях ма ю. Суна лаьара Нажин доьзалх хIу дуьненахь дуьсийла... Лиъча буй пайда?.. Ахь суна бийцинчул а боккха хилла хилла-кх, Дачча, шу лата дахана Саьрмик...

«Къарш, къарш, къарш» — тхов буучу дехкийн татанаша къардо зудчун шабарш. Иза хьала а гIоттий, аннаш а цIийзош, паднара тIе йоьду. ДIакхачале шозза соцу иза, аннийн цIийзаре ла а доьгIуш. ТIаккха паднара йисте охьахуу, бIаьргаш кора тIе а дугIий.

— Хьо цхьаъ бен вацара сан висна, хьо ца вахча ца мега тIаме... — ненан къурдаша хьала юзу чоь.

— Массо а воьдуш хилча, со ца вахча стенна мега? — гIийлла дека Шидин аз. Дечган лоха зIар тIе а къовлий, кех волу иза. И сирла-баьццара буц, и кIайн-къорза зезагаш мохехь листина, кхин ца девлла кетIахь хIетахь дуьйна. Уьш Шидица дIадахана, тIепаза дайн.

— Маржа, Шида яI! Хьо вара уггаре а тIаьхьа вахнарг. Хьо вара и Саьрмик а эшийна, важа шиъ а валош цIа ван везарг. Хьан шаьлта аьрта хили техьа, я оцу Саьрмикан чкъор чIогIа хили техьа? Хьала ца валалуш виси техьа хьо цу Саьрмикан, кийрахь... Маржа Шида яI! Хьо дIавоьдуш, зазанийн патарш хьийзара хIаваэхь, дитташ техкара мохехь ТIаккха кестта къаьстира нанех, дадех. Кху кертахь шиъ дисира: сой, бодий, — догIанах а ийна Iенало зудчун гIийла шабарш.

Ша сецча, чоь кхин а еса хета цунна. Цхьаъ тIеоьцуш санна. ХIун? ХIа-а, пешан гIовгIа дIаяьлла. Даьгна девлла чIийш. Чоь шеллур елахь а, кхин араяла дог-м ца догIу. Сатухур-кха сатассалц.

Иза метта а йолий, тIе юргIа а тосий, дIатаьIа. Мичара наб. Хаддаза лардо цо кор. Кестта кхайкха юьйлалур ю тIаьххьара нIаьнеш. ТIаккха зарзлур бу бода.

Оцу боданехь Iуьллу некъ. Иза кхуьнан дахар ду. Шида дIавахначу дийнахь хилла цунах дахкарлахь хьийза, шен юьхь лаьцнарг цхьанхьа а ца вуьгу некъан тача. Бакъду, масех де-м деара кхунна дохк дIа а айаделла, хьалхахь зезагаша къарзйина сирла анайист а гуш.

Цу тайпанчу деношкахь кхуьнан кхетамехь гIергIара гIелий, Iовраш уьдура, хьаннаш шIийлора, йолалора бIаьстенан юьхьан кIуркIамани. Кхунна ши ког а Iуьйра тIуьна Iаь гIуьттучу, бIаьстенан малхехь дохлучу лаьттахула дIаяха лаьара цхьалха коч мохе ловза а йойтуш, массо а хIума а кхуллучу Iаламца йолу зIе а хаалуш. Дерриге дицдеш, хьогаме дара иза. Амма хIара ца йоьдура цига. Муха? Я Даччина а, я Шадина а, я Салахьна а ца евзина марзо йовзий? ХIан-хIа. Кхунна кхин а хала хир дара яза. Хир дарий техьа? Хаац. Амма хIара юхайоьрзура шен дагалецамех дуьззина лаьттачу, денна тишлучу цIа чу, шена тIаьхьахьуьйссучохь хийла сатийсамийн бIаьргаш а дуьтий. ХIан-хIа, цунна ца лаьара и денош духадогIийла. Ура-аттала кхетамехь цар их дисна суьрташ юхадендар а вежарех болчу безамна хьанал цайисар хетара. НIаьнеш кхойкху. Бода чIагIло. Эххар а серладала долало кор.

— Кхин цхьа буьйса а чекхъели, — цIенкъа юссу зуда. — ДогIанан дерз дIасецна. Дохк дIаайаделла, малхбале серлайолуш ю.

Зуда, калош а тудий, кетIа йолу. Юьрте бIаьрг туху цо. Кхеран цIа хилла ца Iа, дассаделла. Шовзткъа ду. ЧIогIа боккха хилла и Саьрмик. Ца Iебаш. Цхьаццанхьа цхьалха лаьтташ къена бошмаш го, букар ситтина. Тиша цIенош а дац цигахь-м, стагга а ца висна уьш меттахь латто. Нажин цIа-м лаьтташ ду тахана, кхана хIуъу хилахь а.

— Буьйса дIаелин, Сану...

Юхайирзинчу зудчунна шен лулахо го, керта йисте а хIоьттина шега хьоьжуш.

— ДIаели, Микаил, хьо араваьлла?..

И шиъ дехха лаьтта вовшийн тергалдеш.

Зудчунна хеза шен кхетаман кIоргенехь гIела гIергIаш. Цхьа мерза-лазаме Iаьвжа дог. ХIаъ, иза ву и. Кхуьнга тIуьна Iаь гIуьттучу бIаьстенан довхачу лаьттахула когаш Iуьйра шеца дIайола аьллачех цхьаъ. Иттех шо хьалха дара иза. ХIинца цуьнан зуда а ю — Iайнаъ, бераш а...

Эххар а къонах:

— Чувоьду со-м, — олий, йовхарш а еш, шен кетIа воьду.

Зуда а йоьду божал долчу. НеI схьайиллича, докъаран, кхеллин йовха хьожа кхета юьхьа тIе. Цхьанаэшшарехь нох дохуш Iуьллу етт. ХIара цунна хьалха хьаьвди тIе охьалахло.



ЧIама, сийсара а баьхкинера уьш. Даччас туьйра а дийци, кхаа вешех туьйра. Сатассалц кхуьнца а Iийна дIабаха. Массо а хьалха санна вара. Бакъду, Салахь мелла а онда ваьлча санна хета. Гуттаренна а схьа маца богIур бу бохий ахь? Хаац, ЧIама. Цхьаъ мукъане а вагIахьара Ца вагIахь, хIун дер — хIара, дIагIур ю-кх уьш болчу. Ишттa хилла-кх хIара дахар. ЧIама, хьан хьайн ирс ду. БайтIе бажа лаьллачахьана, кхочушхуьлу хьан сатийсам... Я ишттa дац те иза? Хьан ю те хьайн гIайгIа, адаман санна яцахь а, хьайниг — бежананиг. Я тарлора ахь кхуьнан, Санун, гIайгIа лелош хуьлий а. Хьанна хаьа? Ахь дакъалоцу дела, ницкъ кхочуш хила а ма тарло Санун, оцу гIайгIане ша ерриг хьаьшна дIа ца йоккхуьйтуш, яха а... ЧIама, ЧIама, ЧIама...

Зуда ойланашка а яхана Iашшехь, де дохкха хуьлу. Эххара, кIоргга са а доккхий, олу цо:

— Ванах, цхьа а хIума доцуш, эрна хир ду-техьа аса мел лелийнарг, хIара сан гIайгIанаш а, хIара сан баланаш а.

ТIаккха сихха хьала а гIоттий етт дIабосту цо.

— ХIан-хIа, ЧIама, вайшиннан йиш-м хьаха яц хьедала, хьелахь наха хIун эр ду? Уггар хьалха Iайнаа а олуш... «Къанъелла Сану, — эр ду-кх. — Етт дIалалла хьалагIатта а карах ца долу». Хьуьйц, хьуьйц. Эр дац Сануна-м, — ша шега а луьйш, етт а лоллий, эвлайисте боьдучу новкъа йолу зуда.

*1984*

## НОВКЪАХЬ

ЭСКАРЕРА отпуске вогIура жима стаг, белш тIехь сержантан погонаш йолуш. Январь беттан тIаьххьара денош дара доьлхурш. Сацциза ло оьхура. Генарчу ламанан кIоштара ерриге лайла а яхана Iуьллу ГIовдин юрт, автобус лелачу некъана бархI километр юьстах яра, цига йоьдуш — Iаьнан заманахь-м муххале а — машен хир ю аьлла сатуьйсийла а яцара. Цу тIе хIинца автостанцехь ши ког, шелбаларна, ловзабеш лаьттачу ГIовдина райцентре рожаца тIаьххьара яха еза автобус гIур ю-яц ца хаьара, иза автостанцерчу диспетчерна а ца хаьа дела. ХIетте а цхьанхьа бовза-безарш болчу буьйса яккха дIа ца воьдуш, тховса со цIа кхаьчча цIерачарна ма хазахетар ду бохуш, лаьттара иза.

Эххар а чамдий, тIоьрмиггий эцна, диспетчере шен хьалхалерра хаттар дан воьдуш, кхунна репродуктор чухула хезира:

«ХIинцца дIайоьдучу автобусца Ш. юьрта ваха лууча билеташ эца кассехула». ТIаккха, боккъал чIогIа ша цIа кхаьчна ваьлча санна хаза а хетта, сихха шена билет эца вахара иза. Автобус дукха хье ца луш дIайолаелира.

ГIорийначу, лайно къайлабаьккхинчу новкъахула автобус сахь-

тал сов яхча, шен чамда а, тӀоьрмиг а такхийна тӀехьарчу Ӏойлера хьалхавелира ГӀовда, охьавосса дагахь. Хьалхарчу гӀентахь Ӏачу воккхачу стага элира:

— КӀант, тхоьца хьала волахьа, тховса буьйса а яьккхина, кхана гӀур ву хьо шайн юьрта.

— ХӀан-хӀа, воккха стаг, дика мел дерш догӀийла, охьавуссур ву со, — аьлла жоп делира ГӀовдас, тӀаккха вела а луш тӀетуьйхира:

— Со цӀа кхаьчча, мел хазахетар ду хаьий хьуна цӀерачарна.

— Дера хаьа, хӀетте а вайна дукха буьрса йолу дела бохура ас-м, — шен можах куъг хьаькхира воккхачу стага.

Цунна юххохь Ӏачу хенарчу стага элира:

— ДӀавалахьа, Къахьим, цуьнан хенахь вай хийла лелла хьуна, кхин а буьрсачу буьйсанашкахь хӀара лаьмнаш толлуш...

Шоферо Варш-Юьрта боьду некъ чухьаьвззачу кхаьчча, сацийра автобус. ГӀовда:

— Шун некъ дика хуьлда, — аьлла, охьавоьссира.

Хьоькхучу дарцо шен марахьарчийра иза. Буьйса Ӏаьржа елахь а, арахь диллина ло долу дела, Органах даьлла лам хадош ирх боьдучу некъан тача мелла а къасталора.

Шен чета куьг а дахийтина цигаьрка а яьккхина иза хьалалатийра ГӀовдас. Цигаьрках баьккхина кӀур чу а тоьхна, чамда кара а лаьцна, дӀаволалушшехь, дарц санна шийла, цхьа угӀар хезира цунна. Кхин а, кхин а, кхин а.

— Берзалой...

«ЩӀе хала хьо белхан! ХӀинца хӀун дийр ду? Вухаверза йиш а ма яц. Хетарехь, Органал дехьа ма велли, цара суна го а бийр ма бу, — ойланаш йира ГӀовдас. — Вухавирзича а хӀун дийр ду? ХӀинца хьала йоьдуш машен а кхетар яц».

Иштта шина даггахь волу иза, меллаша юьрта боьдучу новкъахула дӀаволавелира.

*Йовха аьхке. Можа полларчий хьийза. Уьшал. Текхаргана бага йоьду, гӀаггӀаннехь Ӏеха а Ӏоьхуш, пхьид.*

Стенна делахь а, мацах цкъа ша жима бер долуш шена гина и сурт дуьхьал хӀоьттира ГӀовдина.

«Ванах, и хӀунца дагатеоира суна?» — сацa а сецна, ша-шега хаьттира цо.

Цул тӀаьхьа, шен кхерам бойуш, ах-хозуьйтуш элира: «И берзалой-м генахь хила а тарлой. Мохо церан аз суна иштта улло схьакхехьарх».

ЯахӀума йнъна а бевлла дӀабийша кечбелла Ӏаш бу доьзал: *гӀеххьа хенаро дай-наний, пхийтта-ялхийтта шо кхаьчна йоӀ, ворхӀ-бархӀ шо кхаьчна кӀант. ЙоӀ меттанаш охьадехкина яьлла, дас, кхерча, буьйсанна чоь шел ца ялийта, йоккха гуьйриг туьллу. ХӀинца нанас уча а яьлла чӀуг дӀатосур ю, тӀаккха уьш дӀабуьйшур бу. Оццу заманчохь учара неӀ а цӀевза, тӀаккха тӀера лош*



*охьаэгош лаьттах еттачу мачийн гӀовгӀанаш а хеза. Уча аралилхинчу чуьрачара маравуллий, чувуьгу шайн арме вахана хилларг. Массо а цецваьлла, хазахетта ву. Нана сихха цӀе хьалакъаго йолало, йишас ша охьадеххина меттанаш хьалаоьцу. Жимах волу ваша ву кхуьнан хьалхара значокаш схьа йохуш, шен куча тӀе летош.*

*Ткъа дас, дикка талой, баьрчехь охьа а хуий, олу:*

*— Схьадийцал, кӀант, айхьа идийна некъаш...*

Цхьана юкъана и хила тарлу сурт дага а тесна берзалойн угӀар а дицделла, Органах а баьлла, чӀуг етта ширх боьдучу новкъа гӀеххьа (цхьаъ-ах километр хиллал) хьала вахара иза. Берзалой ца угӀуш мелла а хан елира. «Уьш-м адамех кхоьрура, адамаш шайхчул а чӀогӀа». И ойла а йина, дикка сапаргӀат а даьлла, шен болар сихдира ГӀовдас. Амма некъ ирх тӀе а баьлла, гӀеххьа нийсачу меттехула дӀаболабелча берзалойн угӀар сел уллохь а, сел чӀогӀа а хезира, ГӀовдас, дукха кхеравелла, шен карара чамда «гӀоп» аьлла, лайла охьа а йожош. ТӀаккха иза, шен чамда а эцна, ма хьаддалу сихха новкъа хьала хьаьдира. Амма дукха гена вала ле, хьалххахь цхьана берзан йиш-маӀаш а, цо вовшахъеттачу цергийн гӀовгӀа а хезна, вухаверза дийзира, тӀаккха нийсса тӀехьа а хезначу берзан угӀаро ша волччохь сацийра. «Го беш бу-кх суна!» — кхерам иккхира даг тӀе. Амма цунна оцу хаамах тешам-м ца лиира. ХӀетте а дийзира. Гобаьккхина бӀаьрг тоьхча кӀайчу лайлахь дикка къаьстара масех берзан гӀаларт. Боданехь хаалуш къегара церан бӀаьргаш «КӀегий санна догу-кх церан уьш» — дагатеоира, ша тийналлехь Ӏохку хьанниийн хотеш екош:

— Во-о-о! — аьлла, мохь тохале. Амма цунна сел чӀогӀа хетта и мохь, адамаш дехачу дӀа ца кхочуш, дуьхьал хьоькхучу махой, дарцой нийсса бӀостанехь дӀа а баьхьна, Органан гӀовгӀанах а тоьхна, байира. «Мегара со кхузахь юхара хӀаллакван», — ойла хилира цуьнан кхетаман кӀоргенехь. «Цхьаъ дан ма деза, орца даккха деза», — хьалхарчуьнца цхьаьний еара иза а.

— Во-о, орца дала, орца дала...

Ткъа берзалой-м шек яцара хӀокхо мохь хьекхарх. Кху ардан-го хӀума яаза масийтта де даьллера, дйъ де хьалха гоьллеца догӀучу лайлахула чехка дада ца делла лу, цхьацца дакъа а йоккхуш, хӀаллакдар ца лерича. Мацалло берзалошна бицбинера хӀинццалц шайн адамашкара хилла кхерам. Царна хьалхарниг адам («шина кога тӀехь лела буьрса экха») дацара, кхача бара. Цундела уьш и шайн кхача хьем ца беш чекхбаккха дагахь а яра, цо шайн мецачу чуошна мелла а хьаам баре са а туьйсуш.

ГӀовда шена тӀекхаьчначух теша ца лууш, амма хьалхалера Ӏадор дӀа а даьлла, дан дезачух, цӀе хаьлча санна, ойла еш вара.

«Ванах, кхузахь хӀокхара ваа мегара со. Делахь, иштта, со санна, арахь а висина, цхьа кӀант эткаш чуьра ши нэст бен ца юьтуш, вйъна бохург бакъ хилла-кх. Хьалха и цхьа туьйра ду

моьттура. «Мичара, кхузахь муха хир ду берзалоша стаг вууш?! Хила йиш яц»! Цу кIентан ши ност дIайоьллина бохур-кх докъана метта, кешнашка а яьхьна... Уьш-м хIинцца тIекхочур ю— эхI, йоцу автомат... ХIиттI, ма цаца бийр бара аса. Го гатлуш бу, хIун дийр ду... Ура-атталла дечиг а яц тIевала».

Дечиг-м яра, генахь яр-кха, цхьа бIе ах бIе метр хиллал. Цигахь боккха хьуьнан кхор бара, цул дехьа-м хьун дIайолалора. ГIовдина дага а ца деара дуьххьара борз хаа ма еллехь, цу агIор дIа а ведда, цу кхура тIе вала. Ткъа хIинца тIаьхьа дара, кхор берзалоша бинчу гонна арахь биснера.

«ХIун дийр ду? — «Гарранехь» вовшахъетталора цергаш. — ЦIе лато еза-кх! Стенах? ХIокху чамди чуьрчу хIуманех!.. Уьш яьгна евлча хIун хир ду? Цхьаъ дийр ду-кх. ХIун цхьаъ? ХIун бен ду, хIуъу хилча а, тIекхаьччахьана хуур ду-кх. Дан и цхьаъ ца хилахь? Дан и цхьаъ ца хилахь?.. Ца хилахь, хIун хир ду?.. ХIумма а?.. Мохь хьоькхуш, велхарх даций тIеккхета хIумма а. Цхьа некъ лаха беза-кх... цкъа хьалха хIоккхарах цIе таса еза».

Чамда дIа а йиллина, цIетухургаца цу чуьрчу хIуманех цIе тесира цо. Кхо шен вешина эцна, некха тIехь охьатохарх леташ воллуш ши турпал волчу кучах хьалалетта цIе хьоькхучу мохо цкъа дIаяйаза яьккхира, амма цIе цу махна кIел ца соцуш, кхин а серлаяьлла чамди чуьрчу кхечу хIуманех а дIанийра. ЦIаро серлаяьккхинчу меттигна дехьа — Iаьржа бода, шена юккъера схьакъегаш берзалойн масийтта бIаьрг а болуш. Уьш-м дIаяха дагахь а яцара. Бакъду цIаро уьш совцийра шайн «кхача» оихха дIа ца кхоллуьйтуш. «Амма цIе даим а лаьттар ма яц, иза дIаер ю, тIаккха»... Иштта кхета мегар дара боданерчу схьакъедачу бIаьргийн хьажарх, нагахь царна чохь цхьа а синхаам бан а белахь.

ГIовда цIарна улло а хIоьттина лаьттара, кест-кеста и къега бIаьргаш долчу а хьожуш. «Маржа яI, йоцу автомат, ма чан туьйсуьйтур яра шуьга тIаккха... Топ мукъне а елара...»

*Меттахь хьацарх вуьзна Iуьллу хIара. Дагар шовзткъа градусана герга а гIоьртина. Дуьхьалтуьйсу тайп-тайпана хIуманаш Ма тамашийна дара и гIенаш... Цхьа боккха-боккха налха, и боккха хуьлуш, и боккха хуьлуш, и боккха хуьлуш... И боккха мел хилий, кхуьнан садукълора. Эххар а цу налхах хили кхуьнан корта, кхуьнан корта бу-кх боккха, боккха. Дайл боккха. (Цкъа мацах лайкъадаран буса цхьана зудчо шен кIентан дукха жима болу корта боккха хилийта аьлла боху-кха. ТIаккха и боккха хилла боху дайл а...) Кхуьнан корта а бара хIетахь дайл, шина дайл, кхаа дайл а боккха... ХIара пIелггал бен вацара. Ткъа корта дуьненна боккха хуьлуш лаьттара. Иштта хила йиш-м яц.*

*— Нана! На-а-на! — ГIеххьа меттавеара. Коьрта тIе куьг а диллина лаьттара нана. Цо кхуьнан йовхачу беснеш тIехула бIаьргех оьху хиш, шен йовлакхан тIам а хьоькхуш, дIадохура.*



*— Нана. Ва-а, на-а-на, — и цхьана геннахь хеталой, мохь туху кхуо.*

*— ХIун боху ахь, со кхузахь ма ю, — олу вукхо.*

*— Нана, цхьа хIума ю-кх со вуьйш... «Со хIетахь харц луьйш вара. ХIетте а гIенах санна, дага-м догIу уьш»...*

*— ХIун хIума ю и?— хьотту нанас юха а.*

*— Цхьа йоккха, йоккха хIума...*

*— Хьажал, ГIовда, — иза дадас боху, иза а хилла кхузахь лаьтташ. — Хьажал, аса ягайо хьуна и хIума.*

*Цо боккъала цIе а тосу цхьана хIуманах. Иза кхунна воккхах волчу вешех Махьмудах тарло.*

*— Ма вагаве, — цIогIа долу кхуьнга.*

*— Мила? — хоьтту цхьамма. И хьенан аз дара?*

*— Махьмуд ма вагаве!*

*— Махьмуд ма вац хIара, БIоба ма ю хIара...*

*— И йоккха хIумий?*

*— ХIаъ...*

*— Иза ягае...*

*Йогуш ю йоккха хIума. ГIеллуш дIайов цуьнан цIе...*

«ХIара сан цIе а ю дIайовш... Берзалой а ю шайн кхачане сатуьйсуш. И ду хаза, со Варш-Юьртара Iабин СоIдуллин кIант ГIовда, танкийн эскаран сержант, хIокху берзалойн — цхьанна а евзаш йоцчу, хIоранан а тиллина цIе а йоцчу, цхьана акхачу акхаройн кхача хила безаш хилла-кх. ХIунда?.. И хила йиш ма яц! Яц? Иза хуьлуш ду, я латкъам бан меттиг а ма ац. Кхузахь дерриге цхьа башха кхеташ ду: мецачо, ницкъболчо гIийланиг вуу.

*Сирла классаш. КIайн кир тоьхначу школан сирла классаш. Керла хьаькхначу басаран хьожа йогIу парташ. Хьехархо:*

*— ХIара А ду, иза Б ду. Иза парта ю, хIара пен бу...*

*Дика ду. Оцу хьалхарчу парти тIехь Iачунна ма дика а хаьа иза парта юйла, важа пен буйла а... Бант ма хаза а ду цуьнан. И ца хууш Iаш-м со а вац хьуна. ХIетте а, цхьа хаза-м ю и. Сан санна, мачаш а ю цуьнан.*

*Экскурсе доьлхуш ду тхо. Схьаял и горн. Ца ло ахь? Лур ю ахь-м. Диках лекхначунна лур боху хьехархочо. Диках-м ас локху. Лакха а лекхи. Со хьалха вели, сайн горн а лоькхуш. Эшаршка яьлла ека хьун. Зезагаш ду шортта, хьайна ма дезза. Тхо тайп-тайпана ловзарех ловзу. Тхо «Маьлх-Аьзнех» ловзу. «Маьлх-Аьзни» и хаза бант долу, дика хуу йоI къастий массара а. Цунна зезагаш дан деза массара а (кIенташа). Ткъа иза цхьаьнга йист хила еза, цо цхьаъ къасто веза. ТIаккха Маьлх-Аьзниний, цо къастинчунний, царна гондIа хелхарш а деш, эшарш а лоькхуш, шаьш гулдина зезагаш кхуьйсур ду массара.*

ХIетахь оцу йоIа-м со къастийра массарна а юкъахь. ХIинца хIокху берзалоша санна. Ас тховса гIалахь буьйса яьккхинехь, хIун дийр дара аша? Мацалла лийр яра? Я со Ш. юьрта хьалава-

ханехь? Иштта-м цхьа а хIума а хир дацара, цул хьалха кхин цхьа хIума ца хилча.

ХIетахь дадас и йоккха хIума ягийча-м моьттура кхин цхьа а къиза хIума дуьненчохь хир а дац. ТIаккха со, и дагар дIа а даьлла, самалха а даьлла, товелира. ХIинца хIара берзалой»...

ХIуманех латийна цIе цкъа гIеллуш, юха серлайолуш йогура. И гIелъелча, я мохо дIаяйа хьовзийча, хазахетий къегара цIарна а, цунна уллохь латтачу стагана а тIехьажийна маоийтта бIаьрг, церан дайша гIигI доладора, меллаша адамна тIе а таьIаш. Амма эццахь, и цIе кхин а серла а йолий, шаьш хьалха хиллачу юхатаьIара берзалой.

ГIовдина шен дахарехь хиллачу мехалчу гIуллакхашца цхьаьна дагаоьхура мел жима, пайдабоцуш хета а хIума. Иштта, цо веллла воккхах волу ваша дагалоьцушшехь, цунна дуьхьалтеоира цкъа ша жима волуш, хIотталц буьрканах а левзина, хьагвелла, вохвелла ведда вогIуш лаьтташехь, ахка тIе бертал а воьжна. хи малар а, оцу хин хилла уьшалан чам а.

«Махьмуд... ХIинца сол вар-кха хьо леш. Теша ца лаьара хьо велла бохучух. Мел дика доьшура ахьа ишколехь а, тIаккха институтехь а, корта лозуш хуьлура-кха гуттар а. Ткъа нанас гуттар: «Махьмуд, дукха ма ешахьа и книгаш, цундела ма лозу хьан корта», — олура. Махьмуд, хIара суна-м бен а ца хета хьуна. ЦIерачех къахета-кх. Хье чу цIий хьадар бахьанехь велла», — иштта аьллера лоьраша...

*БархI класс чекхъяьккхина, экзаменашна кечам беш ду тхо. Литертуран хьехархочо (эхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш... сенчу стиглахула бIаьста а, гурахь а...) тIедиллира массарна а «Мила хила лаьа суна» боху сочинени язъе аьлла. Язйира ас: «Суна гIишлошъярхо хила лаьа, лекха цIенош дан. Уьш дина девлча, хIоранна чу а воьдуш, хIора доьзалан дега хIорш хьан чоьнаш ю, ирсаьтто болуш дехийла шу ала»...*

*Оцу йоIа-м яздинера: «Суна киноактриса хила лаьа». Яздарх ма ца тоьа, хила веза. Цунах-м ца хилира цхьа актриса а, со Ш. юьртахь уьтталгIачу классехь доьшуш волуш и маре яхара. Ас-м цунна бехк ца биллира. Ас цуьнга сайн дог-ойланех лаьцна хIумма а ма ца элира. Ткъа йоIана тIекхаьчча, цIий а велла дIаваларх ма ца тоьу. Цхьаъ лелон деза, боккъала, гIенахь а ца лелош.*

Ткъа хIетахь *О-о, и бIаьстенан буьйса... хьоьхку мох... догIа деъна, серлаяьлла анаюх...* суна-м и маре яхар иштта чIогIа хала а ца хийтира. ХIунда аьлча, уьтталгIачу классехь а ма яра йоца ши чIаба а лелош, сийна ши бIаьрг болуш йоI. Иза хIинца цхьана институтехь ю. Со а гIур ву...

ГIур ву хьо! Хьо берзалойн «кхача» ма бу.

Хийлазза ала-м олура нанас хIетахь интернатехь волуш а: «Кхин ма воьллахь буьйсанна цIа, экха тIеIотталур ду хьуна». ХIетте а ван-м вогIура. «Гурт-гурт», «гурт-гурттанехь» детталуш дог а долуш. Экханах-м кхоьрура, хIетте а и цхьана геннахь ворхI ломал дехьа долуш санна хетара. Ткъа иза-м кхузахула лелаш хилла.

«Вайнах» дахьар ду аьллера аса... Со тахний, тахний цIа кхочу бохуш йийна хир бу цIеранаш.

Шуьйра аре ю Iуьллуш. Танкийн Iамораш. Сан дахарехь дуьхьарлера. ХIетахь-м ас тIехдика туьйхира сайн снарядаш. Цхьа а «мостагI» кIелхьара ца велира сох. Дуьне кхоьллинчахьана адамаш «мостагIий» байа гIерташ хьаьвддий-девддий лела. ХIетте а кхачалуш-м бац уьш. ЧIогIа нуьцкъала Хиросимина тIетоьхна бомба хилла. *Аьхка бежнаш дажо оьхуш... ма екхна яра хIетахь стигла... Хьуьнхахь бIаьста цIазамаш хуьлура дуккха а.* ХIинца-м бIозза сов ницкъ болуш ю боху. Нах хIаллакбина ца Iаш, дерриге а дуьне хIаллакдан ницкъ болуш. ТIаккха хIун хир ду? Цхьа адам а доцуш латта а доцуш? *Хьуьнхахь аьхка мангал-комарш а хуьлура. Ма шийла дара и хи, церташ а лахош...* ХIун хилла теша адамал хьалха, латтанал хьалха? *ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш... сенчу стиглахь, бIаьста а, гурахь а...*

«Хьанна дагадогIур дара со иштта лийр ву бохург. Оцу наьртаьрстахоша-м, наха ниха молучохь. цIаста молуш хилла. Со иштта онда велахьара хуур дар-кха. Ас и хIора борз шIогана тIера а лоцуш, кхуссуш дIо лам буьххье тIейоккхур яра. ТIаккха хуур дара хьуна адамах лата еза ца еза. И куй хилча дика хир дара. И дIа а тиллина, дIагIур вар-кха. ТIаккха лелар яра хьуна хIорш. Церташ хьеккхош. ХIан-хIа, тIаккха-м царна хьожа кхетар яра сох. Цулла лакха и зурма елахьара, хIокхарна массарна а наб кхетийта... Везан дела, воккхан дела, кIелхьара ваккхахь со хIокху балех. Шен хан ца кхаьчча стаг ца лен ма бохура оцу йоккха маж йолчо. Ткъа нагахь сан хан кхаьчнехь? ХIай веза хилла волу дела, ма кхачнйтахь сан хан. Ас хIинцца мел а лур бу эвлаяашна, сайна гIодар доьхуш. Суна-м диц ца делла, нана, ахьа Iамийна къулханаш, бисмилла а, аяташ а...

...Султанна яхьаш йолу коч еги. Дера еги. *Гурахь, дохк долчу дийнахь, хьаьмцаш баха оьхуш...* Йиситина дахьаш долу нейлонан йовлакх а деги. Иза оьцуш ма елакъежира и йохкархо. Ас йишина оьцуш доцуш, кхечунна оьцуш ду моьттура цунна. Кхечунна дохьуш долу совгIат а деги. Кхана цуьнга шовдана йистехь ког хьекхийта дагахь ма вара хьуна кIант-м.

И кхиерг стохка бархI класс чекхъяьккхина яьлла, хIинца вуьрхIийтта шо кхаьчна йолу Эниса яра. ГIовдас ша арме ваха цхьа кIира дисча бен тидам а ца бира цуьнан. Эвлана юьстахо, хьун дIайолалуччохь Iаш бара ЭнисагIар. Цига цкъа керт ян серий даха вахча, шайн кетIахь йиттина хIуманаш хьалаухкуш йолчуш гира цунна иза цхьа тамашийна, хьалха оанна а ца гуш. ХIара волчу агIор букъ а берзийна лаьттара иза. Карара йиттина коч я кхин хIума сера тIе дIаолла хьалакхевдича, цуьнан дегI шен

хазалла кхин а бIаьрла йоккхуш озалора. Иштта а юткъа гIодаюкъ кхин а готта а хеталора, ткъа месаш хIоразза а, хIума дIаоьллина а яьлла, юха и охьанислуш, бай-й хьоькхучу махехь махдечган патарш санна, лестара.

ГIовдина иза цхьанхьара еана хьаша ю моьттура. Амма и схьайирзича евзира, йоIана хIара а вевзира. Иза, кхуо ша тергал йинийла а хиъна, охьатаьIна, цIийелла чуяхара. ГIовда а вахара оцу суьйранна цIа. Амма шен эскаре дIаваха дисинчу кIиранчохь тIахъаьлла хьаьвзира иза: цо йоIера дош даьккхира, цIаваллалц шега хьежа аьлла.

«ХIинца со цIаваллалц хьежахь-м, ехха хьежа дезар ду хьан. Кехаташ кест-кеста хIунда ца яздо бохура. Дера кIиранах цхьаъ-м яздора. И сан кехаташ дагадахьара цо. Кхечуьнга а ца гойтуш.

Туьйранахь санна хIунда дац-те хIара дахар. ХIоккхара тховса со хIаллаквича а — даьIаккхаш-м тIаьхьа юьтур ма яра. Кхана — стаг денвеш долу хи а хьаькхна, юха денвийр ма вара со. «ЭхI ма дукха вижина Iилли со», — аьлла, хьалагIоттур вара. Гондахьа лаьтташ дадий, наний, Йиситий, Султанний... Энисий... хIаъ, иза а хир яра...

Туьйранах теша воьлла-кх со. Ма хаза а ду. Вахь-хьа-хьа. *ЭхI и гIарагIулеш, гIарагIулеш, сенчу стиглахь... гурахь а, бIаьста а...*

Со хIунда вац наьрт-аьртстхо? Со хIунда вац турпал? Иштта воцу дела вац-кх. И берзалой уьстагIий хIунда дац?!»...

Эццахь гIала боьдучу новкъахула охьа йоьдучу машенан серло кхийтира ГIовда лаьттачу метте.

— ХIей, со а вигахь, — цIогIа туьйхира ГIовдас. Амма серло, некъо голатухучохь машен дIа а хьаьвзина, кхуьнан мохь а бале, дIаяйра. Оцу серлоно кхин а марсаьккхира дуьнене йолу марзо. Цунна дахар ша тIе ца кхачалу, амма ша цуьнга чIогIа сатуьйсу меттиг санна (кIад а велла, хи чу воьдучунна гена йоццуш го хIорда юккъера тIехь дитташ а, стоьмаш а, цIазамаш а долу гIайре муха хета? — Иштта.) хетара. Иза цунна хIинца дан а дара иштта.

— Шу юзур ма яц сох, суна ваха ма лаьа, ваха лаьа...

ЦIе гIелъелла дIаян герга яхара. ТIаккха цо шен тIоьрмиг дIа а баьстина, цу чуьра кетар схьаийцира. Иза дена яхьаш яра, цо тIаьхьа ахча а тесна. Вехха лаьттира ГIовда, иза ягае, я ма ягае ша бохуш. Иза ягийча цуьнан хан мелла а яхлур яра. Ца ягийча, кхана кхуза баьхкинчарна тIоьрмига чохь кетар карор яра. Эххар а ойла хьалхарчунна тIехь сецира: «ХIун хаьа, хIорш ягочу хенахь цхьаъ хуьлий...»

«Энисица малхбалехьа долчу цIа чохь хан йоккхур ю бохуш ма вара. Иза а дIадели хIинца... Гучуволуш лаьтта хьо. ГIовда, тIаьхь-тIаьхьа.Ва-хьа-хьа. Хийла халонаш лайна дадас, нанас. Ас-м хIумма а ца лайна. Мацалла лайна цара. ТIеман хала ше-



раш. Эшийна цара и халонш. Ас хIумма а ца эшийна. ХIинца чаккхе... хIинца чаккхе... ХIун бен ду мухха хилча цхьа чаккхе ю-кх и. *ЭхI, и гIарагIулеш... гIарагIулеш... сенчу стиглахь... гурахь а, бIаьста а...* Дера ду бен. ХIокху акхачу акхарошка а ца воуьйтуш, цхьанхьа цхьа сийлахь-доккха хIума къуьйсуш валар ловзар ду. Кхузахь иштта дIа, берзалойн кхача а хилла, хIаллакьхилар... я каш а, я дакъа а доцуш, ши ког бен биса а ца буьсуш. ГIеххьа гIуллакх ду и-м!

Эниса... цуьнга кехат дитча хIун дара тохьа?»

*Тов хьийзон аьхке. Хьун. ХIара хьуьнахула схьавогIу, ги топ а тесна. Генахь доцуш ду ЭнисагIеран цIа, хIинцца хIара хьун кхача ма елли, гучудер ду иза. Цкъа хьалха хи мелча бакъахь ма дара. Эцца ахка тIера, чухчари йолчуьра.*

*Хи чухчари хилла бердах чуккхийсалуш, шерачу тIулгаш тIе детталуш цинцашкахь духучохь луьйчуш йоллу иза. Диттийн гаьннаш юккъехула чукхеттачу маьлхан зIаьнарша къегадо цуьнан дегIан айадаларшкахь севцина хин тIадамаш. Малхехь къега духучу хин цинцаш а. Шен лийчаран теш хIара бердаш, царна тIеевлла хьаннаш, гIаш юккъехула чукъеда малх бен бац моьтту. Иза кест-кеста чухчари буха хIутту, шен дерриге а долчуьнца йолу йовхо оцу хиэ яийта гIерташ санна.*

*Iаьржачу буса набарх ма велли, нуьцкъала электрически стогар хьалалатийча санна хийти, и цхьалха хазалла гича. Когаша ла ца догIахь а, иза ша шел тулуш сихха дIавоьду цигара.*

«ХIунда дуьту цуьнга кехат? Цуьнга суо дагалецийтний? Соьх хIун кхочу цо эрна сингаттам лелабарх. Шен ирс лаха деза-кх цо... ХIетте а со воцуш, цуьнан ирс... муха хир ду? Иштта дIа хир ду-кх... кхин хьо хийца ца тарлуш-х ваций?..»

«КхоалгIа дуьненан тIом баккха гIерта Пекин» *ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш... сенчу стиглахь гурахь а, бIаьста а...* «Буьйсанна а, дийнахь а, гуттар а машарна хехь лаьтта вайн салтий!..» Ткъа нагахь, гермоядеран тIом баьлча? Массо хIума а хIаллакдеш... ХIун хир дара тIаккха?.. ХIумма а хир дацара. ХIумма доцуш муха хуьлу?.. Нагахь иштта тIом баьлча, хIорш, хIара берзалой а лийр яра. Со а. Кхана сан ши ност схьа а эцна барми тIе а йиллина дакъа санна кешнашка а яьхна, дIаолла стаг а хир вацара. Я суна тезет хIотто назма ала стаг а хир вацара. Со дIавоьллина аьлча а, сан ши ност дIайоьллича, чурт догIа а стаг а хир вацара. И Ахьмин Iаднан машенца бердах а вахана велча, цуьнан чурта тIе-м машен йиллира. Сан чурта тIе хIун юьллур ю теша? Борз юьллур ю-кх... Вахь-хьахьа. ХIан-хIа, хаза-м ду-кхи, хIара дерриге а Iалам лардан эскаре вахана со, I метр 85 сантиметр локхалла а, 72 кила йозалла а йолуш волу со, хIокхеран, хьекъал хIун ю а ца хуучу акхачу акхаройн кхача хир бу бохург. Шаьш акха елахь а, «кхача» муха баан беза хаьа бохий аш?.. Иза-м суна а хаьа, шуна хаьий. Шайн тайпана нах оха а боу бах аш. Иза а бакъ ма

ду. Шайл тхо акха ду боху аш. И бакъ дац. Адамо цIенош до, хьаьжкIаш йоь, ткъа аша хIума йохор, яар бен деш хIумма дац. ХIетте а шаьш Iаламна доккха зен ца до боху аш, дуьне а, дерриге а Iалам хIаллакдан гIерташ а тхо ду боху аша... Иза а бакъ дац. Бакъ дац. Уьш тхан тайпана бац, уьш шун тайпана бу. Шина кога тIехь белахь а. Бу, бу... Аш-м цкъа а ойла ма ца йо. Оха йо боху аша ойла, ойла а яй, эзарнаш — эзарнаш адамаш хIаллакдо боху аш. Миллионаш адамаш. Уьш шух ма бу. Бац? Бу. Бац? Бу.

*Лилула сийна стигал. Иза аьрцне[illegible] хьакхалуччохь масех кIайн марха. ЦIечу, можачу гIаша лепайо х[illegible]н. Мохехь хьийзаш царна тIера охьаоьгу гIаш санна, сингаттаме [illegible] Iенош дIайоьлху гIарагIулеш.*

— *КIорда ца до техьа царна гуттар евлла лела?*

— *ХIан-хIа, евлла лелар церан ирс ма ду.*

*ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш, сенчу стиглахула бIаьсти а, гурахь а...*

— ХIумма а дойтур дац! — дарц, мох къардеш мохь туьйхира ГIовдас.

«Хьераволуш лаьтта-кх со. Хьаьнца къамел деш ву? Берзалошца... нанига кехат яздича хIун дара теша. Яз а дина, сайн этки чу дуьллур дар-кха. Сан цIе Г І о в д а хIунда ю, Б І о в т І а а йоцуш? ХIан-хIа, ца оьшу. Кехат ца яздича а, шайна а хуур ду царна сеьгара хьал. *ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш, сенчу стиглахь бIаьсти а, гурахь а...*

Тамашийна ду-кх дахар. Жимчохь иза цхьа шуьйра аре санна хетара. Ловза, лела, кхерста, и кIордийча болх бан, даккхий гIуллакхаш лелон, хьуьнарш къийса шортта хан а, меттиг а хир ю моьттура. Ткъа дахар цхьа готта коридор хилла. Хиэ ядийна чемхалг санна, замано вадавой чекхвоккху оцу коридора чухула, я ах а валале, цхьана неIара тIехь Iачу хIокху тайпанчу цхьана берзалоша хадо а тарло и некъ... ХIетте а... Сан цIе Г І о в д а хIунда ю, Б І о в т І а а йоцуш? ТIетаьIаш ю берзалой-м, массарна а кхочур вуй-теша со шуна. Оцу дIогарчу шайх гIийлачунна а делаш дакъа, шайн да хьакхийца валларш. ХIара урс жимма доккха делхьара бакъхьа дара. ХIумма а дац, карахь ерг тоьхнарг лерина-кх майра.

Сан цIе, Г І о в д а а йоцуш, Б І о в т а хIунда яц те? ГIовда бохург хIун ду? Со ву? Со муха хуьлу ГI-х, О-х, В-х, Д-х, А-х. Вахьхьа-хьа. Хьераволуш ву-кх со. Ваьлча хIун ду? Яккха йиснарг дукха хан а яц. Берзалошна хIун бен ду со хьераваьлла хилча а, ца хилча а. Царна со мухха хилча а, кхача бу. Вахь-хьа-хьа. Вахьхьа-хьа. Вахь-хьа-хьа. Ма вагаве... ЭхI и гIарагIулеш... Эниса ахь хьайна луъург де... Султан, хьан коч а еги... Со наьрт-аьрстхо... Хьаьмцаш баха оьхуш... хIунда ва... Хиросимана... коньяк... «Вайнах». Цу йоккхачу хIумано вуьйш ву со... Ва-а-а. Сан цIе ГIовда...»

Буькъачу боданехь дIаяй цIе. ТIаьхьара суй. ДIахецабели чIоггIа озийна ворхI пха — ворхI берзан дегI лаьттах дIакъаьсти. ГIовдина хаало берзалойн багошкара схьаетталo Iаь. Иза тIомавала гIерташ санна, берзалойн гонна юккъера хьала озало, ши куьг ирах а дохуьйтуш. Цуьнан бага гIаттийначохь юьсу, чуьра цхьа а аз а ца долуш. ХIинцца...

Оццу хенахь юьртара охьабогIучу некъо гола туххучохь, гучуэккха тIулг кхоьхьу йоккха машен, цуьнан пуьцкъалчу серлоно шайн кхоссаяларехь совцайолуьйту берзалой. Амма мацалло хьеръяьхначу берзалойн кхачане болу сатийсам онда бара... Ондда яра серло а... Цу шинна юккъехь лаьттара ГIовда.

— Серло! Серло! Серло-оо! — дарц а, Органан гIовгIа а, берзалойн гIигI а къардеш, мохь хьаькхира цо.

*1978*

## ЗАЗАДАЬККХИНЧУ БЕША ЮККЪЕХЬ ЖИМА ЦIА

1.

ХИЛЛА вонаш, диццала-м йиш яцара, шир а делла, доьзалхой а кхиъна, уьш бехар бу-кх ирсехь бохуш, царех йоккхаеш, хьийзара, иштта и стаг а вара. Иза колхозан трактора тIехь волуш, алапа кIезиг хилахь а, цхьанна дечиг цIа дахьаш, вукхуьнан — йол, кхечунна — гота охуш, жимма хIума хуьлура. Ткъа аса кертахь хьаьжкIа а, кхоьш а, етт-эса а леладора. Дерриге а и цIенош доладича хилир-кха. ВаллахI, оцу дийнахь цу йоIа, ша газете кехат яздийр ду аьлча, «хахх» аьлла, кийра ша биллира. Ша боданехь латтайо, серло а ца гойтуш... Хьовсийша, хезна хIума дуй иза? Ша сарахь ишколе хелхайийла ца яхийтича... Хелхарш хилча-м, цхьа хIума а дара. Вовшашна мар-мара а бахана. ЭхI, хIара корта. Цкъа паргIат ериг хир ю-кх, хIара эккха а иккхина. Оцу дийнахь а ма белира хIара сан чIогIа лаза, мерах цIий а оьхуш. ТIаккха-м гонаха хьаьвзира и йоI: «Хьуна хIун хилла? Хьуна мерах цIий оьху?» — «Эхийтахьа, цIий дац иза, сингаттам бу».

ХIаъ, оцу дийнахь шек хилира со оцу кIантах а. Цигаьркийн хьожа етталора схьа. — «Узучарна юххехь Iийна со». «Хьан йиш ма яц волавелла лела, цIенош деш ма ду вай», — элира ас

«ЦIенош, гуттар а цIенош... Суна кIордийна уьш», — ирх кхоссавелира. «Уьш шуна деш ма ду. Хьуна а, Адамна а. Шу нахах тера хилахьара аьлла хеташ». — «Тхуна-м хIара тишанаш а тоьар дара». «Шун дена дикахо хаьа, цуьнга ладогIа», — деш оий-ларам цаьрга байта гIертара со.

Амма и цуьнан дагах кхетачух тера дацара. ТIаккха хьехар а ма дира ас: «Схьавола, суна улло, нана яларг. Схьайола хьо а,

суна улло, нана яларг. Иштта охьалахло. Кхуьур ду шуьшиъ шайна луъург лело а. Жимма собарде. ДӀадаьлча бен дага ца догӀу шуна дай-наний. Массо хенахь а шайн ойла ма е. Тхан а е. АвгӀан тӀамехь волу шайн ваша а дагалаца. Маржа Адам яӀ! ХӀун лелош лела-те хьо? Кехат а ма хьедели. Табарке деаний техьа? Яло, Падам, оцу пеша тӀера чӀепалгаш хьуо лулахошна, СагӀано ларво олур-кха стаг... Салахь, ахьа а яа хьайна хӀума»...

Амма эццахь со юкъахъяьккхира чӀоггӀа еттачу неӀаро — и стаг тӀулг а бахьаш цӀа кхаьчнера: «Арадовла, арадовла»...

Иштта дӀасауьдуш, вовшашна оьгӀаз оьхуш, дӀадовлура денош. Деккъа цхьа Адамера кехат кхачар дара хазахетар.

Чубузучу маьлхан зӀаьнарша серладаьккхинчу цӀа чохь гулбелла доьзал: да Ахьмадукъа паднара тӀехь гӀайбех дӀа а тевжина Ӏа, нана Совдат — лохачу гӀантахь, кӀант неӀарехь ирахь лаьтта.

ЙоӀа кехат доьшу: «...Кхузахь кхин хала хӀумма а дац, хьайл лаккхарчунна честь делчхьана. Са ма гатде».

— ЙитӀ, нана яла хьан! — бӀаьргех хи даьлла ненан. — Хала хилча а хоуьйтур долуш а ма вац.

— «...Наха цхьацца хабарш дуьйцу хир ду кхузахь хаддаза тӀом бу, бандиташа тешнабехкаца салтий бойу бохуш. Цаьрга ла а доьгӀуш, суна са ма гатделаш. Дада, хьан могашалла муха ю? ЦӀеной долийна бохуш яздо аш. Дукха шайна ницкъ ма белаш, со цӀа веачхьана дийр ду вай...»

— Ницкъ бийр болуш бац хьуна хӀорш-м ахь ца аьлча а, — олий, йовхарш туху Ахьмадукъас.

ЙоӀа юха а дӀадоьшу кехат:

— «Нана, хьо муха Ӏа? Корта-м ца лозу хьан? Гуттар а корта лозуш хьуьлур-кха хьо. Со цӀа веачахьана, Москоха лоьраш тӀе йигна а, цхьа дарба лохур ду вай».

— Нана яла хьан, нана! Хьо цӀа веъна де гур а дуй техьа, — Совдата бӀаьргех йовлакхан тӀам хьоьху.

— «...Салахь, Падам, шайга аьлларг делаш, дика а дешалаш».

— Дика муха доьшу, ишколе вохуьйтуш а ца хилча? — корах арахьожу Салахь.

— «...Ас, дӀавоьдуш, доьгӀна Ӏежийн синтарш даккхий хилний? Падам, уьш бежанашка даа ма данйталахь».

— Уьш-м тоххарехь дӀахедийнера, — юха а корах арахьожу Салахь, вела а къежаш.

— ЦӀеной деш хилча дӀа ца хадо йиш ма яцара уьш. Керлаш дугӀур ду-кх, — паднара тӀера цӀенкъа вуссу Ахьмадукъа. — ХӀан, дуьло, болх бан деза.

— Тховсенна битахьа и болх, — тӀунделлачу бӀаьргех куьйгаш хьоккхуш хьалагӀотту Совдат. — Садайна вайна. ЙоӀ хитӀа яха а деза. Дечиг а ду даккха дезаш.



Оцу сарахь со а, хӀара стаг а дехха Ӏийра къамелаш дуьйцуш. Ши бер дукха балхана тӀе ма теӀаде, бехира ас, даго цхьаъ хьоьху суна. «ХӀун ду цара дийриг? — Дага ца догӀу хьуна вай кегий долуш, Казахстанехь наха дӀакхийсинчу нехаш юккъехь яхӀума лоьхуш лелла?.. Ткъа вайшимма вовшахкхеттачу шина шарахь хьегна къа?» — элира цо.

— ДогӀу дера, — элира ас, — суна я поппар хьаха а, я мижарг бан а ца хууш... «Цундела, цаьрга и хало ца хьегийта гӀерташ воллу-кх со... Адам ву кестта зуда а ялийна охьахао везаш. Ши пӀелг санна, шиъ бен ва а вац...».

ОхӀ-хӀай, сан корта... Ва-а-стаг... Схьаволахь, со леш йоллу хьуна... ОхӀ, охӀ...

2.

Афганистанехь тӀам тӀехь волуш кест-кеста гӀенах айса доьгӀна Ӏежийн дитташ гора, зазадаьккхина лаьтташ, царна юккъехь кӀайн кир тоьхна жима цӀа а.

Амма ши шо дӀа а даьлла, со цӀа кхаьчча, дитташ дӀахедийна карийра, ткъа жимчу цӀенна кӀайн кир тохаза шо а тӀех даьллачух тера дара.

Малх кхетта, гуьйренан декхна де дара иза. Со зӀара юххе а хӀоьттина лаьттара, тӀулг буттуш бохкучу сайн уггаре а гергарчу нахе а хьоьжуш. Дуьххьара дадина гира, карара цементан, гӀамаран берам лелабен аьшкал охьабуьйжира цуьнан. ТӀаккха вуьйш а охьахьаьвсира. «Нана яла хьан! Хьо ган доьгӀна хилла-кх суна», — бӀаьргех хи делира нанина. «Схьавала кӀант, сехьа», — йовхарш етташ лаьттара дада. Падам, Салахь доккха хилэрал совнаха, хийцаделча санна а хийтира. Иза бакъ а хиллера — тӀаьхьа гучуделира дерриге а.

ТӀеволавелча со астагӀ хилар а гина, пене мохь белира: «Нана яла хьан, Адам... Даго хьоьхур-кха суна»... Дадас човхийра иза: «ДӀаяла, зуда, кху кертахь тезет а ца хӀоттош. Нехан ойлае, декъий цӀа кхехьначеран»..

Дан а дацара цаьрга хьаьжча, тхуна тӀекхаьчнарг хӀумма а. Амма тӀаьхьа, дукха хан ялале, сан ойла-м хилира, цигахь вала стенна ца велира теша со аьлла.

«Бух ма бокхха болнийна аша?» — элира аса. Дена хазахийтира аса гӀишлонан тидам бина. «ЦӀийнан уггаре коьртаниг бух тира аса гӀишлонан тидам бина... — дуьйцура цо. — Бух онда хилча цӀеной а лаьттар ма бу, кӀант, — дуьйцура цо. — Бух онда хилча цӀеной а лаьттар ду дуккха а. Хьажал хьо хӀокху агӀор йиъ чоь, кху агӀор кхин йиъ — бархӀ чоь а, юккъехь сени а йолуш гӀишло хир ю».

ХӀетахь тидам хилира, аса боьгӀна ши Ӏаж хиллачухула дӀа а йоьттинчу бетонан. «ГӀишлонна новкъа бара и шиъ... ЦӀийна тӀехьа бугӀур бу ахь...» — бохура дас. Халахийтира суна.

Падам Табарике кхаъ баккха яхара. Оьшуш-м ца хиллера. Цунна ца тайра сан астагӀалла — и кхечуьнга маре яхара.

Дадиний, нанин мотта-м моьттура со и бахьанехь къаьркъа мийла волавелла. ХӀан-хӀа, суна халахетарг кхин дара: тхан жимчу цӀа чохь хилла барт, марзо бомба тоьхча санна, йоьхна дӀаялар. Хьенан я стенан бехкенна хиллера иза: сан я дадин, я ненан, я заманан, я керла динчу цӀийнан. Ца хаьа, мухха делахь а, цхьа шайтӀа хьаьвзинера тхуна юкъа. Цунах со цхьана дийнахь кхийтира.

Сингаттаме тийналла льатта чохь.

— Доккха хӀума ду-кх, цу кӀанта сан дуу са. Мича вахана техьа иза? — боху нанас.

Адам дуьхьал вист ца хуьлуш, паднара тӀехь хиъна Ӏа, бӀаьргаш цӀенкъа а доьгӀна.

ЦӀеххьана неӀ еллало.

— Хьо мичахула лелаш ву, нана яларг? — Хьалаэккхий Совдат чуваьллачу Салахьна тӀехьоду.

Важа, вист а ца хуьлуш, неӀарехь льатта.

— Хьо мичахь вара? ХӀа-хӀ? Мотт сецна хьан, — чукхоссало Адам.

— Арахь.

— Мичахь?

— Арахь. С кентами. Кайф лоцуш. Хьа-хьа-хьа, — гӀадъоьхуш, аркъал а сетташ воьлу.

— ОстопируллахӀ, остопируллахӀ. Вай, нана яла хьан, хӀара дара хьуна суна тӀекхачаза диснарг... Телхина-кх.

— Суна хаьа хьуна кхунна хӀун хилла-м, — Адама тӀе а воьдий, Салахьана буй туху. Кхин а, кхин а. — Боьха хӀума! Суна дукха гина хьуна хӀара тайпа хӀуманаш. КӀомал оьзна жӀаьла!

— ДӀавала! ХӀун дан гӀерта хьо? Воь ахьа, — юкъа кхиссало Совдат. — ЭхӀ, сан корта.

Адама гӀо до цунна паднара тӀе дӀаяха:

— Хьайн корта ма лазабехьа хӀара боьха хӀума бахьанехь. Иштта дӀатовжахьа.

— Кхин ма тохалахь цунна. Хьо цӀавале хьан дас а йиттина. Толуш хӀума дац, ша гал ца далахь.

— Кхузза, дехьа чу а ялий, дӀатовжахьа, сан кхуьнца къамел ду, — нана дехьа чу юьгу Адама.

Салахь неӀарца охьа а вахана воьлхуш Ӏа, кӀеза санна цӀийзаш. Сехьа чуваьлла Адам, цуьнга хьоьжуш льатта.

— Айхьа лелорг хӀун ду хаьий хьуна? — эххар а олу цо. — Хьо саца ца сацахь, хьаьжа юккъе топ ца тохахь, хьуна дан хӀума дац хьуна.

— Топ тохахьа суна! Тохахьа! — Кхин а чӀогӀа велха волало Салахь.

— Сацийтта! Зудабер! Стаг хила гӀорта, стаг! Вайша шиъ бен ма вац. Вайшиннах стаг хилахьара бохуш, са бага а кхаьчна хьийзаш ма ву вайн да а. Ткъа хьо?

— Адам, Адам... Иштта чӀогӀа дов ма дехьа. Хьалха мел дика дара, Адам. ДагадогӀий хьуна, вай кегий долуш? Дадас вайна жижиг доькъуш, Падам тӀехьа а ерзайой: «ХӀара хьенан ду?» — олуш...

— ДагадогӀу, — корта теӀабо Адама. — ДаьӀахка тӀе пӀелг хьажийча, Падама хьан цӀе а яьккхина, хьо вилхина а.

Салахь бӀаьрхишна юккъехула велакъежа.

— ХӀаъ, хӀаъ. Со велха а воьлхуш. Мел хаза дара хӀетахь. ХӀинца хӀунда дац? ХӀетахь вайша гуттар а цхьаьна вуьжура... Ахь суна туьйранаш а дуьйцура... — велхар марсадоккху Салахьа.

— Велхарх хӀумма а толур дац. И хьан Ӏамийна хьуна? — боху Адама, паднара йисте охьа а хууш.

— Цхьана дийнахь... эвлайистехь Ӏара. Кино вахана аьлла, дадас етта а йиттина, воьлхуш... цхьамма... цхьамма елира. Массо хӀума диц а деш, самукъадер ду хьан — оза.

— Самукъа делирий?

— Корта хьийзара, Ӏетта а вира, тӀаьхьа дӀавуьйлира.

— Ткъа хӀинца хӀун дан дагахь ву хьо? — Адам Салахьна улло охьалахло.

— Юьтур ю аса, — марш хьалауьйзу Салахьа.

— Йита еза, кхийтирий хьо? — Цунна белша тӀе куьг дуьллу Адама. — Ахь и кхин бага лацахь мегар дац хьуна. Хьайн ден, хьайн вархӀе ден сий дайа гӀерта хьо? ХӀун ду дадас йиттича. Хьо ца везаш ца йиттина хьуна. Хьо кхаба гӀерташ, хьо нахах тарван гӀерташ лелаш ма ву иза. Кхийтирий хьо? Хьуна хала хир ду хьуна и йита. ХӀумма а дац. Атта суна а дацара хьуна, накъостий буха а бовлийтина, мостагӀашца тӀом беш настарх чов а хилла, малхо еттинчу арахула, хьогаллина бага вовшах а летта, текхаш воьдуш. ХӀетте а со цӀа веъна — гой хьуна? — цу арахь а ца вуьсуш. Хьо а цӀа вола, мел хала делахь а. Вай цӀахь оьшу вайн дена а, нанна а, юьртана а... Кхийтирий хьо?

— Кхетта, кхетта, — Салахьан велхар маьхьаре долу.

— Цу арахула схьавогӀуш, — цуьнан велхар а къардеш чӀогӀа дуьйцу Адама, — кхетамчуьра моссаза волу, дуьхьал хӀуьттура и ахь дийцинарг, кегий долуш дадас вайна жижиг декъар. Мел чӀогӀа сагатделлера шу ган. Кест-кеста гӀенах гора суна хӀара вайн цӀа, заза даьккхинчу беша юккъехь кӀайн кир тоьхна цӀа.

— ХIинца хир дац иза. — Вай тIулгех цIа деш ду. Беш а ах дIаяькkхина, — велхар лагIдо Салахьа.

— ХIумма а дац. Беш а керланиг югIур ю. Вайшиннах стаг хилчахьана, массо хIума а хир ду. Кхийтирий хьо?

— Кхетта. Кхетта.

Мича кхийтира иза. И сан къамел лергах ца хьакхаделира. Бутт а балале, ша санначех а кхетта, гIала цхьана нехан хIусама чу а ваьлла, таIlийна чуволлийтира. Иза кхин доккха хIума а ца хиллера, оцу йоIа диначуьнга хьаьжча. Иза-м кху лаьтта тIехь елахь карор ю. БАМ-е яхана аьлла хезна кху сенчу Сибрехула лийли. Ца карий. Амма кара-м йийр ю, кху дуьненчохь елахь. ТIаккха цуьнан бIаьра хьожур ву: хIун ду техьа йишех хиллачу гIеман бIаьргаш чохь. ТIаккха и цкъа а хьожур яц цхьаьнгга а, цул тIаьхьа—со а. ХIан-хIа, ас хIара мийларх со цкъа а хир вац бич, хир вац. Иштта сий ца дойуш сайн, сайн дайн, дIавер ву... Цкъа и гIам схьа а карийна.

3.

Доккха хIума дан а дар-кха, хIара дерриге а дуьне дуьхьал даьллер-кха суна, хIокху цIеношна, кху чуьра бераш а цхьаьна, ткъа ас уьш царна деш ма дара. Хьалха хIун ю а ца хууш, шайн кхоалгIачу ден цIераш а ца хуучу нехан гIаланаш гуш Iан ца велир-кха. ХIара бераш а хилахьара иштта, нах санна, бохуш, воллура. Амма уьш ца кхийтира сох, тешнабехк бира цу шимма, сий а дайи.

ХIаъ, массо а дуьхьал ваьллера. Пхи сом ца делча, исправка а ца луш, юьртда ву бохуш, доладелла лела и диларийн тIекха Мовла гин велара шуна. Веана-кх цхьана дийнахь: «Айхьа хIун леладо хаьий хьуна? Оцу Органа чохь хьозана кхосса а тIулг ца битна-кх ахь». ЛадогIа ахь къамеле. Ой, шена луъучо пайдаэца ниш йолуш бац и тIулг. Бац, боху-кх.

Хийистош сацкъаре йоьрзу, хи жимло, — Iаламна зен до. Iаламна пайда беш ву-кх хIара, нахера соьмаш а гулдеш. Хаза деззарг-м хезира хьуна цунна оцу дийнахь! Кхуьнанчул бIозза сов бакъо ма ю сан хIокху юьртана а, оцу Органна а. Сан воьалгIачу дас Товболата йиллина ма ю хIара юрт, ткъа кхуьнан деда Махьма кху юьртахь беже веъанчохь висина ву. Наха къа а хетта, астагI СегIират а яхийтина.

Оцу тайпанчу нехан берел хIорш ца эшийта гIерташ, кхечеран санна цIа а, цIе а хилла хIорш охьаховшахьара аьлла, ма хьийзара со. Хьийза оьшуш-м ца хиллера. ХIара цIенош долийчахьана, лартIехь де ца деа-кх. Цхьана бохамна тIаьхьа — важа, цунна тIаьхьа — кхин, иштта дIадахар-кха. Ткъа цу йоIах гIам хилар... Доккха хIума ду-кх иза: хьан снх, цIийх схьадаьллачу адамах гIам хилар. Тхан дайх, я хIокху зудчун — пекъар дуьне дийна ца ели хьуна иза а — дайх ледара стаг а ма ца хиллера. Доккха хIума дар-кха цу дийнахь суна тIекхаьчнарг.

Паднара тIе дIатевжина Iа Ахьмадукъа, пеша хьалхахь — Совдат, Адам — лохачу гIантахь. Массеран садуург чувоьллина Салахь ву. НеI етташ а хезий, корах арахьожу Ахьмадукъа.

— Мовла... Кхунна хIун оьшу техьа хIинца, — олу цо.

Араваьлла Адам, Мовла а, цуьнца кхин цхьа вевзаш воцу стаг а валош, чувогIу.

Салам-маршалла хаьттинчул тIаьхьа шен накъост вовзуьйту Мовлас:

— ГIалара веана корреспондент ву.

— Тамбиева Падам шун йоI юй? Елахь, схьакхайкхал цуьнга.

Кхайкхина арара чуялийна Падам йоьхна, амма майра лаьтта.

— ХIара кехат ахьа яздиний? — хоьтту цуьнга корреспондента. Вукхо корта таIабо.

— Ва-а, дела хьо юьхьIаьржо! — мохь бели Совдате.

— Ма е зуда, гIовгIа! — тIечевха цунна Ахьмадукъа.

— Кху кехата тIехь, — гоьл тIе ког боккху корреспонденто, — шун йоIа Падама яздо, ша аша ишколе а ца йохуьйту, дискотеке хелха яла а ца йохуьйту бохуш. А-а... етта а етта бохуш. Бакъ дуй иза?

— Хьан дижа хьайн дакъа! — юха а мохь бели Совдате. — ЮьхьIаьржа хIоттий-кх со цо.

— Бакъ дуй иза? — корреспонденто гоьл тIера ког лестабо.

— Бакъду хьуна! — Падам хьеший болчухьа йолу. — ХIорш со Iаьржачу Iадатийн боданехь латто лууш бу. Ткъа суна серло еза, светомузыка а. Цкъа дискотекехь хелха йийлина аьлла суна йиттира.

— Хелха оьзда яла. Мар-мара а бахана деш дерг хелхар ду? Зудабер эвхье ма ду. Хьо юьхьIаьржо, юьхьIаьржо, — елха йолало Совдат.

— Э-э, хIусамнана, ишта мегар дац, ишта, — аз чIагIдо хьешо. — Хьо хIокху заманан гIиллакхашна дуьхьал яла гIерташ ю.

— Ю хьуна, ю хьуна, — мохь болу Падаме.

— ГIам! Ас дуьйр ду хьо, — хьалаэккха Ахьмадукъа, амма Падам хьешана тIехьа а лечкъий, цунна тIекхачаза вуьсу.

— ГIам! — мохь хьоьkху цо. — ТIаьхьара зама ю-кх! Хьанхьайн доьзалхочух гIам хилча, тIаьхьара зама муха ца хуьлу?!

— Э-э, хIусамда, — боху корреспонденто. — Хьо нийса вац. Падамах цIеяххана артистка хир ю, вайн махкана а, юкъараллина

а пайдехь а йолуш. Эсамбаев Махьмуд санна. Кхуо кехата тӀехь яздо шена артистка хила лаьа бохуш. Ас кхуза ван новкъавалале дийцина Падаман гӀуллакх культурно-серлонан училищен директорца. ХӀара оха тхайца дӀаюьгур ю.

— И хӀун къамел ду? Хьайниг йига ахь хьайна луъучу, — ирхкхоссало Ахьмадукъа.

— Сайниг а юьгур ю йига езахь. ХӀара а юьгур ю, — болатан озаца хаддош боху хьешо.

— Сан доьзалхо соьгараваккха гӀерта шу?

— ГӀовгӀа ма еха, Ахьмадукъа, — юкъаволу вист а ца хуьлуш Ӏийна Мовла. — Хьан йоӀ деша юьгуш ю. Деша. Хьо мел дуьхьал вийлахь а, Ӏедало хьан хама а ца беш, юьгур а ю. Эшахь хьо а вуьгур ву, со а... Кхийтирий хьо?

— Сан доьзал юкъа а волий, со кхето ма гӀертахьа, Мовла, — мохь болу Ахьмадукъе.

— Хьаштдоцург дуьйцу ахь, Ахьмадукъа. Иштта хьо санначара хьаштдоцург а дуьйций, халкъана а, махкана а зулам до, — дуьхьал мохь хьокху Мовлас.

Цу шиннан а аьзнаш къардеш, юха а дека болатан шийла аз:

— Накъостий, шун йоӀ цхьанхьа а харцахьчу метте юьгуш яц, деша юьгуш ю. Яло вовшахтоха хьайн хӀуманаш.

— Уьш сан кийчча ю, — боху Падама. — РагӀу кӀелахь дӀахӀиттина.

Халла ара а баьхна дӀахьовсийра ас уьш, кхана охьаялор ю шуна аьлла. Оцу сарахь хӀокху кӀанта, Адама, йиттина хиллера цунна. ШолгӀачу дийнахь иза едира цӀера. ХӀетахь дуьйна кароза ю. Юьртда ву боху и кӀилло а хьийзира ас, цу корреспондент ву баьхначуьнга а барт хьаттира. Цхьанна а ца хаьара и мича яхана.

Гуьйрено чӀанадаьхна Ахьмадукъин кертара дӀахедоза дисина дитташ. Иза ша ботта болийнчу керлачу цӀийнан буха тӀе а хиъна Ӏа, нокъехьа бӀаьрг а бетташ. Цхьана лергаш лаккхахула хедийна гиччош долчу жимчу стага, керта улло саца а соций:

— Ахьмадукъа, во-о Ахьмадукъа, — бохуш, мохь бетта.

— ХӀун боху ахь? — кетӀа волу Ахьмадукъа, цуьнан къорзачу духарх цец а волуш.

— Де дика дойла хьан!

— Далла везийла! Хьо ву и Сапарбек? Оцу бӀаьргана хӀун дина хьуна?

— ХӀара лаэийна-м ши шо а ду, — бӀаьргах куьг хьокху Сапарбека. — Тюменерчу ресторанехь дов даьлча, урс кхетта... Чам боцуш белахь а, баьлла бац хьуна хӀара, ткъе итт процентана сагуш бу.

— Ткъа оцу куьйгана хӀун дина хьуна?

— Цхьа дика бич вара сан стохка, мала шмурдяк а, яа хӀума а хилчахьана болх беш. Цхьана дийнахь, дай-ваший хьаккхийца валларо ластийна диг тоьхна, чолакх ди-кх хӀара сан куьг. ТӀаккха шена хилларг цунна а хаьа-кх, жӀаьлина, — шен заьӀапчу аьрручунна тӀехула аьтто куьг хьокху Сапарбека. — Чу ца вогӀу. Хьоьга дӀало аьлла Адама делла цхьа ахча дара. ХӀинца мичахь ву-м ца хаьа, ши бутт хьалха Барнаулехь вокзалехь гира-кх суна иза. Хьоьга дӀало аьлла хӀара ши бӀе туьма делира. ЦӀа маца вогӀий? Билггала маца ца элира, бӀаьста я Ӏай ван мега ша бохура. Дагарде ахь. ХӀан-хӀа, чу ца вогӀу. Ӏодика йойла, — астагӀа а теӀаш, дӀаволало Сапарбек.

— Сапарбек, оцу когана мукъане а хӀун дина хьан? — тӀаьхьа мохь бетта Ахьмадукъас.

— Омскехь, гостиницехь лата а летта, милицех ведда воьдуш, корах чу а кхоссавелла, хӀинца а метта база бу-кх... — воьдуш лаьттащехь жоп ло Сапарбека.

— Ша билгала цӀа маца вогӀур ву ца элира оцу кӀанта? — и сацо гӀерта Ахьмадукъа.

Амма важа ца соцу.

— Ца элира, Ӏай я бӀаьста ван мега элира, — бохуш, дӀаводу иза.

«Ван мега, ван мега, — шабарш до Ахьмадукъас. — Маржа, Алам яӀ! Хьо ма яра сан ерриге а дегайовхо. Со кхузахь охьа а кхоьссина лела воллу-те хьо? Ас хӀун до кху ахчанах, ас хӀун до?»

Эццахь машен соцу кетӀахь. Цу чуьра арахьоьжучу жимчу стага мохь бетта:

— Со ца вевза хьуна? Со хьуна цемент, тӀулг, гӀум кхехьнарг ма ву. Ахча-м кӀезиг дац хьоьгахь. И хьоьгахь дуйла а хууш, цемент яхьаш веъна-кх со. Муха ца оьшу? ЦӀенош чекхдаха дезаш вац хьо. Хьалха-м со гучуваларх а ца тешаш, охьа ма яссайора ахьа.

— Ца оьшу... ЦӀенош дан цемент оьшуш а ца хиллера.

— Ткъа хӀун оьшуш хиллера, — оьгӀазъоьху машеначуьрниг.

— Ца хаьа суна-м.

— Ца хаахь, дӀаӀе. ХӀара дӀаэца нах-м дуккха а бу хьуна, багош а гӀовттийна Ӏаш, — машен, говр санна, кхосса а йолуьйтуш, дӀа а оьккхийтий, хохккий, къайлаволу иза.

Ткъа Ахмадукъа тӀаккха а Ӏа ша хиллачохь. Шийла дерз доладелча а, Ӏа. МаьркӀажа хан хилча, боданах дӀаоь иза.

*1986*

## КЪОЬЗАНА-IАМ

ГIЕНАХ Къоьзана-Iам а гина, сатоссуш самаваьлча, хиира ша дуьненахь дан кхин цхьа хIума а дуйла — цига вахар. Кхин дIа ца вуьжуш, сатаса доллалц Iийра иза, шен тайп-тайпанчу хенашкахь хилла сатийсамаш дага а лоьцуш. ХIинца царах цхьа а бацара, дог а, синкхетам а деса дара, гурахь учара чIегIардигийн баннаш санна.

Дуккха а хьалха, шен кхетамехь кхиъна, дуьнен чохь уггаре а цIена безам а, уггаре тешаме доттагIий а лоьххушехь, уггаре а к'срга чулацам болуш сурт дилла гIерташшехь, зама дIа а яьлла, цхьа а тайпа безам а, доттагIий а, диллина сурт а доцуш ша юьстах вуьсур хиларан шеко хIинца, шен ткъе дейтта шо кхаьчча, эрна ца хиллий хиира цунна.

Боданах цIанлуш, коран бIаьргаш серладевлира, дилина шишанаш санна, нIаьнеш кхойкхура юкъ-кара, лулахоїн кертахь татанаш а хезара. Латта самса а доккхуш йоьду дIам. Дийнна шарахь лаьттах леттачохь воллу воккха стаг, стоьмаш а, хасстоьмаш а кхиош...

Хийла йоI а евзи, хийла доттагIий а, хийла сурт а дилли, амма царах цхьа а ма луъу ца хили. Я кхуьнан бехк бу-техьа иза, я цкъа а хила йиш йоцуш ду техьа уьш?

Шен дахар-м ца хилла даьллера, гергарчарна, церан берашна, доттагIашна, юьртахошна диканаш а деш вехар ву-кх аьлла, дIаволавелира иза цкъа догIане бIаьсте йовхачу аьхкене йоьрзучу хенахь, амма юьртахь мангал-хан чекх а ялале кхийтира, ша массарна а кIордийна хиларх а, уггаре дика болх уьш Iаддабитар буйла а. ТIаккха иза хьуьна йистехь долчу цIа чу дIавахара, декъа цхьа Iаламан суьрташ а дохкуш (адамаш стенна ца дохку ахьа аьлча, хIораннан шен-шен некъ ма бу олура, амма кхунна шена-м ма хаьарий и бакъдоцийла: ца дахкалора, къаьсттина когаш, цундела кхуо виллинчу стеган когаш тIулгаш тIехьа я бацалахь хьулура) жижигах, даьттанах йина хIума а ца юуш, ораматех, стоьмех тоамбеш, Iаьршийн серло-нийцкъ догIах худийта гIерташ, малхана дуьхьала а хIуттий — и схьакхетачу я чубузучу хенахь — масех минотехь лаьтташ, тIаккха цхьана диттаца хьала ши ког а бохуьйтуш, коьрта тIе хIуьттуш, бецийн, дийнатийн дахар тергал а деш, ойланаш ярца дерриге а долчух кхета а гIерташ, Iан гIортарх гIуллакх хир доцийла хиира цунна гуьйре шелъяла а йоьлла, чохь, латийнчу пеше а ца йохлуш, херонашкахула чухьоькхучу махо лекха яьккхича, цу тIе денна схьахIуьттучу вашас а ца вуьтура: хьо наха телхина боху, цIавола хьуо ца телхинехь.

ХIара цIа вахара, шен дахка долийна суьрташ тишачу цIийнан цIенкъа охьа а кхийсина — деса дара уьш, чохь цIе йоцуш: цаьргахь мичара хуьлу цIе, кийрахь а ца хилча?

Ткъа стенна ю есалла, стенна? Жоп ца карийча, вала дог хилира цуьнан, хIан-хIа, сауьйзуш, хала валар ца дезара, цхьа хаза, диттах гIа санна, мохехь дIаса а техкина, лаьтта воссар. Амма и аьтто хьенна-хьенан ца хуьлийла а хаьара, цундела кхин хIума ца дахь а еккъа цхьа ойланаш еш хан йойура цо. Эххар а карийра цунна шен хаттарна жоп: есалла кхуллург гонаха массара а буьтту аьшпаш бу-кх. Массо кхуьнга нислур а вацара, ша нисвала гIоьртира иза: хIинццалц схьа лелийначуьнга вухахьаьжча, дерриге а цIена карийра цунна, ц х ь а ъ доцург...

И ц х ь а ъ нисдан эвла юккъе велира иза.

Дуьххьара тIекхаьчначу жимчу стаге:

— Суна сурт дилла ма ца хаьа, — элира цо.

— Бегаш бо хир бу ахь? Суна ма гина ахь дехкина суьрташ.

— Адамаш дахка ца хаьа суна.

— ХIа-а, — велавелира иза. — Хаьа хьуна-м, со Iехон гIерташ ву-кх.

Юьртахошна хьалха, дохко а волуш, цIанвала гIортарх гIуллакх ца хилира: уьш кхуьнца бала болуш а, я шаьш дохкобовла дагахь а бацара, хIор дийнахь кег-мерса аьшпаш буттуш, хьийзара, баккхий аьшпаш лахенца бара. ГIала охьавеара иза.

Худфондан гуламе вахара. И дIахьош электросварщикийн, токарийн, фрезеровщикийн суьрташ дахкарца гIарваьлла волу Калуев вара, гуттар а баьшна корта а, даккхий мекхаш а долуш. Иза юкъа а кхайкхира художникашка вайн турпалчу заманан хьакъдоллу сурт-сибат кхолларе, оцу Iалашонца заводийн, фабрикийн цехашка а бахана.

И къамел дина ма велли, аьшпаша садукъдина Iаш волу Орца, тоьпара баьлла хIоъ санна, сиха вахара трибуни хьалха. «Накъостий, — элира цо. — Вай дукха аьшпаш буьтту. Цундела вайн дахар хIаллакьхуьлуш лаьтта, аьшпаша ерриге а садоIийлаш дIа а юькъна. Цундела вайх хIора дохковала веза... Со дохковолу, ас хIинццалц аьшпаш биттина. Суна сурт дилла ца хаьа...»

«Муха ца хаьа? — стол тIекIел а тухуш хьалаиккхира Калуев. — Хьан пейзажаш ткъа?» — «Пейзажаш жимма яхка хаьа суна... Адамаш дахка ца хаьа, къаьсттина когаш»... «И хIун ю ахь юьйцург? — чуьра велира Калуев. — Когаш бахка ца хууш цхьа а дешархо а вац. ХIун хала ду иза: ши хьолтIам йиллахьа, буьххьехь пIелгашна метта пхи гIаж а хьоккхуш... Хьо корта лозуш ву моьтту суна, вало, ара а валий, волало, айхьа-хьайна тIе харц цIе кхолла а ца гIерташ...»

Коьрта тIе куьг диллича, шен корта богуш а хотта, боккъал а лозуш хилла-кх хIара аьлла, худфонда чуьра аравелира Орца.

ХIан-хIа, кхуьнан бала кхаьчна ца хьийзара Калуев, кхуо шашен лахара мах хадор товра цунна, иза кхуьнан ун кхечарна а

кхетарна кхоьрура. ТIаккха... О, хьеха а ма делахь, массо бакъдерг дийца валахь, доха ма духу дерриге, Калуевн синпаргIато а, генпаргIато а.

ГIалин урамехула схьавогIучу Орцина, хIинца дуьххьара гора наха вовшашна буьттучу аьшпех хилла пIаланаш, уьш денна сов йовлуш яра. Цхьа наггахь йолу къона яххьаш лепара цIеналлийца. Цунна юха а лиира иштта цхьа бахьана а хIоьттина (ша-шена а тоьхна тIекхуьучу тIаьхьенна — шен яцахь а, гергарчийн тIаьхьенна — тIехтоха хIума дита ца лаьара, цу тIе и шеца товш йоцу стешхалла а хетара) дуьненчуьра дIавала, я цIеналлийца лепаш юьхь йолу цхьа йоI езаяла. Амма и шолгIаниг хир ду аьлла ца хетара, ша Iаьршийн серло-ницкъо гIо ца дахь: масехазза вагийнера оцна хьаам ца бечу декъазчу безамо.

Юьрта цIа ца воьдуш, гергарчу нахе а вахана дIавижча, дуьхьал тесира цунна Къоьзана-Iам.

Гина а боццушехь цуьнан сурт диллинера Орцас масех шо хьалха: аппаратца дахьначу бос болчу суьрташка а хьоьжуш, Веданахь Iачу яздархочун Камаевн «Къоьзана-Iома тIехь чIерийлецар» боху дийцар а дешна.

Камаевн дийцарш а, стихаш а цхьа шайн къайле йолуш хетара цунна, цундела уьш юх-юха еша дог догIура. Амма шех тера стаг лахарх ца карийра цунна, цхьана яздархочо: «Камаевна-м ша хIун юьйцу а ца хаьара», — элира, лерга улло пIелг а хьовзош, и телхина бохург дара иза. Амма кхунна «телхинчу» Камаевн произведенеш дуккха а хьекъале хегара талхазчара язйинчарел.

Са ма тесои, бай-й ког а боккхуш, гергарчу нехан чуьра ара а ваьлла, гIалин йистерчу автостанце вахара иза. Социйлин хьаькиме:

— Автобус схьаяийтахьа, — элира цо.

— СхьайогIур ю хан тIеккхаьччахьана, — жоп делира вукхо.

Ведана хIара дIакхаьчча, некъа йистехь гIантахь хиъна Iара Камаев.

— Схьакхечин хьо? — элира цо, ша кхуьнга хьоьжуш Iийча санна.

ТIаккха Камаев хьалха а ваьлла, машен лаха волавелира и шиъ, нехан, организацийн неIаршка а хIуьттуш. ДIакхаьч-кхаьчначохь цхьацца хIума дуьхьал долура: цхьана машенан цхьа чкъург яцара, вукхуьнан — шиъ, кхоалгIачо шен чуо лозу элира, — цхьа подшипник кийрахь кагъеллера цуьнан, вуккхуьнан дог лозура — мотор галъяьллера...

— Суна леррина дуьхьалбевлла уьш, — элира Камаевс.

— Муьлш уьш?

— Ас дайийтинчу догIано кхиийнчу ялтех буьзнарш. 170 миллиард доллар декхар ду сан царах — схьадала тигац. КIиллошца тасаделла гIуллакх иштта хуьлу хьуна.

Эххар а дуьненах йоккхаеш, самукъадаьлла биъ бIаьрг а



къаьрзина, къоналлех кхехкачу, цIога белша тIе а диллина, дIаэккха кечъеллачу «Жигулина» тIеIоттавелира и шиъ.

Цуьнан дас, бага юьззина дашо церргаш йолчу Iаьржачу аматарчу жимчу стага, дика тIенийцира и шиъ, хаддаза вела а воьлуш. Шена гергахь, массо хIума ниоделлера цуьнан: бахам, зуда, бераш, могашалла... Цунна тIеоьшург цхьаъ дара — истори юкъавахар. Цига кху шинна тIаьхьа а тасавелла ваха дагадеара цунна, вуьшта ша ваххал хьуьнар шегахь доцийла-м хаьара.

ХIокху шиннах а башха тешаш а вацара иза, амма дуьненна а гIарабевлла яздархой — Эдгар По, Кафка, Достоевский, Гаршин... — Камаевнчух тера цамгар йолуш хиллийла хиъча, мелла а дегайовхо йоьссира, ша гуттаренна нехан кхетамехь вуьсур ву аьлла.

— Ас вуьгу шуьшиъ, Къоьзана-Iома йистехь вайга аш суьрташ дохуьйтур делахь, — элира цо.

Камаев ойла еш дIатийра: ц а р а еш диверси-м яц техьа? Орца сихха резахилира.

Машен базар уллохь саца а яйтина, цу юкъа ваьржинчу Камаевс динчух цецвелира Орца: иттех кила жижиг, хохаш, пхи-ялх бепиган булка, хорбазаш, пастанаш.

— Хьо хIун дан гIерта? Яалур ма яц уьш.

— ХIорш яа-м стаг карор ву хьуна.

Некъ, хьийзаш, ломах ирх бирзира: Хорача тIера юкъ санна схьагора.

— Мас шарахь обург лелла Харачойн Зеламха? — хаьттира Орцас.

— Шийтта шарахь, — жоп делира жимчу стага.

— Дика лелла иза-м.

— Дика ца лелла. Дика, шен долахь вертолет хиллехь, лелар вара иза, — элира Камаевс гIели бага а юллуш.

— Вахь-хьа-хьа, вахь-хьа-хьа, — руль дIа а хецна, ши куьг вовшах а детташ вела хIоьттира жима стаг. — Вертолот тов, хьахьа-хьа.

Машен некъа йисте а гIоьртина, Орцина гира дукха кIорга басе: цигахула чухецалахь лаца доь а дуьсур дац, машено, чхернашла юккъехь дIаса еттаелла, еттаелла, эххар а хIорш чуьра араккхуьйсур бу, тIаккха хIорамма ша-ша бийр бу чунехьа некъ, кортош — «тIох-тIох» — тIулгаш тIе а детталуш...

Корта куьйгашца схьа а лоцуш, мохь белира Орцига:

— Руль, руль...

Шопаро сихха некъа юккъе яьккхира машен.

— Машенна са ма гатде ахь. И лелош со ву хьуна, хIара ву моттахь а. — Кхуьнга вуха хьаьжира шопарна юххехь Iен Камаев.

Милла велахь а, кхунна ца лаьара, кхузахь иштта бердах а вахана, корта тIулгаш тIе а бетта болуьйтуш, меженаш а кегйой-

туш вала, кхунна Лермонтовна санна лаьара — «Я б хотел забыться и заснуть. Но...» [1]

Шена ижу лоьхуш хIаваэхула гонаш доху куьйра санна, ламанца дIасахьийзара машен. Цхьа а вист ца хуьлуш, дикка хан яьлча, шопарна бага а хьаьжна:

— И деши мичара даьлла хьуна? — хаьттира Камаевс.

— Магаданера деана-кх. ХIунда бохура ахь?

— Кху лаьмнашкахь-м ца карийна хьуна иза?

— Кху лаьмнашкахь дуй-ткъа деши?

— Масех тонна, вай дайша дIадиллина.

— Боккъаллий?! — цецваьлла, шен карара руль дIахийцира шопара, амма машен бердах чуайаялале, юхахьовзо кхиира иза.

— Со кханнехь аравер ву-кх и лаха.

— Эрна къа ма хьега, — элира Камаевс. — Хьуна карор дац иза. Дукха кIорга дIадиллина ду.

Некъ ах а балале, хиира Орцина ша диллинчу суьрта тIера Iалам кхунах жимма а тера доцийла. Кхуьнан суьрта тIераниг дукха хаза а, кIеда а дара. Ткъа хIара — сина деза, буьрса. Хазалла, елахь а, кхечу кенара яра.

Iам гучубаьлча, кхин а язъелира син йозалла. Гонахара лаьмнаш гIайракхах а доцуш, гIайгIанех-м дац теша?

Машенан кор схьа а оьзна, корта ара баьккхича, шийлачу мохо юьхь мерцира, амма хIара, и тергал а ца деш, Iоме хьоьжура, цхьана дикане я вуоне тIегулделлачу лаьмнийн когех хьаьрчина Iуьллучу. ХIан-хIа, иза ца кхоллабелла, наха ма дийццара, хьаша тIе ца эцарна юрт хIаллакьеш, иза дукха хьалха кхоллабелла. Латта, шен юьхь-сибат кхуллуш, кхехкаш, кеглуш, лаьмнаш хIиттош, юха уьш чукегдеш хьере хилла хьийзачу къизачу хенахь, миллионаш шераш хьалха, сецна хIара стигланийн къинхетаман бIаьрхи хIокху тIулгашна юккъехь.

Камаевн шен дара Iам кхоллабаларх долу дийцар:

— Цхьана кIанта шена езаеллачу йоьIан сийнна кхоьллина.

Цу кIантана хIара кхолла хи мичара даьлла, Камаевс ца дуьйцура. Я и йоI ша кхечуьнга луш, бердах а иккхина яла а елла, цунна воьлхуш, хIокху лаьмнех цхьаннан буьххье а хиъна масех шарахь Iийча (бIаьрхиш Iоврашца кху кIоргачу боьра а оьхуш), кхоллабелла техьа иза?

Шен машен саца а йина, хIара шиъ Iома йистехь дIа а хIоттийна, аппарат юьйлира цо. ТIаккха иза ведда кху шинна улло дIахIуттушехь сурт делира, «чкъашт» аьлла тата а долуш.

Жимма Iоме бIаьрг бетташ а лаьттина, Макажа боьдучу новкъа дIа а бахана, юьстахо севцира уьш.

Шопаро машенан неI схьа а йиллина, магнитофон латийра.

[1] «Суна луур дар-кх вицвелла дIавижа. Амма...» (М. Ю. Лермонтовн стихотворени тIера).



Горбачевс бакъо еллачуьра аьлла, тIетаьIнера кхарна вевзаш воцу илланча, гитарица шайх Мансурах, имам Шемалх, БойсагIарх, Харачойн Зеламхех, халкъ цIера даккхарх лаьцна иллеш бохуш.

Нохчийн баланах оьрсийн маттахь дуьйцура цо. Иза а ду-кх хIокху заманан амат аьлла, хийтира Орцина.

Кхидолу иллеш къар а деш, халкъ махках даккхарх долчун мукъамо берриге кхетам дIалаьцнера цуьнан, ткъа масех байт аьллачул тIаьхьа, илланчас: «ОхIо-хIо-хIо-хIо, хIо-хIо», — шозза далийча, са легашкахь лацалора, гонахарчу лаьмнаша юкъа Iуьйду а хеташ.

Амма илланчас «...их выгоняли, как скот» [1], — цкъа а аьлча, шозза а, кхузза а, доьазза а аьлча ца дезаделла, бIаьргаш хьабдича, цунна дуьхьалтесира кху лаьмнех а баьхна буьгучу нехан могIанаш. ЭттIа кетарш, чоэш, неIар-мачаш, доьлху бераш, цхьалхачу кучамашца, корталеш а техкина, Iаьнан шелонал чIогIа шайна тIебоьссина буьйцу а ца хезна бала Iеткъаш боьлху зударий, бераш, баккхий нах, яххьаш, яххьаш, цхьаъ цхьаннах тера йоцу, хIорангахь дуьненан къайленаш, эзарнаш шераш хьалхалерчу шайн дайн аматаш гун яххьаш, яххьаш, яххьаш, тешнабехкечу къизалло хьаьшна...

— Ма! Ма! Ма-а!.. — дуьхьал хьаьдира Орца оцу яххьашна. Амма хIара тIекхачале уьш дIаяйра, гонаха дIасахьаьжча — мотт боцу тIулгаш а, седарчаша къарзйина Iаьржа буьйса а, генахь йоццуш йогу цIе а.

— Ахь хIун до? — бохура жимчу стага.

— Эрна ма ида, — элира кхуьнга Камаевс. — ДIадаьллачунна тIаьхьа кхиалур вац хьо. Иза дукха гена даьлла — вайн метагалактикел а дехьа.

Жижиг, даккхий дакъош а дохуш, алу тIе кхуьйсура Камаевс, жимчу стага, цIийдарш тIе а дохкуш, шашлык йитахьа бахар тидаме а ца оьцуш.

Нохчийчохь уггаре ширачу заманахьлерчу дахаран лараш карийна меттиг ю хIара, дагадеара Орцина, 50—60 эзар шо хьалхалера нах Iийна лараш...

Иштта алуш тIехь жижиг а доттуш, баьхкина хир бу-кх уьш. шаьш экхе а бахана цIа бирзича.

— Ас хIокху аьхка хIун дийр ду хаьий хьуна? И деши схьалохур ду-кх, — гIожаца жижиг дIасакерчадора Камаевс. — ТIаккха хьайна цхьа цIа а эцна, паргIат суьрташ дохкуш Iийр ву хьо.

— ТIаккха ас хьан сурт дуьллур ду, тIехьахь Къоьзана-Iам а болуш, — элира Орцас.

— Iаламан суьрташ дика хуьлу хьан.

[1] «...уьш арабехира, бежнаш санна» (нрс.)

— ХӀинца дуьйна адамийнаш дохкур ду ас.

Жижиг датта-деттинарг юьстах тоттура Камаевс, иза минот ялале дӀадолура. Камаев ша хӀума а юуш а вацара — цо молура. Сахьт далале оццул долчу жижигах а, хорбазех а, пастанех а, бепигах хӀума ца йисира. Тамаша бара кхаа стага оццул хӀума яар, кхеран пхьуьйрехь кхин а «белхий» хиллачух тера дара. «ХӀорш яа-м стаг карор ву хьуна», — дагадеара Орцина Камаевн дешнаш.

ХӀума йиъна бовлушшехь дӀаяйра цӀе. Вуьзча дӀатовжа дог хилира, амма латта шийла дара. ХӀорш машена чу хевшира. Шопара дӀайолаялийтира иза.

— Ас ламанан юьртан синкъерам а гойтур бу шуьшинна. Марсабаьллачу хенахь, чиркх дӀа а бойи, «Дурдалайта!»,—олуш болу синкъерам, — элира жимчу стага, чӀоггӀа вела а луш.

ГӀеххьа дӀабахча, хӀорш цхьана юьрта кхечира. Хезаш я жӀаьлеш а, я нехан аьзнаш а дацара, гуш чиркхийн серлонаш а яцара. Эххара а цхьа кор серладаьлла а гина, цига дӀагӀоьртира хӀорш. Тишачу цӀийнан пена тӀехула дӀатоьхначу кӀади тӀера: «Кхелли дӀаюьллуш, хӀайттараллин шовкъ йоссийта!» — боху дешнаш дийшира кхара, машенан стогарш тӀе а хьовсийна. Чуьра охьа а биссина, цӀийна тӀе бахча, неӀ чухулара дӀакъевлла яра. Коре хӀиттира хӀорш. Чохь вейтта стаг Ӏара: зуда а, боьрша а. Царна дуьхьал хӀоьттина аьтту куьг генна дӀа а дахийтина, цхьаъ дуьйцуш лаьттара сеттина мара а, лергаш тӀехула дӀадехкина мекхаш а долуш цхьа стаг. Хьалхара ши церг дӀаяьлла хиларна къамел «шшш» бохучу гӀовгӀанца хуьлура цуьнан:

— Накъсштий! Кхелли дӀайилларша, гена долушш ва кхошур ду коммунишме. Тахана вай дӀайиллина 30 стершийн шалаз, кхана...

— ХӀара хӀун гулам бу? — хаьттира Орцас кора хьалха нисъеллачу йоӀе. Чуьрачех уггаре а къона яра иза.

— ОхӀ, хӀора буса хуьлуш бу, кхоъ даллац. Дийнахь сарралц кхелли ю тӀулгаш тӀе дӀасаяржайойтуш... — шабарш дира йоӀа. Чуьрчу кӀур туьйсучу мехкдаьттан стогаран серлонехь а къаьстара цуьнан хазалла.

— Шу стенна къастийна кхуо? Вуьйш нах мичахь бу?

— Кхин биса а ца бисина, кхунах бевдда аренца охьабевлла. Тхоьга а олу: шаьш реза дацахь, дӀагӀо. Тхан баха меттиг а яц, — Орцина гира йоьӀан юьхьа тӀехь, гӀайгӀано боданехь латтадеш дуьненах йоккхаер. Амма иза дерриге а дӀадер ду, хӀокху хьолехь иза дукха йисахь.

— ХӀун шабарш ду ахь дийраш? — мохь хьаьккхира ши церг йоцучо.

— ХӀара нах стенна хьийзабо ахь, эрна хабарш дуьйцуш?! — корах чу мохь туьйхира Орцас.

Массо а, цецваьлла, корехьа хьаьжира.

ГӀеххьа хан елира цхьа а вист ца хуьлуш, эххар а ши церг йоцчуьнан бага гӀаьттира:

— Хьо мила ву? Мичара ваьлла? Барбош! Шулбарш!

И цуьнан багара доллушехь боданара схьахьаьвддачу жӀаьлеша ятӀийна, кийсигаш йина, дӀаяьккхира тийналла, хӀорш сихха машена чу ца лилхинехь, кхарах а изза дийр дара.

Машен, хьала а латийна, юханехьа хьаьжкира жимчу стага. Къоьзана-Ӏома тӀеккхаьчча,охьа а диссина юха а цуьнга хьоьжуш лаьттира. Хи чохь седарчий луьйчура. Охьа а хиъна, чу куьг хьекха хӀоьтира хӀара — куьг а дахьош шийла дара хи. Камаев цхьацца шабарш а деш, Ӏома тӀехула дӀахьоьжура.

Буьйса юккъе йоьдуш хан яра хӀорш лома буьххье хьала а девлла, чудирзича. Машен а сацийна:

— Докккха хӀума ду-кх, хӀара цкъа а хилла дацар-кха суна. Наб оьхуш дӀа ца вахало-кх, — элира жимчу стага. Камаев наб еш вара, серло дӀайойушехь набаран тар тесира шопарна а.

Цхьана вуочу синхьехамо садууш Ӏачу Орцина дукха хан ялале цхьа деза татанаш хезира, тӀаккха машенна хьалха дӀахӀоьттира ши стаг тӀекӀел хӀоттийча санна лекха, дерриге а дала а даьлла, цхьа Ӏаламат. И машена тӀеккхевддашехь: — Ӏа-а-а! — мохь белира Орцига.

Эццахь саманккхинчу шопаро серло латийра, Ӏаламат тӀапъаьлла дайра.

— ХӀун хилла хьуна? ХӀахӀ? — хьоьттура кхеравеллачу шопаро. Камаев, сама а ваьлла, бӀаьргаш детташ Ӏара.

— Цхьа хӀума, цхьа йоккха, йоккха, вайн машен хьала а айина бердах, чӀешалг санна ластийна бердах кхосса гӀерташ.

— Хьуна тарделла и, бисмилла деша, — машен йолаялийтира шопара.

— Тар ца делла. Суна вевза иза, — элира Камаевс. — ШайтӀамахьма ву. Ас тӀаьххьара а, цо нехан машенаш санна, хьала а айина, бертал тухур волуш а ву тӀулгаш тӀе.

— Цхьа хӀума-м ду. И хӀуъу хиллехь а, масех машен бердах яхана лар а йоцуш, бухахь Ӏуьллуш-м карийна кху новкъахь... — элира шопаро.

Пхийттех минотехь некъ бича, юха а изза хилира: Камаев хардан велира, шопар ша кхидӀа ца вахало аьлла сецира, машенан серло дӀа а йойуш. ТӀаккха, цунна набарна тар тоссушехь, деана схьакхечира и Ӏаламат.

Орца мохь хьакха кхиале, жимма хьала айира цо машен. Амма эццахь:

— Ӏа-а-а! — аьлла Орцас мохь а хьаькхна, саманккхинчу шопаро серло а елла, кхин дӀа хӀумма а дан ца кхиира иза.

Ткъа Орца кхиира цуьнан юьхь ган. Сеттина мара, хьалхара дӀаяьлла ши церг.

Кхин наб ца кхеташ, юьрта охьабиссира уьш.

Орцас шаьш дӀабуьйшуш:

— Серло латийна йитча новкъа-м хир яц? — аьлла, хаьттира.

— Хир яц суна-м, ахь кху чохь малх латабахь а, — элира Камаевс пенехьа а воьрзуш.

Дукха хан ялале царна массарна а набарш кхийтира. Орцина цхьа сирла малх кхетта де а, Къоьзана-Ӏам а гира гӀенах. Ӏома йистехь, хи чохь шен когаш ловзош лаьттара и корехь хилла йоӀ, ела а къежаш. ХӀара цуьнан когашка хьоьжура — кӀайчу, ангалех терачу... Эццахь: «ОхӀо-хӀо-хӀо-хӀо, хӀо-хӀо» — дерриге дӀаделира, мархаш, дохк...

Самаваьлча а, Орцин лергашкахь декара и «охӀо-хӀо-хӀо-хӀо, хӀо-хӀо». Серло дӀа а йийна, кетӀа велира иза.

Сатаса герга даханера. Екхначу стиглара седарчий нилхадовлуш дара. Къилбехьа хьаьжира иза. Цигара лаьмнийн кортош дахкарлахь Ӏохкура. ШайтӀамахьма вара шен болх беш. Орца хӀинца кхийтира цо лелочух: халкъ цӀера даьккхича, дӀалаьцнера цо и мохк. ТӀаккха и цӀа дирзича, колхозан бригадир а вахана, цхьацца бахьанашца нахана шайн дайн латта къахьдеш ву. Юха а цунна тӀехь дуьззина олалла дан. Амма цунна моьттурш хир дац. ХӀара таххханехь юха гӀур ву цига.

ГӀур ву шен дагчохь кхерам кхоллабеллехь а, и эша а беш. Кхуо эккхо веза цигара ШайтӀамахьма. Муха? Стенца? Кхуо кӀелхьара йоккхур ю и корехь хиъна Ӏийна йоӀ а ШайтӀамахьмин балех. ТӀаккха цо цуьнан сурт дуьллур ду, Къоьзана-Ӏоман хи чохь когаш ловзош лаьтташ, ела а къежаш. Уггар а хьалха, ангали санна, кӀайн когаш боххур бу — чӀоггӀа лиъча ца далуш хӀумма а ма дац.

*1988*

ЧУЛАЦАМ

**РОМАН**


Маьркӏажехь дитташ . . . . . . . . . . . 7


**ПОВЕСТАШ**


Лаьтта тӀехь лаьмнаш а хӀиттош . . . . . . . . . 211
Зингатийн барз а ма бохабелахь . . . . . . . . 243
Мохк бегийча . . . . . . . . . . . . . . 259


**ДИЙЦАРШ**


Ӏаьнан шийла Ӏуьйре . . . . . . . . . . . . 283
Денисолта . . . . . . . . . . . . . . 289
Боча-бӀарийн дитташа гӀовгӀа йо . . . . . . . . 302
Дохковаьлча . . . . . . . . . . . . . 309
БочӀа . . . . . . . . . . . . . . 317
Телефон . . . . . . . . . . . . . . 326
Ӏиша эчиг гулдар . . . . . . . . . . . . 331
БӀаьсте яра яьлла . . . . . . . . . . . . 336
Десачу цӀа чохь буьйса . . . . . . . . . . 338
Кхаа вешех туьйра . . . . . . . . . . . 349
Новкъахь . . . . . . . . . . . . . . 355
Зазадаьккхинчу беша юккъехь жима цӀа . . . . . . 365
Къоьзана-Ӏам . . . . . . . . . . . . . 374

*Муса Магомедович Ахмадов*

**ДЕРЕВЬЯ В СУМЕРКАХ**

*Роман, повести, рассказы*

Редактор И. И. Эльсанов
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор С. П. Липатова
Младший редактор Р. Х. Плиева
Корректоры: Л. У. Асхабова, А. А. Виситаева

ИБ № 1694
Сдано в набор 1.12.1988 г. Подписано в печать 3.02.1989 г. СФ02027.
Формат 60x84 1/16. Печать высокая. Гарнитура литературная.
Бумага типографская № 1. Усл. печ. л. 22,32. Усл. кр.-отт. 23,11.
Уч.-изд. л. 25,04. Тираж 5000. Заказ № 10838. Цена 1 руб. 80 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство Государственного комитета
Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли.
364903, Грозный, пр. Ленина, 9.

Типография им. Н. Н. Заболотного Государственного комитета
Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли.
364021, Грозный, ул. Интернациональная, 12/33.

1 с. 80 к.

ДЕРЕВЬЯ В СУМЕРКАХ
(на чеченском языке)